# ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОН



**Научно-исследовательский институт**
**им. З.Н.Ванеева Республики Южная Осетия**

МЕЛИТОН КАЗИТЫ

# НАШЕ БОГАТСТВО

Литературно-критические произведения
1-ая книга

Цхинвал
2008

**Республикæ Хуссар Ирыстоны**
**Уанеты Захары номыл зонад-иртасæн институт**

ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОН

# НÆ ИС, НÆ БИС

Литературон-критикон уацмыстæ
1-аг чиныг

Цхинвал
2008

83.3. Осет.

Научный редактор – кандидат педагогических наук, доцент СОГУ БЕЖАЕВА Ф.Г.

**К14 Казиты (Казиев) М.Р.**

Наше богатство. Литературно-критические произведения, 1-ая книга, – Цхинвал: «Южная Алания», 2009, 476 с.

В книгу включены рецензии и литературно-критические статьи, написанные автором в разные годы его творческой деятельности. Исследования будут полезны ученикам, студентам–филологам и широкому кругу читателей.

ISBN – Издательский №3

© Казиты М.Р., 2009

© «Южная Алания», 2009

# I

## ПОЭТЫ ЗДЫ ЦÆССЫГТÆ

Нæ адæм, «Зондджын хистæр дзуар у», – акæнынц. Æмæ уыцы дзуары лæгтæй сæ иу уыд нæ аив литературæйы классик, хæдахуыр фыссæг Гæдиаты Секъа. Йæ авналæнтæ – гæдыйы къахау цыбыр; йæ царды йæ афтид къухæй йе уæнгтæ зæрдæйы фæндиаг никуы айвæзта, уæддæр йæ куырыхон зондæй арф æмбæрста рæстæджы комулæфт, царды ивæнтæ æмæ йæ хæдбындур алы жанрон уацмысты– æмдзæвгæтæ æмæ æмбисæндты, радзырдтæ æмæ таурæгъты, драмон уацмыстæ æмæ публицистикæйы, фыстæджытæ æмæ афоризмты æвдыста, йæхицæн æмæ йæ адæмæн æнцой чи нæ лæвæрдтой, йæ зæрдæйы æппынæдзух уылæнтæ цы цинтæ æмæ сагъæстæ кодтой, уыдон. Фæлæ амонд ссаргæйæ нæу. Нæ фæци нæ куырыхон фыссæджы мыхуыры амонд. Æппынæдзух хæдзары митæ, йæхицæн, йæ бирæ бинонтæн къæбæр амал кæныны тыххæй, алыхуызон куыстытыл ифтыгъд уæвгæйæ, йын цы фондз чиныджы: «Ирон фыййау», «Ганис», «Цæсты сыг», «Куырм фæндырдзæгъдæг» æмæ «Фынтæ» бантыст ныффыссын æмæ мыхуырмæ бацæттæ кæнын, уыдонæй æрмæстдæр иу – фыццагæн бантыст йæ авторы удæгасæй рухс фенын /1905 аз/. Иннæтæ баззадысты къухфыстæй. Мыхуыры амонд æй нæ фæци йæ амæлæты фæстæ дæр.

Фыссæгæн къорд азты фæстæ рухс цы ‘ртæ чиныджы федтой, уыдон фæрцы дæр нæ баци ирон чиныгкæсæгæн йæ бон, цæмæй нæ классикы уацмыстимæ æххæст æмæ бындуронæй базонгæ уыдаид.

Æмæ ныр «Ирон аив дзырды хæзнатæ»-йы æхсæзæм чиныджы кæсæм Гæдиаты Секъайы равзаргæ уацмыстæ /чиныг сарæзта, мыхуырмæ йæ бацæттæ кодта æмæ йын фиппаинæгтæ скодта Æлборты Хадзы-Умар/.

Чиныджы авналæнтæ, цы серийы цæуы, уый нысаниуæг ирон чиныгкæсæгæн ацы хатт дæр нæ радтой нæ фыссæджы сфæлдыстадимæ æнæхъæнæй базонгæ уæвыны фадат. Уæддæр, æнæдызæрдыгæй ис зæгъæн, Секъайæн йæ ацы чиныг у иууыл æххæст æмæ алыфарсондæр. Уый тыххæй мын æнæ зæгъгæ нæй цалдæр фиппаинаджы.

Фыццаг фиппаинаг.

Чиныгкæсæг иу кæнæ иннæ авторы æмбырдгонд куы кæса, уæд æй хъуамæ фидарæй уырна, уацмысы авторы ауон кæйдæрты æндæргтæ кæй не 'мбæхсынц, йæ разы кæй сты, чиныг мыхуыр кæй номыл у, уыцы фыссæджы уацмыстæ.

Секъайы уыцы амондæй дæр нæ фæци хай. Æркæсæм ын йæ уацмыстæй цалдæрмæ.

Секъайы сфæлдыстадимæ зонгæ чи у, уыдонæй, æвæццæгæн, ахæм нæ разындзæн, поэт йæ райгуырæн хъæу Ганисы цы стыр уарзтæй уарзта, куыд ын аргъ кодта, йæ сæфтыл куыд скъуыдтæ кодтой йæ зæрдæйы риссаг уидæгтæ, уый йе 'мдзæвгæ «Ганис»-ы æвдисгæйæ, кæй ракодта æмткæй уæды Ирыстоныл, ирон адæмыл йæ сагъæс, йæ катай.

Раст у, æмдзæвгæйы хицæн бынæттæ Къостайы фæзмгæйæ фыст сты, фæлæ авторы бон, Ганисыл дзургæйæ, баци, йæ дуджы Ирыстон сæфты фæндагыл куыд лæууыд, сæрсæфæны былмæ куыд ахæццæ, уый равдисын: «Лæгаулæг – стæм. Нæ зонæм – цы стæм. Иугæйттæй сæфæм. Лæг нæм чи вæййы, Уый искæй тавы. Мых та цъыф сæрфæм».

«Искæй тавын» йæ кой, йæ царды нысан кæмæн у, уыдоныл бæтты автор Ганисы сæфт. Уымæн æмæ уыдон «лæгау-лæгтæ» нал сты. Ферох сæ вæййынц сæ адæймагдзинад, Райгуырæн бæстæ, рæттæг адæмы раз сæ хæс. Æмæ æрмæст уый нæ: «Мæнæ стыр диссаг: Сау хъæды сау саг, Хъæргæнгæ цæуы, Хохы лæнчыты Размæдзæуджыты Зæвæтæй цæвы».

Йæ уд, йæ адæймагдзинад уæййаг кæмæн свæййынц, уый фыдæн у йæ раттæг зæххæн дæр, йæ адæмæн дæр æмæ, гъай-гъай, свæййы сæ размæдзæуджытæн ныхдур. Поэт цæ-

йау зæгъы: «Сау хъæд фердузтæ, Ныры тæрхъустæ – Сырдты паддзæхтæ».

Ирон адæм-иу хуымæтæджы нæ акодтой: «стыр дурæн – стыр тулæн, стыр фурдæн – стыр уылæн». Секъа йæ куырыхон зондæй ахста, хъæд æрдузтæ кæм кæны, тæрхъустæ – паддзæхтæ, уым цахæм уыдзæн сæ фидæн. Æмæ йæ катайы сæр ссис йæ раттæг хъæу, «дзæгъæл бынтыл» кæй æрцыд йæ фын, дзæгъæл кæй баззад: «Де ‘взист буарæн, Де ‘мбæхст дуарæн, Ссардтой дæгъæл».

Фæлæ чи сты уыцы дæгъæлссарджытæ? Поэт афтæ зæрдæрисгæйæ цæмæн зæгъы: «Зындоны тасæй, Фæсном ныхасæй Мæ фынтæ хъарын! Кæлмхæсты зынтæ, Тæфсæджы фынтæ Къæдзæхтæн зарын»?

Уыцы фарстæн, поэт цы дуджы цард æмæ фыста, ома, Стыр Октябры революцийы агъоммæ дуджы кой æнæскæнгæйæ, нæй дзуапп раттæн. Æмæ автор «Зындоны тасæй, Фæсном ныхасæй» уæддæр загъта аххосаг: «Цъиусуры тасæй, Фæлдзæгъдæг хасæй Мæга ныгъуылы».

Ацы æмдзæвгæйæ автор цы хъуыды æргом кодта, уый ирон чиныгкæсæгæн ныртæккæ, Секъайы равзаргæ уацмысты ног æмбырдгонды фæстæ, у йæ бон зæгъын. Æз цæуыл дзырдтон, æз цы цæвиттонтæ æрхастон, уыдонæй, æмдзæвгæ раздæры чингуыты мыхуыр цы редакцигондæй цыди, уым, – кæд дурыл цъиуы фæдау ссарай, уæд хорз…

Секъайæн йæ уацмыстæ æрдæгкъуыхтæй цы чингуыты цыдысты мыхуыр, уыдоны æз ацы æмдзæвгæ боныгон цырагъы рухсæй агурæгау нæ агуырдтон. Йæ раздæры чингуыты ахæм «джиппы уагъд» уацмыстæ цъус нæй. Афтæ сты «Мæ зæрдæ», «Ахбол æмæ Мила», /æцæг, ног чиныджы дæр æмдзæвгæйы фæстаг дыууæ куплеты бынæттæ ивд сты/, «Ныры дуджы цард», «Балкан æмæ Турчы хæст» æмæ æндæртæ.

<u>Дыккаг фиппаинаг.</u>

Секъайы уацмыстæ нырмæ чиныгкæсæг цахæм редакцигондæй зыдта, уый дæр сæрмагондæй у цæст æрдарыны аккаг.

Нæ литературæйы классиктæ, нæ раздæры æмсисонты раз ныл нæ удыхъæд цы хæс æвæры, уый кой куынæ кæнон,

уæддæр æркæсæм, нæ раздзæуджыты сфæлдыстадмæ закъонмæ гæсгæ цы ахаст хъуамæ дарæм, уый тыххæй УСФСР-йы æмбæстагон барады 481 статьямæ: «…охрана неприкосновенности произведений после смерти автора осуществляется его наследниками, а также организациями, на которых возложена охрана авторских прав».

Секъайы уацмысты иу бахъахъхъæнæг нæ фæци.

Зæгъæм, æмдзæвгæты хицæн дзырдтæ, хицæн рæнхъытæ нырмæйы æмбырдгæндты афтæ средакци чындæуыд, æмæ сын бирæ рæтты авторы хъуыдыимæ иумыйагæй ницы ис. Авторы мæнæ ацы рæнхъытæ:

«Ыскæс-ма цъæх арвмæ».
/11-æм фарс /
«Фæрнджын нæу нæ бон».
/16-æм фарс /
«Бæстыл иу кодта…»
/21-æм фарс /
«Уæгъд нæ уадзы йæ базы»
/34-æм фарс /
«Фæранк дæр ын дзуапп радта:
– Дæхæдæг дæ уыцы ‘взæр,
Айдæны мидæг кæй уыныс,
Куы фесæфид де ‘взæр сæр»
/84-æм фарс /

1969 азы уагъд чиныджы сты мæнæ афтæ редакцигонд:

«Æркæс-ма цъæх арвмæ».
/16-æм фарс /
«Цæрын нæу нæ бон».
/14-æм фарс /
«Хъеллау-иу кодта».
/37-æм фарс /
«Фæрæнк дын æм бадзырдта:
– Дæхæдæг дæ уыцы ‘взæр,
Кæуыл худыс, бабын уай,
Æрбайсæфа де ‘взæр сæр!»

/85-æм фарс /

Бирæ бынæттыл та сæ «натлиагæнæджы» æрмдзæф зыны ноджы бæлвырддæрæй. Æгæрыстæмæй, фехалынц рифмæтæ дæр /Кæс æмдзæвгæ «Уарзон»-ы цыппæрæм строфæ/.

Секъа йæ царды хуыздæр бонтæй бирæ батыдта дины кусæгæй. Уыцы хъуыддагæн æнæбандавгæ нæ уыд йæ уацмыстыл. Йе 'мдзæвгæты мæгуыр, æнæ ахуыргонд зæхкусæг, уымæйдæр, диныкуыстгæнæг ныфсæнхъæл уæларвон зæдтæм хуымæтæджы, мыййаг, нæ аздæхы. Афтæ у æмдзæвгæ «Къæвда», «Ганис», поэмæ «Иунæг» æмæ æндæрты. Уыцы хъуыддаг нын авторы хъуыдыкæнынад дæр æмæ йæ рæстæджы комулæфт дæр æвдисы ирддæрæй, фæлæ сæм нырмæ цæмæдæр гæсгæ чиныгараджытæ æмæ редактортæ кастысты куыдфæндыйæ, ахах-иу сæ кодтой æмæ – дæ хъуыддаг раст.

Æртыккаг фиппаинаг.

Æрвылаз дæр, куыд Хуссары, афтæ Цæгат Ирыстоны рауагъдадтæ, журналтæ фæмыхуыр кæнынц, нæ культурæ, нæ литературæйыл уæлæмæ чи нæ хæцы, рыг ыл чи калы, ахæм дæсгай чингуытæ. Афтæмæй нын нæ литературæйы аив дзырды хæзнатæ мыхуыр кæныны фадат нæй. Чысыл нацитæ сæ алы стыр фыссæджы уацмыстæ хъуамæ боныгон цырагъы рухсæй агуриккой. Нæ чиныгкæсæг Секъайы фæллæйттæй æрмæст йæ ног равзаргæ уацмысты фыццаг хатт базонгæ уыдзæнис 37 æмдзæвгæимæ.

Уыдон сæхæдæг æнæхъæн чиныг сты. Æрдзурын дæр сыл хицæнæй хъæуы. Ныртæккæ ацы газетон уацы фадат нæй, фæлæ сыл иу-цалдæр дзырды зæгъинаг дæн ам дæр.

Цы зæгъы Секъа йæ ацы æмдзæвгæты? Йæ зæрдæмæ афтæ арф цы сагъæс бандæвта, æмдзæвгæтæ фыссынмæ йæ цы 'ркодта?

Ирыстоныл, ирон адæмыл йæ сагъæс, рæстдзинады фæндаг агурын æмæ йæ адæмæн фарн амонын, хорзæн кад кæнын, æхсины лæгтæ, лыскъуд удгоймæгтыл худинаджы гакк æвæрын – уыдон уыдысты сæйраджы-сæйраг нæ куырыхон поэты сагъæстæ. Уыдоныл фыст сты йæ ацы уац-

мыстæ дæр. Секъа уыдта, йæ адæм иугай куыд ныййиста, ома, «Ирон лæг хицау нæ арæм» æмæ «тых нын нал хъæуы, налдæр хæст, Æнæхъæр-цъистæй куы мæлæм…» Ноджы «Хист нæ фæкодта йæ быны, ирæдæй хæдзар-фæнык нæй» /«Фын»/, Ирыстоны фæсивæд та – «Фæкодтам нæхи ‘гъдау, нæхи ‘взаг бынрох. Кæмдæрты сылæмгад кæрдзынтæ хæрæм» /«Ирыстон»/, афтæмæй «Æнцад-æнцад фæцæуы кæйдæр къухмæ нæ бæстæ».

Æмæ йыл рыст поэты зæрдæ, уыцы катай йын, сау калмау, æууылдта йæ риу, куыдта поэты зды цæссыгтæй. Йе ‘мдзæвгæ «Ирыстон»-ы фæдисы хъæр уымæн кæны: «Ма баком, Ирыстон, искæмæн сайын!»

Поэт уый тыххæй йæ адæммæ сидт, кæрæдзи куыд уарзой, рæстаг фæллой куыд кæной /«Дзæбидыр æмæ мæлдзыг», «Тæхуды» æмæ æндæрты/. Фæлæ мæгуыр æмæ хъæздыгæн сæ фыд иумæ кæм сфыцай, сæ бас хæццæ кæм не суа, уым ахæм фæллойæн бынат нæй. Ахæм фæллойы сæрыл хъæуы тох кæнын. Нæ поэты æмдзæвгætæ дæр уыцы цардæвæрды аххосæй нæ федтой сæ авторы удæгасæй рухс.

Секъайы райгуырдыл 125 азы сæххæсты хæдагъоммæ нын нæ чиныгуадзæн «Ирыстон» ахæм лæвар кæй бакодта, уый арфæйы хъуыддаг кæй у, мæ уацы кæрон мæ уый зæгъын фæнды.

1980

## ЙÆ ДЗЫРДЫ СÆР – ЛÆДЖЫХЪÆД

Булкъаты Михал ирон аив литературæмæ куы ‘рбацыд (йæ фыццаг радзырдтæ мыхуыры фæзындисты журнал «Фидиуæджы» 1961 азы), уæд цыбыр рæстæгмæ лæуд фæцис йæхи литературон фæндагыл, æмæ йыл бонæй-бонмæ цæуы ныфсджын, арæхстджындæрæй.

Уымæн æвдисæн у йæ ног чиныг «Сарт æмæ кард» (Рауагъдад Ирыстон»).

Чиныгмæ хаст æрцыдысты æрмæст æртæ уацмысы («Дур-чъыры Куырдалæгон – Уастырджи йе ‘мбал», «Сарт æмæ кард» æмæ «Уый æз дæн, хуыцау!»), фæлæ уыдонæй дæр бæлвырд-бæрæгæй зыны авторы сфæлдыстады фæдыздæхт, йæ курдиат.

Райсæм фыццаг уацмыс «Дур-чъыры Куырдалæгон – Уастырджи йе ‘мбал». Ам сæйраг аххосаг райгуыры алайнаг фæтæг Æмбазыджы мæсты дзырдтæй: «Фæуæлахиз алайнаг хæстоны удыхъæд, фæуæлахиз сты Дур-чъыры сахары мæсгуытæ, басаст нæ хотых...» (41-æм фарс). Хотых басæттын тæссаг у – æнæ æйттмардзæ хотыхæй сæ, абон уа æви райсом, бахъæудзæнис сæ фидæртты къæсæртыл амæлын. Уыцы хъуыддаг нæ фидарæй бауырны, Куырдалæгон фæтæгмæ фыццаг куы бацæуы, уæд. Æмæ нæ разы сысты, куы-иу смæсты, «уæд-иу знаджы бæхы йæ фæстаг къахæй сæныккау» чи рацахста æмæ-иу æй æдбарæг сæрсæфæнмæ чи фехста, уыцы хохлæджы фæлгонц, йæ мады сæвæргæ ном – Æнæрис – йæ мадимæ кæмæн амард, йе стыр дæсныйад Куырдалæгон ном кæуыл сæвæрдта, аланты сахары Дур-чъыры номыл уынг кæмæн ис, уыцы саглæджы фæлгонц.

Фæлæ басаст алайнаг хотых, Куырдалæгоны рацæгъдгæ хотых. Æмæ нæм уацмысы райдайæны алайнаг куырды

мидхъуыды – «Уадз æмæ ныууæй кæной мугъултæ аланты æнæфтиаг куырды Мысыры цагъарты базары» – кæд æгæр цæхджын фæкæсы, уæддæр автор йæхæдæг Куырдалæгоны буцтæгæнæгау сагъæсы цæйау зæгъы: «Иугæр æрмдæсныйæн йæ армæй скæнгæ куы сфаудæуа, уæд йæ цард ницыуал у», æмæ алайнаг номдзыд, сахъ Куырдалæгон ахæм цардæй æвирхъау мæлæт хуыздæрыл нымайы.

Фæлæ Михалы хъайтарты лæгдзинад нацийы туджы бахсидгæ, мады гуыбынæй рахæсгæ вæййы æмæ Куырдалæгонæн йæ маст рахызт сагъæсмæ – амæлын æнцон у, уымæн кæддæриддæр алайнаг куырд ссардзæнис рæстæг: «...Дур-чъыры сахары куыдзæппарæн къæдзæхæй йæхæдæг атæхдзæн æмæ йæ хæррæгъ Ашлама-Дерейы комы сынтытæн хæринаг фæуыдзæн» (31-æм фарс), фæлæ… худинаг! «Азфыссæг уæддæр ралæудзæн æмæ ныффысдзæн йæ чиныджы: «Æхсыстой ныры онг алантæ иунæг хуыцау æмæ хох дуæгты фæрцы æхсонау хъæбæр æмæ хъæзау тасгæуасгæ болат. Ныр бахаудта уыцы стыр хъуыддаг æнаккаг нæлыстæджы къухы æмæ басаст нæ хотых. О, стыр хуыцау, йæ худинаджы гакк ма сис уыцы æнаккагæн тъымы-тъымамæ. Оммен!» Булкъайы-фырты хъайтартæ та, худинаджы гакк йæ сæрмæ чи схæсса, уыдонæй не сты, æмæ нæ цæсты раз алайнаг Куырдалæгон сæры ног болат. Хъуамæ ныббырса дамаскаг куырд Идрисы, хъуамæ рацæгъда, уый болаты ныхмæ чи фæлæууа, ахæм хотых, Идрисы æхсаргардау æй адæймаджы туджы байсæрын куы бахъæуа, уæддæр. Фæлæ, кæд дамаскаг дæсны йæ уд болаты мидæг нывæрдта, уæддæр алайнаг Куырдалæгоны æхсаргард дæр æмæ дзывыр дæр йæ мыггаджы хæрзиуæгæн кæм аразы, уый тыххæй нæ нæ уырны, дамаскаг Идрисау йæ дойны лæджы тугæй састаид, уыцы хъуыддаг. Æниу ын йæхицæн дæр æнцой нæ дæтты иу хъуыды: «Кæннод нæ мыггаг скъуыйы» (ома, æнæ ахæм хæцæнгарз саразгæйæ) æмæ, Дзес куынæ уыдаид, уæд æрцыдис сырх зынг болат искæй (уадз, уæд уацайраг дæр) буары бæсты йæ зæнджы хæцъæфы аскъæрынмæ.

Нæ зонын, болатсæрыны дæсныты цæстæнгасмæ гæсгæ цас раст у Куырдалæгоны арæхстдзинад, фæлæ йыл дзырд

дæр нæй, чиныгкæсæджы уырны æппæт йæ архайд, бауæнды, зæгъгæ, болат афтæ байсæр, уæд æнæмæнг рауайдзæвис æрдхæрæн. Уый Михал-фыссæджы стыр æнтыст у.

Булкъайы-фырты ацы чиныджы дыккаг уацмыс «Сарт æмæ кард»-ы темæ дæр нæ рагфыдæлтæ, аланты дугæй ист у, æмæ «Дур-чъыры Куырдалæгон – Уастырджи йе ‘мбал»-ы уацмысы архайд, чиныкæсæджы цæстæнгас Куырдалæгон йæхимæ куыд аздахы, афтæ ацы уацауы та иуæй иннæ ирддæр фæлгæнцты ‘хсæн нæ разы сысты хох-лæг Тох, бардуагтæ фæлдисæг Тох.

Алайнаг Куырдалæгоны не ‘вдæлы дзывыртæ аразынмæ, сæ сæйраг ирвæзынгæнæг хотых у, амæй-ай хуыздæр, амæй-ай фидардæр хотых саразынил уымæн хъары йæ уд, фæлæ ууыл дæр куы уаид – хатт ын уымæн дæр нал вæййы рæстæг, æмæ йе сæрст хотыхимæ афсæры йæ мыггаджы цард бахъахъхъæнынмæ. Хуыцæуттæ фæлдисæг алайнаг Тохы дæр не ‘вдæлы æрмæст дуæгты нывтæ аразынмæ, æмæ йæ кæд Фæтæг, Мысыры æдзæрæг быдырты цы хуыцæутты нывтæ федта, уыдон æмсæртæ сфæлдисыны ныфсæй фæстейæ уромы – «дæ бардуаг дæр демæ куы басудза цæхæры», зæгъгæ, уый тасæй, уæддæр æм Тох фæхъыг, æмæ йæ дзуапп у цыбыр, фæлæ фидар: «Уæд уал мын кæлмæрзæн ныккæнын кæн!»

Уый дæр, Куырдалæгонау, мыггаджы кад, лæджы намыс бахъахъхъæныны сæрвæлтау бахъæуы йæ къухмæ хотых райсын, æмæ кæд дуне басæттæг къуылых фæранчы (Тимуры) æнæнымæц æфсады мыггаг сыскъуыныл хæсты быдыры нæ баци йæ бон, уæддæр йæ курдиат, йæ арæхстдзинад æмæ йæ лæджыхъæдæй басаста (æцæг, зынбауырнæн у, Тохы хуызæн хæстон – кæд хуыцæуттæ фæлдисæг у, уæддæр, сæйраджыдæр, хæстон у – гæнæн уæвгæйæ, Тимуры амарыны фадат ауадза, уый) дунейыл арт бафтауæджы.

Михалы æвæрццаг хъайтартæ, мыййаг, хъæздыгдзинад, мулк, дзаджджын цардыл нæ фæхæцынц, сæ тохы сæр лæджыхъæд, адæмы цин вæййы, æмæ удыхъæдæй бæрзонд адæймæгтæн уыцы нысан сæ къухы æфтгæ дæр бакæны.

Автор, бæрæг у, йæ хъайтар (Тох) Тимуры амара, ууыл дæр уымæн нæ архайы.

Тимуры дæр, кæд чиныгкæсæджы тынг нæ уырны, уæд-дæр, йæ мастыл уый тыххæй хæцын кæны йæ дæндæгтæй.

Михалы зæрдæйæн нæ рагфыдæлты истори кæд цыдæр адджын фæцис (йæ уацмыстæ, иу стæмтæй фæстæмæ, сты фыдæлтыккон цардыл фыст), уæддæр йæ уацау «Уый æз дæн, хуыцау!»...-ы снывæзта советон дуджы ахсджиагдæр цаутæй иуыл – колхозон цардарæзтады æнæнцой дугыл.

Булкъайы-фырт хорз арæхсы йæ хъайтарты зæрдæтæм ныккæсынмæ, сæ риссагдæр тæгты аххосаг сын равдисынмæ, æмæ кæд йæ ныхъхъуыдыгонд архайды тыххæй хатт искæцы цауы сæрты акъахдзæф кæны (зæгъæм, Арчилы амарды тыххæй, стæй Тох, ингæнау, талынг хатæны фæтæг Еухоры ныв айнæджы фарсыл куыд аив сарæзта...), уæддæр уацмысы афыст, хъайтарты психологи æмæ архайды уавæр чиныгкæсæджы æууæндын кæнынц уацмысы рæстдзинадыл.

Ирд æмæ æххæст фæлгонцтæ сты Арчил æмæ Габо. Лæджы дыууæ армау сын нæй фæхицæнгæнæн. Лæджы дыууæ армау иу у сæ куыст дæр æмæ сæ тох дæр, фæлæ сын хинæйдзаг (æцæг æй автор Джеры Уастырджыйы стырбоны æгæр рæузондæй равдыста), хъæздыг Цуг се ‘хсæн нықъкъуырдта цурк, æмæ сæ кæд йæ бон кæронмæ ахицæн кæнын нæ бацис, уæддæр сæ дыууæ дæр уыцы азарæй басыгъдысты абырæг Ибæйы тугæйдзаг къух æмæ Цуджы калм æвзаджы кæлæнты руаджы.

Æмæ æрмæст Куырдалæгон, Тох, Еухор, Арчил, Габойы... фылгонцты нæ, Булкъайы-фырт йе сфæлдыстады æнæхъæнæй дæр тырны æгæрон удыхъæды хицау адæймæгты, къах атилын кæм фæзын вæййы, ахæм уавæрты равди-сынмæ, æмæ уыцы хъуыддаг йæ къухы кæй æфты, уымæн – æвдисæн йæ ног чиныг «Сарт æмæ кард».

1975

## «ЦАРДЫ СКЪУЫДДЗÆГТÆ»

«Царды скъуыддзæгтæ» – афтæ рахуыдта поэт Дзуццаты Хадзы-Мурат йæ прозаикон уацмысты чиныг (Мыхуыры рацыд чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-ы 1973 азы). Автор йæ чиныгмæ цы уацмыстæ бахаста, уыдон, æцæгдæр, сæ тематикæйæ æмæ сæ мидисæй сты хицæн скъуыддзæгтæ ирон адæмы цардæй.

Фæлæ цардæй кæцыфæнды скъуыддзаг ма сисæд Дзуццайы-фырт, ссары дзы, куыд, адæймагадыл чи хъуыды кæны, рæстдзинады сæрыл чи тох кæны, ахæм хъайтартæ, афтæ, хи удыл катай æмæ сагъæсæй йæ лыскъзæрдæ йедзаг кæмæн у, ахæмтæ дæр. Æмæ сын равдисы сæ удыхъæд, сæ зæрдæтæ сын æрæвæрын кæны се ‘рмтты; афтæмæй уацмысы æвæрццаг хъайтар чиныгкæсæгæн свæййы уарзон, æппæрццаг хъайтар – æнæуынон.

Радзырд «Хъæды дзыхы»-йы хъайтар зæронд Гигойы ивгъуыд дуджы царды цалх ауyæрста йæ быны, ивгъуыд дуджы цардæвæрд ын амардта йæ зæрдæйы рæсугъд æнкъарæнтæ, фæцис йæ гæвзыкк, фæлæ ныфсыты, бæллицты дуг: «Йæ иунæг фырт Германы хæстмæ ацыд æмæ ныл æрцыд. Йæ сау гæххæт ын куы райстой, уæд йæ мад, – Гигойы бинойнаг, – йæхи мардта. Æмæ мæлгæ дæр акодта», – зæгъы автор. Æмæ семæ Гиго дæр амард цæрдудæй: йæ зæрдæ- мæ нал ныккаст хур. Нæдæр æй искæй куывды мæт ис, нæдæр – большевикты æмæ нæдæр – меньшевикты. Фæлыгъд адæмæй хибар ранмæ. Йæхи загъдау, нæ йæ ‘ндавы йæхи уд дæр. Фæлæ удæгас адæймагмæ хъуамæ исты бæллицтæ ⠀ уа, – уый диалектикæйы закъон у, æмæ Хадзы-Мураты æндæр радзырд /Туркмæ алидзæг ирæтты цардæй/ «Фынтæ, æрмæст фынтæ»-йы хъайтар Инал мыстытæн, ома сæ æрмахуыр кæндзынæн æмæ мын банкæй æхца хæсдзыс-

тыйы ныфсæй, йе сады тæпп йе стонг гуыбынæй куы тоны æмæ дзы кас куы аразы мыстытæн, уæд Гиго та «цæры» йæ ивгъуыд царды сæнттæй: «пецы фарсмæ, йæ кæрцы зæронды йæхи арф æрбаныуæрдгæйæ, кæсы æмæ хъусы, кæсы æмæ хъусы йæхимæ, йæ мид-зæрдæмæ, йæ ацæугæ дунемæ. Уырдыгæй йæм фæхуды йе 'фсин», – уыцы дунейы баззади йæ фырт æмæ нал æндавы зæронд Гигойы æндæр цард. Нал тæрсы адæмы зæрдæхудтæй, меньшевикты æртхъирæнтæй… Æрмæст ма, мысинæгтæ, мысинæгтæ…

Æмæ кæд автор йæ радзырд «Фынтæ, æрмæст фынтæ»-йы хъайтар Иналы капиталистон Турчы зæххыл тæригъæддаг, стонг, æвæрæзæй ныууадзы денджызы был хаудæй, уæд Ирыстоны, революцийы дуджы та ссардта фæндаг Гигойы зæрдæмæ. Ссардта æмæ йæм хуры тын бакæсын кодта йе 'нæхонгæ уазæг-большевикы, кæнæ та йæ зæронд Гиго йæхæдæг куыд хоны – цардивæджы фæрцы, ома, чизоны, дæ фырт мард нæу, æгас у.

Гиго æмæ йæ уазæг – большевикы фæлгонцтæ сты кæрæдзийы ныхмæвæрд. Гиго не 'ууæнды сард аивынил, революцийы фæуæлахизыл. Кæддæр йæхæдæг дæр тох кодта хъæздыджыты ныхмæ æмæ йæхицæн бауырнын кодта, зæгъгæ, цардæн фæивæн нæй… Уымæн не 'ууæнды цард фæивыны тыххæй йæ уазæджы ныхæстыл, нæ йæ ахсы йæ зонд – большевикты тых фæллойгæнæг адæмы 'хсæн кæй ис, сæ ныфс фæллойгæнæг адæм кæй сты æмæ «адæмы фарнæй къæдзæх дæр ныннæры». Уæддæр дзы райгондæй баззад зæронд лæг – йæ хауд зæрдæйы мард æнкъарæнтæ йын базмæлын кодта, авæрдта йæ бæллицты базыртыл.

Большевикы фæлгонц кæд ацы радзырды фæлурсгонд рауад /авторы раз нæдæр уыд большевикы æххæст фæлгонц саразыны хæс/, уæд уый фергомдæр радзырд «Фæстаг æхсæв»-ы. Чиныгкæсæг ацы уацмысы радзырд «Хъæды дзыхы» фæстæ куы бакæса, уæд æм афтæ фæзындзæнис, цыма, фыццаг уацмысы дыккаг хай у, цыма, революционер Чермен Гигойы æнæхонгæ уазæг у – æрбынат кодта Дзерассæты хъæуы æмæ адæмы цæттæ кæны революцимæ.

Ацы радзырды автор ахызтис ирон адæмон æмбисонды сæрты /æцæг, уый ирон литературæйы фыццаг цау нæу/, ома, мæгуыр лæг æмæ хъæздыг лæгæн сæ фыд иумæ куы сфыцай, уæддæр сæ бас не схæццæ уыдзæнис. Чермен мæгуыр адæмы минæвар у, Дзерассæ та – хъæздыг, «мæнгард... хинæйдзаг... тугцъир» Иласы чызг, фæлæ сын автор ссарын кодта иу æвзаг, кæд уацмыс æгæр «ставд сынкæй хуыд» æрцыд, лæппу æмæ чызджы уарзт уæды дугмæ гæсгæ æгæр къæйных у /уæлдайдæр, Дзерассæйы ‘рдыгæй/, уæддæр.

Ацы чиныджы йæ гуырахстæй иууыл стырдæр у «Цард афтæ у», зæгъгæ, уыцы уацмыс, æмæ кæд ранæй-рæтты æнæнхъæлæджы алыхуызон цауты ахалгонд, кæнæ æнæхъуаджы даргъ бынæтты тыххæй йæ кæсын зын у, уæддæр дзы автор ахсджиаг хæс æрæвæрдта йæ разы – абоны æнæхин хъæууон лæппуйы æрвылбонон цинтæ æмæ сагъæстæ равдисын æмæ, иумиййагæй, йæ аскъуыддзаг кæнын, мæнмæ гæсгæ, авторы къухы æфтгæ дæр бакодта.

Нæ дуджы сæдæгай, мингай æвзонг чызджытæ æмæ лæппутæн астæуккаг ахуыр райсыны фæстæ сæ бæллиц у уæлдæр ахуыргæнæндонмæ бацæуын, фæлæ уыцы ахуыргæнæндон сæрмагондæй цы специалисттæ цæттæ кæны, уыдон дæсныйад фæуарзынц æви нæ, ууыл сæ бирæтæ нæ фæхъуыды кæнынц.

Афтæ рауад, уæлдæр цы уацмысы кой скодтон, уый сæйраг хъайтар Хъауырбеджы хъуыддаг дæр – йæхæдæг кæд агроном кæнæн инженеры дæсныйад уарзы, уæддæр йæ мад æмæ йæ фыды фæндæй фæлварæнтæ радта педагогон институтмæ, фæлæ конкурсæй рахаудта. «Рахаудта», мыййаг, уый тыххæй нæ, æмæ институтмæ чи бахауд, уыдон Хъауырбегæй цæттæдæр уыдысты. Нæ, ам æндæр хæйрæгдзинад ис æмбæхст. Байхъусæм авторæн йæхимæ: «Хъауырбег Темырæй æвзæрдæр никуы ахуыр кодта. Экзаментæ дæр æвзæр не скодта, æрмæст ын немыцаг æвзагæй уыд рæстæмбис, иннæтæй – хæрзтæ æмæ тынг хæрзтæ. Темырæн та, æвæццæгæн, иу бал цыдæр уæлдай афтыдтой æмæ, гъай-гъай, бахауд...» /27 ф./.

Чизоны, исчи бафæрса, ома йын цæмæн афтыдтой «иу бал цыдæр уæлдай?» Уый тыххæй дæр зæгъæд автор йæхæдæг: «Темыры фыд – хъæусоветы дуканигæс – экзаменты рæстæджы йæ «базар» хъæуæй горæтмæ ахаста.

2* Хъазиты Мелитон

ар кодта» – йæ фырты йын айстой институтмæ».

Уыцы цау, æддейæ бакæсгæйæ, цыма, проблемæ не 'взæрын кæны, фæлæ йыл арф ахъуыды кæн, уæд уый у адæймаджы гуманон æмæ моралон æнкъарæнты трагедии. Сæры цæфæй зæрдæйы цæф тæссагдæр кæй у, уый алчи дæр зоны, фæлæ Хъауырбегты хъæуы колхозы дыргъдонгæстæ зонджын Лади æмæ хъæлдзæг Хазбийы хуызæттимæ цæрын дæр æмæ царды мæнгарддзинæдтимæ тох кæнын дæр æнцон у, æмæ Хъауырбег семæ стох кодта куысты /Хазбийы æфсадмæ акодтой æмæ йæ бæсты дыргъдонгæсæй кусын райдыдта Хъауырбег/. Царды ис æрмæстдæр иунæг амонд – куысты аргæ амонд, æмæ Дзуццайы фырты уацмысы хъайтар дæр йæ амонд агуры уым. Уый у авторы реалон хъуыдыкæнынады фæрцы.

Хадзы-Мураты чиныджы сæрмагондæй ахъуыды кæныны аккаг у уацмыс «Зонджын æмæ рæсугъд чиныг».

Диссаг æмæ æрдхæрæн у Ирыстоны æрдз. Афтæмæй абон дæр æххæст зындгонд нæу йæ хъæздыг æмæ уæрæх истории. Дзуццайы-фырт дæр йæ ацы уацмысы цыбыртæй, бæлццоны цæстæнгасæй, афыста бæрцæй æртæ комы – Чеселтгом, Мацхарагом æмæ Къуыдаргомы истории æмæ адæмы удыхъæдыл чысыл, æлвæст очеркгонд, фæлæ йæ афысты манерæйæ æмæ йæ ахадындзинадæй, мæнмæ гæсгæ, ацы чиныджы стæм уацмыс лæууы «Зонджын æмæ рæсугъд чиныджы» бæрзæндыл.

Ацы чиныджы ма мыхуыр сты радзырдтæ «Цæргæс», «Гыццыл цъиу-булæмæргъ» æмæ «Асланы хурмæзилæг». Æцæг, фæстаг радзырд йæ тематикæ æмæ хицæн деталтæй зæрдыл лæууын кæны хъыргъызаг фыссæг Чингиз Айтматовы зынгæ уацау «Джамиля»-йы. Фæлæ уый хыгъд уæлдай аив, уæлдай эмоционалон, æлвæст æмæ хъуыдытæй йемыдзаг у радзырд «Гыццыл цъиу-булæмаргъ». Кæсыс æмæ авторы – лирикон хъайтары маст сси дæ маст, чысыл

цъиу-булæмаргъы сагъæс сси дæ сагъæс. Мæт кæныс, булæмаргъæн чидæр йæ базыр дурæй кæй ныссаста, ууыл; бахаудтæ сагъæсы: ацы чысыл, зæллангхъæлæс, æнæхъыгдаргæ маргъ йæхи, адæм кæм сты, уырдæм мах тыххæй куы ласы, йе ‘хцон зарджытæй нын нæ зæрдæтæ куы рухс кæны, уæд æм, – йæ хорздзинад ын хорзæй бафидыны бæсты, – нæ иуæй-иутæ сæ къух цæмæн дарынц хъилæй?

Ахæм фæлгонц саразынил ма, ома радзырд «Гыццыл цъиу-булæмаргъ»-ы зарæггæнæджы куыд снывкодта, афтæ ацархайдта Дзуццайы-фырт йæ уацмыстæй цалдæры /«Цæргæс», «Цард афтæ у», «Зондджын æмæ рæсугъд чиныг» æмæ «Фæстаг æхсæв»-ы/, поэт кæнæ поэты удыхъæд кæмæ ис, ахæм адæймæгты снывкæнынил. Уæлдайдæр, радзырд «Цæргæс»-ы. Фæлæ дзы «Гыццыл цъиу-булæмаргъ»-ы хуызæн аив ничи рауад.

Дзуццайы-фырт ма ацы чиныгмæ сывæллæттæн бахаста радзырдты цикл.

Хадзы-Мурат хорз арæхсы сывæллоны зæрдæйы уаг, йæ цинтæ, йæ сагъæстæ йын чиныгкæсджыты размæ рахæссынмæ æмæ кæд ацы уацмыстæй иуæй-иуты чысыл къуыхцытæ ис, уæддæр чиныгкæсæг æхсызгонæй бакæсдзæнис радзырдтæ «Фæлæу, æз сыстыр уон», «Рухс чи кæны» æмæ «Æз æй атардтон». Уыдон æмбулынц сæ хуымæтæг æвзаг æмæ афыстæй, се ‘лвæст сюжеттæ æмæ, сывæллонæн характерон чи у, ахæм наивондзинадæй.

Дзуццаты Хадзы-Мураты ирон чиныгкæсæг фыццаг базыдта, куыд поэт, афтæ, йе сфæлдыстадон тых поэзийы равдыста, æмæ йæ прозаикон уацмыстæй чи куыд лирикондæр у, поэтикон бынæттæ дзы кæм куыд фылдæр ис, сæ афыст дæр афтæ хуыздæр у, чиныгкæсæджы зæрдæ уыдон тынгдæр сайынц сæхимæ. Амæн æмæ, уым хъайтарты зæрдæйыуаг, сæ удыхъæд та, сæ характертæ бæлвырддæрæй разынынц, æмæ ахæм бынæттæ «Царды скъуыддзæгтæ»-йы цъус нæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, ис ма дзы æндæр хорздзинæдтæ, стæй цухдзинæдтæ дæр, æмæ кæд йæ поэтикон чингуыты бæрзæндмæ не схуызт, уæддæр бæлвырд у иу хъуыддаг: ацы чиныгыл ирон

чиныгкæсджытæ зæрдиагæй кæй сæмбæлдзысты, уый дызæрдыггаг нæу.

1974

## ФÆСИВÆД ДЗЫРДХЪОМ КУЫ СВÆЙЙЫНЦ

Талайæ тасаг цы бæлас вæййы, уый йæ уидæгтæ зæххы арф куы ауадзы, йæ цæнгтæ куы ныттындзы дардыл, уæд йæ зæнг свæййы хъандзал æмæ фидар. Хуыцау кæуыл ауды, уыдон æвзонг фæлтæр, сомбоны цард кæй къухы хъуамæ уа, уыдон раст цардвæндагыл æфтауынмæ, уыдон хъомыл кæнынмæ афтæ стыр хъусдард уымæн фездахынц.

Уæдæ, Годжыцаты Исахъы комеди «О, ацы фæсивæд!..»-ы сæйраг рахæцæн уыцы хъуыддаг хуымæтæджы не сси. Фæлæ автор ирон дзырдаивадмæ, уæлдайдæр, драматургимæ цы бахаста, ногæй? Цы сты йæ уацмысы хорздзинæдтæ? Кæм сты йæ хъæнтæ?

Ацы фарстытæн æргом дзуаппытæ ссарæн ис, Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театр ацы уацмысмæ гæсгæ цы спектакль сæвæрдта, уым.

Комедийы, фыццаджы-фыццаг раппæлинаг у, автор æмæ режиссер-æвæрæг Гæлæуты Анатоли, æппæт сæ хъаруйæ кæй бацархайдтой, пьесæйы сæйраг хъайтарты – Бутус, Госæ, Биби æмæ Дудуйы сæ цардиппæрд фæндагæй царды раст фæндагыл сур, зондамонæн ныхæстæй кæй нæ лæууын кæнынц, фæлæ сæ уымæ цард йæхæдæг кæй кæны, куысты, фæллойы фæрцы кæй бамбарынц сау æмæ урс.

Сусæггаг нæу, ирон литературæйы, уæлдайдæр, драматургийы куыстадон темæйыл, кусæг къласыл, зæгъæн ис, нырма раппæлинагæй фыст уый бæрц кæй ницы æрцыд æмæ кæд иустæм уацмысты ферттивы, уæд уый вæййы æрмæстдæр  цæст афæливынæн, мæнæ куысты темæйыл у, зæгъгæ.

Ацы комедийы та æппæт архайд дæр куыстæй гуыры. Куыстуарзаг сты къулсæрдæг бригадæйы уæнгтæ – æвзонг лæппутæ Бутус, Госæ, Биби æмæ Дуду. Куыстмæ сæ зæрдæ

радтой, уæд сын «дæ цæст–сау» нæ зæгъдзынæ. Фæлæ фæллой кæнын иу у, æмæ цæй охыл, æхсæнадæн, иумиаг хъуыддагæн цы пайда хæссы, уый та – иннæ. Адæймаджы удыхъæд, йæ мораль, йæ хъуыдыкæнынад ын равдисын, раст фæндагыл æй бафтауын – уый у сæйраг.

Адæймаджы хъомыл кæнын, раст фæндагыл æй æфтауын у алкæй хæс дæр. Уæлдайдæр, литературæйы хæс. Уымæн райста æвзонг чызг, фæскомцæдисон организацийы секретарь Дзерассæ (артисткæ Быгъуылты Эммæ) æхсæнадон куыстæй хи тылифгæнæг, хи дзыппы пайдайæн кусæг æвзонг лæппуты  хъомыл кæныны хæс йæхимæ.

Æниу, комедийы  уыцы хъуыддаг, хъомыл кæнынмæ уæм æрбацыдтæн,  зæгъгæ, уый æргом нæ цæуы æвдыст æмæ уый хорз хъуыддаг у. Дзерассæ-Эммæ у сæ ног бригадир æмæ сæ æрмæстдæр домы (æцæг, хаттæй-хатт лæппуты æгæр сисы къæрццытæ кæнын), цæмæй æххæст кæной сæ куыст. Фæлæ уырдыгæй гуыры æппæт дæр æмæ æвзонг чызг-бригадир Дзерассæ-Эммæ кæд къæбæда, æгоммæгæс лæппуты ныхмæ æрлæууы иунæгæй, кæд бахауы зын уавæрты; æгæрыстæмæй, æрцæуы цæссыг згъалынмæ, уæддæр царды алы хатт дæр уæлахиз кæны рæстдзинад æмæ адæмон æмбисонд цæйау зæгъы – «лæг цы агуры, уый ссары».

Фæлæ уыцы хъуыддагæн барвæндæй йæхи чи нывонд кæны, фæсивæды, адæмы рухс фидæн йæ бæллиц кæмæн у, уымæн йæ рагæпп-багæппæй йæ мидсагъæстæ, йæ мидхъуырдухæнтæ хъуамæ фылдæр уой. Уæд йæ фæлгонц фæлурсæй нæ разындаид, сценæмæкæсæг ыл тынгдæр æууæндид. Кæннæуæд йæ хъæртæ мæнггæрæхты хуызæн рауайынц, æмæ йыл йæ бригадæйы уæнгтæ былæсчъилæй куы фæхудынц, «бригадир», зæгъгæ, уæд адæймагмæ афтæ дæр фæкæсы, цыма раст сты.

Æниу, цалдæр æвзонг хæлары – Бутус (артист Дауиаты Барис), Госæ (артист Суанты Хъазбег), Биби (Бекмæрзты Æхсар) æмæ Дудуйы (артист Цæргæсты Дзамболат) фæлгонцтæ ирдæй равдисыныл дæр автор йæхи уадиссаг нæ батыхсын кодта (æрмæстдæр иу сценæ, сæ бригадир-чызгæн сæ зæрдæты уарзт æргом кæнынмæ иугай кæм цæуынц, уы-

цы сценæйыл куынæ дзурæм, уæд). Хæлæрттæ, æмгæрттæ сты, зæгъгæ, уæд иууылдæр хъуамæ иу джиппы уагъд уой, се ‘взаджы алгъыл уыцы иу дзырдтæ хъуамæ рауай-бауай кæной?

Æмæ ма артисттæ кæд ранæй-рæтты сæ удæй арт фæцæгъдынц, мæ саразгæ фæлгонц иннæ фæлгонцты халдих ма уа, зæгъгæ, уæддæр сын уыцы фыст фæлгонцтæй фæиппæр уæвын нал фентысы æмæ, мæгуыр, сæ уд фæхъарынц сценæмæкæсæджы исты хъæлдзæг ныхасæй бахудын кæныныл.

Цы у йæ аххосаг?

Дуду (Цæргæсты Дзамболат) йæ мад æмæ йæ фыдæн цæйау зæгъы: «Характертæ уын нæ фаг кæны, характертæ», уыйау ма, ацы фæлгонцтæ цæмæй сæ кæрæдзийы халдих ма уой, уый тыххæй сын автор, стæй кæмдæр режиссеры аххосæй дæр нæ фаг кæны характертæ.

Комедийы, нæ царды размæтулæг хъомысджын цалхыл фæстæмæ чи хæцынц, ахæм адæймæгты, зæгъæм, Бибийы фыд, коммунист уæвгæйæ, хи дзыппы пайдайыл лæуд куыд у; Дудуйы фыдæн, ахуыргæнæг уæвгæйæ, йæхи фырт схъомыл кæнын йæ бон куынæ бацис; Госæйы фыд, ахуыргонд уæвгæйæ, йæ сæр куыд ныллæг æруагъта, йæ фырты ныхасмæ гæсгæ, студенттæй экзаментæ ресторанты куыд фæисы, бындз къуымæлы куыд хауа, нуæзты афтæ кæй хауы æмæ йæ бинонты цард зындон куыд фестын кодта æмæ æндæр ахæм хъæнтæ цæуынц критикæгонд, фæлæ уыдон фылдæр хатт рауайынц, ирон адæм-иу сæ дзуринæгтæ Ныхасмæ куыд хастой, архайд та-иу кæмдæр æндæр ран куыд æрцыдис, афтæ. Сценæ та архайд уарзы, архайды къуыбылой æнæхъæнæй сценæмæкæсджыты раз куыд цæуа хæлд. Фæлæ, дзырд дæр ыл нæй, спектаклы аив арæзт æрцыдысты иуæй-иу хъайтарты фæлгонцтæ.

Бибийы фыд, Дудуйы фыд æмæ Госæйы фыды фæлгонцтæ саразынил хорз бакуыстой режиссер æмæ УСФСР-йы адæмон артист Саламты Къола (æртæйы ролы дæр хъазы уый). Æвæццæгæн, ацы комедимæ æрмæст иунæг хатт дæр чи бакæса, уымæй бирæ рæстæджы нæ ферох уыдзысты Къолайы саразгæ ацы фæлгонцтæ. Æрмæстдæр иу зынд фæ-

кæны сценæйыл, æрмæстдæр иу æрттывд фæкæны сценæмæкæсджыты раз, фæлæ йæ алы дзырд, йæ алы фезмæлд, йæ цырд цæстыты иу зул фæкаст дæр вæййы барст, раздæр, æвæццæгæн, дæсгай, чизоны, сæдæгай хæгтыты кæуыл ныхъхъуыды кæны, ахæм. Æндæр, дæ хорзæхæй, мæнæ нырма нæ разы лæууы Бибийы фыд – Къола. Йæ фезмæлдыл, йæ ныхасыл, йæ цæстæнгасыл зыны, ацы лæгæн æппæт дæр развæлгъау барст у. Къæбæр кæимæ бахæра, йæ бинонтимæ цардæй тыхæй, о тыхæй, цы рæстæг ратоны, уæд кæимæ «аирхæфса йæхи», æгæрыстæмæй, салам кæмæн ратты, уыцы адæм ын, райсом кæм бабæздзысты, цы пайда йын æрхæсдзысты, уыдон ын се ‘ппæт дæр нымад сты. Йæ бæллиц, йæ тох, коммунист уæвгæйæ, у йæхицæн, йæ бинонтæн хъæздыг цард саразыныл, фæлæ уыцы амонд уыны æрмæстдæр æхцайы, мулчы. Йæ зондмæ нæ хизы, ахæм фæндагыл лæуд кæй у, уымæй йæ бинонты æцæг амонд кæй исы, уыцы хъуыддаг. Æмæ цалдæр минуты ‘йеттæмæ нæма рацыдис, афтæмæй та Къолайы сценæйыл уынæм Дудуйы фыдæй – фæлмæнзæрдæ, æнæбахъыгдаргæ, къухылтухгæ кæй фæхонынц, йæ лæмæгъ зæрдæйы аххосæй йæ фырты схъомыл кæнын дæр йæ бон кæмæн нæ бацис, ахæм фыдæй. Мур, згъæл дзы нал баззад Бибийы фыдæй.

Æмæ Госæйы фыды, расыггæнаг, дзырдмæ-дзырдараг, «ахуыргонды» фæлгонц куыд аив сарæзта, уый та?

Иу спектаклы – æртæ фæлгонцы! Æмæ дзы иу иннæйы зæрдыл ницæмæй лæууын кæны.

Уый баст у авторы хъуыдыкæнынадыл дæр, режиссеры зонынадыл дæр æмæ сæйраджы та – актеры арæхстдзинадыл.

Аив, зæрдæмæдзæугæ фæлгонцтæ сарæзта УСФСР-йы адæмон артисткæ Тменаты Еленæ. Уый та Бибийы мад, Дудуйы мад æмæ Госæйы мады ролтæ æххæст кæны, æмæ дзы райгондæй баззайы сценæмæкæсæг.

Зæлинæйы, абадгæ чызджы ролы хорз ахъазыд артисткæ Медойты Светланæ. Бæппийы ролы æвзæр нæ хъазы Цæгат Ирыстоны сгуыхт артист Бирæгъты Къоста. Фæлæ ма иу ныхас пьесæйы тыххæй.

Афтæ мæм кæсы, цыма комеди æгæр ныддаргъ. Стæй дзы уый бæрц зарджытæ кæй ис, уый... сценæмæкæсæджы хъусдард спектаклæй цы иппæрд кæнынц, æндæр уацмысæн хорзæй ницы дæттынц. Ноджы, адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма, автор, стæй режиссер нал зыдтой комедийæн кæрон саразын, æмæ уый ныллæгдæр кæны спектаклы ахадындзинад.

Фæлæ, æмткæй сисгæйæ, комеди фæцыд не сценæмæкæсджыты зæрдæмæ. Зæрдæйæн иууыл æхсызгондæр та уый у, æмæ дзы сæйраджы театры фæсивæд кæй хъазынц, фæсивæд æй кæй рахастой сценæмæкæсджыты тæрхонмæ. Уыдон та ныртæккæ сты сæ курдиаты иууыл арфдæр æвæрæнтæ агурыны кары, æмæ нæ уырны, ырæй фæстæмæ нын нæ зæрдæтæ кæй барухс кæндзысты ноджы хуыздæр спектаклтæй, стыр æмæ ирд фæлгонцтæй.

1976

## СТЫР ФÆНДАДЖЫ РАЙДАЙÆН

Афтæ куы зæгъон, зæгъгæ, сфæлдыстадон кусæгæн йæ удыхъæд цы кæркæ-мæркæ æрвронæй вæййы конд, йе сфæлдыстадон уацмысты алдымбыд дæр уый свæййы, уæд ног Америкæ нæ бакæндзынæн. Уазæгуарз æфсины армау, æргом у мæ ныхас – уыцы хъуыды схырыз аивад-зонджыты æвзæгты æлгътыл. Фæлæ мæ бахъуыд йæ зæгъыны сæр. Нывгæнджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады равдыстыты залы не 'взонг нывгæнджытæй æртæйы – Бестауты Таймураз, Кæсойты Лаврент æмæ Гæбæраты Георгийы нывты равдысты тыххæй.

Уымæн æмæ ацы æвзоиг сфæлдыстадон кусджытæ сты æмгæрттæ, хæлæрттæ, фæлæ равдыстæй дæр бæрæг у, алкæмæн сæ йæ аивадон дуне кæй хицæн кæны йæ хæлары аивадон дунейæ, цардмæ сæ цæстæнгас, сæ тематикæ, сæ аивадон уынынадæй кæй сты æндæр æмæ æндæрхуызæттæ.

Уыцы хъуыддаг æвзонг аивадон кусæгæн, уыцы нымæцы ацы æртæ нывгæнæгæн дæр, у раппæлинаг.

Уæдæ сын нывгæнæджы сис цы 'нкъарæнтæ райсын кæнынц сæ къухмæ, ныв кæныны аивады кæцы фæндæгтæ сæ сайынц сæ фæдыл?

Дыууæ фаззонæй дæр ма сæ иу хисдæр вæййы, æртæ нывгæнæгæй та – гъай-гъайдæр, æмæ сын се сфæлдыстадмæ дæр хистæрæй æркæсæм.

Нæ цæст уал ахæссæм Бестауты Таймуразы уацмыстыл.

Аивад–хуымæтæг адæймаджы цæст кæй уыны, фæлæ æрвылхатт кæй не 'взары, уыцы диссаджы зæрдæагайгæ æнкъарæнтæ æмæ рæсугъддзинад, – аивады кусджыты зæрдæтæм фылдæрхатт ныттæдзынц сабибонты, кæнæ та сæ, зæгъæн ис, адæймаг рахæссы гуырцæй.

Бестауы-фырты ныв кæныны аивад саби-бонтæй фæстæмæ æлвасы йæхимæ, æмæ йын æвзонг сфæлдыстадон кусæг æппынæдзух архайы йæ сусæг фæзилæнтæ фæлгъауынил, йæ тых фæлвары, агуры йæхи алыхуызон темæты.

Уыцы хъуыддаг бæрæг у, ацы равдысты йын цы уацмыстæ ис, уыдонæй дæр.

Цæвиттон, Таймураз бацархайдта, йе сфæлдыстадæн характерондæр чи у, равдыстмæ ахæм нывтæ рахæссыныл.

Æмæ нæ фæрæдыд. Уыдонмæ гæсгæ равдыстмæ бацæуæгæн йæ бон бауыдзæнис сæ авторы сфæлдыстадæн æххæст аргъ скæнын, йæ нывтæ сæйраджы цы темæтыл фыссы, уым йæ къухы цы ‘нтыстытæ æфты, уый рафæлгъауын.

Йæ тематикæ та у алыхуызон – аразы портреттæ, жанрон композицитæ, пейзажтæ, натюрморттæ. Фæлæ мады гуыбыны дæр вæййы хъулæттæ.

Æмæ уыцы «хъулæттæ» зынынц Бестауы-фырты куыстыты.

Цæвиттон, равдысты цы бирæ портреттæ ис, уыдонæн сæ фылдæр Таймуразы сты.

Стæй сæ нымæцыл дæр нæу хъуыддаг. Равдыстмæ бацæуæг нывкæнынады сусæгдзинæдтæ сæрысуанг куынæ зона, уæддæр æй бирæ фыдæбон нæ бахъæудзæнис Бестауы-фырты арæзт портреттæ цæстæнгасæй æвзарынæн.

Уымæн æмæ ацы æвзонг нывгæнæджы портреттæн фыццаг ацахсдзынæ сæ монументалондзинад. Стæй сын уыйфæстæ, сæ авторы арæхстдзинады руаджы, банкъардзынæ сæ зæрдæты хъарм, сæ хуымæтæгдзинад. Бæстон сæм куы ‘ркæсай, уæд æнæфæхатгæ нæ фæуыдзынæ, нывгæнæг йæ уацмысты кæй æвдисы лæгуарзон цæсгæмттæ. Уымæй та зæгъы: «Ахæм хъуамæ уа адæймаг!» – æмæ раппæлинаг у, аивады кусæг царды æнусон идеал – рæстудуæвынмæ куы сида, уæд уый.

Таймуразæн йæ уыцы хъуыды бæлвырдæй зыны «Зæронд ус Сонайы портрет», «Зæронд лæг-колхозоны портрет», «Æвзонг фысгæс», «Æвзонг нывгæнæджы портрет» æмæ æндæрты.

Таймуразы портретты фылдæр хаймæ ма иу хорздзинад уый ис, æмæ портреты фон кæй фæдзуры хъайтары миддунейыл.

Зæгъынц, æцæг портреттæ аразын йæ бон бауыдзæнис, удæй хъæздыг чи уа, ахæм нывгæнæгæн, æмæ уыцы хъуыды дызæрдыккаг куыд нæу, афтæ нын дызæрдыккаг ма хъуамæ уа, Таймураз йæхиуыл куынæ февværса, æппынæдзух куы куса йæ аивадон дæсныйад бæрзонд кæныныл, уæд нын нырæй фæстæмæ дæр нæ зæрдæтæ бирæ аив портреттæй кæй барухс кæндзæнис. Фæлæ дзы йæ дарддæры куысты хъуамæ иу хъуыддаг рох ма уа – йæ портретты йæ кæддагæй схицæн кæнын фæхъæуы сæрысуанг, хуыд æм куынæ уа, æцæг удæгас фæлгонц куыд рацæуа.

Таймуразæн, йæ портреттау, йæ пейзажтæ дæр сты уарзæгой зæрдæйæ фыст, лирикон æнкъарæнтыл амад. «Уалдзæг», «Фæззыгон пейзаж», «Райгуырæн хъæу» æмæ æндæртæ сты фæлмæн, зæрдæмæхъаргæ.

Фæлæ Таймуразы пейзажтæй цæхгæр хицæн кæнынц Кæсойты Лавренты пейзажтæ.

Кæсойы-фырт кæд нырма æвзонг нывгæнæгыл цæуы нымад, уæддæр, æрдз куыд уыны, куыд æй ныв кæны, уый раппæлыны аккаг у. Уымæн æмæ, адæймаджы балвасынц сæхи дунемæ. Уыцы дуне та фæцæры цыдæр хи цар-дæй, фæлæ æрмæст йæхицæй кæнгæ чи нæу, æмæ æппынæдзух фæдисы къахыл кæй тыххæй фæлæууы, æнхъæлмæ кæмæ фæкæсы. Кæсойы-фырты пейзажты уыцы æбæрæг æнхъæлмæ кæсын, уæлдайдæр, «Мигътæ рацæуынц», «Уалдзыгон бон», «Дзæгъæл дыргъдон», «Хурмæзилаг» æмæ æндæртæ ахæм драматикон хуызы афтæ дæсны арæзт сты, æмæ æнæсразы уæвæн нæй, уыцы пейзажтæ æцæг курдиатджын, уадз æвæлтæрд, фæлæ æцæг курдиатджын æрмдзæф кæй сты.

Æвзонг нывгæнæг йæ уацмыстæн æрмæст æттаг хуыз нæ дætты, фæлæ сæ уадзы уд, аивады амæлтты фæрцы сæ кæны цæрдхъом.

Кæсойы-фырт хорз арæхсы портреттæ аразынмæ дæр. Йæ къухы ‘фты, цы фæлгонц фæаразы, уый хиæдтæ, иннæ адæмæй цæмæй хицæн кæны, уыцы удыхъæд, йæ характер ын æрцахсынмæ. Адæймаджы цæст иудзæвгар атонын уы-

мæн нал фæкомы «Сонийы портрет» кæнæ «Гуырдзиаг зæронд лæджы портрет», «Æмкурсон» æмæ æндæртæй.

Æнæзæгъгæ нæй «Мысинæгтæ Радийы тыххæй», зæгъгæ, Лаврентæ уыцы нывы тыххæй.

Радий – ирон, æдзард курдиатджын нывгæнæг – уыдис Кæсойы-фырты æмгар æмæ, гъай-гъайдæр, йæ цард, йæ куыст ын баззад мысинагæн. Мысинæгты та, адæймаджы цард куыд фæцæуы, афтæ фæд-фæдылон æгъдауыл нæхæдæг равæрæм, нæ хъуыдыйы æндæр æмæ æндæр рæстæджыты фестъæлф-фæталынггæнгæ фæцæуынц. Уымæ гæсгæ, уæлдæр цы нывы кой скодтон, уымæн автор иумæйагæй хорз формæ ссардта, махмæ цыдæр хæдхуыз уацмыс у. Æрмæст мæм мæ зæрдæ афтæ дзуры, цыма йыл нырма хъæуы бæрæ кусын, цæмæй уыцы мысинæгтæ æрмæст сæ авторæн нæ, фæлæ Радийы лæгæй-лæгмæ чи нæ зыдта, уыдонæн дæр уой рæсугъд, æнæлаз.

Зæгъæн ис, ацы равдысты æвзонг график Гæбæраты Георгийы уацмысты тематикæ кæй у алыхуызондæр. Уый æндавынц йæ адæмы, ирон адæмы истори, нæ фыдæлты тохвæндæгтæ, сæ ивгъуыд бонтæ æмæ сæ абоны цард, Ирыстоны æрдхæрæны рæсугъд æрдз...

Гæбæрайы-фырты кæд историон цаутæ æвдисынмæ, ивгъуыд цардмæ хъуыдыйы балцытæ аразын бахъæуы, кæд хи удæй, хи цармæй кæй нæ бавзæрста, ахæм дунейы иу къуымыл ныххæцы йæ аивадон хъуыды, уæддæр ссары цыдæр бæрæг-бæлвырд æнцойгæнæн, æмæ уый фæрцы бацархайы йæ фат нысаныл сæмбæлын кæныныл. Уыцы æнцойгæнæн та йын сæйраджы у ирон аив литературæ. Плиты Харитоны поэмæ «Сæлимæт» æмæ Гæдиаты Секъайы таурæгъ «Азау»-мæ гæсгæ арæзт нывты сериты фæрцы уыцы æнæмæлгæ уацмыстæй нæ цæстыты раз слæууынц бирæ бынæттæ. Уый та у æвзонг нывгæнæджы æнтыстыл дзурæг.

Аив ын рауадысты «Зæронд цардæй», плакат «Удæгæстæй – удæгасдæр», стæй, нæ адæмы абоны цардæй цы къорд нывы саразта, уыдон.

Уый, ома æвзонг нывгæнæг, нæ дуджы ахсджиагдæр цаутæм – куыд Ручъы фæндагарæзтадмæ, ирайнаг

патриотты тохмæ – йæ хъус лæмбынæг кæй дары, нæ царды цинтæ æмæ хъыгтæ йе сфæлдыстадон куырдадзы кæй уадзы, уымæй хорз кæны. Уымæн æмæ, аивады кусæг хъуамæ æппынæдзух уа адæмы ‘хсæн, стæй йæ хъуыдыкæнынад, йæ дунеæмбарынад æмæ йæ лæгуарзондзинадæй хъуамæ лæууа адæмæй уæлдæр. Фæлæ иу хъуыддаг æнæмæнг æмбæлы зæрдыл дарын – аивады кусæг цас темæйæ темæмæ, жанрæй жанрмæ йæхи тынгдæр раппар-баппар кæна, уыйбæрц йæ курдиат кæны хырыз, йæ авналæнтæ – къуындæг.

Ацы æвзонг нывгæнджытæ ахорæнтæй, ома, хуызтæй куыд пайда кæнынц, уæлдайдæр, Кæсойы-фырт, уый раппæлинаг хъуыддаг у, фæлæ йæ комкоммæ зæгъæм, бирæ нывтæм кæсгæйæ дзы адæймаг хатгæ дæр нæ ракæндзæнис, йæ автор фылдæр фотографы цæстæй уыны цард æви нывгæнæджы. Уый та алы сфæлдыстадон кусæгæн дæр æнæмæнг хынцинаг у.

Мæ уацы кæрон ма мæ уый фæнды зæгъын, æмæ ацы равдыст нæ областы æвзонг нывгæнджытæн ацы аз у æртыккаг. Уый æвзонг сфæлдыстадон кусджыты номыл Нывгæнджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады правленийы хорз куыстыл дзурæг у. Хорз тауинаг чи тауы, уый хъæздыг тыллæг æркæны. Æмæ ацы æвзонг нывгæнджытæн сæ ацы равдыст уыдзæнис реалистон аивады стыр фæндаджы райдайæн.

28.04.1979

## ÆРГОМ НЫХАС

«Æргом дзырды къæм нæй», – зæгъы ирон адæмон æмбисонд. Мæн дæр мæ хъуыды æргомæй фæнды зæгъын, ивгъуыд, 1978-æм азы журнал «Фидиуæджы» 12-æм чиныджы нæ рухстауджытæй иу, нæ зынгæдæр критик Тыбылты Алыксандры райгуырды 90 азы бонмæ Æлборты Хадзы-Умар цы уац ныммыхуыр кодта «Хуыздæртæй иу», зæгъгæ, æмæ уый фæдыл Дзаттиаты Гиуæрги цы уац ныффыста «Ирон адæмон зарæджы куплет» /газет «Советон Ирыстон»-ы ацы аз 7-æм марты/, уыдон тыххæй.

Иу критикон уац йæ фæдыл æндæр критикон уац куы расайы, уæд, гъай-гъайдæр, цыдæр быцæуаг хъуыдытæ сæ вæййы.

Цæуыл у ацы авторты быцæу та?

Дзаттиаты Гиуæргийы быцæу сæйраджы бæлвырд у йæ уацы сæрæй – «Ирон адæмон зарæджы куплет»-æй.

Фæлæ уал «Ирон адæмон зарæджы куплет»-ы арæзт чысыл фæстæдæрмæ фæуадзæн æмæ, дзырд Алыксандры сфæлдыстад, номхуындæй, йæ уац «Адæмон ног зарджытæ Хуссар Ирыстоны» кæй расайдта, уый тыххæй æркæсæм уымæ.

Уац фыст æрцыдис 1931-æм азы, Ирыстоны ног социалистон цард йæ къахыл фидар куынæма слæууыд, – уыцы аз зæгъин? – стыр цардивæн рæстæджы.

Уæд та æрмæст Ирыстоны нæ, фæлæ æнæхъæн Цæдисыл дæр уылæн кодта ахæм хъуыды, ома, мах стæм ног, социалистон цардаразджытæ, æмæ зæронд дугимæ, зæронд цардимæ хъуамæ фесафæм, уыимæ нæм цыдæриддæр уыдис, æппæт уыдон.

Уæдæ, Алыксандр – ног цардаразджыты раздзогтæй иу, бæргæ ахуыргонд æмæ куырыхон лæг уыд, фæлæ йыл уыцы

массон хъуыды куынæ хъуамæ бандæвтаид? Уæлдайдæр, ахæм хъуыдыйæн фидар административон тых кæй уыд, уымæн æвдисæнтæ агурыныл рæстæг хардз кæнын уæлдай ми у.

Алыксандр уымæн зæгъы йæ уацы: «Тары кæнынц фыдæлты кадджытæ, рагон зарджытæ æмæ æмбисæндтæ. Цы дуджимæ сæвзæрдысты рагон «адæмон» уацмыстæ, уыцы дугимæ æрцыдис сæ адзалы сахат».

Æрæрыстæмæй, дзырд «адæмон» кæны дыкъæдзгуыты. Цæмæн? Алыксандры хуызæн куырыхон критик æмæ литературæиртасæг нæ зыдта, уыцы зарджытæ æцæг адæмон кæй сты, уый?

Гъай-гъайдæр, зыдта йæ, фæлæ махæй хъуамæ иу хъуыддаг рох ма уа – рæстæг.

Уæдæ, зæронд ирон адæмон зарджыты тых цыфæнды кæд зыдта, сæ нысаниуæг сын цыфæнды кæд æмбæрста, уæддæр рæстæг афтæ амыдта, æмæ хъуамæ ног дуджы зарджытæ нымадтаид хуыздæрыл. Уымæн æмæ, уыдон мидæг уыд, Алыксандрæн йæхи дзырдтæй дзургæйæ – «стыр социалон апп».

Автор зарджытæн фылдæр сæ «социалон апп»-мæ кæй дардта йæ хъус, уый тыххæй йæ хъуыды, урсыл сау фыстау, бæрæг у. Комкоммæ куы зæгъы: «Стыр социалистон апп нæй «Санахъоты Уанкъайы зарæгæн», «Къласон тох црен кæны нæ хъæуты æмæ уыцы хабар зыны «Колхозон зарæджы», «фæсреволюцион зарджытæ хъацыд сты социалон аппæй», «Хъæуы сын раттын ахæм зарæг /ома, фæллойгæнджытæн – банысан æй кодтон æз, – **Хъ. М.**/, йæ хъуыды социалон аппæй хъацыд кæмæн уа» æмæ афтæ дарддæр.

Æрмæст адæмон зарджытæ нæ, фæлæ фысджыты уацмысты дæр уæды дуджы сæйраг хъусдард «социалон апп»-мæ кæй уыд, уымæн, кæй зæгъын æй хъæуы, ног социалистон бæстæ сфидар кæныны йæ нысаниуæг стыр уыдис. Æмæ ахæм рæстæджы «дыккаг бынаты эстетикон хæрзхъæдзинад æвæрын» диссаг нæу.

Æндæра Алыксандры хуызæн куырыхон литературæзонæг, дæсны литературæиртасæг куыд хъуамæ загътаид: «Ирон адæмон зарджытæ цух уыдысты аив фæлгонцтæй,

нæ уыдысты рæсугъд фæлыст эпитеттæй, метафорæтæй, æмæ æндæр ахæм нывæвдисæг мадзæлттæй. Æрæджы дæр цы зарджытæ рацыдис, уыдон фæзмынц рагондæр зарджыты, исынц сын сæ ныхæстæ. Дзырдæн куы зæгъæм, уæд «Ботазы зарæджы», «Сосейы зарæджы» æмæ æндæр зæронд зарджыты ис ахæм иумæйаг /бахахх æй кодтон æз – **Хъ. М.**/ ныхæстæ:

*«Дзæбидыры сæныкк цъитийыл баззад,*
*Дæ иунæг тугисæг дзидзийыл баззад».*

Лирикон-эмоцион характер кæмæн ис, ахæм – боныгон цырагъы рухсæй агургæ параллелизм! Стæй куыд адæмон аив фæлгонц у!

Уый цы адæймаг хъуамæ уа, йæ цæстытыл ма ауайа, дзæбидыры сæныкк цъитийыл куыд æвæгæсæг, тæригъæддаг, сæфты къахыл лæуд у, Ботазы тугисæг дæр афтæ æвæгæсæг, тæригъæддаг, сæфты къахыл лæудæй кæй баззад?!

Алыксандр та зæгъы: «иу цыбыр ныхасæй, тынг хуымæтæг у сæ текст нæ зæронд адæмон зарджытæн. Зыны сыл, сæ лæппын хъуын кæй нæма акалдтой».

Уæдæ, ам æнæфæхатгæ ничи фæуыдзæнис, Алыксандрыл кæй бандæвта вульгарон социологизм. Æлборты Хадзы-Умар дзы уымæн зæгъы: «алы хатт, «социалон апп» агургæйæ, Алыксандры бахъуыд дыккаг бынаты эстетикон хæрзхъæддзинад æрæвæрын».

Æлборы-фырт уыцы хъуыды нæ номдзыд критикы æфхæрынæн куы дзурид, уæд ын ахæм аргъ нæ кæнид: «Хуыздæртæй иу» /йæ уацы сæр дæр афтæ у/, «ирон культурæйы зынгæ архайæг», «йæ алыфарсон курдиатæй, йæ куырыхон зондæй» «дзырдта хъуыддагзонгæ æмæ зæрдæрисгæ», «йæ арф зонд æмæ хæрзуд хъуыдытæй», «Алыксандр цардбарæг лæг уыд», «Алыксандр, æппæтмæ хъусдарæг, æппæтыл аудæг», «Уый нæ литературæйæн, æмткæй нæ культурæйы рæзтæн цы хæрзты бацыд практиконæй дæр æмæ теоретиконæй дæр, уыдон сты сыгъзæрин ламгъæтæй фыст» æмæ афтæ дарддæр.

Йæ фыдæлты топпæй чи ‘хсы, уый йæ фæстагæттæ Сармадзанæй сисдзысты милмæ. Хадзы-Умар дæр Алыксандры куыстыты аиппытæм реалон цæстæнгасæй уымæн кæсы, уымæн дзы зæгъы: «Фæлæ мах, критикы сфæлдыстадон куыстæн аргъкæнгæйæ, раст хатдзæгмæ не ‘рцæудзыстæм, факттæн историзмы цæстæнгасæй куынæ аргъ кæнæм, уæд. Алыксандрæн уыцы рæдыдтытæ уыдысты рæстæджы æрхæсгæ, не сты йе сфæлдыстадæн характерон æмæ уыдонмæ кæсгæ ницы хуызы ис аргъгæнæн нæ профессионалон критикы куыст æмæ фæллойæн».

Уæддæр, иугæр рæдыдтыты кой скодтай, зæгъгæ, уæд уыцы хабар Дзаттиаты Гиуæргийы зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ йын уæлдæр цы уацы кой скодтон, уым нысан кæны: «Афтæмæй та 1978-æм азы журнал «Фидиуæг»-ы 12-æм номыры Æлборты Х. цы уацхъуыд /йæ ном «Хуыздæртæй иу» кæй хуыйны, уый кой дæр не скодта! – **Хъ. М./** ныммыхуыр кодта, уым бирæ цæмæйдæрты азымы дары нæ номдзыд филолоджы, рæдыдыл нымайы Алыксандры раиртæст, ног зарджытæ зæронд зарæджы джипп кæй атыдтой, уый фæдыл, зæгъгæ, «вульгарон социологизмы домæнтæй аргъ кæны къорд ног ирон адæмон зарæгæн», зæгъгæ, «иумæйййаг ныхæстæ» /«иумæйййаг ныхæстæ» Алыксандры дзырдтæ сты, Хадзы-Умар дæр сæ дыкъæдзгуыты исы, фæлæ сæ Гиуæрги, уацæй бæрæг нæу, цæмæн, зылынбаст æргъомау, скодта Æлборы- фырты æккой æмæ сæ æз дæр, мыхуыр куыд уыд, афтæ зæгъын – **Хъ.М.**/ йæм фæкастысты «Ботазы зарæджы» /ам дæр та цитатæ раст нæ хæссы-баныcан æй кодтон æз – **Хъ.М./** агургæйæ, Алыксандры бахъуыд дыккаг быныты эстетикон хæрзхъæддзинад æрæвæрын» /«Фидиуæг», 1978, №12, 73 фарс/.

Цæмæн бахъуыд Гиуæргийы, Æлборы фырты уац кæм мыхуыр уыд, уый цитатæйы разæй дæр æмæ йæ фæстæ дæр нысан кæныны сæр? Дыууæ рæнхъы цитатæйы цалдæр рæдыды кæй ауагъта, уый цæмæй газеткæсджытæ æнæмæнг журналы ссарой, уый тыххæй?

Вульгарон социологизм, /уый тыххæй Гиуæрги дæр фыссы йæ уацы/, «социалон апп» æмæ эстетикон хæрзхъæддзинады тыххæй мæ хъуыды загътон чысыл уæлдæр,

фæлæ æнæ зæгъгæ нæй Дзаттиайы-фырты хъуыды, Æлборы фыртæй афтæ кæм зæгъы: «рæдыдыл нымайы Алыксандры раиртæст, ног зæрджытæ зæронд зарæджы джипп кæй атыдтой, уый фæдыл», – уыцы хъуыдыйы тыххæй.

Цæмæй нæ ныхас конкретондæр уа, уый тыххæй, уыцы фарстыл Хадзы-Умары хъуыды æрхæссæм æнæхъæнæй: «Вульгарон социализмы домæнтæй аргъ кæны къорд ног ирон адæмон зарæгæн. Афтæмæй йын «ирон адæмон зарджытæ цух уыдысты аив фæлгонцæй, нæ уыдысты рæсугъд фæлыст эпитеттæй, метафорæтæй» /уыдон Алыксандры уацæй исы – **Хъ. М./,** «Иумæйаг ныхæстæ» йæм фæкасстысты «Ботазы зарæг»-æй æмбисонды рæнхъытæ:

*Дзæбидыры сæныкк цъитийыл баззад,*
*Дæ иунæг тугисæг дзидзийыл баззад.*

Уый хыгъд аив рæнхъытыл нымайы:

*Бацæуæм колхозмæ,*
*Ратæрæм къулæкты,*
*Бакæнæм мæгуырты.*
*Фесафæм нæ зын цард,* – æмæ афтæ дарддæр.

Адонæй критик райгæйæ зæгъы: «Атыдтой нæ зæронд куплеты агъуд æмæ æрбахæстæг сты литературон стихмæ. Сæфы зæронд «адæмон» зарæг æмæ рæзы нæ пролетарон литературæ» /Уыдон дæр Æлборы-фырт Алыксандры ныхæстæ æрхаста – **Хъ.М**./. Афтæмæй алы хатт, «социалон апп» агургæйæ, Алыксандры бахъуыд дыккаг бынаты эстетикон хæрзхъæддзинад æрæвæрын».

Цымыдис æвзæрын кæны иу фарст: Гиуæргимæ цæмæн сæвзæрд ахæм хъуыды, цыма Æлборы-фырт «рæдыдыл нымайы Алыксандры раиртæст, ног зарджытæ зæронд зарæджы джипп кæй атыдтой, уый фæдыл», Хадзы-Умар, Гиуæрги йæ куыд хоны – «зарæджы джип» куыд арæзт у æмæ куыд рæзы, уый тыххæй бынтондæр куы ницы загъта?

Фæлæ иугæр Дзаттиайы-фырт «зарæджы джипп»-ыл æрæфтыдта дзырд, уæд ын йæ уацмысмæ æркæсæм бæстондæр.

Гиуæрги йæ уац «Ирон адæмон зарæджы куплет»-ы Тыбылты Алыксандры уац «Адæмон ног зарджытæ Хуссар Ирыстоны»-йæ хаццæг аразы: «кæд æмæ зæронд адæмон зарæджы строфæйы хъуыды хауы дыккаг стихмæ, кæд йæ фыццаг стих афтид дзырдтой дарддæр ницы кæрды æмæ хъæуы æрмæст дыккаг стихимæ æмхъæрæн, рифмæйæн, уæд «Колхозон зарæджы» /ома, октября революцийы фæстæ ног царды равзæргæ ног зарæджы – Хъ.М./ строфæйæн та йæ алы стихы дæр ис хъуыды æмæ стихтæ иууылдæр æмбаст сты кæрæдзиимæ канд рифмæйæ нæ, фæлæ сæ хъуыдыйæ, сæ логикæйæ дæр».

Гиуæргимæ гæсгæ, ирон адæмон зарæджы строфæйы «фыццаг стих афтид дзырдтой дарддæр ницы кæрды». Афтæмæй та адæймаджы зæрдæ-фысты сæхи æргом кæнынц зæронд ирон адæмон амæй-ай æйттмардзæдæр зарджытæ, æмæ сын Гиуæргийы хатдзæгимæ ницы иудзинад ис.

Мæ хъуыды бафидар кæнын тыххæй дзы æркæсæм иу цалдæрмæ:

Мæнæ «Дианозы зарæг»:

*Уазæгхор Джимара –*
*Цæмæн мæ рахуыдтат,*
*Ой, мæнгардæй фæцæрат, гъей!*

*Гуырдзыйы æлдæрттæм*
*Æвзист, уæд сыгъзæрин,*
*Ой, куынæ уал ныууагътон, гъей!*

Кæнæ æркæсæм æндæр, рагон ирон зарæджы текстмæ:

*Нæ царды хабар – уалдзæгæй фæззæгмæ.*
*Не смудын – фæздæгмæ,*
*Бæрзондыл зилын*
*Къæдзæхтыл хилын,*
*Чи зоны мæ хуызæн сырдтæн сæ хизын…*
/«Рагон цуанон»/

Ноджыдæр ма иу цæвиттон:

*– Тæрсгæ сæ ма кæн, ей,*
*Тæрсгæ сæ ма кæн,*
*Кæсгæ сæм ракæн, ой æмæ*
*Уæй, ей, бецау фыййау!*
/«Сау хохы фыййауы зарæг»/

Цымæ, Дзаттиайы-фырт ацы зарджытæй кæцы стихтæй зæгъдзæнис: «афтид дзырдтæй дарддæр ницы кæрды æмæ хъæуы æрмæст дыккаг стихимæ æмрæнхъæн, рифмæйæн?»

Æмæ цас ис ахæм зæронд ирон адæмон зарджытæ?!

Гиуæрги йæ ахæм рæдыд хъуыды тыхæй бæтты Тыбылты Алыксандры уац «Адæмон ног зарджытæ Хуссар Ирыстоны»-йыл, ома, уый Алыксандр загъта.

Æркæсæм Алыксандры уацмæ дæр. Нæ куырыхон критик фыссы: «Алы куплеты цы дыууæ стихы вæййы, уыдон логикон æгъдауæй <u>æмхиц</u> /бахахх æй кодтон æз – Хъ. М/ нæ лæууынц кæрæдзимæ, иумæййаг хъуыды сæ нæ бæтты фæд-фæдыл. Хъуыдыйы уæз хауы дыккаг стихмæ, фыццаг стих афтид дзырдтæй уæлдай ницы амоны».

Уæдæ Алыксандр афтæ нæ зæгъы, ома, «зæронд адæмон зарæджы строфæйы хъуыды хауы дыккаг стихмæ», ома, «йæ фыццаг стих афтид дзырдтæй дарддæр ницы кæрды». Уый Гиуæргийы хъуыды у. Нæ куырыхон критик зæгъы: «æмхиц нæ лæууынц».

Æмæ кæд ирон æвзаг ферох кодтам, кæд дзырдты ны-саниуæг нал ахсæм, уæд райсæм Абайты Васойы «Ирон æв-заджы историон-этимологон дзырдуат»-ы фыццаг том.

Уым фыст ис: «æмхиц – склонный, падкий».

Æмæ цæвиттонтæ хæссы: «арахъмæ æмхиц у», «низ æм æмхиц у», ома, æппынæдзух арахъ нæ нуазы, æппынæдзух рынчын нæу, фæлæ арæх нуазы, арæх вæййы рынчын.

Алыксандр ирон æвзаг куыд бæстон зыдта, йæ алы дзырды хъуыды дæр ын куыд арф æнкъардта, не ‘взаг куыд тасаг уыд ацы куырыхон лæджы комы, уый фæбæрæг йæ ацы дзырд «æмхиц»-æй дæр.

Уыцы иунæг дзырдæй уый загъта, зæронд ирон адæмон зарæджы строфайы цы дыууæ стихы вæййынц, уыдон хъуыды æппынæдзух кæй нæ тырнынц кæрæдзимæ /«æм-

хиц нæ лæууынц»/, мах дзырды хъуыды æххæстæй не 'мбарæм, æмæ дзырддаг кæнæм нæ критикы хъуыды, здахæм æй зыгъуыммæ.

Æмæ чысыл дæлдæр Алыксандр ноджы зæгъы: «Зæронд ирон адæмон зарæг <u>нæ агуры</u> (бахахх æй кодтон æз – Хъ. М.) иумиаг хъуыды куплеты дыууæ хайæ. Уый сæ домы æрмæст дзырдты æмхъæрдзинад».

Ам дæр та «нæ агуры». Дзырдтæ æмхъæр кæнæнт, уый йедтæмæ хъуыды иумæййаг уа, уый, ома, æнæмæнг хабар нæу, нæ йæ агуры, фæлæ, ома, иумæййаг хъуыдыимæ дæр гæнæн ис.

Ахæм цæвиттонтæ, уый бæрц дæр нæ куы хъæуид зæронд ирон адæмон зарджытæй.

Куплеты дыууæ хайы иумæййаг хъуыды кæм ис:

*1. Кусæг, сау кусæг*
*Нал у мах дарæг, ей.*
*Махмæ нал хъусы, –*
*Фестад мах марæг, ей.*
*/«Антъоны зарæг»/*

*2. Уæдмæ хабар куы 'рбахæццæ вæййы,*
*Дæлæ, дам, знæгтæ комы нарæджы æрбацæуынц,*
*Се 'рцытæй къæдзæхтæ халгæйæ,*
*Топпы хосы фæздæг калгæйæ, гъей!*
/«Хазбийы зарæг»/

Куплеты дыууæ хай иумæййаг хъуыды кæм нæ домынц:

*1. Бирæ фæцæрай, Бигъаты хорз Сосе.*
*Уалдзыгон фыййау фист кæнынмæ...*
*«Кæдæм скъæрыс, Сосе, Хуымæллæджы рæгъау?»*
*«Нæ зæронд мæрдтæн хист кæнынмæ».*
/«Сосейы зарæг»/

*2. Бæгъиатæ сæ кардæй хъæдтæ самадтой,*
*Тæгиатæ мæнгардæй лæгтæ рамардтой.*
/«Плиты Хату»/

Уæдæ, зæронд ирон адæмон зарæджы тыххæй бæлвырд у нæ дзырддзæугæ критик Алыксандры хъуыды, фæлæ ма йæ уæддæр цæмæн бахъуыд афтæ зæгъыны сæр, зæгъгæ, «Жорданиайы зарæг» æмæ «Колхозы зарæг» атыдтой нæ зæронд куплеты агъуд æмæ æрбахæстæг сты литературон стихмæ?»

Уымæн æмæ сæм «ног дуджы тæфаг тынг хæццæ кæны. Æппæты разæй фæсреволюцион зарджытæ хъацад сты социалон аппæй», ис сæ «ног, революцион хъуыды».

Стæй «Колхозон зарæг» æмæ «Жорданиайы зарæг», куыд æцæг адæмон зарджытæ, сæ гаччы нæма сбадтысты – адæм сæ авдæны фаг нæма ауызтой, æмæ Алыксандр йæ уац цы заманы фыста, уыцы заманы ирон поэттæй бирæты æгъуыз æмдзæвгæты æнгас сты, «социалон апп»-æй уæлдай сæ уадиссаг ницы ис. Уæды дуджы та сæйраг социалон апп уыд æмæ сæ литературон стихмæ уымæн æрбахæстæг кодта Алыксандр. Æндæра, Алыксандр цæвиттонтæ, Хуссар Ирыстоны цы ног адæмон зарджытæ сæвзæрд, уыдонæй кæм хæссы, уыцы бынæтты æгæр бирæ дæр ис, хъуыды кæм нæй, æрмæст строфæйы æмхъæр, æмрифмæйæн чи хъæуынц ахæм стихтæ:

*1. Ой, Сачхереты хуымтæ дæргъыты хуызæн.*
*Исахъ бадзуры:*
*«Махæн не ‘лдæрттæ нæл хуыты хуызæн»*

*2. Ой, арвы комæй кæлмæрзæн æрхауд,*
*Исахъ бадзуры:*
*«Знаджы цæфæй мæ бæрзæй æрхауд».*
/«Исахъы зарæг»/

*3. Гегечкори хæрæг ласта,*
*Жордания – сæгъ.*
*Кæрæдзийæн лæгъстæ кодтой:*
*«Макæмæн æй зæгъ».*
/«Жорданиайы зарæг»/

*4. Нартхоры тыххæй*
*Гæбæтмæ хъæдуртæ дæттæм.*

*Сæрибары тыххæй*
*Мæлæтмæ нæ удтæ дæттæм.*
/«Бургъустаны зарæг»/

*5. Бирæ хъæдтæ ракодтон*
*Джиуæры галтæй фæстæмæ;*
*Советон хицауад бауарзтон*
*Кулæкты фæсырдæй фæстæмæ.*
*Уæллаг Иры фæстæ Хъахъæдур,*
*Кулæкты ахсæв хъахъхъæнут.*
/«Колхозон зарæг»/

Дзаттиаты Гиуæрги Алыксандры хъуыды нæ, фæлæ нæ номдзыд профессор Абайты Васойы хъуыды дæр нæ бамбæрста ирон традицион хъайтарон зарæджы тыххæй.

Цæвиттон æрхæссæм Гиуæргийæн йæхи уацæй: «Ирон адæмон зарæджы строфæйы фыццаг æмæ дыккаг стихæн арæх /æрвыл хатт нæ, фæлæ арæх-банысан æй кодтон æз – **Хъ. М.**/ кæрæдзиимæ бастдзинад кæй нæй, строфæйы хъуыды дыккаг рæнхъы кæй вæййы, уый тыххæй бæстон ныхас ис Абайты Васойы уацхъуыды дæр «Ирон традицион героикон зарæг». Мыхуыр у Галаты Б. æмбырдгонд «Ирон адæмон зарджыты» чиныджы /Мæскуы, 1964, 24 фарс/.

Ацы дыууæ хъуыдыйаты кондыл нал дзурын. Цас аив арæзт сты, уымæн кæсæг йæхæдæг фæуæд æвдисæн, фæлæ, æвæццæгæн, Гиуæрги дзырдтæ «арæх» æмæ «æппынæдзух»-ы синонимтыл нымайы?

Æмæ ма иу цалдæр дзырды поэтикон уацмысы хуымæтæгдзинады тыххæй.

Алыксандр, куыд ирон адæмы уарзон хъæбул, йæ зæрдæмæ хуыд уыд нæ сæрхъызой Къостайы æрдхæрæны сфæлдыстад. Уый бæрæг у, нæ куырыхон критик ыл цы уацтæ ныффыста, уыдонæй. Сæ иуы «Ирон литературæйы бындурæвæрæг», зæгъгæ, уым афтæ зæгъы: «Цас поэтикон уацмыс хуымæтæгдæр уа, æнцондæр æмбарæн уа, уыййас хуыздæр вæййы».

Уыцы хъуыды тæрсын кæны Æлборты Хадзы-Умары, ома, уанцон хуымæтæг нæу, æмæ йæ уацы азымы дары нæ

номдзыд критикы: «Хуымætæджы силологизм сайд хатдзæгимæ: хуымætæгдæр æмæ æнцондæр æмбарыны фæндагыл кæронмæ куы ацæуæм /сидгæ та, уæвгæ, уырдæм кæны/, уæд хъуамæ æрцæуæм, бамбаринаг кæм ницыуал баззайдзæн, ахæм хуымætæгдзинадмæ». Æви йæ Гетейы «Фауст», гъе, Блок æмæ бирæ æндæр фысджыты арф философон уацмыстæ баппæрстой дызæрдыджы, ома, уæд уыдон та цы фæуой?

Раст у, дунейон литературæйы хæзнадоны æгæр бирæ уацмыстæ дæр ис, рæнхъон чиныгкæсæгæн цæргæ-цæрæнбонты феноменæй чи баззайдзысты, фæлæ уымæй сæ кад ныллæгдæр нæ кæны. Æрмæст, Хадзы-Умар цы «хуымætæгдæр æмæ æнцондæр æмбарыны фæндагыл»-ы кой кæны, Алыксандр ахæм «наивон» ныхæстæ кæй нæ кодта, уый бæрæг у.

Уыцы «хуымætæгдæр» æмæ «æнцондæр æмбарæн» Къостайы уацмысты тыххæй зæгъы, æмæ уыдон афтæ «хуымætæг» куы уыдаиккой, уæд сæм уал æмæ уал хатты /нырма дзы зонæм æхсæз уацы/ не здæхтаид нæ критик, æмæ дзы ног æмæ ног аивадон фæрæзтæ не 'ргом кодтаид. «Дзырдтæн» «уынгæг» кæм вæййы, «хъуыдытæн та уæрæх», – Къостайы уацмыстæй афтæ Алыксандр загъта, уыцы æмдзæвгæтæн «бамбаринаг кæм ницы уал баззайдзæн», ахæм хуымætæгдзинадæй тас нæу. Æви Хадзы-Умар дæр, Дзаттиаты Гиуæргийау, дзырдтæ «хуымætæг» æмæ «наивон»-ы синонимтæ хоны? Æндæр, ау, Къостайы уацмыстæ адæймаг цал хатты кæса, уал хатты сæ цыдæр ногæй куы фæфæлгъауы, уæд уыцы хуымætæгдзинадæй, «бамбаринаг кæм ницы уал баззайдзæн, ахæм хуымætæгдзинæдмæ» æрхизынæй куыд хъуамæ фæтæрса? Сæ «хуымætæгдзинад» ис, ирон æвзаджы æрдзон конд кæй нæ халынц, уым.

Ме 'ргом ныхасы кæрон мæ зæгъын фæнды, азымджынæн иу тæрхонгæнæг кæй вæййы, тæрхонгæнæгæн – фондзыссæдз азымгæнæджы. Уымæн зæгъы адæмон æмбисонд: «Авд хатты сбар, иу хатт алыг кæн».

1979

## НÆ АИВАДОН РАВДЫСТЫТÆ

Сæрды фæстаг бонты Хуссар Ирыстоны нывгæнджыты равдыстыты залы байгом, Тугъанты Махарбеджы номыл Цхинвалы нывгæнæн ахуыргæнæндон каст чи фæцис æмæ ныртæккæ Тбилис æмæ Ленинграды нывгæнæн ахуыргæнæндæтты уæлдæр курсыты чи ахуыр кæнынц, уыдон нывты равдыст. Сты дзы Хъуылымбегты Михаил, Къахниашвили Зураб, Сланты Инал æмæ Асаты Аллæйы куыстытæ. Хорз у, фыццаджыдæр, ахæм хъару сæм кæй разынд æмæ сæ райдайгæ сфæлдыстад иууыл карздæр тæрхон – адæмы тæрхонмæ кæй рахастой, дыккаджы – залмæ бахизгæйæ, адæймаджы цæстæнгас равдыст йæхимæ бирæ цæмæйдæрты кæй здахы.

Уæдæ, цы сты уыцы «бирæ цыдæртæ», ацы 'взæнгтæн нывгæнæджы цъылынæг сæ къухмæ цы аивадон æнкъарæнтæ райсын кæнынц, цы сфæлдыстадон фæндæгтæ сæ сайынц сæхимæ?

Фыццаг уал скæндзынæн Хъуылымбеджы-фырты кой. Уый хуымæтæджы нæу. Равдысты сæ йе сфæлдыстадон авналæнтæ, йæ уд æмæ йæ зæрдæйы зæгъинæгтæ уый хуызæн ничи рахаста адæмы тæрхонмæ.

Хъуылымбеджы-фырт равдыстмæ бахаста алы жанрон уацмыстæ – скульптурæ, нывфыссынад, чеканкæ.

Уыцы хъуыддаг, Михаилы чи нæ зонынц, уыдонмæ, чизоны, диссаг фæкæса. Фæлæ уый æнæмæнгдæр афтæ хъуамæ уыдаид. Уымæн æмæ Хъуылымбеджы-фырты йæхимæ æлвасы нываивады алы жанр дæр.

Уый, аивады алы жанрты кусын, адæймагæн иуæй тæссаг у – йæ курдиат хайгай ныддихтæ вæййы, къæлыуайæ арæзт фыркъайæ уæлдай дзы кæрæдзийыл ницыуал фæхæцы, æмæ сæ хицауæн дæр нал фæцæуы йæ бон сæ

‘рæмбырд кæнын. Æндæр хъуыддаг у, аивады кусæг куы разыны хъуыдыгæнæг адæймаг, бонзонгæ æмæ алы жанрты сусæг æвæрæнтæ куы скъахы, иу ын сæ иннæйы æххæстгæнæг куы вæййы. Михаилæн дæр цыма иу жанры авналæнтæ иннæ жанры кусынæн бирæ цæмæйдæрты æххуыс кæнынц, афтæ мæм кæсы. Мæ хъуыдыйæн æвдисæн «Бæллиц», «Сæумæрайсом» /гипс/, «Портрет» /чеканкæ/, стæй сойахорæнтæйарæзт йæ бирæ этюдтæ æмæ композицион нывтæ.

Фæстаг рæстæджы нæ нывгæнæнджыты рæнхъытæм кæд æфты ног æмæ ног аивадон тыхтæ, уæддæр дзы тынг стæм фæзыны, йæ хъару сæ скульптурæйы чи февзары, æмæ зæрдæйæн уæлдай æхсызгондæр уый у, Михаил æм, адæм куыд акæнынц, счъилдысæй кæй æрæвнæлдта. Уæлдайдæр, хæссы йæм поэзии, адæймаджы рухс хъуыдытыл чи ‘фтауы, ахæм фæлмæн эмоцион æнкъарæнтæ. Цас цин, цас зæрдæ ис йæ уарзтмонц æвзонг лæппу æмæ чызджы удты «Бæллиц»-ы. Цыма сæ кæрæдзийы цинæй, царды цинæй, сæ урс бæллицты цинæй арвы цъæхы батайынмæ хъавынц. Йæ урс бæллицтæ æнæмæнг бахъардзысты равдыстмæ бацæуæджы удмæ «Сæумæрайсом»-ы хъайтарæн дæр.

Раппæлыны аккаг у, æвзонг скульптор бирæфигурæйон аивадон уацмыстæ аразынмæ кæй тырны, уый /«Хъазт»/. Раст у, ахæм уацмыстæ къухы зынæйдæр фефтынц, фæлæ сæ уый хыгъд æмткæй цард, стæй адæмы удыхъæд æххæстдæрæй разыны, æмæ йæм Хъуылымбеджы-фырт, йæ хъару йæ цас амоны, уыйбæрц тыхджындæр хъуамæ тырна.

Равдыстмæ бацæуæджы цæст сæхимæ æнæмæнг аздахдзысты Къахниашвили Зурабы арæзт нывтæ. Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Æвзонг нывгæнæг тырны йæхи, стæй æмткæй адæймаджы зæрдæйы рæсугъд æвæрæнтæ дзыллæйы размæ рахæссынмæ. Уый тыххæй та аивады сусæг фæзилæнтæ хъæуы лæмбынæг зонын, æмæ йын равдысты цы бæрц куыстытæ ис, уыдонæй бæрæг у, сæ автор дарддæр афтæ иузæрдионæй куы куса, уæд ын кæй уыдзæнис рухс фидæн, уымæн æмæ архайы аивады сусæг æвæрæнтæ фæлгъуыныл, йæ тых фæлвары алы темæты æмæ йын йæ нывгæнæн цъылынæг свæййы коммæгæс.

Зураб равдыстмæ цы портреттæ, пейзажтæ, жанрон ком-

позицитæ æмæ натюрморттæ бахаста, уыдон дзурæг сты йе 'взонг сфæлдыстады характерондæр миниуджытыл, æмæ сæ адæймаджы бон бауыдзæнис сæ авторы удыхъæд банкъарын, йæ зæрдæ йын цы темæтæ бакъуырынц, уыдон адæмы рæгъмæ йæ бон аивады æвзагæй цас бæрцæй у рахæссын, уый базонын.

Уыдонæй та иу у, Къахниашвили кæй арæхсы, стæй æрмæст арæхсгæ нæ, фæлæ рæвдз кæй у портреттæ фыссынмæ.

Мæ дзырдæн æвдисæн, равдысты цы портреттæ ис, уыдон иу стæмтæй фæстæмæ иууылдæр Зурабы кæй сты, уый.

Æниу, æз сæ нымæцы тыххæй нæ зæгъын, фæлæ дын, залмæ бахизгæйæ, дæ цæстæнгас æнæмæнг аздахдзысты сæхимæ «Поэт М. Лебанидзейы портрет», «Натурщицæ», «Важæ», «Чызджы портрет».

«Поэт М. Лебанидзейы портрет»-ы хъайтары цæстæнгасыл кæд сагъæс æмæ арф мидхъуыдыты фæд зыны, кæд дæ бауырндзæнис, ацы удæгас ныв ныртæккæ демæ райдайдзæн философон ныхас, уæд «Натурщицæ»-йы мадард багънæг чызг та адæймаджы зæрдæ æлхæны йæ тасгæ гуыр æмæ йæ хъуыдыты хуымæтæг æмæ æргомдзинадæй.

Афтæ зæгъæн ис иннæ портреттæй дæр.

Зæрдæбынæй фыст сты йæ портреттау йæ пейзажтæ, йæ натюрморттæ. Уый та цъус нæу. Æззонг нывгæнæгæн ма æгæр бирæ дæр у.

Сæрмагонд дзырды аккаг сты, Сланты Инал равдыстмæ, кæд бæрц сты, уæддæр цы дыууæ пейзажы æмæ æхсæз эскизы æрбахаста, уыдон. Сæрмагонд дзырды аккаг уымæн зæгъын, æмæ Инал, царды хуымæтæг адæймаджы цæст кæй нæ фена, уый зæрдæйæ кæй ахсы, стæй йæ нывисæгау, къамисæнæй кæй не 'ркъæпп кæны, фæлæ йын хуызтæ æддæгмидæг кæй ацæуынц, нывы кæттаг дæр сын кæй нал сфаг вæййы æмæ кæй рафсæрынц æддæмæ, сæрибар тыгъдадмæ.

Æниу, ацы куыстытæм гæсгæ Инал нырма йæ тæккæ фæндаг агурыныл у, фæндагагурæг та фæндагараг у.

Равдысты цыппæрæм хайадисæг Асаты Аллæ ахæм равдыстмæ цæттæ кæй нæ уыд, æгæрыстæмæй, йæ куыстыты

хуыздæртæ адæмы рæгъмæ рахæссын кæй нæ баци йæ бон, уый бæрæг у. Ам ын бæрцæй ис æртæ нывы: «Фæрсаг уынг Бухарæйы», «Гур-Эмиры зымæгон резиденции», «Мæзджыты Калян, XVI æнус». Æвзонг нывгæнæг сæ сарæзта иу рæстæджы – Бухарæйы йæ сæрдыгон практикæйы. Æниу, сæкæр адджын у, зæгъгæ, уый базоныны тыххæй дзы пут бахæрын ницæмæн хъæуы. Аллæ дæр нывгæнæджы зын, фæлæ фæрныг фæндаг хуымæтæджы кæй нæ равзæрста, уый зыны йæ ацы нывтæй – сты зæрдæскъæф, улæфы сæ цæст æмæ сæйраг уый у.

Иумыййагæй сисгæйæ та мæ сæ цыппары цæстмæ дæр ахæм азым бадарын фæнды, æмæ аивады кусæг йе сфæлдыстады, гæнæн уæвгæйæ, хъуамæ тырна йе 'мрæстæгонты удыхъæд æмæ, цы зæххыл райгуырд, цы зæххы чъылдым нæмы зæвæтæй, уыдон равдисынмæ. Цыфæнды хорз кæнгæ мад дæр хи мады нæ ивы.

Æниу, ацы æвзонг нывгæнджытæ нырма сæ тæккæ агурыны кары сты, æмæ уыцы хъуыдымæ, абон уа æви сом, уæддæр æрцæуздзысты сæхæдæг, уымæн æмæ, чи цы агуры, уый ссары, зæгъы ирон æмбисонд.

1983

## ХЪЫСМÆТЫ ФЫДÆНÆН

Æвзонг, курдиатджын фыссæг Тедеты Русланы горæты, стæй нæ областы цæрджытæй бирæтæ зонынц: чи – хæрз чысыл сабийы йæ хъысмæт æгæр уæззау кæй рауад, йе уæнгтæ йæ зæрдæйы фæндиаг айтынг кæнын йæ бон кæй нал баци, йæ къахыл кæй нал слæууыд, уый тыххæй; чи та – йæ фыццаг литературон фæлварæнтæй.

Тедеты Аполлоны фырт Руслан райгуырдис Къахеты, Лагодехы районы, Арешпераны хъæуы 1950-æм азы. Йе 'мбæлттæ-иу æй скъоламæ ластой коляскæйыл, афтæмæй каст фæцис сæ хъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл астæуккæг скъола. Фæстæдæр та фæсауyонмæ – Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институт. Уæддæр, йе 'нæниздзинадмæ гæсгæ йæ бон искуы куысты ныллæууын нæ бацис, фæлæ æвзонг, цардбæллон лæппу хъысмæты фыдæнæн йæ гæрзтæ не 'рæвæрдта, йæ зæрдæмæ нæ ныхъхъуыста, фæндыдис æмæ йæ фæнды царды адæмы æмрæнхъ размæ цæуын, йæ зæрдæйы хъарм сын дæттын, æмæ йæ бæллиц сæххæст кæнынæн равзæрста иууыл зындæр фæндаг – литеРатурæйы фæндаг.

Фæлæ уал ын цалынмæ йæ фыццаг радзырдты кой скæнон, уæдмæ æмбæлы йæ удыхъæды иу бæллиццаг миниуæджы тыххæй зæгъын: ацы къæсхуыр, хъысмæтæй æфхæрд æвзонг уды цас цардбæллон хъуыдытæ ис, йæ зæрдæйы цас ныфс æмæ тых ис, уый диссаг у. Хъусдзынæ йын йæ рухс бæллицтæм æмæ дын де уæнгты уадздзысты цахæмдæр æнæуынгæ ныфс. Уый æцæг адæймаг, советон адæймаджы цардуарзондзинадыл дзурæг у, æз дæр уымæн кæнын йæ кой.

Ныр та иу-цалдæр дзырды, йæ фыццаг литературон фæлварæнтæ, растдæр зæгъгæйæ, йæ фыццаг чиныг «Фæстаг фембæлд»-ы цы дæс радзырды ис, уыдон тыххæй.

Ирон адæм хауынц, Кавказы цæрæг адæмæй Октябры революцийы агъоммæ фыссынад бæрцæй цы цалдæр ницимæ уыдис, уыдонмæ. Йæ аив литературæ та Хетæгкаты Къостайы хуызæн генийы æрдхæрæйнаг уацмыстæй кæмæн райдайы, уымæн уæнгмард, ронбæгъдæй цæппиттыртæ кæныны бар нæй. Уæлдайдæр, ирон радзырд йæ райдианæй фæстмæм реалон, профессионалон фæндагыл баурæдтой нæ литературæйы классиктæ Коцойты Арсен, Беджызаты Чермен, Хъуылаты Сикъо æмæ æндæртæ. Уыцы хъуыддаг Руслан зоны, æмæ йæ цасбæрцæй амоны йæ хъару, уымæй тырны йæ уацмысты йе 'мдугонты, стæй сын сæ цард, сæ удыхъæд æвдисынмæ.

Русланы радзырдты аивдæрты куы авзарай, уæд се 'хсæн дæ цæст æнæмæнг схæцдзæнис «Домбайы мæлæт»-ыл. Ацы чысыл, æлвæст уацмысы æвзонг авторы бон баци равдисын мыдгæс Василимæ йæ иузæрдыг цуанон Домбайы æнувыд ахаст. Уыимæ автор сур ныхæстæй нæ дзуры, нæдæр, Домбай йæ адзал йæхи фыдæй цæмæн ссардта, ууыл; нæдæр, Васили æмæ йæ саузæрдæ æмкъайы фæлгонцтыл, фæлæ баззайынц чиныгкæсæджы зæрдæйы. Уыцы хъуыддаг йæ къухы æфты, аивадон фæрæзтæй арæхстджынæй кæй пайда кæны, фылдæр дзургæ нæ, фæлæ ныв кæй кæны, уый фæрцы. Уый дзурæг у æвзонг авторы æнтыстытл.

Стæй æрмæст «Домбайы мæлæт» нæ, Русланы æнтыстыл банымайæн ис «Нину», «Хъысмæт», «Цæуыл куыдта куырм фæндырдзæгъдæг?», «Ногæй та раирдис арв».

Диссагæн дзуринагæн баззаид, базаргæнæг базары куы слæууид æмæ, цæмæй базар кæна, уый йæм куынæ уаид. Фыссæг дæр адæмæн исты радзурынмæ куы хъава, уæд ын хъуамæ уа, хуымæтæг, æддагон адæймаджы цæст æмæ хъуыды кæй нæ ахсынц, йæ хъус кæй нæ хъусы, ахæм дзуринæгтæ. Русланæн ис йæхи дзуринæгтæ æмæ нын сæ дзуры, растдæр зæгъгæйæ та – æвдисы нын сæ йæ уацмысты.

Æцæг, йæ хъайтар Ботас йæ иузæрдион Иннессæйы куыд æнæбындур уагъд фæкæны, æмæ чызг дыккаг бон йе 'нæуынон Хъырымимæ йæ къух загсы куыд афыссы, ууыл

куыд нæй баууæндæн, афтæ йæ радзырдты æцæгдзинад алы хатт, нæ бауырндзæнис чиныгкæсæджы, фæлæ уый нырма дзурæг у æвзонг фыссæджы æвæлтæрддзинадыл.

Æниу, литературæмæ ныфсджын къахдзæф æрбакодта, йæ аив дзырды фæд дзы куыд баззайа, уый йын зæгъы мæ зæрдæ, фæлæ рæстæджы сæрты æвналын зын у, æмæ йæ рухс бæллицтæй чиныгкæсджыты зæрдæтæ куыд рухс кæндзысты, уымæн фидæн уыдзæнис æвдисæн.

1983

## ХÆЛÆРТТЫ ЧИНЫГ – ХÆЛАРЗÆРДÆЙÆ

Хъуыдыйы фæндаг – чиныгмæ, æнусты фæндаг – чиныгæй. Хъуыды цæрæццаг куы уа, уæд ын нымад æмæ цæргæ дунейы чиныгмæ æнæ бацæугæ нæй. Алы нымаинаг æнусты фæндаджы райдиан у чиныг. Чиныг, æрвон рухсау, свæййы фæндагамонæг. Чехаг фыссæг, дидактикæйы бындурæвæрæг Ян Амос Коменский чиныджы уымæн хуыдта куырыхондзинад садзæн дзаума. Иунæг бон дæр дуне чиныг куынæ уал фенид, куынæ уал дзы спайда кæнид, уæд, зæгъæн ис, зæххы цъар фæфæлдæхид иннæрдæм. Англисаг стыр фыссæг Уильям Теккерей уымæн загъта: «Книги просвещают душу, поднимают и укрепляют человека, пробуждают в нем лучшие стремления, острят его ум и смягчают сердце». Цымæ нæ зæрдæтæ ныррухс кæнын, нæ адæмы бæрзонд сисын æмæ йæ фæндвидар хъуыддæгтыл æфтауын, йæ зæрдæйы бæллиццаг æнкъарæнтæ йын хъал кæнын, хъуыдыйыл æй æндзарын æмæ йын йæ зæрдæбын æнкъарæнтæм рухсы æртах тадзын ныртæккæ махæй кæй хæс нæу?

Ахсджиаг фарст у, нæ дзыбыр-дзыбыргæнаг республикæйы чиныджы фарст уадиссаг кæй никæй æндавы, кæнæ та йын бынтондæр чи ницы зоны, æрмæстдæр æм нард кæрдихы цæстæй чи кæсы, ахæмты къухмæ кæй бахауы. Зонды суадон–чиныг нæм кæй нæй, уый иууыл нæ цыбыркъухы аххос нæу. Паддзахад чингуытæ рауадзынæн цы фæрæзтæ рауæлдай кæны, уыдонæй, куыд æмбæлы, афтæ не спайда чындæуы æмæ, дымгæ холлагдонмæ цы бæркад бахæссы, уый ныл сæ бафты.

Уымæ гæсгæ нæ адæмы зонды суадæттæ сабузынц æндæр ран: иу ран ын куынæ дæттой фæндаг, уæд ын иннæ ран æнæразынгæ нæй. Æмæ нæм ивгъуыд 2003–æм азы кæрон Цæгат Кавказы Кæсæг-Балхъары республикæйæ æрцыд цины уац, стæй цинаг лæвар – Налцыччы рауагъдад «Эльбрус» джиппы рауагьта æнæхъæн Ирыстоны зынгæдæр фыссæг æмæ литературæиртасæг Джусойты Нафийы

литературой уацты æмбырдгонд уырыссаг æвзагыл – «Книга друзей».

Нафийы сфæлдыстад Ирыстоны арæнтæй раджы ахызт. Раздæры Советон Цæдисы республикæты цæрæг чиныгкæсджытæн йæ ном фыссæгæй, куыд литературæиртасæг, афтæ къаддæр зындгонд нæу. Балхъайраг, дзæнæтыбадинаг поэт Хъайсын Кулиевимæ та æфсымæрты цард фæкодтой. 2002–æм азы йын стыр поэтикон æмбырдгонд «Асыйаг уадындз» ирон æвзагмæ йæхи тæлмацæй рауагъта Дзæуджыхъæуы, рауагъдад «Ир»-ы.

Йæ ног чиныг «Книга друзей» хуымæтæджы нæ федта рухс Кæсæг–Балхъары. Чиныджы аннотацийы кæсæм: «Книгу известного осетинского поэта, переводчика, литературоведа и критика Нафи Джусойты составили работы, посвященные творчеству известных северокавказских писателей, а также статьи по актуальным вопросам развития национальных литератур». Æцæгæй уыцы актуалон фарстытæй дарддæр æмбырдгонды конкретон фысджыты сфæлдыстадты тыххæй уацтæ кæсæм: Хъайсын Кулиевы поэзийыл – «Мир сквозь сердце», «Личность поэта», «Кайсын и его нравственные уроки», Алим Кешоковыл – «Люди чести и подвига», Хачим Теуновыл – «Главная песнь – песнь о жизни», «Три печали юбиляра», Адам Шогенцуковыл – «Цельность поэтического характера», «Открытое письмо Адаму Шогенцукову», æмæ иууылдæр сты Кæсæг-Балхъарæй. Æрмæст дзы иу фыстæг ис Василь Быковмæ – «Распри позабыв» æмæ дыууæ уацы æмæ иу фыстæг та Расул Гамзатовмæ.

Нафи йæ фыстæджытæ («фыстæджытæ» сæ литературон-аивадон амалæй хоны) æмæ йæ уацтæ иууыл сæрмагондæй ацы æмбырдгондæн нæ фыста. Æхсайæм азтæй фæстæмæйы уды фæллойæ йын сты. Бирæтæ дзы рухс федтой сæ рæстæджы журнал «Дружба народов»-ы, газеттæ «Южная Осетия» æмæ «Дагестанская правда»-йы...

Нæ фыссæджы сфæлдыстадимæ, уæлдайдæр, йæ литературон-критикон уацтæ æмæ литературæиртасæн куыстытимæ зонгæ чи у, уымæн амонын нæ хъæуы, йæ [illegible] ы нысанмæздæхт, конкретон. Фæдзуры,

арæзт цы æрцыдис, уый къух цас дæтты чиныгкæсæгæн æмæ йын куыд уыдис кæнæ ис фæхуыздæргæнæн. Джусойты Нафийы ныхасæн уыцы миниуæг гаккæвæрдау у!

Æмæ уый лæгау-лæджы æмæ æцæг литераторы миниуæгыл дзуры. Дæ ныхас, гъе, аивадон уацмысы сусæг æвæрæнтæ раргом кæныныл куынæ уа, гъе, раст фæндаг æвзарынæн куынæ ахъаз кæна, уæд искæй истæй охыл цъыфимæ змæнтын, кæнæ æдыхы сæр цым лæдзæгæй хойын цас сæрмæ хæссинаг у.

Кæсыс Василь Быковмæ Нафийы егъау фыстæ... «Егъау» сæрмагондæй банысан кодтон. Æрдæг мыхуырон сыфæй хуыздæр у. Фæлæ йын нæ фæллайыс нæдæр йæ ныхасы уагæй, нæдæр йæ аппæй. Афтæ дæм кæсы, цыма дæу тыххæй дæр дзуры. Цыма дын дæ хъуыдытæ нывæнды йæ фыссæн сисæй: «Наиболее интенсивно и постоянно наши языки встречаются, конечно, с русским языком. Он наш общий язык, язык нашего межнационального общения. Великий и любимый язык.

Не русский я, но русский язьк считаю своим. Не родным, нет. Родной язык у меня один, ибо двух матерей у одного ребенка не бывает. Не люблю я и термин – второй родной язык. В нем слышу что-то неискреннее – ведь если я знаю еще несколько языков, то какой  очередности их удостоить?

Я говорю – мой русский язык. И прошу у него прощения за мое далеко не совершенное знание. Я бесконечно благодарен ему за то, что открыл мне двери в сокровищницу великой русской и всемирной культуры. И еще за то, что помог мне лучше узнать свой язык, увидеть его со стороны, узнать его силу и слабость, красоту и несовершенство.

Русский язык в моем сердце там же, где и мой материнский язык, язык моей колыбельной песни. И я органически не переношу людей, которые пытаются противопоставлять в моем сердце эти два языка. Они говорят: выбирай один из них. Но я выбрал оба и не желаю слышать эти убогие советы».

Кæсыс æй, æмæ дæ нал фæнды йæ ныууадзын. Йæхимæ дæ æлвасы йе 'ргомдзырд, йæ рæстдзинад æмæ хæдæфсарм ныхасыхъæдæй. Уый у, чысыл адæмы «уæхсчытыл» (Нигеры загъдау) чи лæууы, дардмæ чи хъуамæ зынид, фæлæ чи нæ зыны, ахæм адæймаджы уды рис.

Джусойты Нафи уырыссаг æвзаг хорз зоны. Уæлдайдæр, чиныджы æвзаг. Æрмæст ацы æмбырдгонд нæ, фæлæ йæ зонадон куыстытæй тынг бирæ, зæгъæн ис, æнæхъæн томтæ уырыссаг æвзагыл сфæлдыста. Йæ уацауты æмбырдгонд «Реки вспять не текут» уырыссаг æвзагмæ аивта йæхæдæг, фæлæ уый дæр тынг хорз зоны, хуыздæрæй хуыздæртæ бирæ ис, æмæ нæ феввæрсыд йæхиуыл. Уæддæр уырыссаг æвзагæй куры хатыр, дунемæ фæндаг ын кæй у, афтæмæй йæ æххæстæй кæй «нæ зоны», уый тыххæй. Уымæн æмæ æвзаджы сусæг æвæрæнтæ уæддæр чиныджы нæ, фæлæ адæмы æвзаджы сты. Уыдон мады гуыбынæй хъуамæ рахæссай («Что такое – родной язык писателя?»).

Æрмæст чиныгкæсæгмæ февзæры фарст: ахæм зæрдæбын ныхасæн, нæ иумæйаг, чи зоны, дунеон проблемæйæн фыссæг цæмæн равзæрста дард беларуссиаг Быковы? Кæд Василь дæр йæ зæрдæйы æвæрд дзуринæгтæ йæ мадæлон æвзагыл нæ, фæлæ «общий язык»-ыл кæй нывæста, уый охыл? Æмæ уæд афтæ фыссынц Чингиз Айтматов дæр, Фазиль Искандер дæр, Олжас Сулейманов дæр, Тимур Пулатов æмæ бирæ æндæр фысджытæ. Фæлæ нæ фарстæн дзуапп разыны уац-фыстæджы кæрон: «... о родине и о родном языке надо говорить открыто, искренне, от всего сердца и только открытому и искреннему человеку. А из всех моих друзей ты единственный, в чью искренность я верю больше, чем в собственную».

Фæлæ уыцы æргом, сыгъдæгзæрдæ, бонзонгæ ныхас уынæм иннæ уацты дæр. Йæ дзырды сæр та æвзагæй дарддæр бирæ скъуыддзагкæнинаг фарстытæ сты литературæйы националон хиæдтæ, аивады националон æмæ интернационалондзинад, фыссæджы стиль, йæ поэтикæ æмæ афтæ дарддæр.

Адæймаг йæ райгуырдæй у дзырдæмхиц. Йæ райгуырд æмæ йæ кæуын баиу вæййынц. Иуæй-иу æввонгхортæ сæ

амæлæты уысммæ дæр нал æрлæууынц сæ бæгъ-бæгъæй, æрмæст дæр ын – æри, æри, æри... Æмæ йе 'рдиаг йæхимæ дæр нал фехъуысы. Нафийы ныхас та у хъуыддагыл. Стæй хи нацийы агъуды тъыст нæу. Национ хæзнатæ бæтты интернационалон бæллиццаг миниуджытимæ. Интернационалон хъæздыгдзинæдтæ та – национ сæрыстырдзинадимæ. Сæ иу æнæ иннæ мæгуырдæр кæны, цæсты, куыд æмбæлы, афтæ нæ фæахады. Афтæ сæ кæрæдзийыл баст сты фольклор æмæ профессионалон аивад, лирикæ æмæ эпикондзинад.

Уыдон иу адæймаджы, стæй иу адæмы проблемæтæ не сты. Автор сæ æрмæст ирон адæмæн кæй нæ ныффыста, уый бæрæг у, цы æвзагыл сæ сфæлдыста æмæ кæм федтой рухс, уымæй дæр. Йæ хъуыдытæ цæмæй æндæр нациты чиныгкæсджытæм æнцондæрæй хæццæ кæной, уый тыххæй цæвиттонтæ исы æндæр адæмты зынгæ фысджыты зындгонд уацмыстæй. Ирон кæй у, йе сфæлдыстад, кæм фæнды йæ куы ныммыхуыр кæной, уæддæр сæйраджы ирон адæммæ кæй хауы, æмæ дзы сæхи кæй хъуамæ уыной, уый дзы цыма рох фæвæййы. Кæд ирон адæмон сфæлдыстад æмæ Къоста æрбалæууынц йæ зæрдыл, уæд хорз. Бæласæн цахæмфæнды стыр уидæгтæ ма уæнт, йæ раттæг мæры сæ куыннæ ауадза, уæд сыфтæр нæ калы. Нафи йæхæдæг æвзаджы тыххæй И. Тургеневæй хуымæтæджы нæ хæссы цæвиттон: «Я никогда ни одной строчки в жизни не напечатал не на русском языке, в противном случае я был бы не художник, – а – просто – дрянь. Как это возможно писать на чужом языке – когда и на своем-то, на родном, едва можешь сладить с образами, мыслями и т.д.»

Уый дæр Горькийау, стыр адæмы «уæхсчытыл лæугæйæ» дзырдта афтæ. Стыр чысылы рыст нæ фæхаты.

Аивады кусæгæн йæ уацмыс йæ хъæбул у. Хъæбулы уæнгты та ныййарæджы туг фæцæвæнтæ кæны, Уымæн ивæн нæй, Мамсыраты Темырболат «Авдæны зард»-ы авдæнмæ мады номæй уымæн фæдзæхсы чысыл сабийы:

*Æнахъомæй туркаг зæрдæ ма райсай, –*
*Дæ туджы 'ртах – кавказаг!*

Чиныджы аннотацимæ гæсгæ, цы уацтæ дзы ис, уыдон дзурынц Цæгат Кавказы зынгæ фысджыты сфæлдыстадыл. Фæлæ уыцы зынгæтæм Цæгат Ирыстоны ирон фысджытæй уæддæр ничи бахауд. Афтæмæй та авторæн йæ къухы цæттæ уацтæ дæр уыдис. Уымæй дæр – уырыссаг æвзагыл. Хи кой кæнын аив нæу, фæлæ уыцы хъуыды адæмы иуварс куы æвæра, уæд ыл къух исын хъæуы.

Уый хыгъд Нафийы ног чиныджы хъарм, зæрдæйы рæбынæй ратæдзгæ ныхас цæуы балхъайраг поэт Хъайсын Кулиев, кæсгон фысджытæ Алим Кешоков, Хачим Таунов, Адам Шогенцуков æмæ авайраг Расул Гамзатовы сфæлдыстадыл. Кæд Василь Быковæй зæгъы: «... из всех моих друзей ты единственный: о чью искренность я верю больше, чем о собственную», уæддæр, ацы фысджыты цард æмæ сфæлдыстадыл дзургæйæ, уыцы «единственный» алы ран дæр зыны æргомæй. Фыссæг фыссæджы тыххæй дзуры æргом æмæ уарзгæйæ, æмæ уыцы ныхасæй чиныгкæсæджы зæрдæмæ хъары рухс. Æмæ цы хъуамæ уа уымæй хуыздæр.

Уыцы рухс туг æмæ стæджы хæстæгдзинад, стæй хæлардзинадæй нæ цæуы, фæлæ фыссæгæн йæхи сфæлдыстадæй. Мæнæйдæр ма. Куыд хъуамæ ныууадза адæймаджы зæрдæнцойæ Кулиевы æмдзæвгæ «Сау бæх урс митыл ахауд...»

Уацмысы уынæм, уыцы сау бæх зын фæндæгтыл, дуртыл куыд «Скъæфта барджыты цырд. Тох, фæдис æмæ дугъты Разæй алкæд дæр цыд». «Кæмтты, донхæрд мæсчъыты» йæ уаргь кæй никуы уагъта «Саулагъз, саудзаст чызджыты»-иу ыл уымæн скъæфтой, фæлæ райдиан кæм ис, уым кæронæн дæр æнæрцæугæ нæй – кьах «зоны кæлын»:

*Сау бæх митыл æрхауд,*
*Хъæу, йæ хæхбæстæй дард,*
*Бандзыг даргъ цæстыхаутыл*
*Цæссыг, ныхыл æртагъд...*

*Уый нæ кодта йæ тыхтæ*
*Дугъ, хъуыддагæн æвгъау,*
*Гуыр-иу уадтæм ныттыгъта,*
*Уыд æнæхин, бæхау.*

*Мит нæ уадзы йæ сæлфын,*
*‘Руайы дидин, рæстуд,*
*Сау бæх миты сæр сæфы,*
*Уыд мæлынæн рæсугъд...*

*Цард у фистæджы уаргъау,*
*Къах та зоны кæлын,*
*Сау бæх урс митыл ахауд,*
*Сау бæх митыл мæлы.*
(Дзаболаты Хазбийы тæлмац)

Уый æцæг поэзи у. Æмæ йæм цас ис ахæм уацмыстæ. Нафийы дæр уыдон æлвасынц сæхимæ. Уыдон ын æлхæнынц йæ зæрдæ. Сайынц æй сæ фæдыл. Цæмæй сæ фæлгъауа. Æргом сын кæна сæ аивтæ, сæ сусæгдзинæдтæ. Сдзурын сæ кæна йæ мадæлон æвзагыл.

Æмæ сæ фæлгъауы. Æргом сын кæны сæ сусæг æвæрæнтæ. Ирон чиныгкæсæгæн аразы ахæм фадат, цæмæй сæ кæса йæхи æвзагыл. Ахуыр сын кæна сæ рæсугъддзинадыл, сæ удварныл. Риссын нæ кæна фыддзинадыл:

*Дард кæмдæр кæуынæй сонт мад бастад,*
*«Ало-лайы» уый хæссы йæ хъаст:*
*Дунейыл цы ис мæт æмæ мастæй,*
*«Ало-лайау», авдæны сты баст,*

*Хæст æрцыд, уæд фат фыццаг æд хъæстæ*
*Мады зæрдæ батоны æваст.*
*Чифæнды фæуæлахиз уæд хæсты,*
*Мады зæрдæ бадомы йæ маст,*
(Джусойты Нафийы тæлмац)

Уыцы фыдмастæн, стæй царды мæстытæн иууылдæр хъæуы быхсын, ком сын ма дæттын. Адæймаг бирæгъты æхсæн куы бахауа, уæддæр уыдон ма хъуамæ фæзма.

Бирæгъты чи фæзмы, уыдон кæд цъус не сты, æнцондæр сын у «цæрын æмæ, фыдком бирæгъау, ниуын», уæддæр уый лæгау-лæджы гакк нæу. Нæ йæ хъæуы сæрмæ хæссын. Хъайсын уымæн фæдзæхсы:

*Æмæ зæгъын: кæд у дæ дауæн хъæд,*
*Уæддæр ныккæн сырдон митыл æвдисæн,*
*Фæлæ куы цæрай адæмы 'хсæн, уæд...*
*Уæд та нæ хъæуы бирæгъты фæтк исын.*
(Уый дæр Нафийы тæлмац.)

Æмæ цас аив, зæрдæскъæф, куырыхон уацмыстæ ис Расул Гамзатов, стæй иннæ фысджытæм! Сæ цинæй нал ныббыхсы Нафийы зæрдæ, акæнынц æй сæ хæтæты. Æмæ уый хорз у.

Къаддæр хорздзинад нæу, не 'мзæхон, нæ хистæр æфсымæры сфæлдыстадмæ нæ алыварс адæмтæ тынгæм-тынгдæр кæй цымыдис кæнынц, йæ фæллæйттæ йын рухсмæ кæй хæссынц.

Джусойты Нафийы уырыссаг æвзагыл фыст литературон-критикон уацты «Хæлæртты чиныг» нывæзт у æцæг хæларзæрдæйæ. Уымæн æмбæлы чиныгкæсæджы удыл.

2004

# ХÆЛАРДЗИНАДЫ ХИД

Нæ фыдæлтæ куырыхон адæм уыдысты. Куырыхон зонд та царды фæлтæрддзинадæй цæуы. Дун-дунемæ сæ хъус лæмбынæг кæй дардтой, уымæн рафæлгъуыдтой, æнамонддзинад иунæгæй кæй не 'рцæуы, уый.

Советон адæмæн, æцæг фæллойгæнæг адæмæн, социализмы фехæлд, уæлдайдæр, Советон Цæдисы ныппырх иу æмæ дыгай, стæй дæсгай æнамонддзинæдтæ не ‘рхаста, фæлæ – сæдæгай, мингай утæхсæнтæ. Стæй, кæм ис сæ райдайæн, кæм уыдзæн сæ кæрон – чи у сæ зонæг? Бæлвырд-бæрæг сæ чи сты, уыцы сæйраг бæллæхтæй иу – уæлдæфау, хæлцау нæ чи хъæуы, уыцы чиныг нæм кæй нал хæццæ кæны. Хъомысджын паддзахад чи ныппырх кодтой æмæ пырх кæнынц, уыдон хорз зонынц, цас чысылдæр комдзæгтæ уæм, цас нæхи не 'мбарæм, уыйбæрц сæ хуырахсæнты æнцондæрæй тайдзыстæм.

Чиныг, æцæг чиныг сæ уыдæттæн хъыгдары. Раздæры хъомысджын республикæты дæр ын йæ гуырæнтæ спирт, наркотиктæ æмæ къахбайдзинадæй уымæн чъизи кæнынц.

Уæдæ, мах – фыццаг ризгæ къахдзæфтæ цы ног паддзахадтæ кæнынц, уыдон цы хъуамæ зæгъæм. Нæ адæм, куыд æмбæлы, афтæ къæбæрæй цалынмæ бафсадæм, уæдмæ стыр хъуыддæгтыл дзурын зын у. Ирыстоны Хуссар хайы 1990-æм азæй фæстæмæ нывæфтыд литературæйæ цахæмфæнды чысыл чиныджы рацыдæн йæ проблемæтæ йæхицæй фылдæр уымæн вæййынц. Йæхи хардзæй нæм чингуытæ чи уадзынц, уыдон та бынтон стæмтæй дарддæр нæдæр хорз æмæ æвзæр уацмыстæ фæхицæн кæнынц сæ кæрæдзийæ, нæдæр ын йе сфæлгонц кæнын фæзонынц. Уымæ гæсгæ махмæ алы æцæг чиныджы фенд дæр уалдзыгон зæрватыччы фендау у. Цы рауагъды кой ракæнынмæ хъавын –

Цæгат Кавказы адæмты литературæйы Антологи, уый фæзынд та нын бæрæгбоны хуызæн хъуамæ уа алы адæмæн дæр.

Антологийы куыд уынæм, афтæмæй уыдзæнис 5 томæй: «Поэзи» (2 хайæ), «Прозæ» (3 хайæ), «Драматурги», «Сабиты литературæ», «Уырыссаг литературæ Цæгат Кавказы», афтæмæй уыдзæнис 8 ахъаззаг чиныджы. Проект у Уæрæссйы Федерацийы Хуссар зылды федералон-регионалон Программæ «Цæгат Кавказæн сабырад æвзæгтæ, ахуырад æмæ культурæйы фæрцы»-йы хай.

Антологийы фыццаг томы фыццаг хай рухс федта æрæджы. Мыхуыры рацыд Пятигорскы. Йæ сæйраг редактор æмæ саразæг у Казиева А.М., организацион комитеты уæнгтæ – Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон Думæйы раздæры Сæрдар Селезнев Г.Н., Уæрæсейы Федерацийы Хуссар зылды Уæрæсейы Президенты раздæры Æххæстбар минæвар Казанцев В.Г., Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Президент Дзасохты Алыксандрæй райдай æмæ сты Цæгат Кавказы республикæтæ æмæ Ставрополы зылды фыццаг Разамонджытæ. Уый та дзурæг у рауагъды, стæй чиныджы ахсджиагдзинадыл. Аивад æрмæст царды кæсæн нæу, фæлæ царды фисынтæ амонæг хъыбыллæ дæр. Аивад уыцы иу рæстæджы уд æмæ зондæй цæуы, уд æмæ зонды фæндаг та фидæнмæ амоны. Англисаг стыр поэт-романтик Перси Биши Шелли хуымæтæджы нæ загъта: «Никогда так не нужна поэзия, как в те времена, когда вследствие господства себялюбия и расчета количество материальных благ растет быстрее, чем способность освободить их согласно закону души».

Æмæ ацы антологийыл цал хатты хъуыды кодтон, – уый та иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдис, – уал хатты фарстон мæхи: «Ахæм чиныг адæмты 'хсæн хæлардзинад æндидзын æмæ фидар кæныны ахсджиаг мадзал куы у, уыцы хъуыддагыл нæм советон дугæй тынгдæр куы никуы архайдтой, чингуытæ уадзынæн нæм хуыздæр рæстæг куы никуы уыдис, уæд нын цæмæннæ искуы бантыст йæ саразын?

Æмæ зæрдыл æрлæууынц поэты ныхæстæ:

*Лæг кард лæджы хурхмæ куы дары,*
*Нæй уæд лæмæгъ уæвæн лæгæн.*

Кæд йæ рауадзыны хъару абон уымæн разынд?

Ныртæккæ фылдæр адæмы бастигъын, сæ фæллæйттæ, сæ азмæлæнтæ сын æрбассивыныл удуæлдай, стæй æргом тох куы цæуы, хицæн адæмтæ нæ, фæлæ иу туг æмæ стæг дæр сæ кæрæдзийы хурхытæм дæндагæй куы лæбурынц, тугæй сын бафсис куынæ уал ис, уæд, адæймаджы ном чи хæссы, уымæн фидæныл æнæхъуыдыгæнгæ нæй. Ацы чиныг та нæ рагфыдæлтæй абоныл хæлардзинады тынтæ уадзы фидæнмæ. Хæлардзинады хид æй куы схонæм, уæд нæ фæрæдидзыстæм.

Æмбырдгонд æнæхъæнæй, стæй йæ фыццаг чиныг куыд ахсджиаг у, кæсын дæр æм ахæм цæстæнгасæй хъæуы. Æмæ диссаг нæу, ныридæгæн ыл чиныгуарзджытæ сæ цæст кæй æрæвæрдтой, алыхуызон, æгæрыстæмæй, ныхмæвæрд хъуыдытæ кæй æвзæрын кæны. Афтæ кæй уыдзæнис ырæй фæстæмæ дæр, уый дызæрдыггаг нæу.

Антологи, æнæмæнг чи хъæуы, æрмæст мах, æрмæст Кавказы цæрджыты нæ, фæлæ æмткæй поэзиуарзджыты, ахæм у. Ахæм ахсджиаг хъуыддагмæ та алчи дæр бæрнондæр цæстæй кæсы.

Фыццаг томы фыццаг чиныг стыр у – 1120 фарсы. 100 мыхуырон сыфы бæрц; уымæ гæсгæ чиныгаразæгæн, чиныджы цы адæмты литературæтæ сты, уыдон минæвæрттæй дзæвгар æххуысгæнджытæ ис. Схуыдтой сæ Цæгат Кавказаг Республикæты редакцион коллегитæ. Ирыстонæй уыцы бæрнон æмæ æууæнчы ном æрхаудта Гуыриаты Тамерланмæ – сæрдар, Æлборты Хадзы–Умар æмæ Мамиаты Изетæмæ – чиныгаразджытæ æмæ редколлегийы уæнгтæ.

Гæды ныхас худинаг у. Чиныджы æдæппæт ис 18 адæмты: абазы, адыгъейы, кæсæджы, черкесы, балхъары, солийы (авары), даргины, хъуымыхъы, лакы, лекы, табасараны, таты, мæхъхъæлы, хъалмыхъы, хъæрæсейы, ногъайы, иры, цæцæны поэзитæ æмæ дзы махæй фылдæр бынат никæмæ æрхаудта.

Уым диссагæй ницы ис, Цæгат Кавказы адæмтæн сæхи фыссынад куы фæзынд, уæд махмæ æнæхъæн литературæ уыд. Уæдæ, Æгъуызаты Иуане, Мамсыраты Темырболат, Хъаныхъуаты Инал, Гæдиаты Секъа, Хетæгкаты Къоста, Хъайтмазты Аслæмырзæ, Байаты Гаппо, Гуырдзыбеты Бласкæ, Къубалты Алыксандр, Брытъиаты Елбыздыхъо, Кочысаты Розæ, Цæголты Георги, Æлборты Барысби, Коцойты Арсен, Барахъты Гино, Хетæгкаты Дауыт, Гæдиаты Цомахъ æмæ цас æмæ цас сты! Уыдон сфæлдыстад йæхæдæг æнæхъæн, стæй бæллиццаг литературæ у. Бынат дæр ын хъуамæ уа, фæлæ мæн æндæр цыдæр зæгъын фæнды.

Ирон поэзийæн кæд, нæ сыхаг адæмты поэзитимæ абаргæйæ, егъаудæр бынат æрцыдис лæвæрд, уæд æрмæст дæр уый тыххæй æмæ нæ поэттæ уыдон поэттæй дзæвгар, цалдæр хатты фылдæр кæй сты, се сфæлдыстад – алыхуызон, фæсвæд кæй авæрай, ахæм кæй нæу. Æмткæй цыма, нæ поэзи дæр бынтон æвзæрæй нæ разынд, фæлæ йæ бирæ алыхуызон тыбар-тыбургæнаг тигьтæ, хъыгагæн, нæ арттывтой.

Бæлвырд хъуыды бæлвырд цæвиттонтæй бафидаргæнгæ у, æмæ уал æркæсæм, чиныджы иннæ адæмты поэтты, æгæрыстæмæй, æвзæнгты сфæлдыстад куыд æвдыст æрцыд, æмæ мах классиктæ та куыд разындысты, уымæ.

Мыййаг, Къостайы загъдау, «...искæй хъазæн æгæр хъыг куы уон», уый тыххæй бирæ æвзонг, «мигьтæ йæ сæрыл чи нæма хæссы», ахæм æвзæнгты нæмттæ нæ дзурдзынæн, фæлæ сын антологийы лæвæрд æрцыд цалдæргай уацмыстæ – 80-100-гай рæнхъытæ уæддæр. Æмæ уый тынг хорз у. Къодах фыццаг цæфæй бæрæг у, фæлæ аивады кусæгыл бæлвырдæй цæмæй дæ бон хъуыды кæнын уа, уый тыххæй йын 15–20 рæнхъы куы бакæсай, уæд ын, курдиатджын кæй у, уымæй дарддæр цастæ хъуамæ базонай. Нæ поэттæй бирæтæ уый аккаг дæр нæ систы, ома, 15–20 поэтикон рæнхъы дæр сын нæ бахаудтой Антологимæ.

Æниу, Къостайæн чиныгмæ бахаудтой æрмæст 6 æмдзæвгæйы, 106 рæнхъы. Æмæ уыдон дæр йæ иууыл хуыздæр æмдзæвгæтæ, Къоста Къоста кæмæй у, уыдон куы уаиккой. Чиныгаразджытæ сæ афæлгæстон уац «Осетин-

ская поэзия»-йы (1063–æм фарсыл) бæргæ зæгъынц: «...стихотворение «Горе» стало своеобразным гимном Осетии, знаменем национального возрождения», фæлæ ам йæ кой дæр нæй.

Цыма сæ уоны кастысты, базыдтой йæ, Чъребайы газет «Молодежь Осетии»-йы 2004-æм азы æртхъирæны мæйы 28-æм бон 6-7 номырты йæ фыццаг фарсыл театры директор æмæ аивадон къухдариуæггæнæг Дзуццаты Тамерланы «куырыхон» хъуыды кæй æрцæудзæнис мыхуыр: «Стихотворение Къоста Хетагурова «Додой» – это, по своей сути, закодированное проклятие осетинского народа и его необходимо убрать из всех учебников и хрестоматий...»

Уый уын лæг! Уый уын нæ хъуыддæгтæ æмæ æнæфенгæ диссæгтæ!

Цымæ, цæй «закодированное проклятие осетинского народа» мысы, «адæмы хъыг», «дзыллæйы мастæй» сулæфынтæ чи нæ фæрæзта нæ уыцы сæрхъызойыл?

Дон цы цъайæ нуазæм, уым чи ту кæны, уый йæм æмгæрон уадзын нæ хъæуы. Паддзахадон, адæмон информацийы фæрæзты йæ пропагандæ цæмæ кæны, уый та сабитæн дæр зындгонд у.

Фæлæ уый æндæр дзуринаг у.

Цы Антологийы кой кæнæм, уым «Додой»-ау бынат нæ разынд «Ракæс!..», «Хæрзбон», «Мæгуыры зæрдæ», «Æнæ хай», «Æнæ фыййау», «Катай» æмæ бирæ æндæр, алы æгъдауæй цæттæ уацмыстæн.

Раст у, Къоста Паддзахадон преми, Ленины преми, суанг йæхи номыл премийы лауреат дæр нæ уыд, фæлæ уый хыгъд ссис æнæхъæн Кавказы, суанг уырыссаг адæмы стыр зарæггæнæг, æмæ йæ «лауриатты æмсæр» куынæ кæнай, йæ «закодированное проклятие осетинского народа»-та æхгæныныл куы архайай, уæддæр æй чиныгкæсæгмæ хæссын хъæуы, чи у, уымæй.

Уæдæ, Къостайы сфæлдыстадмæ афтæ æнæмæт цæстæнгасæй кæм акастæуыд, уым нæ иннæ классиктæ, уæлдайдæр, нырыккон поэттæ куыд хъуамæ разындаиккой? Мæ-

гуыр Нарты куывды дæр куыд мæгуыр у, ахæм уавæры бахаудтой, кæй та сæ «Куывдмæ» уадзгæ дæр нæ бакодтой.

Чиныгмæ, æгæрыстæмæй, нæ бахаудтой Барахъты Гино, Хъуылаты Созырыхъо, Боциты Барон, Фæрнион Къоста... Æвæццæгæн, чиныгаразджытæ скарстой, ома, уыдон прозæйы чингуытæм бахæсдзыстæм. Æмæ сын уæд цы фæкæнæм сæ поэзи та? «Додой»-ау уыдон дæр аппарæм?

Æмæ, хорз, уыдон прозæйы чингуытæм бахаудзысты – хъуыды кæнæм, фæлæ Хъазыбегты Хъазыбег, Плиты Илья, Нартыхты Михал, Плиты Феликс, Тыджыты Юри, Миндиашвили Серго, Гобозты Валери, Абайты Эдуард, Кокойты Эльзæ æмæ иннæ поэтты уацмыстæ та кæцы чингуытæм бахаудзысты?

Плиты Грис æмæ Джусойты Нафийы, стæй-ма иу-дыууæ поэты поэзитæн чысыл сæ иугай тигътæ цыма цъус хуызд æр ферттывтой, фæлæ уый у æрмæстдæр автортæн сæхи лæджыхъæдыл, сæ популяронд зинадыл дзурæг.

Чиныгмæ чи нæ бахаудтой, уыцы поэттæй цыма бирæтæн уырыссаг æвзагмæ зæрдæзæгъгæ тæлмæцтæ нæ уыдис, – дзырдтой чиныгаразджытæ, æрцыд мæ хъустыл.

Ау, æмæ Мæскуыйы цæрæг ирон поэт Цхуырбаты Иванæн дæр нæй уырыссаг æвзагмæ, куыд æмбæлы, ахæм тæлмæцтæ?

Æз ын, Ирыстоны цы чингуытæ ныммыхуыр, уыдон кой нæ кæнын, фæлæ Мæскуыйы, æнхъæл дæн, ахæм рауагъдадтæ бирæ нал баззад, уымæн чиныг чи нæ рауагъта. Тæлмац та йæ кодтой æмæ кæнынц Социалистон куысты Хъайтар, Ленины æмæ Паддзахадон премиты лауреат Сергей Михалков, Юлия Нейман, Николай Соколов, Владимир Цыбин, Николай Доризо, Ник. Горохов, стæй бирæ зынгæ поэттæ æмæ тæлмацгæнджытæ.

Сергей Михалков ын йæ чиныг «Пока не поздно...»-йы (Мæскуы, рауагъдад «Интер-Весы», 1995 аз) разныхас «Мужской поступок»-ы мæнæ цы зæгъы: «Я приветствую сам факт появления этой мужественной книги моего давнего друга Ивана Цховребова, в которой мой брат–осетин более честен и прям в своих поэтических суждениях – и о трагических моментах минувшей войны, и о доблести

солдата российского, и о неприкрытой фальши и очернительстве сегодняшних политиков – чем некоторые русские псевдопатриоты, трусливо открещивающиеся от всего прошлого в угоду Западу: как от своего многострадального народа-труженика, так и от самого Отечества, с его победами, радостями и бедами в целом.

Повторяю, эта честная и суровая позиция поэта и переводчика.

И очень хорошо, что такая книга выходит в канун самого святого праздника России – 50-летия Победы народов Державы нашей над коварным оружием фашизма».

Ау, уыйбæрц поэтикой чингуыты дæр нæ разынд иу нывыл æмдзæвгæ, «Антологи»-мæ чи бахаудаид, ахæм? Стæй иннæтæй, «фæхъулонгонд» поэттæй дæр бирæтæн ис, уыцы чиныгмæ чи бахаудаид, ахæм уацмыстæ. «Антология осетинской поэзии» (рауагъдад «Ир», 1984 аз, æмæ «Две му- зы – две сестры»-йы, рауагъдад Ирыстон», 1988 аз).

Ацы Антологи рауадзын стыр хъуыддаг у, стыр хъуыддæгтæ та, Боциты Бароны загъдау – «арвы йас уæрæх риу, йæ мидæг хуры йас зæрдæ», – куыд уа, афтæмæй аразын хъæуы. Æз искæй фыссæгыл, суанг адæймагыл дæр нæ нымайын æви нымайын, уыдæттæн ахæм рæтты бынат ма хъуамæ уа.

Чиныг Ирыстоны 'рдыгæй талф-тулфæй арæзт кæй æрцыд, стæй йæ махæрдыгæй йæ аразджытæ ныммыхуыр кæныны размæ уынгæ дæр кæй нал фæкодтой, уый бæрæг у. Æндæра куыннæ фæхатыдаиккой, Гафез йæ уацмыстыл, стæй цæргæ-цæрæнбонты кæй никуы фыста – Федыр Гафез (Гаглойты), Тедеты Рюрик Тадетæй кæй никуы уыд, Чеджемты Æхсар – Асхар æмæ афтæ дарддæр. Бынтон ницы, фæлæ чиныгаразджытæй иу – Æлборты Хаджумар куыннæ фæхатыдаид, йе 'мдзæвгæтæ «Ночная черная птица» æмæ «Белые сумерки зимы...» Брытъиаты Аслæмбеджы номыл кæй æрцыдисты мыхуыр.

Стæй дзы цас ис ахæм рæдыдтытæ. Фæлæ сæ кой нæ кæндзынæн. Фаг у, Дзасохты Музафер сæ куыд загъта, уый цæвиттонæн æрхæссын: «Антологимæ уæлæнгæйтты æркæсгæйæ дæр адæймаг дисы бацæуы, йæ саразджытæ цы

æбæрндзинад равдыстой, ууыл. Иу адæймагæй мæнæн мæ зæрдыл æрлæууыд, Нарты Сослан, мæрдтыбæсты уæвгæйæ, цы бирæ нывтæ федта, уыдонæй иу, бæлвырддæр дзургæйæ та, сидзæр сывæллæттæ йыл куы амбырд сты, уыцы ныв: «...алыхуызон дзаумайы, алыазыккæттæ, цъæх нæууыл хъазыдысты, чи дзы бæгъæмвад уыд, чи – ронбæгъд, чи та – æнæхуд, худтæ сæ рæтты тъыст уыдысты, рæттæ – сæ хъуырты 'фтыд, дзабыртæ – фæдджиты, фæдджитæ та сæртыл тыд».

Нæ поэттæй бирæтæ мæ цæстытыл раст ахæм хуызы ауадысты. Кæмæн дзы йæ мыггаг раст фыст не 'рцыд, кæмæн – йæ ном, кæмæн – йæ фыды ном. Кæй дзы раздæр «амардтой», кæмæн йæ цæрæнбон «фæдаргъдæр кодтой», кæмæн йæ куысты бынат аивтой, кæмæн стырдæр бынат радтой, кæй та дæлдæрмæ æривтой», – зæгъы Музафер...

Чысыл æм хуыздæр хъусдард куы уыдаид, уæд уыдон зæрдæйыл къæмау нæ бадиккой.

Æниу, афтæмæй дæр æрмæст йе 'ддаг бакастæй дæр адæймагмæ цыдæр сæрыстырдзинад æвзæрын кæны. Йæ нысаниуæгæн та абарæн ницæимæ ис. Уый у Уæрæсейы Федерацийы хуссар хайы – Цæгат Кавказы адæмты æхсæн хæлардзинады хид. Хæлардзинадыл та хæларзæрдæйæ хъæуы æнбæлын.

2004

## САДЖЫ БОГЪ[1]

Фыдыбæстæйон хæсты размæ ирон литературæмæ чи ‘рбацыд, уыцы фæлтæрмæ хауы Дзугаты Георги.

Фæндзай азæй фылдæр фæлæггад кодта йæ адæмæн. Йæ уацмыстæ тæлмацæй цы адæмты æвзæгтыл цыдысты мыхуыр, уыцы адæмтæн дæр – уырыссаг, украинаг, беларуссиаг, абхазаг, сомихаг, гуырдзиаг æмæ æндæр адæмтæн.

Фысгæ та бирæ кодта. Куыста алы жанрты. Уыд поэт, прозаик, драматург, тæлмацгæнæг. Фысджыты сфæлдыстадыл, стæй хицæн чингуытыл фыста критикон уацтæ. Йæ чингуытæ адæмы ‘хсæн популæрон кæй уыдысты, ууыл дзурæг у, абон дæр йе ‘мдзæвгæтæй бирæйыл кæй ис лирикон зарджытæ: «Сусæг уарзт», «О, уыцы дыууæ сау цæсты», «Мæ чысыл малусæг», «Уарзт» æмæ æндæртæ.

Уый дзурæг у поэты ‘нтыстыл.

Афтæмæй, кæд йæ амæлæтыл дзæвгар рæстæг рацыд /амард 10 апрелы 1985-æм азы/, уæддæр йæ уацмыстæ хицæн чингуытæй рухс никуы уал федтой. Æмæ чиныгкæсджытæн æхсызгон у, ивгъуыд азы фæуды йын рауагъдад «Цыкура» йæ равзаргæ æмдзæвгæтæ æмæ балладæты æмбырдгонд «Саджы богъ» кæй рауагъта, уый.

Фыссæджы сфæлдыстад дардыл у, фæлæ ацы ‘мбырдгонд рацыд «Библиотекæ «Цыкура» зæгъгæ, ахæм серийы, уымæ гæсгæ дзы æдæппæт ис 33 æмдзæвгæ æмæ дыууæ балладæйы – «Мады цæссыг» æмæ «Саджы богъ».

Уыдон гуырахстæй стыр не сты, фæлæ сæ нысаниуæг бирæ у. Чиныгкæсæг дзы фендзæнис, Георги цахæм поэт

---

[1] Ныффыста й

уыд, цæуыл фыста – йæ зæрдæ цæуыл рыст æмæ цин кодта, цахæм курдиаты хицау уыд.

Чиныг райдыдта авторы цардвæндагыл дзурæг æмдзæвгæ «Мæ фæндаг»-æй:

*Мæ фæндаг сонты бонтæй ардæм*
*Цыди тæрккъæвдаты, тымыгъты.*
*Хъысмæт мæ не «сбуц кодта» цардæй,*
*Мæ удæй нал иста йæ ныхтæ.*

Поэты биографимæ куы ‘ркæсай, уæд, æцæгдæр, цардæй рæвдыд не ‘йййæфта. Гыццылæй йе ‘ххуырсты лæдзæг йæ къухæй нæ хаудта. Стырæй дæр æййæфта мæгуыр цард. Стæй – немыцæгты ныхмæ тугкалæн хæст. Уынгæджы та йæ сæр, немыцæгтæм уацары куы бахауд, уæд уыдис. Уый фæстæ дæр иууыл кодта удуæлдай куыст.

Кæд æй, йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй хъысмæт бакодта зынг уæхстыл, æмæ йæ зæрдæ дихтæ кодта, уæддæр йæ дурвидар дæндæгтæй йæ зынтыл бирæгъау хæцыд. Тых кодта йæ зынтыл дæр, мæлæтыл дæр. Цыдис æм цæрын:

*Уæддæр зæллангхъуырæй ныззарын,*
*Уæддæр мæ амондыл нымайын:*
*Кæй у мæ чысыл Ир советон,*
*Мæн дæр йæ æвзæр фырт кæй хоны.*

Дзугаты Георгийы сфæлдыстад Ирæн хорз уыдис. Ныртæккæ дæр ын хорз у æмæ йын хорз уыдзæнис. Йæхæдæг кæд йæхи æвзæр фырт хоны, уæддæр уый буцæн афтæ дзуры. Æвзæрæн йæ райгуырæн бæстæ йæ дзырды сæр нæ вæййы. Георгийæн Ирыстон цæрæнбонты йæ кой уыдис. Уарзта йæ хъæбулы уарзтæй. Уый риуы æхсырæй кæй схъомыл, йæ цард уым кæй арвыста, йæ фæд ууыл кæй ныууагъта, уый йын æхсызгон уыдис. Ирыстоны йæ ныййарæг хуыдта. Мады цæстæй йæм каст. Мады лæггад та фидгæйæ у. Поэт уымæн тыхст Ирыстоны бирæ лæггæдтæ

бафидыны тыххæй. Ныййарæджы лæггæдтæ йæ хъæбул куыд бафиды, афтæ.

Фæлæ ныййарæджы хæсæн фидæн нæй. Ныййарæджы йæ хæсмæ хъæуы уарзын, уый йын æхсызгондæр у.

Поэт уымæн зæгъы Ирыстонæн:

*Æмбисондæн баззад нæ кадджын фыдæлтæй:*
*[illegible]дам, чысыл у, фыды мур æрмæст.*
*Мæнæн та мæ бæстæ æд хæхтæ, æд фæзтæ*
*Мæ зæрдæйы бацыд, йæ цинæй – æфсæст.*
/«Ирыстон»/

Ирыстонимæ поэты зæрдæйы сты, Ирыстон Ирыстон кæмæй у, сæрыстырæй кæй тыххæй цæуы, ном ын чи кæны, уыдон се ‘ппæт дæр.

Поэтæн æгæрон адджын уыдысты хæхтæ. Уыдысты йын «мадзуратæ», «сæрыстыр», «кадылмард», «куырыхон». Зыдтой йын хъуыды кæнын, дзурын, цин кæнын, стæй маст кæнын дæр. Удыгæстау сæм уымæн дзуры. Уымæн сæ фæрсы, сæ цæсты къуырфыты, уырынгтæ тæрныхты, сæ «халас æрфгуыты» «цæй бæрц сагъæс дарынц», уымæй.

Поэт зоны, «фыдæлты заманы нæ мадæлты ниуын»-иу кæй цыд не знæгты азарæй, «нæ хæстон æфсургъты уæгъдидонæй уасын»-иу кæй хъуыст, фæлæ «нæ хъандзал фæринкты æхситгæнгæ дасын» бахъуыд не знæгты. Уыдæттæ хорз зонынц æмæ хъуыды кæнынц хæхтæ, фæлæ сæ нæ дзурынц. Кæсынц нæм æгомыгæй. Нæ нын кæнынц сæ «зæрдæйы арфмæ» сæ «рагон хъуынвæрд æппæт фенаг дуæрттæ, Историйы сусæг æвæрæнджын тæрттæ».

Уыцы хъуыддаг поэты æппары сагъæсы – уæдæ нын хæхтæ цæмæннæ æргом кæнынц сæ зæрдæтæ, зæгъгæ, хауы дызæрдыджы:

*Нæ кадылмард хæхтæ!*
*Æви уæм нæ зонæм уæхи ‘взагыл дзурын;*
*Нæртон лæгау хатын, нымд кæстæрау курын;*
*Æви нæм нæма ис, нæма райгуырд Иры*
*Сымах аккаг поэт нæ абоны цины;*
*Æви йæ ныббасти, Амыранау, хохмæ?*

*Нæ йæм хауынц дугъы æфсургъ бæхы рохтæ,*
*Йæ бон нæу Къостайæн йæ ингæнæй растын,*
*Æмæ ныл бæлгæйæ ивгъуыйынц нæ азтæ?*
/«Хæхтæ»/

Поэт бæллы титан поэтмæ. Уый уаид «нæ карз дуджы аккаг». Уый куы ныззарид, уæд ризиккой «нæ хæхтæ йæ цинæй, йæ уарзтæй, куыд бада сæ цæссыг сæ зачъетыл хасæй». Фæлæ дуджы аккаг цæхæрзæрдæ фаззоныл йæ цæст нæ хæст кæны, æмæ йæм бæллы.

Цалынмæ ахæм поэт фæзындаид, уæдмæ уал йæхæдæг зарыд йæ дугыл. Сагъæс кодта, «уадсур, уадæмдых алантæ» «искæй сидтмæ дæр фæдисы» зынгфатау кæй тахтысты, зæхх сæ «къæхты бын цъæх артау» кæй сыгъд, фæлæ сæ фæстагæттæн кæй ницы ныууагътой, ууыл /«Алантæ»/. Нæ дзы рох кодта, Ир «сæрибаруарз цæргæсау» «кæрдгæ хæхты къæсæрмæ» куыд ыстахт, цæмæй «налат ызнаг – зæрдæсау» «Уына нæ фæринк кард йæ сæрмæ» /«Цæргæс»/.

Йæ дзуринæгтæ сты «Æфсирты ныхас» дæр, сау нымæт /«Нымæт»/ рагъæнæй кæй нал хизы, тохы мæт кæй нал кæны, йæ ивгъуыд ма кæй мысы; фæллой кæныны, хиды ‘ртахы кæй ис цард /«Хиды ‘ртах»/. Уымæн бæллы «хохаг милизæр» «урс бæлæттæ уынджы чи суадзы», хæдзæрттæ фырцинæй, бонау, чи ныррухс кæны, уыцы мантермæ:

*Гъе, тæхуды ф ‘уай нæ мантер, –*
*Уæвгæ, амондджын куыннæ дæ:*
*Ахæм царды бонтæ батон, –*
*Кус цырагъдарæй дзыллæтæн!*
/«Мантер»/

Дзугаты Георгийы æппынæдзух дзыллæтæн цырагъдарæй кусын кæй фæндыди, йæ къухы бирæ æнтыстытæ уымæн æфтыдис; Ирыстонæн, ирон адæмæн æцæг цырагъдартæ чи уыдысты, уыдоны нæмттæ бæрзæндты уымæн хаста.

Къостайы ном ирон адæмæн у тырысайы хуызæн. Æмæ Георги «Нæуæг чындзау – æфсæрмдзæстыг, æнцад Тебердайы фæлмаст, цъæхдзаст æхсæв» сатæг уæлдæфæй

йæ рæуджыты дзаг куы уæлфы, Хъара-келы цъæх цад куыд æрфынæй, куыд дзы ныххызтис, гуымир уæйыгау Хох, уыдæттæм куы кæсы, уæд æй Ирыстоны сæрхъызой æндавы: «Кæддæр ам уыд нæхи мæгуыр Къоста, Цымæ йæ «хид» цы къæбырыл фыста?..»

Уыцы дзæнæты къуыммæ кæсгæйæ поэты зæрдыл æрлæууыд, Хетæгкаты Къоста йæ диссаджы ныв «Æрдзон хид» кæм ныффыстаид, уыцы фарст. Нæ адæмы хуыздæр йæ къух цы дуртыл æрæвæрдта, уыдонæй йын алцы дæр зынаргъ у. Æмæ Хъæрæсегом куы ныррухс, хур куы «рауагъта сыгъзæрин тагæй рон», æмæ куы фæзындысты «Бæрзонд хохыл сырх басылыхъхъытæ», уæд фестъæлфыд поэты зæрдæ:

*Æмæ уынын: ыскæсæг хур фæсидт,*
*Дыуæ рагъыл уый авæрдта зынг хид.*
*Сæурайсом кæд Къоста систа йæ худ,*
*Фыруарзонæй йæ мидбылты фæхудт,*
*Йæ даргъ фындзыл æрызгъордта йæ хид –*
*Ысныв кодта рæсугъд сомбонмæ хид.*
/«Къоста Тебердайы»/

Къостайау ын адджын уыд, иурæстæджы кæимæ цардысты, иурæстæджы Ирыстонæн кæимæ лæггад кодтой, нæ уыцы дзæнæтыбадинаг Абайты Васо.

Поэт ын бæллы, бирæ æнустæм, хурвæдау, цы æгъуыстæг цæрæнбоны фæрцы акодта, уымæ. Терчы тæлтæг дон сабийы хъустæм цы ирон дзырд хаста, мад ын цы фæлмæн æвзаг нывæрдта йæ уды уый, «Сагау сыкъатæ ауагъта дардыл». Зонды хæст кæм фæнды, цахæмфæнды зын уавæры куы уыдид, уæддæр-иу Васойæн никуы фæзынд «Иунæг цъула дæр йе 'рттиваг кардыл». Уымæн дзы у сæрыстыр поэт. Йæ уарзт æм уымæн у æгæрон. Ахуыргонды райгуырæн уæзæг дæр ын уымæн зынаргъ у:

*Къобы къæдзæхтæн фæпъа кæнин дургай,*
*Уыдон фæуызтой й' арфæйаг авдæн,*
*Уыдон æй рарвыстой царды зынг хурмæ,*
*Уыдонæй ратахт дунейы арвмæ.*

*Халас ӕрбадти, Уырызмӕг, дӕ сӕрыл,*
*Й' алы ӕрду дӕр – хъисын фӕндыраг.*
*Бирӕ ӕнусты фӕцӕр нын, фӕцӕр нын,*
*Мӕнӕ дӕ уарзон Иры фӕндиаг.*

Ирондзинадӕн чи аргъ кӕны, ирон фарн чи исы бӕрзонд, уыдон ын иууылдӕр зынаргъ сты.

Геологтӕм ахуыр лӕг куы дзуры, куы 'ппӕлы «Ис, дам, Иры нефт, ызды, сыгъзӕрин», уӕд поэтӕн уыдӕттӕ иууылдӕр ӕхсызгон сты. Куыннӕ хъуамӕ цин кӕна, йӕ фыдыуӕзӕг хъӕздыг кӕй у, ууыл.

Ахуыр лӕг цы хӕзнатыл цин кӕны, уыдӕттӕ иууылдӕр царды хос сты, фӕлӕ поэты цин ноджы стырдӕр у:

*Ир, бӕгуы дӕр, у хӕзнаджын,*
*Ӕз йӕ сусӕг ӕвӕрӕнтӕй райын.*
*Гъе, фӕлӕ ирон ӕвзаджы*
*Се 'ппӕтӕй хӕзнадӕрыл нымайын.*

Алкӕмӕн дӕр мадӕлон ӕвзаг хъуамӕ мадау адджын уа. Георги йӕ «се 'ппӕтӕй хӕзнадӕрыл» уымӕн нымадта.

Мад цы уарзтӕй фӕуарзы йӕ хъӕбулы, уый та ирдӕй зыны ӕмдзӕвгӕ «Бон афардӕг, нӕ дунейӕ фӕхицӕн»-ы. Ӕппӕт дӕр бафынӕй, ӕрдз ныхъхъуси. Сӕхицӕн дӕлгомуӕлгом фынӕй кӕнынц «тӕгӕр къустӕ, къуырф уидгуытӕ» дӕр сӕ къусчъы. Хуыссӕг фӕтых сырхуадул пецыл дӕр. Мыст дӕр «йӕ фӕд ныууагъта лӕгъз арынджы рӕбыны» «фӕлмӕн дзуллаг ссадыл». Ӕрмӕст нӕ фынӕй кӕны мад. Бады ӕмӕ кӕсы, йӕ рынчын хъӕбул куыд улӕфы базыл. Йӕхи удӕнцойӕ йын уый удӕнцой зынаргъдӕр у:

*Мыдадз цырагъ ӕмыр ӕхсӕвы тары*
*Ӕнкъардхуызӕй зӕрин цӕссыгтӕ калы,*
*Раст афтӕ мад ӕнӕ сыбырттӕй бады, –*
*Йӕ авдӕныл ӕнус ӕхсӕвты тайы...*

Уыцы ӕнкъарӕнтӕ, ныййарӕджы уарзт хъӕбулмӕ, ноджы фӕтынгдӕр балладӕ «Мады цӕссыджы».

Фынддæс азы, сывæллонмæ бæлгæйæ, адæммæ цы мæгуыр лæг æмæ ус фæтæхуды кодтой, æмæ сæ сæры хил кæмæн сурс, уыдон иухатт ацыдысты сæ бæллицты фæдыл.

Лæг тæгæр фæйнæгæй скодта рæсугъд авдæн. Йе 'мкъай та хæрдгææндахæй «сырх авдæны тъæпæнтæ лыстæг сынкæй» фæхуыдта.

Куы сцæттæ авдæн, уæд дзы сылгоймаг хъæбулмондагæн, цæссыгкалгæйæ, бабаста цæххойæн дур:

*Кæм ма цæуы йæ бирæ хъыг,*
*Уæддæр бæтты цъæх дуры*
*Хъæбулы 'фсон фæлмæн.*

*Æртагъди йыл йæ хъарм цæссыг,*
*Æгомыг дур ыссудзы –*
*Ныррухс кодта – тæмæн.*

*Æмæ æрцыд ыстыр диссаг:*
*Сæ авдæнæй ыссыди*
*Сывæллоны кæуын.*

Афтæмæй ныййарæджы уарзтæй дуры бацыд уд, æмæ поэзиимæ «цард райгуырди зæххыл».

Цæвиттонтæ цы 'мдзæвгæтæй хастам, уыдонæй дæр бирæты зыны, Дзугаты Георги æрдзы нывтæ йæхирдыгонау, кæнæ та хæрдгæхæлттæй уафты хуызæнæй кæй уыны æмæ кæй æвдисы.

Ацы æмбырдгонды йын рæстæджы алы афонтыл дæр ис æмдзæвгæтæ. Уалдзæг ын чызг-уазæг у, сæрд – лæппу-лæг, фæззæг – фарны уазæг, зымæг та – тызмæг зæронд. Афтæмæй сын сæ миниуджытæ дзуры адæймаджы характеримæ баргæйæ.

Уалдзæг нын мæнæ куыд ныв кæны:

*Рахызти нæм хуры тынтæй*
*Тасгæ-масгæ æрдзы рæсугъд.*
*Цъæх йæ къаба, цъæх йæ пух худ,*
*Арвæртывдау у йæ фæхудт.*

Уый хыгъд æм сæрдæн та:

*Фæлмæн цъæх фæсал – йæ сæры хилтæ,*
*Сыгхъæлæс мæнæу у йе схъæл рихи,*
*Хъæздыг халсæрттыл фæкæны цинтæ:*
*Мæцкъуы, хъæндæлы, мæнæргъы, диси.*

*Йæ хъарм дзыппыты, йæ фарны æрмтты*
*Кæнынц нæ мæргътæ сæхицæн ахстон.*
*Рæвдауы æрдзы, рæвдауы сырдты,*
*Дуне йæ хъармæй цæуы йæ тыхы.*

/«Лæппу-лæг»/

Фæззæг æм «Мыдгъуыз боцъо, хъæздыг арæзт». «Ыстыр дзуггæ йæ алвæрсты, йæ фæзындмæ ныннард вæййынц» /«Фарны уазæг»/, зымæгæн та «Цъæх лæдзгуытæ йæ зачъетæй Зæу-зæу кæнынц йæ бæрцуæттæм. Сырдты ахсы сæ уачъитæй ‘Мæ сæ ласы сæ лæгæттæм /«Тызмæг зæронд»/.

Уыцы абарстытæ, уыцы нывтыл цыма бирæ хæттыты сæмбæлдыстæм, суанг адæмон сфæлдыстадæй фæстæмæ фæлхатт кæнынц, фæлæ сæ Дзугаты Георги рæстæджы афонтæм гæсгæ фæд-фæдыл кæй равæрдта сæхи сæрмагонд нæмттимæ – Чызг-уазæг, Лæппу-лæг, Фарны уазæг, Тызмæг зæронд, уымæй рамбылдта.

Ирон фысджытæй, уæлдайдæр 40–50-æм азтæй фæстæмæйы фысджытæй, никæмæй ис зæгъæн, зæгъгæ, йе сфæлдыстад нæ критикæйы бæстон æвзæрст æрцыд.

Уыдонмæ хауы Дзугаты Георги дæр. Фæлæ йын йе сфæлдыстад чи ‘взæрста, уыдон иууылдæр фæнысан кæнынц, йæ поэзийы бæрæгæй кæй зыны, уарзты темæмæ хъулон зæрдæ кæй дардта, уыцы темайыл ын кæй бантыст къорд æйтт-мардзæ уацмысы ныффысын.

Уыцы хъуыддаг бæрæг у ацы æмбырдгондæй дæр.

Зæрдæ йæхимæ æлвасы йæ зынгонд æмдзæвгæ «Ма кæ». Уацмысы лирикон хъайтар лæгъстæгæнгæйæ хаты, рæвдаугæ йæм чи дзуры, уыцы цъæхдзæст рæсугъдмæ, цæмæй йæм дзургæ нæ, фæлæ кæсгæ дæр ма кæна. Зæрдæдзæф у йæ уарзтæй, æмæ йæ нал фæнды ног масты бахауын.

Цъæх денджызау ын кæй цæстытæ уыдысты æмæ йæм стъалытау чи ‘ртывтой, йæ мидбылбахудт «сæуæхсиды

цъыллынгау» кæмæн уыд, хур дæр кæй цуры ницы уыд, уый уыд йæ церд, йæ бон:

*Уый нæ уæндыди нæ кæртæй*
*Махмæ бадзурын мæ номæй…*
*Мачи ракæса мæ бæсты –*
*Бадтæн алы хатт кæронæй.*

Фæлæ уыцы рæстæг фæци. Йæ рæсугъд «æвзонг бонты рæу фынау, айсæфт, афардæг» йæ цурæй æмæ йæ «æхСаргарды æрцъыккау, Йе 'нгæс ачъепп кодта сурæй». Æлгъитынæй дарддæр ын ницы уал баззадис, æмæ йæ æлгъиты:

*Уастæн ма рацæуа рухсмæ,*
*Уарзт ын уарзты адæн ма уа,*
*Судзгæ зæрдæйы æнустæм*
*Сагъдæй чи ныууагъта хъама.*

Фыццаг бакастæй афтæ зыны, цыма уыцы æлгъыст æрмæст былтæ дзурынц, зæрдæйæ нæ цæуы, фæлæ бынтон афтæ дæр нæу. Рухсмæ чи нæ рацæуа æмæ уарзт уарзты адæн кæмæн нæ уа, уый, уæдæ, цы ныфсæй хъуамæ цæра?

Æгæрыстæмæй йæ ахæм æлгъыст фæкодта, æмæ дзы йæ фырмæстæй айрох, йæхимæ рæвдаугæ дзурын æмæ цъæхдзастæй кæсын цы рæсугъды нæ уагъта, уый дæр.

Судзаггаг æлгъыст æмæ уарзæгой чызджы «айрох» та уыцы дзæбæх æмдзæвгæйы аивтæй кайынц.

Чиныгкæсæг зæрдиагæй фæкæсы уарзты темæйыл фыст иннæ æмдзæвгæтæ «Сусæг уарзт», «О, уыцы дыууæ сау цæсты», «Мæ чысыл малусæг» æмæ «Зары хъисфæндыр».

Георги рæвдз уыд йæ сисы цыргъæй, цард адæмæн чи 'нæад кодта, уыдон рæмпъузынмæ. Алы хатт дæр ахæм юмористон уацмыстыл адæм зæрдиагæй сæмбæлынц. Фæкæсынц сæ мидбылхудгæ. Чи нæ хъуамæ бахуда «Хъал дзывылдар», «Чъырттым», «Рувас» æмæ «Къленц чызгыл».

Хъал дзывылдар кæд «Ахстоны мæт никуы кæны, Фендзынæ йæ 'рмæстдæр цæлы, Бон дæс хаты дæтты цæндты»

æмæ бонæн æмкъай æрдавы, стæй та йæ фæуадзы, уæд чъырттымцъиу та чындзы нæ комы. Усгуртæй йæ сæр разылд, æмæ сыл кодта былысчъил: «Ци мæ уынд æмæ мæ аргъæн?» Афтæмæй:

*Бампылд фаухæссæг чъырттымцъиу,*
*Пакъуы адардта æвзист.*
*Усгуртæ кæнынц былысчъил,*
*Нал, дам, акалдзæн йæ фист.*

Чиныгкæсæг хинæйдзаг рувасы хин митæм цас мæсты кæны, уый бæрц, рæсугъддæр уоны тыххæй йæ уæлæдарæсы хуызæн кæмæн нал сты, гæды митæй йæ буарæн фыдмитæ чи кæны, уыцы къленц чызгыл та кæны худгæ. Ноджы йын уæлдай худыны хосдæр дæтты йæ кæрон:

*Дæ даргъ дзабыртыл куыд цыдтæ?*
*Зæгæлы хуызæн – зæвæттæ,*
*Сæ бырынчъытæ æрцытæ, –*
*Лæппутæ хизут уæ тæнтæ.*

Афтæмæй поэт йе 'ппæрддзаг хъайтартæй алкæмæн дæр рахæссы æмбæлон тæрхон. Хъал дзывылдарæй зæгъы – «Ацæгъд ахæмæн йæ пакъуы, Гъе, йын ацъæл кæн йæ базыр, Гъе, уæд фехæлид йæ ахуыр»; чъырттымæн йæ хин йæ сæрыл æртыхст, йæхиуыл ын райдыдтой усгуртæ былысчъил – «Нал, дам, акалдзæн йæ фист»; рувасы рувасмитæм лирикон хъайтар, пысырайау кæй дуды, уый йын йæ царды æнцой никуы ратдзæнис; къленц чызг та лæппуты зæрдæйы ныххауыны бæсты адæмæн худæджы хал сарæзта йæхицæй.

Аив, зæрдæмæдзæугæ у балладæ «Саджы богъ».

Æрдзы рæсугъд хуызмæ кæсгæйæ зæрдæ фæрайы. Цыма хъусæм, тар хъæд куыд райхъали йæ фынæйæ, куыд «Байдзаг цин, цъыбар-цъыбурæй. Сыфтæр сыфтæры хъæбысы Сусу-бусу систа».

Ноджы ма уыцы диссаджы æрдзы хъæбысы æрдузы кæронæй сæрджын саг куы фæзыны, уæд бынтон ныррухс вæййы зæрдæ:

*Хур ын абаста йæ сытыл*
*Йе 'взист синаджы кæрæттæ,*
*Ласы йæ сындæг йæ фæдыл*
*Авгриу Леуахийы донмæ.*
*Саг æрæвнæлдта, ныуазы –*
*Доны таг рæсугъд йæ хъуыры*
*Уайы рог хъæл-хъæлгæнгæйæ.*

Фæлæ уыцы рæсугъддзинад айсæфы саджы фестъæлфт æмæ сау сынты хъуахъхъмæ. Айсæфынц, сау сынты «ауuон, сау дзуарау, уырыл» куыд аленк кæны йæ фæстæ, æмæ куыд айсæфы, афтæ. Æрдзы цыфыддæр знаг топпы гæрахæй æрфæлдæхта æрдзы фидыцы, стæй йын йæ хурхыл хъама æруагъта.

Фæлæ хъуыддаг ууыл нæ фæци. «Саджы тугæрхæм рæсугъд» сæры богъæй цаунон дæр фæци зæрдæскъуыд.

*Сау сынт ратахти ныллæгдæр,*
*Айхъуыст хъарæгау йæ уасын.*
*Й 'ауuон мæрдты уæлæ айтынг,*
*Ног къахт ингæны дзуарау.*

Афтæмæй поэты бон баци, æрдзимæ адæймаг йæхи дæр кæй сафы, уый равдисын.

Ууыл дзурæг у балладæйы кæрон дæр: уаты къулыл саджы сæр, йæ сытыл «Йе 'ргæвдæг хъама – æгъатыр, Саудзых, бур тæлы хъримаг».

*Саг йæ цæстытæ ныхгæдта,*
*Кæд йæ туджджынты йæ уæлæ*
*Ныр уынгæ уæддæр нæ кæнид…*

Чиныг асæй стыр нæу, фæл дзы зыны поэт Дзугаты Георгийы поэтикон фæндаг. Иу уацмыс иннæйы фæдыл йæхимæ æлвасы чиныгкæсæджы.

«Саджы богъ» сæрмагонд сери «Библиотекæ «ЦЫКУРА»-йы кæй рацыд, уый, саджы богъау, кæй азæлдзæн, æмæ не ‘ннæ поэттæн дæр мыхуыры кæй федзыстæм ахæм чингуытæ, уымæй æвæры ныфс.

2002

## РОХСАНÆЙÆН – РУХС ПОЭЗИ

Литературæйы фылдæр хатт куыд вæййы, – алы фондзыссæдз фыссæгæн дæр сæ дæс æмæ цыппарыссæдз райдайынц поэзийæ, – афтæ уыдис Гуыцмæзты Алешы хъуыддаг дæр. 60-æм азты кæрон Уанаты астæуккаг скъолайы куы ахуыр кодта, уæд райдыдта æмдзæвгæтæ фыссын. Техникон æгъдауæй цас цудыдтой, зæрдæйы сыгъдæг, арф æнкъарæнтæ, бадт хъуыды сæ уымæй бæрæг фылдæр уыд. Чиныгкæсæджы удыл иу аныдзæвдæй æдæгъдысты. Фæлæ уайтагъд ахызт прозæмæ.

Æниу йæ цыбыр царды поэзийыл йæ къух никуы систа. Уымæн æвдисæн – йæ сабитæн фыст æмдзæвгæты чиныг «Рохсанæ».

Чиныг асæй стыр нæу: æдæппæт 10 æмдзæвгæ, 1 аргъау æмæ 2 тæлмацы, фæлæ нымæц гъæд æвдисæг никуы вæййы. Алешы æмдзæвгæтæ дæр кæд цъус æмæ цыбыртæ сты, уæддæр æлхæнынц адæймаджы зæрдæ. Уайтагъд дзы æрбынат кæнынц. Мæнæйдæр-ма:

*Æгоммæгæс,*
*Пыхцылсæр*
*Æвзæр чызгыл –*
*Æхснырсæг.*
*Йæ фындзы дон лæдæрсы…*
*Мæлæты чызг! –*
*Нæ тæрсы...*
*Уазалы куы хъазыд!*
*Уазалы куы ныссалд!*
*Ныр ыл йæ хин разылд…*
*Уадз æмæ æхснырса!*

(«Æгоммæгæс»)

Уый – ӕнӕхъӕн ӕмдзӕвгӕ. Ӕмӕ кӕд ӕгоммӕгӕс пыхцылсӕр дӕр у, «ӕвзӕр чызг» дӕр у, ӕхснырсӕг дӕр ыл ис, уӕддӕр ӕй уарзӕм. Уымӕн ӕмӕ, уазалӕй нӕ тӕрсы. Ныссалд, фӕлӕ уӕддӕр хъазыд. Ӕмӕ кӕд «хинӕй» дзырдта, уазалӕй нӕ тӕрсын, зӕгъгӕ, уӕддӕр йӕ чысыл «хин» цӕуы нӕ зӕрдӕмӕ. Уымӕн ӕмӕ дзы ницы фыд ӕруадзы. Йӕ чысыл хъайтарты ӕнӕхин «хинтӕ» ӕмдзӕвгӕ афтӕ бахорз кӕнынц, ӕмӕ адӕймаджы хъуыдымӕ фӕцӕуынц сӕхӕдӕг.

«Дӕллагхъӕуы чызджытӕ»-йы кӕсӕм:

*Дӕллагхъӕуы*
*Цы хъӕуы,*
*Уый сын гъеныр*
*Зӕгъдзыстӕм.*
*Уый сын гъеныр*
*Зӕгъдзыстӕм,*
*Стей нӕ гъеуӕд*
*Нӕмдзысты!*

Ам дӕр та уыцы чысыл «хины» алыварс «зилы» ӕмдзӕвгӕ – нӕмдзысты нӕ, фӕлӕ, цы сты, уый сын хъуамӕ бамбарын кӕнӕм.

Ӕмӕ бацыбӕл кӕны чиныгкӕсӕджы: барвӕндӕй над цӕй тыххӕй исынц, уый цы уыдзӕнис, цы сын хъуамӕ зӕгъой? Ӕмӕ базонӕм, ӕмдзӕвгӕ дарддӕр куы бакӕсӕм, уӕд, Дӕллагхъӕу цы сты, уый:

*Тыфтысӕртӕ,*
*Тындтытӕ,*
*Сӕ чызджытӕ*
*Фыдуындтӕ.*

Фӕлӕ уый фаг нӕу. Иугӕр нӕ нӕмдзысты, уӕд сын хъуамӕ, нӕ зӕрдӕты цы ис, уыдон иууылдӕр фӕфидис кӕнӕм «фидиссӕгтӕн»:

*Сӕ къӕтӕ сты*

*Фæйнæджытæй,*
*Кондæй-уындæй –*
*Хæйрæджытæ,*
*Сæ сæры хъуын –*
*Бумбулитæй,*
*Сæхæдæг та –*
*Маймулитæ…*

Афтæмæй базонæм, сæхæдæг хæйрæджытæ æмæ маймулитæ куыд не сты, афтæ сæ къæхтæ дæр фæйнæджытæй кæй нæ уыдзысты, сæ сæры хъуынтæ – бумбулитæй, сæ сæртæ – тыфты. Фæлæ бахудæнбыл вæййæм, лирикон хъайтарты Дæллагхъæуы чызджытæй цы хъæуы, ууыл: ма сæ нæмæнт, æмæ сын ма фидис кæной.

Алешы сабитæн фыст поэзийы сæрæй кæронмæ цæуы уыцы фæлмæн, рæзинæгты зæрдæтæ кæмæй барухс уой, сæхи ныхасæн дæр характæрон чи у, тыхæй кæнгæ нæ, фæлæ æрдзæй кæй рахæссынц, уыцы æнæхин юмор. Гыццыл лæппу йæ дадайы дынджыр худт куы ныккодта, уæд æрмæст йæхимæ нæ фæкæсы уый худæг. Йæ сыгъдæгзæрдæ æнæхин ныхасыл æнæбахудгæ ничи фæуыдзæнис:

*Æз дадайы дуду лæппу*
*Дадайы худ ныккодтон,*
*Фæлæ ма мын*
*Дадайы худ*
*Гыццылгомау*
*Дынджыр у.*
(«Гыццыл лæппу дынджыр худы»)

Фæлæ ууыл дæн не ‘рлæууы автор. Уацмысы хъуыды æндæр у. Гыццыл лæппуйы бæллиц дарддæр æнхъæвзы:

*Ехх, тæхуды,тæхуды,*
*Мæхи аккаг*
*Дынджыр худ мын*
*Куы уаид,*
*Уæд æй бæргæ*
*Ныккæнин.*

*Уæд дадайы*
*Гыццыл лæппу*
*Бæргæ суаид*
*Дынджыр лæппу...*

Æмæ йæ хуымæтæджы, мыййаг, нæ фæнды стыр лæппу суæвын! Йæхи бæллицтæ, йæхи авналæнтæ хъуамæ фæуæрæхтæ кæна, цæмæй зына дардмæ, аргъуцы аккаг уа. Фæлæ йæ не 'мбæхсы, æмæ уыцы сыгъдæг зæрдæ у цымыдисон. Æмдзæвгæйы уый кæны æцæг зæрдæмæдзæугæ:

*Ницæмæй дæр нæ тæрсин,*
*Стæй ма ноджы нæ тæрсин*
*Дæлæсыхаг*
*Дæлæсин*
*Кортогоппа*
*Æппæлойты*
*Тыппойæ...*

Уыцы фæлмæн юмор нæ сæфы, дзырдтæ, рæнхъыты ауæттæй æрттивы æмдзæвгæтæ «Гукки-гукки», «Гакк-гукк», «Зоны цæуын Рохсанæ», «Хорз чызг», «Аргъау-биргъау», стæй иннæ уацмыстæй дæр.

Къобор иунæг кæй у, иунæгæй йын ифтындзæн кæй нæй, уый тыххæй галиу у. «Æгас комы хъомтæм хыл кæнынмæ фæтындзы, ифтындзын та нæ комы». Фæлæ йæм уæддæр нæ мæсты кæнæм, уымæн æмæ йын уыцы «галиу» рæстæг бирæ нæ ахæсдзæнис:

*Багъæц, Къобор, багъæц! –*
*Цъæхой дæр у гайлаг,*
*Æмæ Цъæхой ысуыдзæн*
*Тагъд рæстæджы ыстыр гал.*
*Багъæц, Къобор, багъæц, –*
*Цъæхоимæ ахæц!*
(«Багъæц, Къобор!..»)

Афтæмæй нæ Къобор айрох вæййы, Цъæхой йын аккаг кæй фæуыдзæн, кæд нырма род у, уæддæр, уый нæ уырны, æмæ йыл цин кæнæм.

Алеш хорз зыдта æмткæй адæймаджы, стæй сабийы психологи. Уымæ гæсгæ архайдта æмдзæвгæты уæлдай дзырдтæ, уæлдай деталтæ, хъуыддæгтæй сыгъдæг кæныныл. Цæмæй йын рæнхъытæ æгæр зын кæсæн ма уой, уый тыххæй архайы уыдон цыбыртæ кæныныл. Фæсаста-иу сæ. Кодта сæ æнцондæр кæсæн:

*Мæ чызг – зондджын,*
*Уындæй – кондджын,*
*Йæ цæстытæ – ыстыр, –*
*Рæсугъд ын сты.*
*Нæ кæны*
*Сым-сым,*
*Нæ кæуы, –*
*Хуыссы.*
*Хуыссы ‘мæ хуыссы,*
*Уый уарзы æхсыр.*
*Уадз уарза æхсыр.*
*Тагъд ауа ыстыр…*
(«Хорз чызг»)

Стæй цахæм рифмæтæ аразы: «Нæ кæны – нæ кæуы», «Сым-сым – хуыссы». Æмдзæвгæйы рæнхъытæ цъæл кæны æмæ сын рифмæ кæны, кæм фæцъæл вæййынц, уыдон дæр. Мидрифмæтæм хъавыдис, æмæ йын рауадысты рæнхъ-рифмæтæ. Куынæ сæ асастаид, уæд ын уыдаиккой афтæ:

*Нæ кæны сым-сым,*
*Нæ кæуы – хуыссы,*

Рæнхъытæ рифмæ кæнынц дзырдæй-дзырдмæ: «нæ-нæ», «кæны-кæуы», «сым-сым – хуыссы».

Ирон литературæйы уый, кæй зæгъын æй хъæуы, бынтон ног нæу. Къостамæ фондзыссæдз азæй раздæр уыд. «Скъолайы лæппу» ийуылдæр уыцы аивадон амалæй фыст у:

*– Кæй фырт дæ?*
*– Толайы.*
*– Кæм уыдтæ?*
*– Скъолайы…*
*Алæбон дæр дзы вæййын.*
*Фæкæсын*
*«А-бе-тæ»,*
*Фæфыссын*
*«Бе-ве-тæ», –*
*Ахуыр кæнынмæ бæллын.*

Уымæ дæр ирон адæмон сфæлдыстадæй цыд. Фæлæ афтæ сусæггагæй аззад ацы аивадон амал, æмæ нын абон дæр ног у. Алешмæ та бынтон æнæнхъæлæджы нæ фæзындаид, кæд рифмæтæ аразынил йæхи бынтон нæ тыхсын кодта, уæддæр. Уымæн æмæ йыл ацы бæрц æмдзæвгæтыноджы дæр æмбæлæм алыхуызты:

*1. Аргъау-биргъау…*
*Бирæгъы аргъау…*

*2. Бирæгъ ниугæ*
*Чиугæ-чиугæ…*

*3. Куыдз дæр хорз ис –*
*Нæхи Корис!*
(«Аргъау-биргъау»)

*4. Ацы ‘нафоны у афон*
*Сабитæ кæной фынæй.*
*У ныр афон… У фынафон…*
*Сабитæ, фынæй, фынæй…*
(«Авдæны зарæг»)

Ацы строфæйы фыццаг æмæ æртыккаг рæнхъытæ æрмæст рæнхърифмæ нæ аразынц, фæлæ сæ ис мидрифмæтæ дæр.

*5. Уазалы куы ныссалд!*
*Уадз æмæ æхснырса!*
(«Æгоммæгæс»)
*6. Бакæнут ма уе 'хгæд дуар,*
*Рацæут-ма иугай-дыгай.*
(«Кæрчытæ, рувас æмæ Мила»)

*7. Уадз уарза æхсыр,*
*Тагъд ауа ыстыр…*
(«Хорз чызг»)

Иууыл комкоммæ рæнхъ-рифмæтæ не сты, ома, дзырдæй-дзырдмæ нæ рифмæ кæнынц, сты амад рæнхъ-рифмæтæ, фæлæ уыйбæрц цæвиттонтæ, ома, æнæнхъæлæджы уой?

Æнæнхъæлæджы ницы вæййы. Мæ бон у фидарæй зæгъын, кæд сæ зонгæ-зонын нæ арæзта, уæддæр сæ хатыд удæй. Цыдысты йæм сæхихъæдæй йæ мидхъуыдыйы æвæрæнтæй.

Æмæ нæм иугæр дзырд рифмæйыл æрхаудта, уæд ма чысыл æркæсæм, цахæм аив æмæ алыхуызон рифмæтæ кодта.

Хуымæтæг рифмæтæ:

*1. Зултæ-мултæ куы ауайы,*
*Мæ зæрдæ дзы уæд байрайы.*
(«Зоны цæуын Рохсанæ»)

*2. Тыфтысæртæ,*
*Тындтытæ,*
*Сæ чызджытæ –*
*Фыдуындтæ.*
(«Дæллаг хъæуы чызджытæ»)

*3. Иууыл хъазы*
*Гæккытæй,*
*Хъылдымтæ 'мæ*
*Гæппытæй.*

(«Гукки-гукки»)

Уымæ йæ бон уыд, арæзтаид тынг хъæздыг рифмæтæ:

6* Хъазиты Мелитон

*4 Гæды рувас афтæ загъта:*
*Цы пайда у ацы загъд та.*

*5. Куы рацахсид рувасы.*
*Рувас уасы…*
(«Кæрчытæ, рувас æмæ Мила»)

*Цæуыл худы*
*Ацы тæвды,*
*Ацы ‘нуды?..*
(«Гыццыл лæппу дынджыр худы»)

Ассонансон рифмæтæй пайда кодта арæх. Стæй уыимæ тынг аив. Дæхи куынæ фæнда, уæддæр сæ хъус æнæацахсгæ нæ фæуыдзæнис. Уыцы-иу къæрццæй сæмбæлынц зæрдæйыл:

*1. Йæ цæстытæ – ыстыр, –*
*Рæсугъд ын сты.*
*(«Хорз чызг»)*

*2. Уый сын гъеныр*
*Зæгъдзыстæм,*
*Стæй нæ гъеуæд*
*Нæмдзысты!*

*3. Сæ къæхтæ сты*
*Фæйнæджытæй,*
*Кондæй-уындæй*
*Хæйрæджытæ,*
*Сæ сæры хъуын –*
*Бамбулитæй,*
*Сæхæдæг та –*
*Маймулитæ…*
(«Дæллаг хъæуы чызджытæ»)

Ацы рифмæтæ: «ыстыр – сты», «зæгъдзыстæм – кæндзысты», фæйнæджытæй – хæйрæджытæ, бамбулитæй – маймулитæ» – иууылдæр сты ассонансон; фыццаг раифмæтæ нæлон сты, дыккæгтæ – сылон.

Чиныг, ноджыдæр зæгъон, гуырахстæй чысыл у. Фæлæ дзы æрмæст рифмæтæ куыд алыхуызæттæ сты, уый кой хуымæтæджы нæ кæнын. Уыдон сты сæрмагондæй цæстæвæрыны аккаг. Сæ ахадындзинадæй дæр. Сæ алы хуызтæ æмæ арæзтæй дæр.

Мæнæ йæм цахæм амад рифмæтæ ис:

*1. Цы аккаг у*
*Ацы гакк-гукк?*
*Æнаккаг у*
*Цъиухор гакк-гукк!*
(«Гакк-гукк»)

*2. Зоны цæуын Рохсанæ.*
*Сывæллæтты æхсæн уа...*
(«Зоны цæуын Рохсанæ»)

*3. Кæд разынат бæрцæй къаддæр, –*
*Ма фæтыхсут: æз дæр ам дæн...*
(«Кæрчытæ, рувас æмæ Мила»)

Фæстаг рæстæджы нæ поэзийы омонимон рифмæтæ тынг сарæх сты. Афтæ арæх, æмæ бирæ хатт хъустæ фæхуычъытæ кæнынц. Бæргæ дзырдтæ æмзæлланг фæкæнынц, фæлæ, цы хъуыдыйадты уой, уыдон сын къух куынæ дæттой, уæд уацмысæн фыдбылызы хосæй дарддæр ницы вæййынц. Уымæ гæсгæ сæ арæхстгай хъæуы пайда кæнын. Уæлдайдæр сабитæн фыст уацмысты.

Уыцы хъуыддаг хорз зыдта Гуыцмæзты Алеш. Хорз æй зыдта, æмæ сæ пайда дæр кодта хорз:

*1. Гыццыл лæппу*
*Дынджыр худы*
*Уынгмæ рацыд*

*Ӕмæ худы.*
(«Гыццыл лæппу дынджыр худы»)
*2. Ӕгас комы*
*Хъомтæм*
*Хыл кæнынмæ фæтындзы, –*
*Ифтындзын та нæ комы…*
(«Багъæц, Къобор!..»)

Ноджы аивдæр та йын амад омонимон рифмæтæ рауайынц. Амад рифмæтæ дæр цыма нæ вæййынц, фæлæ æрдзон æгъдауæй сæвзæргæ:

*3. Нæ къобор гал иу у,*
*Уый тыххæй нын галиу у.*

*4. Ацы гал нын иу у,*
*Уый тыххæй нын галиу у.*
(«Багъæц, Къобор!..»)

Фæстаг цæвиттоны амад рифмæйы дзырд «нын» æвæрд у астæуæй, дыккаг рифмæгонд дзырдты та рагæпп кодта размæ, фæлæ афтæмæй цыма рифмæ ноджы фæрæсугъддæр ис. Стæй сæ автор йæ размæлæууæг амад рифмæимæ фæдфæдыл хуымæтæджы нæ равæрдта. Цæмæй сыл цæст схæца. Ӕмæ сты уый аккаг. Ноджы нын иу цæвиттонæй æргом кæнынц, ирон аив дзырд куыд тасаг æмæ зæллангæнæг у.

Афтæ арæхстгай æмæ зæрдæмæдзæугæйæ спайда кодта æндæр аивадон амал – рифмæйы «æфсымæр» аллитерацийæ дæр, ома, дзырдты æмхуызон кæнæ æнгæс зæлтæ æмзæлланг куы фæкæнынц, уымæй:

*1. Хуыссы.*
*Хуыссы ‘мæ хуыссы,*
*Уый уарзы æхсыр.*
*Уадз, уарза æхсыр.*
*Тагъд ауа ыстыр…*
(«Хорз чызг»)

*2. Худы,*
*Худы…*
*Цæуыл худы*
*Ацы тæвды,*
*Ацы ‘нуды*
*Гыццыл лæппу*
*Дынджыр худы,*
*Дынджыр худы,*
*Хъуынджын худы?*
(«Гыццыл лæппу дынджыр худы»)

Æмдзæвгæ «Гакк-гукк» та æнæхъæнæй фыст у аллитерацийæ. Фæлæ дзы хъус нæ фæлмæцы:

*3. Цы аккаг у*
*Ацы гакк-гукк?*
*Æнаккаг у*
*Цъиухор гакк-гукк!*
*Гакк-гукк,*
*Гакк-гукк! –*
*Хъæр кæны,*
*Афтæмæй та цы хæры?!*
*Æлгъы аккаг*
*Дæ гакк у!*
*Æнаккаг дæ,*
*Гакк-гукк!*
*Исчи дæр ма цъиутæ хæры?!*

Дзурыны аккаг сты «Гукки-гукки», «Багъæц, Къобор…» æмæ æндæр æмдзæвгæты тæхгæ рифмæтæй куыд пайда кæны. Адæймаджы хъусдард сæхимæ здахынц «Аргъаубиргъау», «Зоны цæуын Рохсанæ», «Гыццыл лæппу дынджыр худы», стæй иннæ уацмысты куыд ферттивынц фольклорон мотивтæ, фæлæ сæ автор йæхи джиппы куыд ауадзы. Зæрдæмæдзæугæ рауадысты чысыл æмдзæвгæтæ англисаг адæмон уацмыс «Амцæф-Уымцæф» («Шалтай-Балтай») æмæ Джанни Родарийы «Фынæйы дзæкъул»-ы тæлмацтæ уырыссаг æвзагæй. Стæй уацмыстæн сæхи

аивтыл нырма бирæ дзурæн ис. Фæлæ æнæуыдон дæр мæ ныхас æгæр ныддаргъ.

Бæлвырд, стæй бынтон бæлвырд у иу хъуыддаг: Гуыцмæзты Алеш æрмæст зынгæ ирон прозаик нæ уыд, фæлæ диссаджы курдиатджын поэт дæр. Фæлæ, не знæгтæ фæкуæнт, йæ курдиат ын кæронмæ райхæлын, йæ зæрдæфысты зæгъинæгтæ йын гæххæтмæ æххæстæй рахæссын чи нæ бауагътой.

Мæ хъуыдыйæн æвдисæн – йæ фыццаг чызг Рохсанæйæн нывæзт рухс поэзии.

17. 04. 04.

## КЪОСТАЙЫ ПУБЛИЦИСТИКÆ

Океан иунæг цæугæдонæй океан никуы вæййы, стæй дзы æддæмæ дæр æрмæст иунæг дон цæуа, уый никуы уыдзæнис. Ирыстоны кад æмæ намыс, нæ ивгъуыд, абон æмæ нæ сомбон – Хетæгкаты Къостайы аивад та у, адæмы хъынцъым алырдыгæй кæмæ хауд, æмæ æддæмæ бирæ суадæттæ кæмæй цæуы, ахæм æгæрон океаны хуызæн. Зонадон кусджытæ – «океаниртасджытæ» йæ фæлгъауынц, фæлæ йын йе 'рфытæм нæ хæццæ кæнынц. Гъай-гъай дæр, уый ивгъуыд æнусы 90-æм азты Кавказы нæ, фæлæ Некрасовы амæлæты фæстæ æнæхъæн Уырысы дæр иууыл стырдæр поэтыл æнæнхъæлæджы нæ цыд нымад, йæхи сфæлдыстадæй йыл дæсгай хæттыты фылдæр чингуытæ æрцыд фыст, фæлæ йе 'гæрон, æппæтфарсон тæмæнкал курдиат фæйнæрдæм кодта цæлхъытæ, йæ цыргъ сис фæллойгæнæг адæмы æфхæрджытæ, стигъджытæ æмæ лыскъуд, ницæйаг удгоймæгтæ рæхойынæн уыд арцы цыргъ фындзæй фыддæр æмæ йæ нывæфтыд аивадон уацмыстау йæ арф, рæстæджы зæрдылæмбæлæг публицистон уацтæ дæр, йæ дуджы риссагдæр фарстытыл дзурæг кæй уыдысты, уыимæ бæрзонд аивадон æмвæзадыл фыст кæй цыдысты, уый йын радта 90-æм азты Кавказы, æрмæст Ирыстоны нæ, фæлæ Кавказы иууыл стырдæр журналисттæй иуы ном.

Кавказы уымæн банысан кодтон, æмæ Къоста йæхædæг фыста: «Дуне мын – аргъуан, мæ уарзт сыгъдæг у, уаз. Зæххы къори фыдыбæстæ мæнæн». Цардмæ йæ поэзийы æрмæст къуындæг национ цæстæнгасæй куыд никуы каст, афтæ йæ публицистикæ дæр у æппæтадæмон. Къостайы хуызæн генийы æрмæст иу къуым, стæй афтæ куы зæгъон, æрмæст иу наци нæ ратты, фæлæ æмткæй дуг, адæймагад, уæддæр, æвæццæгæн, нæ фæрæдидзынæн, æмæ сæхæдæг

дæр национ хъузджы нæ бацæуынц, сæ дзырды сæр свæййы адæймагад. Къостайы зæрдæмæ дæр, океанмæ хауæг цæугæ дæттау, алырдыгæй ныллæууыдысты, кæй æхсæн цард, уыцы нациты фæллойгæнæг адæмы хъынцъым, хъизæмар, рухс царды фынтæ æмæ сси се 'ппæты сæрхъызой. Хæдхæцæг паддзахады раз сын аив нывтæй æвæрдта сæ цард, домдта сын æхххуыс, тох кодта сæ сæрыл. М. Шагинян дзы уымæн зæгъы: «Къостайы хиуылхæцгæ сисы цæфтæ йын уыдысты (ома, паддзахы хицауадæн – Хъ. М.) цыфæнды революцион романтикæйæ тæссагдæр».

Адæм сæ бæллицтæ, сæ цард цы аивады уынынц, уый кæддæриддæр сæ зæрдæтæм лæууы хæстæг, æвæрынц æй бæрзонд. Къостайы уацтæ æрмæст фæллойгæнæг адæмæн нæ, фæлæ йе 'мдзæвгæ «Додой»-ы зæйæн цы тæрхоны лæгты ласын кæны, уыдоныл дæр куыд æндæвтой, уый ирд æвдыст у, поэт Цæлыккаты Алыксандрмæ 1899-æм азы 8-æм майы цы фыстæг ныффыста, уым: «Абон уыдтæн кн. Ухтомскимæ, «Петербургские ведомости»-йы редактормæ. Чысыл ма бахъæуа, хъæбыстæ дæр мын фæкæна. – Гъы, зæгъы, цытæ сарæзтам нæ уацæй... Кæрæдзийы къухтæй йæ скъæфынц... æндæр ницы уал кой ис... Куропаткин мæм æрбарвыста йæ адъютанты... Министр, дам, тынг смæсты... ацы æнæуагдзинæдтæн, дам, кæрон скæнын хъæуы... Ахæм хъуыддагæн дарддæр быхсæн нал ис. Ацы сæрд æнæхъæн къамис хъуамæ арвитæм, Терчы областы цы цæуы, уыдон иууылдæр бæстон сахуыр кæныны тыххæй».

Дзырд цыд Къостайы зынгæ уац «Цæгат Кавказы æнæсæрфатдзинæдтæ», зæгъгæ, ууыл.

Уым автор, фæллойгæнæг адæмы æбардзинад, сæ кæуинаггаг уавæр, бынæттон хицæуттæ сæ æгъатырæй куыд æфхæрдтой, сакъадах Человмæ абырæджы номимæ куыд æрвыстой, бынæттон хицæутты зондыл лæуд чи нæ уыд, уыцы рæстагон адæмы, æмæ сæ уым хъизæмарæй куыд мардтой, æппæт уыдон афтæ ирд æмæ зæрдæмæхъаргæ равдыста æмæ, йæ кæсгæйæ, поэтæн йæхи фыстæджы куыд зыны, афтæмæй æрмæст рæстаг адæмы зæрдæтæм нæ бахъардта, фæлæ æхсинылæгтæ сæхæдæг дæр райдыдтой сырх кæнын.

Публицистикæйы æцæг тых уый мидæг ис, æмæ кæуыл фыссыс, уыдон, йæ кæсгæйæ, сæхæдæг куыд ныккæрзой.

Æмæ цас ис Къостамæ ахæм уацтæ: «Бонраздæр», «Хæххон иварты бæрц», «Нырма дæр æнæаскъуыддзаггонд зæххы фарст», «Скъолайы рæзт Ирыстоны», «Кавказы хæххон фæндæгтæ» æмæ афтæ дарддæр.

Гениалон поэт æмæ публицист адæммæ се 'фхæрджыты ныхмæ æрмæст тохмæ нæ сидт, фæлæ йе 'мдзæвгæ «Балцы зарæджы» куыд зæгъы: «Цæйут, æфсымæртау, Радтæм нæ къухтæ», афтæ йæ публицистикæйы дæр архайы адæмы кæрæдзимæ æнгом кæныныл, цæмæй кæрæдзийы фæрцы цæуой размæ æмæ царды уæззау æфсондзы бын ма 'рхауой...

Уымæн ирд цæвиттон у йе 'мзæххонтæм йæ фыстæг «Зиу».

Поэт, Черноярскы станицæйы Гокинаты хъæуы зынгсирвæзты рæстæджы цы стыр зиæнттæ 'рцыд, уыдой тыххæй йе 'мбæстæгтæм сиды, цæмæй сæ сыхæгты ма бауадзой фæкæлын, балæууой се 'нцой. Уый тыххæй сын æрымысыд рагон ирон традицион æгъдау – зиу, адæм-иу сæрхъуаг адæймаджы æнцой куы балæууыдысты, уый охыл.

Уыцы уац, стæй Къостайы æппæт уацтæ дæр, уæлдайдæр та очерк «Особа», абон дæр нæма фесæфтой сæ ахадындзинад. Æмæ уый у сæ авторы стыр удыхъæдыл дзурæг.

Æмткæй Къостайы публицистикæ, йæ поэзийау, у арф æмæ хæдбындур, æмæ нырæй фæстæмæ дæр Къостайы сфæлдыстад иртасджыты цæстæнгас йæхимæ здахдзæн ног æмæ ногæй. Уый æнæмæнг у бындуронæй сахуыр кæнинаг.

1979

## ÆМБЫРДЫ АГЪОММÆЙЫ ХЪУЫДЫТÆ

Фыссæг, æцæг фыссæг, вæййы иууыл адæймагуарзондæр – искæй хъуагæй уæлдай комдзаг никуы акæндзæн, æвзæры хионы охыл никуы стаудзæн, мæлдзыджы къахыл никуы фæлæудзæн...

Фыссæг, æцæг фыссæг вæййы иууыл æгъатырдæр – арвæй зæххы æхсæн зæдтæ цы хъулон митæ фæкæнынц, паддзæхтæ сæ зæвæтстъæрджытимæ дур кæуыл ныффæлдахынц, адæм се скойæ дæр ризгæ кæмæн фæкæнынц, уыдæтты дæр уый ракалы хурмæ, æрæвæры сæ рæстæджы тæрхоны раз. Афтæмæй алы адæймагыл дæр зæхх, æрдз æмæ адæймагады раз цы стыр хæс и, уый алчи бæлвырдæй куы зонид, уæд, æвæццæгæн, бирæтæ нал уаиккой разы æрмæст сæ хъысмæтæй нæ, фæлæ сæ райгуырдæй дæр.

Адæймаг цас къаддæр зоны, уый бæрц йæхимæ кæсы æнæазымдæр, йæхи аиппытæ æмæ хæстæ февæры æндæртыл. Æмæ уый, чи зоны, сæ амонд у, фæлæ дурсæттæгæн йæ бон у дур сæтта, зæххкъахæгæн йæ бон у зæхх къаха, асфальтгæнæгæн йæ бон у асфальт кæна, сæ райгуырцæй сыл сæ раттæг Хуыцау цы гакк ныккодта, уымæн мисхалы бæрц дæр мацы хатой, афтæмæй. Уымæн æмæ сæ куыст, сæ дæсныйад у сæ царды, сæ бинонтæ дарыны фæрæз дæр. Фæлæ аивады кусæгæн фыссæг уа æви нывгæнæг, артист уа æви зарæг фæлдисæг уый бар нæй æмæ йæ дæсныйадмæ кæса йæ ахсæны цæстæй, уа йын æрмæстдæр царды, райгуырцæй мæлæты æхсæн цы дæрццæг ис, уый згъуыдтæ йæхи уды æхцондзинадæн, уæлдайдæр, искæй фынгæй дзаджджын хæйттæ давын, æмæ дæ ивæзт ахсæны куыд тайдзысты, уый æхцондзинад æнкъарыны мадзал. Аивад хъуамæ уа йæ номмæ гæсгæ – æнæхин, дзырдхъом, аив. Æмæ иугæр афтæ

у, уæд, быркуыйы цы ныккæнай, уый дзы сисдзынæ, зæгъ-гæ, царды уыцы рæстдзинад нæу диссаг: маргæй нын уд амарын ма хъуамæ хæссын кæна нæ сæртæ бæрзæндты, маргæй хос саразын у адæймагдзинад!

Æмæ зылын фысдзармы, йæ риу хойгæ, размæ куы бырсы, хорз æмæ нæм æвзæрæй цыдæриддæр уыдис æмæ ис, уыдон, сонт къамбецау, йæ цыргъ сæфтæджыты бын æмызмæст куы кæны, рæстдзинадыл дурфæлдахджытæ фыр хæлофæй, мæнæн фылдæр фесафын бантыса, зæгъгæ, сæ кæрæдзийыл дæр куынæуал ауæрдынц нæ уыцы знæт, хæццæ дуджы уæлдай ахсджиагдæр у аивады кусджыты, уæлдайдæр, фысджыты бонзонгæ хъуыддагон ныхас.

Æмæ нын, уæдæ, уым, нæ сæр бæрзонд цæмæй сисæм, ахæм исты æнтысы?

Æнæзæгъгæ нæй, æндзыг заман кæй хонæм, афтæмæй адæмæй тынг бирæ хуыцаумæ се ‘ртæ кæрдзынæй кæй тыххæй кувынц, иунæг бон ма дзы уаддæр куы рацардаиккам, уым тыхджын æдыхмæ топпы кæсæнæй æргом уæддæр нæ каст, зæгъгæ, уыцы рæстæджы-иу нæ бирæтæ сæ риутæ тымбыл къухæй куыд хостой – «хъуамæ уæллæгты тыххæй зæгъæн уаид», «хъуамæ нæ цензурæ ма хъыгдарид», «хъуамæ нæ мыхуыргæнæг фæзынид»... зæгъгæ, уый тыххæй. Ныр уæллæгты кой дæр кæн æмæ дæллæгты кой дæр, цензурæ дæр нæм цыма нал ис, фæлæ уæддæр Къостатæ æмæ Секъатæ не скъуыхæм, стæй ахæм хуызы нæдæр баскъуыхдзыстæм, æмæ нæ рæстæг æмæ адæмы аккаг дзырд нæ мыхуырæй нæ райхъуысдзæн.

Æз афтæ нæ зæгъын, иуæй-иу скойтæ кæнæ нæм скойыл афæлвæрдтытæ нæй, фæлæ кæм сты, «нæ дзурæнтæ нæхи бар куы уаиккой, уæд...»-иу кæмæй æртхъирæн кодтам, дыууæ Иры чи хъуамæ иу кæна, нæ бирæ хъизæмæрттæ бавзарæг æмæ æвзарæг адæмы ивгъуыд æмæ абоныл рæстагæй чи дзура, сæ сæрыстырдзинад æмæ сæрибардзинады тыххæй æфхæрд æмæ ссæстæй дæр йæ уды сыгъдæгдзинад, тырысайау, бæрзæндты чи хæссы, йæ роны дур дарын йæ бон кæмæн нæу, йæхи æмæ йæ сабиты стонг чи ныууадздзæнис, фæлæ æцæгæлоны чи суазæг кæндзæн, нæ уыцы иузæрдыг ирон адæмыл стыр аивадон уацмыстæ?

Æз уый зæгъæг нæ дæн, каркмæ айк æфтауын куы цæуа, уæд æн æнæрæвдуан не 'рæфтаудзæнис. Æфтаугæ йæ æркæндзæнис, фæлæ... Кæм? Хъиамæт байраг дæр кæны, фæлæ, цæй охыл, уый у хъуыддаг.

Æцæгæй нæм чи никуы уыд, уыцы æлдæрттæ æмæ цагъайрæгтыл; чи нæ никуы рæвдыдта, сусæг-æргом нын нæ хурхмæ кард чи дардта æмæ дары, уыцы тыхкæнгæ «хисдæр æфсымæрты» «æхххуысыл»; Ирыстон фыдæй-фыртмæ дуцгæ хъуг кæмæн уыдис æмæ у, æд хъæдтæ, æд дуртæ йæ аныхъуырынмæ чи хъавыдысты æмæ хъавынц, уыцы уæдæгонд хицæуттыл гæдыныхæстæй дымст чингуытæ чи фыстой, уыдон сæ къæхтæ царвы дардтой, сæ фындзтæ – трибунæты...

Æниу, «дардтой» цæмæн зæгъын, кæд æмæ, ныр сæ бынæттæй кæй фæтардтой, уыцы хицæуттæн сæ фынджы кæрон, цумайы лæппуйау, бадыны тыххæй, æрдызт лæггæндтау, сæ къухтæн чи пъатæ кодтой, абон та сыл, цæмæй рæстдзинад баныгæной æмæ сæхæдæг дæр сæ фæлмæн къæлæтджынтæ ма фесафой, уый тыххæй цъыф чи калынц, уыдонæн дæлдæр фæбад зæгъæг куы ничи ма фæци. Афтæмæй йæ тынг хорз зонæм, хæмпæлгæрдæгæн йæ уидаг бынтон быныл куыннæ стонай, уæд æй хъацæн нæ хъæуы, æнæуый дæр та йæ сæр сдардзæнис, бынтон ын æнхъæл кæм нæ уай, уырдыгæй.

Фæлæ уыцы дымст чингуытæ адæмæн фæхæссынц æрмæстдæр хуымæтæджы, зыгъуыммæгонд информаци, сæ автортæн та – гонорар æмæ æгады хос, афтæмæй уымы бæстæм фæвæййынц сæ ныффысджыты разæй æмæ сыл Хъайтмазты Аслæмырзæйы сидзæр сæныкк цъæх фæзæй бауасы æнæввæрсонæй.

Уыдонæн, уыцы дымст чингуыты автортæн, сæ хъуыдыйы кæрон дæр нæй, Ирыстоны хъысмæт Амыраны хъысмæтæй фыддæр кæй фæци, хæхтæм дывæлдахæй кæй у баст, уари йын йæ игæр нæ, фæлæ йæ тугамæхст зæрдæ кæй хæры, кæй йæ уигъы, цæмæй хырхы хуызæн хæхты цыргътыл бынтондæр адих уа йæ астæуыл, асæттой йæ тых æмæ йæ астæумагъз, æмæ холыхортæн хæрд фæуа тагъддæр.

Уый афтæ куыннæ уаид, уæд абон нæ литературæйы

хъысмæтыл, – аивады хъысмæт адæмы хъысмæт у, – хъуамæ нæ цæгаттаг æфсымæртимæ уынаффæ кæниккам, уымæн æмæ иу адæмы цыфæнды ныддихтæ кæн, сæ кæрæдзийæ сæ цыфæнды иртас, сæ кæрæдзимæ сæ хъæр кæнын цыфæнды ма уадз, уæддæр араздзысты иу культурæ, сæ удтæ нывонд кæндзысты иу хъуыддагæн.

Цæвиттонмæ нæ дардмæ цæуын нæ бахъæудзæнис: ивгъуыд æнусы дыккаг æмбисы Хетæгкаты Къоста æмæ Мамсыраты Темырболат сæ кæрæдзи нæ зыдтой, фæлæ фыццаг Ирыстоны, дыккаг «бæстæй скъуыд, æфхæрд лæг» – Турчы зæххыл сæ адæм, сæ Фыдыбæсты рыстæй сæ ризгæ нуæрттæй самыдтой «Ирон фæндыр» æмæ «Ирон зарджытæ».

Уæдæ, сæ фæдонтæм куыннæ хъуамæ хъарид, абон дыууæ Германы, дыууæ Корейы, дыууæ социалон цардæвæрдыл лæуд иу адæм куы иу кæнынц æмæ сын мах дæр сæ ныхдуртæ иуварс куы тулæм, уæд иу бæстæйы, иу паддзахады цæмæн ис дыууæ Ирыстоны?

Æмæ уый дæр, – уый та «дæр» нæу, фæлæ нæ адæмы ссæдзæм æнусы хъынцъым! – афтæ фот, – Амыран йæхи фæндонæй нæу айнæгмæ баст, – фæлæ нын куы ис нæ аивад æмбастæй, иумæ рæзын кæныны фадат, уæд ыл нæхæдæг цæмæннæ тыхсæм, иу къухæй дыууæ къухы тыхджындæр куы сты, уæд иумæ цæмæннæ сисæм нæ ивгъуыды судзгæ цырæгъты, нæ абоны фæдисонты æмæ нæ фидæны ныфсыты, цæмæй сæ, куыд æмбæлы, афтæ нæхи адæм дæр фоной æмæ æцæгæлæттæ дæр баууæндой нæ хъаруйыл, базоной нын нæ тых? Рæстæгæй-рæстæгмæ газет, журнал кæнæ рауагъдады искæмæн зонгæ, гъе, хæлардзинады охыл, ирон литературæйы фарсыл чи нæ бахæца, ахæм истытæ æфсæрмы охыл амыхуыр кæн, уый нæ кæрæдзимæ кæй никуы æрбаввахс кæндзæнис, уый хорз куы зонæм, уæд барæй цъыфты цæмæн цæуæм?

Нæ адæмы удыхъæд нын чи ‘вдиса, ирон литературæйы чи разына, ахæм уацмысы фæндаг нæ мыхуыры фæрæзты хъуамæ Цæгат æмæ Хуссарыл ма дихтæ кæна; хъуамæ йын цыдæр чиныггæндтæ иу ран дæр æмæ иннæ ран дæр ныхдуртæ ма уой, фæлæ, нæ бон цы ‘взæгтыл у, уыцы æвзæг-

тыл æй чиныгкæсджытæм хæццæ кæнæм рæстæгыл. Махмæ та, уыцы нымæцы нæ Фысджыты цæдисты æгуыдзæг куысты тыххæй дæр, Хуссар Ирыстоны фысджыты чингуытæ Цæгатмæ нæ хæццæ кæнынц, Цæгат Ирыстоны фысджыты чингуытæ – Хуссармæ.

Æз афтæ никуы зæгъдзынæн, нырмæ чидæр фыссæджы ном фæхаста, йæ бон цы уыд, уымæй нын фæлæггад кодта, ныр базæронд æмæ йæ хъысмæты æвджид ныууадз; уый, срастгæнæн кæмæн нал уыдзæн, ахæм рæдыд уаид, фæлæ мæм диссаг уый кæсы, йæ зондæй чысыл чи фæиртæсы кæнæ пенсийы чи ацæуы, уыдонæй бирæтæ афтæ цæмæн фæхъуыды кæнынц, фысджытæ хъуамæ рацæуой, фыссæджы куыст иууыл зындæр куы у?

Ноджы диссагдæр та мæм уый кæсы, нæхицæй сын бирæтæ хъузæттæ кæй ныллæууынц æмæ сæ алыхуызты размæ кæй фессонынц, уыдон фæрцы фыссæджы номыл, уыцы нымæцы сæхи нæмттыл дæр, дæлæмæ кæй фæхæцынц.

Афтæмæй фыссæджы æппарæггаг къæбæрмæ æрæвналынц, аив литературæимæ бынтондæр иумæйагæй кæмæн ницы ис, ахæмтæ æмæ, гакк-гукк йæ хъомылгæнæг цъиуæн йæхи лæппынты ахстонæй куыд раппары, цæмæй йæхи сæрибарæй хата æмæ йæ гуыбын æфсæст уа, уыйау, – æвзæр, дæ къух ма бафæллайæд, уый йеддæмæ фысс æмæ фысс, – уыцы фыссæггæндтæ дæр сæ дымст къухфыстытимæ бацахсынц мыхуыры фæрæзтæ, цæрынц фысджыты хардзæй, критикæйæн та нæм фæстаг рæстæджы йæ кой дæр нал ис, æмæ нæм иу æцæг фыссæгæн йæ бон нæу йæ уацмысты аргъæй цæрын æмæ æрмæстдæр литературæйыл хъуыды кæнын æмæ йæ аразын. Иу удуæлдайæ дарддæр та ахæм уавæрты кусын æмæ цæрынæй æвзæнгтæ тæрсгæ кæнынц. Æнамонд цъиуæн-иу йæ хъæбулты сæфт уæддæр хъуамæ уаид зонд-зонæн æмæ-иу æппынфæстаг йæхæдæг дæр ма аирвæзид гакк-гуччы хъæлæсы.

Æви хицауæн йæ фарсмæ йæхицæй хуыздæр уынын йæ удхæссæг куыд у, уыйау нæ бирæтæн сæ цуры сæхицæй æгуыдзæгдæр автортæм кæсын ныфс дæтты?

Афтæмæй, нæ дохтырты аххосæй сæ адзал цас адæм ссарынц, уыдонæн ис банымайæн, нæ зæхкусджытæ æмæ кус-

джыты ӕгуыдзӕг куысты тыххӕй цас тыллӕг ӕмӕ ӕрмӕг фесӕфтам, уый ис базонӕн, фӕлӕ не 'взӕр уацмыстӕй цас адӕмы зӕрдӕтӕ марӕм, сӕ адӕнкъарынад, стӕй, чи зоны, цардмӕ сӕ цӕстӕнгас дӕр цасӕн сафӕм, уыдон дунейы экономисттӕ нӕ, фӕлӕ дӕлимонтӕ дӕр нал банымайдзысты.

Куыд ис уый гӕнӕн, ӕцӕг хъуыдыгӕнӕг адӕм, ӕцӕг хъуыдыгӕнӕг фысджытӕн уа, ныртӕккӕ ӕнӕхъӕн Цӕдисы адӕм сӕ кӕрӕдзи цы ӕвзагыл ӕмбарынц, сӕ кӕрӕдзийы литературӕтимӕ цы ӕвзагыл зонгӕ кӕнынц, – уырыссаг ӕвзагыл, – ууыл альманах уадзыны фадат ӕмӕ йыл дӕ къух ауигъай?

Кӕнӕ ма уымӕй фыдракӕнддӕр цы ис, уӕлдӕрлӕууӕг органтӕ дын бар дӕттон, Александр Дюмайы томтӕ, музыкалон уацмысты ӕмбырдгӕндтӕ (!) цы рауагъдад уадзы, уый хардзӕн сабиты журнал уадзынӕн, хӕрдзтӕ чи кӕндзӕнис, уый дын «нӕ» ма дзура, ӕмӕ фезмӕлыны фыдӕй бацӕуай не 'нахъомты хъыджы?

Фӕлӕ мах, фысджытӕ, дыууӕ азы размӕ уыцы тӕригъӕдӕй дӕр нӕ фӕтарстыстӕм. Кӕд нын исчи арвӕй исты ӕрӕппара, уӕд – хорз, кӕннӕуӕд мӕ фӕстӕ дур дурыл ма-уал баззайӕд, уадз, ӕмӕ ӕз фӕстаг фыссӕг уон (!), къӕвда мыл куыннӕ цӕуы, мыййаг.

Уый ма зонай, их нӕ хойы, фӕлӕ дӕсгай азты ӕфхӕрд ӕмӕ ссӕстӕй нӕ сӕртӕ афтӕ ныддур сты, ӕмӕ йӕ хатгӕ дӕр нал кӕнӕм.

Ӕниу ма цас стӕм – ӕрвыл аз дӕр ӕвзонгӕй-зӕрондӕй мӕлӕм дыгӕйттӕй-ӕртыгӕйттӕй, фӕлӕ нӕ Цӕдисмӕ фӕндзгай, дӕсгай азты не 'рбафты иунӕг ӕвзонг фыссӕг дӕр.

Нӕ зонын, чи куыд хъуыды кӕны, фӕлӕ мӕм афтӕ дзуры мӕ зӕрдӕ, цыма ныртӕккӕ нӕ Фысджыты цӕдисы астӕумагъз чи сты, уыдон, куыд фысджытӕ, куыд сӕ хъуыддаджы дӕснытӕ, афтӕ бирӕ бӕрцӕй схъомыл кодта нӕ зынгӕдӕр фысджытӕй иу, дзӕнӕтыбадинаг Гафез, афтӕмӕй Фысджыты цӕдисы бӕрнон нымӕрдарӕй бирӕ азты дӕргъы куыста капеччытыл ӕмӕ уый куы ацыд, уӕд нӕ йӕ къух уазал доны ничиуал атылдта.

Кæм ис йæ аххосаг, æнæг афтæ суазалзæрдæ стæм, æмæ нæ ницыуал æндавы нæхи удтæй дарддæр æви ма стыр хъуыддæгтæн кæд стыр, парахат зæрдæ фæхъæуы, æмæ нын уый нæ фаг кæны?

Зæххы цъарыл иууыл æнцондæр искæй рæдыдтытæ нымайын у, мæнæн дæр ныртæккæ мæ бон у нымайон æмæ нымайон нæ куысты цухдзинæдтæ, цъус не сты, фæлæ мæнмæ гæсгæ, сæ сæйрагдæр аипп у, кадртæ куыд æвæрд сты, уый.

Иу кæнæ иннæ бынатмæ искæй куы февзарæм, уæд ын йæ авналæнтæ, йæ удыхъæд, йæ арæхстдзинæдтæм лæмбынæг æркæсыны бæсты, тарст страус йæ сæр змисы куыд фæцæвы, – нæ йæ уынын æмæ дзы ирвæзт дæн, – афтæ мах дæр нæ сæртæ нытътъыссæм нæ хъæбысты æмæ нæ алчи дæр фæхъуыды кæны йæхирдыгонау: «мæнæй йын фылдæр бантысдзæнис, уæд æй ныххах кæнын хъæуы», «мæ хæлар, мæ хион у, уæдæ – хорз», «мæсты кæмæ дæн, уый аргæвддзæнис (?), уæдæ йын схæцон мæ къухыл», «искуы мæ истæуыл фæхъыг кодта (?), уæд æргæвдинаг у...»

Уанцон хъуыддаг нæу, уæдæ: нæхæдæг нæхицæй мауал æфсæрмы кæнæм, фæлæ нæ нæ ном куы ‘фсæрм кæна, уæд уый дæр цас лæгдзинад у?

Хъыгагæн нæ айрох вæййы, дзырд цы адæймагыл цæуы, уый мæнæн чи у, кæнæ мемæ куыд у, сæйраг уый кæй нæу; нæдæр иу-дыууæ азы ма кусын æмæ дзы стыр пенсийы ацæуоныл, мæ биографи ма уымæй дæр фæхъæздыг кæноныл хъуамæ ма хъуыды кæниккам; ноджы худинагдæр та – мæхи цард саразон, иннæтæ цыфæнды дæр кæнæнт, чи хъуыды кæны, уыдонæн у. Кæд адæм стæм, фыссæджы ном хæссæм, уæд бынатмæ искæй æвзаргæйæ, раздæр-иу куыд уыдис, афтæ стыр къæлæтджыны бадæг хицауы амындæй ма аразæм нæ хъуыддæгтæ. Йæхицæн кас кæнын чи нæ зыдта æмæ кæмæндæр сир чи арæзта, ахæмты ма уромæм бæрнон бынæтты, фæлæ фыссæджы бынаты кæй æвæрай, уый хъуамæ организатор дæр уа, нæ адæмы патриот дæр æмæ адæймагон адæймаг дæр сæйраджы-сæйраг та, – уый нæ ма хъуамæ ферох уа, – сæйраджы-сæйраг та хъуамæ уа фыссæг, цæмæй:

1) иу литературæ цы дыууæ Ирæн аразæм, растдæр зæгъгæйæ та – цы ирон адæмæн аразæм, уыдон дæр иу кæна æмæ нæ фысджыты дæр;

2) æппынæдзух фæндаг гæрда æцæг аивадæн;

3) кусыны, рæзыны æмæ царды фадæттæ араза фысджытæн æмæ ног фæлтæр хъомыл кæнынæн.

1990-æм аз,
рухæны мæй, 28-æм бон

## ИУ НОМЫР ÆВИ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ЦÆСГОМ

Адæймагыл уынгæджы бон куы акæны, уæд æй хаттæй-хатт йæ сæр нал фендавы, æнæбары митæ ма цы фæкæны, æндæр.

Æмæ фæстаг дæс азы кæд Ирыстоны хуссар хай нæу уынгæджы, уæд ма æндæр, уæдæ, чи? Нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм сармадзантæ æмæ танктимæ лæбурынц, ракетæтæй нæ æхсынц, сæ торнеты нæ цæрдудæй фыцынц, сабийæ зæрондмæ нæ сылгоймагæй-нæлгоймагæй сæ къухмæ чи хауынц, уыдон фысæргæвст кæнынц, удæгасæй нæ судзынц, ныгæнынц... Ноджы сын хъæбыстæ кæнæм, семæ цæлы фынгтыл бадæм, æхсæвæй-бонæй нын нæ базæртты цы уæй кæнынц æмæ цы хæрæм, хæйрæг – йæ зонæг.

Фæлæ нæхæдæг хорз хъуыды кæнæм, раздæр-иу Чъребайы иу лæг куы фæзиан, уæд-иу æй æнæхъæн сахар уæддæр фехъуыстой. Къуырисæр, æртыццæг æмæ майрæмбоны мард йæ сыджытыл сæмбæлын кæнын нæ фæччыди.

Дыууæ дзæнæты бадинаджы сæ фæстаг фæндагыл арвитын-иу кæд иу бонмæ æрхаудта, уæд-иу мæрдджынтæ сæ кæрæдзимæ минæвæрттæ æрвыстой, йæ зиан сæ чи цафон хъуамæ рахæсса, цæмæй сын ма сæмбæлой – нæ фыдæлты æгъдаумæ гæсгæ уый æнамонды хабар у.

Уый – Чъребайы иууыл фылдæр адæм куы цардысты, уæд!

Ныртæккæ нæ иу зынгæ хай æндæр рæттæм хуыздæр цардæнхъæл куы фæлыгъдысты, уæд та нын нæ мæрдтæ ныгæнынæн къай бонтæ нал фаг кæнынц, æмæ сæ, мæгуыр, «пачкæгай» сæ сыджыты хайыл æмбæлын кæнæм къуырисæр бонты дæр, æртыццæг бонты дæр, майрæмбонты дæр, хуыцаубонты дæр.

Иу нæм гуыргæ кæны, цалдæр – мæлгæ.

Уый царды иууыл æгъатырдæр барæн у.

Ахæм дуг куы ‘рæййафы адæмы, иутæ царды хæрзтæ иуылдæр сæхимæ куы фессивынц, иннæтæ та мæлæты къахыл куы слæууынц, уæд уыцы хъуыддæгты аивæй ницыуал аззайы. Уыдæттæ фыддзинадыл бас сты, фыддзинад æмæ рæсугъддзинадæн та иумæйагæй ницы ис. Ахæм дуджы, аивадæн йæхи чи нывонд кæны, уыдон стæм сæруæлдæйттæ вæййынц.

Литературæ та аивадты аивдæр у.

Æмæ, уæдæ, фæстаг дæс азы нæ литературæмæ æркаст кæй нал ис, иу фыссæджы уацмыстæ нæм хицæн чиныгæй рухс кæй нал федтой, нæ иунæг журнал «Фидиуæг» æрдæгыл кæй банцад, уымæн йæхи аххосæгтæ ис, искуы сыл уыдзæнис дзурæг дæр, фæлæ ныл абон нæмгуытæ ихуарæгау куынæуал кæнынц, уæд хъуамæ æргом дзурæм, цы аразæм æмæ нæ аразын цы хъæуы, æппæт уыдæттыл.

Аразинаг та нын бирæ, æгæр бирæ дæр ма ис. Абоны бон нæ литературæйы, куыд æмбæлы, афтæ æвдыст куынæ æрцæуа, аразинаг нын цы ис, уый, уæд уый нæ худинаг уыдзæн. Нæ дуг, нæ цард историйы ныууадзынæн нын ис æрмæстдæр иу  фæрæз – журнал «Фидиуæг».

Æмæ, уæдæ, цы уавæры ис ныртæккæ ацы журнал? Дзуапп дæтты æви нæ дæтты нæ дуджы азфыстæн? Цы уацмыстæ дзы мыхуыр кæнæм, уыдон æцæг аивадон сты?

Æппæт ацы фарстытæн мæ дзуапп раттын фæнды «Фидиуæджы» ацы, ссæдзæм æнусы фæстаг азы фыццаг номырыл æрдзургæйæ. Уырдыгæй дæр, иувæрсыгæй, фæлæ уæддæр зыны нæ литературæ.

Цæмæн афтæ зæгъын?

Нæ аив литературæйæн æппæты фыццаг поэзийæ кæй æрцыд бындур æвæрд, уый йыл абон дæр, кæд æнусæй фылдæр рацыд, уæддæр зыны. Ис нæм хорз прозæ, ис нæм хорз драматурги, ис нæм хорз критикæ, фæлæ та фæкæс æмæ, – кæсаг доны сæр куыд ферттива, афтæ поэзи ныццæхæр калы нæ литературæйы бæрзæндыл.

Ацы журналы бынат разынд литературæйы сæйраг жанртæн. (Æцæг драмой уацмыс тæлмац у, фæлæ не ‘взаг-

мæ тæлмацгонд цы аивадон уацмыс æрцæуа, уый дæр нæхи у). Æмæ уыцы уацмысты ‘хсæн бæрæг дары поззи, номхуындæй – Джусойты Нафийы цикл «Зымæгон сагъæстæ» æмæ Хъодалаты Герсаны æмдзæвгæтæй.

Ирон литературæ бынтон уæлæнгай чи зоны, уыдонæн дæр зындгонд у, Нафи йын цы стыр лæггæдтæ бакодта æмæ кæны, уый; Хъодалаты Герсан дæр йæ тæккæ лæджы кармæ абон нæ бахæццæ, бирæ аив уацмыстæ ныммыхуыр кодта, æмæ сæ дыууæйы нæмттæ ирон поэзиуарзджытæн чысыл хъуыддæгтыл дзурæг не сты. Сæ ацы уацмысты уымæн раргом сæ зæрдæты хъынцъым, сæ удты рис.

Нафийы æмдзæвгæтæ поэты райгуырдыл 75 азы сæххæсты бонмæ æрцыдысты мыхуыр, циклы сæр «Зымæгон сагъæстæ»-йæн символикон нысаниуæг ис, æмæ йын уацмыстæ комкоммæ кæй дзуапп кæнынц, уый бæрæг у.

Поэтæн журнал цы хуызист ныммыхуыр кодта, уый бынмæ хуымæтæджы не сты йæ рæнхъытæ:

*Мæн куы сæвæрид Хуыцау йæ бæсты,*
*Мур нæ раивин æз уæддæр:*
*Æз, муртаттаг лæгау, кувин нæ бæстæн,*
*Æз йæ сæрыл хæссин мæ сæр!*

Уыдон былалгъæй нæ дзуры. Нафи йæ бæстæн стыр хæрзты бацыд æмæ цæуы. Ирон адæм, Ирыстоны раз йæ лæггæдтæ æгæрон сты, ис ын уый бар, зæгъа сæрыстыр æмæ хъæрæй, сæ сæрвæлтау хæссын мæ сæр, зæгъгæ.

Нæ фыссæгæн йæ поэзийы, йæ прозæйы, йæ драматургийы, йæ публицистикæйы дæр... стæй æмткæй рагæй æхсыны йæ зæрдæ, нæ хæхты цъассытæ, нæ сагсимæн уæлвæзтæ, нæ кæддæры нæргæ уæзгуытæ æдзæрæг кæй кæнынц. Ууыл бирæ æмдзæвгæты фæдзынæзта йæ «зын кары» дæр, бирæ йыл фæхъынцъым кодта йæ уацаутæ «Урс-урсид мит», «Зарæг дыуух хъæлæсæй», «Адæймаджы мæлæт»-ы, фæлæ йын уыцы удмарæн катай æнцой нæ дæтты йæ «Зымæгон сагъæстæ»-йы дæр. Уымæн æмæ, адæймаг йе ‘взонгæй цыфæнды ма уарза йæ фыдыбæстæ, уæддæр æв-

зонг уд алырдæмыты цæвæнтæ фæкæны, æмæ диссаг нæу, фæрсаг хъуыддæгтæй куы фæрæвдауы йæхи, фæлæ:

*Лæг ысхылд йæ ныгуылæн æфцæгмæ,*
*Уæд йæ уæзæг – титыччы фæрдыг...*[*]
(«Фыды уæзæг»)

Нафи нырма йæ лæджы, йе сфæлдыстадон хъаруйы ис, æрвылбон уæхскуæзæй кусы, фæлæ хорз, æмбаргæ адæймаг йе ‘взонджы бонты дæр йæхи йæ фæстаг бон, йе ‘нусон фæндагмæ фæцæттæ кæны, цæмæй йыл зæрдæдзургæйæ ма ацæуа. Поэт «ныгуылæн æфцæджы» кой уымæн кæны. «Ныгуылæн æфцæгæй» уæзæджы хъарм тынгдæр фенкъары, æмæ лирикон хъайтармæ кæд «...йæ уæзæг – титыччы фæрдыг...»-ыл ничи кæсы æнхъæлмæ, уæддæр уырдæм йæ «…уд, бæхау – къæбæлмæ баст...», æмæ дзы нæу йæ бон йæхи атонын, стæй ууыл хъуыды дæр нæ кæны, уый нæ, фæлæ ма йæ удæн уынаффæгæнæг дæр скæны йæхи:

*Уæ, мæ уд, нæ хаст уæзæгыл баззай,*
*Иугæр дыл кæйдæр æлгъыст æрцыд,*
*Цард фæлыгъд нæ хæхбæстæй дæ разæй,*
*Уæд нæ зæххæн кæн дæ сæрæй цыт!..*

Афтæмæй лирикон хъайтары саримæ раргом вæййы поэты зæрдæйы хъынцъым, фæйнæрдæм акæлы æмæ æрцахсы чикыгкæсджыты.

Уый, «æрцахсы» – зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ. Æнæуый та æцæгæй афтæ куы уаид, уæд нæ уæзгуытыл фылдæр нæхи аххосæй харæгсындз нæ заид, фæлæ нæ кæмттæ не ‘рмтты хъармæй дидинæг æфтауиккой.

Цæмæй афтæ уа, уый тыххæй зæгъы поэт:

*Иу цæрæг ма... Иу фæздæг ивæзы....*
*Чи йын дæн?..нæ – хион, нæ – æддаг!..*
*Æй, джиди, мæ сæргæхц ын куы сбæззид*
*Къуламады  иу дурæн уæд та!..*

[*] Фидиуæг, 2000 аз, №1, 23-æм фарс.

Лæг «йæ ныгуылæн æфцæгмæ» цæугæйæ, хион дæр кæмæн нал у, фæлæ æддагон дæр кæмæн не сси, уыцы иунæг цæрæгæн цæмæй йæ фыдæлты уæзæгыл йæ арты фæздæг арвмæ ивæ[illegible] сæргæхц куы нæ хæлæг кæна «къуламады иу дурæн уæд та», уæд уый у поэты иууыл стырдæр уарзтыл дзурæг.

Нафи æцæг дæр ахæм уарзтæй уарзы йæ райгуырæн уæзæг. Йæ зонындзинæдтæ, йæ хъару, йæ уд ын уымæн нæ хæлæг кæны, искæй зын йæ зын уымæн у, æнкъардæй уымæн зæгъы:

*Кæйдæр зынмæ кæны мæ зæрдæ къæпп:*
*Лæджы йæ сард, æхсæр уисау, ыздухы.*
*Уæд ме стих у мæ зæрдæйы тæпп-тæпп,*
*Мæ хъуыдыйы æрхæндæг æмæ тухи...*[*]
(«Искæй зын – мæ зын»)

Искæй кæнæ истæй цин дæр æмæ зын дæр, æгæрыстæмæй, æнæуд буары дзурын, худын, рис æмæ сагъæс æмбарын йæ бон у æрмæстдæр поэтикон зæрдæйæн.

Нафийы лирикой хъайтар уымæн зæгъы:

*Мæ цæсты хауæй судзгæ сыг æрхауд,*
*Уæд дзы уынын, кæйдæр нывау, мæхи дæр...*

Уымæн ын у искæй кæнæ истæй цин æмæ рис йæхи цин æмæ рис.

Арв мигъы бын куы фæци, æмæ куы ныргъæвсти иунæгæй кæмдæр фæстаг ыстъалы, уæд уыцы зæрдæйы тыххæй кæсы ныллæг арвмæ «джих æмæ сымæй», уæд уыцы зæрдæйы тыххæй йæ «...удыл, сау мигъау, æрбадт тъыфылгай талынг».

Ууыл у поэты катай, уый йæ æппары сагъæсты, уый йын нæ дæтты æнцой. Æмæ поэт йæхимæ дæтты риторикон фарст:

---

[*] Уый дæр уым, 75-æм фарс.

*Цæуыл у уæд Мæ тыхст?.. Цы ма мæ фæнды мæн?..*
*Æви – мæ фæстаг тас: Мыййаг, æвирхъау талынг,*
*Фæлдзæгъдæн миты væз, фыдтымыгъы дымæн*
*Куынæ ысфæрази æрдабонмæ ыстъалы?!**

(«Иунæг ыстъалы»)

Талынг, уæззау, фыд дугимæ тох поэты æнусон нысан у. Тыхæй йæ, мыййаг, нæ аразы. Йæ удæй цæуы. Цæуы, æмæ йæ чи ‘мбары, уый ахуыр кæны хъуыды кæныныл, цæрыныл, рæстдзинады сæрыл тох кæныныл, искæй рисæй риссыныл.

Нафи та æрмæст адæймаджы рисыл нæ риссы, фæлæ... Суанг куыдзы рисыл дæр.

Куыдз цæрæгойтæй, æвæццæгæн, адæймоджы иууыл æнувыддæр хæлар у. Йæ фæлгонц аивадмæ алыфарсонæй уымæн æрбацыд. Нафийы цæстæнгасæй дæр нæ аззад иуварс. Æгæрыстæмæй йыл уацау дæр ныффыста «Бирæгъы лæппын», фæлæ ам поэт æрмæст куыдзыл нæ дзуры (æниу, æндæр аивадон уацмысты дæр æрмæст куыдзыл нæ фæцæуы дзырд):

*Мит – æфцгуытыл, зæронды гакк – мæ удыл!*
*Æгъæдзар куыйтæн райдыдтон тæригъæд...*
*Дымæгуагъдæй куы хилынц, – зæрдæ дуды,*
*Цыдæр хъæрмуст дон цæстыл бады, мигъау...*

Фæлæ йын уæддæр ис уæлдай хæлардæр:

*Ис иу бур куыдз, æртыкъахыг, нæ уынджы,*
*Мæнузæгъæг ын нæй. Æгъæдзар, иунæг,*
*Æргом нæ цæуы иу лæг дæр йæ хъыджы,*
*Рæвдауæг дæр нæй а-дунейыл иу лæг!..***

---

* Уый дæр уым, 24-æм фарс.

** Уый дæр уым, 29-æм фарс.

Æмæ лирикон хъайтар «Нæ мит уынгты зымæгон урс мæйдары куы» фæзилы йæ «иунæгмæ тæргайæ», уæд æм уыцы æртæкъахыг, бур куыдз, кæцæйдæр рацæуы, æмгарау, æмæ йын йæ иунæг «йæ узæлдæй фæкайы».

Йæхæдæг рæвдыдцух, фæкæсынцух, афтæмæй, царды иууыл тыхджы[illegible]æм, Адæймаджы (!), – уый рæвдауы.

Уый хыгъд ын лирикон хъайтар йæ дзыппы «дары дзулы кæрдих хъармæй», æмæ йын æй тыхæй тъыссы «мыдгай йæ дзыхы».

Тыхæй уымæн, æмæ:

*Сæрыстыр у. Ысхуыстæй рард нæ исы.*
*Лæг у, æрмæст лæгау нæ зоны дзурын...*

Фæлæ, дзурын кæй нæ зоны, уый тыххæй йæм лирикон хъайтар куыдфæндыйы цæстæй нæ кæсы. Уарзы йæ лæджы уарзтæй, æмæ:

*Æртæ къахыл куы фæчиуы мæ цуры,*
*Мæнæн дæр уæд мæ къæхтæй иу фæриссы...*

Йæ тæригъæдæй фæриссы чиныгкæсæджы зæрдæ дæр. Фæриссы поэзийы фæрцы. Æмдзæвгæ ууыл куы фæуыдаид, уæддæр æххæст аивадон уацмыс у, фæлæ уæд федтаиккам цау, зæрдæ кæмæй ныккæрзы, ахæм цау, æмæ нæ базыдтаиккам, адæймаг йæ «иунæгмæ тæргайæ» «мит уынгты зымæгон урс мæйдары» цæмæн фæзилы иунæгæй, æгъæдзар куыйтæн ииуылдæр куы тæригъæд кæны, уæд ын дзы «иу бур куыдз, æртыкъахыг» цæмæн фæцис адджындæр?

Æмæ фергом вæййы лирикон хъайтары уды трагеди:

*Ды, чи зоны, дæ рагбонтæ нæ мысыс,*
*Цæрын дын уæд æнцондæр у, æфсымæр...*
*Мæнмæ мæрдтæй æмгары ныхас хъуысы –*
*Фæивддзаг нæй сæ былты змæлд, сæ сымæн...*

*Кæддæр-иу ам уæхски-уæхск мах зылдыстæм...*
*Уыд цард къæрис, фæлæ нæ ныфс – нæ фидæн!..*
*Ныгуылды бæстæм радыгай тылдысты,*
*Æз ма сын ам бынылзады хæс фидын...*

Æмæ кæд, цуанон æртыкъахыг цæмæн у, уый тары баззайы (ам йæ зонын нæ дæр хъæуы), уæд уый хыгъд фергом вæййы, лирикон хъайтар цæмæн фæзилы зымæгон урс мæйдары йæ «иунæгмæ тæргайæ», æмæ зæххыл кæд цæрæн нæй æвыдæй, уæддæр æй кæй нал ис барæвдауæг, стæй буцтæ кæмæн бакæна, сæ зæрдæтæ йын ахстон кæмæн уыдысты, сæ артмæ-иу йæ арм, йæ уд дæр кæмæн тавта, уыдон ын кæй нал сты, æмæ бур куыдз царды фыдæвзарæнты æртæкъахыгæй кæд баззад, уæд уый та у зæрдæдзæф; нал ын ис, йæ зæрдæйы сагъæстæ кæмæн ракæна, уый дæр.

*Ныр иунæгæй мæ зæры бонтæ тонын,*
*Æвзоны мæ дыгъуырццæг маст фыдæлтон!*
*Цыма ныххаудтæн тъæнджы мæйы доны,*
*Æмæ мын нæй нæ рахызт, нæ фæдæлдон...*

*Ды дæр мæ сих... Фыд хъызт дæ, халау, уигъы,*
*Фæлæ быхсыс, лæгау, мæ фарсмæ чиуыс...*
*Æз – салд къæсы, ды – тар дæлбазыр ихыл...*
*Бæрæг дзы нæй – тæхудиаг нæ чи у...*

Уый хыгъд æнæдызæрдыгæй бæрæг у æндæр хъуыддаг: Нафийы аив лирикон поэзимæ бафтыд ноджы дæр иу æйттмардзæ æмдзæвгæ «Æз ахсæв райгуырдтæн».

«Æхсыры тылд, сырхриу, сырхгуыбын митæл» «йæ фæлыстæй, йæ бибитæй» куыд ныббуц æмæ йæ бидт-бидтæй цъиувæдис куыд систа, уымæ кæсгæйæ, поэты лирикой хъайтар дæр цинæй бангæстæ:

*Бæргæ ныккæнин гогызы кафт митыл*
*Æз дæр, цыма мыл зæйцæуæны расæрди...*
*Нæ тыхст-уырыд, нæ сыд бонтæ, нæ митæ*

*Куынæ лæууиккой алы уысм мæ сау зæрдыл!..*
(«Митæл митыл»)

Поэзимæ иу диссаджы миниуæг ис – дæхи цыфæнды бибитæй фæлындз, цыфæнды гæдымитæ фæкæн, уæддæр дзы дæ удыхъæдæн æнæраргомгæнгæ нæй.

Хъамбердиаты Мысосты цардбæллон уд цы ныббыхстаид, цæмæй, йæ зæрдæйы æцæгæй цы уыдис, уый бамбæхстаид, йæхицæй дарддæр æй ничи зоны. Йæ зæрдæйы рисыл æнæхъæнæй ныффæлдæхта дур. Кодта хъæлдзæг зарджытæ, фæлæ йæм уæддæр баззад, æппæт йæ мæлгæ уды хъизæмар кæм разынд, ахæм рæнхъытæ:

*Терчы был иу хæдзар джихæй лæууы,*
*Уый дæр рынчын у мæнау –*
*Азтæй дыккаг у,*
*Гъе, уый мыл цæуы, –*
*Дуртыл куы ныппырх*
*Мæ нау...**
(«Тох кæнын бахъуыди...»)

Нафийы поэзимæ та ис иу миниуæг, – æвзонгæй фыстаид, «зын кары» æви ныртæккæ, – йæ уацмыстыл бæрæгæй зыны азты гакк.

Цæвиттонтæ бирæ ис æрхæссæн. Фæлæ раздæр чиныгкæсæджы цæст уыцы хъуыддаг тынг нæ ахста. Ныр ацы фæстаг азты зæрыбоны сагъæс йæ поэзийы афтæ стыхджын, æмæ ацы циклы дæр зыны бæрæгæй: «Лæг ысхылд йæ ныгуылæн æфцæгмæ...» («Фыды уæзæг»), «Зæрондæй дæр лæджы фæнды цæрын, – Цы дам, мæлын зæры бон цъæх нæ хæссы!..», («Сæуæхсид»), «Зæры бон иунæгæй, æргъæвстæй цæрын, – уæлмит æгъæдзар, бур арс...»; «Фæуд лæг, мæ бон фæтайы, царвау...» («Хуры рухс, бузныг»); «Нал дзурын, – зæронд лæгыл æрдиаг не ‘мбæлы.... Мæ сау боныл хъæцон!..» («Æргом ныхас»); «Мит – æфцгуытыл, зæронды гакк – мæ удыл!» («Æз ахсæв райгуырдтæн») æмæ афтæ дарддæр.

* Хъамбердиаты Мысост. Уацмыстæ, Дзæуджыхъæу, 1979, 82-æм фарс.

Къоста хуымæтæджы нæ загъта: «Рынчынæн, дам, æдзухæй дæр йæ низы кой – йæ дзуринаг...»[**] Нафийæн мæн амонгæ нæу, зæронд лæг цæуыл хъуамæ сагъæс кæна, уæлдайдæр, цикл «Зымæгон сагъæстæ» хуыйны, фæлæ йæхæдæг «Æвæстаг фæндон»-ы цæйау зæгъы:

*Ныр дзиццæй ивгъуыдмæ кæсын –*
*Лæуу[illegible] мæ разы,*
*Уæддæр цыдæр хивæнд хæссын;*
*Лæппуйау ацы дуне уарзын!*[*]

Æз дæр æй ахæм лæппуйы хуызæнæй зонын, кусгæ дæр афтæ кæны, уæддæр ма йæхи дæр æмæ мах дæр сагъæсы ‘ппары.

Стæй æрмæст ацы циклы куы ‘мбæликкам уыцы миниуæгыл, уæд йæ ракойы аккаг нæу, фæлæ йæ æгæр арæх райдыдта фæлхат кæнын. Ноджы журналы ацы номыры Джусойты Нафи æмæ Хъодалаты Герсаны æмдзæвгæтæ сты аивадон уацмысты сæйраг рахæцæн, æмæ сæ «сагъæсы» таг не скъуыйы, цæуы фæлхатгонд æмæ бар-æнæбары зæрдыл æрлæууынц Ходы Камалы рæнхъытæ:

*Дыргъ зæгъай, халсар – тонгæ у рæгъæдæй...*
*Фæлтау цæрдудæй сау зындонмæ бафтон,*
*Цæйнæфæлтау фæзмон мæхи мæхæдæг –*
*Фыдмыггаг хъуг йæхи куыд дæйа, афтæ*[**].

Ома йæхи чи дæйы, ахæм хъуг нæ дæн.

Уæдæ, Хъодалаты Герсанæн та «...Уæззау дуртæй цæнттæ риу Нæу улæфынхъом дæр ныр...», йæ «...риуы та ‘фтауы йæ дæндаг Пæззыбадтæй æнæном æрхæндæг...»

Афтæ цæмæн у, уый тыххæй нын автор йæхæдæг дзуапп дæтты æмдзæвгæ «Ног аз»-ы.

Æцæг, æмдзæвгæйы поэт хоны экспромт. Зонæм, экспромт сæвзæрд латинаг дзырд, «exprоmtum»-æй æмæ у,

---

[**] Къоста. Ирон фæндыр, Дзæуджыхъæу, 1994, 220-æм фарс.

[*] Фидиуæг, 2000 №1, 26-æм фарс.

[**] Мах дуг, 1998, №7, 7-æм фарс.

«небольшое, обычно в несколько строк, стихотворение, написанное или сказанное сразу, в законченном виде под впечатлением нахлынувшего чувства или по поводу к.-л. жизненного явления.. Э. близок к импровизации, всегда краток, прост по мысли и строению»[***].

Уый тыххæй дзы бирæтæ домын дæр нæ фæхъæуы.

Герсаны æмдзæвгæ та у æнæхъæн 37 рæнхъы. Æмæ кæд бæрæгбон у, «...карз Дыууынæм хæстдзагъд æнусы Кæройнаг, ивайæн аз»-ы ралæудæй «Зæрдæ арфæ-дзырд æнкъусы», кæд «Отставкæйы ацыд Ельцин – Хивæнд, мастисæг (æви мастисаг – Хъ. М.), фыдуаг», æмæ Герсаны лирикон хъайтар фырцинæй гаджидæуттæ уадзы дардыл, зæгъгæ, ныр «Амонд рахæцыд нæ фарс», уæддæр удæнцой нæ ары, «ногæй гуыры фарст:

*Ныр цъæх арахъ ‘мæ сырх сæнæй*
*Удæнцой куыд арæм мах,*
*Кæд сыхаг бæстæ – Цæцæнæй*
*Хъуысы гуыпп æмæ гæрах?*[*]

Сыхаджы сæфтыл райæн нæй. Поэты лирикон хъайтар йæ ногазон, цины фынгыл уымæн у æрхæндæг. Æмæ куыннæ сагъæс кæна:

*Кæд цæуы, рефренау, немæ*
*Тугахуырст лæгмарæн гарз;*
*Кæд «Дыууæ Ир»ы проблемæ*
*Ноджы свазыгджын, æскарз?*

Герсаны хъайтар зоны, рæстаг адæм, уыцы нымæцы мах дæр, æрхуым куы стæм, уæд «...Уырысыстоны «жидтæ» Байдыдтой хæрæгæй хуым», æмæ сæ азарæй мах дæр цух нæ зайæм:

*Æмæ та зæрдæ ферох кодта зарын,*

---

[***] Словарь литературоведческих терминов, Москва, Просвещ. 1974, 465-æм фарс

[*] Фидиуæг, 2000, №1, 39-æм фарс.

*Æмæ та зæрдæ судзгæ маст æвзары.*
*Цы стыр фыд æрцыд уыцы райсом Зары!*
*О, уас фæхæсса сау фыдгулы сау рын!*
. . . . . . . . . . . . . . . . . .
*Æртын æхсæз хæтæнхауæг ироны...*
*Æртын æхсæз æвæндараст лигъдоны...*
*Ныззгъæлстой сыл хæдæхсæнтæй ‘бæрзондæй,*
*Ныцц[illegible]æллонæй, зæрондæй,*

*Нæлгоймагæй, сылгоймагæй, рынчынæй,*
*Сæ буæрттæ – сыхырнайау хуынчъытæ* *.
(«Æвирхъау мысинаг»)

Цавæр «æхсæнтæ» сты, фæлæ сæйраг уый, мыййаг, нæу.

Цæдис чи ныппырх кодтой, нæ фыдбоны сыхæгтæн сæ тугæйдзаг ссыртæ уыдон сыссадтой, алы удмæ дæр уыдон ныфсæй æрбафсæрстой цалдæр гæрзифтонг хæстоны; уыдон азарæй нæу абон нæ бон нæ къахыл слæууын.

Кæд поэт буцзæрдæйæ фыссы:

*Сæ цæрæнбонтæ бирæ*
*Темырболаты цотæн! –*
*Куы сын лæбурдта бирæгъ*
*Сæ æфсымæртæ, хотæм,*

*Куы нæм фæзынди лигъдон,*
*Хæсты азарæй сидзæр,*
*Фыдгул-сыхаг нын их-дон*
*Куы скъæрдта н’ артыл иугæр, –*

*Æххуысы къух нæм Туркæй*
*Фæдардтой, мæгуыр, уадид,*
*Æмæ нæ масты цуркæй*
*Æсхъис нæ хъуырæй хауди, –* *
(«Туркаг тамако «Токат» дымгæйæ»)

---

* Уый дæр уым, 42-æм фарс.

** Уый дæр уым, 44-45-æм фæрстæ.

уæддæр уыдæттæ нал æххуыс кодтой æмæ кæнынц мæстæлгъæд зæрдæйæн.

Хъодалаты Герсаны поэзимæ фæстаг дæс азы гуырдзиагирон хæсты темæ афтæ арф уымæн бацыд. Фæлæ хатт йæ лирикон хъайтар алцæуыл дæр вæййы разы, æгæрыстæмæй, Зары трагеди кæй азарæй æрцыд, уыдонæн дæр æй ныххатыр кæниц.

*Уæууа, сæ туг æнæист у нырма дæр! –*
*Æниу, тæрхон кæд хастæуыд æррайæн?..–*
(«Æвирхъау мысинаг»)

æрмæст зæххыл уæд фидыдад, адæймаг адæймаджы хурхмæ мауал дарæд кард.

Æмдзæвгæ «Уды хъæрахст»-ы уымæн сиды хæрам лæгмæ дæр, рæстагмæ дæр, мæгуырмæ дæр, хъæздыгмæ дæр, рæсугъдмæ дæр, фыдуындмæ дæр, зонджынмæ дæр, зондцухмæ дæр, бæхджынмæ дæр, фистæгмæ дæр, зæгъгæ:

*Алчи дæр ацæуы уыцы бæстæмæ,*
*Нал дзы æрбацæуы иу дæр фæстæмæ*
*Ацы æнæфæлхатт дунейы рухсмæ,*
*Баззайынц саудалынг сыджыты ‘нусмæ,*
*Семæ сæ хæйрæг дæр æмæ сæ зæд дæр,*
*Бардарæг нал вæййынц хохы бæрзæндтæм, –*

æмæ сын амоны заманайы зонд:

*Гъе, æмæ, хорз адæм, афон у махæн –*
*Не ‘ргом хæларæй кæрæдзимæ здахæм,*
*Цалынмæ искуы тъæпæнхъæумæ бафтæм,*
*Ацы рухс дунейы рацæрæм афтæ:*
*Нæхсæвæр бæхтау, нæ кæрæдзи ма ‘фхæрæм,*
*Туггарз кæрæдзийы хурхытæм ма дарæм,*
*Марг-иу кæрæдзийæн сæнимæ ма дарæм,*
*Искæй тугвæллой ма исæм, ма давæм,*
*Фарны ныхасæй кæрæдзийыл бандавæм,*
*Басгуыхæм талынг зæрдæйæн цырагъдар,*

*Æмæ кæндзæни нæ цæрæнбон даргъдæр.*[*]

Бæргæ! Фæлæ уый æрмæстдæр дидактикон бæллиц у. Армыдзаг ирæттæй Къостайы зондамонæн хъуыды:

*Цæйут, æфсымæртау,*
*Раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ,*
*Иры лæппутæ!*[*]
(«Балцы зарæг»)

куынæ ма æмбарæм абон дæр, уæд дунейы адæм æвзæрæй, хорзæй, бæхджынæй, фистæгæй куыд æрыхъусдзысты сæ кæрæдзимæ.

Уый хыгъд сæ фæлгонцон уынынад, сæ царды рæстдзинадæй зæрдæ сæхимæ æлвасынц æмдзæвгæтæ «Хур, зæгъма, кæм уыдтæ дысон-бонмæ», «Куыдзы парадокс», «Хур ныидæвта, хур кæны дзæгæрæг».

Фыццаг æмдзæвгæйы поэт бæллы, хур ын æхсæв бонмæ дæр йæ адæмы рухс фидæнæн куы кусид, æмæ йæ бæллиц дзуры хуры номæй:

*Зиудыхæй зæлдаг тынтæ нывæзтон,*
*Уымæн дæн зæрдæрухс æмæ 'вæсмон.*

*Гъеныр сæ мæ сыгъзæрин уæрдоныл*
*Æз æрластон, – бирæ-бирæ тыхтонтæ.*
*Ир-дзыллæ – мæ хъæбултæ, нæртонгуырд,*
*Хъуамæ сын ысфæлындзон сæ бонтæ.*[**]

Уыцы уарзт, сабыр, æвæлмон цард уарзын, уымæ тырнын æркодта поэты «Хур ныидæвта, хур кæны дзæгæрæг» ныффыссынмæ дæр.

---

[*] Уый дæр уым, 40-æм фарс.

[*] Къоста, Ирон фæндыр, Дзæуджыхъæу, 1994, 216 æм ф.

[**] Фидиуæг, 2000 аз. № 1, 45–46-æм ф.

[***] Уый дæр уым, 47-æм ф.

Хур тæвд тынтæй зæхх куы дзæгæрæг кæны æмæ куы цæгъды мæстыгæрæй дзæнгæрæг: «Арвы зынгæй басыгъ-тæн, фæдис!» – уæд:

*Денджыз дæр, цæдджинагау, æхсидгæ,*
*Байдыдта хъуыр-хъуыр æмæ хъæрзын:*
*Кæсæгтæ ‘мæ найджытæ мæ мидæг,*
*Сау бадон, куы сфæлвых уой! – тæрсын.*[*]**

Æмæ поэты гуманон хъуыды, цæмæй хурыл къæм абадын ма бауадза, уый тыххæй фергом:

*Хурæн дæр кæм нæй йæ тыхæн рафтæн!*
*Ацу æмæ пиллон калгæ хит!*
*Судзгæ тæвды сфæлмæцыди афтæ –*
*Денджызы ныррæцыгъта йæхи.*

Æцæг æмдзæвгæтæ кæсгæйæ та адæймаджы зæрдæ йæхи поэзийы малы нывзилы. Æмæ уый, поэзи чи уарзы, уымæн йæхицæй кæнгæ нал вæййы… «Куыдзы парадокс»-ы хицау йæ иузæрдион хъахъхъæнæгæн фæлхортæ æмæ стджытæй дарддæр кæй ницы аппары, æмæ сыл йæ дæндæгтæ куыд сæтты, афтæмæй куы хъуыр-хъуыр кæны:

*Мæгуыр хуыснæг мын хуыздæр хæйттæ ‘ппары,*
*Хъæздыг фысымы та уарзын фылдæр, –*

уый куыдзæн йæхицæй кæнгæ куыд нæу, афтæ.

Æнкъард, æрхæндæг зæрдæйы уаг рæстæг йæхæдæг хæссы, йæ иувæрсты æнцон ахизæн нæу, кæнæ та ахизæн нæ дæр ис – чысыл раздæр скодтон йæ кой, – фæлæ йæ, хъæуа, нæ хъæуа, æгæр-æгæр куы стауай, уæд æркæны æцæг парадоксмæ.

Уæдæ, æмдзæвгæ «Æммыст!»-ы «Райсом... Цинæй калы дзæнхъирд арв цæхæртæ... Мæргътæ цинæмхиц, зæлы сæ зарын... Хур мæм арвæй сыгъзæринтæ ‘ппары», – афтæмæй

---

[*] Уый дæр уым, 41-æм ф.

лирикон хъайтарæн йæ риуы «...’фтауы йæ дæндаг Пъæззыбадтæй æнæном æрхæндæг...

*Цыма къæхтыл ыздыйы къуылдыхтæ*
*Исчи бабаста, – рог сæ нæ исын.*
*Æви стæгнизы тæрккæй къуылых дæн,*
*Зын – къæцæлы сæрты дæр мын хизын.**

Дарддæр ноджы фыддæр: «...саукъуырма баци мæ зæрдæ... нал хатын хорз дæр, æвзæр дæр».

Афтæмæй, уыцы тæригъæддаг зæрдæйы уаг цæмæн ис лирикон хъайтары риуы, хур æм арвæй сыгъзæринтæ куы ‘ппары, уæд йæ зæрдæ цæмæй риссы – низæй æви Ирыстоныл катайæ? Кæд, Хъотайты Гришæйы хъазæн ныхæстæ кæй нал хъусы, уый тыххæй? Хъыгагæн, æмдзæвгæйы журналкæсæг уыцы фарстытæн нæ ары дзуапп.

Фæлæ сæ, чизоны, прозæйы ссарæм. Уымæн æмæ, прозæйы жанр алы литературæйæн дæр стæгдары хуызæн у, иннæ жанртæ цыма ууыл фенцайынц.

Журналы ацы номыры прозæйæ цы дыууæ радзырды æрцыдысты мыхуыр, Биазырты Роланды аргъау сывæллæттæн «Цъыстымыс» æмæ Бабаты Викторы «Чындзæрвыст», – уыдонæй нæй рахатæн абоны ирон прозæйы æмвæзадæн.

Уым диссагæй ницы ис. Ирон прозæ уыцы автортыл не ‘нцайы. Стæйдæр, æрдæг мыхуырон сыфæй цасбæрцæй ис саргъгæнæн æнæхъæн жанрæн. Уæлдайдæр, сты хуымæтæг, чысыл радзырдтæ. Хуымæтæг – сæ тематикæйæ дæр, сæ сюжеттæй дæр, сæ афыстæй дæр.

«Цъыстымыс»-ы райдайæны æнæхъæн фарс радзырдмæ кæй ницы бар дары, уый зоны автор йæхæдæг дæр, уымæн зæгъы: «Цæй, ам ын хæрзбон (бахахх æй кодтон æз – Хъ. М.) зæгъæм æмæ рахизæм нæ аргъауы хъайтар – йæ кæстæр хо Цъыстымысмæ», – фæлæ ууыл куынæ дзурæм, уæд «Мадмысты» «æнæрæгъыдзыд» лæппын Цъыстымыс схæлар хæф-

сы лæппынимæ. Хуыккомы чи цæры, уымæн, доны чи цæры, уыимæ цы иудзинад ис? Æмæ фæстæмæ ахицæн сты.

Цад – цаддоны, фæрв цъалайы. Ацы зæххыл алкæмæн дæр æмæ алцæмæн дæр сæхи бынæттæ ис.

*Нæ фæрæстмæ Бабаты Викторы чысыл радзырд «Чындзæрвыст» дæр.*

Радзырды лирикой хъайтармæ Уæрхæг æмæ йе ‘мкъай Чызнал кастысты хуымæтæг адæймæгтæ. Йæхæдæг цæйау зæгъы: «Иннæ адæмæй цæмæй хицæн кодтаиккой, ахæмæй сæм æз æппындæр ницы уыдтон».

Уыдон та, сæ фырт хæсты куы фæмард, уæд базыдтой, [illegible]



æдæг æнæ дæлæ-уæлæ фервыстой чындзы, цæмæй сын амондджын уа.

Адæймаджы удыхъæд куыд конд у, ахæм психологон рассæнд-бассæнд æмæ дзы хъуырдухæйтæн сæ кой дæр нæй.

Уый нæ, фæлæ хъуыддæгтæ афтæ кæй ныззылдысты, уый сын цыма æхсызгон у – фæзыны журналкæсæтмæ.

Прозæ æрмæст литературæйæн нæ, журналæн дæр у стæгдары хуызæн, сæйраджы-сæйраг ацы жанры фæрцы кæй фæлæууы йæ къахыл, уый ма хъуамæ рох кæнæм.

Афтæмæй ацы номырæн йе стæгдар нæ зыны.

Æнæхъæнæй дзы æрцыдис мыхуыр Михаил Задорновы дыууæархайдон комеди «Дæ лæджы мын рауæй кæн» мæхи тæлмацæй.

Не ‘взагмæ ивд цы аивадон уацмыс æрцæуа, уый нæхи у. Куы бæзза йæ тæлмац, уæд мах æнтыстыл дзурæг у, нæ аивад сæ хъæздыгдæр кæны, фæлæ искæй уацмыстæй национ литературæ аразæн нæй.

Национ литературæ оригиналон уацмыстæй рæзы. Уымæй дæр æм алы фæлтæр хъуамæ хæсса йæхи бавæрд. Хъуамæ йæ кæна хъæздыг æмæ алыварсон.

Нæ фысджыты сфæлдыстадмæ куы ‘ркæсæм, уæд сæ алкæуыл дæр бæрæгæй зыны йæ рæстæджы гакк. Афтæ сæ алы фæлтæры фæд бæрæгæй разынд литературæйы дæр.

Уæдæ нын цы хъару, цы æнæзагъд зæгъинæгтæ раргом кæнынмæ хъавынц, абон аивадмæ фыццаг къахдзæфтæ чи

кæнынц, уыцы æвзонг фысджытæ, уый рæстæг равдисдзæнис.

Рæстæг та æгъатыр у. Цас тынгдæр нызмæлын кæны адæймаджы зæрдæ, уыйбæрц ирддæрæй разыны аивады. Æнæхъæн фæлтæрты хъусдард уымæн аздахы йæхимæ.

Афтæ уыд Октябры революцийы фæстæ, афтæ уыд Стыр Фыдыбæстæйон хæсты дуджы...

Кæй ном нæ дзырдæуы, нæ уыцы сыхæгтæ нæм куы ‘рбабырстой, уæд, ирон æнæхотых адæмæй сæ къухы чи ‘фтыд, уыдон туг сæны бæсты куы нозтой, сæхи сын ихдоны сæлын кæнæ физонæг куы кодтой...

Уыдонмæ гæсгæ уым диссагæй ницы ис. Уыцы миниуджытæ сын сæ рагфыдæлтæй баззадысты. Сæ историфыссæг Батъонишвили Вахушти уымæн банысан кодта: «...æмæ-иу исчи хæсты куы амард (гуырдзыйæ – **Хъ. М.**), уæд-иу æй æфстау радтой æмæ-иу æй бахордтой, æмæ-иу загътой: «Къарснелитæ Къодманеулитæй абоны онг хæс дарынц фондз марды». Уый фæстæ дæр-иу хордтой алы чъизи цæрæгойты».*

Æмæ ирон æнæхотых адæмæй сæ къухы чи ‘фтыд, уыдон туг сæны бæсты куы нозтой, сæхи сын сæлын кæнæ физонæг куы кодтой, уыцы фыдтæм кæсгæйæ, ирон зæрдæ кæй ныррызт, нæ аивадмæ бирæ рæзгæ фæсивæд кæй æрбацæудзысты, уыыл дызæрдыг нæ кодтон. Хъыгагæн, ныртæккæ æхцайы тыххæй, æгæрыстæмæй, халон халоны цæст куы къахы, уæд дзы бирæтæ литературæмæ хæццæ дæр нал æрбаисты, афтæмæн азгъæлдысты. Фысджыты æнæнхъæлæджы æмбæлццæттæ хъæугæ дæр ницæмæн кæнынц. Чи уа, уымæй хъуамæ зæрдæ рухс кæна. Не ‘взонг фысджытæй зæрдæ кæмæй рухс кæны, уыдонæй ацы номыры сты дыууæйæ – Джиоты Алыксандр æмæ Къудухты Олег.

Сæ дыууæ дæр – æвзонг. Нæ университеты дыккаг курсы студенттæ. Фæлæ бæрæг у, литературæ сын хиирхæфсæн кæн нæу. Ныфсджын къахдзæфтæй йæм уымæн цæуынц. Ныртæккæ куыд кусынц сæхиуыл, бонæй-

---

* Гуырдзыстоны паддзахадон сфыст. Сабчота Сакартвело, Тбилис, 1973, 15 фарс.

бонмæ аивады сусæгдзинæдтæ рафæлгъауынмæ куыд хъавынц, дарддæр кæд афтæ ахæссой, æхца ссарыны фæндагыл нæ ныллæууой, уæд дызæрдыггæнæн нæй, нæ литературæйы фидæны зиууæттæ кæй уыдзысты.

Æнæбанысангæнгæ нæй, журнал фæстаг рæстæджы критикæ æмæ публицистикæмæ æмбæлон хъусдард кæй аздæхта. Уыдон литературæ æмæ царды айдæнтæ сты. Ацы номыр дæр фаг æрмæг мыхуыр кæны. Фæлæ сæйраг, цы мыхуыр кæны, уый у.

Критикæйæ дзы бакæсæн ис Джыккайты Шамилы уац «Нæ вæййы рухсæн сау талынг йæ ингæн» æмæ Плиты Гацыры уац «Беджызаты Чермены новеллæтæ «Мæсгуытæ дзурынц».

Шамил æвзары, Джусойты Нафи йæ лирикæйы поэты хъысмæтыл куыд дзуры, цы бынат ын дæтты, цахæм хъуамæ уа, æппæт уыдæттыл. Æвзары сæ лæмбынæг æмæ алвыварсонæй. Бæрæгæй зыны авторы æрмдзæф. Фæлæ йæ «Фидиуæджы» редакци мыхуыр кæнынц Джусойты Нафийы райгуырдыл 75 азы сæххæсты бонмæ, афтæмæй йын юбилейон уацимæ ницы ис иумыйагæй, нæдæр æй Шамил ныффыста уæдмæ; уац фыст æрщыд 1997-æм азы, йæ уæлæ нысан у.

«Беджызаты Чермены новеллæтæ «Мæсгуытæ дзурынц» та у цыдæр уацы райдайæн, кæд ыл уый фыст нæй, уæддæр. Уымæн æмæ ацы скъуыддзаджы уацы хъуыды нæдæр хæлгæ ракодта, нæдæр йæ кæрон зыны. Фæлæ дзы уæддæр иу хъуыддаг бæрæгæй федтам: «Иры фыдæлтæ – Алантæ кæд кæддæр Уырысы (журналы орфографи нæ ивын – **Хъ. М.**) рæсугъд, райдзаст быдырты цардысты, уæддæр сæ фæстаг æрхауд Кавказы æгомыг хæхтæм, уынгæг кæмттæм, цыран зæххы фылдæр ахстой айнæг къæдзæхтæ æмæ æгæндæг хъæдтæ»*.

«Беджызатæ æрлыгъдысты Цæгат Ирыстонæй, Хынцæджы хъæуæй Едысмæ, лæг кæй амардтой, уый тыххæй». «Леуан (Чермены фыды фыд, амард 1942 азы Джиуæргуыбайы мæйы – Хъ. М.) куыд зæгъы, афтæмæй Ерманмæ

* Фидиуæг, 2000, №1, 108-æм фарс.

(Едысмæ æви Ерманмæ – Хъ. М.) фыццаг æрлыгъдысты йæ фыдæлтæ – Ахмæт йæ фырт Айдæболимæ... Се ‘рцыдмæ хъæуы цæрæг нæ уыд, уыдис дзы рагон хæдзæртты хæлддзæгтæ.

Дыууæ лæджы цардысты саджы фыдæй, стæй аздæхтысты фæстæмæ Цæгатмæ æмæ ма сæхи мыггаджы æттийæ уыцы зæхмæ семæ рахуыдтой Æлбегаты, Къобеты (ныры Хуыбиаты) æмæ Букуылты»* *.

«Урстуалты зæххы кой айхъуыст Цæгат Ирыстонмæ æмæ райдыдтой адæм ивылын ацырдæм… Куырттатæй ралыгъдысты Тотратæ æмæ æрцардысты Ходзы, Гæбуатæ – Дæллаг Ерманы, Хъоротæ – Уæллаг Ерманы, Фæрниатæ – Астæуккæг Ерманы æмæ Тыбылатæ – Уæллаг Ерманы.

Мызурæй ралыгъдысты Слантæ æмæ Букуылты зæххытæ сæхи бакодтой, Уæлладжырæй ралыгъдысты Гæлыуатæ, Уынал, Саниба æмæ Дæргъæвсæй чи ралыгъд, уыдон та æрцардысты Челиаты – Ламардоны».*

Мæ дзырды сæр ацы уац, стæй йæ автор не сты – ацы хъуыддаг нæм бирæ азты цыд фæлхаттонд (ацы æрмæг дæр, мæнмæ гæсгæ, къорд азты размæйы фыст у), стæй йыл, хъыгагæн, нæма систам нæ къух, æмæ уый тыххæй дзурын.

Цыма ирæттæ Уæрæсейæ Кавказы цæгат хаймæ æрбалыгъдысты, стæй Ирыстоны Хуссар хайы æнæхæрд зæхх ссардтой æмæ йæм ныххæррæтт кодтой.

Мæнæн та мæ нывæцтæ æндæрхуызон амонынц: Сау денджызæй Каспы денджызмæ уыдысты аланты зæххытæ; Уырысы рæсугъд, райдзаст быдыртæ кæй хонынц, уым та уыдысты скифты, сарматты паддзахадтæ, Кавказы нын Сомихстонимæ Къуары цæугæдон уыдис арæн**.

Афтæ нысан у, нæ ерæйы райдианы Чырыстийы райгуырды рæстæджы арæзт чи ‘рцыд, Библийы уыцы нывæцы дæр.

Уый, не знæгты къухтæй Кавказы хæхты онг куы рафтыдыстæм, чи ма нæ баззад, уыдон хæхты цъассыты куы бааy-

* * Уый дæр уым, 104-æм фарс.

* Уый дæр уым, 105-æм фарс.

** Атлас истории древнего мира. Карта расселения людей в восточном полушарии 8-5 тысяч лет назад. Главное управление геодезии и картографии при Совете Министров СССР, Москва, 1976-æм аз.

уон кодтой сæхи æмæ, гал кæм æрхуыссыдаид, уыцы зæххы гæппæл галы аргъ куы уыд, уæд мысыдыстæм, дæлæ нæ фыдбоны сыхæгтау, нæхиуыл ахæм æмбисæндтæ – ацы зæххыл фыццаг, мах цы маймулийæ равзæрдыстæм, уый æрцард, стæй нæм иннæтæ уазæгуаты æрцыдысты!

Леуан дæр йæ мыггаджы цæмæннæ æвæрдтаид иннæтæй уæлдæр, фæлæ ма, уæдæ, æндæр мыггæгты афæрсæм, æндæра уыдонæн сæ фыдæл-маймулитæ уыцы зæххыл нæ равзæрдысты. Зæгъгæ ма Леуан, рагон хæдзæртты хæлддзæгты кой не скодта, уæд афтæ рауадаид, цыма йæ фыдæлты размæ Ирыстонæн хуссар хай нæдæр уыдис.

Кавказы нæ алварс цæрæг иннæ адæмтæй бирæ цæмæйдæрты кæй хицæн кæнæм, уый охыл иуæй-иу ахуыргæндтæм афтæ рагæй каст æмæ кæсы, ома, æвæццæгæн, ирæттæ æрцыдысты ардæм. Ууыл та нырма ахъуыды хъæуы – ихуарды бæласы ауон бирæ исчитæ æмæ истытæ куы ныттымбыл уой, уæд бæлас, уыдон хуызæн кæй нæу, уый тыххæй сæм искуыцæй æрхаудта? Кæд æм уыдон æрхаудтой, уæд та?

Индоевропæйаг адæмты хатмæ, дам, хауæм. Æмæ кæд семæ æмарæн уыдыстæм, стæй нæ куынæгмæ тардтой нæ цыфыддæр знæгтæ, Кавказы цъассыты ма баззадыстæм, иннæ зæххытыл кæд нæ сыхæгтæ æрцардысты, уæд та? Æндæра рагзаманы сæ кой сæ хъæр цæмæннæ зынынц?

Фæлæ дæлæ нæ фыдбоны сыхæгтæн æрмæст афтæ ныффыстаис – нæ фыдæлтæ Ирыстоны хуссар хаймæ цæгат хайæ æрлыгъдысты, æмæ дын ахуыргонды ном – цæттæ.

Афтæмæй нæ абон уыцы «ахуыргæндты» арæзт уистæй нæмынц, се скæнгæ рæхыстæй нæ бæттынц, нæ уæзгуытæ нын исынц, фæлæ сæ æмбæлон хатдзæгтæм æрцæуын нæу нæ бон. «Фидиуæг» дæр йæ автортимæ йе ссад фæндагыл тулы.

Ссадвæдыл тулгæйæ та адæймаг кæны уазалзæрдæ, уонгмард, куыстмæ нал фæтасы йæ къух. Афтæ кæй у, уымæн æвдисæн, журналы цы публицистон уацтæ ис, уыдон фылдæр хай.

Сæ арæзт, сæ аивадон æмвæзадыл нæ дзурын, фæлæ æмткæй журналы æрмæджытæ æвзагæй бирæ рæтты афтæ къуылых кæнынц, æмæ сæм куы ‘ркæсай, уæд редакцийы кусджытæ нæ, фæлæ сæ автортæ дæр фæсырх уыдзысты.

Се ‘ппæты æрнымайынæн фадат нæй, нæ дæр, æндæр æвзаджы хъуыдыуæтты арæзт нæм комкоммæ кæм зыны, уыдон кой кæнын, фæлæ æрхæсдзынæн иу цалдæр цæвиттоны: «Рагæй мын цы дон дардтат, цы хъыцъы» (27-æм ф.); «Цъыстымыс æцæгæйдæр, иуæрдæм дæр æмæ иннæрдæм дæр нал ахъуыды кæнгæйæ, йæ фæстаг къæхтæй йæхи фесхойгæйæ, йæ тъыллупп фæцыд малы» (37-æм ф.); «Хæфсы лæппын, уыцы ныв фенгæйæ, йæ хъæр ын фехъусгæйæ, уадид йæ цуры февзæрди, сласта йæ донæй æмæ йын уæлдæф сулæфын кодта» (37–38-æм ф.); «Уæрхæг сæфсæрмы æмæ дзурын ницы сфæрæзта, æрмæст сын бузныг кодта» (50-æм ф.); «Ӕрдзы буарадты зилдухы хайад исгæйæ, йæ уавæр æмæ йын йæ рæзтыл æндавгæйæ, цæрæгойтæн стыр нысаниуæг ис æрдзы экологон системæты» (125-æм ф.); «Алчи дæр æй кодта йæхи хæстæг дзуармæ (хæйрæджджын рынчынты – **Хъ М.**), æрмæст Чилæхсатæн уыд кувæндон Джеры дзуары фæдон» (127-æм ф.); «...уыцы бон æргæвстой нывонд хъуджы лæппынтæй егъаудæр» (185-æм ф.)...

Автортæ нæ хатынц ахæм рæдыдтытæ? Кæд редакцийы кусджытæн нæ баци сæ бон сæ банывыл кæнын?

Сæ иутæ дæр æмæ сæ иннæтæ дæр ауагътой сæ уазал зæрдæйы аххосæй, æндæра сæм худæг фæкæсид ахæм рæдыдтытæ фенын.

Ноджы дæр ма иу.

Журналы редакцийæ «ферох», исчи куы амæлы, йæ некрологыл официалон адæймæгтæ сæ къухтæ куы февæрынц, уæд уыдон банысан кæнын. Некролог ауадзынц сæхи номыл. Цæмæн, уый зæгъын мæ нæ фæнды.

«Фидиуæг»-æн бынтон чысыл гонорар кæй ис (чи зоны, автортæн цы капеччытæ фиды, уыдонæн гонорар схонæн дæр нæй), уый тыххæй йын бирæ хатт æрмæг нæ вæййы, фæлæ редакцийы хæс æрмæджытæ агурын дæр у. Нæ дзæнæтыбадинаг фысджытæн сæ бынтæ нырма æнæвнæлд

сты, сæ фыстæджытæй мыхуыр ницы ма уыдис, æвзæр уацмысы бæсты классикæйæ исты ныммыхуыр кæнын дæр «тæригъæд» хъуыддаг цæмæн хъуамæ уа. Юбилейон уацтæ, рецензитæ, чиныгкæсджыты фыстæджытæ уæддæр хъуамæ аразын æмæ мыхуыр кæниккой.

Журналы иу номыр æнæхъæн литературæ нæу, фæлæ литературæйы цæсгомæвдисæг у, æмæ дзы уый куы зына, æрмæстдæр уæд æмбæлы йæ нысаныл.

2000 аз,
сусæны мæй

## МЫСТ КЪАХТА…

Зæрдæйæнхъæд ис. Мæ хæсыл никуы нымадтон æмæ нымайын, чи мын цы скæны, чи мæ цы дзуры, уæлдайдæр – фæсвæдты, уыдонмæ хъусон, мæ сæйраг хъуыддæгтæ ныууадзон, æмæ быцæу кæнон.

Фæлæ дыл исчи цалдæр хаты куы бату кæна, дзуапп ын куынæ раттай, уæд афтæ фенхъæлы, дæуæн дзых нæй.

Ивгъуыд, 2001-æм азы кæрон журнал «Фидиуæджы» 5-æм номыры уыцы мыхуыры фæрæзы 2000-æм азы 1-аг номыры тыххæй мын цы уац ныммыхуыр /Дыууæ азы фестæ!/ «Иу номыр æви литературæйы цæсгом», уыимæ «Комментарийы бæсты», зæгъгæ, ахæм номимæ цы бирæ цъыфкалæнтæ нытътъæпæн чындæуыд, стæй йæ хæнтфæстæ, ома, мæнæ йæ æргæвдынц, æмæ йын æз дæр йæ къахыл фæхæцон, газет «Хурзæрин»-ы 2001-æм азы цыппурсы мæйы 22-æм бон цы уацгонд фæзынд «Алы адæймаг дæр цард йæхирдыгонау æмбары», уыдонæн нæ хъавыдтæн дзуапп раттынмæ, фæлæ сæ, оу, цы марджы къуылдыхтæ, цы фидистæ, æнæбындур зондамонæнтæ згъæлынц, уæлдайдæр, журналы: «не вынесла душа поэта», «…æмæ бавдæлд журналы «хъуыддæгтæм» æркæсынмæ /ома, æз – Хъ. М./», «…æмæ суагъæйон фиппаинæгтæй райгуырдис, ныртæккæ дзырд кæуыл цæуы, уыцы уац», «…Мелитонæн къух нæ лæвæрдта…», «Мелитоны фыстмæ гæсгæ нæ зыны…», «Мелитон ын кæйдæр зондамындæй…», «Мелитон та афтæ æнхъæлы…», «Мелитон нæ фиппайы…», «…уый фæрæдийын кодта Мелитоны», «æгæр гомгæрц, æнæахъуыдыгонд у, Мелитон, дæ азым…», «Мелитоны зæрдæмæ нæ цæуы…», «Мелитон, ды куыд æнхъæл дæ…», «Мелитон уырыссаг формæ цæмæн исы, уый не ‘мбарын. Кæд æй, мыййаг, нæ зоны? Æвæццæгæн», «Мелитонæн

«ссадвæд» æмæ «ссад фæндаг» фæхæццæ сты!» Се 'ппæты нымайын исты пайда у? Кæнæ сæм, куыд акæнынц: «Баст хæрæг дæр фæлæудзæнис?»

Уый хыгъд «комментаригæнæг» /цæмæй та ма фæхъыг уа, ома, мæ ном мын цæмæн загътат, уый тыххæй йæ дарддæр хондзыстæм «К»/, журналы сæйраг редактор йæхи кой кæны ахæм хуызты: «Зæрдæйыл хæцгæ куы ныхас кæнæм…», «Æз кæмæй пайда кæнын…», «…æз фембæлдтæн…», «…уый бафидар кæныны охыл мæн бахъуыдис…», «…ахæм хъуыдыйыл хæст уыдтæн…», «Мелитон та афтæ 'нхъæлы, «Фидиуæджы» сæйраг редактор, цы фыссы, уый нæ зоны æмæ йæ нырма абадын хъæуы скъолайы партæйыл», «…иуæй-иу æмдзæвгæ айсбергæй хъауджыдæр нæу, уæлæмæ дзы цы фæзыны, авд ахæмы та дзы бынæй, доны вæййы ныгъуылд. Хуыцау бахизæд, æмæ мæхицæн ахæм «титул» схай кæнон» /Хуыцауы нал хъуыд рæхойын, йе 'мдзæвгæйы ахæм чи 'нхъæлы, уый уыцы «титул» хай кæны йæхицæн, кæд æм «титул» комы, уæд – Хъ. М./, «Мелитоны фиппаинаг æмæ мæхи хъуыды кæрæдзимæ æгæр дард лæууынц», «…бузныг зæгъын, мæн арæх цы сагъæстæ æргæвдынц æнæ цыргъагæй, уыдонæн…»

Ноджы хæссон цæвиттонтæ?

Адæймаг, цынæ вæййы, йæхи ахæм ран куы февæры, уæд æм зын у, оу, куыд зын у хъусын! Хуыздæр у йæ «комментаритæм» ын сæрæй ракæсæм.

Афтæ рауад, цыма 2000-æм журналы фыццаг номыры мæныл шарж уыд, «не вынесла душа поэта», æмæ бавдæлдтæн журналы «хъуыддæгтæм» æркæсынмæ. Æцæгæй та Фысджыты цæдисы журналы фыццаг номырæн йæ кой дæр нæма уыдис, афтæмæй аскъуыддзаг кодтам нæ хистæрты хорз хъуыддаг – «Фидиуæджы» æрвыл номырыл дæр уынæффæ кæнын цæмæй ногæй райдайæм. Хæсгонд у Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг Харебаты Леонидæн.

Мæнæй хистæр лæг. Загъта мын, куыд Цæдисы сæрдар, афтæ журналыл фыццаг афæлгæст цæмæй мæхæдæг саразон. Цæуылдæр куыстон, нæ мæ æвдæлд, æмæ не сразы дæн. Иу хатт, дыккаг хатт… Цалдæр хаты дæм хистæр лæг

куы ‘рбадзура, уæд æнæфефсæрм цы ис? Ноджы уæдмæ журналы фыццаг номыр дæр рухс федта.

Мæ худинаг дзурын – уыцы номыры мыл шарж ис, уый, – аргъуаны цырагъ судзын мæ рæстдзинады тыххæй, – уæдмæ нæ федтон. Стæй йæ уæд дæр æмæ ныр дæр ницæмæ æрдардтон æмæ дарын. Уымæн æмæ, рифмæгонд цыппаррæнхъон – саман дурæй дарддæр нæдæр поэтикон уацмыс у, нæдæр дзы, фыссæг цæуыл фæхъыг уа, ахæм исты ис:

## ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОНÆН

*Уынджы, дам, æй бафарстæуыд иубон:*
*«Фидиуæджы» редакци цы ран ис?»*
*Исдуг джихæй аззадис Мелитон, –*
*Дзуапп æссарын кæд йæ бон нæ бацис?*[*]

Уæдæ, мæ раныхас дæр æмбырдмæ фыст уыдис. Уым дæр æй загътон. Цæдисы уæнгтæй дзы чи уыд, уыдон мын – æвдисæнтæ. Фыццаг къласы ахуыргæнинагау, тетрадæй кæсын мæ сæрмæ нæ фæхæссын, мæ хъуыдытæ сын ракодтон дзургæ. Стæй, «К»-йæн «цæр» æрæджыгомау кæнæ æгæр хъæрæй куы зæгъай, уæд æм уый дæр хъыг кæй фæкæсы, уайтагъд алывыдтæ кæй акалы, уый мын æнæзындгонд нæу, æмæ нæ хъавыдтæн мæ уац ныммыхуыр кæнынмæ. Поэттæ Харебаты Леонид æмæ Плиты Феликс куынæ уыдаиккой, уæд абон дæр мæ лагъзы лæууид.

«Цы дзы ис ахæмæй, фæхъыг уа, ам сæ нæ фехъуыс-та?» – сæ ахæм фарстытæ мæ басастой. «К» та: «…уæды æмбырды суагъæйон фиппаинæгтæй райгуырдис, ныртæк-кæ дзырд кæуыл цæуы, уыцы уац».

Джусойты Нафи «комментаритæ» бакæсгæйæ хуымæтæ-джы нæ бакодта: «Ау, адæм нал стæм, уац федтам æви нæ, уый нал хъуыды кæнæм? Науæд, фиппаинæгтæй дæр кæй ис уац фыссæн, уый нæ зоны?»

---

[*] Журналæй цы цитатæтæ исын, уыдонæн сæ грамматикон рæды-дтытæм не ‘вналын.

Фæлæ иугæр цъыф калыс, уæд – истыгар. Æмæ дыууæ азы, цæмæй йæ дзырд искæмæ бахъардтаид, уый тыххæй йæ хид фæкалдта уырыссаг æмæ фæсарæйнаг поэтты уацмыстæ «бам[illegible]мгай сæ фæбаста, цыдæртæ сыл фæмысыд, æмæ сæ рауад, кæй кой кæнын, уыцы пасквиль. Уымæйдæр æй кæй номæй фыссы: «редакцийы иннæ кусджытæм дæр мæнæ-мæнæ рæсугъд нæ фæкаст уыцы хабар» /ома, «суагъæйон фиппаинæгтæй» уац цæмæн скод-тон – **Хъ. М**./, «…нæхимæ дæр…» «…кæд бацагуриккам…», афтæмæй ма редакцийы, йæхи нымадмæ гæсгæ, ис æрмæстдæр дыууæ кусæджы – Букуылты Алыксы æмæ Къæбысты Зауыр; мæ уацæй сæм хъыг цы фæкаст, уымæй сæ куы бафарстон, уæд мын фысджыты цур фидарæй загътой, сæ цæстæй дæр æй кæй нæма федтой.

Чидæр уасæг давта, æмæ йын йæ къæдзил йæ ронæй ныддаргъ.

Афтæ у, æндæра «К» иуæй афтæ дзуры, цыма журналы тæфтыл нæ цæуын, æмæ мын уый тыххæй йæ «шарж» мæ игæртæ ацагъта, иннæмæй та мæ азымы дары: «цы номыры тыххæй нывæндыс дæ хъуыдытæ, уымæн, зæгъæн ис, йæ æртыццаг хай дæхи тæлмац» у, зæгъгæ.

Нæ уарзын, «К» йæхæдæг куыд кæны, гонорары тыххæй мæ ном алы номыры дæр уа. Цалдæр хаты йæ бафарстон, йæ бон у чиныг ныммыхуыр кæнын æви нæ? Уадз, чысыл дæр уæд. «Нæ» зæгъы, æмæ йæ ныхъхъуыдты уадзын: исчи афтæ цæмæн фенхъæла, журнал Фысджыты цæдисы у, æмæ дзы йæхи тыхæй мыхуыр кæны? Табу – Хуыцауæн, Ирыстоны «Фидиуæг»-æй дарддæр ис журналтæ.

Экспромты тыххæй ныззезелæг, скъолайы ахуыргæнинæгтæн арæзт дыууæ цыбыр дзырдуатыл, æмæ хъæр кæны: мæнæ, «ме 'вварс чи рахæца, ахæм ратæдзæн». Фыццаг «ратæдзæн» ын Л. Тимофеев æмæ Н. Венгеровмæ уырыссагау у: «экспромт – /лат. эxprom(p)tus – готовый, скорый/ – быстро, без предварительной подготовки написанное стихотворение, обычно шуточного или сатирического характера». Дыккаг «рахæцæн» та йын ис Калоты Георги æмæ Джусойты Нафимæ: «Экспромт

/латинаг дзырд, амоны – цæттæ, тагъд/ – поэт йæхи рагацау куынæ бацæттæ кæны, афтæмæй æвиппайды кæй æрхъуыды кæны, ахæм æмдзæвгæ. Арæх вæййы хъазæн кæнæ сатирикон хуызы».

Цымæ йæм ирон æмæ уырыссаг æвзæгтæй стыр зонындзинæдтæ хъуамæ уа, цæмæй адæймаг бамбара, ацы дыууæ цæвиттоны, – фыццаджы иунæг дзырд латинаг дамгъæтæй фыст кæй у, уымæй дарддæр, – иу текст кæй ис, уымæн? Æви «К» искæй цæстыты фæнык калы, ома, кæсут: «æз кæмæй пайда кæнын, уыцы дзырдуат «Краткий словарь литературоведческих терминов» зынгæ теоретик, академик Леонид Тимофеев æмæ йе 'мсæр ахуыргонд Н. Венгеровы арæзт у», «Калоты Георги æмæ Джусойты Нафи дæр, академион зонындзинæдтæй ифтонг уæвгæйæ, сразы сты Тимофеев æмæ Венгеровы хъуыдыйыл æмæ уымæй, мæнмæ гæсгæ, къуындæг уавæрæй ракодтой мæгуыр экспромты». Йæхицæй ныббуц: «Мелитоны фыстмæ гæсгæ нæ зыны, уыцы дзырдуат аразджытæ чи сты, уый», ома, æз цы дзырдуатæй пайда кæнын, уый аразджытæ.

Ау, йæ базонын зын уыдис? Ды та мын чиныг мæхицæй ракур, кæмæй зæгъын, кæд библиотекæмæ фæндаг нæ зоныс, уæд. «Словарь литературоведческих терминов» дæр уыцы «зынгæ теоретик, академик Леонид Тимофеевы» арæзт у, стæй æрмæст ногдæр нæу, фæлæ у дипломджын адæмæн, литератортæн, «К» та, йæ риухойгæ, цæвиттонтæ хæссы райдиан кълæстæн арæзт цыбыр дзырдуатæй. Æниу, уæддæр йе 'дых фергом вæййы: «…æмæ дзы /«Краткий словарь литературоведческих терминов»-ы – Хъ. М./ «краткое», «в несколько строк» цæмæннæ бахастой, уый мæ бон бæлвырдæй зæгъын нæу, фæлæ уæддæр ис афтæ хъуыдыгæнæн, æмæ уыдон чысыл цæуылдæр дызæрдыг кодтой, ома, цæмæн хъуамæ уа экспромт кадавар, чи зоны, искæмæ фылдæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ фегуыра æвиппайды, уæд ын бар цæмæннæ хъуамæ уа æмæ сæ ранывæнда рæстæмбис, нормалон æмдзæвгæйы фæлгæтты?»

Цæмæннæ, цæ, уæд уый «нормалон æмдзæвгæйы фæлгæтты» фыст нормалон æмдзæвгæ уыдзæнис, экспромт нæ,

фæлæ. Адæймаг куы зона, «уый мæ бон бæлвырдæй зæгъын нæу», уæд йæ гæрзтæ, кæй нæ зоны, ахæм хъуыддæгтæ лыг кæнынмæ ма хъуамæ рабæтта.

Цæвиттонтæ агуырынмæ куы балладæйы жанрмæ æппары йæхи, куы – романы, куы – Роберт Бернсмæ, куы – Плиты Грисмæ æмæ Дзугаты Георгимæ. Ныххæццæ Италимæ дæр, 16-æм æнусы поэт Торквато Тассомæ, æмæ нæ дисы бафтыдта: «æз фембæлдтæн ахæм сонетыл, 12 рæнхъæй конд чи у».

Уый тыххæй Италимæ дугъ кæнын цæмæн хъуыд, нæхи ирон поэттæм – сонеттæ дæр, æнæфæуд сонеттæ дæр, зыгъуыммæ сонеттæ дæр æмæ, сонеттимæ йæ рæнхъыты нымæцæй дарддæр мур иудзинад кæмæн ницы ис, ахæм сонетгæнттæ дæр, цасдæриддæр дæ хъæуы.

Н. В. Гоголь йæ роман «Мертвые души» поэмæ схуыдта. Машинкæйыл мыхуырæй 10-15 фарсæй фылдæр чи не сты, ахæм романтæ бирæ, æгæр бирæ дæр ис. Сæ авторæ сæ афтæ схуыдтой, фæлæ уый цы давы?

Журналы тыххæй дзургæйæ загътон, «Ног аз» экспромт дæр кæй нæу, æмæ «рæстæмбис, нормалон æмдзæвгæйы фæлгæтты» фыст уацмыс дæр. Уый тыххæй йыл атъæпæн кодта экспромт ном. Кæд йæ автор мемæ нæу разы, уæд æй Гракалы дæснымæ ахæссæд, дæсны йын бафæрсæд, уæддæр ын дзы ничи раппæлдзæнис.

Балладæ у, таурæгъон афыстмæ хæстæг чи лæууы, ахæм даргъ æмдзæвгæ. Астæуккаг æнустæй фæстæмæ алы балладæфыссæг дæр, йæхи цал рæнхъы фæнды, уал рæнхъы йæ аразы, æмæ цы? Францаг классикон балладæйы рæнхъытæ сты æрмæстдæр 28. Алы литературон дзырдуаты дæр лæмбынæг фыст сты. «К» та ахæм позæ сарæзта, цыма Америкæ байгом кодта – балладæ йæ авдæнбæттæнæй фæстæмæ цы ивындзинæдтæ бавзæрста, уыдон нын «раиртæста», ныр та экспромтмæ æрæвнæлдта.

Кæй хъæуынц уыцы гæды митæ? Æниу ыл сæтгæ нæ кæны æргом, æндæра литературæйы теорийы хаты, йæ ныхæстæм гæсгæ, йæ лæмæгъдзинад. Йæхи куы иуранæй фæтылив кæнынмæ фехъавы, куы – иннæ ранæй: «æз, чизоны, рæдийын», «уый мæнмæ гæсгæ», «мæ мæгуыр хъуыдыйæ

аразын хатдзæг», «уæд нæ дард акæндзæн» /дæсгай цæвиттонтæ хæссынæй дарддæр? – Хъ. М./, «кæд нæ рæдийын», «уымæн ницы зонын…», фæлæ йæм уый бæрц хъару нæй, басæтта йыл йæхицæн, нынныхъуыра йæ рæдыд, æмæ нал фæхаты, афтæ гæнæн кæй нæй, рæдийай, æмæ дæ мæгуыр хъуыдыйæ искæуыл цъыф калай, рæстдзинадмæ хæстæг дæр чи нæ лæууынц, ахæм хатдзæгтæ аразай.

Сæрыстырæй слæууыд, æмæ хъæр кæны – «иу хъуыддаг хорз зонын: алы æмдзæвгæйы лирикон хъайтар дæр, сæйраджы-сæйраг, вæййы поэт йæхæдæг æмæ Мелитон та афтæ æнхъæлы, ома æндæр чидæр у. Поэзийы ахæм ньюанстæ хатын хъæуы, науæд поэтикон уацмысæн аргъ кæныны мисси химæ исæн нæй».

«Хатын» нæ, фæлæ – зонын. Критикæмæ йæ гæрзтæ чи рабæтта, уый нæ, фæлæ скъолаты райдайæн кълæстæй уæлæмæ ахуыргæнинæгтæ хъуамæ зоной, лирикон уацмысы хъатар поэт кæй нæ фæхуыйны, фæлæ – лирикон хъайтар. Кæд æй исчи нæ зоны, уæд йæ азым мæнмæ кæцырдыгæй хауы? «…æмæ йæ нырма абадын хъæуы скъолайы партæйыл» æви нæ, уый йæхæдæг хъуамæ аскъуыддзаг кæна. Уыцы хабæрттæ милуангай адæймæгтæ нæ зонынц, фæлæ сæхицæй нæдæр критиктæ аразынц, нæдæр – худæджы хос.

Æмдзæвгæ «Æммыст!»-ы дзæнхъирд арв цæхæртæ куы калы, мæргъты зарын куы цæуы, автор /лирикон хъайтар хонын æй нæ уадзы/ та, йæхæдæг дæр кæй нæ зоны, ахæм сау, æбæрæг катайæ фæрчытæ цæй тыххæй хауы, уый кæй нæ зоны, уый фæдыл бæрцæй загътон цалдæр дзырды, «К» та мыл цъыф калы журналы фæрстæй æртæ æмæ æрдæджы. Æмæ цы агуры, æнхъæл стут? Æмдзæвгæйы, цæуыл риссы, уый кæй ма хъуамæ зына, ахæм цæвиттонтæ. Уымæн зæгъы: «Æркæсæм поэтты уацмыстæн сæхимæ æмæ нын уыдон нæ разы авæрдзысты ирд æмæ фарстæн биноныг дзуаппдæттæг иллюстрацитæ.

Петраркæ йæ иу сонеты /CCCXII сонеты – **Хъ. М.**/ фыста /куыд «фыста?» – **Хъ. М.**/:

*Ни ясных звезд блуждающие стены,*
*Ни полные на взморье паруса,*

*Ни с пестрым зверем темные леса,*
*Ни всадники в доспехах средь поляны,*

*Ни гости, с вестью про чужие страны,*
*Ни рифм любовных сладкая краса,*
*Ни милых жен поющих голоса*
*Во мгле садов, где шепчутся фонтаны, –*
*Ничто не тронет сердца моего…»*

Хæрзаг, загътат, ома, сонеты дыккаг купдетæй 5-рæнхъон цæмæн ацарæзтон?

«К» дзы ацарæзта 5-рæнхъон. Уыцы ран дæр æй йæхæдæг фескъуыдта.

Цæмæн? Цæмæй йæ «абстрактон» æрхæндæгдзинады къæдзил фесæфа. Ома, сонеты лирикон хъайтары сагъæсæн ницы аххосаг ис. Сонеты /у Вяч. Ивановы тæлмац/ дарддæр загъд ис:

*Все погребло с собой мое светило,*
*Что сердцу было зеркалом всего.*

*Жизнь однозвучна. Зрелище уныло.*
*Лишь в смерти вновь увижу то, чего*
*Мне лучше б никогда не видеть было.*

Уыцы цæвиттоны фæстæ «К» Италийæ рагæпп кодта А.С. Пушкины æмдзæвгæ «Зимняя дорога»-мæ, æмæ нын «нæ разы» авæрдта, цæргæ-цæрæнбонты Пушкины сфæлдыстад иртасджытæн «сæ бон рахатын цы нæ бацис», мæгуыр, уый: «А.С. Пушкины зындгонд æмдзæвгæ «Зимняя дорога» сæрæй кæронмæ нывæзт у æрхæндæг æрдзы нывтæй. Æз афтæ зæгъин /ахъуыды ма кæнут! – **Хъ. М**./, æмæ æрдзы æрхæндæг хуыз ахуырст у, сæйраджыдæр, поэт-лирикон хъайтары /мæнылл цъыф калы – «алы æмдзæвгæйы лирикон хъайтар дæр, сæйраджы-сæйраг, вæййы поэт йæхæдæг æмæ Мелитон та афтæ æнхъæлы, ома æндæр чидæр у», – фæлæ ам йæхи дæр лирикон хъайтары

сæр бахъуыд – Хъ. М./ зæрдæйы уагæй. Цæмæн æнкъард кодта Пушкин уыцы ‘хсæв, уый конкретонæй нæ зыны».

Ацы æмдзæвгæ фыст у, 1826-æм азы цыппурсы мæйы дыккаг æрдæджы поэт Псковæй Мæскуымæ куы цыдис, уæд æм цы æнкъарæнтæ æвзæрд, уыдон бындурыл. Зымæгон мигъ-уылæнтæм кæсгæйæ, зымæгон æнкъард фæндагыл æрхæндæгæй цæуы æмдзæвгæйы лирикон хъайтар. Ноджы:

*Что-то слышится родное*
*В долгих песнях удалое,*
*То сердечная тоска...*

Æмæ ма йæм куы бафтауæм, мах кæй нæ зонæм, фæлæ уымæн йæ хъуыды кæмæ тæхы, уыцы Нинæмæ йæ бæллын, уæд алцы дæр, «конкретонæй» нæ, фæлæ бæлвырдæй-бæлвырддæрæй разыны:

*Скучно, грустно... завтра, Нина,*
*Завтра, к милой возвратясь,*
*Я забудусь у камина,*
*Загляжусь не наглядясь.*

*Звучно стрелка часовая*
*Мерный круг свой совершит,*
*И, докучных удаляя,*
*Полночь нас не разлучит.*

*Грустно, Нина: путь мой скучен,*
*Дремля смолкнул мой ямщик,*
*Колокольчик однозвучен,*
*Отуманен лунный лик.*

Афтæ райгуырынц æцæг поэтикон рæнхъытæ.

«К»-мæ гæсгæ та зымæг дæр, мæнæ адæттæ дæр «поэт-лирикон хъайтары» зæрдæйы уагæй цæуынц:

*Ни огня, ни черной хаты,*
*Глущь и снег... Навстречу мне*
*Только версты полосаты*

*Попадаются одне…*

Уый дын хъуыддæгтæ! Зымæг «поэт-лирикон хъайтары» зæрдæты уагæй уыд? Фæлæ литературæйы теорийыл ма дзурæм. Æнæуый алцы дæр бæрæг у.

Æндæр ма йæ куыд конкретонæй зæгъа?

Сергей Есенины æмдзæвгæ «Моя жизнь» цæвиттонæн æрхаста æнæхъæнæй, ома, нæ дзы зыны лирикон хъайтары хъынцъымы сæр, афтæмæй та дзы йе 'ппæт дудгæбæтты тыххæй кæсæм:

*Даль туманная радость и счастье сулит,*
*А дойду – только слышатся вздохи да слезы,*
*Вдруг наступит гроза, сильный гром загремит*
*И разрушит волшебные, сладкие грезы.*

Æндæр ма йын æй куыд зæгъын кæны, диссаг у.

Зонын æй, æгæр бирæ цæвиттонтæ сты. Æз дзы «Æммыст!»-ы тыххæй æртæйы кой скодтон, фæлæ «К»-мæ сты 10! Йæ «комментаритæ» цалынмæ мæ уацы гуырахстæн систы, уæдмæ сæ калдта æмæ калдта.

Диссаг дæм фæкæсдзæнис: уырыссаг æвзагыл хæссы цæвиттонтæ, æмæ сæ не 'мбары? Ау, æмæ уырыссаг æвзагыл дæр куы фæлвары æмдзæвгæгæндтæ фыссыныл. Мæнæ сæ иуæй скъуыддзаг:

*Твердят свидетельства-анналы:*
*Сарматы, Скифы и Аланы*
*На поле кровожадной брани*
*С врагами дрались – как бараны.*

Мардæрцыд уый у, йæ ирон цæвиттонтæ ноджы фыддæр кæй сты. Мæнæ куыд зæгъы: «Рахизæм нæхи Къостайы сфæлдыстадмæ. Иу æмæ йæм дыууæ нæй абстрактон сагъæстæй нывæзт рæнхъытæ æмæ куплеттæ:

*Калмау мын мæ риу*
*Судзгæ баууылдта*
*Маст – зæрдæхалæн,*

*Йæ тых басæтта!»*

Æмæ ууыл йæ дзул лæвæрд фæци. Нал æй бафæндыд уыцы «маст – зæрдæхалæны» аххосаг фенын, уый та, армы æвæрдау, æргом у:

9* Хъазиты Мелитон *Афæлывта мæ*
*Сауæрфыг рæсугъд…*
*О, мæ худинаг,*
*О, мæгуыр мæ уд!..*

Фæлæ «К»-йы кæнæ фæндгæ нæ кæны, фена сæ, кæнæ та сæ йæ хъуыды нæ ахсы, æмæ уымæй у сæрыстыр: «Иу нырхасæй, ам дзырддаг æппындæр ницы ис. Мелитоны фиппаинаг æмæ мæхи хъуыды кæрæдзимæ æгæр дард лæуушынц». Ноджы мæн аххосджын кæны. «Æз саразин ахæм хатдзæг: арæх вæййы нæ критикæйы афтæ, æмæ авторы цы зæгъын фæфæнды йæ уацмысы, уый критик нæ рахаты æмæ дзы авторæн йæ фæсонæрхæджы дæр цы нæ вæййы, уый та агургæ фæкæны. Уый, мæ хъуыдымæ гæсгæ, рæдыд метод у æмæ йыл къух сисын хъæуы».

Табу – Хуыцауæн, мæ рæстæг уæгъды нæ сæфтон, «Æммыст!»-ы ницы агуырдтон, æрмæст уæзданæй загътон, кæй дзы ницы ис. Автор та йын дыууæ азы дунейы поэзийы «æмхал», æмфаззон агуырдта, цы ссардта, уый йæ цæвиттонтæй бæрæг у.

Мæ уацæй, æгæрыстæмæй, комкоммæ сфыссын дæр нæ бацис йæ бон, æмæ зæгъы афтæ: «Æмдзæвгæ «Уды хъæрахст» Мелитонмæ гæсгæ у «…æрмæстдæр дидактикон бæллиц… Къостайы зондамонæн хъуыды». Æмæ цæвиттонæн хæссы /уый, ома, æз – **Хъ. М.**/ «Балцы зарæг»-æй фыццаг строфæ:

*«Цæйут, æфсымæртау,*
*Радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ,*
*Иры лæппутæ!»*

Нæ зонын, цæмæн æрлæууыдис йæ зæрдыл ацы æмдзæвгæ авторæн, цы ис уымæн иумыййагæй ме 'мдзæвгæимæ?»

Бынтондæр ницы! Æз сæ, «К»-йау, фæрсæй-фæрстæм /æвæццæгæн æй афтæ фæндыдис/ нæ, фæлæ æрæвæрдтон зæххы дыууæ кæрон /зæгъдзæнис та – «зæххæн кæрæттæ нæй, тымбыл у»/. Йæ даргъ æмдзæвгæйы куы сиды хæрам лæгмæ дæр, хъæздыгмæ дæр, рæсугъдмæ дæр, фыдуындмæ дæр, зонджынмæ дæр, зондцухмæ дæр, бæхджынмæ дæр, фистæгмæ дæр, æмæ сын, йæхи дæр чи нæ уырны, уыцы бæллиц куы хъары:

*Басгуыхæм талынг зæрдæйæн цырагъдар,*
*Æмæ кæндзæни нæ цæрæнбон даргъдæр, –*

уæд, мæн дæр афтæ кæй фæнды, фæлæ хæрам лæгтæ, зондцухтæ, бæхджынтæ, æмæ бирæ чидæртæ ахæм хъуыдыйыл кæй никуы сразы уыдзысты, уый тыххæй загътон: «Бæргæ!» Фæлæ уый æрмæст дидактикон бæллиц у. Армыдзаг ирæттæй Къостайы зондамонæн хъуыды:

*Цæйут, æфсымæртау,*
*Радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ,*
*Иры лæппутæ! –*

кунæ ма æмбарæм абон дæр, уæд дунейы адæм æвзæрæй, хорзæй, бæхджынæй, фистæгæй куыд æрыхъусдзысты сæ кæрæдзимæ».

Нæдæр, æмдзæвгæ лæмæгъ кæй у, уый загътон, нæдæр æй Къостайы зондамонæн хъуыды, – Хуыцау бахизæд! – схуыдтон. «К» кæсы цæмæдæр, æмæ фыссы, æцæгæй цы уыны, уый нæ, фæлæ йæхи цы фæнды, ахæм цыдæртæ. Цæвиттонтæ цы чингуытæй хæссы, уыдон ма, кæд сæ уыдонæн Тедеты Рюрик нæ радта, уæддæр кæмæдæрты сты, кæй сæм æркæсдзысты, ууыл ма ахъуыды кæн, фæлæ мæ уац та журналы уыцы номыры куы ис, уæд æй исчи кæй бакæсдзæн, уый зонынæн философи хъæуы ахуыр кæнын!

Ӕмæ та ам дæр францаг, зæгъай, уырыссаг, гуырдзиаг, ирон поэттæй хæссы цалдæргай цæвиттонтæ – йæ уацгонд дымы, дымы, дымы, цæмæй йын суа мæ уацыййас, журналы бынат ын нæ хæлæг кæны, æрмæст исчи зæгъæд: «Кæсут, йæ уацы бæрц ын «комментаритæ скодта!»

Бæрæг нæу æндæр хъуыддаг: цæмæн æй бахъуыд, дидактикон æмдзæвгæ дæр æмдзæвгæ кæй у, уый бæлвырд кæнын? Чи йын бафаудта йе 'мдзæвгæ, кæд бынтон лæмæгъ у, уæддæр? Йæ хъæнтæ мæ номæй цæмæн калы хурмæ?

Сдзырддаг кодта, журналы бирæ æрмæджыты æвзагмæ хуыздæр æркæсын кæй хъуыдис, мæ уыцы фиппаинаг дæр. Цæвиттонтæ цы æрмæджытæй хастон, уыдон авторты кой барæй не скодтон, нæ сæ загътон æмбырды дæр. Зонын æй, ахæм рæдыдтытæ æнæрхъуыдыйæ аирвæзынц. Уый сæ номгай нымайы мæ бæсты, ома, кæсут, æфхæры уæ, æз та уæ сæрыл хæцын.

Зæгъын, иронау «хъуджы лæппын» нæ дзурынц.

Уый, рæдыдтытæм хуыздæр хъус дарыны бæстæ йæхи сраст кæныны тыххæй афтæ æнæхъуаджы бирæ фæдзырдта, æмæ дæ хъустыл ныххæцдзынæ: ай, æцæг, æндæр нæ зоны æви æфсон кæны? «Хъуджы лæппын» сæм «ахæм хуызы цымыдисондæр фæкаст…», «абоны-бон дæр ма фехъусæм /кæм, уый нæ дзуры – **Хъ. М**./: хæрæджы лæппын /ома – къæлæу/; куыдзы лæппын /ома – хъæвдын, къæбыс/; хъуджы лæппын /ома – род, рæуæд/; арсы лæппын /арсы лæппыны фæхонынц хъыбыл дæр» /кæд хъыбыл у? – **Хъ. М**./.

Ам худын хъæуы æви кæуын, уый нал хатын. Кæм фехъуыста уыцы диссæгтæ? Хæрæджы лæппын фæхонынц, хæрæгау, æдзæсгом адæймаджы. Куыдзы лæппын фæхонынц æнаккаг, куыдз адæймаджы. Хъуджы лæппын та хонынц хæтаг, хæлд сылыстæджы кæстæры.

Фæлæ йæм уыдон дæр фаг нал фæкастысты, æмæ йæ фæцæхджындæр кодта: «Ӕгæрыстæмæй ма ирон адæм хæрæфырты дæр хатгай фæхонынц «нæ хъуджы лæппын», «нæ хъуджы рæуæд». Диссæгтыл дис ничи уал кæны. Чи зоны, фæхонынц æй, йæ мад хъуг куы вæййы, уæд. Фæлæ йæ ирон адæмы æфсон кæнын цæмæн хъæуы?

Ævзаджы тыххæй иннæ рæдыдтыты дæр ахæм хуызты раст кæны æмæ, дамгъæтæй чи кæцы у, уыдоныл дзурын мæм худинаг кæсы, уымæн нæ кæнын сæ кой.

Уæддæр иу-цалдæр фиппаинагæн æнæзæгъгæ нæй.

Фæрсы нæ: «цы хуызæн /цъæхтæ, буртæ, сырхытæ – **Хъ. М./** хъуамæ уа «юбилейон уац», рецепт радтæн ис?» Æмæ дзуапп кæнын: журнал «Фидиуæджы» фæлтæрддзинадæй – дæхиуыл, цы дæ, цынæ дæ, уыдæттæ фæфысс; искæуыл – кæддæр ыл цы дзымандытæ фæхъулæттæ кодтай, уыдонæн бацæуæн æмæ кæрон ацараз, афтæмæй сæ нытътъæпæн кæн журналы фæрстыл.

Мыхуыры иу æмæ дыууæ боны нæ бакуыстон æмæ кусын. Рæдыд куыд аирвæзы, уый дæр зонын, барæй йæ куыд ауадзынц, уый дæр мын æнæзындгонд нæу. Мæ фыццаг уацы цы чысыл рæдыдтыты кой скодтон, уыдон аххосæгтæ æмбарын, æмæ скарстон – ма дæр уæхст басудзæд, ма дæр – физонæг. Сæ автортæ æмæ редакцийы кусджытæй дзурын: «Сæ иутæ дæр æмæ се ‘ннæтæ дæр сæ ауагътой сæ уазал зæрдæйы аххосæй, æндæра сæм худæг фæкæсид ахæм рæнхъытæ фенын».

Машинкæйыл мыхуыргæнæг дзырд «худæг» нæ, фæлæ смыхуыр кодта «худинаг». Мыхуыры куыстмæ чысыл хæстæг чи лæууы, уымæн зындгонд у, автор йæхæдæг цы дзырд ныффысса, ды йын æй дамгъæтæм гæсгæ æнгæс дзырдæй куы фæивай, уæддæр æй уый йæ фыццаг хуызы кæсдзæнис. Кæд æй цалдæр хаты бакастæн, уæддæр æй мæ уазал зæрдæйы аххосæй нал æрцахстон.

Раст афтæ аирвæзт «нæ эрæйы райдианы» бæсты «не ‘нусы райдианы» дæр.

Дыккаг рæдыд корректурæйы рæстæджы сраст кодтон, хъуыды йæ кæнын, фæлæ, цы фæцис, хæйрæг йæ зонæг – редакци йæ уæддæр рæдыдæй ныммыхуыр кодта.

Ацы пасквиль куы кастыстæм фысджытæ Харебаты Леонид, Уанеты Владимир æмæ нывгæнæг Джусойты Алыксандримæ, уæд æркастыстæм мæ уацы оригиналмæ, уым раст фыст сты. Загъдæмхиц редакторæн нæ мыхуыргæнæг ахæм зæрдæзæгъгæ хорзы кæй бацыд, йæхæдæг та журналы барвæндæй рæдыдтытæ кæй уадзы,

ууыл, кæд къаты бон уыд, уæддæр ахудтыстæм: ау, йæхи мыхуыры кусæг, «дзырдаивады зиууон» чи хоны, уый нæ базыдта, цахæм рæдыдтытæ сты? Кæд сæ нæ фæхатыд, цы хуызы аирвæзтысты, уæд та мыхуыры цы ми кæны? Кæд æй ахудын фæндыд, уæд йæ «комментариты» æркæсæд С. Есенины æмдзæвгæмæ, куыд æй сæмтъеры кодта.

Фæлæ мæм дзырдæппарæн æрбакæна, ацархайа цæсты мæ бафтауыныл, ома, дæ хистæртæй – «…æндæра сæм худинаг фæкæсид ахæм рæнхъытæ фенын» куыд загътай? Æмæ уый кæд фехъуыста иронау ахæм хъуыдыйад? Æви та уый дæр «…ирон адæм хæрæфырты дæр хатгай…» «нæ хъуджы лæппын» куыд фæхонынц, уыйау у?

Адæмы цæстæй ницы ирвæзы. Сауы дæр уынынц, урсы дæр. Хистæртæн кад чи кæны, уый дæр зонынц, æмæ сыл фæсномыгæй цъыфкалæнтæ чи фыссы, уый дæр. Хæсты рæстæджы чи кæм уыдис, уый дæр æмæ, уазал хатæны чи куыста, уый дæр. Æнæбанысангондæй ницы аирвæздзæнис. Тагъд дон фурды не ‘ййафы, уый зонын.

Цы нæ зонын – мæнмæ азым кæцæй хауы, поэзийы хайады редактор ын кæй нæй фыдæлтæй фæстæмæ, корректор?.. Уыцы бынатмæ цыдысты нæ Фысджыты цæдисы уæнгтæ, поэттæ, цалдæргай чингуыты автортæ Гобозты Валери, Миндиашвили Серго, курдиатджын, æцæг курдиатджын æвзонг поэт, чиныджы автор Годжыцаты Нелли, фæлæ сæ æмгæрон не ‘руагъта. Æниу, журналы уыцы штаттæ сты. Мызд дæр сын цæуы. Æнæист дæр нæ баззайы сæ мызд. Уæдæ, куыд бамбаргæ у ацы хъуыддаг? Чизоны, ахъуыдиаг у?

Стæй, журнал «Мах дуджы» гуырахст «Фидиуæг»-æй бæрæг фылдæр у. «Фидиуæг» афæдз 6 хатты цæуы, «Мах дуг» – дыууадæс хатты. Уым дæр – æртæ сфæлдыстадон кусæджы, ам дæр – æртæ сфæлдыстадон кусæджы. Хъæугæ йæ цæмæн кæнынц? Дзырд цы æрмæджытыл цæуы, уыдон номырæн сты раст йе ‘ртыццаг хай, фæлæ сæ, цалынмæ мыхуыры рацыдысты, уæдмæ нæдæр редакцийы кусджытæ федтой, нæдæр – редколлеги. Редакцийы куысты æгъдæуттæм гæсгæ ахæм дзырдттаг æрмæг Фысджыты цæдисы журналы афтæ мыхуыргæнгæ нæу.

Некрологтыл официалон адæймæгтæ сæ къухтæ куы февæрынц, уæд сын сæ нæмттæ цæмæн аппары, уый зæгъын мæ нæ фæндыд, фæлæ мын æй дзурын кæны – уымæн æмæ, Президент нæу, нæдæр – Хицауады Сæрдар, Парламенты Сæрдар иннæ ахæм, нæдæр зиан бавæрыны тыххæй къамисы уæнг вæййы, – бæлгæ дзы цæмæ кæны /?/, – æмæ, кадуарзаг кæй у, уый тыххæй ууыл мæстæй тъæппытæ фæцæй хауы, æмæ сын аппары сæ нæмттæ.

Ау, кæд уыййонг æрцыдтæ, уæд уыдон текст цæмæн мыхуыр кæныс, дæхæдæг уыцы дзæнæтыбадинагыл æндæр текст ныффыс, æмæ йæ ныммыхуыр кæн журналы номæй. Фæлæ йæ байраджы хъиамæт нæ фæнды. Æз, хъыгагæн, цæссыгкалгæ æмæ æнæуый дæр цас некрологтæ фæфыстон, уыдон нымæц мæ рох дæр раджы фæцис, фæлæ сæ иунæг сау суари дæр никуы райстон, нæдæр сæ исгæ ракодтаин, уымæн æмæ, некрологæй æхца райсын нæм рагæй фæстæмæ худинаг уыдис, æмæ у. Искæй фыст некрологæй гонорар кæй нæ райсы, уый мын кæй уырнын кæны, уыцы хъуыддаг ын æцæг байраджы хъиамæт у. Æниу, афтæ кæм зæгъы: «Науæд ын цас гонорар хъуамæ уа!» – уым нæ хъуамæ алцы дæр уырна.

Мæгуыр мæ бон, Къуар куыд фысгæ у, уый дæр нæ зонын. Кæд, цæвиттон цы нывæцæй хæссын, уым дæр, æз æй куыд фыссын, афтæ у, стæй йыл мæстыйæ цавд æвæрын, уæд та? Уæддæр та ссардзæнис æфсон – дыкъæдзгуыты йæ цæмæннæ систон? Кæд æй, мыййаг, нæ фыдбоны сыхæгты æвзагыл, – йæхæдæг хæл-хæлгæнгæ, сæ сæр бынтондæр кæм нæ хъæуы, уым дæр ыл цæвиттонтæ куыд скъæфы, цæмæй исчи зæгъа, кæсут, уыдон æвзаг дæр зоны, уыйау æй афтæ фæндыд, æз дæр æй уыдон æвзагыл ныффыссон?

Æниу, Абайты Васойы ном нæ зоны, Уасо йæ куы фыссы, уæд, æви йæ уый дæр дыкъæдзгуыты хъуамæ сиса? Ис дзы райдиан кълæсты цыбыр дзырдуаты æмвæзадыл «фонетикон» хатдзæвгæтæ аразæн.

Уæдæ, зонадон куыстæй журналы цы скъуыддзаг уыд, уый адæмон сфæлдыстад кæй хоны, уый та бынтон худæг у. О, ис дзы адæмон сфæлдыстадæй скъуыддзæгтæ, фæлæ

се ‘мбарынгæнæн текст уыцы номыры нæй, кæд уыдзæн, уый бæрæг дæр нæма ис, фæлæ кæй уыдзæн, уый мæ уырны. Куы уа, уæд та, куыд загътон, ахæм хуызы уыдзæнис. Уымæн æндæр гæнæн нæй.

«Мелитонæн «ссадвæд» æмæ «ссад фæндаг» фæхæццæ сты!»-йы, стæй «хъынцъым фæйнæрдæм куыд кæлы /æнтыд у?!/», – уыдæтты тыххæй йæ «цыбыр дзырдуатимæ» йæхæдæг хаттдзæгтæ аразæд.

Ацы ныхас нæ уыдаид, мæ рецензийы сыгъдæгзæрдæ, хъуыддаг цæмæй раст уа, ахæм ныхас куынæ фæкодтаин, мæхи зæрдæ цæмæй схæццæ уыдаид, ахæм былдауæн æппæлдтытыл куы схæцыдаин, уæд. «Редакцийы хызын тæбæкк у», – зæгъы йæхæдæг, æмæ уым мæ уац, цалынмæ йæ фæстæмæ нæ истон, уæдмæ дыуумæ азы нæ лæзæрдаид. Фæлæ алкæмæн йæ бон нæу гæдыныхæстæ кæнын.

Цы уацмыстыл дзы цыдис дзырд, уыдоны иухуызон æнкъарæнтæ иу æмдзæвгæйæ иннæмæ хизгæйæ кæй ихсийынц, æмæ сæ чиныгкæсæг кæй фæлмæцы, уый тыххæ Ходы Камалы цыппаррæнхъон æрхастон цæвиттонæн:

*Дыргъ, зæгъай, халсар – тонгæ у рæгъæдæй…*
*Фæлтау цæрдудæй сау зындонмæ бафтон,*
*Цæйнæфæлтау, мæхи фæзмон мæхæдæг –*
*Фыдмыггаг хъуг йæхи куыд дæйа, афтæ.*

Къæрныхы худ судзы. «К»-йы игæртæ уыцы цæвиттон ацæхæраджынтæ кодта, æмæ йын йæ лæмæгъ æмдзæвгæтæй æз кæй кой не скодтон, уыдоныл дæр йæхæдæг фæтутæ кодта мæ номæй. Бабаты Викторæн та мæ афтæ зæгъын фæнды: кæйдæр къæхты хъæрмæ дæ нæ хъуыдис ацы уацгонд ахъулæттæ кæнын. Хорз æмбал кæд дæ, хорз кусæг дæр, хорз хæдзары хицау дæр, мæ хæлар дæр, уæддæр уый афтæ нæ нысан кæны, æмæ дæ радзырд дæр хорз у.

Зонын æй, цæрын дæ фæнды æнæ психологон рассæндбассæнд. Мæн дæр. Стæй – тынг бирæ кæйдæрты. Фæлæ уацмыс сур ныхæстæй фыст куы уа, хъайтары миддуне дзы куынæ зына, уæлдайдæр, прозæйы, уæд уый аивадон уацмыс нæу, мæ хæлар.

Чи зоны, цыдæр хъуыддæгтыл ма æрдзурын æмбæлд, раргом кæнын сæ хъуыд, фæлæ сæ нырма уадзæм. Фидарæй зонын, «комментаригæнæгæн» критикæйы йæ ном уа, æмæ кардæлвæстæй лæбурын ма сиса алырдæм, уый никуы ма уыдис. Ныр дæр, дурты бын æй куы бакæнат, уæддæр нæ фæлæуудзæн. Æмæ сыл уæд бæстондæр фæдзурдзыстæм.

Мыст къахта, къахта, къахта… Цыфæнды ма кæнæд адæймаг, уæддæр гæдыйы къах цыбыр у.

Æмæ разыны царды рæстдзинад.

2001

◯

## РЕПОРТАЖ БАЙРАДЖЫ ХЪИАМÆТÆЙ

*Хох хуыргай у, фурд – æртахгай. Хуыртæй дуртæ, хæхтæ сырæзынц, æмæ та кæддæр фæстæмæ хуыргай нызгъæлæнтæ вæййынц. Æртæхтæй къадатæ, фурдтæ рауайы, æмæ та кæддæр фæстæмæ æртахгай ныввæййынц. Сæйраг сæ сырæзын у. Сæ фыццаг хуыз кæд райсдзысты, уый рæстæгыл вæййы баст, фæлæ уыдон уæдмæ сæ кæнон бакæнынц. Æниу, уый кой нæ кæдзыстæм.*

*Фæлæ уыцы хъуыдымæ цæмæн æрцыдтæн, уый уын зæгъон.*

*Скъолайон партæйыл бадгæйæ, фæлвæрдтон фысджыты хицæн уацмыстæ æмæ иуæй-иу чингуыты тыххæй мæ хъуыдытæ дзурыныл. Студент уыдтæн, афтæмæй мæ ныфс бахастон мæ хъуыдытæ газет «Советон Ирыстон» /раздæры æмæ ныры «Хурзæрин»/ æмæ журнал «Фидиуæджы» редакцитæм хæссын.*

*Цыдæртæ-иу сæ мухуыры фæзындысты. Кæй кой мæм уыд, уыдон мыхуырмæ куыд хæстæг уыдысты, уымæ гæсгæ.*

*Цыдæртæ уымæн зæгъын, æмæ иу чиныг кæронмæ чи никуы бакаст, мыхуыры ахæм мыст дæр-иу сæ алæрдыгæй*

*фехсыдта, газеты йын афтид бынат цас баззад, уыцы згъуыд баххæст кæнын тыххæй. Æнæуи дæр нæм æвзонг авторæй, кæд уый иууыл буцдæр даринаг у, уæддæр уый бæрц ничи фефсæрм кæны, хъыгагæн.*

*Мæ зæрдыл лæууы, Цхуырбаты Уасджейы чиныг-баснитæ «Хъæды хабæрттæ»-йы тыххæй мæ хъуыдытæ, уыцы жанры нæм бæстонæй кæй ничи кусы, уый охыл куы загътон.*

*Чиныджы автор мæнæ-мæнæ нымад кæй нæ уыд, æз та æфсæрмы бынаты кæй никæмæ уыдтæн, уый тыххæй мæ уац газеты редакцийы къуымты раппар-баппараг фæцис, стæй йæ рахъулон-бахъулоны фæстæ æдзæмсæфт фæкодтой.*

*Фыццаг ирон профессионалон поэт, ирон литературæйы классик Мамсыраты Темырболаты сфæлдыстад цæмæй уазал къусы сæфт ма фæкæна, уый тыххæй хуымæтæджы, æнæ бахъыгдаргæ уац куы ныффыстон, уæд мын мæ абоны хистæр хæлæрттæй иу, газеты уæды бæрнон кусæг комкоммæ загъта: «Ахæм къæбæда уацтæ куы фыссай, уæд мæхæдæг фæдзурдзынæн милицимæ, æмæ дæ æрцахсдзысты». Уыцы ныфс мын уый размæ дæр чидæртæ æвæрдтой, æмæ сыл ахуыр уыдтæн.*

*1971-æм азы Хуссар Ирыстоны паддзахадон пединститут каст куы фæдæн, уæд мæ фæндыд литературæйы фæдыл аспирантурæмæ, фæлæ уæд дæр æмæ ныр дæр, йæ сæрыл сдзурæг кæмæн нæ уа, уый фæндæгтæ алырдæм фылдæр хатт æхгæд вæййынц. Куыст дæр мын нæ лæвæрдтой, царды амæлттæ кæнын та хъуыд, æмæ æрæвнæлдтон фысджытæн сфæлдыстадон портреттæ аразынмæ. Фæлæ куыст ссарынæй литературон критикæ æмæ литературæзонадмæ æвзонг авторы фæндæгтæ кæд разындысты фидардæр æхгад. Дзугаты Георгийы тыххæй мын мæ хъуыдытæ радиойы цыбыртæй цы радтой, уымæй дарддæр сæ æвдисгæ дæр никæмæн уал ракодтон. Иукъорд аивадон уацмысимæ мын фесæфтысты, 1991-æм азы мын гуырдзиаг-ирон хæсты рæстæджы нæ фыдбоны сыхæгтæ Уæллаг Отъреуы мæ хæдзар куы ныппырх кодтой – райхæлдтой æмæ аластой, уæд.*

*Мæ рагбонты литературон фæлварæнтæй нырмæ чи æрхæццæ, уыдонæй хæхтæ фурдтæ нæ сырæзтысты, фæлæ цыма цъус цæуылдæрты нæ дзурынц. Уымæ гæсгæ дзы иукъорды чысыл стилистикон барæстытæгондæй æрбатымбыл кодтон иу агъуысты был, «Репортаж байраджы хъиамæтæй», зæгъгæ, йæ ном, æмæ сæ хæссын чиныгкæсджыты размæ.*

## 1. ЦÆСТУАРЗОН ЛÆВАР

Адæм алыхуызæттæ сты. Алыхуызæттæ сты фысджытæ дæр. Уæдæ, се ‘ппæт литературæйы иу жанры куыннæ кусынц, афтæ сæ уацмыстæ дæр дзурæг вæййынц æндæр æмæ æндæр хабæрттыл. Сæ нысаниуæг уымæн вæййы алыхуызон. Фæлæ сæ иууыл арфæйагдæр вæййынц, адæймаджы, уæлдайдæр, фæсивæды раст фæндагыл чи æфтауынц, уыдон. Стæй уыцы хъуыддаг хауы алкæмæ дæр.

Уырыссаг зындгонд ахуыргонд æмæ ахуыргæнæг Владимир Бехтерев уымæн дзырда: «Дело воспитания есть дело общенародное. Оно должно быть принадлежностью не отдельных только лиц, а всего народа, и там, где меньше всего семья распологает возможностью воспитывать своих детей, и нужна в особенности помощь общественных организаций, преследующих цели воспитания».

Ирон фыссæг Галуанты Нина /Нига/ цыма уыцы хъуыды дары йæ зæрдыл. Йæ уацмысты хъайтарты февдисы алыхуызон навæрты – бинонты æхсæн, ахуыры фæндагыл, æхсæнадон царды. Йæ чингуытæм ын дæ хъус лæмбынæг куы дарай, уæд сын иууылдæр ис хъомыладон нысаниуæг.

Нигайы ног уацау «Дыууæ дзæнгæрæджы» у авторы сфæлдыстады хуыздæр æмæ гуырахстджындæр уацмыс. Йæ хъайтартæ Назирæ æмæ Мишæ каст фесты астæуккаг скъола. Сæ хорз хъомылад æмæ ахуыры фæрцы райстой уæлдæр ахуырад, царды ссардтой аккаг бынат: Назирæ сси ахуыргæнæг, Мишæ та – индзылер. Дыууæ æрыгон, цардбæллон уды сæ цард баиу кодтой. Хъуамæ сæм арвæй кастаид хур. Цардæй рæвдыдмæ æнхъæлмæ кастысты.

Фæлæ сæ æваст басыгъта 1937-æм азы азар – Миша мард фæци трагикон æгъдауæй, Назирæт та хаст æрцыдис Сыбырмæ. Йæ цард кæмæн нывонд кæны, рахуыдтой йæ уыцы адæмы знаг, æмæ йын йæ рухс бæллицтæ бадын кæнынц йæ хъуыры.

Фæлæ царды æвзæр адæм куыд ис, афтæ дзы ис хæрзтæ дæр. Стæй, мах куыд æнхъæлæм, афтæ цъус дæр нæ. Дуне уыдоныл æнцайы. Нигайы чиныджы фæстагмæ рæстдзинад уымæн рабæрæг. Назирæт кæд стыр æфхæрд баййæфта, уæддæр æрыздæхтис, дзæнгæрæг ныццæгъдын ын кæм нæ бантыстис, уыцы райгуырæн хъæумæ.

Стыр уырыссаг фыссæг Лев Толстой афтæ кæмæй загъта: «Не тот учитель, кто получает воспитание и образование учителя, а тот, у кого есть внутренняя уверенность в том, что он есть, должен быть и не может быть иным. Эта уверенность встречается редко и может быть доказана только жертвам, которые человек приносит своему призванию». Назирæ удæй у ахæм адæймаг. Йæ трагедии ис, уæззау дуг ын йæ уды сыгъдæг адæмыл тауын кæй нæ уадзы, уым.

Æнæгуырысхойæ зæгъæн ис, автор, уацмысмæ гæсгæ, скъолайы цард хорз кæй зоны. Æмткæй сисгæйæ, уацмыс цыма у, реалон факты бындурыл æнцойгæнгæйæ, хуымæтæг æмæ æнцонæмбарæн æвзагыл фыст.

Æнæзæгъгæ нæй, чиныгкæсæг уацмысы кæй нæ ары, Бади йæхи Белæ цæмæн схуыдта, уый аххосаг. Автор ын не ссардта, кæуыл бауæндæм, ахæм аххосаг. Уацауы кæрон фыссæг ницы зæгъы Белæ, Габрел, Ладо æмæ Иваны цъаммар миты тыххæй дæр. Афтæмæй чиныгкæсæг фенхъæлмæ кæсы, адæм сæм цахæм цæстæй акæсдзысты, уымæ.

«Дыууæ дзæнгæрæджы»-йæн ис хъомыладон нисаниуæг æмæ у йæ авторы ног æнтыст.

1966

## 2. ЗÆРДÆАГАЙÆГ РÆНХЪЫТÆ

Ærygon iron poætty uacmystæj mæm uældaj aiv æmæ ænconæmbarændær kæsync Xъodalaty Gersany æmdzævgætæ. Adæjmadzhy zærdæjæn dættync caxæmdær æxcondzinad, se ‘vzag u sygъdæg æmæ lægъz. Uyj tyxxæj myn æxsyzgon væjjy jæ aly nog æmdzævgæ bakæsyn. Zærdiagæj bakastæn jæ lirikon poæmæ «Gycci» dær («Fidiuæg», 1966, №6). Avtor dzy ravdysta nyjjaræg mady fælgonc, stæj jæxi sabion bontæ dær. Xъodalajy-fyrt xorz ræxsy nyv kænynmæ.

*Мæй арвастæу, Барсæджы цалхау тулы...*
/16-æм фарс/

Ацы ран «зæгæлтæ ‘ууилгæ» хорз не ‘мбары чиныгкæсæг. Дызæрдыг кæны, рудзгуыты къуырд зæгæлтæ «æууилы» æви æндæртæ.

Афтæ ма, ахæм тымыгъ æхсæвы мæй арвы астæу куыд фæтулы Барсæджы цалхау, уый дæр аив æвдыст нæу.

1966

## 3. АФОН НÆМА У?

«Цымæ афон нæма у, æппын, уыцы чырын сæгом кæнынæн æмæ дунемæ фыццаг ирон поэты фыстытæ равдисынæн?» – ацы фарст фыццаг Гæдиаты Цомахъ куы ‘рæвæрдта, ууыл ныр рацыдис æрдæг æнусмæ æввахс. Уый та цъус рæстæг нæу. Фаг у, ахъуыды кæнынæн дæр æмæ фарстæн дзуапп радтынæн дæр. Афонмæ хъуамæ нæ риуæй айнæгфарс къæдзæхтæ афæлдæхтаиккам, мигътæ систаиккам нæ сæрыл, цæмæй нæм исчи ногæй ахæм фарст куы авæра, уæд йæ разы æдых сабийы уагъд ма ‘ркæнæм нæ сæртæ.

Дзуапп раттын та йын æнæмæнг хъæуы. Афтид, къуыдипп ныхæстæй нæ, хъуыддагæй.

Уый фыццаджы-фыццаг интеллигенцийы хæс у.

Ау, фæстаг сулæфтмæ, йæ зæрдæйы йæ райгуырæн Ирыстоны сыгъдæг уарзт, дзуары цырагъау, судзгæйæ чи фæхаста, Анатолийы хус, змиссæр быдырты, мæлæтимæ тох кæнгæйæ, ирон адæмæн исты феххуыс уоны охыл, йæ уд чи хъардта æмæ нын литературон бынтæ чи кодта, ууыл æндæр нæхи ма батыхсын кæнæм, уый худинаг нæу! Уымæн йæ уацмыстæ, ахæстау, æхгæд дуары мидæг хур ма уыной, уый æгады хъуыддаг у.

Йæ цæхæр зæрдæйы маст æмæ фæсмоны артæй ратæдзгæ туджы æртæхтæй фысгæйæ нын аив литературæмæ фæндæгтæ чи кодта, уый уацмыстæ æнæхицауы тыххæй хур ма феной, уый худинаг у.

Афтæмæй нæм дзы цы цалдæр /иуæндæс/ æмдзæвгæ æрхаудта, уыдон кæсгæйæ адæймаджы уæнгтæ баризынц, цæстыты раз сысты, ирон адæмæй Туркмæ 60-æм азты хуыздæр цардæнхъæл чи алыгъд, уыдон фыдæбон, удхайраг цард.

Маст æмæ фæсмон йæ «бæстæй скъуыд, æфхæрд лæгæн» æддæг-мидæг ауадысты йæ зæрдæйы. Сæнкъуыстысты, йæ риуæй йын стыдтой ирон профессионалон аивад.

Фыццаг ирон аив дзырд! Афтæмæй зæрдæмæ куыд арф хъары, хъарм туджы ‘ртахау уæнгты куыд агæпп кæны!

*Уæ! Нæ хæхтæ, нæ бæстæ,*
*Куыд ма цæрæм уæ фæстæ!..*
(«Сагъæстæ»)

Ацы дзырдтæ, мыййаг, æнæнхъæлæджы не схаудтой нæ фыццаг, фæсмонгонд поэты зæрдæйæ. Уый Туркмæ лидзæг адæмæй алкæй зæрдæйы уаг, алкæй хъуыды дæр у. Темырболат йæхæдæг бавзæрста, йæхи цæстæй федта, райгуырæн бæстæйы уарзт куыд тыхджын у.

Афтæ уымæн зæгъы:

*Нæ райгуырæн, нæ бæстæ,*
*Удæн уд дæр ды куы дæ!..*
*Цард н ‘агурæм дæ фæстæ,*
*Зæрдæйы уæлæ хуыд куы дæ!..*

Кæнæ:

*Цард н ‘агурæм нæхицæн,*
*Дæ иу рыг дæр нæхи у,*
*Нæй дын махæй фæхицæн, –*
*Дæуæн дæ фидар нæ риу у.*
(«Дыууæ ‘мбалы»)

Йæ Райгуырæн бæстæйы уарзт æмæ йæ адæмыл сагъæсæй йæ зæрдæ фæрчытæ кæмæн хауд, æрмæст уый фæдзæхстаид йæ кæстæрæн афтæ:

*Туркаг зæрдæ ма райсай, –*
*Дæ туджы ‘ртах – кавказаг!*
*Махыл дæ зæрдæ ма худæд, –*
*Нал дын ыстæм ахъаззаг.*
(«Авдæны зард»)

Поэтæн æппынæдзух йæ мæт, йæ сагъæс сты йæ бæстæ, йæ мæгуыр, тыхст адæм. Уæлдайдæр, туркмæлидзæг ирæттæ. Цомахъ æй мæнгæй не схуыдта «Туркмæ чи лыгъд, уыцы хæххон адæмы æрдиаджы æмæ сагъæсты поэт». Фæлæ афтæ зæгъæн нæй, Темырболатæн йæ зæрдæ æрмæст Туркмæ лидзæг ирæттыл рысти. Нæ, йæ катай уыдысты, ирон адæм «къордтæ, дихтæ» кæй ныййисты, уый. Æгæрыстæмæй, уазал Сыбыры дæр кæй хъæрзынц, æмæ зæгъы:

*Къордтæ, дихтæ баистæм,*
*Сæфы, сæфы нæ фæстаг.*
*Æрсагъæс кæн дæхæдæг:*
*Чи нæ хъæрзы Сыбыры,*
*Чи нæ баззад ‘нæ бæсты.*
(«Дыууæ ‘мбалы»)

Фыдæх æмæ хæрамзæрдæ у лыскъзæрдæ æмæ чъынды адæммæ. «Чынды лæджы» афтæ уымæн зæгъы:

*Ды исимæ мæгуыр дæ,*
*Тæригъæд дын фæкæнын.*

Æнæуынон ын сты, хæрæгæн дæр, «сыгъзæрины уаргъ»-ыл куы уа, уæд стыр кад чи кæны, уыдон.

Æмæ нæ поэты хъуыдытæ йæ ацы æмдзæвгæты æрмæст ууыл нæ фæуд кæнынц. Цомахъ æй йæ ацы цалдæр æмдзæвгæйæ «туркмæ чи лыгъд, уыцы хæххон адæмы æрдиаджы æмæ сагъæсты поэт» схуыдта, фæлæ нæм цыма йе сфæлдыстад æнæхъæнæй куы ‘рбахауид, уæд, чизоны, Къостамæ хæстæгдæр балæууид.

Æрмæстдæр иуæндæс æмдзæвгæйы, æфхæрд зæрдæйы иуæндæс сриуыгъды, афтæмæй дзы куыд ирдæй

разындысты нæ фæсмонгонд поэты хъуыдытæ. Нафи раст загъта: «Чи зоны, уый хуызæн æргом, уарзон ныхæстæ ничи фæкодта Ирыстонæн йæ поэттæй».

Æргом æмæ уарзгæйæ зарыд Ирыстон æмæ йæ адæмыл, афтæ дæр уымæн загъта:

*Мæ уд æмæ мæ фæллой*
*Нæ адджын бæстæн ныvond у.*
(«Ме 'мгармæ»)

Йæ «уд» æмæ йæ «фæллой» бæргæ снывонд кодта нæ «адджын бæстæн», фæлæ йын йе стæг дæр æхсыны æцæгæлон бæстæйы тæвд змис, йæ «фæллой», бæрæг куыд у, афтæмæй чырыны дуарæхгæдæй лæууынц Турчы. Сæ фесæфын та у æнцон. Æрмæстдæр иу зыгъуыммæ хъуыды æмæ… Нæ поэты бынтæ фæкæндзысты æбæрæг сæфт.

«Цымæ Афон нæма у, æппын, уыцы чырын сæгом кæнынæн æмæ Дунемæ фыццаг ирон поэты фыстытæ равдисынæн?»

1968

## 4. «БИРÆГЪМАРÆН ЦЪÆХ ÆРЦЫТÆ»

Дзугаты Георги бирæ аив уацмыстæ ныффыста сывæллæттæн, бирæ рæсугъд фæлгонцтæ сын снывкодта йе 'мдзæвгæтæ æмæ радзырдты. Ныр дæр та сын мыхуыры Рауагъта радзырдты æмбырдгонд «Бирæгъмарæн цъæх æрцытæ», зæгъгæ.

Чиныджы ис цыппар радзырды. Фыццаг æртæ радзырдæн, 1967 азы сывæллæттæн хуыздæр чиныг ныффыссыны фæдыл Хуссар Ирыстоны фысджыты хайад æмæ ГЛФКЦ Хуссар Ирыстоны обком цы 'хгæд конкурс расидтысты, уым лæвæрд æрцыд дыккаг премии.

Ацы радзырдтæй уæлдай хуыздæр рауад «Æнæрцæф».

Радзырды сюжет, стæй йæ темæ сты хуымæтæг. Фыры къах фугæ къутæры саджилы ныффидар, афтæмæй фосæй

фæстейæ баззад. Стыр фиййау-куыдз Æрсой йæ куы федта, уæд йæ цурæй нал ацыд. Хъахъхъæны йæ цалдæр боны. Сæстонг æмæ йæ цæстытыл ауайы йæ цард. Уæдмæ фырмæ кæцæйдæр фæзынд цъæх бирæгъ. Æрсоимæ сын бацайдагъ хыл. Бирæгъ фæмард. Æрсойæн дæр бирæгъ йæ хъус æрыстыгъта, фæлæ йæ сæрмæ не схаста фыры æвæгæсæгæй ныууадзын æмæ йæ хъахъхъæны... Иу къуырийы фæстæ йæ ссардтой йæ хицæуттæ Агуыбе æмæ йæ фыд Садуллæ.

Агуыбе йын дзулы лыггаг дæтты, цин ыл кæны, фæлæ Æрсой сыстад æмæ уавззау къахдзæфтæй араст сæ цурæй. Фæтæргай, афоныл æй кæй не ссардтой, уый тыххæй.

Афтæ у цыбыртæй радзырды хъуыды. Йæхæдæг дæр гуырахстджын нæу: æдæппæт – 10 фарсы, фæлæ дзы авторы бон хорз баци йæ хъуыды ирд æмæ бæрæгбæлвырдæй равдисын.

10* Хъазиты Мелитон

Æрсой фыры куыд хъахъхъæны, ууыл дзургæйæ, [illegible] Æрсойы ивгъуыд бонтæм ацаразы чысыл экскурстæ, фæлæ æмбæлон бынæтты, стæй чи хъæуы, ахæм экскурстæ. Ахæм чысыл афыстытæй нын нæ цæстыты раз сныв кæны, Æрсой цахæм у, уый.

Уынæм дзы, цардмæ æнæхин цæстæй куы кæсай, уæд куыд диссаджы рæсугъд у. Аивады æвзагæй афтæ дзурын та баст у фыссæджы дæсныйадыл.

Æвзæр нæ рауадис радзырд «Бирæгъмарæн цъæх æрцытæ». Аив фыст у, фæлæ, цымæ, бирæгъ бæласы цурты лыгъд куынæ фæуыдаид, афтæмæй йæ Бури йæ цыргъ сыкъатæй куынæ ныцъцъист кодтаид бæласы зæнгмæ, уæд цы уыдаид дарддæр?

Куыдз йæ хицауыл куыд иузæрдион у, бахъуаджы сахат ын хорз хæлар кæй у, ууыл бирæ уацмыстæ ’рцыдис фыст. Георги ацы чиныгмæ цы радзырд бахаста – «Хæлæрттæ», зæгъгæ, уый дæр фыст у ахæм темæйыл. Раст у, Дзугайыфырт æй йæхи джиппы ауагъта, æндæрхуызон фæзилæнтæй спайда кодта, фæлæ уæддæр радзырд не ссæрибар, йæхи нæ атыдта, ахæм темæйыл йæ размæ цы радзыдтæ ‘рцыд фыст, уыдонæй.

Георги йæ цыппæрæм радзырд «Бæбу æмæ зивæг»-æн хорз темæ райста. Адæймаг зивæг кæцæй рахæссы, стæй цы

хуызы, уый хорз равдыста автор, фæлæ цымæ ацы радзырдыл бæстон нæ ахъуыды кодта, цас æмбæлд, уый бæрц ыл нæ бакуыста, афтæ мæм кæсы. Иннæ радзырдты æмвæзадмæ не схызт.

Æмткæй сисгæйæ, радзырдты æвзаг хорз у... фæлæ сабитæн æгæр уæззау, æгæр æнкъард у: «Афтæ мæсты, катайæ (?) та сыстад» (8-æм фарс); «Уæртæ дæргъæлвас (?), нарæгастæу бирæгъ» (уый дæр уым); «Бирæгъ тымбыл ныззылд» (9 фарс)...

Чиныгæн йæ радзырдты æмвæзадмæ не схызтысты йæ нывтæ (нывгæнæг Цхуырбаты В.). Зæрдæ кæмæй барухс уа, ахæм нывтæ нæ рауадысты, афтæмæй сабиты чиныджы та уацмыстæй нывтæн къаддæр нысаниуæг нæй.

1968

## 5. АККАГ ЛÆВАР

Фæстаг рæстæджы нæ фысджытæй бирæтæ сæ хъус лæмбынæгдæр æрдардтой сывæллæтты литературæмæ. Сабиты тыххæй уацмыстæ арæх фæзыны журналтæ «Фидиуæг» æмæ «Мах дуджы», стæй газетты фæрстыл. Рæстæгæй-рæстæгмæ сын мыхуыр æрцæуы ног чингуытæ дæр. Æрæджы та нæ чингуыты дуканитæ æмæ киоскты фæзындис Цæгæраты Гигойы ног чиныг «Гæлæбу» /Мыхуыры рацыдис Хуссар Ирыстоны чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-ы 1968 азы/.

Гиго фыццаг хатт не ‘рлæууыдис сабиты раз, иу æмæ сын дыууæ хатты нæ барухс кодта сæ зæрдæтæ, æмæ куы зæгъæм, ныр дæр сæ къæмдзæстыгæй нæ баззадис, зæгъгæ, уæд нæ фæрæдидзыстæм.

Чиныг райдайы æмдзæвгæ «Гæлæбу»-йæ. Кæсыс æй æмæ æмдзæвгæйы рæнхъытæ, сатæг æхсæртау, згъæлынц кæрæдзийы фæстæ:

*Пака базыр*  
*Гæлæбу,*  
*Рæсугъд кæй дæ –*  
*Бæрæг у.*

Цæстытыл ауайы саби куыд лæгъстæ кæны гæлæбуйæн, йæ фестæ куыд рауай-бауай кæны æд къарандас, æд гæххæтт æмæ дзы куыд куры:

*Иу уысм æрбад*
*Мæ цуры.*
*Мыййаг нæ дæн*
*Фыдгæнæг.*
*Нывгæнæг дæн,*
*Нывгæнæг.*

Уацмыс кæсгæйæ цаутæ дæ цæстылты, кинонывау, куы ауайой, уæд уый авторы æнтыст æмæ уацмысы хорздзинадыл дзурæг у. Æмæ Гигойы ацы æмдзæвгæйы уый ис. Чысыл ма йæ куы фелхъывтаиддæр, куы йæ ахсæстаид уæлдай дзырдтæй, уæд æмдзæвгæ, цыма, ирддæр æмæ рæсугъддæр рауадаид.

Зæгъæм, бынтон хуымæтæджы сты мæнæ ацы рæнхъытæ:

*Мæ къарандас,*
*Мæ гæххæтт*
*Дæумæ тындзынц*
*Сæхæдæг.*
*Æрбад, æрбад*
*Нæ разы.*
*Æцæг зæгъын,*
*Нæ хъазын.*

Сабитæн фысгæйæ алы дзырд дæр лæмбынæг, уырзæй æвзарæгау хъæуы. Йæ сусæгдзинад уым ис. Алы фыссæг уымæн нæ фæарæхсы сабитæн фыссынмæ.

Æмдзæвгæ «Гæлæбу»-йы фæстæ чиныгкæсæджы цæст ацахсы «Сæтæлæджы», æмæ æмдзæвгæ куы бакæсы, уæд базоны, иунæгæй цæрын хорз кæй нæу. Дæхи та иунæг нæ хатдзынæ, бирæ æмбæлттæ дын куы уа. Уæд дæ, автор сæтæлæгæй цæйау зæгъы, афтæ ничи зæгъдзæнис:

*Афтæ цæры*
*Уый барæй,*

*Ævæццæгæн,*
*Малхазау,*
*Тæрсгæ кæны*
*Æмбалæй.*

Чиныджы хуыздæр æмдзæвгæтæ куы 'взарай, уæд дæ къух æнæ ‘рæвæргæ нæ фæуыдзыйæ «Мæнмæ цыд худын»-ыл.

Саби йæ мадимæ ацыдис куыстмæ. Йæ мады æмбæлттæ йæ рæвдауынц, лæвæрттæ йын нæнынц:

*Чи мæ хуыдта æнæвзаг,*
*Чи мын уыдта мæ дæндаг.*
*Чи мæ фарста мæ фыдæй,*
*Чи æппæлыд мæ цыдæй.*
*Ме 'нгуылдзтæ мын нымадтой...*

Æмæ хъазыдысты сабиимæ. Уымæ та цæуы худын, æмæ йæхи растгæнæгау зæгъы:

*Уæдæ сæхи цы дардтой*
*Сывæллæттау мæ цуры.*

Автор ацы æмдзæвгæйæн равзæрста хуымæтæджы сюжет, фæлæ фæстаг æртæ рæнхъы æххæстæй бацис йæ бон сабийы психологи бавæрын. Æмдзæвгæ æмбулгæ дæр уымæй кæны, чиныгкæсæджы афтæ тынг уымæн æлвасы йæхимæ.

«Мæнмæ цыд худын»-æй дæлдæр нæ лæууынц æмдзæвгæтæ «Искæй къухæй» æмæ «Цъиудзых æмæ галгуыбын» дæр.

«Искæй къухæй»-йы Гиго зæгъы, чысыл лæппу Бындз, йе 'мбæлттæ куы фæкусынц, уæд йæхи куыстæй куыд фæсайы, стæй фæскуыст йæхи куыд равдисы, афтæ, раст цыма уый дæр семæ куыста, æмæ йыл автор худы:

*Нæ атулдзæни уазал доны*
*Иу æнгуылдз дæр Бындз.*
*Ахæмтæй фæзæгъынц: «Тоны*
*Искæй къухæй сындз».*

Æмдзæвгæ «Цъиу дзых æмæ галгуыбын»-ы та фенæм чысыл зыд лæппу Дзыццылы фæлгонц. Уый кæд чысыл у, уæддæр йæ гуыбин у «галыйас». «Иу ныхъуырдæй» акæны «галы хъус». Æмæ та иу фынгыл зыдæй кæй равдыста йæхи, уый тыххæй йыл сабитæ сæвæрдтой ног ном:

*Иу бон хъазты*
*адастай*
*Иу цыхт*
*æмæ гас гуыдын,*
*Демæ*
*ног ном*
*ахастай:*
*«Цъиудзых*
*æмæ*
*Галгуыбын».*

Æвзæр нæ рауадысты æмдзæвгæтæ «Фыдуаг Мыстачъе», «Къаппа-къуппа», «Тæппуд Дзыбыртт», «Балхæн» æмæ «Дурæхсæн» дæр. Зæрдиагæй сæ бакæсдзæнис чиныгкæсæг, фæлæ Гигойы ног чиныг «Гæлæбу»-йы цы æмдзæвгæтæ ис, уыдон иууыл не схызтысты иу æмвæзадмæ. Чиныджы ис лæмæгъ, кусынцух чи сты, ахæм æмдзæвгæтæ. Уыдон сты «Дзедз æмæ дзедз», «Дон сасирæй нæ хастæуы», «Кæсагахсæны», «Æз богал дæн» æмæ æндæртæ.

Аив нæ рауадысты, чиныджы цы дыууæ базон-базоны ис, уыдон дæр. Бæрæгæй сæ нæ зыны рæсугъд аивадон дзырд æмæ, судзины фындзау, цыргъ хъуыды. Сабитæ та уыцы миниуджытæ тынг уарзынц, уæлдайдæр, базон-базонты.

Гиго хорз бакæнид, йе ‘мдзæвгæты тынгдæр куы ‘лгъивид, куы сæ ‘хсæдид уæлдай дзырдтæй, уæд ын уаиккой зæрдæмæдзæугæдæр. Алы чиныгкæсæг дар сыл æмбæлид райгондæй.

Чиныджы арæзтæй æмбæлы раппæлын /нывгæнæг Дыгъуызты Георги/. Саби цалынмæ уацмыс нæ бакæсы, уæдмæ йын йæ нывтыл ахæссы йæ цæст æмæ, хуыздæр ныв кæм уа, кæсын дæр уый раидайы. Уæдæ, сабиты чиныджы нывтæ хъуамæ уацмыстæй дæлдæр мацæмæй лæууой. Сабитæ уацмысты нывтæм гæсгæ арфдæр бамбарынц, ирддæрæй йæ айсынц сæ хъуыдымæ.

Æмткæй сисгæйæ, Цæгæраты Гигойы чиныг «Гæлæбу» аккаг лæвар у нæ чысыл чиныгкæсджытæн, æмæ йыл зæрдиагæй кæй сæмбæлдзысты, уый дызæрдыггаг нæу.

1968

## 6. «ÆРТÆ БÆРЗЫ»

Тъехты Амыран сывæллæтты фыссæг у, æмæ куыд йе 'ннæ чингуыты /йæ радзырдты фыццаг чиныг «Зæрватыкк» мыхуыры рацыд 1962 азы, дыккаг чиныг «Скъоладзаутæ» 1962 азы æмæ æртыккаг чиныг «Джетæйы цуан» та 1965 азы/, афтæ та йæ ног чиныг «Æртæ бæрзы» /мыхуыры рацыд Хуссар Ирыстоны чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-ы / дæр рахаста сабиты æхсæнмæ, æрлæууыдис та сабиты тæрхоны раз.

Ацы чиныг, Амыранæн йæ фыццаг чингуытимæ абаргæйæ, гуырахстæйт уæрæхдæр у, стæй дзы уацмыстæ дæр иннæ чингуытæй /хицæнтæй нымайгæйæ/ фылдæр ис (у 92 фарсы. Уым – 23 радзырдтæ, фондз та – аргъæуттæ/.

Фæлæ сæйраг нæдæр чиныджы гуырахст у, нæдæр дзы мыхуыр цы уацмыстæ æрцыд, уыдон нымæц. Сæйраг чиныджы хæрзхъæддзинад, авторæн йæ фыццаг уацмыстæй уæлдæр цæмæй схызт, уый у, æмæ ацы чиныгмæ ахæм цæстæнгасæй куы 'ркæсæм, уæд зæгъдзыстæм æнæ дызæрдыгæй, Амыраны чиныгмæ, нæ дæр темæты ногдзинадæй, нæ дæр аивадон хъæздыгдзинадæй, ногæй кæй ницы ис, уый. Æцæг, фыццаг чингуытæ йын аивады бæрзæндтыл куы лæууиккой бæргæ, фæлæ, хъыгагæн, афтæ нæу, æмæ уæд йæ ног чиныг дæр уыдон джиппы уагъд кæй у, уым дзы, хорз у, зæгъгæ куы зæгъæм, уæд, æвæццæгæн, фæрæдидзыстæм.

Нæ хъуыды цæмæй бæлвырддæр уа,уый тыххæй чиныгæн йæхимæ æркæсæм.

Темæты тыххæй лæмбынæг нæ дзурдзыстæм /Æниу, уый дæр цæмæннæ, фæлæ темæтæй æвзæр, – ам дзырд ахсджиаг æмæ æнæахсджиагыл нæ цæуы, – кæй нæй, уый тыххæй зæгъын/, фæлæ фыссæджы къæрцхъус хъуамæ сæйраджы

уымæй бæрæг кæна æмæ ног темæтæ ахсын куы фæраза. Раст у, ногсаст зæххыл фыдæбон фылдæр хъæуы, фæлæ дзы уый хыгъд тыллæг хуыздæр зайы.

Кæй зæгъын æй хъæуы, æз афтæ нæ зæгъын, Амыраны уацмысты темæтæ нæ бæззынц, фæлæ цымæ ирон аив литературæйы цал уацмыс уыдзæнис ахæм темæтыл фыст: дыууæ лæппуйæ иу – хъæбатыр, иннæ – тæппуд /Амыранмæ*: «Ныфсхасты» – Салам æмæ Сарди; «Пионер Ахмæт»-ы – Датикъо æмæ йе 'мбал; «Сæрæби раст бакодта»-йы – Сæрæби æмæ Газан/; æнæзианхæссæг цæрæгойтæ æмæ мæргътæм хæлар уæвын /Амыранмæ: «Ныфсхаст», «Сычъийы лæппын», «Ирвæзынгæнæг», «Уæрцц», «Цъиуы лæппынтæ»; х[illegible]мыранмæ: «Æртæ бæрзы»/; куыдз – адæймаджы иузæрдион хæлар /Амыранмæ: «Иузæрдион хæлар», «Дзыбысы уæрыкк», «Кæйдæр цот»/ æмæ се 'ппæты нæ нымайдзынæн, фæлæ иу темæйыл фыст уацмыстæй дыккаг, иууыл къаддæр, аивадæй фыццаджы æмвæзадмæ куынæ схиза, ногæй дзы куы ницы уа, уæд не 'рхæсдзæнис пайда, нæдæр авторы аивадон сфæлдыстадæн, нæдæр чиныгкæсæгæн. Амыраны радзырдтæ та, иу стæмæй дарддæр, сты ахæм уавæры, ома, уыцы темæйыл ацы радзырдты размæ цы уацмыстæ æрцыд фыст, æгæрыстæмæй, уыдон æмбæрцмæ дæр не схызтысты, аивадон цæттæдзинадæй, зæгъай æви фæлгонцты хæрзхъæддзинадæй. Стæй дæр чиныгкæсæг уыцы æнгæс темæтæ æмæ иухуызон идейæтæй фæцъæхдæндаг вæййы. Нал æм фæцæуы уацмыс кæронмæ бакæсын. Уæлдайдæр, сабиты психологи афтæ у!

Уыцы хъуыддаджы зынгæ бынат ахсы уацмысы сюжет. Йæ композици сывæллоны зæрдæмæ куынæ фæцæуа, уæд æй уацмыс кæсын ныууадзыны сæр бахъæуы. Амыраны радзырдтæй та сæ сюжетон арæзтæй кæд искæмæй ис раппæлæн, уæд мæм уый æрмæстдæр кæсы «Нæ хъусын».

Ацы радзырд йæ арæзт, стæй йæ афыстæй æмбулы иннæ радзырдты.

---

* Дзырд цæуы, æрмæст йæ ног чиныг «Æртæ бæрзы» цы уацмыстæ ис, уыдоныл.

Чысыл Назирætæн зæронд дада йæ фæлмæн дзабыртæ куы хæссын кæны, уæд чызг йæ хъустæ ахгæны: «Нæ хъусын!». Афтæ бакæны, йæ мад ын, уисой мын авæр, зæгъгæ, куы зæгъы, уæд дæр.

Дыууæ куыст дæр акæны Назирæты чысыл æфсымæр Сослан, æмæ йын дада къаффеттæ балхæнынæй баныфс æвæры, йæ мад та – дзыкки раттынæй.

«Назирæт уыцы ныхæстæ куы фехъуыста, уæд хæстæг бацыд зæронд дадамæ æмæ йын афтæ:

– Дада, мæнæн нæ балхæндзынæ къаффеттæ?

Дада йæ армы тъæпæнтæй йæ хъустæ ахгæдта æмæ йын загъта:

– Нæ хъусын!

Назирæт уырдыгæй йæ мадмæ азгъордта:

– Гыцци, мæнæн нæ ратдзынæ фæлмæн цыхт?

Гыцци дæр йæ хъустæ амбæрзта:

– Нæ хъусын!

Назирæт йæ сæр ныллæг æруагъта,йæ цæстытæ донæй айдзаг сты» /73-æм фарс/.

Хуымæтæг сюжет! Æнцонæмбарæн æвзаг! Стæй рог интонаци. Саби йæ бакæсдзæнис цыбæлæй. Æнæмæнг дзы райсдзæнис æхцондзинад.

Раппæлыны аккаг ма мæм фæкастысты радзырдтæ «Ирвæзынгæнæг», «Æлгъин цъиу», «Гоцъи» æмæ «Кæйдæр цот»-æй хицæн миниуджытæ.

Фыццаг радзырд «Ирвæзынгæнæджы» автор фæхæст иу дзæбæх деталыл, нырма ирон литературæйы чи нæ ис – дыууæ зæрватыккæн ног ахстон аразынæн æххуыс кæнынц, æндæр зæрватыччытæ.

Хорз хъуыддаг у, æцæг, кæд царды афтæ у, уæд. Стæй, царды афтæ у æви нæ, аивады, уæлдайдæр ам,уыцы хъуыддаг цыма уыйбæрц ницы давы, афтæ мæм кæсы. Амыран йæ радзырд сæрæй кæронмæ иууыл дæр уыцы хъуыдыйыл куы самадтаид, уæд ын рауадаид хуыздæр, фæлæ йæм автор фæстейæ кæй бафтыдта: зæрватыччытæ лæппынтæ рауагътой, иу хатт сæм гæды фæцæй хъуызыд, Ботаз æй асырдта æмæ, гæды зæрватыччы лæппынтæм кæуылты æрбацыд, уым фæйнæджы гæбаз ныххуыдта;

зæрватыччытæ «Ботазмæ сæ чысыл цæстытæ ныццавтой, цыма йын афтæ дзырдтой:

– Бузныг, стыр бузныг, нæ чысыл хæлар, нæ лæппынты ирвæзынгæнæг!» – уый уæлдай у. Сафы фыццаг хъуыдыйы тых дæр. Дыккаг хъуыдыйыл бирæ уацмыстæ æрцыдис амад ирон литературæйы. Тъехы-фырт, æвæццæгæн, зæгъгæ, мæ радзырд гуырахстджындæр рауайа, фæстейæ йæм кæй бафтыдта, уый рауадис, къуымбилæй синагыл сæхъхъис бæндæны скъуыд куы аныхасай, уыйау.

Æмæ Амыранмæ уыцы миниуæг æрмæст ацы радзырды нæ, фæлæ ссарæн ис йæ уацмыстæн, иу стæмтæй дарддæр, се 'ппæты дæр. Чысыл уæлдæр зæрдæмæдзæугæдæр цы Радзырдты схуыдтон, «Æлгъин цъиу», «Гоцъи» æмæ «Кæйдæр цот», зæгъгæ, уыдонмæ дæр хæццæ кæны уыцы тæфаг. Æнæ уый... Уæд æцæг радзырдтæ уаиккой. Уыцы тæфаг, ома, æнæхъуаджы даргъ афыстытæ, иннæ радзырдтæй /«Замирæ» æмæ «Нæ хъусын» куынæ нымайæм, уæд/, алкæуыл дæр зыны бæрæг-бæлвырдæй æмæ сын сæ ахадындзинад кæны ныллæгдæр. «Пионер Ахмæт»-ы райдайæны æнæхъæн фарсыл автор цы дзуры, ома, иу бон историйы ахуыргæнæг сабитæн загъта, цæмæй сæ чингуытæ ма 'рхæссой дыккаг бон. Уыдон дæр афтæ бакодтой. Ахуыргæнæг сæ акодта кусынмæ. Бакуыстой, стæй Хъауырбег Зауыр, Ахмæт æмæ Созыр цæугæ доны сæхи ныккалдтой. Уый фæстæ бацыдысты колхозы тулдз бæлæстæм, æмæ афтæ дарддæр цæуы архайд.

Цы пайда хæссынц радзырдæн, ахуыргæнинæгтæн ахуыргæнæг куыд загъта, кæй бакуыстой, сæхи кæй ныннадтой, уый? Мур дæр ницы. Æрмæстдæр, радзырды кæны гуырахстджын æмæ фæлурсдæр.

Радзырдыл тых ныхасæгау зыны, Датикъо /колхозы дыргъдон хъахъхъæнæг/ лæппутæн цы хабар дзуры, уый.

Æмæ алы радзырды дæр ис банымайæн ахæм бынæттæ.

Амыраны радзырдты ма арæх фембæлæн ис уæлдай хъайтартыл, уацмысæн зианæй дарддæр пайда чи нæ фæхæссынц. /Мисурæты фæлгонц – «Иузæрдион хæлар»-ы, Ахмæт æмæ Созыр – «Пионер Ахмæт»-ы, Дзирæ æмæ Фи-

рæйæ сæ иу «Гоцъи»-йы, Тауырзæт æмæ Махарбеджы фæлгонцтæй дæр сæ иу «Цъиуы лæппынтæ»-йы æмæ æнд./.

Ноджы ма иу миниуæг... Аивадон уацмысы сæйрагдæр миниуджытæй иу у уацмысы æвзаг. Авторы ныхас персонажты ныхасæй, стæй персонажтæн сæхи æвзаг дæр хъуамæ хицæн кæной сæ кæрæдзийæ. Амыранмæ та уый нымады нæу. Æгæрыстæмæй йæм зæронд лæг цы ʻвзагæй фæдзуры, саби дæр уымæй. Кæрæдзийæ ницæмæй хицæн кæнынц. Царды та афтæ нæ вæййы.

Тъехы-фыртæн йæ чиныджы цы фондз аргъауы ис, уыдон /чысыл уæлдай бынæттæ, æвзаджы кæнæ сюжеты хæлдтытæ куынæ нымайæм, уæд/ аивдæр рауадысты радзырдтæй. Афтор цыма хуыздæр арæхсы, дæсныдæр у аргъæуттæ фыссынмæ, афтæ мæм кæсы.

Æнæуи, æмткæй сисгæйæ, Тъехты Амыраны ног чиныг «Æртæ бæрзы» чиныгкæсæг ногæй ницы ары, нæ дзы рухс кæны зæрдæ, Амыран та йе сфæлдыстады кары ис æмæ йæ, æвæццæгæн, йæ уацмыстыл, чиныгкæсджыты тæрхонмæ рахæссыны размæ, фембæлы лæмбынæгдæр ахъуыды кæнын.

1969 аз, кæфты мæй

## 7. АИВАД ТА…

Спектакль фæцис. Сценæмæкæсджыты цæсгæмттыл нæма нымæг кæны хъæлдзæг мидбылхудт. Фæзмынц, спектаклæй цы иугай ныхæстæ бахъуыды кодтой, хъайтартæй чидæр «волидол»-ы бæсты «уарзиндол» куыд загъта, кæнæ æндæр ахæм истытæ æмæ, спектаклы рæтæджы куыд уыдис, афтæ худынц кæл-кæлæй.

Диссаг!.. Сценæ – аивад. Кæс æм сахат æмæ æрдæг, дыууæ сахаты, гъе та фылдæр; худ, дæ хъæлæс, дæ уд дæ куыд амоны, афтæ, æмæ дæ уый фæстæ ноджы ахсæд худæг! Ау, цæмæн?!

Нæ, нæ, мæнæн ам мæ зæрдыл æрлæууынц мæ ахуыргæнджытæй иуы ныхæстæ: «Театры ног спектакль цæуы,

зæгъгæ, бакастæн газеты æмæ мæхи февдæлон кодтон. Кæдæй-уæдæй нæм иу зынд фæкæны ног… æмæ…

Рухсытæ сабыргай æрцъынд кодтой сæ цæстытæ. Рог музыкæйы зæлтæ ныццарыдтой залы къуымтæ æмæ сценæмбæрзæнтæ фæйнæрдæм ацыдысты. Иу, артист, хæйрæг æй базонæд цы хуызы /йе ‘ддаг бакастæй зæгъын/, февзæрд сценæйыл, алы æдылы митæ кæны.

Театры цар адæмы кæл-кæлæй сцæйтыдта. Æдылы митыл чи нæ бахуды! Æз дæр ныххæцыдтæн мæ тæнтыл.

– Ха-ха-ха!.. – худынц адæм.

– Хо-хо-хо!.. – се ‘рвнæрды хуызæн худтмæ æз дæр хæссын мæ хайбавæрд.

Афтæ уыдис йæ райдайæн. Афтæ уыдис йæ кæрон.

Мæнæй дæр ма, мæ царды цыдæриддæр худæг хъуыддæгтæ федтон, кæнæ фехъуыстон, иууылдæр уыдысты спектаклы.

– Хи-хи-хи!.. – уынджы дæр нал æнцадтæн мæ сусæг худтæй.

– Фæлæу ма, цæуыл худыс? – фæурæдта мæ иу зонгæ.

– Уæртæ… Спектакль… Хе-хе-хе!.. – æмæ мæ хъæлæс фæбæрзонддæр кодтон.

– Цы? Хорз у?! Дзырд дзы цæуыл цæуы? – фарстытæй мын мæ хъæлдзæгдзинад фескъуыдта æрдæгыл.

Цы йын загътаин? Хорз у æви æвзæр? «Дзырд дзы цæуыл цæуы?»

Æмæ гъа. Ацархайдтон, йæ архайджытæй йын искæй архайд æрхъуыды кæныныл. Хуымæтæджы. Худæг, æнæуаг ныхæстæй дарддæр дзы ницы æрлæууыд мæ зæрдыл.

Мæ зонгæ мæ цæмæй зондцух, кæнæ æндæр исты ма рахуыдтаид, уый тыххæй йын йе уæхск æрхостон:

– Фен æй! Æнæмæнг æй фен дæхæдæг!

Уæдæ ма хуыздæр амал цы ссардтаин доны астæуæй сурæй агæпп кæнынæн»

Диссаг!..

Цымæ цæй аххос уа уый? Театры? Цæмæй алчи дæр йæ зонгæйæн дзура, дæхæдæг æй фен, зæгъгæ?

Æвзæр хъуыды нæу: иуæй – адæм цайдагъ кæнынц театрмæ арæхдæр цæуыныл, аннæмæй – театрæн дæр

пайда. Уæдæ куыд: уый дæр пайдамæ кæсы. Æмæ та фæзыны комеди /кæд æгæр арæх нæ фæзынынц сценæйыл, уæддæр/, æмæ худ.

Уæдæ, худ. Æмбисондæн баззадис: «ахуд æмæ фылдæр фæцæрай».

Уæддæр, бирæ фæцæрæм, ууыл афтæ тынг чи тыхсы, нæ драматургтæ æви нæ театры разамонджытæ?

Бузныг сæ иутæн дæр, се 'ппæтæн дæр. Театрæн кæд мæнг худтæй йæ хъул тулы, уæд æй æндæр цы хъæуы; драматургтæн /се 'ппæтæй зæгъын тæригъæд у/ кæд театр ахæм комедитæ рæвдздæрæй февæры сценæйыл, уæд ма йæхицæн уæлдай сæрниз цæмæн кæны?

Хорз, фæлæ, цымæ, уæд аивад фæстæмæ цæуы æви размæ?

Ау, спектаклы сæрæй кæронмæ фæбад, фæхуд, æмæ куы фæуа, уæд дзы дæ бон иу хъайтары, иу проблемæ бахъуыды кæнын ма бауæд!

Фылгонцтимæ уацмысы райдайæны куыдæй базонгæ вæййæм, кæронмæ афтæмæй куы баззайой, уæд уый цæй уацмыс у. Фæлгонц хъуамæ рæза, уæрæх кæна уацмысы сюжетимæ. Æнæуый сæ иу дæр æмæ се 'ннæ дæр фæлурс рауайынц, цыфæнды сæ бибитæ кæн.

Кæй зæгъын æй хъæуы, фæлгонц æнцон аразæн нæу. Уымæй бирæ æнцондæр у алы худæг ныхæстæ æмæ хъуыдлæгтæ тымбыл æмæ хал кæнын, сæйраг аивад куы нæ уа, уæд. Кæд, мыййаг, сценæмæкæсджытæ сæхи æрмæстдæр ахудыны тыххæй фыст комедитæм уымæн феппарынц, ома, иуран бадынæй стæг æхсынын хуыздæр у?

О, фæлæ уæд аивад, аивад та?

1969

## 8. ФЫДЫБÆСТÆ УАРЗГÆЙÆ

Æвæццæгæн, саби фыццаг йæхи æмбарын куы райдайы, уæд æм фæзынынц æнкъарæнтæ дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, æнкъарæнтæ алыхуызæттæ сты, æмæ сæ алчи дæр у хицæнæй æрдзурыны аккаг, фæлæ саби чысыл куы байрæзы,

йæ хъуыдыкæнынад куы фæарфдæр, куы фæвазыгджындæр вæййы, уæд уыцы æнкъарæнтæ райрæзынц, сæ уидæгтæ сæры магъзы ауадзынц арфдæр. Афтæ куы зæгъæм, уыцы æнкъарæнтæ æмхуызон райрæзынц, уæд фæрæдидзыстæм. Æнусты дæргъы ахуыргæндтæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй сабийы сæры магъз гуырцæй вæййы карчы айкау сыгъдæг æмæ йæм фылдæр æмæ арæхстджындæрæй цы æнкъарæнтæ бахæссай, арфдæр уидæгтæ дзы ауадздзысты уыдон. Уыцы æнкъарæнтæн сæ хуыздæртæй иу у патриотон æнкъарæн – райгуырæн бæстæ æнæкæрон бирæ уарзын, уый сæрыл цæттæ уæвын хи цард раттынмæ, йæ сæрыл хи уд нывондæн æрхæссынмæ.

Райгуырæн бæстæн дæндагæй цырагъ дарын, йæ сæрыл хи уд хъарын сты алы адæймаджы дæр, чи фæнды ма уæд, фæлæ иугъуызон бæрцæй нæ – кæмæн тыхджындæр сты йæ патриотон æнкъарæнтæ, кæмæн – лæмæгъдæр. Фæлæ адæймагæй афтæ зæгъæн нæй, ома йæм бынтондæр нæй патриотон æнкъарæнтæ.

Уæдæ, патриотон æнкъарæн адæймаджы æндæр æнкъарæнты уæлтæмæн кæй лæууы, уымæ гæсгæ, адæймаг йæ къухмæ фыссæджы сис куы райсы, уæд аивады фæрцы дидин рафтауынц йæ патриотон миниуджытæ.

Ирон аив дзырды дæснытæй райдай фыццаг ирон поэт Мамсыраты Темырболаты сфæлдыстадæй æмæ фæу, абон литературæйы сæ тыхтæ бавзарынып чи архайынц, уыцы æвзонг фæсивæдыл, æмæ дзы иу дæр не ссардзынæ ахæм, йе сфæлдыстады патриотон æнкъарæнтæ сырх æндахау кæмæн нæ зынынц.

Уыцы, чындздзон чызгау, уæздан, Амраны ныфсæй ныфсджындæр æмæ нарты номхæссæн болатриу Батрадзæй тыхджындæр æнкъарæнтæ нæ дугмæ пæлхъ-пæлхъгæнгæ, æнæ аскъуыйгæйæ, Терчы донау, цæуынц ирон литературæйы бындурæвæрджытæй, ирон литературæйы фыццаг тæмæнкалгæ стъалытæ Мамсыраты Темырболат, Хъаныхъуаты Инал, Хетæгкаты Къоста æмæ æндæрты сфæлдыстдæй.

Патриотон æнкъарæнтæ ирон фысджытæй алкæй сфæлдыстады дæр бæрæг-бæлвырд бынат кæм ахсынц, уым поэт Æрнигон Иласы /Тогуызты Газаччы/ поэзийы сæйраг

лейтмотив дæр у райгуырæн уæзæг æнæкæрон бирæ уарзын. Чиныгкæсæгмæ афтæ фæзыны, цыма Илас патриотон æнкъарæнтæ цы æмдзæвгæты бавæрдта, уыдон кæмдæр зæрдæйы арфæй рахъаргæ сты. Аивадон уацмыс та уый у, зæрдæйæ чи ратæдза, зæрдæйы арфæй чи срæмудза, цæхæр зонды чи бахсида æмæ цæлхъ-цæлхъгæнгæ йæхицæн фæндаг чи райгæрда рухсмæ.

Ахæм уацмыс æнæмæнг ныппæррæст кæндзæнис рогбазыр маргъау æмæ, цыфæнды зындзинæдтæ бавзаргæйæ дæр, атæхдзæнис адæммæ. Сæ бон ын ницы бацæудзæнис æгомыг къæдзæхтæ, карз тымыгътæн. Афтæ уыд рагæй дæр! Афтæ у!

Къоста цæйау загъта: «Мæ цæсты сыг донау мызти, мæ зæрдæ фырцинæй рызти – куы скастæн нæ цъитиджын хæхтæм…» – æмæ райгуырдис зарæг, ратагъдис цин æмæ масты ‘хсæнæй.

Уæдæ, аивадон уацмыс тыхкæнгæ нæу! Аивадон уацмыс хъуамæ йæхæдæг райгуыра. Гуыргæ та хъуамæ цин æмæ мастæй ракæна. Маст æмæ цин куынæ сæнхъизой, куынæ сæхсидой куыд æмбæлы, афтæ, уæд уыдон æхсæнæй зæрдæмæдзæугæ уацмыс нæ райгуырдзæнис.

Æркæсæм ма нæ аив литературæйы ахсджиагдæр цæджындзты сфæлдыстадтæм.

Фыццаг ирон поэт Мамсыраты Темырболаты уацмыстæ райгуыпдысты фæсмондзинады фæйлаугæ арты ‘хсæнæй. Поэтæн йæ бон нал у йæ адæмы тæригъæдмæ, йæ адæмы удхармæ кæсын æмæ йæ зæрдæйæ вулканау срæмыгътой фæсмондзинады рæнхъытæ:

*Уæ! Нæ хæхты, нæ бæстæ, –*  
*Куыд ма цæрæм уæ фæстæ!..*  
/«Сагъæстæ»/

Ирон аив литературæ æмæ ирон литературон æвзаджы быиндурæвæрæг, ирон адæмон поэт æмæ уарзон хъæбул Хетæгкаты Къостайæн йæ адæмы æфхæрдмæ кæсынæй «йæ цæсты сыг донау мызти», йæ «зæрдæ… рызти» æмæ дзуры урсцъити хæхтæм:

*Додой фæкæнат, мæ райгуырæн хæхтæ,*
*Сау фæныкæй уæ куы фенин фæлтау.*
*Зæй уæ фæласа, нæ тæрхоны лæгтæ,*
*Иу ма уæ фезмæлæд искуы лæгау.*
/«Додой»/

Ирон советон литературæйы бындурæвæрæг Гæдиаты Цомахъы зынг зæрдæмæ фыццаг уырыссаг революцийы арты уылæнтæ бандæвтой æмæ ныццæлхъ кодта ныфсджынæй:

*Адæм куы стыхсой цагъайраджы цардæй,*
*Адæм куы бамбарой се 'фхæрд, сæ марæг,*
*Зон, уæд кæй сыстдзысты иу бон хъыгдардæй,*
*Зон, уæд кæй райхъуысдзæн иу бон сæ зарæг.*
/«Адæм»/

Ацы поэтты сфæлдыстадтæм куы 'ркæсæм, уæд æнæмæнг рахатдзыстæм, æмæ йын æнæ рахатгæ нæй, – алкæмæн дæр сæ йе  сфæлдыстады уæлдæр къæпхæнылл кæй лæууынц йæ тыхджын патриотон æнкъарæнтæ, фæлæ сæ алчи дæр кæй æвдисы йæхи 'рдыгонау, кæй дзы æргом кæны хицæн хъуыдытæ, хицæн бæллицтæ, алы поэтæн дæр сæ йæ тырнындзинад кæй у хицæн.

Сæвзæры фарст: цæмæн?

Цыбыртæй йын ис ахæм дзуапп раттæн – уымæн æмæ цардысты хицæн дугты. Алы фæлтæрæн та сæ бæллицтæ вæййынц хицæнтæ. Уæдæ, ацы поэттæй алчи дæр равдыста йæ фæлтæры зæрдæйы ахаст дугмæ; уыцы зæрдæ йемыдзаг у стыр патриотон æнкъарæнтæй.

Цымæ, поэт Æрнигон Илас та куыд равдыста йæ дуджы зæрдæйы уаг, куыд раргом сты æмæ цæй бæрцмæ схуызтысты йæ патриотон æнкъарæнтæ йæ поэзийы?

Абоны онг бæлвырд бæрæг нæма у, Илас литературон куыст кæд райдыдта, уый – зындгонд нын у æрмæстдæр иу хъуыддаг: йæ уацмысты фылдæр хай фыст æрцыдысты 1909–1915-æм азты.

Æрнигон, йæ биографион зонæтæ нын куыд амонынц, афтæмæй Æрыдоны семинар каст  фæцис 1909-æм азы. Йе

сфæлдыстадæй йын цы зонæм, уыдонмæ гæсгæ литературон куыст райдыдта уыцы азæй.

Ærыдоны семинары литературон къорд кæй уыдис, уымæ гæсгæ скæнæн ис ахæм хаццæг: Ærнигон æнæмæнгæй зонгæ уыдис семинары литературон къордимæ, æмæ куы рацыд адæмы ‘хсæнмæ, уæд, уалдзыгон къуыбыр хуры хъарм тынтæм куыд ратоны, афтæ Иласы хъуыдытæ ратыдтой зæрдæйы арфæй æмæ сæхи систой Ирыстоны урсцъити хæхты сæрмæ.

Поэт йæ цардæй бирæ арвыста æцæгæлон бæстæйы, æцæгæлон адæмы ‘хсæн. Бамбæрста, æнæ райгуырæн уæзæг лæг æнæахстон маргъæй уæлдай кæй нæу. Æмæ йæ зæрдæ æппынæдзух æхсайдта йæ райгуырæн, йæ радтæг Ирыстонмæ. Йе сфæлдыстады, йæ поэзийы сæйраг лейтмотив уымæн у райгуырæн бæстæ æнæкæрон бирæ уарзын.

Поэт йæ райгуырæн бæстæйы 1915-æм азы йе ‘мдзæвгæ «Сомы»-йы зæгъы æргом:

*Мæ бæстæн æргомæй*
*Æз карз дзырд дæттын:*
*Ирыстон, дæ номæй*
*Мæ сомы бæттын.*

*Мæ бæстæн кæронмæ*
*Мæ зæрдæ, мæ зонд,*
*Мæ хъаймæты бонмæ*
*Кæнын æз нывонд.*

Ацы æмдзæвгæйыл кæд Къостайы æндæвдад фæзындис, уæддæр мæм афтæ кæсы – уый поэтæн йæхи хъуыды у.

Поэт цыма ард хæры йæ райгуырæн бæстæйæн, афтæ фæкæсы чиныгкæсæгмæ. Æмæ, æцæгдæр, Илас йæ поэзийы æххæст кæны йæ ардбахæрд. Йе сфæлдыстады, Æрфæны фæдау, бæрæгæй разыны йæ сагъæс, йæ катай йæ раттæг æфхæрд, ссæст Ирыстоныл. Йæ риумæ йын ныхъхъусы арф, æмæ йын йæ хъæрзын куы бамбары, уæд æм хи хъæбулау бадзуры катайгæнгæ, æргом, фæлæ къæмдзæстыгæй:

*Цæй тыхст у дæ хъæрзын,*
*Цæй арф у дæ низ?*
/«Æнамонд Ирыстон»/

Æмæ кæд поэт йæхæдæг бирæ азты дæргъы йæ райгуырæн Ирыстонæй дард, æцæгæлон зæххыл арвыста йæ бонтæ, уæддæр æмбæрста, раст кæй нæу, кæй нæ хъæуы райгуырæн бæстæй хуыздæр цардæнхъæл æндæр бæстæм лидзын. Æцæг, поэт иунæг нæ уыдис. Уый хуызæттæ сæдæтæ уыдысты. Ирон лæг хæхты гæмæх фæрстыл царды амæлттæ кæй нæ ардта, уыма гæсгæ хуыздæр цардæнхъæл лыгъдысты Уырысы алы къуымтæм. Æгæрыстæмæй – Канадæмæ, Америкæмæ дæр, Илас дæр йе 'мдзæвгæ «Æнамонд Ирыстон», зæгъгæ, уым Ирыстонæн катайгæнгæ уымæн зæгъы:

*Куынæ ис дæ цотæй*
*Дæ разы лæуухæг,*
*Куынæ ис дæ хотæй*
*Дæ сæрыл кæуæг.*

11* Хъазиты Мелитон

мбары Ирыстоны фæсивæд барнæндæй кæй нæ цæуынц æндæр бæстæм, фæлæ сæ цард кæй суры. Цард æгъатыр у! Цард хатыртæ нæ зоны! Æмæ Æрнигоны хъайтар цардагур куы лидзы йæ райгурæн зæххæй, уæд слæууыд æмæ хæхтæн хæрзбонгæнгæ згъалы йæ судзгæ цæссыг:

*Хæрзбон! Хæрзбон! Мæ цард мæ суры,*
*Фæрыст мæ сонт зæрдæ... Цæуын...*
*Фæстаг хатт абон æз уæ цуры*
*Лæууын, мæ хæхтæ, мæ кæуын.*
/«Хæрзбон»/

Уыцы цæссыгтæм айнæг хæхтæ ныууыдзысты фаркгай, сабухдзысты йæм денджызтæ. Иласæн дæр, æвæццæгæн, йæ сæйраг темæ уымæн сси йæ бæстæй иппæрд адæймаджы фæлгонц равдисын.

Зын у, тынг зын у адæймаджы удыхъæд, адæймаджы зæрдæйы уаг сныв кæнын, аивадон уацмысы та уый куынæ

уа, уæд нæ фидауы, не ‘ндавы зæрдæйыл. Ахæм уацмысæн йæ райгуырæн бон æмæ йæ мæлæн бон иумæ вæййынц.

Уæдæ, фыссæджы уацмыс аив уæд рауайы, цы темæ райсы уый куы фæзоны хорз. Фыссæгæн йæ хъайтары зæрдæйы уаг уæд разыны бæлвырд-бæрæгæй, уыцы зæрдæйы уаг куы райгуыры авторы зæрдæйы тæгтæй.

Дзырд дæрыл нæй, Æрнигон йæхæдæг бирæ азты дæргъы æцæгæлон адæмы ‘хсæн кæй уыдис, уымæ гæсгæ йæ зæрдæ æппынæдзух кæй æхсайдта Ирыстоны урссæр хæхтæм. Йæ катай æппынæдзух кæй уыдысты æнусон цъититæ. Æмæ зæгъы:

*Æз Ирыстонæй*
*Дардмæ, дард бæстæм,*
*Ныр цы рацыдтæн*
*Сонтæй цардагур?*
/«Сагъæс»/

Илас уыдта, куыд æфхæрд, куыд ссæст уыдис Ирыстон æмæ, куыд йæ адæмы, йæ бæстæйы стыр патриот, йæ цæнгтæ уæрæх байтындзгæйæ, ныллæгъстæ кодта Уастырджийæн, Къостайау /«Гъе, Уастырджи, ракæс, цæмæй Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!» /«Ракæс»/.

*Ракæс нæм рухс цæстæй, ракæс нæ хæхтæй,*
*Д ‘арфæ нæ Ирæн æнæвгъау ды зæгъ.*
*Ма скафæд, ма схъазæд, охай, йæ къæхтæй,*
*Сыгъзæрин Уастырджи, махыл дæ бæх.*
/«Уастырджи»/

Иуæй-иу «критиктæ» Æрнигоны сфæлдыстадыл дзургæйæ, цæхгæр алыг кæнынц, ома, Илас уыдис æрмæстдæр сагъæсты поэт, «Къостайы хуызæн, нæ сидтис дзыллæмæ тохмæ», æмæ поэты уыцы хъуыддаджы дарынц азымы.

Ау, æмæ цымæ уырыссаг стыр поэт Маяковскийы нæргæ хъæлæс Октябры революцийы хæнтфæстæ æнæхъæн зæххы къорийыл куы хъуыстис, уæд йæ фарсмæ Блок йæ зарæг сабыргай цæмæн нывæзта?

Чи зоны, æз раст абарст нæ сарæзтон дыуuæ стыр поэтæй, фæлæ цымæ фысджытæ кæрæдзийы фæзмгæ æмхуызон куы фыссиккой, уæд нæ цæмæн бахъуыдысты уыйбæрц фысджытæ? Сисиккам дзы иу, чи зоны, дыууæ дæр, æмæ фаг уаиккой, цалынмæ адæймагад уа, уæдмæ.

Дыууæ адæймаджы, кæд се 'ддаг бакастæй нæ, уæддæр сæ миниуджытæй никуы ис æмхуызæттæ. Дыууæ фыссæгæн дæр æмхуызон уæвæн нæй. Раст у, ис æм æнкъард хъуыдытæ: «Иунæджы зарæг», «Уастырджи», «Хæрзбон», «Куы 'ркастæн» æмæ æндæр æмдзæвгæты, фæлæ кæд цард афтæ уыд, уæд та? Ау, сау фысы урс фыс куы схонай, уæд уый цас раст у?!

Æрнигоны, ома, адæмы йæ фæстæ тохмæ нæ кодта, уый тыххæй азымы чи дарынц, уыдонимæ æз мур дæр нæ дæн разы. Цымæ æнæмæнг хъуыддаг у дзæккорæй искæй сæр ныххафын, рацу тохмæ, ныццæгъдæм не 'фхæрджыты, зæгъгæ?

Мæнмæ гæсгæ, нæ! Кæй зæгъын æй хъæуы, Къостайы хуызæн стыр курдиаты хицау куы разындаид, кæнæ зынгзæрдæ поэт-революционер Цомахъау, йæ туг куы хъазыдаид йе уæнгты, уæд кæмæн не 'рхастаид циндзинад, фæлæ, куы загътон, дыууæ адæймагæн, уæлдайдæр, дыууæ поэтæн æмхуызон уæвæн нæй, æндæра нæ поэты æмдзæвгæты музыкалон арæзтмæ цас тæхудыгæнджытæ уаид!

Æниу, Æрнигонмæ дæр ис хъæлдзæг, стæй фæсивæдмæ размæ кæм сиды, ахæм æмдзæвгæтæ. Поэт «Гъæйтт, цы фестут!»-ы ныфсджынæй дзуры адæмæ:

*Гъæйтт, цы фестут, цæйут, размæ,*
*Цомут иумæ мах æнгом!*
*Кадджын дарæм азæй-азмæ*
*Цæй, нæ Ирæн мах йæ ном!*

Раст у, ам поэт адæммæ тохмæ нæ сиды. Ахæм æмдзæвгæ ныффыссæн ис кæдфæнды дæр, фæлæ дзуры дзыллæмæ, цæмæй сæ бæсты кадыл хæцой уæлæмæ. Уый, патриотон

ænкъарæнтæй емыдзаг чи у, ахæм зæрдæ æмæ зондæй ратæдзгæ хъуыды у.

Æмдзæвгæ «Фыд йæ фыртæн фæдзæхсы»-йы та лæг дзуры лæппуйæн:

*Лæджы амонд нырма йæ нывыл нæу,*
*Нырма æфхæрд æййафæм цардæй.*
*Фæлæ дæ зынты фидар лæуу,*
*Мæнау, æд топп, æд кардæй.*

*Мæртты дæ бæхæн уæд нæ дæр цæуæн,*
*Нæ дæр ын уæд фæндиаг сирæн,*
*Ды мын нæ хæхты ‘хсæн фыртæн*
*Куынæ сбæззай нæ Ирæн!*

Уый та – йæ бæстыл æнувыд уæвæг зæрдæйы фæдзæхст! Уый та – тохмæ сидæг рæнхъытæ!

Æцæг, Иласы поэзи кæмдæр фылдæр сагъæстимæ у баст, фæлæ уый, æвæццæгæн, йæ бæстæй иппæрд адæймаджы фæлгонц æвдисыныл кæй ныллæууыдис, уымæн афтæ рауад. Стæй дзы сæйраг аххосаг йæ царды уавæртæ сты.

Æвæццæгæн, ирон советон фысджытæй стæм разындзæнис ахæм, стыр Октябры социалистон революцийы фæуæлахизыл йæ хъæлæсы дзаг чи нæ ныццæлхъ кодта. Æрнигонæн дæр йæ адæмы, йæ райгуырæн Ирыстоны ссæрибарæй байрад йæ зæрдæ, йе уæнгтæ айвæзта уæгъдибарæй:

*Сæрибар – нæ бæстæ,*
*Сæрибар – нæ зæхх.*
*Нæ барæг – æд гæрзтæ,*
*Нæ барæг – æд бæх.*

*Нæ фæндон – нæхи бар,*
*Нæхи бар – нæ дзых.*
*Сæрибар, сæрибар,*
*Сæрибар – нæ тых.*

/«1917 аз»/

Поэты иу-цалдæр æмдзæвгæйæ дарддæр, иннæтæй кæцыфæнды райсæм, амад у æгæрон патриотон æнкъарæнтыл.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Иласы поэзийы сæйраг лейтмотив патриотизм кæй у, уым ыл бæстон ныхас хъæуы. Бæстон æмæ æмбаргæ ныхас. Æрнигон Иласы поэзии кæсгæйæ, кæнæ ууыл хъуыдыгæнгæйæ, æрцæуын ахæм хаццæгмæ: Æрнигон уыдис æмæ у йæ бæстæйы, йæ раттæг адæмы æнувыд патриот. Иласы поэзи ахуыргæнгæйæ нæ фæсивæд ахуыр кæнынц æгæрон патриотон æнкъарæнтыл.

1968-69

## 9. ДЗУАПП ХИСТÆРÆН

*/Булкъаты Михалы уац «Ныхас мæ кæстæримæ»-йы лирикон хъайтармæ. Уац мыхуыр уыд газет «Советон Ирыстон»-ы 1969-æм азы кæрдæджы мæйы 27-æм бон/*

О мæ буц хистæр, æвæццæгæн, мемæ у дæ ныхас? О, о, уый æнæмæнг афтæ уыдзæнис. Æз ыл мур дæр дызæрдыг нæ кæнын, стæй дызæрдыггаг дæр нæу. Дæ арæхстджын ныхасы базыдтон мæхи. Æниу, æнæбазонгæ мын æй цы уыдис.

Мæ ном?.. Ха-ха-ха!!! Æмæ цы уæлдай у, кæй йæ аивтай, уый? Мæ ныв мын скодтай, мæ миддуне мын авæрдтай хурмæ /æцæг, афтæ у æви нæ, уый фæстæдæр фендзыстæм/. Æгæрыстæмæй мыл цал азы цæуы, уый дæр загътай æргом – дыууын иу.

О мæ буц хистæр! Демæ афтæ æргом кæй дзурын, уый тыххæй мæ хатыр ракурын айрох. Бахатыр мын кæн мæ къæйных ныхас, æргом дзырды къæм нæй, зæгъгæ, куы акæны ирон æмбисонд. Æцæг мын скъолайы иу ахуыргæнæнг афтæ амыдта: «Хистæр дæм дзуры, уæд хъуамæ йæ разы уырдыг слæууай, дæ сæр дæ риуыл æрæппарай, афтæмæй. Фыræфсæрмæй хъуамæ дæ цæсгом арт уадза. Фæстæмæ иунæг дзырд дæр нæ – раст уай æви зылын, уæлдай нæу».

О дунескæнæг!.. æмæ мæ дзых донæй едзаг у? Кæсаг дæн, мыййаг? Науæд, раст куы уон, уæд та?

Цæй, дæрдтыл цы зилæм, дæхæдæг мын куы загътай, уæм æргомдзырд.

Демæ мæ цæмæн æрфæндыд ныхас кæнын, зæгъыс? Ау, мæ зистæр куы дæ, гормон, уæд хуыздæр кæимæ аныхас кæнон, зондагурæг хуыздæр кæмæ бадаргъ кæнон мæ къух.

Раст дæн, уæдæ?

Гъе, æмæ хуыздæр фæу!

Нæ, нæ, уæддæр цæуылдæр дызæрдыг кæныс? Нырмæ мæ хъуыдис зонд базонын?

Хорз! Фæлæ афтæ цæмæн зæгъыс: «Æз рагæй æнхъæлмæ кастæн ацы минутмæ?»

Ау, ныхас æз хъуамæ райдыдтаин?

Æмæ цымæ уæныг æфсондзы бынмæ йæхæдæг бацæуы æви йæ сифтыгъдæуы?

О мæ хистæр, уый афтæ фот, фæлæ мæ кæд сæрсæфæны сæрмæ былæй фæцæйхаугæ уыныс, уæд та? Æви дын уæлдай нæу, ахауон æви нæ? Ома, мæхуызæн дзы куынæ уа, уæд фæстæмæ раздæхон?

Æнхъæл дæн, мæ карз дзуаппытæм дæхæдæг мæсты райдыдтай?

Ницы кæны. Вæййы афтæ дæр. Иууыл дæ аххос нæу. Уыцы сæрсæфæнæй бирæ чидæртæ атахт – ды дæр сæ федтай æмæ иннæтæ дæр.

Æвæццæгæн, йæ мардæрцыд дæр уый мидæг ис? Цæст сыл сахуыр æмæ æз, стæй мæ хуызæттæ /уыдон та цъус, мыййаг, не сты/, мах хуызæн чи суой, уыдон дæр, къуырма фосы дзугау, сæр сæфæны бынмæ куы кæлæм, уæддæр, ома, цы, нæ?

О мæ хистæр! Уый никæмæ уал ницы кæсы. Æгæрыстæмæ, мад æмæ фыдмæ, хæстæджытæ, зонгæтæ, адæмæн се 'ппæтмæ дæр.

Раст нæ зæгъын? Дæу куыд фæнды, афтæ фот, фæлæ ды куы дзардтай уæд дæм æз лæмбынæг хъуыстон, ныр дæ рад у хъусын.

Кæд афтæ нæу, уæд мæ сабийæ раст фæндагыл цæмæннæ сардыдтай, цæмæннæ мæ сахуыр кодтай кусын?

Мæ дзыхмæ-иу ризгæ сцæйхастон уидыг – мæ мад-иу бадиссæгтæ кодта, дæ псултæ хæринагæй сахордзынæ,

зæгъгæ. Дæ дзых, цъиуы лæппынау, схæлиу кæн, æндæр дзы ницы хъæуы; мæ къахыл слæууыдтæн æмæ цудтытæгæнгæ фæцæуын, æмæ мæ мады хъæбысы февзæрдтæн:

– Мæ зæрдæйы уидаг, абыппы уыдзынæ, буа кæныс!

Скъолайы? Уым туз мæхæдæг уыдтæн. Куыддæр мæ базыдтой, мæ фыд скъладгæс у, афтæ… Цæл, минас… ауад сæ былтыл.

Æцæг мæ фыццаг бонты ахуыр кæнын тынг фæндыдис, чиныг мæ уд æмæ дзæц уыд, æрмæст…

Ацы арифметикæ… Иу хатт мын цыдæр цæвиттон ныццæхгæрмæ. Нæ мын иуырдæм цæуы, нæ иннæрдæм.

«Цы бачындæуа?» – стыхстæн мæхимидæг, фæлæ… «Амонд йæ хъахъхъæнæг ахæм æвзæрæн» – мæ мад мын мæ тыхст куы федта, уæд мæ уæлхъус æрбалæууыд. Тæ… тæ… тæ… æмæ… цæвиттон мæ разы фестад цæттæ уæрæдæйæ. Рафысс, æндæр дзы ницыуал хъуыд.

Бамбæрстон, хорз нысан райсынæн сахуыр кæнынæй дарддæр æндæр амæлттæ кæй ис.

Нæ, нæ, мæ хистæр, афтæ кæй зæгъыс, Тугъанты Махарбеджы ныв «Куыдзæппарæн къæдзæх» нæ федтай, зæгъгæ, уый дæр дын мæ зæрдæмæ нæ цæуы.

О! Æвæдза… Æнæуый мæ рох уыдис, фæлæ дæ ныхæстæй æрлæууыд мæ зæрдыл.

Кæд æй федтон, зæгъыс?

Раджы. Иухатт нæ ахуыргæнæг экскурсийы акодта æмæ уæд.

Талф-тулфæй музеймæ бауадыстæм æмæ… Музейы кусджытæй уым чи уыд, уый махмæ не 'вдæлд, иннæтæ кæмдæр уыдисты æмæ йыл нæхæдæг æрзылдыстæм. Ахуыргæнæг дæр сæ фыццаг хатт уыдта æмæ сын цы 'мбæрста махæй уæлдай, стæй киномæ тагъд кодтам. Кино куыд хъуамæ ныууагътаиккам? Уый гæнæн уыдис? Стæй, дам, дзы заманайы худæг нывтæ ис – комедии.

О, уæд федтам Махарбеджы «Куыдзæппарæн къæдзæх», æрмæст, куыдзæппарæн къæдзæх у, хæрæгæппарæн хох у, уый ныр дæ ныхæстæй базыдтон.

Бафæлладтæ мæ дзæнгæдайæ? Ницы кæны. Бафæраздзынæ кæронмæ байхъусын дæр. Цы кæнон, мæстджын дзураг у, зæгъгæ, куы фæзæгъынц.

Фыццаг мæ куыд афарстай? Цал азы рацыди, астæуккаг скъола каст куы фæдæн, уæдæй нырмæ?

Æмæ цымæ хуыздæр нæ уыдаид, афтæ мæ куы бафарстаис, астæуккаг скъоламæ куынæуал цæуыс, уæдæй нырмæ, зæгъгæ?

Уый цæй скъола каст у, иу нысан дзы мæхи сæрæй никуы райстон. Аттестат мын куы лæвæрдтой, уæд мæм худæг каст; æххæст дзы мæ номы бæсты мæ мад æмæ мæ фыды нæмттæ бафыстаиккой.

Цæуыл худыс? Фæлварæнтæ-иу уыдон лæвæрдтой мæ бæсты.

Уаих æрбауай, астæуккаг скъола каст куы фæдæн, уæдæй нырмæ дыууæ азы кæй рацыд, уый хорз куы хъуыды кæныс, уæд дыууæ азы афтæ æнцад кæй нæ бадтæн, уый дæ куыд байрох? Уæлдæр ахуырмæ фæлварæнтæ дæттынцыл цал хаты афæлвæрдтон, уый дæ ферох?

О, мæ хистæр, уый дын мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Æви институтмæ кæй нæ бахаудтæн, уый дæр та иууыл мæ аххос фæцис?

Цы загъдæуа. Мæ фыд ам ницыуал акарста. Ам стырдæр фыд хъуыдис, мæ фыд та кæд йæ гæндзæхтæ ацагъта, уæддæр йæ бæрзæй лыстæг разынд.

Цæмæн мæ фæрсыс? Цы мæ къахыс. Мемæ фæлварæнтæ чи лæвæрдтой, уыдон фыдтæй бирæты цур мæ фыд рыг дæр нæ калдта.

Исты куысты цæмæннæ ныллæууыдтæн? Куыд кæсын, афтæмæй арæзтады кæй акуыстон, уый дæ байрох.

Æмæ дзы цæмæннæ æрфидар дæн, зæгъыс?

Хорз! Кæд нæ фæлмæцыс, уæд æрмæст хъусгæ кæн.

Бон-изæрмæ, дæ чъиу хиды мæцгæ, хырх, æмæ цы рацыдтæ? Дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр-иу сом æмæ æрдæг, дыууæ сомы. Нæ дын хæрды фаг сты, нæ уæлæдарæсы. Уымæй дæр дæ алы магазингæс сайынмæ куы хъава, уæд…

Цы кодтай? Диссаг дæм фæкаст? Уæдæ, арæзтадтæ æндæр цæй тыххæй ныссæлынц, æнхъæл дæ? Кæд мæныл не

‘ууæндыс, уæд дæхи Пираны* хъуына чынгуытæй февдæлон кæн, базил кусджытæм, аныхæстæ кæн семæ, æмæ æппæт дæр дæхæдæг базондзынæ.

Стæй… Хатыр, чизоны, мын дæ цуры не ‘мбæлы ахæм ныхæстæ кæнон, фæлæ…

Кæд дзурæм, уæд æппæт дæр – æргом.

Иу чызг цыдис мæ зæрдæмæ. Куы базыдта, арæзтады райдыдтон кусын, уæд… Цыма мыл бирæгъы царм скондæуыд, йæ удхæссæг мæ федта.

Æз дæр фæлыгътæн… Мæ куыстæй.

Комеди: чызг мæнæй фæлыгъд, æз – куыстæй.

Акуыстон заводы дæр.

Чысыл, цыма, куыст мæ зæрдæмæ цæуын райдыдта. Гъе, фæлæ… Иу бон фæскомцæдисы нымæрдар мæ уæлхъус балæууыдис.

– Хъуамæ уæртæ уыцы тæрхыл райдайай кусын, – ацамыдта мын цехы къуымгæронмæ?

– Цæмæн? – бадис кодта æз.

Хъуыддаг афтæ уыд, æмæ уыцы тæрхыл чи куыста, уыцы лæппу разынд нæ фæскомцæдисы нымæрдары хæстæг.

Нæ цехы хистæр рахæцыд уыдон фарс. Цыма уыцы тæрхыл æз рæстмæ нæ кусын. Бахъуыд мæ æрмæст тæрх ивын нæ, фæлæ хыл кæнын сæр.

Иуæн дыууæ – æфсад. Уыдон та æртæ уыдысты – хицæуттæ. Мæ ‘царм мын ф[illegible]æрстой. Æртыккаг бон æгуыстæй абадтæн.

Директоры хатæны раз балæууыдтæн, фæлæ… Рувасæн йæ къæдзил – йе ‘вдисæн.

Кæдæм ма бахъаст кодтаин? Æниу мын фæстæмæ куы радтаиккой мæ тæрх, уæддæр цы хъуамæ сарæзтаин?

Иу ранæй мæхæдæг фæлыгътæн, иннæ ранæй мын мæхи фætардæуыд. Шофыры курсытæм аппæрстон мæхи. Куыст ссарын, мæнмæ куыд каст, афтæ æнцон нæ разынд. АТК-йы мын æвæрдтой ныфс, фæлæ хъуамæ сырхытæй бавдыстаин фæндзай.

* Гæдиаты Секъайы радзырд «Айсæ»-йы хъайтар.

Мæ фыд сразы, ома сæ стæй дæхæдæг райсдзынæ: машинæйæ – иуырдæм, иннæрдæм… Мызд та уæлдай…

Нæй, ацы хатт та æз ныццæхгæрмæ дæн.

Иу дзырдæй, тынг-иу рамæсты дæн мæхимæ дæр, алкæмæ дæр… Æмæ та-иу дзыхыл сдардтон арахъы агуывзæ, зæрдæбынæй-иу сулæфыдтæн тамако. Зæрдæйæн-иу фенцондæр.

Иу расыгæй æрымысыдтæн мæ маст исын. Парчъы адæмы ‘хсæн астъыгътон мæ иухатты нымæрдары былтæ.

Сырх худджынтæ… Къух здыхтытæ… Цыдæртæ… æмæ мæ тъæпп фæцыд милицийы.

– Чи у ацы жулик? – æмæ ме ‘хсæрфарс цæхæртæ акалдта.

Мæ хæс афыстон уазал уынгæг хатæны.

О мæ зонджын хистæр, ды раст дæ, æз нæ зыдтон Мысосты, чехаг публицист Фучик, стæй иннæты. Фæлæ ахæстоны уынгæг уазал къулты ‘хсæн мæ зæрдæ цыдæрхуызон базмæлыд йæхи мидæг. Цахæмдæр рифмæгонд ныхæстæ-иу абадтысты мæ былалгъыл, цыдæр дзыртæ-иу срæмыгътой мæ зæрдæйæ æмæ-иу сæ самыдтон ахæстоны уынгæг хатæны.

Уырдыгæй æлвыдсæрæй куы рагæпп кодтон, уæд фæгæрз дæн æмдзæвгæтæ фыссынмæ.

Рæстæг цыд.

Цалдæр хатты балæууыдтæн редакцийы дуарыл.

Чи мын-иу сæ рахуыдта аивадæй цух, чи – æгæр къæбæлдзыг. Кæмæ-иу æгæр даргъ фæкастысты, кæмæ – æгæр цыбыр. Иутæ-иу мын сæ æнæ хъуыды рахуыдтой, иннæтæ æгæр вазыгджын…

Ахуыры, куысты рæстæджы мæ зæрдæ цы адæмæй фæхауд, уыдон ныхмæ цы æмдзæвгæтæ ныффыстон, уыдон тыххæй мын редакцийы кусджытæй иу карзæй бафæдзæхста, зæгъгæ, дыккаг хатт ма куы ‘рбахæссай ахæмтæ, уæд дæ мæхæдæг ныммидæг кæндзынæн милицимæ.

Нæй, ам дæр мæ хъул сах нæ абадт. Мыхуыр, æз куыд æнхъæлдтон, афтæ æнцон хъуыддаг нæ разынд.

Иу бынтон æнæраст ми сæм фæхатыдтæн: алчи дæр сæ ацаразы стыр сагъæсджын хуыз, цыма хъуыдыты

анығъуылы æмæ тыхлæмæрст ракæны йæ дæндæгты æхсæнты: «Æз æй мæнæ афтæ ныффыстаин».

Гъе, æмæ ныффысс. Дæ къухтæ баст куынæ сты – чи дæ хъыгдары? Мæн куыд фæнды, афтæ фыссын. Стæй, ды «дзуарæфтауæн» бынат кæй хоныс, уым чи фæлæууынц, уыдон дæр афтæ фæнды. Æмæ сдæн, мæ хорз æмбæлттæ мын кæй хоныс, уыдон цыргъныхæстæ мысæг æмæ зарæггæнæг.

Фæндаг нæ фæтæн уæхсджытæй ныццауæзтам æмæ ауылты сихор хæрынмæ цæуын нал уæндыс?

Ха-ха-ха!.. Æмæ, цæмæн афтæ у, уый нæ зоныс?

Иухатт дæм ме ‘мбæлттæй иу хъуыддаджы фæдыл бацыд. Ды йæм рæстмæ кæсгæ дæр нæ ракодтай – æнæсæрылхæцæг кæй бахъуыд?

Зоныс æй? Гъе, æмæ хуыздæр фæу. Уæд ын йæ къух куы сарæзаис, уæд ронбæгъдæй нæ хъеллау кæнид. Нæ йæ æвдæлид йæ куыстæй, æмæ уынг нæ ныццауæзтаид йæ уæхсджытæй. Сихор кæнынмæ æдасæй цæуис æввæхсты.

О мæ буц хистæр, æнхъæл дæн, цыдæр хъуыдыты ныгъуылыс? Дæ бар – дæхи. Хорз мийы куырдадз хъуыды у.

Нæ ныхас? Фæстæдæр æм æрыздæхдзыстæм. Дæхæдæг куы загътай афтæ.

1969-æм аз,
хурхæтæны мæйы 29-æм бон

## 10. НЫВГÆНÆН СИСЫ ÆВЗАГÆЙ

Райдзаст, рæсугъдвæлыст хатæны барджын бынат æркодтой алыхуызон сойын ахорæнтæй арæзт нывтæ, стæй... эскизтæ, эскизтæ, экскизтæ... Чи – стъолыл, чи – бандоныл, чи – зæххы...

Бæрзонд, рæхснæг лæппу æд нывгæнæн сис лæууы хатæны астæу. Йæ цырд цæстыты æрбынат кодта цыдæр æмбæхст хъуыды. Æмæ уыцы хъуыды нывгæнæн сисы фæрцы хъавы цыппæртигъон хъæдын фæлгæтыл тыгъд кæддаджы

бацæуынмæ, цæмæй адæймаджы хъуыдытыл уадза кæлæнгæнæг фæд.

Æмæ та, дардæй йæм иудзæвгар фæкæсыны фæстæ, æвзонг лæппу æрбадтис æрдæгарæзт нывы фарсмæ. Æмæ та, æрдæгарæзт нывы уæнгты туг уадзыны тыххæй, даргъ аив æнгуылдзты ‘хсæн нывгæнæн систæ кæрæдзийы фæдыл арæхстгай згъорынц алыхуызон сойын ахорæнтæй кæддагмæ, кæддагæй – ахорæнтæм.

Уый уын цхинвайлаг æвзонг нывгæнæг Æлборты Ирбеджы кой кæнын.

Куы йæ афарстон, зæгъын, ныв кæныны хъуыддагыл дæ цы фæцалх кодта, уæд бахудт йæ мидбылты:

– Мæ гъа, мæ къух-иу цыдæр йæхихъæдæй æнцад ныв кæнынмæ. Дур тыл-иу къахтон цыдæртæ...

Æмæ зæрдæргъæвд лæппуйы, Цхинвалы 3-аг астæуккаг скъолайы 8-æм кълас фæуыны фæстæ, 1961-æм азы йæ аивадмæ тырнæг зæрдæ бахаста Тугъанты Махарбеджы номыл Цхинвалы нывгæнæн ахуыргæнæндонмæ, стæй та – нывгæнæн Академимæ. Академийы æвзонг нывгæнæг бауæндыд йæ тыхыл, йæ курдиатыл, æрæвнæлдта нывгæнæн сисы фæрцы цард йæ алы хуызты æвдисынмæ.

Республикæйы Советон хицауад саразын æмæ республикæйы КП саразыны 50 азы цытæн республикæйы нывты Паддзахадон галерейыйы 1971-æм азы 5-æм февралы (уæд ма Ирбег паддзахадон нывгæнæн Академийы ахуыр кодта) Хуссар Ирыстоны нывгæнджытæн цы равдыст байгом, ууыл фысгæйæ, аивадты сгуыхт архайæг, нывгæнæн Академийы доцент Квасхвадзе Шалва Ирбеджы тыххæй афтæ зæгъы: «Рацæгъдгæ аивады цхинвайлаг дæснытæ лæууынц бæрзонд профессионалон æмæ нывæфтыдон хъуыдыкæнынады æмвæзадыл. Æлборты И. йæ композицитæй æвдисы, формæйы пластикæ тынг кæй æнкъары æмæ ацы вазыгджын аивады æвзаг хорз кæй зоны, уый. Уæрæх у йæ куысты тематикæ дæр» (кæс 1971 азы журнал «Фидиуæджы» 4-æм номеры 90-æм фарс).

Æмæ Æлборы фырт канд рацæгъдгæ аивады (чеканкæ) къабазы нæ кусы. Уый йæ тыхтæ фæлвары графикæ æмæ сойын ахорæнтæй ныв кæныны дæр.

ССР Цæдис саразыны 50 азы цытæн Абхаз æмæ Ачъарайы автономон республикæты, Хуссар Ирыстоны автономон область æмæ горæт Кутаисы нывгæнджыты куыстытæн Мæскуыйы цы равдыст уыд, уым дæр аккаг аргъ счындæуыд Æлборы фырты нывтæн. Уæлдайдæр, «Рукъгоймаг фыййау» (сойын ахорæнтæй арæзт) æмæ «Уалдзæг»-æн (графикæ).

Стыр Фыдыбæстæйон хæсты советон адæмы уæлахизы 30 азы цытæн æрæджы Цхинвалы аивадон нывты равдыстыты хæдзары цы равдыст байтом, уырдæм Ирбег бавдыста дыууæ нывы: «Кæм стут, мæ хæлар æмтохгæнджытæ» æмæ «Сау гæххæтт» (дыууæ дæр арæзт сты сойын ахорæнтæй), фæлæ æрмæст уыдонæй дæр бæрæгæй зыны сæ авторы ирд курдиат æмæ хъуыдыкæнынад, уæлдайдæр, фыццаг нывы.

Уым («Кæм стут, мæ хæлар æмтохгæнджытæ»-йы) кæд хæсты ветераны фæсчъылдым æрмæст Курскы къæлæтауы картæ ис арæзт, уæддæр хæсты фæсахъатуæвæг ветераны цæсгомыл æнæхъæнæй зыны хæсты æфхæрд æмæ уæз. Уыцы хъуыддаг та аивадон уацмысы, уæлдайдæр, иунæг нывы равдисын алыхатт æнцонæй нæ фефты къухы.

Æниу, уыдон нырма æвзонг нывгæнæджы фыццаг къахдзæфтæ сты. Нывкæнынады бæрзæндтæм схизыны тыххæй хъæуы кусын, кусын, кусын... Бон уа æви æхсæв. Æлборы фырт та йæ тыхы ис ныртæккæ æмæ кусы, ныв кæны...

Ныртæккæ йæхи цæттæ кæны, фидæнмæ æвзонг нывгæнджытæн Мæскуыйы цы æппæтцæдисон равдыст уыдзæнис уымæ.

1975

## 11. ...УÆД-ИУ ÆЦÆГ АРВÆРДЫНЫ ÆНГÆС РАУАИД

Афæдзы рæстæджытæй, æвæццæгæн, уалдзæгæй алыхуызондæр никæцы у. Арвæрдынæй уæлдай нæу. Цы хуыз дæ фæнда, æмæ дзы цынæ ссардзынæ. Уæдæ, сæрмагондæй уалдзæджы номыл арæзт равдыст дæр хъуамæ ахæм уа æви нæ?

Ӕмӕ Хуссар Ирыстоны Нывгӕнджыты цӕдисы ӕрӕджы цы «Уалдзыгон равдыст» байгом, ууыл мӕ цыбыртӕй фӕнды мӕ хъуыдытӕ зӕгъын.

Ӕппӕты фыццаг ракӕндзынӕн Гасситы Ӕхсары нывты кой. Уымӕн ис йӕхи аивадон фӕндаг, йӕхи аивадон хъуыдыкӕнынад ӕмӕ уыдон фӕрцы йӕ ӕрмдзӕф фӕзыны йӕ куыстытыл куыд аивадонӕй, афтӕ сӕ тематикӕйӕ дӕр.

Мӕнмӕ гӕсгӕ аивады рахӕецӕн, аивады тых уый мидӕг ис, ӕмӕ хуымӕтӕг ӕрвылбонон цауты мингай, миллуангай адӕймӕгты цӕст, арвыроны хуызтау, цы ӕнӕнымӕц ахорӕнтӕ нӕ уыны, сӕ зӕрдӕ сын, цалынмӕ сын ӕй фенын кӕнай, уӕдмӕ чи нӕ агайы, сӕ хъус кӕй нӕ ахсы, уыдон куы равдисай. Ӕхсар та арӕхсы уымӕ.

Ӕмӕ аив рауадысты йӕ нывтӕ «Къӕвда», «Натюрморт» ӕмӕ «Мыртгӕ».

Бӕрӕг у, равдыстмӕ афтид армӕй кӕй не ‘рбацыд Саулохты Мурат дӕр. Йӕ аиварӕзт нывтӕ «Зӕронд квартал», «Таллин» ӕмӕ «Чеканщикы фӕлгонц» адӕймаджы зӕрдӕ ӕлхӕнынц сӕ ирд, зӕрдӕйӕн ӕхцон ахорӕнтӕй, сӕ лиризмӕй. Уый зӕгъӕн ис, нӕ нывгӕнджыты дӕсныдӕртӕй иу, республикӕйы аивадты сгуыхт архайӕг Санахъоты Барисы ныв «Аивад-зонӕг Цхуырбианы фӕлгонц»-ӕй дӕр.

Дзырд дӕр ыл нӕй, уый ӕнӕбындур, ӕнӕсӕрфат хъуыды уаид, исчи куы зӕгъид, аивад-зонӕг ӕддаг бакастӕй дӕр хъуамӕ аив уа, зӕгъгӕ. Фӕлӕ автор йӕ хъайтары зӕрдӕ, ома, аивадыл тайӕг ӕмӕ ‘руайӕг зӕрдӕ йӕ хъазхъуыр, йӕ цӕсгомыл ныссӕлӕг ӕнкъарӕнтӕй, ӕмткӕй ӕддаг бакастӕй афтӕ хорз равдыста, ӕмӕ дзы адӕймаджы цӕст бирӕ рӕстӕджы нал фӕкомы фӕхицӕн кӕнын.

Иу-дыууӕ дзырды мӕ фӕнды зӕгъын Турманты Димитры «Симфони»-йы тыххӕй.

Турманы фыртӕн йӕ туджы ис парахат зӕрдӕтӕ, фидар удыхъӕдтӕ ӕвдисын. Ӕмӕ сыл йӕ зӕрдӕ не сивта йӕ «Симфони»-йы дӕр.

Сылгоймаджы цӕсгомыл, ӕддейӕ бакӕсгӕйӕ, йӕ цӕстӕнгасыл хорз зыны, кӕй у лӕджыхъӕдджын, удвидар,

æмæ ахæм удвидар зæрдæйæ æнæсым, æнæхъыззыттæй цæссыгтæ суадæттау куы фенхъизынц, уæд уый вæййы æгæрон трагеди. Æмæ йын автор хорз ном æрхъуыды кодта – «Симфони». Æниу æй, чизоны, зæрдæйы тæгтæ кæмæ хъусгæйæ фескъуыдтæ кæнынц, ахæм симфонийы зæлтæм хъусгæйæ сфæлдыста?

Равдысты бирæ аив уацмыстæ ис Дыгъуызты Георги, Минасов Сергей, Къæбысты Никъала æмæ æндæртæн. Цыбыр газетон уацы се 'ппæтыл нæй æрдзурыны фадат, фæлæ бафиппайын хъæуы, ацы равдысты не 'взонг нывгæнджытæй бирæтæ сæхи кæй равдыстой курдиатджынæй. Уыдон сты Джиоты Важа, Козаты Æхсар, Бестауты Теймураз æмæ æндæртæ. Сæ уацмыстыл бæрæг у, кæй рæзынц бонæй-бонмæ. Сæ хъуыдыкæнынад уæрæхдæр кæй кæны, сæ æрмдзæф – бæрæгдæр. Фæлæ иу хъуыддагæн æнæ бафиппайгæ нæй. Не 'взонг нывгæнджытæ сæхи æгæр ласынц аивады реалистон фæндагæй, нæ нывкæнынады сæйраг бындурæй. Фылдæр хатт сæ уацмыстæ фæзмæджы хуызы вæййынц. Над фæндагыл згъорын та аивады кусæгæн ном никуыма скодта.

Æмткæй, равдыст кæд адæймаджы зæрдæйыл ныууадзы рæсугъд тæлмæнтæ, уæддæр иу фиппаинагæн æнæзæгъгæ нæй: иумиагæй лæмæгъ, фæлурс рауадис. Нæ нывгæнджыты хъару фылдæр у. Хъæздыгдæр равдыстытæ аразын у сæ бон. Фаг æвдыст дзы не 'рцыд нæ абоны цард. Ахæм равдыст та иуæггай адæймæгтæй аразгæ нæ вæййы, æмæ-иу алы нывгæнæг дæр уый тыххæй йæ хъару ма хъуамæ бахæлæг кæнид, уæд-иу равдыст æцæг арвæрдыны æнгæс рауаид.

1977

## 12. ХЪУАМÆ УА РÆСУГЪД, ÆНÆЛАЗ

«Хохы зарджытæ», – афтæ схуыдта, æрæджы республикæйы Фысджыты цæдисы дæлбар аивадон тæлмац æмæ литературон бастдзинæдты сæйраг редакцион коллеги рауагъдад «Мерани»-йы гуырдзиаг æвзагыл цы нырыккон ирон поэзийы чиныг рауагъта, уый.

Фæстаг рæстæджы ирон поэтты уацмыстæ арæхæй-арæхдæр райдыдтой зынын Советон Цæдисы æфсымæрон адæмты æвзæгтыл, æмæ уыдонæй алкæй фæзынд дæр (æз зæгъын æцæг поэтикон уацмыстæй) Ирыстоны мæсыгыл бæрæгæй фæзыны. Æмæ, уæдæ, чиныг-нацийы зонд, йæ ивгъуыд, йæ абон æмæ йæ фидæнæвдисæг царды сыф комкоммæ Ирыстоны номæй куы дзура (нырыккон нрон поэзийы чиныг!), уæд уыцы хабар, гъай-гъай, хъуыдыйаг у.

Уæлдæр цы чиныджы кой скодтон, уымæн дæр дыууæ сыхаг адæм-ирон æмæ гуырдзиаг адæмы ‘хсæн хæлардзинады хид фидар кæныны стыр нысаниуæг кæй ис, уым чиныджы тыххæй æнæзæгъгæ нæй дыууæ ныхасы.

Фыццаг уый, æмæ гуырдзиаг чиныгкæсæг ирон литературæимæ хорз зонгæ нæма у, ирон фысджыты уацмыстæ гуырдзиаг æвзагмæ тæлмац кæнын нæм æмбæлон æмвæзадыл æвæрд кæй нæу, уый аххосæй. Уый та æнæаргъæвгæ, æппынæдзух хынцинаг æмæ скъуыддзагкæнинаг фарст у.

Уæдæ, гуырдзиаг поэзиуарзджытæ ацы чиныгæй аргъ кæндзысты ирон поэзийæн, цалынмæ йæ фарсмæ нырыккон ирон поэзийы æцæг æмбырдгонд фæзына, уæдмæ. Афтæмæй та, ирон поэзи æппæтфарсонæй чи зоны, уымæн дæр, – комкоммæ йæ зæгъæм, – йæ бон нæ бауыдзæн ацы æмбырдгондæй йын æмбæлон аргъ скæнын.

Фыццаг уый, æмæ æмбырдгондыл фыст ис, уæлдæр куыд загътон, зæгъгæ, у нырыккон ирон поэзнйы æмбырдгонд. Йæ чысыл раздзырдæй бæрæг куыд у, афтæмæй та дзы хъуамæ уаид ссæдз поэты хуыздæр уацмыстæ.

Фæлæ автортæм куы ‘ркæсай, уæд æнæфæхатгæ нæ фæуыдзынæ, цыдæр дзы йæ нывыл кæй нæу, уый.

Иу уый, æмæ чиныг райдайы Æлборты Хадзы-Умары æмдзæвгætæй, фæугæ та кæны Дзугаты Георгийыл.

Цæмæн?

Ам дæхицæн агурдзынæ дзуапп: «Æвæццæгæн, алфавитмæ гæсгæ арæзт у».

Æмæ уыцы хъуыдыйыл æнæныххæцгæ дæр нæй.

Фæлæ уый дæр æххæст дзуапп нæу. Уымæн æмæ, æбæрæг аххосæгтæм гæсгæ Дзугаты Георги чиныджы кæронмæ

цæмæн рахаудта, ома, йæ поэмæ «Бындзыг»-ы тыххæй, цæмæй поэмæ фæстейæ мыхуыр уа?.

Æмæ, ау, уæд йе ‘мдзæвгæтæ поэмæйы цур нал лæууыдысты, уыдон ма астæуæй, куыд хицæн авторы уацмыстæ, афтæ цæмæн æрцыдысты мыхуыр?

Æниу, раздзырды дæр, куыд хицæн авторы æмдзæвгæтæ, афтæ нымад сты: ссæдз поэты уацмыстæ, дам, мыхуыр кæнæм. Æцæгæй та Дзугаты Георгийы дыууæ нымады бакодтой.

Фæлæ уый техникой рæдыд у. Чиныджы стырдæр рæдыдтытæ не.

Цæвиттон, чиныгмæ нæ бахаудтой нырыккон ирон поэзийы хуыздæр минæвæрттæй Плиты Грис æмæ Цæрукъаты Алыксандры уацмыстæ.

Чиныгаразæг æмбырдгондмæ Цæгат Иры поэттæй бахаста Хъодзаты Æхсар, Хостыхъоты Зинæ æмæ Джыккайты Шамилæн фæйнæ цалдæр рæнхъы. Поэт Дзуццаты Хадзы-Муратæн дæр чиныгмæ нымадæй бахаудтой аст рæнхъы. Афтæмæй уыдон дæр гуырдзиаг чиныгкæсджыты раз æрлæууыдысты фæлурсæй.

Æмæ ма ноджыдæр иу фиппаинаг.

Ирон советон литературæйыл дзырд куы цæуа, уæд Гæдиаты Цомахъы иувæрсты ахизæн нæй. Чизоны, чиныгаразæг æй ныры ирон поэттимæ кæй мыхуыр кæны, уый бафауиаг дæр нæу, фæлæ уæд цы фесты Цомахъы ‘мрæстæгонтæ, нæ ирон литературæ сæрбæрзонд кæмæй у уыцы поэттæ –Нигер, Хъамбердиаты Мысост, Барахъты Гино, Токаты Алихан æмæ æндæртæ.

Иу цыбыр ныхасæй, литературæ национ арæнтæй куы хиза, уæд уый раппæлыны хъуыддаг у, фæлæ цы ‘мбырдгонды кой кæнын, ахæм чингуытæ сæ ныммыхуыр кæныны агъоммæ зындгонд вæййынц æмæ Фысджыты [illegible] Ирыстоны хайад хъуамæ æнæмæнг [illegible] иныг, цас гæнæн ис уымæй аивдæрæй рауадзын кæныныл. Уымæн æмæ, уыцы чиныг у дыууæ сыхаг адæмы æмахастытыл дзурæг, æмахастытæ та хъуамæ уой рæсугъд, æнæлаз.

1979

# 13. ÆРВРОНÆНГÆС

Иу уалдзыгон бон дунейы фæллойгæнæг адæмыл ныккодта дыууæ уалдзæджы. Æмæ диссаг нæу, адæмыл дыккаг уалдзыгон хур кæй райгуырдæй ракаст – рæстдзинад, сæрибардзинадæн сын синоним кæй ном ссис, нæ уыцы фæтæг Владимир Ильич Ленины рухс номимæ кæй бæттынц сæ уалдзыгон, иууыл цинагдæр бæллицтæ, уый. Уымæн æмæ, йæ цард æмæ йæ райгуырды рæстæг дæр символикон сты – уалдзæджы ратгæ хъæбул фæллойгæнæг адæмæн ссис сæ цард уалдзæггæнæг...

Æмæ хорз бакодтой Хуссар Ирыстоны нывгæнджытæ, сæ традицион уалдзыгон равдыст фæтæджы райгуырды 110 азимæ кæй сбастой, уымæй.

Фæлæ уал равдыстыл ныхас кæныны агъоммæ дыууæ дзырды, равдыст цы уавæры цыд арæзт, уый тыххæй.

Нæ нывгæнджынæн майы æмбисы хъуамæ равдыст байгом уа Мæскуыйы. Тагъд сын равдыст уыдзæнис Тбилисы дæр. Æмæ, уæдæ, ахæм уавæры, кæй зæгьын æй хъæуы, нæ нывгæнджыты хайадæн æнцон нæ уыд уалдзыгон равдыст бацæттæ кæнын (уымæй дæр, фæтæджы номыл), фæлæ сæ цас амыдта сæ хъару, уыйбæрц ыл кæй бакуыстой, уый дызæрдыггаг нæу. Уымæн æмæ, залмæ бахизгæйæ, адæймаджы цæстæнгас сæхимæ здахынц равдысты иукъорд куысты. Уыдон сты нывгæнджытæ – Къостайы номыл премийы лауреат Санахъоты Барис, Хъотайты Гриша, Уанеты Александр, Саулохты Мурат, Кæсойты Лаврент æмæ æндæрты нывтæ.

Барис йæ аив арæзт нывтæй бирæ хæттыты барухс кодта аивадуарзджыты зæрдæтæ. Йæ нывтæ вæййынц цардæй ист, фæлæ сæ нывгæнæджы уынынад æмæ фантазийы фæрцы афтæ саразы, æмæ сæ фæлмæн лиризмæй баззайынц адæймаджы зæрдæйы. Уый та дзурæг у сæ авторы курдиатыл.

Барисæн ацы равдысты дæр ис дыууæ нывы: «Адæмты хælардзинад» æмæ «Ленины фембæлд фæскомцæдисы III-аг съезды делегаттимæ». Бæрæгæй сæ зыны сæ авторы æрм-

дзæф. Ис сæ амондмæ, рухс фидæнмæ йæ хъайтарты тырнындзинад, сæ цардбæллондзинад.

Барисы сфæлдыстад æмткæй у цардыл реалонæй хъуыды кæнын, царды иууыл ахсджиагдæр, иууыл проблемондæр, иууыл бæллиццагдæр цы ис, уый адæммæ хæссын æмæ ацы уацмыстæ дæр дзурæг сты ууыл. Нæ бæстæйы нациты – хæлар бинонты цин фенын кæнын, Ленин фæсивæдмæ йæ хъус куыд лæмбынæг дардта, уыцы хæстæ лæууыдысты нывгæнæджы раз æмæ нын сæ æвдисгæ дæр ракодта.

Æнæскæнгæ нæй, Хъотайы фыртæн равдысты цы дыууæ портреты ис, уыдоны кой. Уыдон сты «Мад» æмæ «Аивадзонæджы портрет».

Цæмæй æмбулынц ацы нывтæ, равдыстмæ бацæуæг адæмы цæстæнгас цæй тыххæй здахынц сæхимæ?

Мæнæ дæ разы иууыл уæззау азтæ, царды, рæстæджы æхсырфæй ауæдзтæ цæсгом – мады цæсгом. Фæлæ йæ цард нæ басаста, ныфссаст нæу, йæ амондæй у разы – йæ цæсгомы ауæдзты ауонæй æмбæхст цин, хъæбулы цин, царды цин уымæн худы. Уыцы хъуыддаг та æмткæй характерон у нæ дуджы ирон мадæн.

Æмæ аивад-зонæджы сæрбæрзонд, хъуыдыджын, цардæфсæст каст! Йæ автор дзы цы хъуыды нывæрдта, ома, аивад-зонæг, йæхæдæг дæр хъуамæ аив уа зæрдæйæ дæр, удæй дæр, уый зыны йе ‘ддаг бакастæй, автор ын цы поэтикон хуыз радта, уымæй.

Нывгæнæг Уанеты Александр сæйраджы зындгонд у, куыд дæсны æмæ курдиатднын график, афтæ.

Уымæн нын – æвдисæн, Уанейы-фыртæн ацы равдысты нæ хæххон æрдзæй цы цалдæр куыст ис, уыдон.

Афтæ зæгъæн ис Саулохты Мураты куыстытæ (графикæ) «Къæвда» æмæ «Таллин»-æй дæр. Санжеровская Анастасияйы куысытæ сты лирикон поэзийы хуызæн.

Адæймаджы цæстæнгас йæхимæ здахы, дыууæ азы размæ трагикон æгъдауæй фæмардуæвæг курдиатджын æвзонг нывгæнæг Асаты Радийæн ацы равдысты цы ныв ис, уый – «Наташæ».

Ацы æвзонг курдиатæн кæд йæ нуар нæма сфидар, кæд нырма йæ тæккæ агурын æмæ размæ цæуыны кары уыд, уæддæр æм уыдис, йæ нывтæм хаста, æнæрæнцой, парахат зæрдæйы хицау адæймаджы цæсгомыл æрмæстдæр цырддзасг нывгæнæг кæй æрцахсдзæнис, ахæм цыдæр æмбæхст, хæдхуыз цардбæллиц.

Сæхи æрмдзæф бæрæг дары æвзонг нывгæнджытæ Кæсойты Лаврент, Бестауты Таймураз, Коцты Павел æмæ æндæртæн.

Фæлæ уыимæ æнæбанысангæнгæ нæй, равдысты хайад кæй нæ райстой нæ зынгæ нывгæнджытæй бирæтæ, куыд Кокойты Уасил, Дыгъуызты Георги, Гасситы Æхсар, Минасов Сергей, Цхуырбаты Витали æмæ æндæртæ.

Нывгæнджыты уалдзыгон равдыст æрврон у. Æрвронæй та исты хуызтæ куы сисай, уæд æрврон нал у, фæлæ – æрвронæнгæс.

1979

## 14. СÆ ФЫЦЦАГ «ЛАУЫЗ»

Нывгæнджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады равдыстыты залмæ куы бахизай, уæд дæ цæстæнгас, фæнда дæ, нæ дæ фæнда, къултæй йæхигъæдæй фæиртæсдзæн, бандæдздзæнис нывтыл. Æмæ дзы иу нывмæ нæма бафсæддзынæ кæсынæй, афтæ дын иннæ дæ зæрдæ скъæфдзæнис йæхимæ. Æмæ хъыг дæр кæндзынæ – афтæ цъус цæмæн сты, зæгъгæ, (æдæппæт 21 куысты).

Уацмыстæ сæрмагондæй Узбекты ССР Ташкенты области горæт Янгиеры заказмæ гæсгæ æрцыдысты арæзт æмæ бæлвырд у, ацы уацмысты автортæ Багаты Феликс æмæ Никъолишвили Гамлет кæй сахуыр кодтой, уыцы нацийы адæмон сфæлдыстад, сæ адæмон нывкæнынад, сæ нывæфтыдтытæ. Уыцы хъуыддаг равдыстмæ бацæуæг æнæфæхатгæ нæ фæуыдзæнис. Уæлдайдæр, узбекаг темæйыл дзы цы цалдæр сюжетон нывы ис, уыдон

фенгæйæ. Номхуындæй, «Фыййæуттæ», «Лирикой зарæг», «Бæмбæгкуыстгæнджытæ», «Уарзондзинад»...

Стæй æрмæст композицион æгъдауæй аив æвæрд кæй сты, фæлгонцты арæзтæй – бæлвырд, сæ фæлыст – дæсны æрмдзæф, уымæй не 'мбулынц, мыййаг. Цыдæр хæларзæрдæ, лæгуарзондзинадыл дзурæг таг сæ бæтты кæрæдзимæ æмæ сæм куы кæсай, уæлдайдæр, «Лирикон зарæг»-мæ, уæд дæ бафтаудзысты рæсугъд, лирикон сæнттыл.

Уый сæ авторты арæхстдзинад æмæ æнтыстыл дзурæг у.

Тынг рæсугъд æмæ аив рауад декоративон, стилизацигонд формæйыл арæзт чеканкæты æнæхъæн цикл.

Кæсыс сæм, æмæ дын дæ цæстæнгас сæхицæй атонын нæ уадзынц «Саг», «Хъæддаг хуы», «Хъæддаг бæх», «Мæлхъ», «Театралон маскæтæ», «Базырджын æфсургъ»...

Уыцы циклæн йæ ном йæ уæлæ ис – декоративон, æмæ æцæг афтæ аив, афтæ зæрдæйылæмбæлгæ арæзт сты, æмæ сæ улæфы адæймаджы цæст, адæймаджы уд.

Раппæлинаг ма сæ уый ис, æмæ æрхуымæ хуыд мард нывтæ не сты, фæлæ сты удæгас, тæлфгæ удтæ.

Мæнæ саг кæсы сæрбæрзондæй. Йæ рæсугъд декоративон сытæ йыл цыма уæз кæнынц, фæлæ йе уæнгты арæзты зыны йе 'знæт, тæлтæг фердæхт. У агæппæввонг.

Кæнæ æнæрæнцой хъæддаг бæх, знæт хъæддаг хуы... Кæнæ мæлхъы уæзбын, сæрыстыр цæстæнгас æмæ уæнгты æвæрд!

Адæймаджы зæрдыл бирæ цæмæйдæрты лæууын кæнынц, нæ эрæйы райдиан, стæй астæуккаг æнусты нæ рагфыдæлтæ алыхуызон рæсугъдгæнæнтыл цы декоративон нывтæ кодтой, уыдон стиль, фæлæ ацы уацмыстæ уымæй æмбулынц, æмæ сæ алы хай дæр кæй у æххæст æмæ фæуд.

Нæ, ацы уацмыстæ, æцæгдæр дæсны æрмттæ, хъуыдыгæнæг зонд æмæ æнкъараг зæрдæйы бæркадджын фæллой сты.

Æндæра, дæ хорзæхæй, æддаг бакастæй æнгæс «джиппыты» уагъд тæбæгътæм дардæй куы кæсай, уæд цыма кæрæдзийæ ницы уадиссаг хицæн кæнынц, афтæмæй та сæм лæмбынæг ныккæс, æмæ сæ алкæй мидæг дæр зыны царды кæцыдæр æнæрæнцой, тæлфаг къуым.

Нæ областы нывгæнджытæн чеканон куыстытæй уый сæ фыццаг равдыст у – кæнгæ та йæ æвзонг курдиатджын сфæлдыстадон кусджытæ Феликс æмæ Гамлет бакодтой æмæ, уырыссаг æмбисонд цæйау зæгъы, фыццаг лауыз æнæкъуыбар нæ вæййы, зæгъгæ, уыйау, хъыгаг у, ахæм равдыст æххæст кæй нæу, æцæг равдысты фаг куыстытæ дзы кæй нæй, фæлæ хорз райдайæн куысты æнтыст у, æмæ нын нæ нывгæнджытæ нæ зæрдæтæ бирæ аив уацмыстæй кæй барухс кæндзысты, уый дызæрдыггаг нæу. Уæлдайдæр, ацы аив куыстыты фæстæ Феликс æмæ Гамлет ныр та æрæвнæлдтой турбазæ «Ирыстон» сфæлындзынмæ.

1979

## 15. АДÆМОН

***Зынгæ ирон нывгæнæг, Хетæгкаты Къостайы номыл премийы лауреат, республикæйы аивадты сгуыхт архайæг Санахъоты Барисы райгуырдыл 60 азы кæн сæххæст æмæ йын нывкæнынады хорз сфæлдыстадон æнтыстытæ кæй ис, уый тыххæй æрæджы райста адæмон нывгæнæджы ном. Нæ уацхæссæг Хъазиты Мелитон ныхас кодта нæ нывгæнджытæй цалдæримæ.***

**Саулохты Мурат,**

***Нывгæнджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады сæрдар:***

– Мæнмæ гæсгæ цардмæ адæймаг цы профессийы тыххæй фæзындис, ууыл куы фæхæст вæййы, уымæй амондджындæр хъуыддаг нæй. Дзырд дæр ыл нæй, Санахъоты Барис нывгæнæгæн райгуырд. Æнæхъæн Ирыстоны, Хуссары дæр æмæ Цæгаты дæр, нывкæнынадыл дзургæйæ, Барисы нæ нывгæнджыты раззагонтыл ма банымайай, уый гæнæн нæй.

Барис у нæ нывкæнынады фæтæг Тугъанты Махарбеджы фæдон, йæ хуыздæр ахуыргæнинæгтæй иу. Фидарæй ис зæгъæн, Санахъойы фырт кæй дарддæр кæны Махарбеджы традицитæ.

Афтæ кæй у, уымæн æвдисæн – йæ хæдбындур аивадон уацмысты æнæхъæн галерея, уæлдайдæр «Къоста сабитимæ», «Бæллиц», «Æвзонгад», «Фидæн», «Уый нæ уыдзæн», «Тугъанты Махарбеджы портрет», «Къостайы портрет», «Аивад-зонæг», «Чызджытæ-æмгæрттæ» æмæ бирæ æндæртæ.

Барис у æцæг адæмон нывгæнæг.

**Уанеты Александр**:

– Адæмон! Аивады кусæгæн уымæй стырдæр хорзæх нæй, йæ аивад адæмы зæрдæты куы ‘рбынат кæны, адæмæн сæ царды нысан куы фæхъæздыгдæр, куы фæрæсугъддæр кæны.

Афтæ рауад Барисы сфæлдыстадон амонд дæр. Йе сфæлдыстадон фыццаг къахдзæфтæ уыдысты адæмы зæрдæтæм, æмæ уæдæй фæстæмæ фæлгъауы адæймаджы зæрдæ. Фыццаг фæлварæнтæ куы кодта ацы зын, фæлæ æвæджиаг хъуыддаджы, уæд йæ ахуыргæнæг, нæ нывкæнынады сæрыстырдзинад Тугъанты Махарбег 40-æм азты райдианы æвзонг нывгæнæджы сфæлдыстадмæ йæ хъусдард хуымæтæджы, мыййаг, нæ аздæхта.

Йæ хæдбындур æрмдзæф та кодта æмæ кæны тыхджынæй-тыхджындæр, арфæй-арфдæр. Уый ныв куыд снывæнда, уый йæ алыхуызон ахорæнтæй куыд сфæлындза, уымæ зындгонд нывгæнджытæй дæр бирæтæ батæхуды кæндзысты.

Барис куыд нывгæнæг, афтæ рæзы, хъæздыгдæр кæны иу нывæй-иннæмæ. Йæ уацмыстæ се ‘ппæт дæр семыдзаг сты адæймагуарзондзинад, фæлмæн лиризм, ныв кæныны поэтикæйæ. Йе сфæлдыстад аивадуарзджыты зæрдæмæ ныфсджынæй уымæн бакъахдзæф кодта. Адæмон нывгæнæджы стыр ном уымæн райста...

**Гуыцмæзты Петр:**

– Санахъоты Барисæн æрæджы адæмон нывгæнæджы ном лæвæрд кæй æрцыд, уый æнæнхъæлæджы нæу. Уый ирон нывкæнынады, ирон нывгæнджытæ схъомыл кæны-

ныл цы стыр куыст бакодта æмæ кæны, уый цалдæр ныхасæй зæгъгæйæ нæу.

Хуссар Ирыстоны Тугъанты Махарбеджы номыл нывгæнæн ахуыргæнæндон 1967-æм азы каст фестæм 18-æй. Уыдонæй нæ Цæдисы нывгæнджыты академитæм нæ гæххæтытæ рæтам 14-æй, æмæ иууылдæр бахаудтам ахуырмæ.

Цæмæн?

Фарст æмбæрст у: ахуыргæнæндоны райстам æмбæлон зонынадтæ. Уыцы хъуыддаджы стыр фæллой бакодта нæ ахуыргæнæг Санахъоты Барис.

***Йе 'мкусджытæ, хъомылгæнинæгтæ, ирон аивадæн табугæнджытимæ газеты кусджытæ дæр арфæ кæнынц Санахъойы-фыртæн ахæм стыр номы сæраппонд æмæ сæ фæнды уымæн стырдæр сфæлдыстадон æнтыстытæ.***

1980

## 16. «ÆФХÆРДТЫ ХÆСАНÆ» ÆМÆ ЙЕ 'ВЗАДЖЫ ТЫХХÆЙ

Ирон стыр фыссæг, æхсæнадон архайаг æмæ йæ адæмы стыр патриот Къубалты Алыксандры сфæлдыстады, бонвæрнонау, тыбар-бтыбур кæны йæ кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ».

«Æфхæрдты Хæсанæ» 1897-æм азы Дзæуджыхъæуы куыддæр хицæн чиныгæй рацыдис мыхуыры, афтæ йæ кой, арвы нæрдау, айхъуыст æнæхъæн Ирыстоныл. Не 'нусон цъæх айнæг хæхтæ сæ урс сæртæ ныллæг æруагътой, куырыхон лæгтау, афтæмæй фесты хъусынтыл кадæджы æрдхæрæйнаг мыртæм. Кадæгмæ хъусгæйæ се 'нусон цъититæй æртылдысты сæ цæсты сыгтæ æмæ чысыл къада дæттæй фемæхстысты дæлæмæ, кæмтты 'рдæм. Афтæмæй кадæг згъордта зæлланггæнгæ иу комæй иннæ коммæ тахт, хæххон цæргæсау, иу тигъæй иннæмæ æмæ йæм ирон адæм фесты хъусынтыл сабийæ урсбоцъо зæрæдтæм. Ацы диссаджы кадæг-иу сæ алчи дæр банкъардта, алкæмæн дæр-иу ныххызтис йæ зæрдæмæ, базмæлын-иу ын кодта йæ

нуæрттæ. Къоста Хъуыбадыйы зарджытæ æмæ кадджытæй цæйау загъта:

*Æнæ фæхудгæ,*
*Æнæ фæкæугæ*
*Сæм чи лæууыди?! –*

уыйау ма, «Æфхæрдты Хæсанæ»-мæ хъусгæйæ сæ йæ цæссыг тымбыл къухæй чи нæ асæрфта, ахæм чи баззадаид.

Алыксандр æвæджиау бирæ уарзта ирон зарджытæ, таурæгътæ æмæ кадджытæ. Йæ æнæ амæлгæ уацмыс «Æфхæрдты Хæсанæ» дæр фыст у ирон адæмон кадæджы бындурыл. Гъе, уымæ гæсгæ кадæг хуры рухсмæ куы рацыд, куы рапарахат адæмы ‘хсæн, уæд æй адæм, ирон кадджыты хуызæн кæй у. Уый тыххæй схуыдтой адæмон, ноджы йыл чиныгуадзæг Байаты Гаппо дæр бафыста афтæ, æмæ йæ ирон кадæггæнджытæ самыдтой хъисын фæндыртæй.

Æппын æрæджы дæр ма, 1961-æм азы, 25-æм æхсæнадон конгрессмæ кадæггæнджытæ æвзаргæйæ, ирон кадæггæнæг Таутиаты Дрис «Æфхæрдты Хæсанæ» Куыцыччы зарæджы мелодийыл куы цагъта æмæ йæ куы бафарстæуыдис, ома, кæд æмæ кæмæй фехъуыстай ацы кадæг, уæд дзуапп радта, зæгъгæ, Зæронд Бæтæхъойы хъæуы Зыгъуыдтаты куырм Бибойæ.

Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уый раст нæу, уымæн æмæ уæд Зыгъуыдтаты Бибо удæгас нал уыдис, стæй профессор Æлборты Барис йæ уац Къубалты Алыксандры кАдæг «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы бындур адæмон у æви нæ?»-йы куыд зæгъы, афтæмæй кадæджы автор цалынмæ удæгас уыдис, уæдмæ дзырдта йæхæдæг, ома, «Æфхæрдты Хæсанæ» адæмон нæу, нæдæр æй кадæггæнæг Бибойæ фехъуыстон æмæ афтæмæй ныффыстон, фæлæ йæ æрхъуыды кодтон мæхæдæг. Бибойы, зæгъгæ, федтон æрмæст æртæ хаты; фæстаг хатт 13 азы, дам, мыл куы цыд, уæд.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Барис куыд зæгъы йæ уацы, афтæмæй йыл куы ахъуыды кæнæм, уæд кадæг Алыксандрæн йæхи æрымысгæ у. Æцæг, æртындæсаздзыд саби афтæ хорз

нæ бахъуыды кæндзæнис ахæм кадæг, æмæ йæ къорд азты фæстæ ныффысса. Фæлæ кадæг сæрæй райдайы афтæ, ома, кадæг кæны кадæггæнæг Зыгъуыдтаты Бибо. Адæмон кА-дæг алыксандр Бибойæ кæй фехъуыстаид, уый Бибойы кой уырнын кæны тынгдæр. Стæй ма Барис йæ уацы куыд зæ-гъы, афтæмæй-иу Бибо, хъисын фæндырæй цæгъдгæ, Хуы-цаумæ кувгæйæ арæх маст кодта, йæ хъысмæт æй цæсты рухсæй кæй фæцух кодта, уый тыххæй. Æмæ ацы кадæджы райдайæны дæр автор бибойæн раст афтæ тæригъæд кæны, арвы рухс кæй нæ уыны, уый тыххæй:

*Гъе, мæгуыр куырм Бибо!!! Гъе, мæгуыр зæронд лæг!*
*Дæ бон дыл баталынг, де 'хсæв дыл бамыр ис:*
*Нал уыныс арвы цъæх, нал уыныс зæххы сау!*
*Баци дыл сау талынг нæ рæсугъд урс Дуне.*

Гъе, уымæ гæсгæ бирæ рæстæджы дæргъы уыдис æмæ у дызæрдыггаг, «Æфхæрдты Хæсанæ» Алыксандрæн йæхи æрхъуыдыгонд у, æви йæ Бибойæ райста, уый. Фæлæ Барисы загъдау, баууæндын хъæуы Алыксандрæн йæхи ныхасыл, æмæ зæгъын хъæуы фидарæй, кадæг алыксандрæн кæй сæвзæрд æмæ бахсыст йæхи сæры. Уыцы хъуыды фидар кæны, бæрæг куыд у, афтæмæй кæй нæ уыдис мыггаг Æфхæрдтæ, фæлæ уый кæй у авторæн йæхи æрымысгæ мыггаг.

Æнæуый кадæг фыст у, раджы, адæм ма мыггаггай куы цардысты, тыхджын йæ тыхы руаджы æдыхы уæлæмæ скæсын куы нæ уагъта, йæ къæхты бын æй куы ссæста, уыцы æлгъыстаг æмæ тыхæвзарæн рæстæджы. Автор иуæрдыгæй лæгæвзæрстæй æвæры Мулдарты хъал мыггаджы, иннæрдыгæй та – Æфхæрдты Солæманы мæгуыр, фæлæ сахъ æмæ ныфсджын фырт Хæсанæйы.

Хæсанæ – «æфсымæр кæмæн нæй, æрвад чи нæ зоны», уыцы сахъ лæппу, сабийæ баззадис сидзæрæй. Дзидзидай ма уыдис, афтæ йын йæ фыд Солæманы амардта Мулдарты сау æмæ рогзæрдæ Хъуыдайнат. Уый фæстæ та Солæманы ус Госæмайæ хъавыд хынджылæг кæнынмæ, фæлæ адæмæн йæ зонд æмæ йæ хъæбатырдзинадæй æртхæрæн цы Госæма

уыдис, уый йе ‘рхъуыды æмæ йæ арæхстдзинады ‘руаджы аирвæзт налат Хъуыдайнаты дзæмбытæй. Йæ саби Хæсанæйы аскъæфта, афтæмæй æмæхсæвæджы фæлыгъдис тар хъæды астæумæ æмæ, йæ цæссыгзгъалгæ, йæ хъæбулы схъомыл кодта уым. Хъæбысмæ йын а-ло-лайы зарджыты бæсты кодта йæ фыды марæг налат Хъуыдайнат æмæ Мулдарты хъалты кой. Домта хъæбатыр ирон мад йæ иунæг бындарæй, цæмæй йæ фыды туг æнæ ист ма ныууагътаид. Фæлæ Хæсанæ, йæ тыхы куы бацыд, йæ фыды туг райсын йæ бон куы уыдис, уæддæр нæма тагъд кодта, æрмæст æй Мулдартæ марынвæнд куы скодтой, уæд сæ рафæлдæхта фарасты æмæ йæ мад Госæмайæн, йæ фыды туг æрæгмæ кæй иста, уый тыххæй зæгъы:

*Фыдæбон фæкодтай Солæманы фæстæ,*
*Фыдæбон фæкодтай дæ иунæг лæппуйыл.*
*Бирæ дæ бафхæрдтой мæ фыды марджытæ.*
*Рох мæ нæ уыдысты Мулдарты налаттæ,*
*Фæлæ мæ зæрды уыд, дæу куы баныгæнон,*
*Уæд уыдон ныммарын, уæд уыдон ныццæгъдын…*
*Кæуыл баззадаис ацы мæнг дунейы*
*Айхуызæн зæрондæй мæ мæлæты фæстæ?*

Фæлæ баййæфта хъæбатыр Хæсанæйы, цæмæй тарсти, уый: йæ зæронд мад баззад æнæ цæстытыл хæцæгæй, æнæ ныгæнæгæй. Автор дзы тæригъæдгæнгæ афтæ уымæн зæгъы:

*Гъе, мæгуыр иунæг ус! Гъе, мæгуыр сидзæр ус!*
*Куы ницыуал дзæбæхдæр æрхъуыды кæндзынæ*
*Дæхи æрбамарынæй дæ фырты уæлхъус!..*

Æмæ автор æрмæст Госæмайæ нæ зæгъы, куыд бакæндзæнис, уый, фæлæ кадæггæнæг Бибойы æвзагæй алы æрцæугæ цауы фæстæ раргом кæны йæ хъуыды; уыцы цау æм цы ‘нкъарæнтæ сæвзæрын кæны, уыдон.

Хæсанæ Хъуыдайнаты куы рамардта, уæд Бибо йæ кадæг кæнын цæхгæр фæуагъта æмæ Хъуыдайнатмæ, цыма йын йæ амардыл фæрадис, уыйау бадзуры:

*Гъе, уæу-уай, урсрихи, рæузæрдæ Хъуыдайнат!*
*Зæрдиагæй фæзылдтæ искæйы устытыл,*
*Ныр та дæхи ус дæр хæрз дзæгъæл баззади...*
*Дæ зæронд мардыл дын бæргæ ничи скæуид,*
*Фæлæ нæ уарзон Ир æгъдауыл тынг хæцы,*
*Æмæ дыл æркалдзæн иу-дыуухæ цæссыджы.*

Æмæ цы, æцæг фæрадис Бибо Хъуыдайнаты мардыл, æхсызгон ын уыдис йæ мæлæт, уымæн нæ, æмæ йæ исты хъыгдардта; фæлæ тæригъæд кæй хаста, мæгуыр, гæвзыкк лæджы адæймагыл кæй нæ нымадта, уый тыххæй. Йæ тыхджын мыггагæй ныфсджын, сæрыстыр кæй уыдис, уый та бæрæг у, мæнæ ацы дзырдтæй дæр:

*Æз куы дæн Хъуыдайнат! Æз куы дæн Мулдартæй,*
*Дæ мойы марджытæй, сау лæппу Хъуыдайнат!*

Æмæ кадæггæнæг æрмæст Хъуыдайнатмæ нæ дары ахæм зæрдæ, фæлæ, социалон æгъдауæй Хъуыдайнаты фарс чи лæууынц, уыдонæй се 'ппæтмæ дæр.

Зæгъæм, Мулдарты Къæбутдзæфмæ.

Фидар лæг уыдис Къæбутдзæф, фæлæ йæ фидардзинадæй цы арæзта? Искæй фæллой давын, искæй бастъигъыны уыдта йæ амонд, йæ удæнцойдзинад. Райгæ æрмæстдæр искæй мастæй кодта, мæлгæ дæр, Саукуыдзы лæппутæ Хан æмæ Хуындæджерау, искæй сæрыл куыннæ акодта. Автор дзы куырм Бибойы дзыхæй уымæн зæгъы:

*Мулдарты Къæбутдзæф цъæх нæууыл æрхауди,*
*Н' адзырдта 'фсымæрмæ, не скодта 'рвады кой.*
*Йæ рæсугъд усы кой йæ зæрдыл не 'рлæууыд, –*
*Рагæй дæр Къæбутдзæф хъæбæрзæрдæ лæг уыд.*

Уæдæ йын йæ рæсугъд ус Косер куы фехъуса йæ мæлæт, уæд ай-хъуысдзæн йæ хъарæг:

*– Судзгæ дын фæбадон, дудгæ дын фæбадон,*
*Ды кæмæн уыдтæ æмæ ды кæмæн нал дæ!*
*Куынæ дыл сæмбæлди къамбецтæ давгæйæ,*
*Дугъæттæ скъæфгæйæ, мæхъæлоны стыр цъил!*
*Мард фæдæ боныгон Хæсанæйы къухæй.*
*Судзгæ дын фæбадон, дудгæ дын фæбадон*
*Кæмæ ма цæудзынæн цырагъы рухсимæ,*
*Боны цъæх афоныл давæггаг ласгæйæ.*

Фæлæ цымæ ацы хъарæгмæ кæй зæрдæ суынгæг уыдзæнис, кæй зæрдæйæ ратæдздзæнис дыууæ цæссыджы? Никæй… Тæригъæдджыны марын тæригъæд никуы уыдис, фæлæ кадæггæнæг Хъуыдайнаты мардæй цæйау зæгъы, уыйау ыл кæд ирон æгъдаумæ гæсгæ фæччыхъæдæн æрæппæрстæуа æфсæрмы цæссыгтæ, æндæр ыл, зæрдæйæ чи райгуыра, ахæм хъарæг ничи бакæндзæнис.

Кадæггæнæг æндæр зæрдæ дары Мулдарты Саукуыдзы фаззæттæ Хан æмæ Хуындæджермæ.

Ацы дыууæ фаззоны цыма Хасанæимæ фаззæттæ сты, афтæ зыны. Сæ социалон уавæрæй кæрæдзийæ ницæмæй хицæн кæнынц. Ивддзæгтæ кæнынц чиныгкæсæгæн, æрмæст Хæсанæ фыдæй баззадис сидзæр, уыдон та – мадæй. Мæгуыры бонтæй схъомыл сты, сæ фыд Саукуыдз сæ сæгъы ‘хсырæй схаста.

Уыцы дыууæ фаззоны фæлгонцтæй кадæггæнæджы къухы хорз бафтыдис, Мулдарты хъал мыггаджы ‘хсæн дæр кæй уыдис мæгуыртæ æмæ хъæздыджытæ, уый ирд æмæ бæрæг бæлвырдæй равдисын. Уыцы мæгуыртæм хауынц Хан æмæ Хуындæджер.

Хъыг у кадæггæнæгæн дыууæ фаззоны цъаммар, лыскъзæрдæ Хъуыдайнаты тыххæй кæй амардысты, фыдæлтыккон тугисыны зианхæссæг æгъдау æмæ сæ мыггагмæ стыр уарзондзинады тæгтæ се ‘цæг æфсымæр Хæсанæйы ныхмæ кæй æрлæууын кодтой, уый. Тæригъæдгæнгæ сын уымæн зæгъы:

*Мыггагмæ лæудзыстут ингæны талынджы,*
*Гъе, мæгуыр лæппутæ, æнамонд фаззæттæ!*

*Мады цин нæ федтат, йæ рæвдыд нæ зыдтат,*
*Уæ фыццаг сахатæй уæ фæстаг рæстæгмæ.*
*Æддагон цард кодтат уæ бинонты астæу.*
*Уæ фыццаг сахатæй уæ фæстаг рæстæгмæ*
*Сымах фæцардыстут схойгæ къæбæрæй,*
*Кæцы уын æппæрста уæ фыды налат ус.*

«Схойгæ къæбæрæй, кæцы уын æппæрста…» – уыцы грамматикон фæзилæн нæм уырыссаг æвзагæй æрбацыд, æмæ æгæр къæйныхæй лæгæрды ирон æвзагмæ. Зыгъуыдтаты Бибо дæр дзы пайда кодта, зæгъгæ (гъæдæгъа!), уый йын кад нæ кæны.

Саукуыдз куы фехъуса, мæгуырæг, йæ фыртты мæлæт, уæд ныккæудзæн, «йæ урс сæр фæхойдзæн ставд цым лæдзæгæй». Хуымæтæджы цым лæдзæгæй нæ, уымæй йæ маст не ссæудзæнис, фæлæ «ставд цым лæдзæгæй». Æмæ йæ уыцы эпитет кæны адæмондæр. Уый нын æххуыс кæны тæригъæддаг Саукуыдзы богътæ куыд цæудзысты йе 'намонд лæппутыл. Æмæ уыцы аивадон амалæй поэт арæхстджынæй пайда кæны кадæджы зæрдæйы уаг хуыздæр æвдисыны тыххæй. Саукуыдзы хъарæг нæу Къæбутдзæфы ус Косеры хъарæджы хуызæн. Нæй сын фæивддзаггæнæн, мæгуыр сидзæртæ куыд никуы фæхæццæ уой Хъуыдайнат æмæ Къæбутдзæфимæ, афтæ. Саукуыдзы кæуынмæ цæссыгтæ фемæхсынц, зæрдæ йæм авæййы дыууæ дихы.

Ахæм тæригъæдгæнгæ æмæ сыгъдæгзæрдæйæ дзуры кадæггæнæг мæгуыр сидзæртæ Хан æмæ Хуындæджеры тыххæй. Фæлæ Бибойæн, – автор кадæг уый номæй кæны, æмæ арæхстджынæй спайда кодта уыцы аивадон амалæй, – йæ цæстæнгас, йе 'ппæт лæгуарзондзинад, доны нукау, арæзт у Хæсанæмæ. Афтæ нæм кæсы, цыма Хæсанæйы тыххæй фæдзуры хъавгæйæ, арæхстджын æмæ сыгъдæгзæрдæйæ. Уый кой кæм скæны, уым дзырдтæ, туджы 'ртахау, алиуырынц адæймаджы уæнгты. Ныддыз-дыз кæны буар, цыма йыл уазал дон бакалдæуы. Мæнæй дæр ма, кадæггæнæг æй цы стыр уарзтæй уарзы, уый рахизы кæсæгмæ, кадæгмæ хъусæгмæ. Кадæггæнæг та йæ æгæрон сыгъдæг уарзтæй уарзы. Йæ алы къахдзæф дæр ын хъахъхъæны, йæ алы фæзылдмæ

дæр ын йæ цæст дары. Тæрсы йын, мæгуыр, тæрсы… Уæдта, цынæ вæййы, æмæ йæ фæдзæхсы æрхæндæг зæрдæйæ:

*Æфхæрдты Хæсанæ! Æгъгъæд цæгъд Мулдарты!*
*Цыппар сæ ку' амардтай дæ фыды сау тугмæ,*
*Дæ фыды сау тугмæ, дæ мады æфхæрдмæ,*
*Дæ хæдзар бацагур: фыдбылыз æмхиц у, –*
*Фыдбылыз фæзыны хи къахы хæдбынæй.*

Фæлæ Хæсанæмæ нал хъуысы Бибойы хъæр. Карды мæлæтхæссæг цъыччытæ æмæ йæм топпы судзаг гæрæхтæй нал хъуысы Бибойы фæдзæхст. Йе 'взонг фидар уæнгты сабухта туг, цæхджын туг. Йæ нуæрттæ сызмæлыдысты æмæ:

*Рахис къухы – 'хсаргард, хъама та – галиуы,*
*Цæргæсау, дурмæ уыцы иу гæпп фæкодта…*
*Хæсанæ – уæлейæ, Мулдартæ – уæлæмæ*
*Цъыччытæ райдыдтой хъама 'мæ 'хсаргардæй,*
*Сау дурæн сырх тугæй йæ сау хуыз аивтой.*

Бибо, цыма йын йæ хъайтары исчи лæгмар куы рахона, уымæй фæтæрсы, уыйау, йæ фæдзæхст ын куынæ фехъусы Хæсанæ, уæд кадæг кæнын цæхгæр «фæуадзы» æмæ бадзуры кадæгмæ хъусджытæм:

*Рагæй дæр Хæсанæ уыд сыгъдæг ирон лæг.*
*Æрæгмæ хъараг у маст ирон зæрдæмæ,*
*Фæлæ куы бахъары, уæд та-иу, хорз адæм,*
*Ирон туджы фыцын æрæгмæ банцайы.*

Гъай-гъай дæр, Хасанæ ирон лæг уыд, сыгъдæг ирон лæг – хæларзæрдæ æмæ адæймагуарзон. Кадæггæнæджы дзыхæй йын автор йæ фæлгонц уарзгæйæ уымæн аразы. Афтæ зæрдыйæ йыл уымæн у, фыдбылызæй йæ афтæ тыхджын уымæн хъахъхъæны. Фæлæ карды цъыччытæ, арвы нæрдау, кæм зæлой, здыйæ нæмгуытæ, ихуарæгау кæм кæной, уым карды цæф æмæ топпы нæмыг раст æмæ зылын нæ

февзарынц. Æппæт дæр фæцырдæй вæййы. Фæцырд Хæсанæ, фæцырд æмæ Мулдартæй рамардта фарасты. Фæлæ уыдонæй туг кæм калд, сæ туджы кæм мæцыдысты, уым хъæбатыр, сыгъдæг ирон лæг æмæ рæстаг Хæсанæйæ дæр æхсыр кæм рахъардтаид. Кадæггæнæг цæмæй тарст, уый æрцыд йæ хъайтарыл, фæлæ йыл афтæ зæрдийæ у, æмæ дзы «амард», гъе, Мулдарты мæрдтæй цæйау зæгъы:

*Мулдартæ, Мулдартæ! Цæй ривæд æркодтат!*
*Фарастæй ацы бон цъæх умæл кæрдæгыл!? –*

уый йæ лæгуырзон зæрдæ нæ батардта Хæсанæйæ зæгъын. Мулдарты мæрдты кой кæм кæны, уым сыл цыма кæмдæр дæлозæй худы йæ мидбылты. Разы у йæ хъайтарæй, уый бæрцæй сæ кæй фæцагъта. Хæсанæйы мæлæты кой кæм кæны, уым та хъисфæндыр самоны æрхæндæгæй, дзырдты йæ хъæлæсæй скæны тыхласæгау:

*Æфхæрдты Хæсанæ, Солæманы сахъ фырт,*
*Дæлгоммæ хуыссыди уæрдоны гуыффæйы.*
*Йæ туджы æртæхтæ зæхмæ фæтагъдысты,*
*Йæ уд та ахæццæ цъæх нæуу дзæнæтмæ!..*

Кадæггæнæг йæ фæстаг ныхæстæ нæма зæгъы, афтæмæй цæстытыл ауайы Хæсанæйы мæлæт. Мулдарты мæрдтыл-иу кæд цин бакодтам /се ‘ппæтыл нæ/, уæд ныр та зæрдæ цыдæрхуызон ныккæрзы йæхи мидæг, хурхы сæртæ æр-бауынгæг вæййынц, цæссыг фемæхсы къуыбæрттæ-къуы-бæрттæй.

Ацы кадæджы хаттæй-хатт карды цъыччыты ‘хсæнты, гъе, мæлæтхæссæг гæрæхты цæхæры астæуæй æмæ Госæ-майы хъарджытæ æмæ ‘лгъыстытæй, кæцæйдæр, арф ранæй фæзынынц тугисыны ‘гъдæуттæ. Адæймагмæ афтæ фæзы-ны, цыма Хæсанæ йæ фыды туг райсыны тыххæй стох кодта. Уыцы хъуыды, Бибойы хъисфæндыры зæланггæнаг зæлтæ æмæ хъæлæсæй фæтæрсгæйæ, æмбæхсы кæмдæр сæры магъзы иу къуымырдыгæй.

Æниу, мæнæйдæр ма, куыннæ фæтæрса, уыцы раст æмæ мæстджын хъæлæсæй:

*Байхъусут лæппутæ, байхъусут кæстæртæ,*
*Дзæбæхдæр байхъусут фыдæлты ныхæстæм:*
*Ацы мæнг дунейы æфсымæр кæмæн нæй,*
*Хъомыл фырт кæмæн нæй, æрвад чи нæ зоны, –*
*Цæвиттон, лæппутæ, фæхæцæг кæуыл нæй,*
*Уыцы лæг иунæг у, уыцы лæг мæгуыр у,*
*Хъæды халæттæм дæр нæй уымæй иунæгдæр,*
*Нæй уымæй мæгуырдæр ацы мæнг дунейы.*

Ацы дзырдтæ, мыййаг, æнæнхъæлæджы не сирвæзтысты кадæггæнæгæй. Нæ, уыдонæн, æнæнхъæлæджы чи сирвæзой, ахæм хуыз нæй. Гъе, уымæ гæсгæ хъуыды, карды ‘рцъыккау, фæвæййы дыууæ дихы: иуæрдыгæй – тох тугисыны тыххæй кæй æрцыд, уый; иннæрдыгæй та – тыхджын æдыхы кæй ссæста, æфхæрдта, уый.

Фыццаг хъуыды цыма сæры иуварсæрдыгæй æвæрд у, дыккаг та – денджызау уылæнтæ кæны сæры магъзы. Йæ къух ын уæлдай тынгдæр аразы æмæ йæ бæлвырддæр кæны, Хæсанæ Мулдартæм нæ, фæлæ Мулдартæ лæгæвзæрстæй Хасæнæмæ кæй ныббырстой, стæй йын йæ зæронд мад, йæ мæгуыр къæсæй кæй хынджылæг кодтой, уыдон. Уымæ гæсгæ дыккаг хъуыды растдæр, фидардæр æмæ хуыздæр фæкæсы адæймагмæ.

Кадæджы зынгæ аивадон бынат ахсы Уастырджийы фæлгонц. Уый, куыд рæстылдзæуæг, бæлццон лæджы æххуысгæнæг /ирон адæмон сфæлдыстады/, афтæ Хæсанæйæн куы фæтæрсы Мулдарты хъалтæй, уæд арвы дуар байгом кæны æмæ йæм æрдзуры уырдыгæй:

*– Гъе, мæгуыр Хæсанæ! Гъе, мæгуыр иунæг лæг!*
*Æфхæрдты Хæсанæ, Солæманы сахъ фырт,*
*Æфсымæр кæмæн нæй, æрвад чи нæ зоны,*
*Дæ фыды марджытæ дæ хæдзар фехæлдтой,*
*Дæ зæронд мадæн йæ дзыккутæ ныттыдтой,*
*Ныр та дæхимæ дæр дæ фæд-фæд ыссæуынц*
*Дæ фыды марджытæ, Мулдарты хъал мыггаг.*

Уæд æм Хæсанæ дзуры:

*– Сыгъзæрин Уарстырджи! Нæ цард дæ къухты ис,*
*Нæ даст сæры хъуынтæ дæуæн ымад сты...*



Æрмæст фæстаг поэтикон рæнхъы предметон уынынады фæрцы цас поэтикон тых бавæрдта! Йæ алы дзырд дæр царды рæстдзинадæй цæвы зæрдæ:

*Кувын дæм, курын дæ – н'астæу нын æрæппар*
*Дæ сыгъзæрин къухæй урс мигъы стыр къуыбар!*
*Æмæ Уастырджи сæххæст кæны Хæсанæйы фæндон.*

Уациллайы стыр бон Госæма не 'рхъуыды кæны æмæ судзинæй æмпъузы Солæманы сау цухъхъа. Уый æфсон фæкæны Солæманы мард. Косермæ æнафоны /изæрæй/ уасæг бауасы æмæ уымæй базоны, æнамонды хъуыддаг ыл кæй цæудзæнис, уый.

Ацы æрнымайгæ цаутæ-деталтæ се 'ппæт дæр сты адæмон сфæлдыстады аивадон амæлттæ. Гъе, æмæ Алыксандр йæ кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ» адæмон сфæлдыстады бындурыл куы фыста, уæд спайда кодта фольклоры ацы хорз аивадон амалæй. Æмæ нæ фæрæдыд. Ацы аивадон амæлттæ кадæджы кæнынц аив æмæ рæсугъд. Кадæг йæ арæзтæй ирон литературон уацмысты 'хсæн лæууы бæрзонд бынаты. «Æфхæрдты Хæсанæ», адæмон кадджытау, фыст у дыууадæс уæнгон рæнхъытæй, стæй – силабикон стихамадæй:

*Гъе, хъæздыг куырм Бибо!.. Гъе тыхджын зæронд лæг!*
*Радта дын Уастырджи сау хъисæй хуыйысæр,*
*Радта дын зæрдæргъæвд, радта дын дзырдамонд.*
*Фыдæлты кадджытæ се 'ппæт дæр куы зоныс,*
*Се 'ппæт дæр куы цæгъдыс сау хъисын фæндырæй.*

Райдайæнæй суанг кæронмæ, иууылдæр фыст у дыууадæс уæнгон рæнхъытæй:

*Байхъусут, зæрæдтæ! Байхъусут, læппутæ!*
*Байхъусут зарæгмæ, фыдæлты кадæгмæ,*
*Дзæбæхдæр бахъырнут уæ бæзджын хъæлæстæй!*

Афтæ рæнхъытæ цæуынц кæрæдзийы фæстæ, хъисын фæндыры тæнтау, кæнынц æхцон зæлланг.

Алыксандр йæ кадæджы цæстуарзонæй бавнæлдта ирон аив дзырды къæбицмæ. Поэт цыдæриддæр базыдта ирон хъæздыг фольклоры аивтæй, уыдонæй парахатæй спайда кодта йæ уацмысы, ницы бахæлæг кодта йе 'нусон кадæгæн, сфæлдыста йæ аив æмæ рæсугъд.

Алы фыссæг дæр уацмыс куы фæфыссы, уæд райсы, цы заманыл дзуры, уæды адæмы дзырдаивад, æмæ сæ сфæлындзы йæ хъайтарты æвзаг. Къубалы-фырт дæр спайда кодта уыцы миниуæгæй æмæ, кадæг кæсгæйæ, арæх фембæлæм архаизмтыл /Ома, зæронд дзырдтыл/: «хъисын фæндыр», «лæгæт», «нæзы цырагъ», «хъыримаг», «дамбаца», «цухъхъа», «фæсмын», «алдымбыд», «дзæнæт» æмæ æнд.

Кадæджы дзырдтæ арæзт сты æртæ хуызы: 1 /суффиксты /фæсæфтауты/ æмæ префиксты /разæфтауты/руаджы/ «хъæбатырдзинад», «хъæздыгдзинад». «тыхджын», «фæцæй сыгътæн», «æрбазгъордта»/; 2 /дзырдтæ кæрæдзимæ 'фтауыны руаджы / «бæрцагъуд», «хæдбын», «дзæгъæлхат», «зæрдæргъæвд», «дзырдамонд», «фарсисæг», «тыхкъуырæг», «тугахуырст» æмæ æнд/; 3 / «гуырæн хауæны кæрон»-ы аппарынын руаджы.

Цæвиттон, Алыксандр-иу ног дзырд куы арæзта, уæд фыццаг номдарæй æппæрста гуырон хауæны кæрон æмæ уый бæсты фыста дефис /«кæрт-астæу», «хъæд-астæу», «къæдзæх-змис», «дур-рæбын», «хæдзар-астæу»/.

Къубалы-фырты уацмысты 'взаг хорз чи зоны, бæстон æй чи сахуыр кæна, уый йæ æндæр фыссæджы 'взагимæ никуы фæивддзаг кæндзæнис. Алыксандры стиль бæрæг хицæн кæны нæ фысджытæй алкæй æвзагæй дæр. «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы мивдисæг цухгонд никуы 'рцæуы. Автор æй алы хатт дæр ныууадзы йæ бынаты. Зæгъæн ис, уыцы адæмон аивадон амалы сæр кæй нæ бахъуыд йæ кадæг фæлдисгæйæ Къубалы-фырты.

Миногонæн, ома, бæрæггæнæг дзырдæн кадæджы алы рæнхъы дæр стæм рæттæй дæрддæр ис йæхи бынат. Уыцы бынат никуы фæивы. Кæддæридæр вæййы бæрæггæнинаг дзырды разæй /«куырм Бибо», «зæронд лæг», «сау талынг»,

«урс Дуне», «мæгуыр Хæсанæ», «сахъ фырт»/. Уыимæ йæм метафорæтæ ис алы хъуыдыйады дæр. Иугæйттæ нæ, дыгæйттæ, æртыгæйттæ…

Къубалы-фыртмæ хъуыдыйæдты дзырдты равæрд вæййы дыууæ хуызы: 1/ Комкоммæ рæнхъæвæрд/ ома, сæйраг вæййы зæгъинаджы разæй/; 2/ фæрсаг рæнхъæвæрд/ сæйраг вæййы зæгъинаджы фæстæ/.

Кæй зæгъын æй хъæуы. Алыксандрмæ комкоммæ рæнхъæвæрдон хъуыдыйæдтæ сты арæх. Къаддæр æм у фæрсаг рæнхъæвæрд.

Æппæт ахæм мивдисджытæ, стæй адæмон фразиологизмтæ, фольклорон деталтæм гæсгæ кадæджы æвзаг бæрæгбæлвырдæй хицæн кæны æмткæй Алыксандры дуджы поэтикон æвзагæй.

Кæсыс кадæг, æмæ фыстæ кæрæдзийы фæдыл куыд гæппытæ кæной донмæ, уыйау кадæджы рæнхъытæй кæрæдзийы фæдыл хауынц «сау» эпитеттæ:

*Дымгæ нынниуы нæ <u>сау</u> хъæды кæрæтты,*
*Дымгæ ныззары нæ <u>сау</u> хæхты рæбынты.*
*Уидагмæ сæнкъуысынц <u>сау</u> хъæды бæлæстæ,*
*<u>Сау</u> мигътæ <u>сау</u> зæххыл сæ цæссыг куы калынц.*

Кадæгæн йæ сæрæй йæ кæронмæ æппынæдзух фæлхатт цæуы риторикон сидт:

*<u>Байхъусут</u>, зæрæдтæ! <u>Байхъусут</u>, лæппутæ!*
*<u>Байхъусут,</u> зарæгмæ, фыдæлты кадæгмæ.*

Не скъуыйы уыцы фæлхатæн, нæ зыны йæ кæрон. Иутæ фæвæййынц, иннæтæ райдайынц. Уыдон фæвæййынц, æндæртæ сын бацахсынц сæ бынат.

*Ахуысс уал, мæ лæппу, ахуысс уал, мæ уарзон,*
*Цалынмæ нæ зоныс, фыдбылыз, фыдæбон.*
*Сидзæрæй баззадтæ дæ чысыл рæстæгыл,*
*Сидзæрæй баззадтæ дæ мæгуыр мады ‘вджид!..*

Афтæ адæмон зарæджы аивадон амал – алыхуызон фæлхатæнтæ бæрзонддæр æмæ рæсугъддæр кæнынц кадæджы æвзаг.

Ахæм цæвиттонтæ ирон поэты сфæлдыстадæй цъус нæй æрхæссæн. Фæлæ фольклорæй Алыксандрæн куыд бантыст спайда кæнын, афтæ – никæмæн.

Æвæдза, мацы зон кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы историйæ, афтæмæй фехъус, ома, Къубалты Алыксандр ацы кАдæг йæхæдæг нæ ныффыста, уæд адæймаджы ацы ныхас æцæг бауырндзæнис, кадæджы арæзт, æвзаг æмæ ритм адæмон кæй сты, уымæ гæсгæ. Æркæс кадæджы историмæ, Алыксандры, стæй Бибойы æмæ кадæг Бибойы æрымысгæ чи хонынц, уыдон биографитæм, уæд дæ хъуыды æнæмæнг фæивдзынæ æмæ зæгъдзынæ фидарæй: «Нæ, кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ» Зыгъуыдтаты Бибойы ‘рымысгæ нæу, Къубалты Алыксандрæн йæхи хъуыдыйы сфыхт, йæхи удæй ратагъд нæ адæмы фарнæн!

1968,
æртхъирæны мæйы 6-æм бон

# II

## КЪОСТАЙЫ АМЫНД ФÆНДАГЫЛ

Ирон адæмон сфæлдыстад, æвæджиаг «Нарты кадджытæ», зæдты кафт «Сидт» чи сфæлдыста, нæ Иры зæххы уыцы куырыхон адæймæгтæ, стыр курдиæттæ æмæ бæгъатыртæ дæттынил чъынды никуы уыдис æмæ нæу. О, фæлæ хуыздæрты æхсæн дæр ис хуыздæр равзарæн æмæ фыдæлтæй фæстæмæ не 'фхæрд, не ссæст, хæстдзагъд æмæ хæствæллад адæмы рис, сæ цин æмæ сæ бæллицтæ, æмткæй Ирыстоны уæззау хъуысмæт алыфарсонæй йæ зæрдæмæ чи айста, чи йыл ныссагъæс кодта, йæ цыбыр, фæлæ бæллиццаг царды йæ сæрхъызой чи сси, аив литературæйы фæрцы йæ иууыл рæсугъд æмæ зæрдæрисгæдæрæй чи равдыста, уый уыд поэт æмæ прозаик, драматург æмæ публицист, нывгæнæг æмæ революцион демократ Хетæгкаты Леуаны фырт Къоста.

Къоста райгуырдис 140 азы размæ, ныртæккæ æппæт ирон адæмæн кувæндонау æвæджиаг чи сси, уыцы хæххон хъæу Нары.

Æниу, Ирыстоны кæмдæриддæр бæрзонд æмæ рæсугъд бынæттæ ис, се 'ппæт дæр зæдбадæнтæ æмæ кувæндæттæ сты, адæм сæм фæцæуынц афæдзы кæцыфæнды афоны дæр, фæлæ Къостайы гуырæнбон æрвыл аз нæ поэтæн табу кæныны тыххæй Нармæ цас адæм æрæмбырд вæййынц, иунæг дзуары бынмæ дæр Иры зæххыл иумæ уый бæрц æрцæугæ ничи-ма федта.

Уый афтæ хъуымæ уа.

Йæ адæмы рис, йæ Фыдыбæстæйы рис йæ уды рис хуымæтæджы не сси.

Йæ хъысмæтæй йæ фыдæбон, тухиаджы амонд кæй фæцис, уый йæ уд банкъардта, йæхи куынæма зыдта, уæд – йæ мад Гуыбаты Мариайæ хæнт æнахъом сабийæ баззад си-

дзæрæй. Хъомыл кæнынмæ йæ ахаста сæ сыхæгты хæлар-зæрдæ ус Чендзе.

Уый тыххæй Къоста фæстæдæр йæ автобиографион ка-дæг «Чи дæ?» – йы фыста:

*Мæн иу ус фæхаста…*
*Сывæллон ахуыр,*
*Йæ дзидзи нæ ласта*
*Мæ дзыхæй, мæгуыр.*

Фæлæ сидзæрæн йæ ном йæ уæлæ ис. Иунæг уыцы ном дæр йæ уæхсджыныл æрæнцайы, зылынбаст аргъомау, æмæ Ирыстоны стыр поэт æмæ сæрхъызой æнахъмæй райдыдта æвзарын фыдцарды маст æмæ тухитæ.

Æниу, йæ бон цыма уыдис, хъысмæты уыцы гаккæй йæхи атонын. Йæ фыды фæндыл куы ацыдаид, алы ироны дæр йæ фыртæн цы фæндыд – афицер суæвын, уыцы фæн-дагыл куы ныллæууыдаид, уæд цыфæнды æгуыдзæг пъа-гонджынæн дæр уыцы заманы йæ фидæныл фæлм нæ бадт.

Фæлæ Къоста Къоста уымæн уыд æмæ у, йæхи уды рис Ирыстоны рисæй уæлдæр кæй никуы æвæрдта, йæхи йæ Фыдыбæсты иу хайыл кæй нымадта. 1885-æм азы Петыр-бухæй, æфхæрд, рыстзæрдæйæ куы сæздæхт æмæ куы акаст йæ алыварс, уæд уымæн ныдздзынæзта: «Мæхицæй фыд-дæр, мæгуырæй куы ссардтон дæу дæр, мæ уарзон, мæ иу-бæстон адæм!..»

Йæ фæстаг ныфсмæ йæхи амонды тыххæй нæ, фæлæ йæ адæмы тыххæй скуывта:

*Гъе, Уастырджи, ракæс, цæмæй*
*Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!..*

Æнæ йæ адæм, æнæ йæ Фыдыбæстæ нæ уыдта йæ амонд.

Иугай чи ныввæйы, уыдонæн фыдызнаг мард нал фæ-уадзы, сæ хуымтæ сын байсы, стырæй, чысылæй сæ уистæй фæнæмы, æнусты æфсымæртæ кæмæй арæзтам, цыфыддæр тохты нæ удтæ кæй сæрыл хастам, нæ уыцы фыдбоны сыхæгтау.

Уымæн æмæ, æрцæуæг хæддзуйæ æлдар чи кæны йæхи-цæн, уый, абон куынæ уа, уæддæр райсом бахъæудзæнис йæ туджы мæцын.

Уыдон Ирыстоны æнусон лыггæнинаг фарстытæ сты. Фæлæ не ‘взаг, нæ сæрыстырдзинад, нæ удтæ æмæ аивады хæзнаты уыйбæрц ферох кодтам, æмæ нал хатæм, иумæ нæ чи хъуамæ рамбырд кæнид, уыцы арфæйы дзырд. Уый кæмæ нæ фехъуыса, уый та йæ адæмы сæргъ никуы слæудзæнис.

Къостамæ хъуыст уыцы арфæйы дзырд. Хъуыстис æм тыхджын æмæ зæлланггæнагæй. Йæ зæрдæ йын змæлын кодта уидагмæ, Ирыстоны æгæрон уарзт дзы æрбынат кодта алыварсон æмæ æнусыкконæй. Уый тыххæй бацис йæ бон фыдæлтыккон ирон æвзаджы сусæг æвæрæнтæм ныккæсын, йæ диссаджы рæсугъддзинад ын равдисын, куыд поэзийы бæстæ, афтæ Ирыстоны дунейæн фенын кæнын.

Къоста у нæ фыццаг поэт, фæлæ у нæ аив литературæйы иууыл бæрзондæр хох.

Алы литературæйæн дæр ис йæхи бындурæвæрæг, фæлæ сæ алчи нæ баззайы йæ литературæйы иууыл бæрзондæр хохæй. Нæ литературæйы Къоста у тырысайы хуызæн – ирон литературæ куыд рæзы, бæрзондæр куыд цæуы, афтæ тырыса дæр исы уæлæмæ.

Уыцы æнтыст йæ къухы бафтыд, Ирыстоны рис йæ рис кæй сси, йæ зæрдæ Ирыстоны сагъæсты хуым кæй фестад, уый тыххæй.

Абайты Васо тынг раст загъта: «Народы с гордостью произносят имена людей, в которых с наибольшей полнотой и блеском раскрылся их национальный гений. Англичанин говорит – Шекспир. Шотландец говорит – Бернс. Немец говорит – Гете. Итальянец говорит – Данте. Русский говорит – Пушкин.

Мы, осетины, говорим – Коста, и душа наша наполняется гордостью и трепетной любовью». Фæлæ англисагæн – Шекспир, шотландиагæн – Бернс, немыцагæн – Гете, италиагæн – Данте, уырыссагæн Пушкин куыд у, нæ иронæн Къоста лæууы ноджы бæрзонддæр. Къоста махæн

æрмæст поэт æмæ сæрхъызой нæу, фæлæ у нæ фарн, нæ намыс æмæ йын нæй æндæрæй баивæн.

Цæмæй Ирыстон йе ‘нусон фыдæй фервæза: æрцæуæг хæддзуйæ æлдар мауал кæнæм, иугай ма уæм æмæ дæлбынты фароны хæтæлтæ мауал уидзæм, нæхицæн сæрфат скæнæм, нæ Фыдыбæстæ, нæ адæмы хъысмæт нæхæдæг скъуыддзаг кæнæм, уый тыххæй Къоста йæхæдæг дæр йæ хуымгæнды хайæн йæ дзыллæйы зæрдæ равзæрста. Кæд дзывыр цыргъ æмæ æрттиваг æфсæн у, кæд хуымон фæлдæхт дысæй архайы, уæддæр нæ адæмы зæрдæ афтæ ныддур, æмæ къæрттæй-цъула нал æппары, афтæмæй нæ рухс фидæн нæ къухы ис, æрмæст хъæуы Къостайы амынд фæндагыл цæуын:

*Цæйут, æфсымæртау,*
*Раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ,*
*Иры лæппутæ!*
*Скæнæм нæ тырыса*
*Дзыллæйы номæй.*

Уый у Ирыстоны рис, уый у Къостайы рис. Æндæр фæндаг, æндæр фидæн Ирыстонæн нæй.

*Уый у Ирыстоны сиуы фæндаг!*
*Уый у Къостайы амынд фæндаг!*

1999

## ЗАРÆГ ФЕСКЪУЫД ÆРДÆГЫЛ

***Федерико Гарсиа Лоркайы райгуырдыл сæххæст 80 азы***

Уый уыдис 1936 азы сæрды кæрон Гранадæйæ цалдæр километры æддæдæр. Фашисттæ дыууæ торере æмæ иу ахуыргæнæгимæ фехстой Испанийы поэзийы булæмаргъ, испайнаг гениалон поэт Федерико Гарсиа Лоркайы. Систой йæ милмæ æмæ сæ фындзты бынты хъырныдтой сабыр, æхцонзæл зарæг, цыма дуры бынæй цæссыджы хуызæн суадон сыр-сыр кодта.

Зарыдысты фашисттæ æмæ топы дзыхтæ дардтой, сæ зæрдæтæн афтæ æхцон чи уыд, уыцы зарæджы мад Гарсиа Лоркамæ.

Йæ мæлæты хæдзармæ зарыд Лорка дæр йе знæт цæстæнгас, йæ тынг нуæртты змæлд, йæ тугдадзинты йе 'взонг туджы тагъд-тагъд дзæхст-дзæхстæй. Йе уæнгты хæлбурцъ кодта поэзийы арт, рæдывта æддæмæ. Фæлæ фашисттæ сæ къуымых зондæй нæ зыдтой, уый, се уæнгты мады 'хсырау цы зарæг хъары, уый авторы уд кæй скъуынынц æдзардæй.

Æмæ сабыр уæлдæфы алæрыд топы гæрæх. Зарæг фескъуыд æрдæгыл.

Æмæ фæстæдæр уырыссаг поэт Николай Асеев зæрдææрхæмæй ныффысдзæнис зæрдæмæхъарæг æмдзæвгæ «Песнь о Гарсиа Лорке»:

*Почему же ты, Испания,*
*в небо смотрела,*
*когда Гарсиа Лорку*
*увели для расстрела?*
*Андалузия ж знала,*
*и Валенсия знала, –*
*Что ж земля,*
*под ногами убийц не стонала?!*

*Что ж вы руки скрестили*
*и губы вы сжали,*
*когда песню родную*
*на смерть провожали?!*
*Увели не к стене его,*
*не на площадь, –*
*увели, обманув,*
*к апельсиновой роще.*

Æмдзæвгæ рæзы, æмæ йемæ, фæндыры тæнтау, дыз-дыз кæнынц адæймаджы зæрдæйы нуырттæ:

*Шел он гордо,*
*срывая в пути апельсины*
*и бросая с размаху*
*в пруды и трясины;*
*те плоды*
*под луною*
*в воду золотели*
*и на дно не спускались,*
*и тонуть не хотели.*
*Будто с неба срывал*
*и кидал он планеты, –*
*так всегда перед смертью*
*поступают поэты.*
*Не пруды высыхали,*
*и плоды увядали,*
*и следы от походки его*
*пропадали.*

Æмæ цыма уацмыс æмæ поэты трагикон кæрон йæ къахвæдты фесæфтыл нæ фæуд кæны… Сайд адæмы уды трагеди стырдæр кæны поэты трагеди:

*А жандармы сидели,*
*лимонад попивая*
*и слева его песен*
*про себе напевая.*

Аивад бакæны йæхион – ныддæрæн ласы дурсæр лæгмарты. Стыр, амондсыгъд поэт æмæ уацмысы, уыдонимæ йæ авторы дæр, сыскъæфы арвы цъæхмæ – Хуыцауы цъупмæ.

Чизоны, исчи йæ схоны рæсугъд легендæ. Фæлæ дзы айдæнау ирдæй зыны Лоркайы стыр курдиат, йæ аивады стыр тых. Йе знæгтæ йын кæд йæхи физикон æгъдауæй куынæг кодтой, уæддæр сæ бон нæ бацис сæ зæрдæтæй гениалон поэты зарæг стонын.

Æмæ уыцы хъуыддаг поэт цыма йæ царды хатыд æппынæдзух. Цыма йæ хъысмæт зыдта развæлгъау:

*Если смерть – это смерть,*
*что станет с поэтом бездомным*
*и с вещами, которые спят*
*оттого, что никто их не вспомнит?*
*О Солнце, солнце надежд!*
*Воды прозрачность и ясность!*
*Сердца детей! Новолунье!*
*Души камней безгласных!*
*Сегодня чувствую в сердце*
*неясную дрожь созвездий.*
*Сегодня все розы белы,*
*как горе мое, как возмездье.*

Федерико Гарсиа Лорка райгуырдис 1898-æм азы хурхæтæны мæйы 5-æм бон Гренадæмæ хæстæг хъæу Фуэнте-Вакеросы. Æмæ фæстæдæр ныффыста: «Мæ сабибонтæ – хъæу æмæ тыгъд быдыр. Фыййæуттæ, æгæрон арв, адæмæй иппæрд ран».

Æмæ æппæт уыдон поэты йæ сабибонтæй ахуыр кодтой хи сæрæй хъуыды кæныныл. Йæ зæрдæйы æвзæрдысты цыдæр æнахуыр сагъæстæ. Æмæ фæстæдæр сæ фæд ныууагътой йæ поэзийы.

Æцæг, дыууыназдзыд поэтæн рухсмæ фыццаг фæзындис йæ очеркты чиныг «Æнкъарæнтæ æмæ пейзажтæ», фæлæ йæ хæдфæстæ 1921-æм азы мыхуыры рацыд йе ‘мдзæвгæты æмбырдгонд «Æмдзæвгæты чиныг».

Æниу, æмдзæвгæтæ бирæ раздæры фыст сты. Æмæ æрмæст уыцы чиныг нæ, йе ‘мдзæвгæтæй-иу бирæтæ, стæй йе

‘мдзæвгæты чингуытæй дæр, сæ ныффыссынæй мыхуыры фæзындисты дæс, фынддæс азы фæстæ, кæнæ та ноджы фæстæдæр.

Лорка уыцы хабар йæхæдæг куыд æмбарын кодта, афтæмæй-иу æм йе ‘мдзæвгæтæ мыхуырæй кастысты мæрдты хуызæн, ома, тæлфгæ нал кæнынц, ныр гæххæтмæ хуыд сты.

1921-æм азы Лорка ацыд Мадридмæ. Фæлæ аивадæй иппæрдæй никуы зад. Кæд йæ фыццаг æмдзæвгæты фылдæры йæ тыхтæ æвзæрста, фæзындис-иу ыл æндæр поэтты æндæвдад, уæд йæ ног чингуытæ «Æмдзæвгæтæ…» æмæ «Зарджытæ»-йы сфидар йæхи хъæлæс, фольклоры йæ уидæгтæ ауагъта арфдæр. Уый фольклоры нымадта аивады æнцойгæнæныл.

Ацы чингуытыл кусгæйæ, Лорка фыссы «Цигайнаг романсеро» дæр. Стæй йын кæд 1921-æм азы Мадриды театр «Эслова» цы пьесæ сæвæрдта /уый сценæйыл уыд йæ фыццаг уацмыс/, уымæн æнтыст нæ уыд, уæддæр дарддæр драматургийы жанры куыста æвæллайгæйæ. 1922-æм азы Куклæты театрæн ныффыста чысыл пьесæ, 1923-æм азы та æмдзæвгæтæй фыссын райдыдта историон драмæ «Мариана Пинеда».

Уацмысы æвдыст цæуы гранадæйаг адæмон хъайтар Марианайы хъысмæт, æмæ йæ дыууæ азы дæргъы кæд иунæг театр дæр не ‘вæрдта, уæддæр ын 1927-æм азы Барселонæйы уыд премьерæ æмæ расайдта политикон манифестаци.

Дыккаг аз мыхуыры фæзындис йæ чиныг «Цигайнаг романсеро». Уый уыд поэты иууыл уарзондæр чиныг. Лоркайы романсы жанр рагæй æлвæста йæхимæ. Уый бæрæг уыд йæ фыццаг чингуытæй дæр, æмæ ацы чиныг фыста бирæ рæстæджы дæргъы. Æвæццæгæн, йæ зæрдæйæн афтæ æхцон дæр уый тыххæй фæци.

Гениалон поэтæн йæ царды, стæй йæ уацмысты бирæ уыд æнæнхъæлæджы цаутæ, ныхмæвæрдтытæ. Афтæ уыд 1929-æм АИШ-мæ йæ балц дæр. Фæндыдис æй йæ алыварс дунейæ фæиппæрд уæвын. Уый æнæнхъæлæджы уыд йæ хæлæрттæн, стæй йæхицæн дæр. Уырдыгæй ацыд Кубæмæ, стæй 1930-æм азы фæстæмæ æрыздæхт Испанимæ. Фæлæ йæ балц хуымæтæджы нæ фæци. Америкæйы ныффыста

дыууæ пьесæйы – «Публикæ» æмæ «Куы рацæуа фондз азы». Уым ныффыста йе 'мдзæвгæты чиныг «Поэт Нью-Йорчы» дæр.

Чиныг бацæттæ кодта мыхуырмæ, фæлæ йæ удæгасæй уæддæр нæ федта рухс. Мыхуыры рацыд фыццаг хатт 1940-æм азы Мексикæйы.

Чиныг арæзт у дæс циклæй, фæлæ дзы алы деталæн дæр ис стыр нысаниуæг. Циклтæ кæнæ кæрæдзи феххæст кæнынц, кæнæ та вæййынц кæрæдзийы ныхмæ, кæнæ чиныджы сæйраг темæ цæхгæр фескъуыынынц, кæнæ та йæ дард-дæр фæкæнынц. Уыцы темæйы кульминаци ис цикл «Мæлæтмæ бацæуæн»-ы. Циклы ном у йæ темæйыл дзурæг.

Ацы чиныджы схонæн ис дыууæ дуне – капиталистон стыр горæт – Нью-Йорк æмæ, Лоркайы фыццаг чингуыты цы дуне цæуы æвдыст, уыдон тохы фæстиуæг. 1931-æм азы хуымæтæджы нæ загъта поэт: «Гренадæ» мæ сахуыр кодта, æфхæрд  чи æййафы: цигантæ, негртæ, дзуттæгтæ, маврты фарс хæцын, уымæн æмæ махæй алчи дæр кæмдæр-кæмдæр судзы уыцы арты».

Лоркæ фæд-фæдыл ныффыста дыууæ трагедийы «Тугахуырст чындзæхсæв» æмæ «Йерма». Йæ фæндмæ гæсгæ уыдон уыдысты трилогийы фыццаг дыууæ трагедийы. Æртыккаг хъуамæ уыдаид «Лоты чызджытæ», фæлæ йын йæ ныффыссын нал бантыст.

Æмæ æрмæст уый нæ, гениалон поэты бирæ плантæ фескъуыдтой фашисттæ. Йæ кард дæр æмæ йæ зарæг дæр аскъуыдысты æрдæгыл, фæлæ йын цы бантыст, уый афтæ тыхджын у, æмæ æгæрыстæмæй, йе знæгтæн дæр нæу сæ бон, ма сæ кæсой, ма сæ зарой æппынæдзух.

Лоркайы сфæлдыстад рагæй æвзæрын кæны ирон чиныгкæсæгмæ цымыдис. Нæ поэттæ йын йæхиуыл дæр бирæ фæфыстой æмдзæвгæтæ. Йе сфæлдыстад кæд æнæхъæнæй ивд нæу ирон æвзагмæ, уæддæр нæм йе 'мдзæвгæтæй бирæ ныммыхуыр æмæ, зæгъæн ис, гениалон испайнаг поэт Федерико Гарсиа Лорка ирон æвзагыл дæр дзуры.

1978

## ЦАРДИВÆНЫ ЗАРÆГГÆНÆГ

***Хъуылаты Созырыхъойы райгуырдыл сæххæст 80 азы***

Зынгæ фыссæр Хъуылаты Садуллæйы фырт Созырыхъо (Сикъо) йе 'взонджы бонты фæцис йæ адæм, йæ райгуырæн Ирыстонæн ног, сæрибар, социалистон цардхæссæг фæндагыл лæуд æмæ йыл ныфсджынæй цыд йæ амæлæты бонмæ. Æцæг ын бирæ рацæрын нæ бантыст – æдæппæт 37 азы, фæлæ, цы рацард, уый – лæджы цардæй. Йæ зæрдæйы хи уды катайæн бынат нæ уыд, йæ хъысмæт йæ адæм, йæ райгуырæн Ирыстон, йæ рæстæджы хъысмæтæй никуы схицæн кодта. Цард сæ цæрайæ, рад сæ цинып, тох кодта сæ амондыл.

Уымæн æвдисæн – йæ цыбыр, фæлæ хъæздыг биографи. Сикъо райгуырд Хуссар Ирыстоны хæххон хъæу Згъуыбиры 1900-йæм азы тъæнджы мæйы 10-æм бон. Чысыл сабийæ баззад сидзæрæй, схъомыл æй кодта йæ сидзæргæс мад Гагуылен йæ тиу, – Созырыхъо йæ йæхæдæг куыд мысыд, – æгъдауджын, хæларзæрдæ адæймаг Александры æххуысы фæрцы. Ахуыр кодта Гуры гимназы. Уым æм чингуытæ æмæ революцион хъуыдытыл хæст ахуырдзауты фæрцы фехъуыст Гæдиаты Цомахъы «Адæм»-ы хъæр, йæхи цæттæ кодта тохы зарæгмæ. Гимназæй Гуры ирон æфсæддон полкмæ дæр уый тыххæй бацыд. Полк рауагъд куы 'рцыд йæ революцион ахасты тыххæй, уæд Созырыхъо Хуссар Иры æд хæцæнгарз уымæн æрбалæууыд. Стæй – дæластæрдон революцион куыст, адæмы, сæйраджы та фæсивæды се 'фхæрджыты, сæ къласон знæгтæ – хъæздыджыты, меньшевикты ныхмæ тохмæ цæттæ кæнын, йæ революцион куысты тыххæй цыбыррæстæгон ахстытæ дыууæ хатты, куыд Сырх

Æфсады эскадроны политкусæг, афтæ Буртъустаны урс бандæты ныхмæ йæ тох... 1921-азы та Цæгат Кавказæй Бæрзæфцæгыл Сырх Æфсадимæ рахызт меньшевикты ныхмæ тохмæ. Ирыстоны Советов хицауад куы фæуæлахиз, уæд Созырыхъо кодта фæскомцæдисон куыст. Уыд нæ областы партиты комитет æмæ совпрофы уæнг, фæскомцæдисы Æппæтцæдисон V съезды делегат. 1923-æм азы йæ ГК(б)П арвыста Мæскуыйы Тимирязевы номыл Хъæууонхæдзарадон академийы экономикон факультетмæ ахуыр кæнынмæ æмæ йæ каст фæцис 1928-æм азы. Фæстæмæ æрыздæхт Ирыстонмæ æмæ куыста журнал «Фидиуæджы» редакторæй, Гуырдзыстоны КП ЦК хъæууон хæдзарады хайады инструкторæй, Фæскавказы Пролетарон фысджыты президиумы сæрдары хæдивæгæй, 1935-æм азæй 1937-æм азмæ уыд Хуссар Ирыстоны адæмон рухсады къамисар.

Фæлæ кæд Сикъо ахæм бæрнон бынæтты куыста, уæддæр йе стыр удыхъæд, йæ царды нысан сæйраджы-сæйраг зыны, цы ахсджиаг литературон куыст кодта, уым. Йæ литературон куыст поэзийы жанрæй райдыдта. Йæ уацмыстæн темæтæ агуырдта йæ адæмы царды. Йæхи цæстæй уыдта, фæллойгæнæг лæг куыд æбар æмæ гæвзыкк у, йæ иу бон иннæмæй куыд тардæр у, æмæ уый, сау мигъау, бадт æвзонг поэты зæрдæйы. Йæ фыццаг æмдзæвгæты ныфсмард, тыхсасты тæваг дæр уымæн ис:

*...Мæ цард у фыдадæн,*
*Ысрæсыд мæ маст.*
*Куы хæссын къæлæтау*
*Фыдæбоны уаргъ,*
*Фæхуыссы æнæвгъау*
*Мæ царды цырагъ.*
(«Ахæсты катай»).

Фæлæ йын йæ зæрдæйы тар мигътæ базмæлын кодтой революцийы уылæнтæ. Уыдон ын фæсырдтой йæ ныфсмард хъуыдытæ, рухс фидæны сæрыл æй растын кодтой тохмæ. Адæймаджы зæрдæйы рæстдзинады тохы

арт куы фæсудзы, уæд та йæ тыхыл æфты тых, фæцæуы бæлвырд нысанмæ. Æмæ Созырыхъойы уацмысты æрцард тохгæнæджы, революционеры удыхъæд. Поэт зæгъы:

*Фидар хъæсдарæгыл ‘хсарджын фæсивæд*
*Аразы дунейы сомбоны цард.*

Созырыхъо йæ цыбыр, йæ рæсугъд царды æппынæдзух бæллыд рухс фидæнмæ. Уый ирдæй зыны, Октябры революцийы фæстæ социалистон цардарæзтады рæстæджы цы ‘мдзæвгæтæ ныффыста, уыдоны дæр. Уыд революции аразæг, революцийы зарæггæнæг, цардивæны, ног дуджы зарæггæнæг æмæ йыл йæ зæрдæ никуы сивта. Уый амыдта йæ чиныгкæсджытæн дæр. Нартæ фыдфæстаджы бæсты æвæстаг уæвын хуыздæрыл куыд нымадтой, афтæ. Созырыхъо дæр йæ царды, стæй йе сфæлдыстады худинаджы ном хæссынæй уæлдæр нымадта кады, лæгдзинады мæлæт. Ууыл фыст сты, йæ поэзийы йæ курдиат иууыл ирддæрæй кæм разынд, йæ уыцы дыууæ кадæг «Тотырадзы зарæг» æмæ «Таймуразы зарæг».

Кадджытæ фыст сты ирон адæмон сфæлдыстадмæ гæсгæ æмæ сæ автор кад кæны царды, адæймагады иууыл бæллиццагдæр хъуыддаг – адæймаджы ном хæссынæн. Йæ хъайтартæ Тотырадз æмæ Таймураз зонынц, классон знæгтæ, æлдæрттимæ сæ авналæнтæ иу не сты, уымæн æмæ хатынц – уыдонимæ сын сабырæй цæргæйæ нæу. Хъæздыг æмæ мæгуырæн сæ фыд иумæ куы сфыцай, уæддæр сæ басæн сиу уæвæн нæй, сæ фæндаг иу нæу æмæ нæ уыдзæн.

Уыцы хъуыддаг уæлдай ирддæрæй разынд Созырыхъойы прозæйы, цардивæны зарæггæнæг йе уæнгтæ йæ зæрдæйы фæндиаг кæм айвæзта, йе ‘рдзон курдиат дидинæг кæм рафтыдта, уыцы уарзон жанры. Созырыхъойæн поэзийы цы нæ бантыст, уыцы жанры цы нæ саразта, уый цыбыр рæстæгмæ баххæст кодта прозæйæ.

Цыбыр рæстæгмæ уымæн зæгъын, æмæ йæ революцион куыст, æхсæнадон куыстæй никуы равдæлд сæрмагондæй литературон куыстмæ, уымæйдæр, прозæйы жанры куыста йæ царды фæстаг дæс азы. Фæлæ йæм царды фæлтæрд-

дзинад уый бæрц уыд, фидæнæн цы стыр хъуыддаг аразы, уый афтæ зыдта, æмæ йын æнæдызæрдыгæй ис йæ рæстæджы азфыссæг схонæн. Алкæй бон нæ бавæййы йæ дуджы зæрдæмæ ныккæсын, йæ удыхъæд ын раргом кæнын, фæлæ Созырыхъойы бон баци.

Хъуылайы фырт йæ поэзийау йæ прозæйæн дæр æрмæг уæлæрвты нæ агуырдта, фæлæ йæ иста адæмы цардæй. Фыста, йæхи цæстæй цы уыдта, уыдон. Уыимæ цардмæ каст бæлццоны нæ, фæлæ цардаразæджы цæстæй. Йæ царды хуыздæр бонтæ тæккæ цардивæн рæстæджы батыдта æмæ йæхи психологийы цы ивындзинад цыд, уый уыдта йæ адæмы зæрдæйы уаджы дæр. Не ‘ргом æм уымæн аздæхта.

Фыссæг йе сфæлдыстады ныхæй-ныхмæ æвæрдта зæронд цард æмæ ног дуг. Кæрæдзийыл сæ хус ныхæстæй нæ барста, йæ чиныгкæсджытæн тыхæй нæ уырнын кодта, мæнæ уый зæронд цард у æмæ нæ бæззы, ног цард хорз у æмæ ног цард аразут, фæлæ сын сæхицæн уынын кодта, фæллойгæнæг куыд ссæрибар хъæздыджы ‘фсондзæй, йæ уæнгтæ куыд айвæзта, ног цард куыд райста йæ къухмæ, йе ‘нтыст дæр уым уыд æмæ ис.

Кæй зæрдæмæ нæ ныххиздзысты чысайнаг Хъæлци («Фыййауы катай»), Музукк æмæ Зæли («Номылус»), Госæдайы («Идæдз ус Госæда») фæлгæнцтæ! Кæй зæрдæ нæ базмæлын кæндзысты ацы æнæазым, уæззау рæстæгæй æфхæрд удтæ? Æмæ-иу уый фыссæджы бон баци бæлвырд, ирд деталтæ ссарын æмæ фидар логикæйы фæрцы.

Сыгъдæгзæрдæ, фæллойуарзаг Хъæлци хæтыд бонджын Куыдзæджы фосы фæдыл. Æвзонг лæппу кæйдæр дзуг хъахъхъæны, цæсты гагуыйау, – рухс сæ кæны йæ зæрдæ, фæлæ йæ цардæй нæу райгонд, мæгуыры æнусон маст – хъæздыджытæм йæ социалон фыдæхдзинад бонæй-бонмæ кæны тыхджындæр æмæ йæ автор фергом кодта, лæппу йæ фысымты хæстæджыты чызг гудзареттаг Асинетимæ кæрæдзи куы бауарзтой, уæд. Хъæлци духовон æгъдауæй уыйбæрц нæма байрæзт æмæ стох кæна йæ социалон знæгты ныхмæ, йæ уарзт байса тыхæй. Уый хыгъд уал йæ бон баци йæхи Куыдзæджы фосæй атонын æмæ ацыд...

Ацыд Зæли дæр моймæ йе ‘нæуынон Хъауырбегмæ, «фыд былыз мацы уал æрцæуæд, уый йедтæмæ æз мæхи цæрду дæй баныгæндзынæн»-ы тыххæй (радзырд «Номылус»-ы), йæ рынчын фыд Музукк дæр йе ‘дыхæй ныххæцыд йæ дзыхыл. Автор, зæронд цард нывкæнгæйæ, уый кой хус ныхасæй нæ кæны – зæрдæ гуыдыр у æмæ йæ кæны аивадæй. Зæгъы нын, уыцы мастæфхæрд зæрдæтæ куы байгом уой, уæд сын сæ фыдæх ничи уал бауромдзæн. Æвдисгæ дæр ный ракодта (радзырдтæ «Тугæй æлхæд», «Иудзонгон», «Æртындæсæй иумæ», «Музейы» æмæ æндæрты), уыцы социалон фыдæхæй кæй ныггуыпп кодта Октябры революци, кæй басыгъта адæмы знæгты – хъæздыджыты.

Созырыхъо уыдис, 1920-æм азы гуырдзы ирон адæмæн цы геноцид сарæзтой уый азфыссæг. Уыцы æгъатыр, тугкалæн дуг нæм аивадон æгъдауæй Созырыхъойы хуызæн ничи равдыста.

Уыцы цардивæн рæстæг адæмы психологийыл куыд бандæвта, ног советон адæймаг куыд рæзт, йæ цард куыд арæзта, уый Созырыхъо равдыста йæ уацмысты: «Æфсæн уæйыг», «Сыгъзæрин æрзæт», «Дзуттаг Ошуахъ», æмæ æндæрты. Уыдон сæ аивад æмæ идейон нысаниугæй абон дæр сты нæ литературæйы æрттивагдæр хæзнатæй.

Созырыхъо йæ удыхъæд æмæ йæ аивадæй уыд стыр интернационалист – уарзы нæ бæстæйы æппæт адæмты, ирон æвзагмæ тæлмац кодта æфсымæрон литературæты хуыздæр уацмыстæ, æмæ кæд йæ цард йе сфæлдыстадон куысты тæккæ тæмæны аскъуыд, уæддæр йæ цыбыр царды бонтæй адæмы зæрдæты, ирон литературæйы йæхицæн скодта æнусон бынат.

1980

## ХЪУЫСЫ ЙӔ ЗАРӔГ

***Фæрнионы райгуырдыл сæххæст 70 азы***

Фæрнион Къостайы цард æмæ сфæлдыстадыл куы фæхъуыды кæнын, уæд мæ цæстыты раз сысты, тæккæ хох æмæ быдыры /хъæу æмæ горæты/ æмарæн чи ‘рзад, ахæм стыр, æнахуыр дыргъбæлас, йæ уидæгтæ ауагъта хохы айнаг фахс æмæ быдыры уымæлы. Ӕмæ диссаг уый у, уыцы дыргъбæлас мæ цæстыты раз æрвылхатт дидинæфтыдæй кæй сысты.

Уый хуымæтæджы нæу.

Нæ фыссæг райгуырд 1908-æм азы Цæгат Ирыстоны Сечеры хъæуы. Йæ ныййарджытæ – ирон зæхкусджытæ. Хъомыл кодта ирон хæдзар, ирон хъæубæсты. Уыйфæстæ – астæуккаг скъолайы Дзæуджыхъæуы. Мæскуыйы журналистикæйы институты, фæстæдæр – Карл Либкнехты номыл désinституты литературон факультеты, куыста Ирыстоны горæтты алы æмæ алы бæрнон бынæтты… Ирон æгъдæуттыл хъомылгонд, ирон æгъдæуттыл хæст лæппу куы рацыд адæмы ‘хсæнмæ, куы сæ федта, уæд æм, гъай-гъайдæр, ирон хъæуы фæстæ диссаг куыннæ хъуамæ фæкастаид горæттаг цард, ног цардæвæрд. Уæлдайдæр, уыцы заманы – дыууынæм, æртынæм азты – адæм сæ ног социалистон цардæй уæлмонц æнкъарæнтыл уыдысты, ног фæндагыл зындзинæдтæ æмæ æхцондзинæдтæ та – уыйбæрц дæр дæ куы хъæуид! Адæмы раз дæр æмæ хицауады раз дæр сагъд дурау хъен лæууыд дыууæ æнæаргъæвгæ, цыфæнды зындзинæдтæ быхсгæйæ дæр æнæмæнг æххæсткæнинаг проблемæ – ног революцион паддзахад цæсты гагуыйау хъахъхъæнын æмæ ног социалистон цард аразын.

Пролетарон фыссæгæн уыдоныл зарын, уыцы ахсджиаг паддзахадон æмæ адæмон проблемæтæ скъуыддзаг кæнын-

мæ дзыллæйы разæнгард кæнын, се уæнгты сын революцион туг æхсидын кæнынæй ахсджиагдæр хъуыддаг нæ уыд. Æмæ ирон зынгæ критик Тыбылты Алыксандр куыд загъта – «Йæ туг æхсиды Фæрнионæн, æрæнцой нæ зоны», – афтæмæй нæ фыссæгæн йæ бон нæ уыд, нæ уыдис йæ удыхъæды, ног цардаразджыты раззаг рæнхъыты ма уыдаид, ма сæм сидтаид, уый:

«Размæ,Размæ, Сырх Æфсад!» Рох дзы нæ уыд ног цардарæзтад:

*Хъусут,*
*Куыд зарынц*
*нæ колхозтæ!*
*Хъусут,*
*Куыд зарынц*
*Нæ совхозтæ,*
*Фабриктæ,*
*Заводтæ,*
*Иууыл нæ Цæдис*
*Æмткæй!*
/«Байхъусут!»/

Уыцы зарджытæ рæстæг йæхæдæг кæй домдта, уым сын адæмы ‘хсæн цы æнтыст уыдаид, уый дызæрдыггаг нæу.

Æвзонг фыссæг æмбæрста, рæстæг ног цардарæзтадимæ, литературæйы аивады архайджытæй кæй домы ног, зæлланггæнæг сфæлдыстадон уацмыстæ удæй дæр æмæ формæйæ дæр, рæстæгау æндыгъд æмæ æлвæст фатау чи уа. Æмæ ныццæлхъ кодта нырма æвæлтæрд, лæмбынæг кусинаг, фæлæ йæхи сæрмагонд хъæлæсæй. Æмæ йе ‘мдзæвгæ «Хъусыс, мæ зарæг»-ы йæхицæн ныфсытæ бæргæ æвæры: «Хъусыс, мæ зарæг, дардмæ айнæджы нынныхс», «Ма уæд куысты фау…», – фæлæ хицæн ныфсæвæрын иу у, рæстæджы аккаг уацмыстæ фæлдисын та… Уæлдайдæр, æвзонг авторæн. Æмæ хохаг æхсæрдзæны цины хæл-хæл сæфт йæ фарсмæ /уæлдайдæр, Фæрнион уыцы рæстæджы ахуыр кодта Мæскуыйы/, хохаг зæйау, размæ нæргæ æфсæрæг стыр æмæ тыхджын хъæлæсы. Уый уыдис йæ дуджы иууыл стырдæр поэтикон

азфыссæг, æгæрон æрдзон курдиат æмæ æнæфæтасгæ хъаруйы хицау, стыр советон поэт Маяковскийы хъæлæс.

Фæлæ Фæрнионы уацмысты ахадындзинад йæ райгуырæн Ирыстоны уымæй, мыййаг, къаддæр нæ кодта. Рæзгæ курдиатджын поэтæй ирон литературæ æмæ ирон адæм сæ сины сæртыл хæцыдысты æмæ хæцынц /æз, йæхи лыскъзæрдæ, ницæйаг хъуыддæгты тыххæй, фыссæгыл цъыф калæн чи кодта, уыдон кой нæ кæнын/. Гъай-гъайтар йе 'цæг хъæлæс, йæ аивады тых ссардтаид йæхи сæрмагонд уæрæх фæндаг. Уыдис æм уыцы курдиат, уыйбæрц хъару, æппынæдзух ног фæндæгтæ агуырдта.

Йæ зæрдæ, Алыксандры загъдау, фæцис дыууæ дихы – ног цардарæзтадыл зарынимæ иумæ йæ зæрдæ æхсайдта æндæр ранмæ – йæ рагбонты цин æмæ йæм маст сидзæртау кæм æнхъæлмæ кастысты:

*Рæгътæн сæ рæбын ныттымбыл*
*Талынг, чысыл хъæу Сечер.*
*Хъæуæн йæ разы стыр был, –*
*Хъуысы Æрæфы чыр-чыр.*
*Диссаг дæ диссаг, мæ зæрдæ,*
*Рох дæр нæ кæныс нæ хъæу!*
*Федтон Уырыс дæр... æндæртæ:*
*Иу дæр дзы уый хуызæн нæу.*
/«Рох мæ нæ кæны»/

Уым зынд Фæрнион-поэтæн йæ тых. Зæрдæйæ, удæй цы сыгъдæг хъæууон туг æмæ æнæрцæфдзинад рахаста, йæ поэзийы дидинджытæ уым радтаиккой хæрзад дыргъ. Афтæмæй та нæ критиктæ йæ разы æрлæууыдысты дзæккортимæ æмæ йын хостой йæ ных, нæ йæ уагътой йæхи фæндагыл.

Фæлæ Тыбылты Алыксандр раст бахахх кодта: «Къоста ахæм фысджытæй нæу, йæ рæзынæй чи фæлæууа», – æмæ нымæт нæмынæй бæзджындæр куыд кæны, афтæ Фæрнионы курдиат дæр йæ «критикты» фыддæрадæн кодта арфæйарфдæр, алыварсонæй-алыварсондæр.

Ныфсджын æмæ хъæздыгæй бахызт прозæйы галуаны дуырæй. Йæ роман – фыццаг ирон роман «Уады унæр»-æн

/мыхуыр ӕрцыд йӕ фыццаг чиныг, дыууаг чиныг ӕмӕ ирон адӕмон хъайтар Дзӕрӕхохты Хадзы-Муратыл йӕ уацау «Хъӕбатыр цӕргӕс» нал разындысты, 1937-ӕм азы йӕ куы 'рцахстой, уӕд/ абон дӕр ирон литературӕйы ис йӕхи сӕрмагонд бынат.

Автор прозӕйы йӕ тыхтӕ нырма ногӕй кӕй ӕвзӕрста, нырма ӕвзонг кӕй уыд, царды фӕлтӕрддзинад ӕм фаг кӕй нӕ уыдис, уый аххосӕй йын романы хицӕн бынӕттӕ кӕд ахсӕдинагӕй, балӕгъзытӕкӕнинагӕй баззадысты, уӕддӕр уацмыс йӕ композицион арӕзтӕй, йӕ дуджы проблематикӕ, йӕ хъайтарты характертӕ ӕмӕ йе 'взагӕй чиныгкӕсджыты йӕхимӕ 'лвасы ӕмӕ сӕ ӕлвасдзӕнис бирӕ рӕстӕджы дӕргъы.

Романы сӕйраг хъайтар, сӕрибаруарзаг, ӕнӕрцӕф Цӕрай ӕмӕ йе 'мбӕлттӕ, стӕй Цӕрайы 'мкъай Мисурӕты фӕлгонцтӕ автор афтӕ уарзгӕйӕ ныв кӕны, ӕмӕ йӕ хъайтартӕм ахӕм уӕздан уӕвын, афтӕ арӕхстгай сыл дзурын йӕ бон ӕрмӕстдӕр ӕцӕг курдиатджын фыссӕгӕн бауыдзӕнис. Афтӕ аив ма ныв кӕны романы архайды рӕстӕг – фыццаг дунеон хӕсты агъоммӕйы ирон хъӕууон цард дӕр.

Уыдон Фӕрнионы къухы фыццаджыдӕр бафтыдысты, йӕ роман, хорз кӕй зыдта, йӕ зӕрдӕйы арф чи тӕлфыд, уыцы ирон хъӕууон цардыл, ирон таурӕгъон традицийыл кӕй снывӕзта, уый фӕрцы.

Фӕлӕ уыцы хорздзинӕдтӕ Фӕрнион Къостайы знӕгтӕ нӕ уыдтой, Тыбылы фырт сӕ мӕнгӕй нӕ загъта: «Иуӕйиутӕ комкоммӕ аныхъуырынмӕ хъавынц Къостайы, сӕ бон ын куы бацӕуид, уӕд ын йӕ хурхмӕ кард ныддариккой». Ӕмӕ сын кӕд ӕмбарын кодта поэты сфӕлдыстадон хиӕдтӕ, йӕ нысаниуӕг, кӕд сӕ фӕдзӕхста: «Хъуамӕ афтӕ ма бакӕнӕм, гермайнаг ӕмбисондау, найгӕнайын чъизи донимӕ сывӕллоны дӕр ма аппарӕм», – уӕддӕр ирон курдиаджын фыссӕг Фӕрнионы знӕгтӕн фӕцис рӕзгӕ курдиат ӕрдӕгыл аскъуыныны фадат ӕмӕ йӕ иувӕрсты нӕ ахызтысты. Рӕзгӕ дидинӕфтауӕг бӕлӕсӕн йӕ дыргъмӕ нал банхъӕлмӕ кастысты, йӕ зӕнг ын ныллыг кодта бындзарыл, фӕлӕ йӕ уидӕгтӕ баззадысты зӕххы, Иры зӕххы, цардхъом таутӕ суагътой… Уыцы таутӕ сты

Фæрнионы уацмыстæ. Æмæ дзы абоны бон кæй нæма ссардтам, уыдон кой нал кæнын, фæлæ йе ‘мдзæвгæтæй дæр, сæ авторы поэтикон фæндагыл быдуронæй чи дзурынц, уыдонæй бирæтимæ, кæд поэты мæлæтæй уыйбæрц рæстæг рацыд, уæддæр ныры ирон чиныгкæсæг зонгæ нæу. Уымæй нæ Фæрнион æмæ ирон литературæйы раз, уæлдайдæр, фыссæджы юбилейы, хæсджын у алчи дæр. Уымæн æмæ нæ абоны ирон литературæййæ поэтæн хъуысы йæ зарæг – барджын, знæт æмæ ныфсджын.

1978

## АДÆЙМАДЖЫ КАДÆН

***Цæрукъаты Алыксандры райгуырдыл сæххæст 60 азы***

*...о адæймаг, дæ кадæн*
*Фæнды милуан азты цæрон, –*
*Дæ зонд, дæ  зæрдæйы тыгъдадæн*
*Æз никуы ссардзынæн кæрон!*

Цæмæй адæмаг, уæлдайдæр, поэт царды рæстдзинадæн йæ зæрдæйы арфы ахæм æмбæлон аргъ скæна æмæ йæ адæмы æхсæнмæ, – тыхкæнгæ уæздандзинад, йæ хъустæй ласгæ хуымæтæгдзинад æвдисгæ нæ, фæлæ йæ зæрдæ, армы хæссæгау, – адæмы размæ афтæ æргомæй рахæсса, уымæн хъæуынц стыр æрдзон курдиат æмæ сыгъдæг зæрдæ.

Æмæ кæд Ирыстоны æрдхæрæны рæсугъд æрдз нæ поэттæй искæмæн аив дзырды курдиат схæлар кодта рæдаузæрдæйæ, уæд уыдонæй иу у Цæрукъайы-фырт.

Алыксандр ирон поэзимæ æрбацыд Фыдæбæстæйон хæсты агъоммæ æмæ йемæ æрбахаста поэзийы ног кому-лæфт. Поэт кæсы æрдзмæ, цардмæ æмæ дзы уыны, хуымæтæджы адæймаджы цæст кæуыл не схæца, ахæм нывтæ æмæ фæлгонцтæ. Ауадзы сæ йæ зæрдæйы джиппы æмæ чиныгкæсджыты размæ цыфæнды аивадон уацмыс ма рахæссæд – æмдзæвгæ, лирикон-философон поэмæ, радзырд – иу стæмтæй фæстæмæ йæ алы дзырд – уырзæй æвзарæгау, йæ хъуыдыйад – зырнæй зылдау. Нытътъæппæввонг дæр ын уымæн вæййынц: дзырдтæн – уынгæг, хъуыдытæн – уæрæх. Фæлæ – зæххон, æрвылбонон царды ныл чи ‘мбæлынц, ахæмтæ. Афтæмæй нын æй поэт нæ размæ куы рахæссы, уæд нæм афтæ фæкæсы, цыма йæ фыццаг хатт федтам, фыццаг хатт æй хъусæм.

Поэтæн, «гæныстоны ныфтæгау», йæ уд йæ хъуырмæ куы ссæуы хатгай, уæд «Сæр байдайы дзæгъæлтæ. Æрбады цæстыл Сатæгсау мылаз», ныццуды дзой-дзойгæнгæ, йæ къæхты бын нал фæары зæхх, «Цыма æддæг-мидæг фæвæй-йынц нæ тар хъæдтæ, нæ хæхтæ. Цыдæр æрбавæййынц æваст. Нынкъуысы арв», æмæ цыма бæсты сæфт, хъаймæт ралæууы – лирикон хъайтар бахауы сау хъуырдухæн, сау дæлимоны ахæсты, йæ дæлгæнд сагъæстæ, йæ пæр-пæраг бæллицтæ дæр фестынц йæ уæнгæл, афтæмæй поэт рухсмæ рахæссы йæ уды риссагдæр зæгъинæгтæ:

*О, зæххы фарн,*
*Æфсæстгуыбын мæ ма скæ –*
*Мæн ма фæцух кæн*
*Æмыс æмæ хуырхæй,*
*Кæрдзын æмæ дзылакъуыйæ –*
*Кæйдæр æххормаг нал зондзынæн уæд!..*
*Мæ зæрдæйы мын мулчы саси*
*Ма, ма скæнæд хуынчъытæ –*
*Уæд баззадтæн æнæхуыссæг æхсæв,*
*Тæнтæхаудæй уæд баззадтæн æз бон…*
/«Мæ кувæндоны къæсæрыл»/

Хъæздыг æмæ мæгуырæн сæ фыд иумæ куы сфыцай, уæддæр сæ бас не схæццæ уыдзæнис. Мæгуыры рис чи не ‘мбары, уый бон никуы уыдзæнис цард бамбарын. Алыксандры лирикон хъайтар тæрсы, – æцæг адæймагон-адæймаг уымæй хъуамæ тæрса, уымæй, – хи цардæй разы уæвынæй, æнцойдзинадæй. Раст цыма Лев Толстойы сагъæс бацард йæ уды: «Вечная тревога, труд, борьба, лишения – это необходимые условия, из которых не должен сметь думать выйти хоть на секунду ни один человек… Чтобы жить честно, надо рваться, путаться, биться, ошибаться, начинать и бросать, и опять начинать, и опять бросать, и вечно бороться и лишаться. А спокойствие – душевная подлость».

Фæрнджын адæмаг уæдæнцоймæ нæ, адæмы фарнмæ бæллы. Алыксандры лирикон хъайтар зæрдæхцонæн уымæн хаты зæххы фарнмæ:

*Æнæмæт-иу мæ ма скæ –*
*Æвзæр хайуанæй суыдзынæн фыддæр –*
*Куынæ уал хъара искæй рис мæ риумæ.*
*Мæхи хъыгтыл дæр сисдзынæн мæ къух…*
*Æмбæрст рагъ-иу мæ ма скæ:*
*Кæйдæр бæгънæгыл æз*
*Кæндзынæн æлгъ,*
*Мæ кæддæры хæцъил дзабыр,*
*Мæ цъолоби хæлаф*
*Кæудзысты ивгъуыдæй мæныл…*

Поэты бæллиц сты «рæстдзинад æмæ адæймаджы ‘ууæнк». Уыдон куынæ æрцæуой зæххыл, кæрдæгæй арæхдæр куынæ уой, зæрдæтæм куынæ хизой æмæ цæстыты куынæ æвæрой сæ рухс, уæд цард галиумæ зилы, адæймаг цæмæй тæрсы, уый йæ æййафы. Поэт æрттæтыгъдæй уымæн лæгъстæ кæны бонты фарнмæ, тæрсгæ-ризгæйæ уымæн дзуры:

*О, мауал бахъæуæд*
*Рæстаг лæджы тыхмард ныккæнын,*
*Гъестæй йæ бирæ-бирæ азты фæстæ,*
*Куы феста сау сыджыт,*
*Æрæджиау йе сраст кæнын уæд!*
*Ды макуыуал æруадз,*
*Лæгмар æнæтæрхонæй бада, уый!*
*Ды макуыуал æруадз,*
*Лæгмар*
*Æндæртæн лыг кæна сæ хъысмæт!*

Фæлæ лæгмар алы хатт дæр фæтырны йæ амæттæгты сæры къуыдыртыл бæрзондæй-бæрзонддæрмæ хизынмæ, цæмæй йæ уæцъæф едзагæй-едзагдæр кæна æнæазым адæмы тугæй, æмæ йæ ныхмæ тохы поэт йæ адзыл куы ара, уæддæр ын нæ вæййы фæстæ фæлæууæн. Кæд, размæ йæ чи нæ фæуадзынц, йæ ных ын мысалгъæй чи тъупп кæнынц, уыдон къухæй фылдæр хатт сæрысæфт ссары, уæддæр ын

фæстæ фæлæууæн нæ вæййы. Фæлмæн, зилгæ къæлæтджынты рæмпæггæнæг бынатылæгтæ, чиныджы кой чи кæнынц, фæлæ иу рæнхъ дæр кæмæй никуы бакастысты, сæ уыцы тула-мула зæвæтстъæрджытæй куы феппæлынц, тæфкалгæ сæ æцæг аивады кусджыты сæртыл куы фæтъæпп кæнынц, уæд æцæг поэттæ сæ адæмы мæстæй тъæппытæ фæхауынц.

Алыксандр ацы лирикон кадæг куы ныффыста, – йæхæдæг æй æмдзæвгæ хоны, – уæд дæр ахæм куыйты дуг уыдис, фæлæ поэт йæ кувæндоны къæсæрыл лæугæйæ, нæ фæтарст. Йæ зонд, йæ зæрдæйы, фæсарвæрттывд, фæсуадтымыгъ, «фæсхъизæмар, фæсудхар», йæ зонгуытыл лæугæйæ, дзагъырдзæстæй кæсы æбæрæг тыхмæ, куры, цæмæй йæ адæмæн фæстæмæ раздаха, удхор, кадхортæ сæ цы Фарн фæистой, фæдавтой æмæ давынц, уый.

Поэт йæ уацмысæн цы формæ ссардта, уый фæрцы йæ бон бацис йæ адæмы зæрдæ æмæ йæ дуджы æцæг цæсгом равдисын. Алыксандр æрмæст ацы иу уацмысы куыд равдыста, адæймаджы æрдз цæй тыххæй радта æмæ иу стæмтæй дарддæр иннæтæ сæ хъиутæ фыддзинæдтыл куыд хæрынц, царды уыцы философон нысаниуæг æрмæст хуымæтæджы чиныгкæсджытæн нæ, литературæйы æтт-мардзæ сæрхъызойтæн дæр бирæ цæмæйдæрты у цæвиттойнаг.

«Мæ кувæндоны къæсæрыл», будау, сыгъдæг кæны адæймаджы уд, æвзæрын нæм кæны сæрибар æмæ рухс хъуыдытæ, æфтауы нæ бæрзонд æмæ рæсугъд хъуыддæгтыл.

Æрмæстдæр афтæмæй ис радтæг адæмæн лæггадгæнæн. Æрмæстдæр афтæмæй ис сфæлдисæн, дунеон аивады стыр денджызы чи нæ фæдæлдон уа, фæлæ дзы бæрæгæй чи зына, Ирыстонæн чи кад кæна, ахæм уацмыстæ.

Æмæ Алыксандрæн – хох-поэтæн, кæд ын цæрын, кусын æнцон никуы уыдис æмæ нæу, уæддæр йæ уды гуырынц ахæм стыр уацмыстæ. Уæдæ, диссаг нæу, «Гамлеты хъынцъым»-ы æфсон йæхи зæрдæйы судзаг кæй лæдæрсы рисгæ, хъыррыстгæнгæ:

*Хъадаманау мын –*
*зæхх,*

*Уæларвбæстæ –*
*æфсондз.*
*Цыдæр пъæззы мæ нал фæуадзы змæлын…*
*О дун-дуне,*
*Зындон мын дæ*
*Дзæнæты ‘фсон!..*
*О дун-дуне,*
*Дæ цъыссымы фæмæлын!*

Алыксандры поэзи, Хуыцауы комулæфт кæй сæмбæлд поэтыл, уымæн у мæйдары фæндагамонæг рухсы таджы æнгас. Зæрингуырдау зæгъон, æмæ Алыксандр йæ уацмысты арф хъуыды, алæмæтон ритмикæ, æнæнхъæлæджы рифмæтæ, адæймаджы мидпсихологи æмæ бирæ аивадон кæлæнтæ æддæг-мидæг куыд ауадзы, налхъуыт-налмасау сæ куыд сæрттивын кæны, уымæ зæрингуырд нæ, фæлæ уый рафæлдисæг дæр бахæлæг кæдзæнис.

Нæ поэты уацмыстæ раст уый тыххæй нырризын кæнынц адæймаджы зæрдæ уидагмæ. Йæ лирикон хъайтар йæхи æнахуыр хуызы куы федта йæ фыны, «дурдзавдæй мысыраг сфинксау» куы лæууыд, цыма уыд «дæлзæх æмæ уæлзæхæн хицау», афтæмæй зæхх тыхджын къæвдайы йæ быны куы лæбырд, уæд цыма ныххызт Дантейы зындонмæ. Æнусон тар æхсæвы, куынæ уал лæууынæн уыд, куынæ уал фæстæмæ здæхынæн, уæд æрцæуы диссаг: «Тæмæнтæ скалдтой къултæ цавæрдæр цæхæрæй…», «…змæлынц сау къæйты рæдзæгъдтæ!..»

Æмæ фенæм, адæймаджы зæрдæ кæмæй ныккæрзы, ахæм зæрдæхалæн æнахъинон хабар:

*Фæлдæхт дурты зыхъхъыртæй*
*рухсы цыхцыр калди…*
*Кæмæндæр дзы цыди йæ уынгæг хъæрзт,*
*йæ хуыфын.*
*О сфæлдисæг, егъау тъæпæн къæйы бын*
*Ныддæргъ, йæ удисгæйæ,*
*иу хæрз чысыл саби…*

/«Мæхи æнахуыр хуызы федтон æз мæ фыны»/

Ахæм æнæфенддаг фыдфынтæй фæлидзын кæнæ æнæраны фарстытæ дæттын нæу диссаг. Дис, Алыксандр йе стыр курдиаты æнæнхъæлæджы фæзилæнтæй куынæ спайда кодтаид, йæ лирикон хъайтары зындоны тармæ, – уадз, фыны æгъдауæй дæр, – цæмæн ныххизын кодта, уый зæгъыны тыххæй ноджы бæрзонддæр тигъмæ куынæ схызтаид, уæд ууыл кæниккам.

Фæлæ фенæм, лирикон хъайтар йе 'ппæт тыхтæй дурыл куыд схæцы сабийы фервæзын кæныны тыххæй, уый, æмæ зæрдæйы туггæ фæтæдзынц йæ рæстаг, æргом монологмæ хъусгæйæ:

*– «Æдых, бецау,*
*дæхи цæй тыххæй марыс хурхæй?*
*Ды дæ æлгъаг –*
*зæххон хилджыты цауддæр.*
*Нæ зоныс мæн, – о хъус мæм,*
*хъус мæм дарддæр –*
*Æз ацы ранмæ бацыдтæн дæ къухтæй!*

*Мæн ратыдтай кæддæр дæ зæрдæ 'мæ дæ зондæй,*
*Ныххуыдтай мын мæ дзых,*
*мæ цæстытæ ныббастай...*
*Æлвæст цонгæй*
*цæрмæстъыгъдæй æмæ зæнгсастæй,*
*Ныппæрстай мæн*
*ды ацы хуынкъмæ сонтæй.*

*Цæуыннæ рауагътай мæн хуры рухсмæ, худгæ?*
*Уæдта нæ уыд мæнæй сыгъдæгдæр æмæ растдæр!*
*Уыдтæн æз фарн уæд та зæххыл æппæтæй раздæр!*
*Уыдтæн уæд та зæгъинаг ног ныхæстæ дугтæн!»*

Сыгъдæгдæр æмæ растдæр чи вæййынц, æппæтæй раздæр фарн чи фæхæссынц, дугтæн ног ныхæстæ чи фæкæнынц, уыдон сты, сæ къæлæтджынты сæрвæлтау, паддзахиуæг

кæмæн фæкæнынц, уыцы дзыллæйы ныргæвдыныл дæр фæстæ чи нæ фæлæудзысты, уыцы хицæутты знæгтæ. Фæхатынц бынатылæгтæ, сыгъдæг æмæ раст чи сты, фарн чи хæссынц, дуггæн ног ныхæстæ чи кæнынц, уыдон куы уой, уæд царды галиу къахыл лæуд хицæуттæн нæй бынат. Æмæ аивады кусджытæн ахæм «сабиты» ныммарынц сæ зæрдæты.

Алыксандры дуджы сæ иу æмæ дыууæ нæ бадæлсыджыт сты. Уыцы хъуынджын армы уæз йæхæдæг дæр зоны. Фæлæ йæ фидарæй уырны – сыгъдæг æмæ раст чи у, фарн чи хæссы, дуггæн ног ныхæстæ зæгъинаг чи у, нæу уымæн тас адзалæй.

Егъау тъæпæн къæйы бын, йæ удисгæйæ, цы хæрз чысыл саби ныддæргъ, ууыл дæр кæд «иунæг бон сæдæ азы бæрц уыд», кæд ыл уым «иунæг аз уыд миназы æмдæргъæн», зæххы хъизæмар, йæ зын-иу ыл хылдысты, «уæларв-бæстæн йæ хъынцъым тъизгæйæ» уымæ уыд, уæддæр разындис айнæг, хохы хуызæн удвидар.

Уый царды, æнусты рæстдзинад æмæ гакк у. Никæй бон ын ницы цæуы. Йæ ныхмæ бынатылæуд быдзæутæ нæ рæстæджы бон дæр ницы у. Фæндвидарæй уымæн зæгъы:

*Æз – Прометейы туджы ‘ртах, цæссыджы суадон,*
*Æз – Истинæйы зынг, дæлимонты тыхсæттæг.*
*Хъуынамбæрзт сау къæй стондзынæй мæхæдæг,*
*Мæхи та хъуамæ абон*
*адæймагæн раттон!..*

Æмæ йын йæ марæг – лирикон хъайтар кæд, йæ зонгуытыл æрхаугæйæ, лæгъстæ кæны, цæмæй фæстæмæ уый удимæ сиу уа, уæддæр, кæй амарай уымæн раудæгас кæнæн, раздахæн нал ис. Дæхи цасфæнды æлгъит фæсмонгондæй. «Æхсидавæн нæй бафснайæн зыгуымы, Нæ лæууы кæф сымаггæнаг хуыдымы, Титанæн нæй цæуæн къæцæлтæйконд мæнг хидыл». Сырдау йæ ауонæй чи тæрсы, уымæн бæрзонд уæвæн нæй.

Æмæ, цыма, уацмыс ам куы фæуыдаид, уæддæр загъд у йæ сæйраг хъуыды, фæлæ йæ автор ноджы бæрзондæр систа кæронæй:

*Тыххæй, тыххæйты*
*раирвæзтæн саудалынг лæгæтæй*
*Тыхджын къæвдамæ,*
*уаддымгæйы карз къуыс-къуысмæ...*
*Фæкастæн ма фæстæмæ дурдзæндмæ, мæ хуызмæ:*
*Ныппырхи сфинкс*
*æрвон зынгæн йæ фæттæй!..*

Ахæм уацмыс сфæлдисын йæ бон у æрмæстдæр стыр курдиаты хицауæн. Нæ поэт курдиатæй никæмæ бахæлæг кæндзæнис. Йæ дзырдтæ – тæмæнкал, йæ хъуыдыйæдтæ – зырнæйзылды æнгæс.

Афтæ, мæ ныхас рæсугъд рауайа, уый тыххæй нæ зæгъын. Рæстдзинады сæрты хизын нæ хъæуы.

Æрмæстдæр Алыксандры хуызæн поэтæн у йæ бон зæгъын – «Æз царды сусæг банкъардтон æххæстæй». Царды уыцы сусæгдзинæдтæ чысыл, мыййаг, не сты, æмæ поэт æппæт йе сфæлдыстад адæймаджы кадæн кæм нывонд кæны, уым æй махæн дæр æнкъарын кæны йæ чингуытæй, уæлдайдæр – поэзийæ «Арвæрдын», «Царды авдæн», «Цыма лæууын æз кувæндоны раз», йæ радзырдты æмбырдгонд «Æзын-ма дæ æцæг зынын»-æй. Уыцы сусæгдзинæдтæ чиныгкæсæджы зæрдæйы, фæлмæнтæ хуымы гутоны хаххау, арф фæд ма уадзой, уый гæнæн нæй, уымæн æмæ, поэт стыр хæзнайæн агуры адæймаджы зæрдæйы иууыл арфдæр агурæнтæ. Уыдонæн та кæрон нæй, æмæ никуы фæуд кæнынц поэты агурæнтæ. Йæ иу чиныгæй иннæ хæдхуыздæр, арфдæр уымæн вæййы. Поэт иу бæрзæндæй иннæ бæрзæндмæ уымæн хизы.

Алыксандр йæ уацмысты фæлгъауы знон, абон æмæ сом дæр. Уымæн, æцæг курдиатджын поэтæн куыд æмбæлы, афтæ риссы йæ зæрдæ, кæй туджы ‘рхъис у, рухс кæй фидæны бæллицтæй федта, кæй æмæ цæй цинæй цæры, æппæт уыдоныл. Поэты арф, хъуыдыджын, зæрдæмæхъарæг ныхас, хæдхуыз фæлгонцты фæрцы сыл авторимæ иумæ риссы чиныгкæсæджы зæрдæ.

Уымæ иумæ, поэтимæ æнæбацингæнгæ нæ фæуыдзынæ Ирыстоны æрдхæрæны нывтыл, зæххон лæджы зæрдылдаринаг фынтыл…

Кæй иувæрсты хъуамæ ахизой, «Нузалы», «Нæ зыны цалхвæд… Аласа æвзары», «Монолог» æмæ йæ бирæ, бирæ æндæр поэтикон уацмыстæ! Поэты тых уым ис.

Æмæ поэтикон къæлæсытæ, аслам цæстфæливæнтæ æмæ зæрдæлхæнæнты фæрцы, мыййаг, нæ ныббæттынц чиныгкæсæджы сæхимæ, – уыдонмæ Алыксандры поэзии раджы дæр нæ уыд æмхиц, – фæлæ сæ хуымæтæг, стыр аивадон тых æмæ царды рæстдзинадæй, адæймаджы зонд æмæ зæрдæйы тыгъдады арф æвæрæнтæй.

Йæ поэтикон фæндаджы райдайæнты чысыл этюды мæнæ куыд равдыста Нузалы кардæй карсты æнгæс диссаджы æрдзы нывтæ:

*Æхсæв йæ сау пæлæз райтыдта хæхтыл,*
*Анығъуылд хъæубæстæ тары.*
*Чидæр нæ сæрмæ уæларвон цырæгътæ*
*Ссудзыныл радгай фæлвары.*

*Фаллагфарс доны цæф хохы ныууигъы,*
*Баризы айнæджы сау рындз.*
*Ос-Багъатырæн йæ фидæрттæ тигъыл*
*Мæйдары уацары бадынц.*

/«Нузалы»/

Уæд нæ поэзийы фæлгонцон уынынад уадиссаг нæма æндæвта. Фыдыбæстæйон хæстæй уæлахизæй цы «хæсты уæлдæйттæ» æрыздæхтысты, уыцы поэттæй бирæтæ хъардтой сæ уд нæ литературæмæ ног, сатæг уддзæф бахæссыныл.

Ацы хъуыддаджы цъус не сты Плиты Грис, Гафез, Мыртазты Барис, Джусойты Нафи æмæ фæстæдæр иу цалдæр поэты лæггæдтæ, фæлæ уæддæр Цæрукъаты Алыксандры хъæлæс æмæ, цард куыд уыдта, уымæн никæимæ ис фæхæццæгæнæн.

Троцкизмы азар нын нæ литературæйы фæндаг, фыдзæйы рацыдау, кæд ныххафта, æмæ нæм абон дæр бирæтæ

йæ тасæй арвы талынгты кæнынц, уæддæр нæ поэты курдиат цардмæ каст аивадон цæстæй.

Йæ лирикон хъайтар фыццаг кæркуасæнты сæхимæ æрцыд фæлмæцыдæй, æмæ цырагъы рухсмæ бадгæйæ æрæййæфта…

15* Хъазиты Мелитон

*Фæрсын: «Нырмæ æнæхуыссæг цæмæн дæ?..»*
*Ды мыл дæхи æрбаппæрстай æваст.*
*Уыдтæн фæллад, мæ зæрдæ рыст цæмæйдæр, –*
*Дæ цуры айрох, айсæфти мæ маст…*

*Дæ сусæг цин, дæ цæссыг дын æмбарын…*
*О, диссæгтæ, о, худæг та куыд нæу?*
*Сæнттæ, сæнттæ… Мæхи цы сайын барæй, –*
*Нæ уæвгæйæ æрымысыдтæн дæу!..*

Ахæм цæхгæр фæзилæнтæ, æнæнхъæлæджы кæрæттæ дунеон литературæйы дæр мæнæ не сты. Фæлæ мах ахæм сæрыстыр адæм стæм, æмæ искæй цинагыл нæ, нæхи æнтыстыл дæр, куыд æмбæлы, афтæ фæрайын нæ зонæм. Цинагыл байрайынæй адæймаг йæхи нæ дæлдзиныг кæны. Царды алкæуыл дæр, алцæуыл дæр йæхи гакк ис. И. Крылов уымæн загъта: «Орлам случается и ниже кур спускаться, но курам никогда до облаков не подняться» /«Орел и куры»/. Хуыцауæн фæндон куы фæуаид – генитимæ куы цæриккам. Галы дæр ма хæрджытимæ куы бабæттай, къуыримæ зæвæт кæнын кæнæ дæндагæй хæцын куы райдайы.

Бæрзонд уæвын алкæй бон нæу; нæхицæй стырдæр чи вæййы, ууыл нæ дур фехсын, йæ фæччи йын æривазын, – цæмæй йæ нæхицæй фæдæлдæр кæнæм, – алчи дæр йæ хæсыл кæй нымайы, уый у не сæфт. Алыксандры поэзи уымæн хъæрзы трагизмæй:

*Зæгъы мын уый ирон фынджы уæлхъус:*
*«Зыдтон дын хорз дæ фыды.*
*Мæрдты-иу уæд, мæгуыр, йæ бадæн рухс…*
*Мæ зæрдыл ма æрыфты…*

*Мæ цæстыл уайы мидхæсты цæхæр, –*
*Дæ фыд бырста нæ разæй…*
*Йæ хъысмæт æм ныллæууыди цæхгæр*
*Æртын æвдæм фыдазы…*

*Йæ ном ысраст, æрыздæхти йæ фарн,*
*Ис музейы йæ къам дæр…*
*Йæ бæсты цардæй хайджын уæд дæ арм,*
*Дæ хъомыс ма уæд къаддæр…»*

*Йæ ныхæстæм мæстæй фæтоны риу,*
*Мæ зæрдæ та ныррхæндæг:*
*Мæ фыды марджытæй æцæгдæр иу*
*У ацы лæг йæхæдæг!*

*Фæндыдис æй фæкæнын бирæты быдзагъд, –*
*Йæ бон æххæст уый не сси…*
*Ныр алы мæй дæр ралухы æхца –*
*Йæ персоналон пенсии!*
/«Зæгъы мын уый ирон фынджы уæлхъус»/

Ахæм персоналон пенсиисджытæ цас фылдæр уой царды, уый бæрц поэты хъадамантæ ставдæй-ставддæр кæнынц.

Уæлдай æлгъаг сты, фысджыты къæбæрæй чи цæрынц, ома, мах дæр дзырдаивады кусджытæ стæм, афтæмæй сыл сæ хуыр ахсæнтæ æфсæстдæрæй хæссойы тыххæй сусæг дзырдтæ чи хæссынц, уыдон. Фæлæ сæ нымæц нæ къаддæр кæны – хицау цас лæмæгъдæр уа, уыйбæрц æй фылдæр дзырдхæсджытæ фæхъæуы. Рæстдзинады хурхыл вæййы кард æвæрд. Поэтæн цард свæййы зындонæй фыддæр:

*Тыхст бæлцæттæн мæ уд лæвæрдтон хосæн,*
*Ымад та-иу зылынджыныл уыдтæн.*
*Нæ равзæрстон,*
*кæм ис йæ равзæрд хорзæн,*
*Кæм и йæ кæрон а-зæххыл фыдæн.*
*Цæмæн у афтæ? –*
*фарстон.*

*Дзуапп нæ истон,*
*Кæд рагæнустæм хатыдтæн, уæддæр.*
*Рæстады цирхъ…*
*нæ-иу мæм зынд йæ фистон,*

*Хæрамы калм…*
*нæ йын ардтон йæ сæр.*
*Æрцыдтæн æз цыдæр зæгъынмæ ардæм.*
*Нæ фæразын…*
*цæф дзæмбыйау хъæрзын…*
*О, сфæлдисæг, мæ тугбатт цæсты артæн*
*Нæ ахуысдзæн хæрзæнцонæй йæ зынг!*
/«Монолог»/

Æмæ кæд, цæф домбайау, хъæрзы, уæддæр уæлахиз йæхи у. Фысдзармы цы бирæгътæ бабырынц, уыдон ын кæд йæ уд хæрынил нæ ауæрдынц, уæддæр йемæ тохы æдых сты. Гæдыйы къах цыбыр у.

Поэт та у рæстдзинадыл, сæрибарыл тохгæнæг. Рæстæг уымæн у йæ цуры æдых. Сæрибары мыггагæн мæлæн нæй. Æмæ Алыксандры поэзи чиныгкæсджыты æхсæн тауы сæрибар хъуыды. Хъомыл сæ кæны хæдбар уæвыныл.

Рæстаг ныхас æмæ лæгуарзондзинадыл фæлтæры хъомыл кæнын у алы адæймаджы æмæ, сæйраджы-сæйраг, фыссæджы комкоммæ хæс. Æмæ нæ поэты сфæлдыстад ахуыр кæны уыцы æвæджиаг хъуыддагыл.

Алыксандрæн йæ зæрдæмæ хуыд сты Къоста, Шекспир, Данте, æгæрыстæмæй, Гамлеты хъынцъым. Хатт ма, æппæт цы зоны æмæ цы уарзы, уый иу хай йын иу æмдзæвгæйæн æгæр стыр уаргъ дæр вæййы, фæлæ цы зоны, уый зæгъынимæ, цы дзуры, уый фидарæй кæй фæзоны, уый тыххæй йæ дзырд кæддæриддæр вæййы рæстдзæвин.

Афтæ рæстдзæвин рауайынц Алыксандры юмористон æмæ сатирикон æмдзæвгæтæ дæр. Поэт йæхицæн дæр æмæ искæмæн дæр нæ хатыр кæны царды рæстдзинадæй хи тылиф кæнын. Амоны нын, ахуыр нæ кæны царды цæстытæм комкоммæ кæсыныл. Царды цæстытæм чи кæсы, æвронг хаццæгтæ дзы чи аразы æмæ йын рæстаг тæрхон чи

хæссы,уымæн йæ уд вæййы сыгъдæг. Фæлæ адæм се ‘ппæт уыцы хъуыдыйыл лæуд не сты æмæ мæнгард, фæлитой, æнæгъдау, къуыдиппытæ цæстфæлдахджыты цæвы йæ сисы цыргъæй /æмдзæвгæтæ «О, ме ‘вæлтæрд æхсинæг», «Къæсæр», «Зæгъы мын уый ирон фынджы уæлхъус», «Рагон мард скъахтой», «Артист» дæ рагæй дæр» æмæ бирæ æндæрты/.

*Нæ сæ ‘мбарын,*
*Нæ сæ ахсы мæ зонд,*
*Нæ сæ исы мæ зæрдæ...*

Æмæ сæ поэтимæ нæ исы чиныгкæсæджы зæрдæ дæр.

Алыксандрæн йæ прозæ дæр, йæ поэзийау цæуы сабыр, тыннывæндæгау, у зæрдæйы æнкъарæнтыл амад.

Алыксандр йæ «Монолог»-ы зæгъы: «Рæстады цирхъ… нæ-иу мæм зынд йæ фистон. Хæрамы калм… нæ йын ардтон йæ сæр. Æрцыдтæн æз цыдæр зæгъынмæ ардæм», – фæлæ æцæгæй та йæ аив дзырды фæрцы ссардта рæстады цирхъы фистон дæр æмæ хæрамы калмы сæр дæр.

Абон поэтæн кæд йе ‘хсай азы йæхи фесты, уæддæр азты кар нæ зыны йæ уацмыстыл æмæ, цы зæгъынмæ ‘рцыд, уый адæймаджы кадæн дзуры, æвзонгау, арф æмæ зæрдæмæхъаргæйæ.

1979

## АИВАДЫ ÆВЗАГÆЙ

Ацы, æппæнæдзух хъуыдыгъуыз, мадзура нывгæнæгæн ныхасы охыл йæ алы сулæфт дæр кæд тадзгæ-баргæйæ вæййы, уæддæр, æрдзы хъæбысмæ куы афтай йемæ, уæд æнæфæхатгæ нæ фæуыдзынæ, зымæгон-зымæгдæргъы дзæнгæлтæгæнæг уазалмæ салд къуыпа уалдзыгон хъарм хуры тынтæм куы фесхъиуы æмæ хæлынмæ куыд фæвæййы, уыйау кæй раргом вæййы Уанеты Шурæйы (Алыксандры) удыхъæд дæр. Йæ сабыр цæстæнгас, тыннывæндæгау, фæкæны хохæй-хохмæ, комæй-коммæ, бæласæй-бæласмæ, къутæрæй-къутæрмæ, æмæ ма æз зæгъин – кæрдæджы халæй-кæрдæджы халмæ.

Æмæ йæ кæрдæджы уидагæй бæласы сыфтæрмæ цæмæй фæнды афæрсай, уæддæр дын ратдзæнис æмбæлон дзуапп – уæдæ, кæцы рæстæджы цы хуызæн вæййы; уæдæ, цахæм бынæтты зайы; уæдæ йын цахæм хиæдтæ ис...

Дзырд дæр ыл нæй, исчитæ уæ зæгъдзæнис, æппæт уыцы лыстæг ахорæнтæ  нывгæнæджы цæст кæй фæахсы, æмæ Шурæйы удыхъæды æппæт ацы миниуджыты, уæлдайдæр, æрдзы кой æз та, йе сфæлдыстады дæр арф бынат кæй æрцахстой, уый тыххæй кæй кæнын.

Ныртæккæ мын уый фадат нæй, стæй хъæугæ дæр ницæмæн кæны, æмæ йын, йæ нывгæнæн сисы бынæй цы алы хахныв рацыд, уыдоныл дзурон. Зæгъынæн, нывгæнæджы сфæлдыстадæн аккаг аргъ скæнынæн хаттæй-хатт фаг вæййы иу куыст. Æз дæр уал зæгъдзынæн йæ графикон куыстыты сери «Мæсгуытæ дзурынц»-ы тыххæй.

Ацы серийы ис фондз нывы.

Мæнæ фыццаг – «Сабыр арвы бын».

Æппæт дæр ныхъхъус, æппæт дæр сабыр – хъæу, æрдз, æмæ... фидарарæзт мæсгуытæ.

Фæлæ тар, тызмæг хæххытæй, стæй мæсгуыты æгомыг хуызæй зæрдæйыл æфты цыдæр æрхæндæг.

«Цæмæн? – фарстон мæхи. – Ныв «Сабыр арвы бын» куы хуыйны?»

Афарстон Шурæйæн йæхи дæр. Йæ мидбылты гæзæмæ бахудт.

– Ахæмтæй мæ ма фæрс. Аивадон уацмыс йæхæдæг хъуамæ дзура йæхи тыххæй, – уыд йæ дзуапп.

Æмæ ныв загъта йæхи тыххæй:

Мæсгуытæ – нæ фыдæлты фидæрттæ, нæ фыдæлты хæцæнтæ. Уыдон кæм арæзтой, уыдон сæрбæрзондæй кæм лæууыдысты, уым æдас никуы уыд. Уым алы фæзилæны дæр æнхъæлмæ кæсæн уыд цыргъаджы уазал ком, кæнæ топпы тæвд нæмыгмæ. Уæдæ, гъай-гъайдæр, ахæм сабырдзинад топпыхосау ныггуыппæввонг вæййы.

Æмæ мæнæ дыккаг нывы («Æрыздæхут уæлахизимæ!») ныггуыпп кодта уыцы топпыхос. Фæлæ йæ артæй цæмæй мæсгуыты дуртæ ма фехæлой, уый тыххæй къуыппариу, фæйнæгфарс алантæ бабадтысты сæ хор-хор бæхтыл, фæцæуынц сæ мæсгуытæ хъахъхъæнæг.

Ууыл куы фæуаид ныв, уæд дæр бæрæг-бæлвырд уаид йæ идейæ, уæлдайдæр нын тасгæ, хъуыддагылдзурæг хæххытæй ныттæдзын кæны нæ зæрдæтæм нæ рагфыдæлтæ – аланты ныфсхаст, лæджыхъæд.

Фæлæ уæд уый Шурæйы ныв нал уаид. Йе ‘рмдзæфмæ та йын чи цы бар дары, фæлæ дзы уый хыгъд нымæг уаид зæрдæйы хъарм, адæймаджы нуæрттæ кæмæй базмæлынц, аивады уыцы комулæфт. Уый нывгæнæг ссардта хæстонты тохмæ фæндарастгæнæг ирон мады уарзæгой æмæ æппæтæй тæрсаг зæрдæйы, æмткæй мады æрхæндæг, сагъæсгæнаг фæлгонцы.

Æмæ ацы серийы «Æртындæс коммунары» трагеди куыд равдыста, уый та?

Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы æртындæс удвидар хъæбатыры хъайтардзинад æмæ трагеди равдисын иу у æмæ, цы ног цардыл тох кодтой, сæ бæллицты адæмæн цы рæсугъд фидæн нывæзтой æмæ сæ удтæ нывондæн кæй сæрыл æр-

хастой, ингæны былыл лæугæйæ, сæ уыцы фæндагæй фæцудыдтой æви нæ, уый равдисын та – иннæ.

Æмæ уæдæ, мæнмæ гæсгæ, фарст æвæрын хъæуы – уыцы хъуыддаг бафтыд нывгæнæджы къухы æви нæ?

Гъай-гъай дæр, бафтыд.

Æмæ кæд ингæнмæ топпы артуадзæг дзых æмæ карды комыл у сæ фæндаг, уæддæр сæ иунæг коммунары цæстыты дæр нæ зынынц фæсмоны æнкъарæнтæ – сæ идейæйыл дывæнд кæныны нысан.

Ацы серийы нывгæнæгæн аив рауадысты, Ленины мæлæт ирон, хæххон фæллойгæнæг адæмæн, арвæй зæрин хуры рахаудау кæй уыд, уый равдисын, стæй ма афтæ нæ адæмы, номхуындæй та Къуайсайы хохгæрдджыты абоны цард æмæ куыст равдисын.

Дзырд дæр ыл нæй, Уанейы фырты нывты серитæ ууыл нæ фæуд кæнынц. Аив, зæрдæлвас рауадысты йе ‘ннæ серитæ – «Зæронд Цхинвал», «Революцийы хæстонтæ», «Махмæ хæхбæсты» æмæ æндæртæ.

Ирон хæххон цард, ирон адæймаджы лæджыхъæд, йæ æппæтæнкъарæг зæрдæ уæздан æмæ æппæтхуызæй сты авторæн йæхи удыхъæды æмæ сæ йæ арæзт нывты лирикон хуызы, кæд афтæ зæгъæн ис, уæд хæссы адæммæ дæр.

Æмæ уый æнæмæнг афтæ хъуамæ уа.

Уыцы фæндагыл æй баурæдта ирон нывкæнынады бындурæвæрæг Тугъанты Махарбег.

Цæвиттон, Уанейы-фырт дзурынмæ дзыхы къæбæл никуы фесты, йæ алы дзырд дæр цыма тæрæзтыл барæгау фæкæны, фæлæ мын иу хатт Махарбеджы тыххæй дзырдта...

Уæд Шурæ æнахъом нал уыдис, 30-аздзыд лæг уыд. Каст фæцис Цхинвалы нывгæнæн ахуыргæнæндон. Акуыста нæ театры нывгæнæг-декораторæй, стæй та, йæхæдæг цы ахуыргæнæндон фæцис, уым – ахуыргæнæгæй. Куыннæ йæ зыдта, ахуырмæ йæ кæй хъæуы цæуын, фæлæ Нигер цæйау загъта, у фадат аразæг. Æмæ иу бон сæ хæдзары дуарыл кæд балæууыдис Махарбег йæхæдæг.

Ӕмӕ Шурӕ куыд загъта, афтӕмӕй йын ахуырмӕ ацӕуыты тыххӕй цалдӕр хатты рафыссын кодта материалон ӕххуыс, бафтыдта йӕ дарддӕры ахуыры фӕндагыл.

– Махарбег аивадыл, фӕсивӕдыл афтӕ кӕй аудыдта, чи зоны, мын уый баххуыс мӕ цардвӕндаг равзарынӕн. Уый куынӕ уыдаид, уӕд, гъада-гъа, ӕмӕ базыдтаин аивады ӕвзагӕй дзурын, – уыд йӕ ныхас.

Шурӕ ӕрмӕст график нӕу, фӕлӕ ма кусы акварел ӕмӕ сойын ахорӕнтӕй дӕр. Ӕмӕ рауагъдад «Ирыстон»-ы чингуытӕ нывтӕй фӕлындзынил къорд азты цас хъару хардз кӕны, уый та?

Ныр йӕ райгуырдыл 50 азы кӕй ӕххӕст кӕны, уый мын зындгонд куыннӕ у ӕмӕ йе 'рмадзмӕ мӕхи ӕнӕнхъӕлӕджы фӕбалц кодтон. «Ӕмӕ, мӕнӕ ӕнӕфснайд куы у» – кусгӕ йӕ баййӕфтон, ӕмӕ батыхсӕгау кодта, йӕ цӕст ахаста ӕрмадзы къуымты.

Мӕнӕн та ӕхсызгон уыд, афтӕ «ӕнӕфснайд» – кӕй уыдис, уый. Уымӕн ӕмӕ, адӕймаджы удыхъӕд йӕ куысты уӕлхъус куыд банкъарай, афтӕ никуы.

Ӕмӕ та ам дӕр разындис Шурӕйы удыхъӕд, йӕ зӕрдӕйӕн ӕхцон цы миниуджытӕ сты, уыдон.

Йӕ разы – ӕрдӕгарӕзтытӕй ирон фыццаг поэт Мамсыраты Темырболаты ныв.

Уый та – Къостайы нывӕй арӕзт плакат.

Эскизтӕ, эскизтӕ, эскизтӕ...

Мӕ зӕрдӕ дзы фӕкъӕпп кодта иу ӕрдӕгарӕзт нывмӕ. Нырма – ӕнӕфӕуд, фӕлӕ йӕ хуызтӕ – ирд ӕмӕ нысанмӕздӕхт. Зӕрдыл лӕууын кӕны цыдӕр зонгӕ бынат.

– Эрцъойы цад, – фергом кодтон мӕ хъуыды.

– Базыдтай йӕ, – йӕ мидбылты бахудт Шурӕ.

Мӕ уацы райдианы, Шурӕйы зӕрдӕмӕ ӕрдз ӕввахс кӕй у, уый кой хуымӕтӕджы, мыййаг, нӕ ракодтон. Уыцы хъуыддаг ирдӕй зыны ӕмткӕй йе сфӕлдыстады. Ныр та ӕрӕвнӕлдта сойын ахорӕнтӕй ӕрдзы нывты сӕрмагонд сери саразынмӕ. Йӕ ном дӕр ын ныридӕгӕн бӕрӕг у – «Хӕхты зарджытӕ». «Эрцъойы цад» дӕр уырдыгӕй у.

Нырæй фæстæмæ ма аивадуарзджыты зæрдæтæ бирæ аив нывтæй кæй барухс кæндзæнис, уый дызæрдыггаг нæу, уымæн æмæ ныртæккæ ис йæ лæджы кары – 50-аздзыд лæг, уæлдайдæр, аивады кусæг фидар цы фæндагыл фæлæууы, ууыл кæронмæ ацæуы.

1977

## ЗÆХХОН УАДЫНДЗÆЙ

Уалдзыгон сыфтæрæфтыд хъæды куы бацæуай, уæд дæ мæргътæ сæ алæмæттаджы симфонийæ баппардзысты дисы, се 'гъуыстаджы зарджытæ дæ зæрдæйыл тайдзысты будау, фæлæ сæм, зæгъгæ, лæмбынæг ныхъхъуыстай, уæд уыцы æгъуыстаджы музыкæйы æнæмæнг рахатдзынæ, алы маргъæн дæр сæ кæй ис йæхи хъæлæс, зарæджы зæллангтæнагдæр, хъæздыгдæр чи кæны.

Афтæ у поэзийы хъуыддаг дæр: алы поэт дæр æм бахæссы йæхи комулæфт, алчи дæр æй фæхъæздыгдæр кæны йæхирдыгонау.

Ирон аив литературæмæ поэт Мæргъиты Къоста бацыд йæхи поэтикон æууæлтимæ, и сын йæхи æрмдзæф, æндæр фыссæджы февнæлдимæ кæй нæ фæивддзаг кæнай. Афтæмæй фыссын та раджы райдыдта – йе 'мдзæвгæтæ мыхуыры фæзындысты стыр Фыдыбæстæйон хæсты агъоммæ, æмæ кæд йæ поэтикон курдиат æргом нæма уыд, уæддæр каст йæ алыварс æрдзмæ, ног цардарæзтады хийæдтæм, æмæ йæ йе 'мбарынад, йæ царды фæлтæрддзинад, стæй зонындзинад цас бæрцæй арæзтой, уый бæрц сыл фæлвæрдта йæхи хъæлæсæй ныззарынмæ.

Фæлæ уыцы хъæлæс уыд царды куырдадзы рацæгъдынцух, æмæ йын уыцы куырдадз разынд Стыр Фыдыбæстæйон хæст.

Къостайы поэзи уæдмæ кæд стыр нысанмæ здæхт нæма уыдис, уæд ныр, куыд хæстон æмæ поэт, афтæ йæ разы лæууыд егъау хæс – цыфæнды фыдæвзарæнты сæрты дæр ахизын, цыфыддæр фыдызнаджы ныддæрæн кæнын, æмæ йæ æххæст дæр кодта. Фæстæдæр йе 'мдзæвгæ «Цард»-ы уымæн дзырдта:

*Ыстæсаздзыд лæппуйæ уæд*
*Фыццаг хатт æз лæджы мæлæт*
*Мæхи цæстытæй федтон уым, –*
*Ысбадти барц мæ сæры хъуын.*

Æмæ æвзонг поэты мидхъуырдухæнтыл царды дæрзæг арм куыд бæрæгдæрæй зындис, афтæ йæ курдиат кодта æргомæй-æргомдæр. Уымæ æвзонг хæстон бæлвырдæй райдыдта æмбарын, йæ цард æнгом баст кæй у йæ адæмы хъысмæтимæ, йæ адæмы хъысмæт та дунейы хъысмæтимæ, æмæ сын кæй нæй сæ кæрæдзийæ фæхицæн уæвæн. Фæлæ уыдæттæ поэзийы кæлæнгæнæг æвзагæй нæма уыдис йæ бон зæгъын, уый бæрц æй нæма амыдта йæ хъару, уый бæрц нæма хæст кодта йæ курдиаты сусæг æвæрæнтыл. Бæлвырд уыд æрмæст иу хъуыддаг – знагыл куыд тагъддæр фæуæлахиз уæвынмæ йæ бæллиц, фæсхæст раууатмæ æрцæуæг хъæууон хæдзарад йæ къахыл сæвæрын, зæххы цъарыл дыккаг ахæм тугкалд мауал æруадзын – æппæт уыцы проблемæтæ æрбынат кодтой поэты хъуыдыйы, стæй йæ поэзийы дæр, æмæ йæ курдиат йæ гаччы куыд бадтис, ома, куыд поэт, афтæ йæхи сæрмагонд уадындзы зæлтæ æргомдæр хъуысын куыд райдыдтой, афтæ йе сфæлдыстады йæ рæстæджы комулæфт дæр зынын райдыдта ирддæрæй.

Уымæ æргом кодтой йæ курдиаты сæйраг миниуджытæ: романтикон хъуыдытæ æмæ цæхгæр аивадон фæзилæнтæ йын кæй сты æцæгæлон, йæ поэзийæн хион кæй сты æрвылбонон зæххон хъуыддæгтæ. Бонзонгæ ныхас, бæлвырд, цæстуынгæ чысыл деталты фæрцы нын сæ афтæ равдисы æмæ дын батæлфын кæндзæнис дæ зæрдæ, йæ катай суыдзæнис дæ уды сагъæс, йæ цинил дæ бацин кæнын кæндзæн. Уый та у йæ курдиатыл дзурæг.

Къостайы сфæлдыстады иууыл ахсджиагдæр бынат бацахста хæстон темæ. Ууыл никуы сивта поэт йæ зæрдæ, никуы йыл суæлæхох, никуы йыл дзырдта былалгъæй. Уымæн æмæ, уыцы фыдæвзарæнтæ бавзæрста йæхædæг æмæ сын нæй ферохгæнæн. Мад йæ хъæбулы цæрынæн фæхъомыл кæны æмæ йæ нæ фæуырны йæ мæлæт. Къоста йе 'мдзæвгæ «Фæстаг фыстæджы» уымæн зæгъы:

*Ды кастæ алы дамгъæ, алы дзырдмæ,*
*Дæ цæсты сыг дæ уадултыл хъуызыд.*
*Дзырдта дæ зæрдæ 'дзух дæ уарзон фыртмæ,*
*Дуармæ хъызыд.*

Къоста зæххон поэт у. Йе сфæлдыстадæн романтикон хæтæнтæ, романтикон бæллицтæ æцæгæлон сты, нæдæр сæм йæхи æуууындзы. Уымæ гæсгæ, цы деталтæй фæпайда кæны, уыдон дæр – зæххон.

*Ды кастæ, фæлæ хъуыдыйы кæм уыди,*
*Кæй цæры хæсты лæг уысмгай, бæлвырд.*
*Дæумæ йæ фыстæг цалынмæ æрцыди,*
*Уæдмæ кæй фæмард стыр тохы дæ фырт.*

*Æмæ ныр кодта мардæй дæр ныхæстæ*
*Дæ фырт дæуимæ, буц ныййарæг мад.*

Зæххон, хæстон рæстдзинадæй адæймаджы зæрдæйы тугтæ ныттæдзынц: мадмæ цалынмæ йæ хъæбулы фыстæг хæццæ кодта, уæдмæ йæхæдæг фæмард хæсты. Поэт йæхи куы батыхсын кæны, уæд йæ бон бавæййы ахæм поэзи рухсгæнæг деталтæ ссарын.

*Уый раджы уыд. Æртындæс азы рацыд*
*Уæдæй ырмæ, æмæ ныр дæр кæсыс*
*Дæ фырты 'рцыдмæ. Зоныс бæргæ алцы,*
*Фæлæ йæ хоныс ды уæддæр дæ ныфс.*

Уыцы темæйыл фыст сты йæ бирæ æндæр æмдзæвгæтæ, стæй йæ поэмæты зынгæдæртæ «Зæронд лæджы мæлæт», «Зæрдæйы сагъæс», «Уæзæг», «Судзгæ стъалытæ» æмæ æн-

дæртæ, уыдоны бæлвырдæй зыны, поэтæн куыд æнæуынон у хæст, цы аргъ ын кæны, цы гуманон ахаст дары адæймаг æмæ адæймагадмæ.

Уыдонимæ æргом кæны йæхи удыхъæд дæр. Æнæ адæм йæхицæн кæй нæ агуры амонд:

*Мæн мæ царды ницы хъæуы иунæгæй,*
*Адæмы цард, зæгъ, кæд рæзтис иу лæгæй?*

*Ницы хъæуы: зарæг æви хъарæг уа,*
*'Рмæст мæ иумæ уыдонимæ барæвдау.*
/«Мæн иунæгæй…»/

Иунæджы цард фæстагмæ уæддæр кæуинаггаг разыны, уый хорз зоны поэт. Дунейы рыстæй уымæн кæны «æгъуыссæг», уымæн ыл «бафтыд сагъæс». Æмæ уыцы сагъæс поэты аивады фæрцы ахизы чиныгкæсæгмæ дæр.

*Раст у, абон хур цæхæртæ калы,*
*Ис нæ сæрмæ ирд арвы уæрæх,*
*Фæлæ ма æз иу хъуыддаг æмбарын:*
*Дунейы нæу алыран уый цъæх!*

*Дард кæмдæр, Ыскæсæны, Вьетнамы*
*Сау мигътæ ныббадтысты уæззау.*
*Алыран – æнцон ран уа, зын раны,*
*Туг кæлы,*
*Цæмæн у афтæ, ау?*
/«Æгъуыссæг æхсæвтæ»/

Æмæ цæмæй ма уа афтæ, цæмæй мад йæ цæринаг хъæбулæй æнæ хъæбул мауал кæна, уый тыххæй сты поэты цард æмæ архайд дæр. Йæ иу æмдзæвгæ «Мæ фырт», зæгъгæ, уым йæ кæстæрæн ныфсы хуызы уымæн зæгъы:

*Нæ уыдзæн хæст!*
*Ыстæм йæ ныхмæ иууыл,*
*Æмæ хæцæм сабырадыл æдзух.*
*Ды бакодтай бæлоны ныв дæ риуыл,*
*Æз та фыссын фидыдадыл мæ къух!*

Фæлæ афтæ зæгъæн нæй, ома, поэты курдиаты æмткæй æрцахста хæстон темæ. Къостайы сфæлдыстады аккаг бынат ахсынц йæ Райгуырæн бæстæ, йæ фыды уæзæгмæ, йæ алыварс дунемæ, æрдзмæ йæ уарзт. Æмæ дзы цæуыл фæнды ма фыссæд, йæ хъæлæс уæлдай бæрзонд никуы фæкæны, йæ дзырд æрвылхатт дæр вæййы сабыр, чъызгæ, æмæ йын цас наивондæр, хуымæтæгдæр рауайы, уый бæрц чиныгкæсæджы зæрдæ бацагайы тынгдæр.

*Ирыстон, мæн дæуæн цы фæнды:*
*Фæрнæй дæм хур йæ цæст ныкъула.*
*Сырхбазыр дидинты æхсæнты*
*Дæ сæрмæ малусæг æркъул уа.*
*Дæуæн мæ уый фæнды, Ирыстон.*
/«Ирыстон, мæн дæуæн цы фæнды»/

*Мысы йæ. Куы цардаид æнус*
*Уыимæ. Кæм ис, йæхимид баризы.*
*Бамбукты бын слæууыди, ныхъхъус,*
*Нал æй домы зæрдæ цадмæ ахизын,*
*Пеликанæн амарди йæ ус.*
/«Пеликан»/

Æмæ афтæ алы хатт дæр йæ зарджытæ, йæ зæрдæйы катай æмæ сагъæс самоны зæххон уадындзæй. Йæ аивадон куысты йыл æрмæстдæр уый – йæ уадыдз нæ цæуы сайдæй. Стæй поэты фылдæр хаймæ музæ кæд се ‘взонджы бонты вæййы æмхиц, уæд Мæргъиты Къостайæн та йæ зæххон уадындзы цагъд бæлвырддæрæй зæлыд æмæ зæлы, йæ лæджы кары куыд цыд, афтæ. Æмæ йыл ныр кæд 60 азы сæххæст, уæддæр ис йæ тæккæ лæджы кары, йæ иу æмдзæвгæ «Фæндзай азы»-йы хуымæтæджы куынæ зæгъы:

*Уæдæ цы сты цымæ лæгæн*
*Нæ дунейы йæ фæндзай азы?*
*Мыййаг, кæд зæрдæйы тæмæн,*
*Йæ царды райдайæн Кавказы?*

Хъуамæ йын уой ног аивадон уацмысты райдайæн дæр.

1982-æм аз,
кæфты мæйы 22-æм бон

# ÆНУСТÆМЫ ХÆСТВАГ МÆСЫГ

## *Нафийы райгуырдыл 70 азы бонмæ*

Ирон аив дзырд абон кæнæ знон нæ батæфсын кодта адæймаджы зæрдæ. Не ‘гæрон адæмон сфæлдыстад, уæлдайдæр, адæймаг аргъ кæмæн не скæндзæнис, нæ уыцы эпостæ «Нарты кадджытæ» æмæ «Даредзанты кадджыты» Раджы ауызтой сæ нымæтын тъæпæнтæй фæлыст авдæнты; Темырболаты хъарæг æмæ Къостайы додой, Секъайы сагъæс æмæ Арсены Саломийы цъæхахстмæ ирон адæм Раджы ракастысты сæ цæстæй, фæлæ абон сæрыстыр кæмæй стæм, стыр æмæ бадт донау, йе ‘гæрон тых йæ мидхуылфы æмбæхсгæ, хъуыддагхуыз, хъуыдыгæнгæ размæ чи цæуы, нæ уыцы аив литературæйы рæзт бирæ цæмæйдæрты у баст Нафийы цард æмæ сфæлдыстадимæ.

Зæй зæйы хъæрмæ цæуы, фæдисон – фæдисоны сидтмæ, æмæ нæм абон нæ бирæ фыдæбæттæ бавзарæг Ирыстон сæрыстыр цы бирæ фысджытæ æмæ зонадон кусджытæ, аивады архайджытæ æмæ интеллигенцийæ у, уыдон бирæ цæмæйдæрты сты баст Нафийы номимæ.

Ахъуыды ма кæнæм, дæс æмæ æртиссæдз азы адæймаг æрмæст йæ раттæг дзыллæ æмæ Фыдыбæстæйы цæрайæ куы цæра, хи уды æхцондзинад дзы куы байрох уа, аивад æмæ зонадæн дæс æмæ дыууиссæдз азы йæ уд, нывонд урс уæрыккау, куы хæсса, уæд уый бирæ фæлтæртæн, сæхæдæг дæр æй нæ хатдзысты, афтæмæй, бонвæрноны рухсау, фæндагамонæг уыдзæнис æви нæ?

Нафи та уыд æмæ у ахæм.

Джусойты Гришайы фырт Нафи ирон дзыллæ, Ирыстоны фарнæн райгуырд 1925-æм азы æртхъирæны /февралы/ мæйы 27-æм бон нæ Фыдæбæстæйы

амæлæттагдæр къуымтæй сæ иу – Дзауы районы Джусойты хъæуы /Ныртæккæ хуыйны – Ног хъæу/.

Хæрз сабийæ фæцис ахуыры къахыл лæуд. Чиныг сси йæ фыццаг хæлар, йæ фыццаг зондамонæг, æмæ Стыр Фыдыбæстæйон хæсты тæккæ райдайæны æнтысгæйæ каст фæцис сæхимæ Кировы астæуккаг скъола. Бархийæ ацыд æфсадмæ.

Уыцы рæстæджы аив дзырды ад æвзонг лæппу хорз æмбæрста йæ ныййарджыты тадзгæ-æлвисгæ дзыхы дзырдæй. Ирон æрдхæрæны таурæгъгæнджытæ – йæ мады 'рвад Хуыгаты Илар æмæ Наниты Андомæ хъусгæйæ та-иу йæ базырджын сæнтты ленк кодта.

Уæд райдыдта æмдзæвгæтæ фыссын дæр. Æфсады куы цыд, уæд та æнæхъæнæй дæр аныгъуылд уырыссаг поэзийы, уæлдайдæр, хæстон поэзийы, æмæ йыл уый басагъта сфæлдыстадон базыртæ.

Æфсадæй куы æрыздæхт, уæд 1945-1949-æм азты куыста партийы Хуссар Ирыстоны обкомы инструкторæй, стæй – газет «Заря Востока»-йы сæрмагонд уацхæссæгæй. Фæсауонмæ каст фæцис Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институт, æмæ 1949-æм азы ахуыр кæнынмæ бацыд Ленинграды уырыссаг литературæйы институты аспирантурæмæ. 1953-æм азы ссис Хуссар Ирыстоны зонад-иртасæг институты ирон литературæйы хайады гæс, æмæ абон та кусы ацы институты директорæй.

«Кусы» иумæйаг, сур дзырд у, фæлæ зæгъæн ис – риссы, сагъæс кæны, фæлдисы, хуымæтæджы адæймаджы цæст хатт хæцгæ дæр кæуыл не 'ркæны, Ирыстоны уыцы æнæмæнг аразинаг хъуыддæгтæ кæны размæ. Уыдæттæ та йын цард амоны йæхæдæг. Афтæ уыдис ссæдзæм æнусы райдайæны дæр. Æнæнымæц хæстыты æхсаргæрдты зæлланг æмæ топпы гæрæхтæ, ирон адæмы фыццаг геноциды судзаг æмæ рыст зæрдæты хъæрзын æм нырма хъуыст йæ авдæнмæ.

Æнусы райдайæнæй æнусы кæронмæ цы дудгæ фыдтæ бавзæрстам æмæ æвзарæм, йæ райгуырæн Джусойты хъæуы зæйласт, Стыр Фыдыбæстæйон хæсты тугласæнтæ, æмæ та мæнæ ног хæст, ног геноцид… Адон сæ арф фæд ныууагътой Нафийы поэтикон æнкъарæг зæрдæйыл дæр.

Йæ раттæг адæм, йæ Фыдыбæстæйыл чи тайа æмæ руайа, йæ уд сын чи нывонд кæна, уый зæрдæ ахæм хъизæмæрттæ куыннæ хъуамæ нырризын кæной, сæ фæд дзы куыннæ хъуамæ ныууадзой?

Нæ ахызтысты, стæй сын æвæдсæфтæй ахизæн дæр нæ уыдис Нафийы иувæрсты.

Афтæ уыд Стыр Фыдыбæстæйон хæсты дæр.

Уæд Нафи цæуын байдыдта йæ поэтикон хæтæнты. Йæхæдæг уыдта, хайад иста, йæ раттæг дзыллæ хæсты дæр æмæ фæсчъылдым дæр, Советон Цæдисы иннæ адæмтау, стæй, чизоны, уыдонæй фылдæр сæ удтæ куыд хъардтой фашизмимæ тохы фæуæлахизыл. Ноджы хæсты цæхæр 1942-æм азы кæронæй 1943-æм азы райдианмæ ранхъæвзта Ирыстоны арæнтыл, сыгъта йæ, сæфта йæ, æмæ нæм йæ ныхмæ алы адæймаг, алы зæххы гæппæл дæр сси æнæбасæттæ фидары хуызæн.

Уыцы удыхъæд, уыцы зæрдæйы уаг равдисын уыд поэты æвæджиаг хæс. Æмæ фыста:

*Чи та митыл арт кæнынмæ хъавы,*
*Кæд ысфыцид дард фæндагыл цай.*
*Сугтæ – салд, сæ зынг гæзæмæ ʻндавы,*
*Ахæм артыл цай кæд уыд фыцаг!..*

*Салдæттæ сæ хардз арахъ нуæзтой.*
*Артыл сугтæн митмæ калд сæ хид.*
*Фæздæг тади. Зынджытæ æмбæрзтой,*
*Хъарм кæрцау, æртхутæгæй сæхи.*

*Уалынмæ – «Цæугæут!» – бардзырд радтой.*
*Дард уыди нырма нæ фæндаг, дард…*
*Салдæттæ сæ агтæй хом цай калдтой.*
*Миты уæлæ банымæгис арт.*

/«Фæндагыл»/

Фæлæ Нафийы хъайтары – ирон салдаты нæ састой уыцы фыдæвзарæнтæ. Цæмæннæ? Кæм ардта уый бæрц ныфс, уый бæрц хъару?

*Йæ туг-иу куы фæцыд, йæ рондз-иу куы смали,*
*Æмгъуыд-иу куы нал уыд мæлæты уысмæн,*
*Уæддæр-иу, Ирыстон, йæ риссаг адзалы*
*Салдатæн дæ ном уыд ыстырдæр ныфсæн!*

/«Ирон салдат»/

Йæ райгуырæн бæстæ «стырдæр ныфсæн» кæмæн уа, уымæн та нæй басæттæн.

Нафийæн йæхицæн дæр йæ ныфс уымæн никуы асаст æмæ сæтты, иу æнтыстæй иннæмæ уымæн хызт æмæ хизы. Хызт æмæ хизы… суанг йе сфæлдыстадон царды райдианæй.

Æмæ уæлдæр цы цæвиттонтæ æрхастон, уыдон кæд йæ фыццаг чиныг «Салдаты зæрдæ»-йæ ист сты (бакуыста сыл фæстæдæр), уæддæр дызæрдыггæнæн нал уыд, Ирыстонæн кæй фæзынд ноджыдæр иу сæрхъызой, стыр поэт. Чиныджы разныхасы нæ табуйаг адæймæгтæй иу – Гафез уымæн фыста: «Æмбырдгонд у Ирыстоны тыххæй фыст поэмæ, уымæн æмæ чиныджы цыдæриддæр æмдзæвгæтæ ис, уыдон иу кæнæ иннæ хуызы дзурынц Ирыстоныл, ирон зæххыл, ирон адæймагыл, ирон хæххон цардыл, кæнæ, ироны интерестæ чи агайы, ахæм исты фæзындыл».

«Салдаты зæрдæ» нæ, фæлæ йæ уый фæстæ куыстытæй дæр кæцыфæнды чиныг ма сис, – йæ поэтикон æмбырдгæндтæ «Зæрдæйы ныхас», «Лирикæ», «Ирыстоны сагъæстæ», «Æз райгуырдтæн хохы», «Зын кары», «Æнæном чиныг», «Сабыр ныхæстæ», «Изæры рухс» æви йæ романтæ «Фыдæлты туг», «Дыууадæс цæфы-иу цæфы хуызæн», «Сырдоны цæссыгтæ», «Залты мит», йæ радзырдтæ æмæ уацауты æмбырдгæндтæ «Цардивæны», «Адæймаджы мæлæт», гъе, йæ драматурги, йæ критикон уацтæ кæнæ бирæ зонадон куыстытæ æмæ публицистикæ – се ‘ппæты дæр дзырд цæуы ирон уды цинтæ æмæ хъизæмæрттыл, Ирыстоны ивгъуыд æмæ абоныл, Ирыстоны сагъæсыл.

Фыссæг, æцæг фыссæг сæйраджы сæйраг йæ раттæг адæм, йæ Фыдыбæстæйы кой хъуамæ кæна, уæдæ куыд?!

Æмæ схъæл дзырд ныртæккæ модæйы ис. Иуæй-иу фыдбоны политиктæ нæм «Мæ адæм!.. Мæ Фыдыбæстæ!..» хъæр кæнынæй, æнафоны уасæгау, уымæн ныффæсус вæй-

йынц, æмæ байсынц фæлмæн къæлæтджынтæ, ссарынц аслам кад æмæ стыр æхцатæ, фæлæ хъуыддаг хъуыддагмæ куы 'рцæуы, уæд рабæрæг вæййы, сæ мадæлон æвзагыл дыуунæ дзырды сæ кæрæдзийыл бабæттын сæ бон кæй нæ вæййы, сæ Фыдыбæстæйы рис сæ фæсонæрхæджы дæр кæй нæй, æрмæстдæр се стыр уæцъæфтæн кæй фæлæггад кæнынц, аслам кад æнхъæл æрцæуæг хæддзуты зæвæттæ кæй фестъæрынц.

Нафийы ирон адæм æмæ Ирыстоны кой куы уыдис, уæд нæм бирæтæ, раст зæгъгæйæ та, стæмтæй дарддæр иннæтæ, сæ мыггаг зæгъынæй дæр тæрсгæ кодтой – нацийы сæрхъызой сæ мачи рахона, се 'фсæст ахсæнтæ æмæ сæ дзаджджын хæдзæрттæ мацæмæй фæцух уой.

Нафийы уацмыстæ та-иу мыхуыры фæрæзты, хæлæг æм чи кодта, уыцы лыскъзæрдæ адæймæгтæм джиудтой, ома, советон дуджы ныхмæ фыст сты, афтæмæй сын мыхуыргæнæн нæй, æмæ-иу æй уæлдæр, бынатылæгтæн æмæ сæ сусæгкуыстгæнæг органты йæ рæстдзинад бæлвырд кæнынил хардз хъуыд йæ зынаргъ рæстæг. Афтæ куынæ уыдаид, уæд йæ роман «Фыдæлты туджы» хуызæн историон уацмыс æндæр æвзагмæ цæттæ тæлмацæй дæсгай азты цæмæн хъуамæ баззадаид рауагъдадты, цæмæннæ хъуамæ федтаид рухс?

Уымæн æмæ аив дзырды тых æгæрон у, æмæ адæм удæгас фæлгонцты 'руаджы ма хъуамæ уыдтаиккой, Уæрæсейы хæдхæцæг паддзахады æфсад нæ фыдбоны сыхæгты ардыдæй, ома, никæй коммæ кæсынц, инæлар Рененкампфы сæргълæудæй Ирыстоны хуссар хаймæ куыд ныббырстой, Чеселтгомы армыдзаг адæм Коцты Бегайы сæргълæудæй сæ ныхмæ куыд растадысты, лæгæвзæрстæй Хъолайы мæсыгмæ куыд бацыдысты æмæ, цагъар уæвыны, худинаджы цард кæныны бæсты мæлæт куыд равзæрстой, уый.

Уæд, зæгъгæ, рæстдзинад раргом уыдзæнис, уæд ын йе 'вæрццаг хъайтарты фæуыдзæн фæзмæг.

Нафийы уацмысты та æвдыст цæуы царды рæстдзинад, ирон уд æвдисæг хъайтартæ сты табуйы аккаг, фæлтæртæ кæуыл хъуамæ хъомыл кæной, ахæмтæ.

Уый та у æцæг фыссæджы царды нысан. «Æнæмон чиныджы», хъæддаг галлы бакодтой ахæсты, ома,

сырддоны, æмæ «не ‘гæндæг къохтæ йе ‘рхæндæг богътæй мысы»:

*Иунæг. Бынылзад.*
*Фæлæ нæ цот кæны ахæсты.*
*Фæлтау дзы амæлдзæн*
*æвæстагæй, иуæй.*
*Æмырæй дзыназы*
*йæ мыггаджы сæфтыл сагъæсты…*
*Цымæ кæуыл кæуы?*
*Мæныл дæр*
*æви æрмæст йæхиуыл?»*

Æмæ стæй:

*Æфсымæр хъæддаг гал!»*
*Иунæг нал дæ, æз – дыккаг.*
*Багъæц уал.*
*Лæгдзинад æвæстаг нæ вæййы,*
*лæгдзинад мах у,*
*Ныр та уал, æфсымæр,*
*аскъуыйæд фæлтау дæ мыггаг,*
*Фæлæ ма су,*
*фысау,*
*æрмахуыр!*

/«Хъæддаг гал»/

Æргом, бæлвырд хъуыды. Хъæддаг галы æрцахстой, ахæстоны йæ дарынц, йæ мыггаг сæфтмæ цæуы, фæлæ хъæддаг гал дæр уæдыккон у – ахæсты нæ цот кæны.

Æмæ Нафи хъæддаг галы хоны йе ‘фсымæр. Ома, æз дæр нæ цот кæнын ахæсты. Кæд мæ мыггаг фылдæр кæны, уæд сæрибарæй. Æмæ йе сфæлдыстады уымæн сси уыцы сæрибары сæрыл тохгæнæг.

Ныртæккæ ахæм хъуыдытæ цасфæнды дзур. Фæлæ уæд… Уæд гæнæн уыд, æрмæст уыцы иу æмдзæвгæйы тыххæй дын Сыбыр ардыгæй аззадаид.

Нафи, йæ уд кæд алкæмæн дæр зынаргъ у, уæддæр уыдæттæй нæ тарст, абон, нæ æз «ирондæрæй разыноны»

тыххæй бирæтæ нымæтхудтæ сæ сæртæй куынæ уал æппарынц, афтæмæй-иу æй дæсгай азты размæ, – ай нæ фыдæлты фарны дзаумæ у, мæнæн дæр æй хæсгæйæ у-йы бæсты, – Нафийыл куы федтой, фæсвæд-иу ыл цытæ дары, зæгъгæ, куы худтысты, уæд уыдон пыррыччытæй куынæ тарстис, афтæ.

Фыста æмæ фыссы, йæ зæрдæ йæм цы фæдзуры, уый арф, нуаджынæй. Ирон лæджы рыстау æм хъарынц Гомеры рыст, мысыраг лæппуйы хъынцъым, Пушкин, Назим Хикмет, Дмитри Гулиа, Хъайсын Кулиев æмæ бирæ, бирæ æндæр рæстаг адæмы сагъæстæ. Дуне къуымтæ, дихтæ нæ кæны, фæлæ хи хæдзарæй кæй кастæуы дунемæ, уый хорз зоны. Зоны æмæ йæм кæсы.

Æмæ-иу йæ чингуытæй кæцы фæнды ма уыдаид «Салдаты зæрдæ» /1949/ æви «Зæрдæйы ныхас» /1953/, «Лирикæ» (1955) æви «Ирыстоны сагъæстæ» /1955/, «Æз райгуырдтæн хохы» /1960/ æви «Зын кары» (1962), «Ирон аив дзырды сæрвæлтау» (1966) æви «Æнæном чиныг» /1967/, «Сабыр ныхæстæ» /1973/ æви «Изæры рухс» /1987/, «Фыдæлты туг» /1965/ æви «Адæймаджы мæлæт» /1976/… се 'ппæты чи фæнымайдзæнис, – алкæцы дæр сæ Ирыстоныл комæй-коммæ, хъæуæй-хъæумæ, хæдзарæй-хæдзармæ уымæн æрзылд.

Уый афтæ хъуамæ уа, уымæн æмæ йæ алы чиныджы дæр Ирыстоны йе 'ппæт цинтæ æмæ сагъæстимæ нæ цæстытæ раз сыстын кæны алыварсон, алыхуызон æмæ зæлонæй, ома, бæлвырд-бæрæгæй, удæгас æмæ фæлгонцгондæй йæхи джиппы ауадзгæйæ.

Æмæ Нафи, йæ поэзийы уа æви йæ прозæйы, суанг публицистикæмæ куы ахизы, уæддæр фæтырны бæлвырд, æнæмæнг чи у, кæнæ кæй ма хъуамæ ферох кæнæм, ахæм хъуыдыйыл нæ бафтауынмæ.

Фæлæ чиныгкæсæджы уæлдай уæлмонцдæр æнкъарæнтæм сисы йæ фæлгонцон уынынад. Уым мигътæ, кæмттæ, суанг дуртæ æцæгæй раудæгас вæййынц, немæ – æмархайæг, æмтохгæнæг разынынц.

*Мæнау ма хъæд йæ бур бызгъуыртæй*
*Зæронд сыбар-сыбур кæны.*

/«Сыфтæрты мелоди»/

Кæнæ:

*Хæхтыл талынг, мæрддзыгойау, бады,*
*Кæмттæм сабыр уæлæрвтæй цæуы.*
*Талынг? – Уый кæд мæ саударæг мад у?..*
*Сабыр? – Уый кæд мæ уарзон кæуы!*

/«Æхсæв хæхты»/

Æмæ иугæр дзырд уарзтыл æрхаудта, уæд æнæбафиппайгæ нæй, кæддæр Нафи Дзугаты Георгийы фæндзай азы юбилеймæ цы уац ныффыста, – «Фламингойы базырау», – уым кæй зæгъы, уыцы хъуыдыйæн: «Ирон уарзондзинад æнусты дæргъы æмбæхст у. Худы бынæй касти ирон уарзæгой зæрдæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ, уæздан æгъдауæй, кафты аивæй æмæ зарæджы зæллангæй æвдыста йæхи, æндæр ын дзурыны бар дæр нæ уыди».

Уыцы дзырдтæ комкоммæ хауынц Нафийæн йæхи интимон темæйыл фыст уацмыстæм йæ поэзийы дæр, йæ прозæйы дæр, йæ драматургийы дæр. Къостайы æмдзæвгæ «Хæрзбон»-ы лирикон хъайтарау, уый хъайтар дæр йæ уд нывондæн хæссы йæ уарзоны цардамондæн, йæхи уды æхцондзинад дзы байрох вæййы.

Мады, уæддайдæр, йæ мады тыххæй цы æмдзæвгæты цикл ныффыста, уыдон бирæ поэттæн сты батæхудыйы аккаг.

*Гыццийы къух. Æвзист къуухдарæн, ихсыд.*
*Уый зад æмæ хыссæйы ад кæндзæн.*
*Пырдта къумбил, гъе, арæзта хæринаг,*
*Кæнæ рæвдыдта сабийæн йæ рус, –*
*Сыгъд-иу дзы рухс… Ныр къух нындзыг ис иу ран.*
*Ныр къуухдарæнæн ахуыссыд йæ рухс…*

Уыцы судзгæ сагъæстæ йæ æркæнынц, донласт йæ ауонаыл куыд фæхæст вæййы, афтæ ныфсы хатдзæгмæ:

*Йæ ном ма мын баззад сагъæсæн,*
*Йæ ном ма мæ удыл бафтыд.*
*Фыд хæстæй фæстаг лæгæн рахæссын*

*Тырыса куыд бантыса, афтæ.*

/«Дзыццамæ мын чи бадзурдзæн»/

Ахæм ирд фæлгонцтæй ныв кæны йæ дзæнæты бадинаг мадмæ йæ уарзт, æмæ раргом вæййы йæ зæрдæйы сагъæс.

Нафи йе сфæлдыстады фæндзай азы, дæллаг галау, удуæлдай куыст фæкодта æмæ кæны, нæ сыхаг, стæй фæсарæйнаг адæмты литературæты аивдæр уацмысты ирон æвзагыл сдзурын кæныныл, ирон литературæйы истории раиртасын æмæ йæ раст фæндагыл уромыныл.

Æрмæст Пушкины роман «Евгений Онегин»-ы раивынæн цас хъару хъæуы! Нафийы тæлмацтæ та Къоста, Пушкин, Лермонтов, Шекспир, Шевченко, Есенин æмæ бирæ æндæр фысджытæй сты томгæйттæ.

Сæрмагонд чингуытæ – монографитæ ныффыста Къоста, Секъа, Брытъиаты Елбыздыхъо, Коцойты Арсен, Гæдиаты Цомахъ, Нигер æмæ æндæр ирон зынгæ фысджыты цард æмæ сфæлдыстадыл.

Æрмæст йæ цыппартомон куыст «Ирон литературæйы истории» у иу адæймаджы цæргæ-цæрæнбонтæмы хидкалæн куысты фаг. Йæ бирæ критикон æмæ литературæиртасæн уацтæн та нымæц дæр нæй.

Фæлæ йæхæдæг цæйау зæгъы: «...Зæгъгæ, фыдæвзарæн фæзынд, Уæд ратт дæ сонт кæстæрæн де 'нцон. Дæхицæн бахай кæн йæ зын». Уыцы зынтæ та, хордзенау, ныры хуызæн никуы æрæнцадысты Ирыстоныл, æмæ Нафи аив дзырдимæ йæ публицистикæ, йæ æхсæнадон архайдæй æрвылбон йæхицæн хай кæны йæ адæмы судзаггагдæр зынтæй.

Уымæн æмæ, адæймагæн æгады ном ныууадзынæй худинагдæр ницы ис. «Мæ фæстæ дур-дурыл мауал баззайæд»-ы хъуыдыйæ ма хъуамæ цæра, æмæ Нафийы уацау «Адæймаджы мæлæт»-ы хъайтар Уырызмæг йæ адзал куы базоны, уæд цард бæстонæй ныууадзыныл куыд хъары йæ фæстаг бонтæ, уый у Нафийæн йæхи царды нысан, йæ уды миниуæг дæр. Стæй уыцы уды æмцард кæнынц поэт, прозаик, драматург, критик, литературæиртасæг, тæлмацгæнæг, публицист, æхсæнадон архайæг... Се 'ппæт дæр – курдиатджын, се 'ппæт дæр – тыхджын... Кæцы фæнды дзы ма райс хицæнæй, алчи дæр сæ у цæст

æрæвæрыны, сæрмагонд дзырды аккаг, алчи дæр сæ саразта иу адæймаг цæргæ-цæрæнбонты уæхскуæзæй цас хъуамæ саразтаид, уый фаг. Фæлæ Нафийы къæсхуыр, тæлфаг буары æрцардысты уал уды, афтæ зæгъыны бар дæр ын уымæн ис:

*Лæг дæ? Дæ зыны ахиз кардау,*
*Уром, æхсон дурау, дæ хъыг.*
*Мæгуыр у, чи нæ уыд йæ царды*
*Уæдта 'мæ иу хæстваг мæсыг!*
/«Зын кары»/

Гъе, æмæ, уæдæ, Нафи йæхæдæг та у Ирыстонæн æнустæмы хæстваг мæсыг.

1995

## АККАГ ХУЫНТИМÆ

Фыссæг цалдæр чиныджы автор куы уа, йæ фæндзай азы йæхирдыгæй куы фæуой, уæд, гъай-гъайдæр, хъуамæ бæлвырд уой йе сфæлдыстадон фæндаг дæр, йæ аивады авналæнтæ æмæ йæ дзуринæгтæ дæр. Нæ абоны ирон прозæйы хуындзаутæй иу – Къæбысты Зауыр та йæ фæндзай азæн сæ хуыздæрты схæлар кодта ирон литературæйæн, ныффыста бирæ радзырдтæ, уацаутæ, романтæ æмæ йæ фæндзай азы юбилейыл хъæуы æмбæлын цинимæ. Уымæн æмæ, Зауырæн йе сфæлдыстадон фæндаг бæлвырд у, аивадон æгъдауæй йæ уацмысты йæ бон цас бæрцæй у сфæлындзын, уый дæр нырмæ равдыста æххæстæй æмæ алыварсонæй.

Фæлæ уал ын, чиныгкæсджытæ фыссæджы биографимæ тынг кæй фæцымыдис кæнынц, уый тыххæй йæ царды хабæрттæй нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм хицæн цаутæ.

Къæбысты Шакройы фырт Зауыр райгуырдис 1936-æм азы 27-æм июлы, Чеселты хъæусоветы, Ларойы хъæуы. Фыдæй хæрз чысылæй баззадис сидзæрæй, нырма къахæй дæр рæстмæ нæма уад, æмæ цух нæ уыдис йæ мад Хуыбылон (Джиоты Натъа), стæй йæ хисдæр хотæ æмæ æфсымæрты рæвдыдæй. Фæлæ адджын ныхасæй гуыбын не ‘фсæды, цинтæ уæлæдарæс нæ баскъуыхынц. Нæ райгуырæн бæстæ уыцы азты кæд удуæлдай куыст кодта, кæд стыр къахдзæфтæй цыдис размæ, уæддæр нырма бирæ цæмæйдæрты æййæфта цух. Уыимæ та, йæ бирæ æндæр хъæбултау, цардцух куыннæ зад  чысыл Зауыр, фæлæ зæрдæргъæвд хохаг лæппу ахуырмæ дæр æмæ фезмæлдмæ дæр зынгæвæрдæй уæлдай нæ уыдис, æмæ скъолайы партæйыл бадтаид æви хуымонтæн галтæрæгæй галты æфсондзыл, гъе, та чъеурийыл лæууыдаид, уæддæр йæ хъæлдзæг мидбылхудт нæ сысыд йæ цæсгомыл. Уый дзурæг уыд йæ сыгъдæг зæрдæйыл. Сыгъдæг зæрдæ та æвзæрдзинад нæ

исы, тырны размæ, хуыздæр фидæнмæ. Зауыр дæр кæд хæдзарон куыстытæй иппæрд никуы уыд, – уыдон та алыхуызон уыдысты: фосмæ зилын, хъæдмæ цæуын, колхозы кусын, – уæддæр йæ ахуыргæнæн чиныгыл йæ зæрдæ никуы ивта, йæ къухæй йæ никуы æппæрста. Æнтысгæйæ уымæн фæцис каст фыццаг сæ хъæуы райдиан скъола, стæй та – Хъемултайы астæуккаг скъола.

Уæды рæстæджы астæуккаг ахуырад кæмæ уыдис, уыдонæй йæ бирæтæ нымадтой фагыл – ахуыр адæм нæм уыйбæрц нæма уыд, фæлæ æвзонг, мызыхъарæзт хохаг лæппу æмбæрста, сомбон ын уыцы ахуырад нал сфаг уыдзæнис, Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ирон æвзаг æмæ литературæ, уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы факультетмæ уымæн бацыд ахуыр кæнынмæ.

Институт бирæ цæмæйдæрты феххуыс æвзонг, цардбæллон лæппуйæн, царды йын бирæ цæмæдæрты байгом кодта йæ цæстæнгас. Рагæй дæр æвзыгъд уыдис аив литературæмæ, æмæ ныр суыдта, йе 'вæджиаг галуанмæ йын Бахизæн кæуылты ис, уыцы дуар, ссардта йын йæ дæгъæл, райдыдта фыссын аивадон уацмыстæ – радзырдтæ.

Аивадон литературæ та кæд адæймагæн йæ уд æмæ йæ цард аивдæр кæны, уæддæр дзы домы бирæ хъизæмæрттæ. Хъуамæ чингуытæ кæсгæйæ, чингуытæ фысгæйæ, æрвитай дæ царды бонтæ, хъуамæ æййафай æгъуыссæг æхсæвтæ, фæлæ чеселттаг лæппу нæ фæтарст ахæм фыдæбæттæй. Уый нæ, фæлæ 1961-æм азы институт каст куы фæцис, уæд, цæмæй цард хуыздæр базыдтаид, цæмæй йæ уацмысты хъайтартимæ æмбæлдаид лæгæй-лæгмæ, сæ цæстытæм сын кастаид комкоммæ, уый тыххæй уыцы аз хохаг хъæумæ ацыд ахуыргæнæгæй. Куыста Ленингоры районы Гарубаны, Къитриулийы, Салбиеры. Ирон сабитæн амыдта сæ мадæлон æвзаг, куыста скъолайы директорæй. Хицæн рæстæджыты куыста Ленингоры районы газет «Ленинон»-ы, стæй областон газет «Советон Ирыстон»-ы редакцийы æндæр æмæ æндæр бынæтты, ныр та рауагъдад «Ирыстон»-ы кусы редакторæй.

Фæлæ диссаг цы у, уыцы азты, кæд дзы йæ иумæйаг куыст

тынг бирæ рæстæг иста æмæ исы, уæддæр йæ литературон куыстыл, йæ сæйраг куыстыл никуы суæлæхох, никуы йыл systa йæ къух.

Уый нæ, фæлæ цы адæмимæ фæкусы, цы адæмимæ фембæлы, уыдон удыхъæдты хицæн миниуджытæ фæисы æмæ фæбæтты иумæ, фæаразы сæ йæ уацмыстæн, рæстæджы цæсгом чи æвдисы, ахæм типон фæлгонцтæ.

Уыдон, ома йæ уацмыстæ, куыд ма загътон, афтæмæй цъус не сты. Газеттæ æмæ йын журналты фæрстыл цы бирæ радзырдтæ æмæ уацаутæ ныммыхуыр, уыдон кой куынæ скæнæм, уæддæр нырмæ рауагъдад «Ирыстон»-ы мыхуыры рауагъта бирæ очерктæ, радзырдтæ æмæ уацауты æмбырдгæндтæ, романтæ: «Гакъон фæндæгтыл» (уацау, 1965), «Хъисфæндыр» (радзырдтæ, 1970), «Сосойы зарæг» (Радзырдтæ æмæ уацаутæ, 1974), «Чапарохы æфцæгыл» (очерктæ, 1976), «Фæстаг маймули» (фантастикон роман, 1977), «Цæр алкæй тыххæй» (очерк, 1979), «Сау суадон» (роман, 1980), «Æртæхгæрдæг» (роман, 1984) – уыдон æрмæст сæ гуырахастæй дæр сты, иу адæймаг йæ цард-цæрæнбонты астæуккаг нымадæй цас хъуамæ фæфыстаид, уый бæрц.

Æмæ нырмæ кæй ныффыста, фæлæ мыхуыры чи нæма фæзындысты, уыцы чингуыты къухфыстытæ!..

Афтæ уымæн зæгъын, æмæ мæм мæ зæрдæ дзуры, цыма Зауырæн уый бæрц æнтысы, йæ уацмыстæн темæтæ, стæй сæ хъайтарты дæр уæларвæй кæй не скъæфы, фæлæ сæ кæй агуры, йæхæдæг цы царды цæры, уым, йæхæдæг цы адæмимæ æмбæлы, уыдон æхсæн, уыдон сæнтты.

Уыцы хъуыддаг фæбæрæг йæ фыццаг уацмыстæй, уæлдайдæр, йæ уацау «Гакъон фæндæгтыл»-æй.

Ам автор спайда кодта детективон жанрæй. Уый фæрцы уацмысы конфликт рауад драматикон, æмæ æвзонг прозаикмæ кæд уыйбæрц нæма уыдис фыссæджы дæсныйад, кæд аивады сусæг фæзилæнтæ ныры хуызæн нæма зыдта, уæддæр йæ уацауæй чиныгкæсджыты зæрдæтæм ссардта фæндаг.

Уацауы сæйраг хъайтартæй иу у Сослан. Йæ цардвæндаг æгæр гакъон уыдис, фæлæ автор аивадон фæрæзты фæрцы бацархайдта, цæмæй йæ баурæдтаид раст фæндагыл. Æмæ

авторæн кæд уый йæ фыццаг егъау уацмыс уыд, уæддæр зæгъæн ис, йæ разы цы хæс æрæвæрдта, уый сæххæст кæнын бацис йæ бон, бантыст ын Сосланы фæлгонц саразын дæр, стæй æрмæст Сосланы нæ, фæлæ Ботаз, Венерæ, Хазби, Ханиффæ, Сибо, Бибо æмæ иннæ хъайтарты фæлгонцтæ саразын дæр. Чиныгкæсджытæ дзы ныфс бавæрдтой, дарддæр сын сæ зæрдæтæ кæй барухс кæндзæнис бирæ аивадон уацмыстæй.

Æмæ сæ фыдæнхъæл нæ фæкодта. Фæд-фæдыл рауагъта радзырдтæ æмæ уацауты дыууæ æмбырдгонды – «Хъисфæндыр» æмæ «Сосойы зарæг». Уыдоны разынд йе 'цæг курдиат, куыд новеллист, афтæ. Фæбæрæг сæ ис, Зауыр кæй арæхсы прозæйы чысыл формæйæ адæймаджы царды цинтæ æмæ хъæнтæм дæсны фыссæджы цæстæнгасæй кæсын æмæ сыл дзурынмæ.

Цæмæй, фыссæджы авналæнтæ къуындæг кæм сты, литературæйы ахæм цыбыр формæйы бæрц дзырдтæ æмæ нымад деталты фæрцы дæ бон адæймаджы зæрдæмæ ныккæсын бауа, цæмæй йын йæ бæллицтæ æмæ йæ удыхъæд æххæстæй æмæ алыварсонæй равдисай, уый æнцон нæу, алы фыссæджы къухы не 'фты. Фæстаг рæстæджы арæхæйарæхдæр уымæн райдыдтам дзурын, цыма нæм радзырды жанр размæ нал цæуы.

Фысгæ сæ кæнæм, чизоны, æгæр бирæ дæр, фæлæ нæ, мæнмæ гæсгæ, алкæй бон нæ бавæййы, йæ «уацмыс» радзырды æмвæзадмæ сисын, бæрц дзырдтæй царды рæстдзинад равдисын.

Зауыр та «Хъисфæндыр» æмæ «Сосойы зарæг»-æй фенын кодта, кæй йæм ис уыцы курдиат.

Ахæм цæхгæр фæзилæнтæ, ирд нывтæ æмæ сæ удæгас æвзагæй спайда кæнын бацис йæ бон, æмæ сæ куы кæсай, уæд царды февзæрдзысты дæ разы, цыма дын сæ автор нæ дзуры, дæхæдæг сæ уыныс: «Изæрæрдæм уыд æмæ тæгæры аууон зæххыл ныддæргъ. Нæ дæр цъыфдзаст æвзары, нæ дæр къæдзæх, ныддæргъ ис æмæ хуыссы. Суанг арвы кæронмæ аххæст. Бæласы зæнджы алыварс ма дзы, къуымбил хæдоны бæзджын æфцæгготау, æрзылд иу цæг, стæй адаргъ хурыскæсæны 'рдæм.

Нинæ йæ цæнгтæ йæ гом зæнгтыл, тæлыйау æрбатыхта. Йæ тымбыл роцъо пылыстæг уæраджы сæрты ‘хсæн цуркау ныссагъта æмæ йæхи дыууæрдæм реуагæнæгау узы» («Саулагъз чызг»).

Йæ чингуытыл ирон чиныгкæсæг уымæн сæмбæлд зæрдиагæй.

Æмæ йæ романтæ?

Цыбыр рæстæджы фæдфæдыл рауагъта цалдæр уацау æмæ романы. Æвдисы сæ нæ адæмы цард Стыр Фыдыбæстæйон хæсты размæ азтæй суанг абоны онг. Æвдисы йæ алыварсонæй, æвдисы йæ алыхуызон æмæ йæхи хуызонæй.

Æнæзæгъгæ нæй, Зауыр кæй у фыццаг ирон фантастикон романы автор. Уый у авторы фыццаг роман дæр æмæ ирон литературæйы фыццаг фантастикон роман дæр.

Къæбысы-фырт æй кæд зынгæ францаг фыссæг Пьер Булы роман «Маймулийы планетæ»-йы æндæвдадмæ гæсгæ ныффыста, уæддæр йæ бон куыд бацыд, афтæ йæ сбаста ирон цардимæ æмæ нæм фантастикæйы жанры фыццаг зæрватыччы æнгæс кæй у, уымæ гæсгæ йæ æхсызгонæй кæсы ирон чиныгкæсæг.

Уæлдæр скодтон, йæ фыссæн стъолыл цы ног чингуыты къухфыстытæ ис, уыдон кой. Уыдонмæ чиныгкæсæг арæх кæй фæцымыдис кæны, уый мæхицæй зонын, уымæ гæсгæ сын, юбилярæй бар ракургæйæ, мæ бон у æмæ фехъусын кæнон, йæ фæндзай азы юбилейыл кæй æмбæлы аккаг хуынтимæ: тагъд мыхуыры фæзындзæнис йæ дыккаг фантастикон роман «Æлгъыст къæс», йæ фæстæ та лæууы ног, гуырахстджын роман.

Уыдон дзурæг сты авторы æнтыстыл.

1986

## ДЫУУÆРДЫГÆЙ ССУДЗГÆ ЦЫРАГЪАУ

Æвæдза, Адæймагæй райгуыр, Адæймагæй фæцæр æмæ Адæймаджы ном ныууадз дæ фæстæ, уый алкæй бон куыд хъуамæ уа.

Думбадзе Нодары бон баци.

Куыд фыссæг, афтæ дæр, куыд æхсæнадон кусæг, афтæ дæр, куыд æмбæстаг, афтæ дæр адæмы зæрдæмæ ссардта фæндаг æмæ дзы æрбынат кодта æнустæм. Литературæ та цас рагондæр уа, цас дзы ирддæр стъалытæ судзой, уый бæрц æм зындæр бацæуæн у, ноджы зындæр та – цæмæй дзы разынай, уæлдайдæр, цæмæй дæхи фидар бынат ссарай.

Нодар гуырдзиаг литературæйы, стæй æнæхъæн дунеон литературæйы дæр ссардта йæхи бынат. Фæлæ уæддæр, цæмæй æлхæдта милуангай чиныгкæсджыты зæрдæтæ, цæмæн ссис сæ уарзон фыссæг?

Уымæн бирæ цæвиттонтæ ис æрхæссæн – уæдæ, йæ лæгуарзондзинад æмæ лæгдзинад, уæдæ, æппынæдзух йемæ æмдзу чи кодта, йæ уыцы фæлмæн юмор æмæ хæлардзинад, рухс фидæныл æууæндын æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ хæдбындур курдиат æмæ фыссæджы фæлтæрддзинад…

Фæлæ уал фыссæджы биографийæ цалдæр дзырды.

Райгуырдис 1928-æм азы сусæны мæйы 14-æм бон Тбилисы, амондджын интеллигентон бинонты ‘хсæн, фæлæ йын йæ хъæлдзæг сабибонтæ байста 1937-æм аз – йæ ныййарджыты йын басыгъта культы азар, къорд азты фæстæ ма æрмæст йæ мадæн бантыст йæ уарзон хъæбулы фенын. Фарастаздзыд æнахъом сабийы, «адæмы знæгты» фырты бахъуыд ног цард кæныны сæр æмæ йын хъысмæт схай кодта йæ ныййарджыты хъæу Хидистауы.

«Схай кодта» уымæн зæгъын æмæ саби ам, æрмæстдæр ам банкъардта бындуронæй гуырдзиаг хуымæтæг фæллойгæнджыты сыгъдæг æнкъараг зæрдæ æмæ фæлмæн юмор. Йæ зæрдæйы адæймаджы уарзондзинад фыццаджы-фыццаг ам суагъта билцъ. Уарзт цы уды тæлфа, уымæн та иуран æрхæст нæй. Алы хатт дæр тырны, алы ран дæр ног фæндæгтæ агуры. Уыцы æнæрæнцой удыхъæд та йæ æрхаста

фæстæмæ Тбилисмæ дæр. Æцæг, ацы хатт ахуыры фæндагыл, паддзахадон университеты экономикон факультетмæ. Ахуыры фæстæ куыста экономикæйы кафедрæйы лаборантæй, стæй – журнал «Цискари»-йы, уыд киностуди «Грузия-фильм»-ы сценарион коллегийы уæнг. Уыд сатирикон журнал «Нианги»-йы сæйраг редактор, Гуырдзыстоны Фысджыты цæдисы секретарь, фæстæдæр йæ амæлæты бонмæ та – Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар, Советон Цæдисы Фысджыты цæдисы секретарь, ССР Цæдисы Сæйраг Советы депутат… Ссис Ленины номыл æппæтцæдисон премийы, Шота Руставелийы номыл премийы æмæ Ленинон фæскомцæдисон премийы лауреат…

Æппæт уыдон кой уымæн кæнын, æмæ арæх фæдзурæм, зæгъгæ, хус биографион зонæнтæ уый бæрц нæ вæййынц адæймаджы цардыл дзурæг, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, адæймаг цæмæй стыр фыссæджы ном хæсса, æмæ ма, ифтыгъд галау, алы бæрнон бынæтты уæз, æфсондзау, æнцайа йæ бæрзæйыл, уый тыххæй хъуамæ царды цыфæнды фыдæвзарæнты раз дæр макуы ‘ркъул кæна йæ сæр, йæ царды нысанæн макуы фенын кæна йæ чъылдым.

Думбадзе Нодар та æцæгдæр ахæм адæймаг æмæ фыссæг кæй уыдис, уымæн иууыл хуыздæр æвдисæн сты йæ лыстæгфыст чингуытæ. Йæ радзырдтæ, уацау æмæ романтæ алы хатт дæр æмбылдтой æмæ æмбулынц царды рæстдзинад æмæ, зæрдæ чи бацагайа, сæ уыцы рæсугъд аивадæй. Йæ уацмыстæ доны хуызæн кæй фæцæуынц, сæ фæлмæн юмор æмæ адæймагуарзондзинадæй чиныгкæсæджы сæ фæдыл кæй фæсайынц, уый тыххæй бирæтæм афтæ дæр фæкæсы, ома, хуымæтæг арæзт сты, фæлæ сæм лæмбынæг æркæс, уæд сæ фендзынæ фыссæджы радтæг гуырдзиаг адæмы удыхъæд, сæ цард, сæ бæллицтæ. Афтæ кæй фæдзурынц, зæгъгæ, фыссæг йæ адæмы, йæ рæстæджы азфыссæг у, уый, гæнæн ис, æмæ æнæкъæмдзæстыгæй ахæссæм Думбадземæ. Афтæ кæй уыдис, йæ алы ног уацмыс дæр-иу къухæй-къухмæ уымæн цыд, йе сфæлдыстад милуангай чиныгкæсджытæн афтæ зынаргъ уымæн у.

Афтæмæй йæм фыссæджы ахæм аманд æрхаудта, журнал «Цискари»-йы æппæты кæрон цы лыстæг фыст –

петитæй хъазгæмхасæн ныхасы хуызы цы фыццар роман мыхуыр кодтой, – «Æз, Æна, Иликъо æмæ Илларион», – уымæй.

Уацмысы сæйраг хъайтар цыргъзонд, тæлтæггомау, цардбæллон Зураб Вашаломидзейы бирæ критиктæ абарстой авторæн йæхиимæ. Æмæ нæ фæрæдыдысты. Вашаломидзе царды фыццаг къахдзæфтæ куыд кæны, уый бирæбæрцæй у баст Нодарæн йæхи æвзонджы бонтимæ. Æмæ йын уымæн ис æндæр удварн. Леонардо да Винчи йæ гениалон «Джокондæ»-йы йæхи ныв куыд скодта, афтæ фыссæг дæр, фæнда дæ æви нæ, уæддæр кæмдæр йæ хъайтарты, кæд иугъуызон бæрцæй нæ, уæддæр февæры йæхи уд.

Нодар дæр ыл йæ къух нæ систа, фæстæдæр ма цы романтæ ныффыста – «Хуры уынын», «Хурæхсæв», «Ма тæрс», «Гыцци», «Урс тырысатæ» æмæ «Æнусты фæтк», стæй йæ аив радзырдты æмбырдгонды дæр. Фæлæ уымæй кæрæдзийы фæлхатт, мыййаг, нæ кæнынц. Сæ рæстдзинад æмæ сæ цардуагон хъуыддæгтæй чиныгкæсæджы сæхиуыл æууæндын кæнынц тынгдæр, адæймаг æрвылбонон хъуыддæгтæм цымыдис у, æмæ йæ æрцахсынц, цалынмæ чиныджы фæстаг сыф нæ афæлдæхта, уæдмæ йæ нал фæуадзынц сæхицæй.

Дзырдæй афтæ аив пайда кæн, адæймаг йæхæдæг цы цардæй цæры, цыма йын фæстаг судзины сынчыййонг дæр зындгонд чи у, уый йын афтæ æвдис, æмæ йæм йæхæдæг дæр сцымыдис уа, уымæн фыссæджы стыр дæсныйад хъæуы, адæймагмæ царды фæндтæ, фидæны ныфс чи хъуамæ æвзæрын кæна.

Нодары уыцы æнæбаивгæ хиæдтыл нырма бирæтæ ахуыр кæндзысты. Йæхиау йæ уацмысты хъайтартæ царды цыфæнды скъæрæнты ма бахауой, уæддæр зонынц, растдæр зæгъгæйæ та – хатынц, а-дунемæ адæймаг, йæ къух мыды дара, æрмæст уымæ кæй не ‘рцæуы, зæххыл рæстдзинад æмæ хæлардзинад, адæймагуарзондзинад кæй хъуамæ тауа, æмæ уæд сæхи уды хъизæмæрттæм фæкæсынц маст æмæ ныфсы ‘хсæнæй ратæдзгæ юморы ‘хсæнты.

Афтæ у Вашаломидзе Зурико йæ фыццаг романы, афтæ у Мамаладзе Сосойя («Хуры уынын»), афтæ у Барамидзе

Теймураз («Хурæхсæв»), афтæ сты Джахъели Авто, Накъашидзе Заза, Рамишвили Бачана («Ма тæрс, Гыцци», «Урс тырысатæ», «Æнусты фæтк»), стæй йæ уацау «Къукъарача» æмæ йæ радзырдты сæйраг хъайтартæ. Фидарæй сæ фæуырны, сæ райсомы хур сæ кæй батавдзæнис, сæ зæрдæты æрхæндæг æмæ сын сæ царды зынтæ кæй фæсурдзæн.

Уыцы ныфс цæуы авторæй. Йæхæдæг та йæ исы, сæ уды хъармæй зæххы дæр æмæ цард дæр чи тæфсын кæны, йæ уацмысты хъайтартæ чи свæйынц, уыцы хуымæтæг, иузæрдыг æмæ æппæтхъом адæмæй. Символикон хуызы йæ æвдисгæ та кæны, зæххы цъарыл цард дæр æмæ бон дæр кæй фæрцы ис, уыцы иунæг ХУРЫ хуызы.

Нодармæ Хур æрмæст æрдзон æмбарынад нæу. Зæгъæн ис, уыцы символикæ, ома, Хур ын æнæхъæнæй кæй рухс кæны йе сфæлдыстад. Æгæрстæмæй йæ уацмыстæй бирæтæ райдайынц хурæй, кæнæ та сæ нæмттæ баст сты хуримæ. Уымæн æмæ сæ автор йæ цард, стæй йæ уацмыстæй адæммæ, цардмæ хаста Хур – æппæтхъом, царддæттæджы фæрцы. Æнæуый цард нæ ымадта цардыл.

Зæгъынц, зæгъгæ, 1984-æм азы рухæны мæйы 14-æм бон зæрдæнизæй куы фæзиан, уымæй дзы цалдæр боны раздæр дохтыртæ, йæ роман «Æнусты фæтк»-ы хъайтар Рамишвили Бачанамæ куыд бахатыдысты, афтæ домдтой, цæмæй сын бар радтаид æмæ йын йæ риуы нывæрдтаиккой аразгæ зæрдæ.

Нодар, Бачанайау, не сразы ууыл. Нодар уый бæсты йæ мæлæты размæ æрбахъæбыс кодта йæ хæлæртты æмæ амард заргæйæ. Йæ уацмысты хъайтартимæ цард иу цардæй. Се ‘ппæт хорз миниуджытæ дæр цыдысты авторы удæй. Удæй чи цæуы, уый та уд хæссы, æмæ Думбадзе Нодар кæд, дыууæрдыгæй ссудзгæ цырагъау, басыгъд, уæддæр йæ аивад адæмы зæрдæтæ агайдзæнис æнустæм.

1988

## ХОРЗ ДАРДМÆ ЗЫНЫ

Адæймаджы фæндаг цардмæ куыд у, аивадмæ дæр – афтæ: кæмæн дзы йæ фæллой æнæнхъæлæджы акалы цæхæр, кæмæн фыццаг фæзындæй баззайы йæ ном, æрфæны фæдау, кæмæн та йæ райдианæй йæ кæронмæ йæ фыдæбон вæййы байраджы хъиамæты хуызæн.

Ушангы фæндаг дæр бæмбæджытыл нæ хызт аивадмæ.

Фæлæ алцы дæр райдайæм сæраæй.

Раздæр – Дзауы районы мугуттаг, фæстæдæр та – Ахметайы районы Думастуры хъæуккаг, хъæууон ахуыргæнæг Козаты Алексийæн фæсхæст фæд-фæдыл дыууæ фырты куы райгуырд, уæд дзы, йæ зæрдæ æппынæдзух йæ фыдæлты уæзæг, Ирыстонмæ кæй æхсайдта, хæсты фыдазтæ йыл сæ уæззау гакк кæй æвæрдтой, уыдон иууылдæр айрох сты.

Уымæн æмæ, ныфсджын уæрдонджын у. Уæрдоныл та ацæуæн дæр ис æмæ æрбацæуæн дæр. Алекси дæр развæлгъау йæ фидæны цинæй уымæн рад. Нæ Иры дзыхъхъы фыдæлтæй фæстæмæ адæймаджы амонд нæлдыхы уыдтой, æмæ йæ уырныдта, хоры нæмыгау, йæ мады æхсыры хъуырттимæ йæ фыдæлты зæххы уарзондзинад цы зæрдæйы нывæрай, уым ын билцъ æнæ суадзгæ нæй, æмæ искуы дидинæг куыннæ хъуамæ рафтауа, хъæздыг тыллæг куыннæ хъуамæ ратта!

Æмæ кæд Алекси йæхæдæг дæр уазал зæрдæ нæ уыд ныв кæнынмæ, уæддæр æй развæлгъау куыд хъуамæ уырныдтаид, йæ дыууæ фырты дæр, æмæфсондз галтау, ацæудзысты иу фæндагыл, Ирыстоны, фыдыуæзæджы уарзт сæ зæрдæты афтæ скалдзæнис цæхæртæ, сæ фыдæлты зæхх сæ афтæ нылвасдзæнис йæхимæ æмæ сæ, кæлæнгæнæгау, сдзурын кæндзæнис уæлмонц æнкъарæнтæй, аивады æвзагæй.

Стæй куыд!

Фæлæ мæнæн мæ дзырд кæстæр æфсымæрыл кæй у, уым æнæзæгъгæ нæй, лæппуйæн Райгуырæн бæстæмæ дæр, цардмæ дæр, сæйраджы-сæйраг та – ныв кæнынмæ йæ уарзт иууыл тынгдæр кæй рæзт йæ хистæр æфсымæр Зауырмæ кæсгæйæ. Уый сæ хъæуы астæуккаг скъола каст фæуыны

фæстæ, Тугъанты Махарбеджы номыл Цхинвалы нывгæнæн ахуыргæнæндонмæ уый тыххæй бацыд. Уый бафæзмыдта кæстæр æфсымæр дæр.

Æвзонг, курдиатджын лæппу ам профессионалон нывкæнынады сусæгдзинæдтæ базоныны тыххæй не 'вгъау кодта йе 'ппæт хъару, йæ зонындзинæдтæ, æмæ азæй-азмæ æргомæй æргомдæр кодта йæ курдиат. Уæд райдыдта бæлвырдæй зынын, æвзонг нывгæнæгæн йæ уды æнкъарæнтæ, йæ зæрдæйы алы хуызтæ, йæ уæлмонц æмæ уыимæ æппынæдзух цахæмдæр фæдисы къахыл лæуд хъуыдытæ æххæстæй равдисынæн æй сæ фæдыл кæй сайынц, реалистон нывкæнынад нæ, фæлæ ацы аивады æндæрвæрсыг фæндæгтæ, экспрессионистты сфæлдыстад æй йæхирдæм тынгдæр кæй здахы.

Æмæ йæ здахгæ дæр акодта.

Растдæр зæгъгæйæ та, Ушанг ахуыргæнæндоны куы ахуыр кодта, уæд йæхæдæг дæр бæлвырд хатыд, йæ ахуыргæнджытæй кæйдæрты сфæлдыстадæй йæ бон йæхи сæрибарæй кæй нæ уыд атонын. Уыцы хъуыддаг та йæ æвæстиатæй хъуыдис аразын. Уæлдайдæр, Ирыстоны тызмæг æрдзмæ йæ уарзондзинад йæ туджы уыдис, уый йæм сидт йæхимæ, æмæ куыддæр ахуыргæнæндон каст фæцис, афтæ афардæг Дзауы районы Ручъы астæуккаг скъоламæ ныв кæныны ахуыргæнæгæй.

Æвзонг, хъаруджын лæппуйæн уæдмæ кæйдæр нывтæн хуызивд халдихтæ кæнынæй йæ зæрдæ фæцъæх, æмæ Ирыстоны рæсугъддæр кæмттæ, уæлдайдæр, Дзомагъ, Сыба, Брытъаты кæмтты алæмæтон рæсугъддзинад куы федта, уæд сыл дзæгъæлтæ кодта йæ цæстæнгас, йæ зæрдæ æмæ йæ хъуыдыйы райхъал цыдæр æмбæхст, æнæуынгæ тых. Нал ын уыд уромæн, рæдывта йæ рохтæ…

Æрцахсын та йæ хъуыд. Фæлæ цы хуызы?

Æмæ фидарæй банкъардта Козайы фырт, ам ын искæмæ кæсгæйæ кæй нал у, ам ын кæй ничи ницы баххуыс кæндзæнис, ам æрмæстдæр курдиат æмæ нывгæнæн цъылынæг се «уæнгтæ» кæй хъуамæ айвазой сæрибарæй. Уæлдайдæр æй уымæ сайдта хæххон лæджы парахат æмæ æууæндаг зæрдæ, йæ зонгæтæ æмæ æнæзонгæты удыхъæд, сæ цин æмæ сæ маст, сæ ацыд æмæ се 'рбацыд…

Сæр æй бахъуыдис, цæмæй хæхбæстæ йæхæдæг дæр, йæ цæрæнуæттæ дæр, йæ цæрджытæн дæр сæ тызмæг бакаст æмæ сæ цæстæвæрæн рæсугъддзинад, сæ удфæразондзинад æмæ уарзæгой зæрдæтæ куыд иу кæнынц, сæ кæрæдзийæ сын фæхицæн куыд нæй, уый равдисынæн.

Æмæ агуырдта алыхуызон аивадон амæлттæ. Агуырдта йæхи зæгъинæгтæ, йæхи сфæлдыстадон фæндаг. Рукъгом, номхуындæй йын Згъубир бацис дыккаг райгуырæн къуым, растдæр зæгъгæйæ, йе сфæлдыстадон фæндаджы райдайæн.

Ацы зæххы фарны тæваг æмæ уарзтæй цы куыстытæ арæзта, уыдон фæрцы райдыдта хизын областы арæнтæй – Октябры революцийы 60 азы цытæн Тбилисы нæ нывгæнджытæн цы равдыст уыдис, уым Ушанг хайад иста нæ аивады дæснытдæр сфæлдыстадон кусджытимæ иумæ.

Фæстæдæр Ташкенты цы Æппæтцæдисон равдыст уыдис, «Бæстæйы æвзонгад», зæгъгæ, уырдæм та, нæ республикæйæ ма дзы цы дыууæ нывгæнæджы уыдис, уыдонимæ бахастой Ушанджы куыст «Зымæгон хизæнуæттæм» дæр.

Куыст адæймаджы цæстæнгас йæхимæ æлвасы йæ композици, йæ аивадон уырнынад, йæ фигурæтæ æмæ хуызты цæрдхъомдзинадæй. Нывы удгоймæгтимæ æмцард кæнынц мæсгуытæ дæр, хæдзæрттæ дæр, зæхх дæр…

Уыцы æнтыст æвзонг нывгæнæгæн хызт иу куыстæй иннæмæ. Кодта азæй аз тыхджындæр. 1978-æм азы йæ ССР Цæдисы Нывгæнджыты цæдисмæ уымæн айстой. Уæдæй фæстæмæ йæ æрвылаз дæр, Мæскуыгæрон Сенежы цы æвзонг нывгæнджыты къорд фæкусы, уырдæм уый тыххæй фæхонынц.

Æмæ йæ къухы иу æнтыст æфты иннæйы фæстæ.

Фæлæ Ушанг нывкæнынады экспрессионизмы фæдыздæхтыл лæуд кæй у, æмæ цалдæр азы æрмæстдæр хуызтæй кæй æвдыста цард, уый тыххæй уал цалдæр дзырды.

Цардæн æвдисæн ис æмæ йæ æвдисгæ дæр кæнынц дзырдтæй, зæлтæй, фигурæтæй…

Уæдæ йæ цæмæннæ ис равдисæн хуызтæй дæр?

Æмæ йæ æвдыста, стæй æвдисы Ушанг. Алыхуызон хуызтæ йæм ацæуынц æддæг-мидæг, æрцахсы сæ, хуымæтæг адæймаджы цæст кæуыл нæ хæст кæны, адæймаджы уд

чи стæлфын кæны, царды ахæм фæзилæнтæ, йæ сæрибар æмæ нын тыхджын авнæлдæй равдисы нæ тызмæг æмæ алæмæтон æрдз, стæй ирон удыхъæды романтикон æмæ драматикон æууæлтæ.

Фæлæ мæм афтæ дзуры мæ зæрдæ, æмæ иу хъæлæсæй оперæ фыссæн куыд нæй, афтæ цардæн дæр йе 'ппæт фæзилæнтимæ цыма æрмæст хуызтæй нæй зæгъæн.

Кæд Ушанг дæр йæ нывтæм фæстæмæ фигурæтæ хæссын уымæн райдыдта?

Æмæ сæ кæрæдзийы фæдыл райгуырдысты, йæ царды æрвылбонон цин æмæ хъыг, æвæлмондзинад æмæ, фæдис кæм æвдисы, ахæм нывтæ: триптих – «Сæры къуыдыр», «Цæф тигр», «Халон холыйыл», стæй – «Зæхх кæуы», «Къæвдайы фæстæ», «Кæдмæ цæрдзынæн иунæгæй хæхты», «Къæвдаджын ком», «Мæ сыхаг Павлик», «Ме 'фсымæр мын загъта, æрбауагътой сæм рухс», «Зæй»…

Хорз дардмæ зыны, æмæ Козайы фырты курдиат, йæ фарсмæ чи лæууыд, уыдонæй æддагæттæ раздæр федтой: 1986-æм азы Ригæйы æвзонг нывгæнджытæн цы равдыст уыдис – «Дыккаг цау», зæгъгæ, уырдæм ын бахастой йæ куыстытæ «Кусарт», «Хæхты зарæг», «Ручъы кæстæртæ», «Цæгаты хъæу», «Дзомагъ». Иу аз фæстæдæр та Мæскуыйы уыцыиу рæстæджы «Бæстæйы æвзонгад», зæгъгæ, ахæм номимæ хайад исты дыууæ æппæтцæдисон равдысты – «Манеж» æмæ Нывгæнджыты сæйраг хæдзары.

Ушанoccы куыстытæн ацы равдысты цы æнтыст уыдис, уыдон тыххæй, мæнмæ гæсгæ, сæ дарддæры æнтыст хуыздæр зæгъдзæнис. Уымæн æмæ, ивгъуыд аз Германы Федеративон Республикæйы Гамбургы æмæ Мюнхены горæтон музейты, ацы аз та махмæ Мæскуыйы Паддзахадон нывты галерейæйы æмæ Ленинграды паддзахадон Эрмитажы Советон Цæдис æмæ Германы Федеративон Республикæйы нывгæнджытæн цы равдыстытæ уыдис «Тас æмæ ныфс», зæгъгæ, уым хайад райста не 'мзæххон курдиатджын нывгæнæг Козаты Ушанг дæр.

Къаддæр цины уац нæм не 'рыхъуыст дард Японы зæххæй – ивгъуыд аз Октябры революцийыл 70 азы сæххæсты

сæраппонд нæ бæстæйы нывгæнджытæн япойнаг нывгæнджытимæ цы равдыст уыдис – «Советон нывкæнынад», зæгъгæ, уырдæм бахастой Ушангæн дыууæ куысты – «Ме ‘фсымæр мын загъта, æрбауагътой нæм рухс» æмæ «Мæ сыхаг Павлик», æрæрвыстой йын зæрдылдарæн майдан дæр.

Фæлæ уыдон æвзонг курдиатджын нывгæнæгæн нырма йæ фыццаг уæлахизтыл дзурынц, æмæ йæ аивады рæзт æмæ куыстуарзондзинадæй бæрæг у, уыцы æнтыстытæ кæй сты йе стыр фæндаджы райдиан.

1988

## КЪÆБЫСТЫ НИКЪАЛАЙЫ ТЫХХÆЙ

### 1. НЫВГÆНÆГ КЪОЛА

Вæййы афтæ, адæймагæн иу бакастæй фæхатдзынæ йæ удыконд дæр, йæ зæрдæйы хъулæттæ дæр,  йæ уæнгты хъару дæр… фæлæ раздæры ССР Цæдисы Нывгæнджыты цæдисы уæнг, Гуырдзыстоны ССР сгуыхт нывгæнæг Къæбысты Никъала (кæнæ йæ хæларзæрдæйæ куыд хонынц йе 'мбæлттæ – Къола) уыдонмæ нæ хауы. Иу каст æм куы фæкæнай, уæд дæм йе уæнгты кондæй æнæмæнг уæзбын фæкæсдзæнис, уый та æппынæдзух тæлфгæ кæны, зивæг цы у, уый нæ зоны, кæмæй акæнынц, ахæм…

Йе змæлдмæ йын куы кæсай, уæд та йын йæ кар нæ базондзынæ, йæ азтæ йыл цыма сæ гакк бынтондæр не 'рæвæрдтой… Исты куысты куы бацæуа – æрмгуыст уа æви административон хъуыддаг – уæд та дзы ахæм профессионалон хиæдтæ ссардзæнис ( административон куысты дæр), æмæ цыма чысылæй фæстæмæ раст уымæ радта йæ зæрдæ.

Æмæ зæрдæйы тыххæй…

Æрмæст ын уымæй ис базонæн. Йæ зæрдæйæ.

Уыцы тæлфаг, дзырдарæхст адæймаг дын йæ цард, йæ куыст кæнæ хабæрттæй ахæм карзæй цыдæртæ дзурдзæн æмæ зæгъдзынæ, ай бынтон æгъатыр цыдæр куы у, стæй йæ хæстон æмбæлттæ, кæнæ йæ бинонтæй искæмæй исты цины, кæнæ хъыгаг хабар æрбалæудзæнис йæ зæрдыл æмæ чырыстон хойраджы æнхъизæнæй фестдзæнис фæлмæндæр, йе ставд цæссыгтæ йæ нал фæрсдзысты, сæхихъæдæй згъордзысты йæ нарстгомау уадултыл.

Уымæн æй нал фæрсдзысты, æмæ цæудзысты йæ зæрдæйæ. Стæй йæ цæссыгтæ цæмæн – йæ ацыд, йе ‘рбацыд, йæ цард, йæ куыст æмæ, сæйраджы сæйраг, йæ аивад дæр цæуынц йæ зæрдæйæ.

Зæрдæйæ чи цæуы, уый та зæрдæйы фæндиаг вæййы, æмæ йын йæ куыстытимæ куы зонгæ кодтон (æниу, бирæ равдыстытæ æмæ йе ‘рмадзы хицæнтæй иу æмæ дыууæ хатты нæ баззадтæн лæугæйæ сæ разы), уæд сæ агуырдтон уыцы зæрдæ, Къолайы зæрдæ. Уымæн æмæ аивады кусæгæн йæхи фæнда æви нæ, уæддæр йæ удыхъæд йæ уацмысты æнæмæнг разыны.

Æмæ дæхæдæг нæ хатдзынæ, куыд дæ сайдзысты сæ фæдыл, сæ кар, сæ дæсныйад, сæ дунеæмбарынадæй иугъуызон чи нæу, фæлæ йæ адæймагдзинад йæ цæсгомыл фыст кæмæн у, цардмæ сыгъдæг æмæ зондджын цæстæнгасæй чи кæсы, йæ абоны уæззау уаргъ ын йæ рухсдæр фидæны ныфсæй чи хæссы, ахæм фæлгæнцтæ… иу, дыууæ… Дæс… Дыууадæс… Ирон литературæйы классик «Гæдиаты Секъайы портрет», поэт «Гæззаты Сосланы портрет», Къолайы ахуыргæнæг Тугъанты Махарбеджы портрет, «Шахтер Хуыгаты Алихан», «Профессор Абайты Васо», «Сæлимкæ», автопортреттæ, Фыдыбæстæйон хæсты хайадисджытæй бирæты портреттæ…

Къолайы нывтæм кæсгæйæ æппæты фыццаг æнæфæхатгæ нæ фæуыдзынæ, ацы лæг фæлтæрд, дæсны портретаразæг кæй у. Йæ сæйраг хорздзинад та – адæймаг цæмæй у, йæ алыварсуæвæг дзыллæйæ кæй фæрцы хицæн кæны, сæ уыцы уды конд æмæ зондахаст сын сæ цæстæнгас, сæ цæсгомы æвæрд, сæ уæнгты змæлдæй йæ бон равдисын кæй бавæййы.

Къоламæ, куыд портретаразæг, афтæ ис иу диссаджы хорздзинад: кæй нæ зыдта, уыдон фæлгонцтæ саразын дæр бавæййы йæ бон.

Гæдиаты Секъайæн йæ ныв баззадис, иу къорд адæймагæй цы къам систой æмæ дзы уымæн æрмæстдæр йе ‘хсæрфарс кæм зындис, ахæмы… Æмæ уымæ гæсгæ нывгæнæгæн бацис йæ бон нæ аив литературæйы классик, куырыхон

хисдæр æмæ æмбисондæндзуринаг уæздан лæджы фæлгонц саразын.

Афтæ сарæзта поэт Гæззаты Сосланы портрет дæр.

Фыдыбæстæйон хæсты фæмардуæвæг æвзонг фысджытæй къам кæмæн нæ баззад, уыдонæй бирæты нывтæ сарæзта сæхиуæтты радзырдтæ æмæ хуызтæм гæсгæ, æмæ йыл сæ хæстæджытæ æмæ зонгæтæ æууæндгæ дæр нæ кодтой; зыдтай сæ, афтæ аив сæ уымæн сарæзтай, зæгъгæ.

Фæлæ мæм, куыд портретаразæг, афтæ йæ иууыл стырдæр æнтыст кæсы, 1975-æм азы цы автопортрет сарæзта, уый, аив ахорæнтæ зæрдæйы уаг æвдисæг кæм сты, уыцы реалистон фæрæзтæй арæзт фæлгонцæй мæм кæсы удвидар, бирæ æмбæхст хъару кæмæ ис, алы хатт дæр йæ хъуыддаг кæронмæ чи ахæсдзæнис, ахæм адæймаг. Æмæ уый у Къола.

Къола афтæ кæй у, йæ къухы уыцыиу рæстæджы уымæн æфтыд æмæ æфты æппынæдзух æхсæнадон куыстимæ аивадон куыст, уæлдайдæр, графикæ, гуаш æмæ сойджын ахорæнтæй уыцыиухуызон арæхстджынæй кусын.

Йæ куыстытæ «Фыццаг поезд Чъребайы», «Хъæздыг тыллæг», «Фыццаг хахх», «1942 аз», «Мæ ком та райгуырд» æмæ бирæ æндæртæ сæ тематикæ, сæ композицион нывæзт æмæ аив арæзтæй адæймаджы зæрдæ кæй рæвдыдтой æмæ рæвдауынц, уый тыххæй æрзылдысты нæ раздæры Цæдисы бирæ равдыстытæ æмæ мыхуыры органтыл, уымæн сыл фембæлынц адæм алы хатт цымыдисæй. Уымæн æмæ йе ‘ннæ хъуыддæгтау, йæ аивад дæр ратæдзы йæ зæрдæйæ.

Къолайы ахуыргæнинæгтæ сты Ирыстоны адæмон нывгæнæг Абойты Зауырбег, Уæрæсейы сгуыхт нывгæнджытæ Дзантиаты Юри æмæ Кцойты Феликс, нывгæнджытæ Джиоты Лев, Беруаты Гиуæрги æмæ бирæ æндæртæ.

Иу хатт мын чидæр уынын кодта, хисты сабæттаг цы адæм радтой, уыдон номхыгъд. Зианы фынгыл нæм адæмы нымæц бирæ хатт минæй кæй ахизы, уый бæлвырд у. Æмæ номхыгъды алы адæймагæн дæр йæ ном, йæ мыггаг, бирæтæн сæ фыды ном дæр уыдысты фыст, цæмæй æндæр искæимæ ма фæивддзаг уа, æрмæст дзы иунæг ран – «Нывгæнæг Къола».

Ӕмӕ ахъуыды кодтон: О, Къӕбысты Къола зӕрдиагӕй кодта зӕххы куыст, фӕлӕ зӕхкусӕг не сси; куы бахъуыд, уӕд Стыр Фыдыбӕстӕйон хӕсты бирӕ рӕстӕджы фӕтох кодта знаджы ныхмӕ, фӕлӕ профессионалон хӕстон не сси; йе 'взонгӕй фӕстӕмӕ ӕппынӕдзух куыста хицӕутты бынӕтты, фӕлӕ не сси бынаты лӕг (чиновник) дӕр. Уый бар ын нӕ радта йӕ курдиат, ӕмӕ йӕ кӕд уыдон иууылдӕр хъыг дардтой, йӕ сӕйраг куысты, кӕд ын нывгӕнӕджы куыстӕн ӕрмӕстдӕр уыдисты къуылымпыйы хос, уӕддӕр ӕй адӕм базыдтой ӕмӕ зондзысты ӕрмӕстдӕр иу номӕй – нывгӕнӕг Къолайӕ.

1993

## 2. НЫХАС НЫВГӔНӔГЫЛ

Ӕцӕг нывгӕнӕджы сфӕлдыстадыл дзурын алыхатт дӕр зын вӕййы. Ноджы зын дӕр та 80-аздзыд нывгӕнӕджы сфӕлдыстадӕн аргъ кӕнын у. Дзырд кӕуыл цӕудзӕн, уыцы адӕймаг – Къӕбысты Григолы фырт Никъала у, адӕймаг кӕмӕ бахӕлӕг кӕна, ахӕм хъаруйы хицау, йӕ царды бирӕ федта, ӕмӕ уыцы бирӕ алыхатт дӕр ныууадзы йӕ фӕд, куыд адӕймагӕн йӕхиуыл, афтӕ йе сфӕлдыстадыл дӕр. Никъалайӕн та ( ӕви йӕ йӕ хӕлӕрттӕ барджынӕй куыд фӕхонынц – Къола) йӕ бон у ныфсджынӕй зӕгъа: «Ӕз нывгӕнӕг дӕн».

Къӕбысты Никъала райгуырди 1922-ӕм азы хуымгӕнӕны мӕйы 28-ӕм бон горӕт Цхинвалы. Райдиан скъола каст фӕцис Дампъалеты хъӕуы, ӕнӕххӕст астӕуккаг скъола – Зары хъӕуы. 1942-ӕм азы ӕнтысгӕйӕ каст фӕцис Цхинвалы нывгӕнӕн ахуыргӕнӕндон. Йӕ ахуыргӕнӕг уыд зынгӕ ирон нывгӕнӕг Тугъанты Махарбег. Никъалайыл 20 азы куы сӕххӕст, уӕд ацыд фронтмӕ Фыдыбӕстӕ хъахъхъӕнынмӕ. 1944-ӕм азы уӕззау цӕфты фӕстиуӕгӕн бахауд госпиталмӕ. Хӕсты фӕстӕ 1947-ӕм азы Къӕбысты Никъала ӕнтысгӕйӕ фӕлварӕнтӕ радта Киевы аивады институты скульптурӕйы факультетмӕ. Иу азы фӕстӕ йӕ ахуыр раивта Тбилисы нывгӕнӕн академийы

хуызфыссынады факультетмæ æмæ йæ æнтысгæйæ каст фæцис 1951-æм азы. Йæ дипломон куыст уыд «Фыццаг поезд Чъребайы».

Стыр Фыдыбæстæйон хæсты фæстæ Советон бæстæйы æппæт адæмтæ радысты сæ фæллойадон сгуыхтдзинæдтыл.

Ахæм сгуыхтдзинæдтæй Хуссар Ирыстоны иу уыдис æфсæнвæндаджы байгом.

Уыд хъарм хурбон. Адæм бæрæгбонон фæлысты лæу-уынц æфсæнвæндаджы цур æмæ цин кæнынц Чъребамæ æрбацæуæг фыццаг поездыл.

Ацы бирæфæлгонцджын композици æххæст æрцыд бæстон æмæ  профессионалон æмвæзадыл.

Къæбысты Никъалайы дæсны æрмдзæфы фæрцы мах уынæм, фыццаг поездыл чи цин кæны, ахæм бирæнымæц райдзаст цæсгæмттæ. Уый нын йæ цъылынæджы фæрцы равдыста йæ истори.

Академийы паддзахадон къамис стыр аргъ скодта ацы бирæфæлгноцджын композицийæн, ныв фæцыд зындгонд нывгæнджыты зæрдæмæ. Иууылдæр саргъ кодтой Никъалайы курдиатæн.

Никъала бирæ бæрнон бынæтты фæкуыста, уыд йæ рай-гуырæн хъæуы колхозы сæрдар, Хуссар Ирыстоны нывгæн-джыты Цæдисы сæрдар, нывгæнæн æрмадзты директор. Йе ‘взонджы бонты фыста æмдзæвгæтæ дæр, фæлæ ацы хæлар-зæрдæ, эмоционалон æмæ  адæмуарзон адæймаг фыццаг ра-ды у нывгæнæг.

Йæ куыстыты сæйраджыдæр зыны йæ бæрзонд уды равг, монон культурæ, истори æмæ нæ адæмы царды уаг. Йæ фæлгæнцтæ сты хæдбындур, кæрæдзийæ хицæн кæнынц сæ характерон миниуджытæ æмæ дæсныйæдтæй, фæлæ се ‘ппæты дæр иу кæны адæймагдзинад, цардмæ уарзондзинад æмæ фæлдисынмæ тырнындзинад.

Кæрæдзийы фæдыл зынын райдыдтой 20-æм азты цау-тæ, хæсты дуг, ирон адæмы ивгъуыд æмæ абон æвдисæг нывтæ: «С.М. Кировы сæргълæудæй 11-æм Армийы рахызт Мамысоны æфцæгыл» «Фосдард Хуссар Ирыстоны», «Зиу-мæ», «1942 аз», «Хетæгкаты Къоста хасты фæстæ» æмæ æндæртæ.

Уыцы куыстытæ кæддæриддæр сæхимæ здæхтой бирæнымæц аивадуарзджыты цæстæнгас сæ тематикæ, композици æмæ бæрзонд аивадон æмвæзады фæрцы.

«С.М. Кировы сæргълæудæй 11-æм Армийы рахызт Мамысоны æфцæгыл»-ы нывгæнæг равдыста 11-æм Армийы дæлхæйтты Цæгат Ирæй Хуссармæ æрцыд, стæй та 21-æм азы марты мæйы Гуырдзыстонмæ йæ уæлахизхæссæг стæры историон нысаниуæг.

Киров æмæ йæ хæстонты фæлгонцтæ бæстондæр æмæ дырысдæрæй æвдисынц уыцы уæлахизхæссæг стæры мидис æмæ историон нысаниуæг. «1942 аз» дæр дзурæг у нывгæнæджы дæсны æрмдзæфыл. Никъала йæхиуыл бавзæрста Стыр Фыдыбæстæйон хæсты уæззау бонтæ, куыд фронты, афтæ фæсчъылдым дæр, æмæ йæ конд нывы цы равдыста, уыдон æрмæст йæ фантазийыл дзурæг не сты.

Къæбысты Никъала у Республикæ Хуссар Ирыстоны сурæт ахорæнтæй иууыл хуыздæр чи аразы, уыцы нывгæнджытæй иу. Сурæт саразыны жанры йæ дæсныйад бæрæг дары æппæт йе сфæлдыстады. Йæ цъылынæджы фæрцы фæзындысты бирæ портреттæ: «Ирон литературæйы классик Гæдиаты Секъа», «Поэт Гæззаты Сосланы портрет», «Нывгæнæг Тугъанты Махарбеджы портрет».

Ахæм æнтыстытæ йæ къухы бафтыдысты натюрморт æмæ пейзажы жанры дæр. Къæбысты Никъалайы куыстытæ æвдыст æрцыдысты персоналон æмæ коллективон равдыстыты, куыд Ирыстоны, афтæ фæсарæнты дæр. Никъала йæ дæсныйады сусæгдзинæдтæ иу æмæ дыууæ фæлтæры нывгæнджытæн нæ бацамыдта – Цхинвалы нывгæнæн ахуыргæнæндоны йæ ахуыргæнинæгтæ уыдысты бирæ.

Фæлæ йын йæ ахуыргæнинæгтæй иууыл уарзондæр уыдис йæ фырт, цалдæр азы размæ трагикон æгъдауæй фæмардуæвæг, курдиатджын нывгæнæг Къæбысты Ацæмæз. Ацæмæзы мæлæтæй Ирыстоныл æрцыд стыр зиан.

Къæбысты Никъала бирæ уæззау хъизæмæрттæ бавзæрста йæ царды, фæлæ йæ нæ басастой, нырма дæр у стыр хъаруйы хицау. Уырнгæ дæр нæ нæ кæны, ныр ыл 80 азы кæй цæуы, уый. Цалдæр мæйы размæ йын райгуырд чызг.

Ныфс нæ уыдзæн, нырма нæм разæй бирæ, тынг бирæ æнæконд нывтæ кæй æнхъæлмæ кæсынц, уымæй.

2002

## ЗÆХХОН ÆМÆ ÆРВОН ФИДЫЦ

Цардмæ алчи дæр иу хуызы фæзыны – кæугæйæ. Æндæр хъуыддаг у литературæ. Уымæ алкæмæн йæхи фæндаг ис. Фæндаг куы вæййы, уæд. Алы фæндаджы райдайæн та кæддæриддæр хæмпæл, хуырджын, бырынцъаг вæййы. Хи фæндаг ссарын, йæ ныссыгъдæг кæнын, йæ саразынæн рæстæг фæхъæуы. Стæй уыцы хъуыддаг алкæй къухы æфткæ дæр нæ бакæны. Иу-стæм амондджын фæвæййы йе сфæлдыстадон куысты райдианы йæхи сæрмагонд фæндагыл лæуд.

Бестауты Гиуæрги, – кæнæ йæ уарзгæйæ иууылдæр куыд хуыдтам – Бестау, – йæ хæдхуыз, хæдбындур аивадон фæндагыл йæ фыццаг поэтикон уацмыстæй фæцис лæуд.

Уымæн, чизоны, ис бындур.

Гиуæрги райгуырдис 1932-æм азы кæрдæджы мæйы 5-æм бон Чъребайы хурскæсæнæрдыгæй иу-фынддæс километры дæрддзæгæн хæххон бынат, сыгъдæг ирæтты æх- сæн – Годжиты хъæуы. Йæ мады æхсыримæ, – уый, йæ мад Уалыты Маруса, сыгъдæг ирон дзыхæй дзурынмæ номы дæснйиæ рæвдздæр уыд, – æмæ йæ мады æхсыримæ ахъардта йæ зæрдæ, йæ зонд, йæ уæнгты ирон зæлланггæнаг дзырды ад. Фæлæ 1945-æм азы Фыдыбæстæйон хæсты хæнтфæстæ Годжиты хъæуы æвадат ранæй йæ ныййарджытæ ралыгъдысты нæ сахары хурæскæсæн хаймæ, Леуахийы уыцы фарсмæ. Сæ алыварс гуырдзы кæй цардысты, уый тыххæй æрыгон æвзыгъд

ләппу уайтагъд фæцалх ис уыдон æвзагыл дзурынмæ дæр. Ирон райдиан скъолайы фæстæ йæ ахуыр кæнынмæ дæр уыдон æвзагыл радтой. Иннæ скъолатæм æй нæ айстой – нæ, дам зоны уырыссагау. 1952-æм азы астæуккаг скъола каст куы фæцис, уæд йæ ахуыр адарддæр кодта Калачы университеты филологон факультеты журналистикæйы хайады.

Æцæгæлон æвзаг ын сси дыккаг мадæлон æвзаджы хуызæн. Æмæ нæм иугæр йæ цардыл æрхаудта дзырд, уæд дзы банысан кæнæм цалдæр ахсджиаг цауы.

Ахуыры фæстæ æрбаздæхт Чъребамæ. Кусын райдыдта журнал «Фидиуæджы» поэзийы хайады сæргълæууæгæй. Фæстæдæр уыд журналы бæрнон нымæрдар, стæй – йæ сæйраг редактор. Уыйфæстæ, цалынмæ 1978-æм азы сусæны мæйы 30-æм бон йæ тæлфаг, тæмæнкалгæ зæрдæ йæ кусынæй нæ банцад, уæдмæ уыд чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-ы сæйраг редактор.

Уыцы дзырдтæ: «куыста», «уыд» – иугъæдон, хус, стæй уæззау дзырдтæ сты. Фæлæ сын сфæлдыстадон кусæджы царды стыр нысаниуæг ис. Поэт аивадон журнал кæнæ рауагъдады сфæлдыстадон куысты разамонæг куы уа, уæд, цы курдиаты хицау у, уый æнæмæнг рарттивы уыцы куысты.

Журнал «Фидиуæг»-æн, Бестауты Гиуæрги йын куы уыдис разамонæг, уыдон йæ дидинæфтауæн азтæ уыдысты. Рауагъдад «Ирыстон»-ы цы литературон сери ныммыхуыр – «Ирон аив дзырды хæзнатæ» (дзырд 12 томыл цыдис, фæлæ цыппæрдæсæмæн гуырдзиаг-ирон хæсты аххосæй рацæуын нал бантыст), уыдон Бестауæй дарддæр ничи  рауагътаид. Нæ сыхæгты чингуытæуадзæн паддзахадон комитет сыл томтæ æвæрын дæр нæ бауагъта, – ома, уый гæнæн куыд ис, мах нæ литературæйы хæзнатæ уал томæй рауадзæм, – нæ рауагъдад уырдæм кæй хаудта, уый тыххæй. Уæддæр Бестау йæхион акодта. Фидарæй мæ уырны, йæхицæн куыд бантыстаид уыцы хъуыддаг кæронмæ акæнын, уæд сери бирæ рæвдздæр уыдаид.

Ахæм хъуыддæгтæ аразын йæ къухы уымæн æфтыд, æмæ йын æцæг «хурæййас зæрдæ» кæй уыдис, йæ кой йæ

дзыпп, йæ бинонтæ, йæ хæдзар нæ, фæлæ аивад, Ирыстон кæй уыдысты.

Никуы цыд сайдæй нæдæр лæгдзинадыл, нæдæр аивадыл, нæдæр Ирыстоныл. Стæй йын уыцы удыхъæд тыхаразгæ, мыййаг, нæ уыдис – йæ туджы уыд. Йæ туджы уыд, æмæ йæ уый хаста размæ.

Фæлæ дзургæ йе сфæлдыстадон фæндагыл кодтам.

Бестау æмдзæвгæтæ фыссын нæ сыхæгты æвзагыл райдыдта. Поэзийы ад, йæ сусæг фæзилæнтæ йын фыццаг уым банкъардта. Уæддæр ын ирон дурæйлæмæрст дзырды ад æнцой нæ лæвæрдта – æндоны цъæхснаг зæллангау, зæлыд йæ уды, тæлфыд, æмæ йæ здæхта йæхимæ. Стæй йæ здахгæ дæр ракодта.

Чи зоны, поэзийы ад уæдмæ хорз кæй банкъардта, нæ литературæмæ цæттæ поэтæй уымæн æрбацыд?

Куыдфæнды уæд, сæйраг у иу хъуыддаг – поэзийы арт хæрдмæ, йæхи загъдау, «гуылф-гуылф» кодта йæ зæрдæйæ. Æндæра бирæтæ цæргæ-цæрæнбонты сæ цардыбонтæ аивадмæ тырнгæйæ фæтонынц, хъуыдыгæнæг сæ куынæ вæййы, уæд сæхæдæг сæхиуыл дифирамбтæ фæфыссынц, мыхуыр дæр сæ фæкæнынц, фæлæ сыл музæйы базыры уддзæф нычзæвгæ дæр никуы акæны.

Гиуæрги нæ литературæйы йæ фыццаг æмдзæвгæйæ фæстаг æмдзæвгæмæ поэзийы цъæх арты сыгъд. Сыгъд æмæ дзы, судзгæ-судзын, ленчытæ кодта. О, арты ленчытæ кодта. Йæ фæстаг чиныг хуымæтæджы не схуыдта «Арты æртæхтæ».

Йæ фыццаг уацмысæй йыл поэзийарзджытæ сæ цæст уый тыххæй æрæвæрдтой, уый тыххæй сын фæцис уарзон, йæ алы ног уацмыстæм-иу ын уый тыххæй фенхъæлмæ кастысты.

Нарты таурæгътæ, хъайтарон зарджытæ, зæрдæскъуынæн хъарджытыл чи схъомыл, – куы фæзиан, уæд ыл йæ мад цы хъарджытæ кодта, уыдонмæ дуртæ дæр æркалдтаиккой сæ цæссыг, – æмæ уыдоныл чи схъомыл, уыцы адæмæн романтикон удыхъæд, æнæнхъæлæджы темæтæ æмæ фæзилæнтæ, фæлгонцон уынынад æцæгæлон, растæр зæгъгæйæ, хуымæтæджы куыд хъуамæ уой. Уæддæр, Бестауты Гиуæр-

гийы ирд, романтикон курдиаты фæзынд ирон поэзийы уыд арвæрттывды хуызæн. Йæ фыццаг уацмыстæй йæхимæ æркæсын кодта ирон адæмы.

Тæрккъæвда, уад, уадтымыгъ, арвæрттывд, знæт дон… ахæм æрдзон фæзындтæ æнусты адæмæн тасы хос сты, дардмæ сæ лидзынц. Нæ поэтæн систы йæ удæнцой, цард сыгъдæггæнæг, йæ зарæджы сæр.

*Ды дæ мæ зарæгæн йæ сæр.*
*Цæй сыст, ызнæт фæдисон, цырддæр!*
*Нынниу сæдæвзагæй, ныннæр,*
*Фæу фæндаггæрдæг мæ дзырдтæн!*

*Куыд нæй зæххы цъарыл фæуæн*
*Æнустæн, размæбырстæн, цардæн,*
*Нæй афтæ басæттæн дæуæн,*
*Ныххуыссæн – де ʻнæнтау цъæх артæн.*

*Дæ нысан – иудадзыг тырнын,*
*Дæ цард, дæ цин – дæ хæст, дæ тохы.*
*Нæрыс, бырсыс ʻмæ дæ уырны –*
*Дæ цæлхъæй атондзынæ хохы.*

(«Уадтымыгъ»)

Йæ лирикон хъайтар уырзыййас саби куы уыд, уæддæр-иу уадтымыгъ рудзгуытæ куы ныххоста, уæд-иу ын йе ʻхситтæй фæсырдта йæ хуыссæг, фæхаста-иу ын йе ʻнцойад. Бæлæстæ йæм къæс-къæс кодтой, саби та-иу йæ цæст цъынд дæр не ʻркодта, «зыдæй, цымыдисæй» йæм хъуыста. Уадтымыгъмæ.

*Цæмæн? – нæ хатыдтæн бæлвырд,*
*Цы мæ скъæфта дæумæ – нæ зыдтон,*
*Фæлæ мæм диссаджы монц гуырд,*
*Цыбæлæй дæм мæ былтæ ʻхсыдтон…*

*Мæсты ʻхситт-иу куы систай хатт,*
*Куы-иу хъуыст де ʻртхъирæн, дæ додой, –*
*Мæ сæры хъуын-иу барц ысбадт,*

*Мæ уæнгтæ цины дыз-дыз кодтой…*

Æмæ дарддæр поэты сфæлдыстады уынæм, йæ лирикон хъайтары «уæнгтæ цины дыз-дыз» куыд кæнынц Ирыстоны, ирон адæмы, стæй æмткæй адæмы уарзтæй; йæ уарзон чызгæн – куыд «кодта ‘хцон дыз-дыз д’алфæмблай уæлдæф» («Ды фæцæй цыдтæ рухскалгæ уынджы»)…

Поэты лирикон хъайтары æнæрæнцой, кæнæ Бестау йæхæдæг куыд уарзта дзурын – «æрра» уд («æрра», «æрра тых» «æрра бон», «æрра зонд», «æрра сæнттæ» - дзырд «æрра» йæм зондцух нæу, фæлæ – æнæрæнцой, æнæбарон, сæрибар æмæ афтæддæр), ома лирикон хъайтары «æрра» уд, фæкæсынхъуаг чидæриддæр æмæ цыдæриддæр у, уыдонæй алкæуыл дæр æмæ алцæуыл дæр риссы, фæлæ цæстмæ «аххытæ» æмæ «оххытæ» нæ кæны, мыййаг. Уый уæлæнгай адæймаг æмæ уæлæнгай поэты миниуæг у. Æгæрыстæмæй йын Ирыстонæй иудадзыг «уарзын æй» чи дзуры, уыимæ дæр нæу разы. Поэт тынг хорз зоны, «Цинæй зæрдæйыл чи ‘ндæдза, уый æмбæхстдæр ран дардзынæ («Макæ»). Йæ мады æхсырæй кæд схъомыл, кæд уый у йæ сомыгæнæн, уæддæр ыл тыхсгæ никуы акæны; цы чызджы æнгæсæй тайы, «уалдзæджы комы тæф» ын чи у, уымæй дæр нæ фæкæны сомытæ; «Ир æнусæмдзу уари у», уый та – « йæ дардтæхæн базыр», сыфтæр йæ къалиуыл, æмæ йæм диссаг кæсы: Иры лæгтæн кæд разы у дæндагæй алдзæнцырагъ дарыныл, мæлгъæвзагæй сыл кады зарджытæ зарыныл, былысчъилтæ йын чи кæна «йе ‘гъдауыл, йе ‘взагыл, уый та ингæнмæ кæд йæ туджджыныл нымайдзæнис, уæддæр ын куыд хъуамæ дзура «Уарзын дæ?»

Уайдзæфгæнæгау уымæн зæгъы:

*Макæ, ма мын кæн карз сомы:*
*«Уарзын а-бæсты хурзæрин…»*
*Лæг йæ судзаггаг уарзоныл*
*Никуы никæмæн дзурдзæни!*

Гиуæргийæн йæ дзуринæгтæ иууылдæр «судзаггаг» сты. Фæлæ сыл дзургæ уыйбæрц нæ кæны, æвдисгæ сæ цас

кæны. Æвдисы сæ нывтæй. Уымæй дæр цахæм нывтæй! Æрдзон фæзынд уа, зæрдæйы æгæрон цин æви хъизæмар уа, хъыцъы дон уа, уарзт уа, зайæгхал уа, удгоймаг уа – ахæм фæлгонцтæй-иу сæ авæрдта адæймаджы раз, æмæ дæ цæстытыл ныххæццынæ: ай цы æнæфенддаджы диссаг уынын!

Æркæсæм дзы цалдæрмæ:



*Дардмæ арв йæ сырх рон фехсы, –*
*Сæрд нæм раздæхтис цæхгæр,*
*Мигътæ февзидынц зынг ехсæй,*
*Ногæй ферттивы цæхæр…*
(«Тæрккъæвда»)

*Хилынц бæрзытæ къæйтыл бæгъæввадæй*
*Хохдзау рогвад уырыссаг чызджытау.*
*Уæлæ схызтысты рæгътæм тыхæй-фыдæй*
*Тасгæ-уасгæ зæдæнгæс нæзытæ.*

*Дон-дон фезгъорынц искæй уæрыччытæ,*
*Æви улæнтæ – ‘взистбарц, къæбæлдзыг,*
*Æви ронгæй фæрасыг, фæрынчын дæн,*
*Æмæ ‘нхъæвзы мæ дадзинты уалдзæг.*
(«Изæр Дзаугомы»)

Ноджыдæр ма æрхæсдзынæн иу цæвиттон. Уый та интимон темæйæ. Уымæн æмæ, нæ поэзийыл уыцы темæйæ кæд искæй зæрдæйæ рухс тынтæ фæуарыдысты, кæд дзы искæй «ихдзагъд удыл сыфтæр» æрхæцыд, хуры тыныл дзы поэзийы амонд искæмæ æрцыд, уæд уыдон фыццæгтæм хауы йæ табугæнæг – сыгъдæг уарзтæн табугæнæг Бестауты Гиуæрги.

*Æмæ зноны арвы цъæхы скъуыдтæ*
*Бæлæстæ сæ базыртæй æмпъызтой.*
*Мигъыл хур йæ зæрин къах ыскъуырдта:*
*Нал ныгуылд, мæ тæккæ сæрмæ бандзыг;*
*Хуры тынтыл сау мигъы пыскъуылтæ*
*Халоны æдых базыртау – ауындзæг.*
*……………………………………………*

*Уыцы бон ысчынд мæ удæн хинтæ:*
*Стъалыты, сæнæфсирау, тыдтон.*
*Арвы цъæхы ме стъалыдзаст цинтæ,*
*Уалдзæгау, хæкъуырцгæнгæ куыдтой.*
(«Уыцы бон, сæнæфсирау, цупалгай…»)

Ацы цæвиттонтæй мын мæ къух æндæр æмдзæвгæтæ хуыздæр сарæзтаиккой æрдзыл дæр, уарзтыл дæр, цардыл дæр… Уыдонæй йæм ноджы бирæ рæвдздæр уацмыстæ ис. Фæлæ æз систон, мæ къухы раз-иу фыццаг чи фæцис, чиныг рафæлдæхгæйæ, уыдон, – суанг йæ фыццаг æмдзæвгæйæ дæр: мæ уацы рæстдзинад базоныны тыххæй исчи поэты чингуытæм куы æркæса, уæд йæ зæрдæ мацæуыл хъуамæ бахуда. Бестауы æмдзæвгæты, зæрдæзæгъгæ цæвиттонтæ кæцæй сисай, ахæм уацмыстæ стæм не сты. Уыцы темæты дæр, фыдызæххыл, сæрибардзинадыл, адæймагдзинадыл, искæй цæстытæм кæсгæйæ, нард хæйттæ чи æмпулы, афтæмæй цард цалхы къæбæлтæ чи тыссы, уыдæтты цъаммар цæсгæмттæ кæм æргом кæны, уыдоныл фыст уацмысты дæр…

Йæ иу æмдзæвгæ «Дæлæ хъæддаг цъиу уазалы басыд»-ы поэт афтæ зæгъы:

*Дæлæ хъæддаг цъиу уазалы басыд,*
*Зилы цæндты хæлцагур, дзыназы.*
*Цыма тары дыдзырухс цырæгътæ –*
*Доны ризынц йæ чысыл сырх къæхтæ.*

*Æрдз, цæмæн кæныс хъулон ми ахæм:*
*Ды куы схай кодтай хъаны цард махæн,*
*Уæд æнæбон, тæригъæддаг маргъæн*
*Цард куыд радтай уыргæфтыдтаг уаргъæн?*

*Æз мæ уды дуар байтыгътон цъиуæн,*
*Æмæ байдзаг йæ пæр-пæр, йæ уастæй,*
*Æмæ йе ‘нкъард, зæрдæхалæн ниуын*
*Айстон мемæ фæндаггаджы мастæн.*

Поэт йæ уды дуар хъæддаг цъиуæн дæр кæй тыгъта, «йе ‘нкъард, зæрдæхалæн ниуын» (уасын, кæуын нæ, фæлæ – «ниуын») ын йемæ «фæндаггаджы мастæн» кæй иста, йæ къухы уымæн æфтыдис поэзийы æнæмæлгæ уацмыстæ фæлдисын. Бестау йæхæдæг, хъыгагæн, нæ цуры нал ис æмæ, чи зоны, ныртæккæ афтæ дзурын аив нал у, фæлæ æнæхъæнæй цы æмдзæвгæ æрхастам цæвиттонæн, уым æрдзæн уайдзæфтæ, зондамонæнтæм куынæ кæсæм, – ома дыккаг строфæмæ, – уæд цæмæй нæу чысыл шедевр?

Фыссæгмæ æрмæст иу-цалдæр ахæм уацмысы куы уа, уæд йе сфæлдыстад лæмбынæг ахуыркæнинаг, фæлгъауинаг у. Бестаумæ та сты.

Бестауты Гиуæрги ирон æвзагмæ «Стайыцармдарæг», «Алгъуызы кадæг», стæй цы бирæ поэтты æмæ драматургты уацмыстæ раивта, нæ мадæлон æвзагыл сæ куыд зæлланггæнгæ сдзурын кодта, уыдоныл бирæ фæдзырдæуыд, æмæ сыл ноджы дæр æмбæлы сæрмагонд ныхас. Уый аккаг æнæмæнг сты. Уæлдайдæр, цы кадджыты кой скодтон, уыдоныл, иу адæймаджы тæлмац кæй сты, уæддæр бирæ цæмæйдæрты иу армы фæд цæмæн фæзыны, уый рафæлгъауынæн сæрмагонд ныхас хъæуы.

Бестауты Гиуæрги йæ удыгасæй дæр рагæй уыд уый аккаг, фæлæ удæгас адæймагæн æмбæлон аргъ кæнын, æвæццæгæн, никуы сахуыр уыдзыстæм.

Æмæ ма ноджы.

Ацы, 2002-æм азы хурхæтæны мæйы 15-æм бон газет «Южная Осетия»-йы Гиуæргийы тыххæй уац « Мастер стихотворного перевода»-йы кæсæм: «Он большой, пока недостаточно оцененный поэт. Талант исключительной силы и непредсказуемых возможностей. В будущем, когда ныне здравствующие его современники перестанут влиять на литературные мнения, я думаю, будет признан великим осетинским поэтом романтической плеяды: Нигер, Гриш Плиев, Хазби Калоев, Шамил Джикаев, Таймураз Хаджеты…»

«Большой, пока недостаточно оцененный поэт» кæй у, уый зонæм. « Талант исключительной силы и непредсказуемых возможностей» кæй уыд, уый дæр дызæрдыггаг макæ-

мæн хъуамæ уа, фæлæ Бестауыл мардæй дæр исчи фæстæмæ хæца (стæй йыл чи хæцы?) æмæ йæ баурома, уый мæ нæ бауырндзæнис. Нæ мæ уырны, уацы «романтикон плеядæйæ» Бестау фæстæдæр баззадис, уый дæр.

Бестауты Гиуæрги йæ удæгасæй йæхæдæг самадта йæхицæн цырт, æмæ йыл тыгъдызæйтæ, уадтымыгътæ, арвы цæхæртæ иумæ куы кæлой, уæддæр, цалынмæ ирон адæм уой, уæдмæ йын йæ зæххон æмæ æрвон фидыц бамбæхсын никæй æмæ ницæй бон бауыдзæнис.

09-23.11.02

## ЦÆССЫГ НЫХЪУЫРГÆЙÆ

*Мæ фыдгул-фыд-зæрдæйы табæты уæлхъус бахъæуæд йæ хъуыдыты къуыбылойы фæдыл цæуын. Уæлдайдæр, уыцы сау табæты дæ удæн æввахс адæймаг куы раст кæна йæ фæстаг фæндагыл, уæд. Нодзжы йын йæ хъуыддæгтæ, дæ цæхджын цæссыг ныхъуыргæ, хурæргом куы дзурай!*

*Адæймаджы цардбонтæй сæ фæстаг фæндаггагæн цъус нæ айсынц семæ. Фæлæ сын уыцы фæстаг фæндаггаг, цас гæнæн ис, уыйбæрц фæрæсугъддæр кæнынил фæхъарæм нæ удтæ. «Мардæй æвзæр ничи дзуры», – хуымæтæджы нæ нысан кодтой нæ куырыхон хистæртæ.*

*Мæн та цал зæрдæрисгæ сау табæты уæлхъус бахъуыд раныхас кæнын! Уæлдайдæр, нæ фыдбоны сыхæгтæ нæ гуырдзиаг-ирон хæсты райдианæй фæстæмæ туджы зæйæн ласын кæнынмæ куы февнæлдтой, уæдæй фæстæмæ.*

*Се ‘ппæты нæ фыстон. Нæдæр уый фадат уыдис. Хостыхъоты Зинæ æмæ Плиты Грисы табæтты уæлхъус, гæххæттмæ цы хъуыдытæ æркалдтон, уыдон нал бакастæн; ныхас кодтон уавæрмæ гæсгæ. Нæ фыдвæндæгты тыххæй Хаджеты Таймуразы ныййæфтам æрмæст йе ‘нусон Дунемæйы фæндагыл. Цы раныхæстæ-хъарджытæ мæм базадысты – фылдæр фысджытыл, уыдонæй цалдæры ныммайын чиныгкæсджыты рæгъмæ рахæссыны аккагыл.*

### ИССÆЙЫ ТАБÆТЫ УÆЛХЪУС
### (1986.08.15)

Арвæй рахаудта æхсидав æмæ сæмбæлдис Ирыстоныл. Сæмбæлдис ирон поэзийы аргъуаныл. Сæмбæлдис ыл, æмæ йын, арвы ныццæфау, афæлдæхта йæ хъаймагдæр цæджын-

гтæй иуы. Не ‘хсæнæй атыдта нæ уарзон хæлар, нæ худгæбыл æмбалы. Цыфæнды къæрццæмдзæгъд æмæ зыны дæр адæймаджы иунæгæй чи никуы уагъта, нæ цинып-иу чи рад, нæ масты-иу æрхæмзæрдæ чи уыд, тыхст лæджы-иу йæ зæрдæ æмæ йæ аивады хъармæй чи батавта, йæ райгуырæн Ирыстон æмæ йæ раттæг адæмæн стыр хæрзты бацæуын æппынæдзух йæ хъуыдыйы кæмæн тæлфыд æмæ сын, кæстæр лæппуйау, уырдыг чи лæууыд, уыцы поэты – нæ иузæрдыг Иссæйы.

Ирон адæм, ирон литературæйыл æрцыд уæззау зиан. Йæ ацу æмæ мауал æрцуйы фæндагыл æрвитæм нæ уарзон хæлар, зынгæ ирон поэт æмæ прозаик, æхсæнадон архайæг, адæймагадон Адæймаг, Гуырдзыстоны Фысджыты цæдисы нымæрдар, Фысджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады бæрнон нымæрдар Козаты Исидоры, кæнæ та йæ не ‘ппæт дæр рæвдаугæйæ куыд хуыдтам – Иссæйы.

Исидор ирон литературæмæ æрбацыд 50-æм азты. Æрбацыд æм ныфсджынæй. Йæ алы уацмысæй, уæлдайдæр, йæ алы чиныгæй йæ ирд курдиат кодта нуарджынæй-нуарджындæр. Йæ аив дзырд чиныгкæсæджы цæстæнгас йæхимæ фылдæр æлвасы йæ хурæргом хъуыды æмæ йæ оригиналон нывæфтыд нывæстæй. Йæ алы уацмысы дæр зыны, фыссæгыл йæ адæм, йæ Фыдыбæстæ, стæй йыл йæхи æмæ рæстæджы раз цы стыр хæс уыд, уый йын æнцой кæй нæ лæвæрдта, йæ уæлæ цы бæрндзинад хатыд, уый йæ цыфæнды зынты дæр кæй хаста размæ. Уыцы бæрндзинад ын æвæрын кодта йæ зæрдæмæ хæстæг, искæй фæсчъылдым чи никуы æмбæхст царды уæзæй, рæстдзинад зæгъынæй чи никуы тарст, аивады фарстытæ йæхи æмæ аивады æрдыгонау чи лыг кодта, ахæм адæймæгты. Уымæн æмæ, Иссæ йæхæдæг уыдис ахæм.

Æмбæлттæ, æмкусджытæм, хи туг æмæ стæгмæ, иубæстæгтæм, чиныгкæсджытæм, æмткæй адæймагмæ цы зæрдæ дарын хъæуы, уыдæттæй уыдис цæвиттойнаг. Уымæн æмæ, йæ уды нæ уыд хæлæг, кæрæф æмæ æнæуынондзинад. Йæ сыгъдæг зæрдæ, йæ хæлар ахаст, йæ цардбæллонæй æлвæста йæхимæ йæ бирæ хæлæрттæ æмæ чиныгкæсджыты. Йæ аивадон курдиатау, æм стыр æмæ сыгъдæг уыдис хæлæрттæ ссарыны курдиат дæр. Уыцы иу рæстæджы уый тыххæй

уыдис æцæг Адæймаг, æцæг Поэт æмæ æцæг æхсæнадон архайæг. Рауагъта дзæвгар чингуытæ. Æвзæрст æрцыд партийы Хуссар Ирыстоны обкомы уæнгæй, адæмон депутатты Хуссар Ирыстоны областон Советы депутатæй, Советон Цæдисы Фысджыты цæдисы Централон ревизион къамисы уæнгæй, Гуырдзыстоны Фысджыты цæдисы правленийы президиумы уæнгæй… Лæвæрд ын æрцыд паддзахадон хорзæхтæ, культурæйы сгуыхт кусæджы ном.

Не 'хсæнæй ахæм Поэт, Адæймаг, Æрдхорд кæй хицæн кæны, уыцы рис æнцой нæ дæтты нæ зæрдæтæн æмæ судзы.

Исидоры чи зыдтой, йæ ирд аивадæй кæмæн лæггад кодта, уыдонæй ацы æрхæндæг бонты, мæнмæ гæсгæ, ахæм ничи уыдзæнис æмæ поэтæн йæ адæм, йæ Фыдыбæстæйы уарзтæй йæ зæрдæйы цы æлвæст, арф æмæ фæлгонцон рæнхъытæ райгуырдысты, уыдон ма стъæлфой йæ хъуыдыйы:

*Дунейы стыр цинау – нæ цин,*
*Фæлæ йыл ма кæн хахуыр.*
*Зæххыл куынæ цæриккой Ир,*
*Уæд дуне уаид къахыр.*

Афтæ зæгъын йæ бон бауыдаид æрмæстдæр Ирыстоны уарзт йæ зæрдæйы арф уидæгтæ кæмæн ауагъта, Ирыстоны цæрайæ чи цард, ахæм поэтæн.

Исидор уыд ахæм. Йе сфæлдыстады астæумагъз Ирыстоны ивгъуыд, абон æмæ сомбоныл сагъæс уымæн ссис.

Зын у, тынг зын у зæрдæйæн æввахс адæймаг, райгуырæн бæстæйы фæдисонæн фæстаг хæрзбон кæнын, ацу æмæ йæ ма æрцуйы фæндагыл æрвитын. Иссæ кæд йæ Фыдыбæстæйы, йæ хиуæтты, мах – йæ хæлæртты, йæ раттæг адæмы къахырæй уадзы, уæддæр нæ зæрдæтæ лæууынц иу ныфсыл – йæ цыбыр царды нын цы рæсугъд, цы хъуыдыджын æмæ æнусон аивад фæцарæзта, адæмы зæрдæтæй йæ уый никуы бауадздзæнис сæфтын. Цæрдзæнис, æмæ йемæ цæрдзæнис Исидор дæр.

Нæ хæларзæрдæ Иссæ, нæ цæст дын уый зæгъын бæргæ нæма уарзта, фæлæ дæ æгъатыр мæлæт не 'хсæнæй атыдта цардцухæй æмæ…

Рухсаг у, нæ иузæрдион хæлар…

## ВАЛОДЯЙЫ ТАБÆТЫ УÆЛХЪУС
(1990.02.01)

Алы адæймаг дæр райгуыры цæрынæн, аразынæн, фæлдисынæн, цард дарддæр кæнынæн. Фæлæ алы адæймаг нæ вæййы цардаразæг, цардфæлдисæг, цардрæсугъдгæнæг. Ахæм стыр удыхъæд, ахæм стыр хъару алы адæймагмæ нæ разынынц.

Икъаты Владимирмæ уыдысты.

Уыдысты йæм алыварсон æмæ тыхджынæй. Уыдысты йæм хæдбындур æмæ хæдхуызæй. Уыдысты йæм цардбæллон æмæ цæрæццагæй.

Гуырдзæй – æнæрæнцой, æппынæдзух – фæдисыкъахыл лæуд, размæтырнæг адæймаг Валодяйæн, хохаг знæт, тæлтæг донау, йæ бон нæ уыд, æппынæдзух йæхи ма æппæрстаид размæ, йæ фидар, барджын ныхас хъуыддагзонгæ æмæ зæрдæрисгæйæ ма дзырдтаид алкæй æмæ алцæй тыххæй, сæйраджы-сæйраг та – йæ раттæг Ирыстон, йæ раттæг ирон адæм, ирон удыхъæды ивгъуыд, абон æмæ сомы тыххæй.

Уыимæ йын йе ‘рдзон парахат зæрдæ, йæ удыконд æмæ адæймагуарзондзинад уый бар никуы лæвæрдтой тырна раздзоджы бынатмæ, раздзоджы бартæм, раздзоджы кадмæ.

Алыхатт дæр хуыздæрыл нымадта раздзоджы æнцой уæвыныл, йæ тыхыл ын тых æфтауыныл, адæмы йæм æнгом кæныныл, йæ зæрдæйы æнæрæнцой арт сын сæ зæрдæты судзыныл æмæ сæ размæ уый рухсмæ, сæ зæрдæты æртыты рухсмæ кæныныл.

Растдæр æй уыцы æнæрцæф, æнæрæнцой уд сбаста сæрысуангæй демократон змæлд «Адæмон ныхасимæ»…

…Уый – уыцы æнæрæнцой уд ын нæ лæвæрдта бар æрмæстдæр хи уды цинтæ, хи уды амондæй цæрынæн…

…Уый – уыцы æнæрæнцой уд æй судзын кодта Ирыстоны, ирон адæмы ивгъуыд, абон æмæ сомбоныл цин æмæ сагъæсæй…

…Уый – уыцы æнæрæнцой уд ын нæ лæвæрдта бар, ма фыстаид æмдзæвгæтæ…

…Уый – уыцы æнæрæнцой уд ын нæ лæвæрдта бар, тыхджын æдыхмæ куы ‘взида, бырса æмæ йæ аныхъуырынмæ куы хъава, уæд æрттæдæлармæй бадын…

…Уый – уыцы æнæрæнцой уды тыххæй-иу сæвзæрдысты йæ цардвæндагыл, цасфæнды хъару бахардз кæнгæйæ дæр-иу сæ сæрты фæуæлахизуæвæгæй кæмæн ахызт, ахæм бирæ алыхуызон цæлхдуртæ…

… Уый – уыцы æнæрæнцой уд ын нæ лæвæрдта бар, йæ уат куыд уыд, йæ къæхтæ æндæр ма даргъ кæнынæн, комбастæй царды хъæнтæм куыдфæндыйы цæстæй кæсынæн…

… Уый – уыцы æнæрæнцой уды тыххæй йын уыдис арвæй зæххы æхсæн дæр къуындæг, æдзардæй уымæн лидзы йæ уарзон хъæбултæ æмæ бинонтæй, йæ хиуæттæ æмæ хæлæрттæй, йæ хъысмæт æнæхъæнæй дæр кæимæ баста йæ уыцы ирон адæм æмæ Ирыстонæй, фæлæ йæ зон, Володя, дæ табæтæй ныртæккæ дæр де ‘нæрæнцой уд у рагæппæввонг, æмæ дæ нæ бауромдзæнис мæрдты дзæнæт дæр, де ‘нæрæнцой уд уым дæр нæ бафæраздзæнис æвæлмон цардæн æмæ нæ алы фæдис, нæ алы цин, нæ алы масты дæр уыдзынæ немæ, цæрдзынæ немæ, нæ зæрдæты.

## РЮРИЧЫ ТАБÆТЫ УÆЛХЪУС
## (1991. 05. 25)

Æнамонддзинад иунæгæй не ‘рцæуы. Иугæр, цæргæ-цæрæнбонты æфсымæр кæй хонай, æфсымæры лæггад кæмæн кæнай, дæ цæхх, дæ кæрдзын дæхи хъуагæй кæимæ дих кæнай, уый дын дæ мыггаг топпы кæсæнмæ куы иса, йæ кард дæ туджы куы сæра, уæд, сæ адæм, сæ райгуырæн бæсты сæрвæлтау фат æмæ уарт чи райса, æрмæст уыдон ын не ‘рхæссынц сæ сæртæ нывондæн, фæлæ сæ фæсчъылдым лæуджытæй чи куыд лæмæгъ, æнкъарагдæр разыны, афтæ сæ удтæ слæууынц фæдисы къахыл, нал фæзонынц æнцой, æртæфсынц сыл сæ зæронд мæстытæ æмæ рыстытæ, царды æвæтк митæ сын свæййынц удмарæн.

Тедеты Рюричы мах не ‘ппæт дæр зыдтам æнкъараг адæймаг, курдиатджын фыссæг æмæ бæлвырд, арф хатдзæгтæаразæг зонадон кусæгæй.

Йæ курдиат ын никуы лæвæрдта æнцой, уый йæ нæ уагъта цардмæ æвæлмон цæстæй кæсын, уый йын нæ лæвæрдта бар, йæ къухы-иу цы æнтыст бафтыд, ууыл æрлæуунæн, уый кадæй цæрынæн. Æмæ-иу цыфæнды æппæтæй рæвдз аивадон уацмыс ныффыстаид, цахæмфæнды арф зонадон куыст-иу бакодтаид, уæддæр-иу нæ феввæрсыд йæхиуыл, нæ-иу ын фенхъæлмæ каст йæ «бæркады æркондмæ», фæлæ-иу уæхскуæзæй æрæвнæлдта ног куыстмæ.

Кусинаг, сагъæссаг та йын бирæ уыд.

Хъарм дзулы тæфмæ-иу ын йæ зæрдæ агайдта йе дзард мады хъысмæт; чысыл уадындзцæгъдæджы куыд нæмынц, уымæ кæсгæйæ тарст, куы йын ныссæттой йæ уадындз дæр; йæ удыл ын æмхуызон æндæвтой нæ мæгуыр, не ‘фхæрд, фæлæ сæрыстыр ирон адæмы ивгъуыд, абон æмæ сомбонау æндæр адæмты цард дæр.

Уыимæ йæ тых, йæ фадæттæ никуы хардз кодта бæрзонд къæлæтджынтæ, къозбау митæ æмæ мæнгард юбилейтæ домыныл. Сæйрагыл нымадта куыст æмæ царды уавæртæ. Нæ быхста æмæ нæ барста æнæрастдзинад. Æнæбаронæн та Хуыцау дæр нæ бары, æндæра Рюрик нæ фысджыты хъæбатыртæй куы уыдис, уæд йæ цард цæмæн фескъуыд афтæ æнæнхъæлæджы æмæ афтæ раджы; нæ фысджытæн сæ курдиатджындæртæй куы уыд, уæд нын, нæ кады лæгтæниу куыд кодтам, афтæ нын нæ цыфыддæр знаджы цæфæй ныртæккæ уый фадат цæмæннæ ис, йæ фæстаг фæндагыл æй афæндараст кæнæм нæ культурæйы артдзæст, нæ драмтеатры агъуыстæй?

Æниу ныл, чи зоны, йæхи нымæры худы, æз кады митæ никуы домдтон, зæгъгæ, цы домдтон цардæй – курдиат! – уый мын йæхæдæг радта.

Фæлæ курдиат йæ хицауæй дæр фылдæр домы. Цырагъ цас цырддæр æмæ ирддæрæй фæсудзы, уый бæрц тагъддæр хардз кæны, фæлæ йæ рухс тынтæ тынгдæр айгæрдынц тылынджы гуыбын.

Рюрикæн йæ рухс тынтæ йæ уацмыстæ сты, æмæ ræстæджы дымгæ арты æртхутæг куыд тынгдæр хæсса, афтæ уыдон дæр, – йæ уацмыстæ, – царды талынг бынæттæ рухс кæндзысты, æмæ уыдонимæ сæ автор цæрдзæнис, ирдæйирддæр кæндзæнис нæ адæмы зæрдæты.

Уый та у фыссæгæн иууыл бæрзонддæр, иууыл зæрдæзæгъгæдæр хорзæх. Æмæ дзы Рюрик у хайджын.

Рухсаг у!

## ВАСОЙÆН ХÆРЗБОН КÆНГÆЙÆ
(Зæххон зæд)
(2001.04.19)

Ирыстоны зæххыл бирæ судзаггаджы мæрдтæ федтон. Æнæхъæн Ирыстон йæ цæссыг кæуыл калдта, уыдон бирæ уыдысты, – не 'вæджиаг зæхх æлгъин нæу лæгау-лæгтæ дæттыныл, – фæлæ нын абон цы ныфсы мæсыг рафæлдæхт: нæ кад æмæ нæ намыс, нæ фарн æмæ нæ цæсгом, уый æмсæр, Абайты Васойы æмсæр дзы ничи уыдис.

Васо æвзагзонынад, фольклор, нывæфтыд литературæ æмæ историйы бирæ ахсджиаг фарстытæ раиртасын, уæлдайдæр йæ зындгонд «Ирон æвзаджы историон-этимологон дзырдуат», стæй ирон лæджы хæдæфсæрмдзинад алыгъуызы равдисынæй йæ ном, уыимæ ирон адæймаджы ном сыгъзæрин дамгъæтæй ныффыста дунейон зонады историйы. Уымæн иунæг удæй цас бантыст, уый æнæхъæн академитæн бафæзминаг у.

Уыцы хъуыддаг, йе стыр курдиатимæ йæ къухы бафтыд, йæхи бынатылæджы къæлæтджынтæ æмæ аслам кадыл кæй никуы хордта, юбилейтæ æмæ 'хцайы дзæкъултæ кæй никуы домдта, галуантæ æмæ мулкмæ тырныны бæллиц ын йæ удмæ кæй ницы бар дардта, фæлæ йæ цард æнæхъæнæй йæ уарзон куыстæн кæй нывонд кодта, уый фæрцы.

Абайты Васо уыдис зæххон зæд; йæ урс бæллицтæ урс тау суагътой йæ сæрæй, æртæ æнусы ныррухс кодта йæ цард, йæ фæллой, йæ лæджыхъæдæй, æмæ цæргæ-цæрæн-

бонты ирон адæм, ирон зонадæн уыдзæнис фæндагамонæг стъалыйы хуызæн.

Абон кæуæм, Абайты Васойæ чи фæцух, фæлæ æнусты сæрыстырæй цæудзыстæм, Абайты Васо кæмæн уыд æмæ кæмæн уыдзæнис.

## МЕЛИТОНЫ ТАБÆТЫ УÆЛХЪУС
## (1992. 05. 15)

Арвæй дур куы хауы, уæд, кæуыл æмбæлы, уый йæхæдæг дæр нæ фæзоны. Цалдæр æхсæвы размæ ныл нæ фыдбоны сыхæгты алыхызон хæцæнгæрзты судзгæ нæмгуытæ æмæ ракетæтæ ихуарæгау куы згъæлдысты (æниу нæ кæд нæ цагътой æмæ цæгъдынц), уæддæр ничи зыдта, кæй хæдзар нæ кæцырдыргæй хæлдзæнис.

Гæбулты Мелитон – цардбарæг æмæ аразæг, æгъдауыл хæст адæймаг, йæ ацыд, йе 'рбацыд, йе сныхасыл хъуыдыгæнæг хистæр, Советон Цæдисы Фысджыты цæдис æмæ Журналистты цæдисы уæнг, зынгæ ирон фыссæг æмæ публицист, паддзахадон рауагъдад «Ирыстон»-ы директор йæхи цæстæй уыдта, цæргæ-цæрæнбонты йæ цард кæмæн нывонд кодта, уыцы Ирыстоны йын мæлæтхæссæг нæмгуытæй, ракетæтæй чъылбызгай куыд стъигъынц куыйдзыхтæ. Йæ армы фыдтæ цы хæдзар аразыныл ихсыдысты, уый йын лæджыфыдхортæ нæмыгзгъалтæй сыхырна кодтой. Йæ хъус ахста Чъребайы спырхгонд хæдзæртты хъæрзын, удисæг адæмы утæхсæн… Æмæ уый æппæт æнамонддзинæдтæ йе 'нкъарæг зæрдæйыл хызтысты, згæ, сындз тел хъыррыстгæнгæ куы ласай, уыйау.

Мелитон, удыхъæдæй – тыхджын, фæлæ сæрыстыр адæймаг нæ ныббыхста уыдæттæ, æмæ фæцис зæрдæдзæф. Дыууæ боны ма ацард… Æмæ та нын нæ фыдбоны сыхæгтæ не 'хсæнæй атыдтой, Ирыстон кæмæй фидауы, сæрбæрзонд кæмæй у, йæ уыцы хъæбултæй иуы.

Гæбулты Алыксандры фырт Мелитон райгуырд 1928-æм азы рухæны (сентябры) мæйы 11-æм бон Ирыстоны хуссар хайы Знауыры районы Мугуты хъæуы. Йæ ныййарджытæ уыдысты зæхкусджытæ. Хъæууон лæппу та фæллойы ад

хæнт сабийæ банкъары. Æмæ уыцы зындзинæдтæй ирвæзт нæ уыдис уый дæр. Фыййауы лæдзæг æмæ йын къæпи ивтой сæ кæрæдзи. Афтæмæй каст фæцис сæ хъæуы райдайæн скъола 1937-æм азы, стæй – сæ сыхаг хъæу Аунеуы ирон астæуккаг скъола. Йæ ахуыр адарддæр кодта Цхинвалы педагогон ахуыргæнæндоны. Каст æй фæцис тынг хорз бæрæггæнæнтыл. 1948-1952-æм азты ахуыр кодта Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ирон æвзаг æмæ ирон литературæйы хайады. Фæцис æй сырх дипломыл. Кусын райдыдта Хуссар Ирыстоны зонад-иртасæн институты ирон литературæйы хайады хистæр зонадон кусæгæй.

Æвзонг курдиатджын лæппу зæрдæбынæй æрæвнæлдта зонадон куыстмæ. Йæ фыццаг фæлварæнтæй бæрæг уыд, литературæзонад йæ удæн æцæгæлон кæй нæу, йæ зæрдæ йæм куы ратта, уæд ын хорз æнтыстытæ кæй уыдзæнис. Фæлæ мыхуыры фæрæзты, сæ хъуыддаг хорз чи зыдтой, æнувыд ыл чи уыд, ахæм удуæлдæйттæ бирæ нæ уыдысты. Æмæ æвзонг фыссæг æмæ зонадон кусæг компартийы Хуссар Ирыстоны обкомы уынаффæмæ гæсгæ раконд æрцыд газет «Советон Ирыстон»-ы редакцимæ культурæйы хайады сæргълæууæгæй. Фæстæдæр уыд тæлмацгæнæг.

Мелитон уыцы бынаты йæхи хъуыддагзонæг, арæхст-джын разамонæгæй кæй равдыста, уый тыххæй йæ фынд-дæс азы фæстæ акодтой паддзахадон телерадиокомитеты хистæр редакторæй. 1982-аг азы ссис чингуыты паддзахадон рауагъдад «Ирыстон»-ы директор æмæ дзы æнтысгæйæ бакуыста 10 азы – абоны фыдохы, саударæн бонмæ.

Бирæ сарæзта Мелитон Ирыстоны фæрныгадæн. Йæ хъуыдытæ ноджы дардылдæр уыдысты. Бирæ рухс фæндтæ нывæзта царды, ирон чиныджы, Фыдыбæстæйы тыххæй, фæлæ йын сæ нæ фыдбоны хуссайраг сыхæгтæ фескъуыдтой æрдæгыл. Хъавынц нын нæ хуыздæртæм, цæмæй ирон адæмыл, Ирыстоныл бафтауой мæрдырох.

Фæлæ уый нæ уыдзæнис. Мелитон цæргæ-цæрæнбонты цы аивадон уацмыстæ сфæлдыста, уыцы чингуытæ йын йæ ном нæ бауадздзысты амæлын.

Уыдон цъус не сты. Фыссæджы куыстмæ æрæвнæлдта, педахуыргæнæндоны куы ахуыр кодта, уæд, æмæ йын джиппы рауадзын бантыст къорд чиныджы: «Царды гуылфæнты» (1954 – æмдзæвгæтæ), «Уарзт æмæ фыдæх» (1957 – радзырдтæ), «Дыууæ фембæлды» (1960 – уацау), «Тагъд дон фурды не ʻйафы» (1964 – уацау), романтæ «Гæдыйы къах цыбыр у» (1966), «Дæ тугæй фыст» (1972), «Цардиппæрд» æмæ æндæртæ.

Мелитон ирон литературæйы уыдис фыццаг детективон чингуыты автор. Йæ уацаутæ «Дыууæ фембæлды» æмæ «Тагъд дон фурды не ʻйафы» снывæзта фæдагурæг кусджыты куыстыл. Йæхи сæ дæсны прозаикæй кæй равдыста, уый тыххæй сыл чиныгкæсджытæ æмбæлдысты тынг зæрдиагæй.

Царды дæр, аивады дæр Мелитон уыд æргомдзырд, принципиалон. Йæ удыхъæды уыцы миниуæг зыны йæ бирæ æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, уацаутæ æмæ романты. Æппынæдзух тырныдта йæ уацмыстæм ирон æмæ дунеон литературæйы аивтæ хæссынмæ, æмæ уый бирæ бæрцæй йæ къухы æфтыд. Мæ ныхасæн æвдисæн – йе сфæлдыстады иууыл стырдæр æнтыст, роман «Дæ тугæй фыст» (1972). Уым алыварсонæй раргом Мелитоны курдиат. Уым æххæсæй разынд, йæ бон куыд уыдис адæймаджы удыхъæд царды алыхуызон фæзилæнтæ равдисын.

Гæбулты Мелитон уыдис аудгæ æмкъай, хорз фыд, арæхстджын разамонæг, иузæрдыг æмбал æмæ курдиат-джын фыссæг.

Бирæ рухс фæндтæ дæм уыдис, Мелитон, фæлæ дын сæ цыфыддæр знаг фескъуыдта æрдæгыл. Уæддæр уыдон фæндиаг нæ фæуыдзынæ. Ды хиуæттæ, де ʻмгæрттæ, дæ адæмы зæрдæты цæрдзынæ æнустæм. Дæ уацмыстæ дын дæ ном хæсдзысты фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

Рухсаг у.

АЛЕШЫ ТАБÆТЫ УÆЛХЪУС
(1992. 05. 27)

Фарн уæм бадзурæд, фыдохы адæм.

Фыдусы фыдæлгъыст ныл цæуы. Лæппу нæ лæджы кармæ нал хæццæ кæны. Нæ хистæртæ, топпы мæнгвæдæгыл хæцгæйæ, тонынц сæ царды фæстаг бонтæ. Нæ сылгоймæгтæ кæстæртыл хъарæгæй, цырæгътау, тайынц цæссыггай.

Бонæн фыд æййафæнт нæ фыдбоны сыхæгтæ – бонвыддæр фесты. Цыфыддæр хæцæнгæрзтæй ныл нæмыгуарæн, ракетæзгъалæн кæнынц алы æхсæв, сæ тугæйдзаг дзæмбытæ, сæ чъизи хæмхудтæ æмбæхсгæ. Сæ удты быцъынæг тонынц нæ туджы леуахитæн нæ фæласын кæныныл. Иу тугкалдæй нæма æрцæуы не 'муд, афтæ ныл сæмбæлы фыддæр цæф.

Кæрдæджы мæйы 25-æм бон изæрмилты нæ тугхор знаджы танчы нæмыджы фæцæфæй ногæй уидагмæ ныррызт нæ аив литературæйы галуан. Бахъуыд нæ, зæрдæ кæй зæгъынæй скъуыдтæ кæны, уыцы дзырдтæ дзурын. Нæ фыдбоны сыхæгты, гуырдзиаг лæгхорты къухæй, хæдзары уæлхæдзармæ йыл, танчы нæмыг комкоммæ сæмбæлгæйæ, йæ тæккæ сфæлдыстадон хъаруйы фæхъуыд… стыр ирон фыссæг, нæ Райгуырæн бæстæйы разагъды патрион, нæ иузæрдион хæлар æмæ æфсымæр, дыууæ æнахъом чызджы фыд… Гуыцмæзты Алеш…

Рахауд Ирыстоны арвыл иууыл æрттивагдæр стъалытæй иу. Æмæ фæтар нæ арв. Алеш æнафоны ныккæрзын кодта ирон литературæ, ирон культурæ, æгас Ирыстоны.

Гуыцмæзты Алексийы фырт Алеш райгуырдис 1951-æм азы рухæны (сентябры) мæйы 10-æм бон Ирыстоны хуссар хайы Цхинвалы районы Ортъеугомы Гуыцмæзты хъæуы. Йæ сабибонтæ, йе 'взонгад сæйраджы арвыста йæ райгуырæн хъæуы. Йæ фæстаг сулæфтмæ йыл никуы systa йæ къух царды дæр, аивады дæр.

Алеш райдиан скъола каст фæцис сæхи хъæуы. Æнæххæст астæуккаг скъола та – Ортъеуы. Уый фæстæ ахуыр кодта Уанаты астæуккаг скъолайы. Фæцис æй 1969-æм азы. Уæдмæ йе 'мдзæвгæтæ мыхуыры рухс федтой. Фæндыдис æй йæ ахуыр Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ирон хайады адарддæр кæнын. Уый тыххæй ректоратмæ сæрмагондæй бахатыд Фысджыты цæдисы Хуссар

Ирыстоны хайад. Уæддæр Гуыцмæзты Алешæн нæ пединституты, хъыгагæн, бынат нæ разынд. Афтæмæй 1972-æм азы фæлварæнтæ радта Мæскуыйы Максим Горькийы номыл Литературон институтмæ. Хъыгагæн æй каст нæ фæцис, фæлæ, Горькийæн йæхийау, йæ сæйраг ахуыргæнæг уыдис цард йæхæдæг.

Йæ фæллойадон фæндаг райдыдта Мæскуымæ ацæуыны размæ. Скъолайы фæстæ куыста, Чъребайы сахары, зæронд хидæн уыцы фарс цы чысыл завод ис, уым. Быдта телын каутæ. Стæй уыд хъæдын дзаумætты дуканийы кусæг.

Гуцмæзты Алеш, Мæскуыйæ куы æрыздæхт, уæд куыста Хуссар Ирыстоны облæххæсткомы культурæйы хайады методкабинеты методистæй. 1988-æм азы кусынмæ бацыд журнал «Фидиуæджы» редакцимæ. Фыццаг уыдис прозæйы хайады редактор, стæй… абоны онг – йæ бæрнон нымæрдар.

Фæлæ уыдон Алешæн уыдысты æрмæстдæр цæрыны амæлттæ. Цæмæй йæ бинонтæн амал кодтаид кæрдзыны къæбæр. Алеш Ирыстонæн, нæ адæмæн Хуыцауæй, æрдзæй лæвæрд уыд фыссæгæй. Æцæг фыссæгæй! Адæймаджы цинтæ æмæ ристæ кæй уды тæлфыдысты, ахæм фыссæгæй! Æмæ йæ курдиатимæ сæ кæрæдзийыл сайдæй никуы цыдысты.

Нырма скъолайы ахуыр кодта, афтæмæй дæр йæ уд, йæ дзæцц уыд Ирыстоны алы къуымтæ къахæй æриу кæнын. Цымыдисæй-иу хъуыста æнæзонгæ адæмы диссаджы хабæрттæ, таурæгътæ, аргъæуттæм. Йæхимæ-иу нысæнттæ кодта цыдæртæ. Йæ фидæны уацмысты хъайтартæ-иу уадысты йæ цæстытыл.

Алеш, бирæ фысджытау, йе сфæлдыстадон фæндаг райдыдта поэзийы жанрæй, фæлæ цыбыр рæстæгмæ рахызт, йæ цардхъом курдиат иууыл тынгдæр кæм ныццæхæр калдта, йæ тых æххæстæй кæм равдыста, уыцы литературон жанрмæ – прозæмæ. Йе стыр курдиаты фæрцы йæхимæ æркæсын кодта чиныгкæсджыты, литературæйы архайджыты. Ныфсджынæй слæууыд, сæ фыццаг уацмыстæй ирон литературæмæ цы ирон фысджытæ æрбацыдысты, уыдон æмрæнхъ. Йæ таурæгъ «Уæлзæххон саудзыдзыда», йæ

радзырд «Куы фæниуынц куыйтæ», йæ чысыл уацау «Урс фынтæ» чи бакаст, уыдонæй дызæрдыг ничи кодта Алешы ирд курдиатыл. Йæ бон уыд дзырды уд бауадзын, маргджын калмы риуы уарзæгой зæрдæ нывæрын, адæймаг цахæм хъуамæ уа, уыцы стыр проблемæтыл дзурын. Адæймаджы бакаст æмæ йæ миддунейы ‘хсæн цы бастдзинад ис, царды цы нысаниуæг ис удыхъæдæн, ууыл дзурæг сты йæ чингуытæ «Æхсæвидар», «Урс фынтæ», «Царды зыд»… Уыцы хъуыддаг уæлдай фидардæрæй загъта йæ иунæг, фæлæ ирон литературæйæн кадгæнæг, ирон литературæйы æцæг цæсгомæвдисæг психологон роман «Дæ уды фарн»-ы.

Алеш уыдис аудæг фыд, уарзаг æмкъай, æнувыд æфсымæр, æмбал æмæ æмбæстаг, фæлæ йын уыдон иууылдæр цыдысты, Ирыстоны æгæрон уарзтæй кæй уарзта, кæд ацы дунейы цардæн йæхицæй адджындæр ницы ис, уæддæр ын йæ уд кæд не ‘вгъау кодта, уый тыххæй.

Алеш, нæ уарзон, нæ бонзонгæ, нæ мæгуыр æфсымæр… Райгуырæн уæзæджы стыр уарзт дын нæ лæвæрдта удæнцой. Нæ Фыдыбæстæйыл туг куы уары, уæд дæ уыцы уарзт ракодта Ирыстоны хъахъхъæнджыты рæнхъмæ. Алеш, дæ фæстаг сулæфтмæ бæллыдтæ, уæ къорды иу хæдæхс уæддæр куы фæуаид. Ныр дæ ахæм хæцæнгарзы сæр нал бахъæудзæнис.

Никæцы уал фыд-знаджы бон бауыдзæнис дæу бауромын, ныртæккæ нæ куыд æхстой, дæ сау табæт дын дæ сыджыты хайыл сæмбæлын куыд нæ уадзынц, фæлæ дæ сæ бон бауромын куыннæ у, æмæ дын нæ сахары 5-æм скъолайы ауон куыд дзурæм фæстаг хæрзбон, афтæ.

Алеш, дæ царды фæстаг мæйты бæллыдтæ – искуы ма гæххæтмæ дæ зæрдæйы фæндиаг куы баххæстаис, фæлæ не знаг фæкуыдта. Ды ныр де ‘нусон дуне… дзæнæты уыдзынæ, æмæ уырдыгæй нæ фыдбоны сыхæгтыл худинаджы гакк, лæгхоры гакк кæй æвæрдзынæ æнустæм, уый дызæрдыггаг нæу. Удæгасæй дзæнæтыбадинаджы бон фылдæр у. Ирыстонæн де ‘нусон бæстæй, афтæ бирæ кæмæ бæллыдтæ, уыцы сæрибар кæй хæстæгдæр кæндзынæ, уый нæ уырны алкæй дæр.

Фыдохы адæм… Нæ фыд-знаг нæ куыд хуыздæрæй исы милмæ. Гуыцмæзты Алешы фехсынæй баххæст Ирыстоны зæрдæмæ.

Фæлæ Алешæн мæлæт нæй. Йæ номимæ цæрдзæнис Ирыстон! Ирыстонимæ цæрдзæн Алеш!

Афтæ бирæ цы Фыдыбæстæ уарзтай, уый мæр дын пакъуыйау фæлмæн уæд, хуымæллæгау – рог.

Рухсаг у, нæ мæгуыр æфсымæр…

## ЗИНÆЙЫ ТАБÆТЫ УÆЛХЪУС

19[*] Хъазиты Мелитон

(1995. 01. 03)

Ирыстоны арвæй æрхаудта æрттивгæ стъалы. Æрттивгæ, тæхгæ, судзгæ стъалы.

Фæстаг дзырдтæ, æвæццæгæн, усгур лæппуйы номимæ æнгомдæр баст сты, фæлæ, абон ирон нывæфтыд литературæйы æнувыд хæлæрттæ, æмткæй ирон адæм æрхæндæг кæй тыххæй стæм, йæ фæстаг фæндагыл дзæнæтмæ кæй фæндараст кæнæм, фæнды нæ æви нæ, судзгæ цæссыгтæ цæстыты кæй æдзард уды тыххæй бадынц, Хостыхъоты уыцы лæджыæмсæр, рæсугъд Зинæйы тыххæй цыма равзæрдысты.

Зинæ йæ цардæй иууыл рæсугъддæр, амондджындæр бонтæ Чъребайы сахары батыдта. Йæхи уд дæр, йæ поэзи дæр æцæг дидинæг уым рафтыдта куы зæгъон, уæд бирæ нæ фæрæдидзынæн.

Хæрз æвзонг лæппу уыдтæн, фæлæ йæ хъуыды кæнын: Зинæ-иу сæрыстыр, уæздан цыдæй куы рацæйленк кодта уынджы, уæд-иу бæлæстæ, суанг кæрдæджы хæлттæ фæцæй хаудтой йæ фæдыл.

Стыр поэт æнæмæнг уымæй загъта:

*Ды фæцæйцыдтæ рухскалгæ уынджы,*
*Уынг уæлион дзæнæтау, ысуындджын.*
*Дуне фестадис кувæндон, аргъуан,*
*Ды – йæ бæстастæу судзгæ цырагъау.*

*Æмæ – йемыдзаг уарзты цæхæрæй –*

*Кодта ‘хцон дыз-дыз д ‘алфæмблай уæлдæф*
*Æмæ, раст цыма аргъауы, фыны –*
*Зæхх ныгъуылдтытæ кодта дæ быны.*
(Бестауты Гиуæрги «Ды фæцæйцыдтæ
рухскалгæ уынджы…»)

Фæлæ Зинæйыл сæ цæст адæм æрæвæрдтой йæ аив дзырд, йæ сатæг кæл-кæл худтау, æхсæрдзæны зæлланг чи кæны, йæ уыцы поэзийы тыххæй. Уыцы хъуытазхъæлæс йæ удæй тагъд æртахгай. Тагъд уарзтæмдзагæй, мастæмдзагæй. Йемæ хаста фарн.

Уымæн æндæргæнæн нæ уыд. Зинæ йæ зæрдæйы рæхыстæй Иры урссæр хæхтæм æцæг уыдис баст. Уарзоны цæстытæ йæ сбастой мыггагмæ Ирмæ. Йæ цин æмæ йæ рыст Фыдыбæстæйы тыххæй уымæн уыдысты. Уыимæ «хæлар сыхагæн, растæн» дардта «рухс цырагъ дæндагæй».

Уыцы хъуыддаг Зинæйы сфæлдыстады тыбар-тыбургæнгæ разынд йæ фыццаг чингуытæ «Сæууон æртæх» (1967) æмæ «Æрвгъуыз сагъæстæ»-йы (1971). Азтæ Зинæйы судзгæ уарзт æмæ дудгæ риссæгты раз æдых уыдысты. Чырс æвæрын сыл нæ уыдис сæ бон. Кодтой йын ноджы судзаг æмæ дудагдæр. Афтæ сæ уынæм «Уарзондзинады монолог» (1975), «Сæуæхсиды зæлтæ» (1988), «Арвнæрды размæ»-йы (1994).

Уый афтæ хъуамæ уыдаид – Зинæйы зæрдæйы дзуринæгтæ æнусты цин æмæ рис сты. Уыдонæн нæй мæлæн. Йæ рагæмдзæвгæтæй иу «Æз – сылгоймаг…» уымæн ссис бирæ фæлтæрты уарзон уацмыс:

*Æз – сылгоймаг, цардаразæг фарн дæн,*
*Кувут, лæгтæ, иууылдæр мæнæн.*
*Æз бæллиц дæн, дидинæджы тау дæн,*
*Æз цъæх уалдзæг, цины зарæг дæн.*

*Æз æфсарм дæн, нуазæн дæн уæ къухы.*
*Æз – хæдзары мин бæркады фынг.*
*Æз – æдзухдæр уе ‘мдзу царды дугъы,*
*Фарн – мæ дзырд, ныххуыссын кæны зынг.*

*Сисут, лæгтæ, баназут мæ кадæн,*
*Æз уæ радтæг, уе стыр мæт, уæ хур.*
*Æз уæ къухы бахъуаджы бон кард дæн,*
*Æз – уæ фидæн, уе 'нхъæлцау бындур.*

Мардæй æвзæр кæй ничи дзуры, уый охыл нæ зæгъын… Ныххатыр мын кæнæнт удæгæстæ. Мæрдтæй мæ йе 'нусон дунейы мачи схъæрзæд… Ирыстоны сылгоймаг-фысджытæ бынтон цъус нæ уыдис æмæ нæй, фæлæ сæ сылгоймаджы удыхъæд Хостыхъоты Зинæйы хуызæн ничи ма раргом кодта. Уымæн Дзыццайы фæлгонц саразын куыд бантыст, афтæ никæмæн ма. Зинæ уыд поэт-зæрдæ.

Йæ фыдбоны сыхæгтæ нæм нырма Хуссары æрдыгæй, стæй Цæгаты куы ныббырстой, Ирыстоны равзаргæ хъæбултæ нæ Фыдыбæстæйы сæрвæлтау сæ удтæ нывондæн куы хастой, уæд уайтагъд фергом, Зинæ зарынмæ куыд арæхсы, афтæ æххæст кæй у ирон хъарæггæнæг сылгоймаджы курдиатæй дæр.

Фæлæ уыцы хъарæг цыд йæ зæрдæйы арфæй. Алы хæкъуырццимæ тад цæссыггай. Æмæ – уый нæ митæ. Афтæ тынг цы сæрибармæ тырнæм, нæ удтæ цы сæрибарæн хъарæм, уый фенын нал бантыст нæ уарзон хойæн.

Зинæ, уæлдæф дæ фæлгонцамадыл баззад афтидæй, фæлæ уымæй дæ поэтикон удыхъæд дардылдæр у. Уый дын нæ бауадздзæнис дæ ном ферох кæнын.

Рухсаг у.

## ТАЙМУРАЗÆН ХÆРЗБОН КÆНГÆЙÆ
## (1996. 09. 14)

Оу, куыд стырзæрдæ, куыд хиввæрсон адæм стæм…

Хорз куы фæуынæм, хорз куы фæзонæм, нæ цуры нæ кæмæндæр скад кæнын хъæуы, кæйдæр хъæуы барæвдауын… Æви ныл пъæззы ныббады…

Ӕмæ та нæ кадцухæй, рæвдыдцухæй йе ‘нусон дунемæ фæцæуы…

Ӕвæццæгæн, æцæг дуртæ фестадыстæм, маст нæм нал хъары, æндæра не ‘взаг куыд тасы дæ ном зæгъынмæ… Таймураз.

Ирон аив литературæйыл æрцыд стыр зиан. Рухæны мæйы (сентябры) 10-æм бон æнæнхъæлæджы йæ зæрдæ банцад йæ кусынæй зынгæ ирон поэт Хаджеты (Джусойты) Таймуразæн.

Таймураз бирæ на рацард – æдæппæт 51 азы, фæлæ уыд хæдбындур курдиаты хицау. Йæ цард æнæхъæнæй снывонд кодта йæ раттæг адæмæн, ирон поэзийы рæзтæн.

Хаджеты Таймураз райгуырд 1945-æм азы Дзауы районы Ногхъæуы. Астæуккаг скъола каст фæцис Цхинвалы. Уый фæстæ службæ кодта Советон Ӕфсады рæнхъыты. Уæд фыста æмдзæвгæтæ æмæ йе ‘мбæстагон хæс бафидыны фæстæ ахуыр кæнынмæ ацыд Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институтмæ. Каст æй фæцис 1973-æм азы. Ӕрцыд Цæгат Ирыстонмæ. Цыбыр рæстæджы акуыста Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы литконсультантæй, фæлæ йæ цард æнæхъæнæй снывонд кодта йæ адæмæн поэзийæ лæггад кæнынæн. Йæ чингуытæ «Ӕхсон дуры хъæлæс», «Фараст барæджы», «Урс хæхты зарджытæ», «Фæсизæр», стæй сæ кæцыфæнды сис, сæ зæлланггæнаг дзырд алы хатт дæр хъардта æмæ хъары ирон чиныгкæсджыты зæрдæтæм. Йæ нуарджын поэзийы арф хъуыды æмæ фæлгонцон уынынады фæрцы авторы цинтæ æмæ сагъæстæ свæййынц, чи йæ бакæсы, уыдон цинтæ æмæ сагъæстæ.

Поэты удыхъæд – æнæрцæф æмæ кæддæриддæр рæстдзинады фарс хæцын Таймураз рахаста æрдзæй æмæ сыл никуы суæлæхох, йæ къух сыл никуы systa. Цардæй алы хатт дæр дзырдта раст, йæ уацмысты йæ æвдыста алыварсонæй. Йæ фæстаг чиныг «Фæсисæр» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Къостайы номыл паддзахадон преми райсынмæ уымæн æрцыд æвдыст.

Адæмимæ кæдфæнды, цахæмфæнды уавæрты дæр иу æвзаг арын кæй уыд йæ бон, уый тыххæй йæ алыварс æп-

пынæдзух уыдысты йæ иузæрдыг хæлæрттæ. Фæлæ дын нæ бон баххуыс кæнын нæ бацис, не ‘нцондард Таймураз.

Куы уыдтам, нæ разы дыууæ кæронæй ссудзгæ цырагъау, бонæй-бонмæ тайыс, дæхи адæммæ тыххъæлдзæг цы æвдисыс, æндæр дын дæ зæрдæ сау маст, сау калмау, хæры, уæд нæ бон куыннæ бацис де ‘нцой балæууын, дæ зæрдæйы рыст дын иучысыл уæддæр фæрогдæр кæнын?

Æмæ нæ литературæ дæ нуарджын поэзийæ аззад къахыræй, дæ бирæ æмгæрттæ – æмгарцухæй.

Æниу, дæу дæр де ‘нæрцæф уды тыххæй де ‘мгæрттæй, æвæццæгæн, бирæтæ иу æмæ дыууæ хатты нæ фæуагътой дурзæрдæйæ. «Ме ‘мгæрттæм» куы бакастæ, уæд уымæн фæхъæр кодтай: – «Мæныл фыст у! Мæнæн æй схæлар кæндзынæ!»

Дæ удæгасæй нын уый фенын дæр нал бантыст. Фæлæ æрæджиауы хорзæх дæр хорзæх у. Суанг æнусон дунейы дæр.

МЕ ‘МГÆРТТÆМ

*Хаджеты Таймуразæн*

*Мæ хæлæрттæ, Уастырджи – уе ‘мбал!*
*Мæнмæ кæсын уаид æрра ми –*
*Фыддуджы азарæй хæснагыл*
*Мæ дзыппыты нал арын суари,*

*‘Мæ уадзут мæ хауд-зæрдæ дурæй,*
*Мæнæн та æрцæуы мæ арфæ.*
*Рæхджы мын Ыстыр Хуыцау исты*
*Æнæмæнг æрæппардзæн арвæй.*

*Ыссардзынæн уе ‘мбæхсæн йеуæд, –*
*Кæсдзыстут мæм зæдтæй уæздандæр, –*
*Уыдзысты мæ едзаг дзыппытæ*
*Æнæ сымах*
*Мæ зæрдæйы дурæй уæззаудæр.*

Хатыр, нæ бон дæ бавæрын кæй нæ бацис.

Рухсаг у.

## ГРИСЫ ТАБÆТЫ УÆЛХЪУС
(1999.03.05 )

Ирыстонæн, ирон адæмæн æцæг хъæбулы лæггадыл чи сты, нæ нывæфтыд литературæ нын амæй-ай хуыздæр уацмыстæй чи хъæздыгдæр кæнынц, нæ Фыдыбæстæ сæрыстыр кæмæй у, уыцы армыдзаг фæрнджын æмæ стыр фысджытæ æнæнхъæлæджы аззадысты къахырæй. Бæргæ нæ йæ зæгъын куынæ хъæуид… Фæлæ нал ис нæ куырыхон хистæр Плиты Грис.

Цыма нæ афтæ æнæнхъæлæджы нæ ныууагъта. Куы йæ зонæм, ацы зæххон цард æнусон дуне нæу. Цард нæм райгуырдæй амæлæтмæ барстæуы. Æмæ Грис кæд æнустæ нæ батыдта, уæддæр йæ зачъе раджы ныуурс, фæлæ нæ цæссыг бады нæ хъуыры. Не стыр фыссæг, Цæгат Ирыстоны адæмон поэт, Къостайы номыл премийы лауреат царды 86-æм азы кæй уыдис, уымæй нæ рыст нæ къаддæр кæны.

Уымæн æмæ йæм ирон адæм, ирон чиныгкæсæг æппынæдзух æнхъæлмæ кастыстæм ног æнтыстмæ, ног уæлахизтæм æмæ-иу сæ уынгæ дæр фæкодтам.

Грис кæмфæнды уыдаид – царды, хæсты, æхсæнадон куысты æви йæ  фыссæн фынджы уæлхъус, алы хатт дæр æм æнхъæлмæ кæсæн уыдис ног уæлахизмæ.

Ирон фысджытæй Фыдыбæстæйон хæсты удуæлдай тох чи фæкодта, уæлахизы боныл дзæвгар хорзæхтимæ, суанг Фыдыбæстæйы дыууæ орденимæ, чи сæмбæлд, уый уыдис Плиты Грис.

Æмæ йæ зындгонд æмдзæвгæ, абон дæр йæ чингуытæм фæндаг чи нæма ссардта, уыцы «Рагон Ир» рухс куы федта, мыхуыры къæбылатæй йыл партион функционертæм цъыф куы фæкалдтой, журнал «Мах дуджы» редакторы бынатæй йæ куы фæхауæггаг кодтой, уæд сфæлдыстадон куыстæй дарддæр бынаты лæджы къæлæтджынмæ æргуыбыр кæнын цахæмфæнды финансон зын уавæрты дæр йæ сæрмæ кæй

никуыуал схаста, уый мах уавæрты йæхæдæг кæуылты уæлахиз у!

Мæскуыйы йæ мыхуырмæ цæттæ поэтикон æмбырдгондмæ сæ лæмæгъ тæлмацы тыххæй Грисæй дарддæр йæ къух чи систаид – хорз чиныг у, фæлæ мæ уацмыстæ не сты, зæгъгæ?!

Æмæ хæстæй куы æрыздæхт, йæ поэтикон æмбырдгонд «Салдат» куы ныммыхуыр кодта, уæдæй фæстæмæ йæ кæцы чиныг нæ уыдис æцæг аивадон, стæй бирæ хæттыты бирæ цæмæйдæрты национ æнтыст дæр?!

Грисæн «Рагон Ир»-ы тыххæй, хæрæгæн йæ гуыбынмæ дæр чи не 'ххæссынц, ахæмтæ, цыма æфсургъыл бадтысты, ахæм мæстытæ куыд кодтой, уыдæттæм абон бирæтæ хæлæг кæнынц – æппæликкой: кæсут мæм, æз цæй комы хъайтар уыдтæн, зæгъгæ!

Фæлæ уæд зынуромæн уыдысты.

Æниу, нæ поэт йæ кæцы аивадон æнтысты тыххæй нæ фæхордта маст?! Уæдæ, «Чермен», зæгъай; уæдæ – «Сослан – Цæразон»; уæдæ – «Гæгу лæг у?» – æмæ сæ чи фæнымайдзæнис!

Фæлæ Грис алы хатт дæр, хæстон лæгæн куыд æмбæлы, афтæ удуæлдайæ цыд æцæг аивады бæрзæндмæ. Йæ уацмыстæ удæгас нывтæй уымæн сыстынц адæймаджы раз:

*«Бæх мын!» – фæдзырдта инæлар, – Бæх, тагъд.*
*Æмæ та судзгæ хæцæны фæтæхы...*
*Куы фæцис хæст, ингæн æрцыд уæд къахт,*
*Сæфтæгцухæй дзы баныгæдтой бæхы...*

*Æрыгон нал, нæма дæр у зæронд.*
*Ирон инæлар йе столы цур бады,*
*Йæ разы та – бæхы сæфтæгæй конд*
*Хуымæтæджы æртхутæгдон цæфхадыл.*

(«Æртхутæгдон»)

Кæцы фыссæг нæ бабæлдзæн ахæм уацмыс сфæлдисынмæ!

Кæцы адæмы литературæ нæ рафидауын кæндзæнис ахæм уацмыс!

Грисы сфæлдыстады уыдон иу æмæ дыууæ не сты.

Ахæм æнтыст йæ къухы æфтыдис, йæ адæмы, йæ Фыдыбæстæйы æгæрон уарзтæй кæй уарзта, цæрын æмæ цардыл цин кæнынæй кæй не ‘фсæст, уый тыххæй. Æгæрыстæмæй йæ нæ фæндылд, йе ‘ппæрццаг хъайтар ирон уыдаид, уый дæр.

Фыдыбæстæ бахъахъхъæныны бæсты хæстæй чи фæлыгъд, уæрмы æмбæхстæй, хъуынджынæй, тæрсгæ-ризгæйæ чи ныммард, уыцы иунæгыл иу цæсты сыг куы ничи æрæппæрста, цыма «йæ мард дæр дзыллæйæ нæ фæхъуыд», уæд автор сæрыстырæй загъта:

*«Кæмæй уыд? – адæммæ дзырдтон, –*
*Кæй ном у фæстагæттæн худæн?»*
*Нæ мын æй рахуыдтой ирон,*
*Æмæ уæд фенцондæр мæ удæн.*
(«Иунæг»)

Ахæм кæй уыд нæ поэты зæрдæ, æнтысгæ дæр ын уымæй кодта.

Грис  дзырдарæхст, цыргъзонд кæй рахаста æрдзæй, уый йын бирæ, тынг бирæ æмæ стыр æххуыс уыд йе сфæлдыстады. Стæй – царды дæр. Йæхиуыл, йæ зонгæтыл цы хъæлдзæг ныхæстæ фæмысыд, уыдон æрмæст ахудынæн не сты, фæлæ цард зонынæн. Алчи дæр сæ у æнæхъæн аивадон уацмыс.

Æвæццæгæн, Къоста æмæ Секъайы фæстæ нæ ирон фысджытæй Грисы хуызæн лæмбынæг чи куыста ирон дзырдыл, уыдон иу къухы æнгуылдзтыл банымаиккам.

Грисæн алы хатт дæр уыдис, цæуыл дзырдтаид, уый. Стæй фидарæй зыдта, йæ дзуринаг куыд загътаид, уый дæр. Уымæн ын, сæрмагонд театралон ахуырад кæй райста, профессионалон артист кæй уыдис, уымæй йæ курдиат тынгдæр арæзта йæ къух.

Арæх вæййы афтæ, кæйдæр тыххæй дæ дзурыны сæр хъæуы, лæмарыс дæхи, цæмæй дыууæ æппæлæн дзырды сæ

кæрæдзийыл бабæттай, фæлæ цы зæгъай, уый нæ арыс. Плиты Грисы тыххæй дæ бон у иу абонæй иннæ абонмæ дзурай æмæ дæ дзуринæгтæ фылдæрæй фылдæр кæндзысты. Æмæ уыцы хъуыддаг абонæй фæстæмæ кæндзæнис тыхджынæй-тыхджындæр. Уымæн æмæ, хæстæгмæ хорз нæ уынæм. Нæ адæмы уыцы миниуæг ды хорз зоныс, нæ куырыхон, ныр – дзæнæтыбадинаг хистæр; æмæ-иу нæ уыцы бæсты ма схъæрз.

Хорз лæджы ныхас дæм хæццæ кæнæд, æвзæр лæджы дзырд дæм ма хъуысæд.

Рухсаг у.

## ХАДЗЫ-МУРАТЫ ТАБÆТЫ УÆЛХЪУС
(2000.06.04)

Марды уæлхъус лæууын æмæ дзурын зын у. Уæлдайдæр, уыцы дзæнæтыбадинаг, абон фæстаг хæрзбон кæмæн кæнæм, уыйау Ирыстоны цæрайæ чи цардис, йæ адæмæн балæггад кæныны тыххæй чи хъардта йæ уд, уыдоныл хъуыды кæнгæйæ йæ зынг æнæнхъæлæджы кæмæн ахуыссыд, йæ амæлæты фæстæ дæр сын йе сфæлдыстадæй чи лæггад кæндзæн, уый хуызæн куы вæййы, уæд.

Уый у Дзуццаты Хадзы-Мурат.

Хадзы æрмæст йæ бинонтæ, йæ хиуæттæ, йæ мыггагæй нæ фæхъуыд, фæлæ дзы къахырæй аззад æгас Ирыстон. Хадзы æрмæст поэт æмæ прозаик, критик æмæ литературæиртасæг, æхсæнады лæг нæ уыдис, фæлæ фыццаджы-фыццаг уыд Адæймаг. Горькийы загъдау, стыр дамгъæйæ фысгæ чи у, ахæм Адæймаг. Уымæн æмæ рыст йæ адæмы рыстæй, финал йæ адæмы цинæй.

Дзуццаты Аранбеджы фырт Хадзы-Мурат райгуырдис 1935-æм азы тъæнджы мæйы фыццаг бон Знауыры районы Хъорнисы хъæуы ахуыргæнæг бинонты æхсæн.

Хъорнисгом рагæй фæстæмæ зындгонд уыдысты сæ адæймагдзинад æмæ сæ лæджыхъæдæй. Æмæ, зæгъæн ис, уыцы адæймагдзинад, уыцы лæджыхъæд Дзуццаты-Мурат рахаста йæ мады гуыбынæй, бададта йæ мады æхсыримæ æмæ æппынæдзух уыдис йæ туджы.

Хадзы-Мурат алы хатт дæр, алы ран дæр уыдис цæвиттойнаг, цæстæвæрæн, æнæзивæг. Сæхи хъæуы астæуккаг скъола уый тыххæй фæцис каст тынг хорз нысæнттыл, æмæ райста сыгъзæрин майдан.

Ныртæккæ, не 'ппæт дæр æй зонæм, скъолаты, уæлдæр ахуыргæнæндæтты, стæй бирæ кæмдæрты фæндзтæ æндæр цæйдæрты тыххæй фæисынц, фæлæ сæ Хадзы-Мурат йе 'рхъуыдыйы фæрцы иста.

Скъолайы фæстæ ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институтмæ. Цæмæй дæ уырдæм фæлварæнтæм бауадзой, уый тыххæй раздæр хъуамæ рахизай сфæлдыстадон конкурсæй. Уым бирæ хатт иу бынатмæ сæ курдиат февдисынц фондзыссæдзы бæрц æвзонг фысджытæ-абитуриенттæ. Фæлæ Хадзы-Мурат ахызт уыцы зындзинæдты сæрты æмæ литинститут тынг хорз нысæнттыл каст фæцис 1957-æм азы. Æрыздæхт Ирыстонмæ. Куыста Хуссар Ирыстоны чингуыты рауагъдады редакторæй.

Хадзы-Мураты курдиат æрмæст поэзийы нæ раргом, фæлæ йæ къухы æфтыд арф критикон æмæ литературæиртасæн уацтæ фæлдисын. Уый тыххæй йæ цыбыр рæстæджы фæстæ кусынмæ айстой Хуссар Ирыстоны зонад-иртасæн институтмæ зонадон кусæгæй. Ссис хистæр зонадон кусæг, стæй – ахуыргонд нымæрдар. Æнтысгæйæ дзы фæкуыста 27 азы. Стæй йæ 1986-æм азы равзæрстам Фысджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады бæрнон нымæрдарæй.

Уым фæкуыста 1990-æм азмæ. Уырдыгæй куы ссæрибар, уæд уый фæстæ нысан æрцыд нæ республикæйы ирон газеты редакторæй. Уыцы хъуыддаг æрхаудта, Ирыстоны иууыл тыхстдæр рæстæг куы уыдис, нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм нырма бирæгътау куы лæбурдтой, ирон монон культурæ æмæ тых ногæй йæ къахыл лæууын кæнын куы хъуыдис, уæды тыхст дугмæ. Уыцы ныфсæй раздæхта газетæн йе 'цæг ном – «Хурзæрин».

Йæхицæн ном кæмæн ис, искæмæн иууыл стырдæр ном скæнын æрмæстдæр уый бон у. Æмæ Хадзы-Мураты уырныдта, газетæн йе 'цæг, йæ фыццаг номимæ йæ бон кæй бауыдзæнис Ирыстоны, стæй нæ дуджы цæсгом равдисын.

Уыцы хъуыдыйæ нæ базивæг кодта газетмæ кусынмæ ацæуынмæ. Йæ разы цы хæс æрæвæрдта, уый æххæст кодта, цалынмæ йæ пенсийы нæ арвыстой, уæдмæ. Уыйфæстæ цæрынмæ æмæ кусынмæ ацы Ирыстоны цæгат хаймæ. Дзæуджыхъæуы йæ амæлæты бонмæ куыста журнал «Мах дуджы» поэзи æмæ драматургийы хайады редакторæй.

Хадзы-Мурат ирон литературæмæ хæрз æвзонгæй æрбацыд. Йæ фыццаг æмдзæвгæтæ мыхуыры фæзындысты, астæуккаг скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд – 1948-æм азы. Йæ фыццаг поэтикон æмбырдгонд «Фыццаг ныхас» та рухс федта 1956-æм азы. Уæдæй фæстæмæ йæ поэтикон, прозæйон, критикон уацты æмбырдгæндтæ æмæ монографитæ мыхуыр цыдысты сæ кæрæдзийы фæдыл. Æмæ сæм чиныгкæсджытæ алы хатт дæр æнхъæлмæ кастысты æнæрхъæцæй. Уымæн æмæ сæ Ирыстоныл, ирон адæмы хъысмæтыл сæ сагъæс хызт иу чиныгæй иннæмæ.

Ныртæккæ йын нæ мадæлон æвзаджы тыххæй уæхæдæг байхъуыстат йæхи хъæлæсмæ. Каст йе ‘мдзæвгæ «Ме ‘взаг», æмæ базыдтат, уæнгтæ куыд баризынц йæ зæрдæагайæг дзырдтæм:

*Æз мæ ингæны*
*амондджын уыдзынæн,*
*ме ‘взаг мæ цыртыл*
*куы ныффысса ‘нцойы ныхæстæ,*
*ме ‘взаджы зæлтæй*
*цъæх-цъæхид куы дара мæ бæстæ.*
*Æз мæ ингæны ниудзынæн,*
*хъæрздзынæн,*
*Ирыстоны суадæттау,*
*зæххы бынæй кæудзынæн,*
*æз фæстаг поэт куы уон,*
*поэттæ мæ фæстæ куынæуал уа,*
*Ирыстоны хæхтыл*
*сау туг куы ныууара,*
*Æз мæрдтæм дæр куынæ хъусон*
*иронау*

*Къостайы сидт тохмæ,*
*иронау*
*Отеллойы богътæ! –*

Æмæ æмткæй сисгæйæ уыдис йæ поэзи ахæм: риссы, хъæрзы не ‘гуыдзæг уавæрыл, нæ аразинæгтыл.

Хадзы-Мураты поэзи – уæлдай æхсарджын, уæлдай тохмонцдæрæй ныццæхæр калдта гуырдзиаг-ирон хæсты дуджы. Ныццæхæр калдта рисæй, не знæгтæм фыдæхы, Ирыстоны сæрхъызойтæм уарзты æнкъарæнтæй. Зæрдæ фæриссы, Ирыстоны сæрвæлтау се ‘дзард удтæ нывондæн чи ‘рхастой, уыдон сæнусон кæныны тыххæй цы ‘мдзæвгæтæхъарджытæ сфæлдыста, уыдон кæсгæйæ.

Хадзы-Мурат æрмæст поэт нæ уыдис. Ирон чиныгкæсæг æй зыдта курдиатджын прозаик, литературæиртасæг, публицист, сабиты фыссæгæй, фæлæ нæ ирон адæм, нæ Ирыстоны фыдабон æмæ фидæныл рисгæйæ йе ‘нкъараг уд æмæ хъуыдыйæ аивады хуызы цы сагъæс суагъта билцъ, уый фæрцы нæ иузæрдыг хæлар баззайдзæнис гуырдзиагирон хæсты азфыссæгæй – зæрдæрыст, зæрдæфхæрд азфыссæгæй. Уымæн æмæ Ирыстоны уарзт æмæ хъизæмарæй йæ риуы дзаг сулæфынтæ дæр нæ уыдис йæ бон:

*Уой, мæ Ир*
*дыуугæ дуджы астæу*
*дæ мæлæт цæудзæнис,*
*Нæ хур дыл,*
*йæ дзыккутæ тонгæйæ,*
*хъарæг кæндзæнис,*
*Уой, хурæй, дам, равзæрдыстæм*
*йæ хъæбултæ уыдыстæм,*
*Уой, хур ныл нал кæсдзæн,*
*нал æй уындзыстæм.*

Хур ныл кæсы, фæлæ нæ нæ тавы; хуры уынæм, фæлæ йæ нал хатæм. Уый дуг, рæстæджы, стæй нæхи аххос дæр бирæ бæрцæй у. Афтæ куыннæ уаид, уæд абон нæ хуыздæртæй иуæн æдзардæй фæстаг хæрзбон нæ кæниккам.

Хадзы, дæ иууыл стырдæр бæллиц уыдис: «Уой, мæ Ир, мæлæт – нæ, сæрибар, сæрибар!» – афтæмæй, уыцы сæрибар нæфенгæйæ дæхи сръвдз кодтай де 'нусон фæндагмæ. Фæлæ уд æмæ аивад нæ мæлынц – уыдон Сæрибармæ, Стыр Сæрибармæ цæудзысты немæ.

Дæуæн та, тæрккæй сулæфын дæр цы Ирыстоны уарзтæй нæ фæрæзтай, уый риу уæд, мады хъæбысау, хъарм æмæ адджын.

Рухсаг у.

# III

## БЕДЖЫЗАТЫ ЧЕРМЕНЫ ТЫХХÆЙ

### 1. УДУÆЛДАЙ ТОХГÆНÆГ

20-æм азты ирон литературæимæ иууыл ныфсджындæр къахдзæфтæ цы фысджытæ æрбакодтой, уыдон курдиатджындæртæй иу уыдис поэт, прозаик, драматург, публицист æмæ æхсæнадон архайæг Беджызаты Чермен.

Бирæ фæндыд Чермены саразын Ирыстонæн, ирон адæмæн, ирон аив литературæйæн. Царды дæр æмæ аивады дæр йæ риуы æмбæрц цыдис, фæлæ, Нигеры загъдау – «у фадат аразæг». Кæд ын фыддуг, фыдцард, фыдадæм йæ авналæнтæ æмæ йæ царды фæцыбырыл уыдысты, уæддæр ирон литературæйы цы арф фæд ныуyагъта, уый у æмæ уыдзæнис нæ адæмы æгъатыр цард æмæ историзонæн, нæ адæмы стыр удыхъæд æвдисæг.

Беджызаты Дауыты фырт Чермен райгуырдис 1898-æм азы кæрон, цыппурсы мæйы (декабры) 23-æм бон нæ райгуырæн бæстæйы иууыл рæсугъддæр æмæ бæрзонддæр бынæттæй сæ иуы – Урстуалты, Едысы хъæуы.

Ирыстоны царды, уæлдайдæр, нæ хæхбæсты рагæй фæстæмæ царды цалх йæ быны цъист кодта нæ мæгуыр адæмы. Нæ сæ уыдис сæ зæрдæты фæндиаг сулæфыны бон. Зæхх уыдонæн никуы уыдис зæрдæйы фæндиаг, ацæуæн, æрбацæуæн иннæ ахæм. Фæлæ Чермены фыд Дауыт, йæ алыварс адæмимæ абаргæйæ, цæрæг лæгыл уыдис нымад. Кодта зæххы куыст, дардта фос, рæвдз уыд комбæсты хъуыддæгтæм.

Æхсæнадон цардæй иппæрд нæ уыд, æмæ 1905-1907-æм азты революцийы дымгæ Ирыстоны кæмттæм куы ‘рбахæццæ, ирон фæллойгæнæг адæм революцийы фæндагыл

куы слæуууыдысты, сæрибардзинад сын фæндагамонæг стъалыйы хуызæн куы сси, уæд нæ фидæны стыр фыссæджы фыд Дауыт уыцы цардивæн бахъавтыты фæсфæд куыд фæлæуууыдаид, ссис растадон фæсивæдæй дæсы хистæр.

Фæлæ сæ цин бирæ нæ ахаста. Революцион змæлд æрцыдис цъист. Æрцахстой Дауыты дæр. Дыууæ азы фæбадт ахæстоны. Куы ссæрибар, уæд фæстæмæ сыздæхт йæ райгуырæн хъæумæ. Йæ хæцæнгарз баивта сауджыны пæлæзæй, фæлæ сæрибары бæллиц йæ зæрдæйы нæ амард, æмæ та 1917-æм азы революцион змæлд куы сытынг, уæ ныууагъта аргъуаны куыст æмæ æххуыс кодта дæластæрдон большевикон организацийæн.

Чермены фыды фыд Леуан та уыд зындгонд таурæгъгæнæг. Ахæм адæм куыннæ зыдтой чиныджы тых! Сæ фадæттæ дæр сæ амыдтой æмæ лæппуйы баурæдтой ахуыры фæндагыл.

Черменыл аст аз  куы сæххæст, уæд сæхимæ хъæууон скъолайы сахуыр кодта дыууæ азы, стæй 1908-æм азы бацыд Гуры духовон ахуыргæнæндонмæ. Каст æй фæцис 1914-æм азы, æмæ йæ ахуыр адарддæр кодта Калачы дины семинары (ахуыргæнджыты семинары). Каст æй фæцис 1917-æм азы.

Семинары базонгæ, социал-демократон зондахаст кæмæн уыдис, ахæм студенттимæ. Каст марксистон литературæ æмæ бонæй-бонмæ тынгдæр райдыдта æмбарын, адæм иу-стæмтæй фæстæмæ гæвзыкк цæмæн сты, уый аххосæггæ. Афтæмæй йæ ахуыры фæстæ акодтой æфсадмæ. Службæ кодта, Гуры цы ирон полк уыд, уым.

Чермен, революцион зондахастыл лæуд æвзонг лæппу, сæрибардзинады сæрвæлтау цæттæ уыд алы фыдæвзарæнтæм дæр, æмæ æфсæддонты ‘хсæн райдыдта агитацион куыст, æмбарын сын кодта, се знæгтæ чи сты.

Уæд уыцы ирон полчы Чермены хуызæттæ цъус нæ уыд, полк цыбыр рæстæджы фæцис большевикон æндæвдады бын. Уыцы хабар хицæуттæн æнæзонгæ нæ уыд, тæссаг уыдис, сæрбахъуыды рæстæджы æфсад сæ ныхмæ куы фæуыдаиккой, æмæ сæ 1918-æм азы иууылдæр сдемобилизаци кодтой.

Æфсæддонтæн хъавыдысты сæ хæцæнгæрзтæ исынмæ, фæлæ, революцион зондахастыл лæуд лæппутæ хорз зыдтой, уыцы хæцæнгæрзты сæр сæ тагъд Ирыстоны сæрибары сæрыл тохы кæй бахъæудзысты, æмæ сæ нæ радтой.

Чермен йæ райгуырæн хъæу Едысмæ сыздæхт æд гæрзтæ. Уым иу-цалдæр йæхи хуызæн фротовикимæ саразта большевикон чыр, хицæутты ныхмæ адæмы ‘хсæн кодта агитацион куыст æмæ сæрды бацыд партийы рæнхъытæм.

Чермен большевикон змæлды активон кæй уыдис, уый тыххæй йæ равзæрстой Ручъы дæластæрдон партийы райкомы уæнгæй, 1920-æм азы райдианы та уыд уыцы партион организацийы сæрдар. Уыд уыцы азы 8-æм июны Хуссар Ирыстоны фæллойгæнджыты растады активон хайадисæг. Æвзæрст æрцыд Хуссар Ирыстоны ревкомы уæнгæй.

Онæй Душетмæ советон хицауад куы расидтысты, уæд адæм куыд цин кодтой сæ сæрибардзинадыл, уый Чермен аив равдыста йæ бонæг «Ссыгъди цард»-ы, фæлæ, хъыгагæн, сæ цин бирæ нæ ахаста. Гуырдзыстоны меньшевикон хицауад Хуссар Ирыстонмæ æрбакалдта йе ‘фсад, æнæхотых адæмы ныддæрæн кодтой, бастыгътой мæгуыр фæллойгæнджыты, басыгътой сахар æмæ хъæуты.

Чермены дæр бар-æнæбары бахъуыдис лигъдæттимæ Ирыстоны цæгат хаймæ фæлидзын. Уым дæр нæ ныууагъта йæ революцион куыст. Уыд Хъæдгæроны районы партион организацийы сæрдар æмæ Хуссар Ирыстоны Ручъы районон партион организацийы сæрдар.

1921-æм азы Гуырдзыстоны Уæрæсейы фæрцы советон хицауад куы фæуæлахиз, уæд Чермен тæргæйтты мæйы (марты) фæстæмæ æрыздæхт. Уæхскуæзæй æрæвнæлдта ног цард аразынмæ, литературон æмæ æхсæнадон куыстмæ.

Уыцы аз æй равзæрстой Цхинвалы ревкомы сæрдары хæдивæгæй, фæстæдæр та æфсæддон ревкомы нымæрдарæй. Куыста фæллойады адæмон Комиссариаты (1922), Хуссар Ирыстоны ЦÆК-ы Президиумы нымæрдарæй (23-25-æм азты), 1924-26-æм азты та уыд газет «Хурзæрин»ы редактор. Фæлæ уæддæр йæ зæрдæ æхсайдта ахуырмæ.

Зыдта, рæсугъд цард саразынæн бирæ зонындзинæдтæ кæй хъæуы. 1926-æм азы бацыд Мæскуыйы журналистикæйы паддзахадон институты дыууæазон Уæлдæр журналистикæйы курсытæм æмæ сæ каст фæцис 1928-æм азы.

Ахуырæй куы 'рыздæхт, уæд та йæ ногæй баурæдтой «Хурзæрин»-ы редакторæй æмæ дзы фæкуыста 1931-æм азмæ. 1931-æм азы уыд Хуссар Ирыстоны паддзахадон рауагъдады хисдæр. Уыд литературон газет «Большевикон аивад»-ы редактор 30-31-æм азты. 32-35-æм азты куыста Хуссар Ирыстоны зонад-иртасæн институты директоры хæдивæгæй. Уый фæстæ уыд Фысджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады сæрдар, журнал «Фидиуæджы» редактор.

Уыцы рæстæджы троцкизмы ныхмæ скарз æгъатыр тох. Уæд фаг уыдис, исчи дæм куы фæхæрам уыдаид, куы дыл ныффыстаид сусæгæй, зæгъгæ, троцкист у, уæд уый дæр, цæмæй дæ æрцахстаиккой. Къухдариуæггæнæгмæ та мæстыгæнджытæ фылдæр вæййы, æмæ Чермен, йæ тæккæ лæджы кармæ куы бахæццæ, уæд 1937-æм азы басыгъд троцкизмы азарæй. Ирыстон фесæфта йæ адæмы стыр патриот æмæ активон æхсæнадон архайæджы. Фæлæ Беджызаты Чермен йæ дзыллæйы зæрдæйы уæддæр æнустæм бынат ссардта, куыд стыр фыссæг, стыр новеллист, афтæ.

Чермен аивадон уацмыстæ фыссын райдыдта, дины семинары ма куы ахуыр кодта, уæд, номхуындæй та – 1915-æм азы.

Революцийы тæваг йе уæнгты уæд ахъардта; куыд мæгуыр, фæллойгæнæг адæмы сæрыл тохгæнæг, афтæ йæ дуджы раззагондæр фæлтæры рæнхъытæм уæд бацыд; йæ цардвæндаг уæд равзæрста, уый та йæ кодта базырджын, чи зоны, сфæлдыстады фæндагыл дæр уымæн ныллæууыд.

Литературæйы фылдæр хатт куыд вæййы, афтæ уый дæр фыццаг фыста æмдзæвгæтæ, фæлæ сæ дзæвгар рæстæджы нæ мыхуыр кодта. Йе 'мдзæвгæтæ фæзындысты газеты 1921-æм азы. Йæхæг куыд фыста, афтæмæй йæ фыццаг поэтикон фæлварæнты хуыздæр хай, гуырдзиаг меньшевиктæ сын 1920-æм азы Едысы сæ хæдзарыл арт

куы бандзæрстой, уæд басыгъдысты уым. Цы ма дзы баззад, стæй ма уый фæстæ цы æмдзæвгæтæ ныффыста,уыдон хицæн чиныгæй ныммыхуыр кодта 1933-æм азы Цхинвалы «Кард æлвæстæй», зæгъгæ, ахæм номимæ.

Чиныг адих кодта æртæ хайыл: 1915-18-æм азты фыст æмдзæвгæты схуыдта «Кард йæ кæрддзæмы», 1918-20-æм азты фыста æмдзæвгæты – «Кард æлвæстæй», 1921-30-æм азты фыст æмдзæвгæты та – «Уады райгуырд цард».

Цы у ацы уацмысты мидис, поэт цæуыл риссы, цы сты йæ сагъæс, йæ цины сæр?

Ацы фарстæн нæ бон бауыдзæнис цыбыртæй дзуапп раттын, æмдзæвгæтæ цахæм циклтыл дих кæнынц, уыдонмæ нæ хъус куы ‘рдарæм, уæд дæр.

Адæм куыд æфхæрд, куы ссæстæй цардысты, се ‘рвылбонон тухийæ сæ бон куыннæ уыдис сæ сæртыл схæцын, уый æрдзы хуызы æвдисгæйæ дзуры:

*Сау ком ниуы, зæхх ныссалди,*
*Бæстыл удгоймаг кæм и?*
*Алцы уазалæй ныммарди,*
*Алчи цард, йæ цард фæци.*
(«Зымæг»)

Æмæ Къоста «Мæгуыры зарæджы» кæд «Мах» æмæ «Адæмы» æвæры кæрæдзийы ныхмæ. Кæд уый афтæ дзуры, ома, адæм царды дзæбæхæй цæрынц, «махæн та нæ афæдзы мызд – ‘Гасæй иу хоры кæфой…» æмæ фыдудæй уымæн мæлæм, уæд Чермен та, Къостайы æндæвдадæй цы æмдзæвгæ ныффыста «Хæхты маст», зæгъгæ, уым æргомæй равдыста йæ адæмы цард. Бæлвырдæй нын дзуры, мæгуыртæн сæ цæссыг сæ уадултыл куыд уайы, сæ хуымгæндтæ лæсæнтæ куы сты, цæугæдон сыл куы ниуы, хох сыл æдзух цæссыг куы згъалы, уæд бонджынтæн та сæ зæрдæ куыд райы, «сæ зæхх, сæ цæрæн – гауызау рæсугъд» куыд у.

Æмæ уымæн æндæр гæнæн нæй. Тæразы къустæй иу дæлæмæ куы цæуа, уæд иннæ та уæлæмæ куыд фæхизы,

афтæ у цард дæр. Афтæ цæмæн у, уый та хорз зоны поэт. Йе 'мдзæвгæ «Мæгуыры рыст»-ы уымæн зæгъы:

*Сау сынтытæ дæу нæ уадзынц,*
*Холы сын – дæ рыст буар.*

Æмæ дарддæр:

*Уыдон не 'мбарынц дæ тухæн,*
*Нæй сæ иу ран дæр дæ мæт.*
*'Нцой нæ ратдзысты дæ удæн,*
*Цалынмæ хæссай къæлæт.*

Поэтæн йæ адæм ахæм уавæры кæй сты, Къоста сæм куыд сидтис, афтæ, æфсымæртау, сæ къухтæ кæрæдзимæ кæй нæ дæттынц, ууыл у Чермены сагъæс дæр. Тыхы дуджы кард йæ кæрддзæмæй куыннæ сласай, уæд дын дæ къæлæт барвæндæй ничи рафтаудзæн. Поэтæн та уый тыххæй йæ:

*Зæрдæ риссы, зæрдæ ниуы*
*Зæрдæ сау мæтæй хъæрзы.*
(Зымæг)

Йæ адæмы рыстæй йæ зæрдæ кæмæн фæриссы, уый фæагуры рухс царды фæндæгтæ. Зыдта сæ Чермен дæр. Тыдта сæм йæ бæттæнтæ. Сæрибардзинадмæ сидт йæ адæммæ – «Ныссæттæм цагъарад», «Ысласæм æндон фæринккард», «Æрдомæм сæрибары цард!»

Ацы æмдзæвгæ «Цагъары фæндтæ»-йæ зынгæ ирон поэт Гафез уымæн фыста зæгъгæ, йæ «… алы рæнхъ дæр, фæндыры хъисау, æндон зæлланг кæны, артау судзы, фæринк кардау тæмæнтæ калы» (Беджызаты Чермен. «Æвзæрст уацмыстæ», Сталинир, 1958-æм аз, 533-æм фарс).

Поэты бæллиц уыд йæ адæмы, йæ райгуырæн Ирыстоны сæрибарæй фенын, амонды фæндагыл æй бауромын, адæймаг адæймаджы куынæ уал дæлдзиныг кæна, йæ куыстæллойы сой йын куынæ уал цъира.

Уымæ уыдта æрмæстдæр иу фæндаг, тохы, сарибардзинады сæрыл тохы фæндаг, æмæ йын нæдæр йæ хъару хæлæг кодта, нæдæр йæ уд. Йæ кард уымæн сæлвæста, 1918-æм азы, Уæрæсейы Октябры революцийы фæуæлахизы фæстæ, йе ‘мдзæвгæ «Æлвæст у мæ кард»-ы сæрыстырæй уымæн дзырдта:

*Нæ зонын æз тъизын –*
*Тымыгъты раз ризын:*
*Мæ къухы цæхæркал фæринк.*

Æмæ поэт «тымыгътæ» цы удуæлдай, лæджыхъæд бæрæггæнæг тох хуыдта, уыдон раз æцæг нæ зыдта «ризын». Революцийы фарс уыд удæй дæр, аивадæй дæр, хæцæнгæрзтæй дæр. Æнхъæлдта, раздæры Уæрæсейы арæнтыл фæллойгæнджыты сæрибардзинады уылæн акæндзæн уыцы æнхъæвзт. Уырныдта йæ, Ирыстон дæр уæд кæй сулæфдзæнис йæ зæрдæйы фæндиаг, ирон лæг кæй аппардзæнис цагъарады æфсондз. 1919-æм азы кæфты мæйы 24-æм бон уымæн сидт:

*Æгъгъæд нын у махæн цагъар цард кæнын*
*Цагъары рæхысты, бæттæнты.*
*Æгъгъæд нын у махæн ыстонгæй мæлын*
*Нæ талынг ыскъæттæ-лæгæтты.*
(«Сæрибары зарæг»)

Æмæ 1920-æм азы 8-æм июны Онæй Душетмæ советон хицауад куы расидтысты ирон хæцæг фæсивæд, уæд сæ активондæр архайджытæй иу Чермен уымæн уыдис, ног царды хур нæм ракаст, зæгъгæ, уымæн цин кодта.

Фæлæ фæллойгæнæг адæмы цин бирæ нæ ахаста, гуырдзиаг меньшеквикон хицауад сын æй туджы зæйтæн фæласын кодта, арты йæ басыгъта. Æнусон бæллицтæн та марæн æмæ судзæн нæй. Чермены ныфс уый тыххæй нæ амард. Уæддæр æй уырныдта, фидæн рæстаг адæмы кæй у, рæстдзинад æнæмæнг кæй фæуæлахиз уыдзæнис абон уа æви сом. Цард уый цæрайæ, цард уый ныфсæй.

*Цæуæм уал цæгатмæ: фæстæмæ цæудзыстæм.*
*Нæ къухы æрттивдзæн Октябры кард.*
*Нæуæг царды фидар мæсгуытæ кæндзыстæм,*
*Нæ хæхты нынæрдзæн уæлахизы зард.*

(«20-æм аз»)

Йæ ивгъуыд рæдыдтытæй хатдзæгтæ чи нæ аразы, аккаг аргъ сын чи нæ кæны, уый сыл фæкæлы ногæй, бахауы ноджы фыддæр фыдæвзарæнты. Уыцы хъуыддаг Черменæн æнæзындгонд нæ уыд, æмæ цæмæй ирон адæм 20-æм азау ног геноциды ма бахаудтаиккой, цæмæй та йæ хæстарыд Ирыстоны зæхх нæ тугæй ма сæнхъызтаид, уый тыххæй нæ фæдзæхста карзæй:

*Ыссæдзæм аз махæй*
*Кæмæй фæуа рохы,*
*Уый не 'хсæн æлгъыст уæд фæлтау!*

Ирон лæг, хъыгагæн, рохгæнаг у. Нæ поэты фæдзæхст нæ æрбайрох, нæ сыхæгтæ нæм сæ дæлæрмтты дуртæ æмбæхстæй куыд хастой, уымæ нæхи ницы уынæг скодтам, æмæ-иу сын уый фæстæ дæс æмæ æртиссæдз азы фадат куы фæци, уæд-иу нын дзы ныххафт ластой нæ фæскъæбут. Нæ фыссæг йæхæдæг дæр 37-æм азы троцкизмы азарæй уымæн басыгъд. Фадат сын куы фæцис, уæд нын расидтысты сусæгæй дыккаг геноцид, ногæй ныл рауагътой туджы лæсæнтæ. Ногæй ныл бафтыдтой арт, сырдтой нæ нæ фыдызæххæй…

Фæлæ уый нæ поэт нал федта. Уый ног фæуæлахизы фæстæ зарыд ног цардарæзтадыл, ног цардыл. Литературон куыстмæ уæлдай разæнгарддæрæй æрæвнæлдта, 1928-æм азы, Мæскуыйы журналистикæйы институт фæуыны фæстæ Ирыстонмæ куы 'рыздæхт, йæ курдиат сæйраджыдæр прозæйы жанырæн куы нывонд кодта, уæд.

Прозæ фыссæгæй æрвылбонон, æнæаскъуыйгæ куыст домы, рæстæг ын фылдæр хъæуы. Чермен та йæ æнæрæнцой дуджы хъæбул уыд, æппынæдзух æхсæнадон царды ифтыгъд уыд, стæй йын фыдадæймæгты аххосæй бирæ рацæрын нæ бантыст, æдæппæт 38 азы, фæлæ йæ хуыздæр ра-

дзырдта «Æртæ фæкасты», «Уад асаста гæды бæлас», уацау «Бирæгътæ», уæлдайдæр, йæ новеллæты цикл «Мæсгуытæ дзурынц»-æй йæ ном æнустæм ныффыста ирон литературæйы историйы.

Цардмæ алы адæймагæн дæр йæхи цæстæнгас ис. Бирæтигъджын дурæн чи кæцырдыгæй фæлæууы, уырдыгæй йæм йæхирдыгонау куыд ферртивы, афтæ у цард дæр. Цæмæй йæ фыссæг йæхимæ гæсгæ æвдиса, искæй æндæвдады бын ма бахауа, уымæн æвæджиаг курдиат хъæуы. Уыцы курдиатæй Чермен æрдзæй фæцис хайджын. Йæ разæй дæр нæм кæд стыр новеллисттæ уыдис, уæддæр сæ уый ничи асайдта йæ фæдыл. Мæскуыйы журналистикæйы институты ахуыр кæныны азтæ йын, литературæиртасæг Джусойты Нафи куыд зæгъы, – «уыдысты эстетикон цæттæдзинады скъола», хорз зыдта, искæй надвæдыл цæугæйæ стыр аивад аразæн нæй, æмæ фидарæй лæууыдис йæхи дуджы алыхуызон фæзилæнты, йе ‘мрæстæгонты удыхъæд ног хуызы, ног формæты æвдисыныл.

Уымæн ирд æвдисæн сты йæ радзырдтæ «Æртæ фæкасты» æмæ « Уад асаста гæды бæлас».

Ирон сылгоймаг æнусты дæргъы куыд ссæст, æфхæрд уавæры тыдта йæ бонтæ, æхсæнады йын сдзырды, йæ уæнгтæ айвазыны бон куыннæ уыд, уый XIX-æм æнусы кæрон, стæй XX-æм æнусы райдианты нæ литературæйы классиктæй алкæй дæр æндæвта, уыдис сæ алкæй сагъæсы сæр дæр, фæлæ сæйраг, уыцы уавæрæй йæ цæй фæрцы уыдис ракæнæн, уый уыд.

Æнæ Чермен, адæм се ‘фхæрд уавæрæй революцийы фæрцы кæй фервæздзысты, уыцы хъуыдыйыл фидарæй кæй уыд хæст, сылгоймаджы уæнгты баст уыцы революцийы фæрцы аппарынмæ уымæн баста.

Фæлæ куыд? Цы хуызы?

Уыцы фарст æрæвæрдта Чермен йæ разы радзырд «Æртæ фæкасты».

Радзырды арæзт у хуымæтæг: Битармæ уазæгуаты сты Умар, Хæлар æмæ Бадæг. Се ‘ппæт дæр – æмбаргæ, цардзонæг, ахуыргонд адæм. Фæлæ сылгоймаджы хъысмæты тыххæй сæ хъуыдытæ сты æндæр æмæ æндæрхуызон.

Умары хъуыдымæ гæсгæ сылгоймаг, ирон сылгоймаг «царды цалхы саст дæндаг» у æмæ йæ иумæйаг зиумæ, ома йæ ног цардмæ ракæнын зын у. Зæронд зондахастыл лæуд Хæлары та фæнды, цæмæй ирон сылгоймаг баззайа, раджы куыд уыдис, афтæмæй – æфсæрмгæнагæй, хæдзары хъуыддæгтыл хæстæй, сабиты хъомылгæнæгæй. Ома, сæр æй куы бахъæуа, уæд йæхæдæг рацæудзæнис ног царды æмрæнхъ.

Æртыккаг уазæг, Бадæг æндæрхъуызон хъуыды кæны. Уымæ гæсгæ ирон сылгоймаг хъуамæ цæуа царды нæлгоймæгты æмрæнхъ, æмæ кæд ахæм нæма у, уæд нæ ууыл хъæуы тох кæнын.

Сæ хъуыдытæ цыма æппаринаг не сты. Раст фæкæсынц фыццаг фæкастæй чиныгкæсæгмæ. Фæлæ уый фаг нæ кæсы автормæ. Уымæн æмæ, радзырды кульминацион тæпп уым куы уыдаид, уæд ын æххæст радзырд схонæн дæр нæ уыд. Уæд уыдаид хуымæтæджы диалог. Автор фысым Битары дзырдтæй уымæн ракæны æцæг ирон сылгоймаджы хабар, уымæн ын равдисы йæ цардæй æртæ фæкасты.

Фыццаг фæкаст – сæрибары сæрыл тохы размæ;

Дыккаг фæкаст – ирон сылгоймаг сæрибары сæрыл тохы нæлгоймæгты æмрæнхъ;

Æртыккаг фæкаст – ног цардарæзтады гуылфæнты.

Фыццаг фæкаст сæ кæд Битар «рæсугъд, уалдзыгон райсомау, рæхснæг гæдыбæласау» Налхъуытæйы цæстыты æфхæрд, ссæст, ныфсмард, талынгдзинадæй фылдæр ницы федта, æмæ уыцы хиæдтæй равдыста рагон ирон сылгоймаджы цард, уæд дыккаг «фæкасты» ивы уыцы цæстæнгас. Налхъуытæйæн йæ иунæг æфсымæр куы фæмард, уæд бацыд партизанты къордмæ, тох кæны сæрибары сæрыл. Автор Битары номæй ауыдта уыцы диссаджы цæстæнгасы цыдæр ныфсы æмæ фæндоны фæд.

Ног цардарæзты рæстæджы Налхъуытæ скъолайы куы бакаст, æхсыры фермæйы хицау куы ссис, царды рохтæ йæ къухмæ куы райста, уæд йæ уыцы «цæстытæ – айдæнты» уынæм диссаг: «Раджыйы æфхæрд, æнæкæрон ныфссаст æмæ мæрдондзинадæн дзы сæ кой дæр нал уыд ацы айдæнты. Цыдæр стыр ныфсхаст, хуры тынтау, нывæсти Нал-

хъуытæйы сыгъдæг ирд цæстытæй рухс æмæ хъармæй йедзагæй».

Афтæмæй нын автор йæ хъайтар, æгæрыстæмæй, ном дæр æфхæрыны тыххæй кæуыл сæвæрдтой, – Налхъуытæ, ома, нал хъуыдтæ, – йæ уыцы хъайтар Налхъуытæйы фæлгонцы равдыста, ирон сылгоймаджы удыхъæд куыд ивта æмæ царды цы бынат æрцахста. Равдыста йæ аив фæлгæнцтæ æмæ нывты фæрцы: цæрдхъом, алыварсонæй. Æцæг курдиатджын фыссæгæн куыд æмбæлы, афтæ: æвзаргæ дзырдтæ, деталтæ, æрдзы нывтæй…

Йæ дыкка радзырд «Уад асаста гæды бæлас» дæр фыст у зæронд цард æмæ ног цард сæ кæрæдзийы ныхмæ æвæрын æмæ сæ символикон хуызы æвдисыны бындурыл. Ам дæр йæ зæрдæ нæ ивы йæ фидар хъуыдыйыл – рухс цард ис фидæны, адæймагмæ амонд цæуы уырдыгæй.

Чермены иууыл гуырахстджындæр уацмыс у йæ уацау «Бирæгътæ». Хъæздыг Бадила æмæ йе ‘ххуырст Бибойæн нæй бафидауæн сæ царды социалон бындурмæ гæсгæ. Бибо – мæгуыр, гæвзыкк, цы бахæра, уый дæр ын нæй, æртæ азы Бадиламæ фæкуыста æхххуырсты, цыдис ын фыййау, фæлæ йæ куыстмызд куы ‘ркуырдта, уæд, фысымы нымадмæ гæсгæ, цыма хæсджын фæцис йæхæдæг. Уый нæ, фæлæ йыл сæвæрдта лæгмары ном дæр, ома, хъавыдис мæ амарынмæ, стæй ма у къæрных дæр.

Бибойæн йæ рæстдзинад сбæлвырд кæнын йæ къухы бафтыдис æрмæстдæр коллективизацийы рæстæджы. Уæд бацис йæ бон æцæг къæрныхты, бирæгъдзæрмттæ чи скодтой, адæмы иумæйаг фос былæй чи калдтой, чи сæ давтой, уыцы дыкъахыг бирæгъты æцæг цæсгæмттæ раргом кæнын – Бадила æмæ уый хуызætты лыскъ удыхъæд адæмæн равдисын.

Фæлæ Чермен-прозаикæн йе сфæлдыстады иууыл бæрзонддæр къæпхæныл банымайæн ис йæ новеллæты цикл кæны сæ йæхæдæг куыд схуыдта – уацау «Мæсгуытæ дзурынц».

Ацы новеллæтæ сæ кæрæдзиимæ баст сты сæ бацæуæн æмæ сæ кæронæй. Йæхи фæтк æмæ æгъдау кæмæн ис, йæхи цардæй чи цæры, уыцы мæсгуыты хъæумæ зонадон кусджыты хуызы цы æвзонг студенттæ фæзындысты, –

дыууæ чызг æмæ дыууæ лæппуйы, – уыдон сын базмæлын кодтой сæ цард æмæ, æгæрыстæмæй, сæ удтæ дæр. Автор куыд зæгъы, афтæмæй «цы пыррыччытæ фæкодтой, уæвджийæ дæр, сæ кæлмæрзæнты кæрæтты былтæ 'мбæхстæй чындзытæ æмæ чызджытæ дыууæ чызджы æнахуыр уæлæдарæсыл æмæ бæгънæг æгъдтыл. Цал хатт сæ æфсæрмдзæстыгæй азылдта хъуызгæ-хъуызгæ йæ цæстытæ хæххон лæппу-лæг рæгъты 'рдæм», ацæргæ адæм-иу сæм æххæлгæ дæр фæкодтой, ома, цы уагæй цæут. Фыдæлтыккон зæронд таурæгъгæнæг Баймæты зæрдæмæ дæр нæ цæуынц – «нæ мæ дуджы фæсивæды æнгæс стут, нæ нырыккон фæсивæды» – цардмæ йæ хъæу, йæ комбæсты цæстæнгасæй касти. Фæлæ адæймаджы йæ хъуыддæгтæ рæсугъд кæнынц. Æвзонг бæстæиртасджытæ хъæубæстæн сæ цин æмæ сæ хъыджы сæ фарсмæ куы балæууыдысты, уæд сæм уыдон дæр æркастысты рухс цæстæй. Баймæт сын йæ таурæгътæ уымæн радзырдта. Æмæ нын фергом, Чермен æппæт йæ цард, йæ архайд, йе сфæлдыстад цæмæн нывонд кодта ног цардарæзтадæн, ног дугæн.

Баймæты таурæгътæ – Чермены новеллæтæ æдæппæт сты 9 (фараст), фæлæ нын сæ автор лæмбынæг равдыста рагон ирон адæмы мыггагон-патриархалон царды нывтæ, мыггæгты, хицæн адæймæгты æхсæн ахастытæ. Чиныгкæсæджы зæрдæ нырризын кæнынц тугисын, зæххы, кады тыххæй тохы нывтæ, чысыл æнæууылд ныхас, æнæраны мийы тыххæй-иу куыд бабын сты æнæхъæн хæдзарвæндаг кæнæ мыггаг дæр.

Хъороты Бæдтуйы фыдæвзагæй («Кодзыртæ») Гаглойты мыггаджы къухæй уымæн бабын сты Кодзыртæ, Кобеты Радзамы фыд-зонды аххосæй йæ мыггаг, фыдæй-фыртмæ уымæн цагъды кодтой («Туджы фæдыл») Æлбегаты мыггагимæ.

Чермен йæ новеллæты æвдисы, нæ адæмы 'хсæн раг заманы цы бирæ хъаугъатæ цыд, уыдон фылдæр хай кæй уыдысты зианхæссæг æгъдæутты аххос, æмæ сæ кæй хъæуы ферох кæнын, кæй сыл хъæуы дур ныффæлдахын.

Уымæй дæр сæ афтæ аив, афтæ арæхстджынæй æвдисы, æмæ сæ иу хатт чи бакæсы, уый зæрдæйы ныххауынц æмæ

сын нал вæййы сæфтæн. Ног цардаразджытæн та уыдысты зонды хос.

Ног цардарæзтыл дзурæг сты йæ пьесæтæ «Октябры тырысаимæ» æмæ «Чи кæй?» Фыццаг драмæ фыст у Ирыстоны хуссар хайы фæллойгæнæг адæмы революцион растадыл. Пъесæйы тох цæуы партийы разамонджыты сæргълæудæй фæллойгæнæг адæм æмæ меньшевикты ʻхсæн.

Большевикты тох у адæмы сæрыл, сæрибардзинад, рухс цард сын æрхæссыныл, иннæ та уыцы сæрибардзинадмæ тырныны бæллиц хуыссын кæнынц адæмы тугæй. Уыдонмæ нымады дæр не сты, Æхсар, Азау, Сæниат, Гайти æмæ уыдон хуызæттæ цы цардæй цæрынц, цы фæндтæ сæм ис, уыдон.

Фæлæ ма уацмысы ис æртыккаг къорды адæм дæр – мид-знæгтæ, сæ цардæй райгонд чи сты, ахæмтæ, Хату æмæ уый хуызæттæ.

Уыдон алы ран дæр хорзæй уынынц, æрмæстдæр сæхи удтæн пайды цы уа, сæ мулк фылдæр цæмæй кæна, уый.

Автор нæ тæрсы йæ хъайтары арф драматикон, æгæрыстæмæй, трагикон ситуациты равдисынæй. Уыдон ын феххуыс вæййынц йæ хъайтарты фæлгонцтæ ирд æмæ алыварсондæрæй равдисынæн.

Чермены дыккаг пъесæ «Чи кæй?» та фыст у колхозон арæзтадыл. Уым дæр фыссæг æрæвнæлдта йæ дуджы иууыл ахсджиагдæр проблемæтæй иумæ. Уацмысы сæрæй дæр бæрæг у, дзырд дзы цæуыл цæуы – чи хъуамæ фæуæлахиз уа, мæгуыр фæллойгæнæг адæм æви сæ къласон знæгтæ, кулæктæ Ботаз, Тоти, Хъуыбады æмæ сæ хуызæттæ?

Æмæ Чермен ног цардарæзтады минæвар, йæ активондæр архайджытæй иу кæй уыд, уымæ гæсгæ йæ алыг кодта, цард æй йæхæдæг куыд равдыста, афтæ. Уыимæ пьесæйы ирдæй æрцыд æвдыст, уыцы дуджы адæймаджы психологи куыд ивта, адæймæгты, бинонты æхсæн æмæ æхсæнады цы æлхынцъытæ уыд, уыдон халгæйæ.

Ирон аив литературæмæ ирон очеркы жанр дæр фыццаг æрбахаста Чермен. Йæ очерктæ «Хурзæрин» æмæ «Ихдзагъд» мыхуыры фæзындысты 30-æм азты.

Фыццаджы дзырд цæуы Дзауы районы Котантойы ног колхозы æнтыстытыл, фæллойгæнæг адæм коллективон хæдзарады цы амонд ардтой, цы бæллицтæ сæм уыдис, æппæт уыдоныл.

«Ихдзагъд»-ы та нын равдыста, уыцы районы хæдзарадтæн их цы стыр зиæнттæ бакодта, фæлæ уæддæр адæмы ныфс куыннæ амард, сæ кæрæдзийы æнцой куыд лæууыдысты, колхозтæ уæдмæ сæ къахыл кæй слæууыдысты, уый фæрцы кæй нæ фæцудыдтой.

Фæлæ Чермены публицистикæйы, стæй æмткæй уæды ирон аив публицистикæйы иууыл стырдæр бынат ахсынц йæ аивадон бонæг дыууæ хайæ – «Ссыгъди цард» æмæ «Басыгъди цард».

Уæдмæ нæ литературæйы аивадон бонæджы хуызы фыццаг уацмыс уырыссаг æвзагыл ныффыста Хъаныхъуаты Инал «Ирон хъæу», зæгъгæ, ахæм номимæ. Фæлæ Чермены бонæг ирон æвзагыл уыдис фыццаг.

Нæ фыссæг йæ уацмысы æрæвнæлдта ирон адæмы иууыл судзаггагдæр фарстмæ – Хуссар Ирыстоны фæллойгæнджытæ советон хицауады сæрыл большевикон партийы сæргълæудæй цы удуæлдай тох кодтой, сæ къухы цы стыр æнтыстытæ æфтыдысты, сæ къуылымпыйы аххосæгтæ цы уыдысты, æппæт уыдæттæ равдисынмæ.

Бонæджы фыццаг хай бирæ рæстæг нæ ахсы – бæрцæй дыууæ мæйы æмæ æрдæг – хуымгæнæны мæйы (июны) 17-æм бонмæ, фæлæ нæм, Мидхæсты заман иууыл ирддæрæй æвдыст кæм цæуы, уыцы аивадон уацмыстæй «Ссыгъди цард» дуджы рæстдзинад æмæ адæмы психологи, не знæгты æцæг цæсгом æмæ йæ адæмы удыхъæд æвдыст кæм цæуынц, уыдон æхсæн ахсы фыццаг бынат. Автор кæд æгъатыр рæстæджы цаутæ йæхи зæрдæйы нучы кæй уадзы, афтæмæй нын сæ кæй æвдисы, уыцы хабарыл аивадон, стæй историон æгъдауæй дæр хæцы бæрзонд, кæны йæ зæрдæмæхъаргæдæр, чиныгкæсæджы æлвасы йæхимæ.

Чермен йæ бонæджы æрмæст фæллойгæнæг адæмы æргом знæгты кой нæ кæны, фæлæ йын æнæуынон сты, адæммæ сусæг ком чи фæдарынц, алцæмæ дæр хи уды пайдайы цæстæй чи кæсынц, йæхи загъдау, арсау сæ лæгæты чи

бадынц æмæ афтæ чи дзурынц: «Мах хъуыддаг нæу, мах æнцад бадæм, меньшевиктимæ нæ ницы хæцинаг ис, ницы уаринаг».

Чермен царды дæр æмæ литературæйы дæр уыдис рæстдзинады сæрыл удуæлдай тохгæнæг, æмæ ирон литературæйы историйы баззад ахæмæй. Йæ цард æмæ сфæлдыстад бæллиццаг уымæн сты.

1994

## 2. АДÆМОНДЗИНАД – СÆ РАХÆЦÆН

«Стихмæ арæзт нæу Черменæн йæ курдиат», – уый нæ ирон литературæйы курдиатджын фыссæг, ирон аив дзырды зæрингуырд Беджызаты Черменæй загъта нæ литературæйы иууыл зынгæдæр критик Тыбылты Алыксандр.

Уæдæ, кæм ис нæ фыссæджы тых, кæм ис йе 'гæрон курдиат, цæмæй балхæдта чиныгкæсджыты зæрдæтæ афтæ тынг, нæ литературæйы классикты 'хсæн цæй тыххæй æрбадт афтæ барджынæй?

Уыцы фарстытæн чиныгкæсæджы дзуаппытæ агурæг дардмæ цæуыны сæр нæ бахъæудзæнис. Алыксандр йæ хъуыды уайтагъд фергом кæны: «Йæ æцæг фæндаг уый ссардта аив прозæйы».

Чермен, куыд хæдхуыз, ирд курдиат, ирон аив дзырды дæсны, афтæ фергом йæ новеллæты, номхуындæй та, йæ новеллæты цикл «Мæсгуытæ дзурынц» æмæ йæ радзырдтæ «Уад асаста гæды бæлас», «Æртæ фæкасты» æмæ йæ уацау «Бирæгътæ»-йы.

Æниу, новеллæ, царды иу чысыл хай кæм фæзыны, ахæм сæууон æртах кæй у, уымæ гæсгæ, зæгъæн ис, фыссæджы курдиат уыцы уацмысты размæ дæр йæхи тыдта ацы жанрмæ. Уый бæрæг у йе 'мдзæвгæтæй бирæты, йæ очерк-этюд «Абон – Октябры бæрæгбон!», стæй – йæ зындгонд бонæг «Ссыгъди цард» æмæ «Басыгъди цард»-ы хицæн афыстытæ, хицæн скъуыддзæгтæй.

Новеллæтæ фыст сты таурæгъты хуызы, автор сын дæтгæ дæр ахæм формæ ракодта – таурæгъы формæ, уымæн сæ дзуры зæронд Баймæты дзыхæй. Æниу, уымæй сæ ахадындзинад ныллæгдæр, мыййаг, нæ кæны. Проблематикæ, композицион æгъдауæй, стæй æвзагæй дæр афтæ диссаджы аив, зæрдæскъæф арæзт сты, æмæ чиныгкæсæджы сæ уацары ма баппарой, уый гæнæн нæй. Уымæн æмæ, æрвон авд хойау, сæ иуæй се 'ннæ – аивдæр, сæ иуæй се 'ннæ – зæрдæскъæфдæр.

Сæ аивдзинад æмæ сæ нысаниуæг, сæ проблематикæйæ зæрдыл æнæрбалæугæ нæ ныууадзынц нæ куырыхон фыссæг Гæдиаты Секъайы номдзыд таурæгъты.

Ома, æнгæс бынæттæ, гъе, фæлгонцтæ дзы, мыййаг нæй. Нæ, уый Чермены курдиатыл, зылынбаст æргъомау, иуварс чи 'нцаид, ахæм аипп у, æз та йæ æппæлыны, нæ новеллист куыд бæрзонд лæууы, уый бахахх кæныны тыххæй зæгъын. Уымæн æмæ, нæ ирон литературæйы радзырдтæ таурæгъы джиппы уадзынмæ Секъайы хуызæн йæхицæй дыккаг мауал раппæлæд. Йæ композицитæ – бæлвырд, йæ фæлгонц- тæ – ирд, йе 'взаг – зæлдаг нывæндæгау. Сæ нысаниуæг та нæ фæсфæстагæттæн дæр – стыр хæзнайау.

Ирон литературæйы сын дыккаг ахæм, – Секъайы таурæгътæй зæгъын, – се 'мрæнхъ нал авæрдзынæ. Чермены новеллæты цикл «Мæсгуытæ дзурынц»-ы кой куынæ кæнæм, уæд. Уымæн æмæ, уыдон сæ дæллаг фарс, кæсдæртау, ныфсджын æмæ сæрбæрзондæй лæууынц.

Новеллæтæ сты фараст, авторы разныхас (афтæ сæ схонæм) «Мæсгуыты бæстæ», «Мæсгуыты сгарджытæ», «Мæсгуытæ сдзырдтой» æмæ йæ фæсныхас (уый та афтæ хонæм) «Хæрзбон мæсгуытæ» куынæ нымайæм, уæд.

Уыдон, уæлдайдæр, сæрибарæй кæм авналай, ахæм разныхас æмæ фæсныхасимæ фаг сты, автор зæронд таурæгъгæнæг Баймæты дзырдтæй куыд зæгъы: « Цы зонын æмæ куыд зонын, уымæй уын ракæндзынæн мæ фыдæлты кой, цæмæй цардысты, цæмæй радысты, гъе, цæмæй рыстысты, цæмæй тыхстысты», – уыдон радзурынæн. Уæлдайдæр, Чермены хуызæн новеллистæн йæ дзырдтæн бынат цы фæнды къуындæг кæм вæййы, уым дæр йæ хъуыдытæ сæрибарæй фæуылæн кæнынц.

Фæлæ, уæддæр, цы уыдысты уыцы проблемæтæ, нæ фыдæлтæ цæмæй цардысты, цæмæй радысты, гъе, цæмæй рыстысты, цæмæй тыхстысты, автор нын афтæ ирд æмæ бæлвырдæй кæй æрæвæрдта нæ разы?

Зæронд, мыггагон æгъатыр дуджы царды хъулæттæ: тугисын, царды иууыл уæлдæр хорзæх – худинаджы бæсты мæлæт æвзарын, фыртыхст, фыръæфхæрды аххосæй фыдракæнды фæндагыл лæууын, зæронд, динон æгъдæуттæ – куывдтæ, чындзæхсæвтæ, дзуары бонтæ, хистытæ… куыд фæллойгæнæг адæмы сæфты къахыл æфтауджытæ, адæймаджы ном сыгъдæг æмæ бæрзонд хæссын…

Нæ, уыдон æрмæст нæ фыдæлтæ «цæмæй цардысты, цæмæй радысты, гъе, цæмæй рыстысты, цæмæй тыхстысты», уыдон не сты. Уыдонæй ма абон махæн дæр бирæтæ сты нæ зæрдæты судзагдæр фарстытæ, стæй нæ ахиздзысты нæ кæстæрты иувæрсты дæр.

Уый авторы æнтыст у. Уый уацмысты æнусон цардыл дзурæг у.

Чермен йæ новеллæты йе ‘ргом хуымæтæджы нæ аздæхта таурæгъы хуызмæ. Ирон хъæздыг фольклорыл хъомылгонд фыссæгæн, ирон фольклорон традицитæй йæ бон нæ бацис йæхи сæрысуанг схицæн кæнын. Уд æмæ сæм зæрдæйы уыд баст. Йæ новеллæты хицæн цаутæ, стæй йæ фæлгонцтæм дæр фольклорæй цæугæ романтизмы тæваг уымæн фæхæццæ.

Фæлæ уый цыдæр æнæрцæугæ, бæрзæндтытæхæг романтикæ, мыййаг, нæу. Фольклоры романтикæ фылдæр идеализаци кæнынæн фæхъæуы. Æмæ уым æмбæрст дæр у. Идеализаци – фольклорон уацмысы сæйрагдæр аивадон амæлттæй иу, фæлæ реализмы та у уацмысы зæххон цардæй хæнхауæггæнæг.

Æмæ уыцы хабар, кæй зæгъын æй хъæуы, зыдта нæ фыссæг æмæ дзы бахызта йæ хъайтарты, йæ романтизм дæр зæххон уый тыххæй у. Уымæн æмæ аив æмæ зæрдæмæхъаргæ рауадысты йæ хъайтарты фæлгонцтæ – зæронд таурæгъгæнæг Баймæт, Батай, Бæтæг, Цæрай æмæ иннæтæ. Æрмæст иунæг хатт чи бакæса «Æлбегаты Батай æмæ Бар-

сæгаты чындз», «Туджы фæдыл»… уымæн дæр йæ зæрдæфыстæй нал скомдзысты схицæн кæнын.

Уыимæ Секъайæ уæлдай Чермен ног дуджы фыссæг кæй уыд, уый фæзынд йæ новеллæты циклыл дæр. Секъайæ хъауджыдæр уый зæронд царды хабæрттæм акаст ног царды цæстæнгасæй, сбарста сæ ног дуджы тæрæзтыл æмæ йæ хорздзинад уæлдай тынгдæр уым ис.

Чермен – ногцардаразæг, ног царды сæрыл удуæлдай тохгæнæг æмæ, гъай-гъайдæр, йæ уацмысты хъуамæ сæрмагонд бынат уа ног цардарæзтад, ног цард фæллойгæнæг адæмæн цы хорздзинæдтæ хæссы, уыдонæн, æмæ сæ уæлдай аивдæр æмæ ирддæрæй равдыста йæ зындгонд радзырдтæ «Æртæ фæкаст»-ы æмæ «Уад айста гæды бæлас»-ы.

Ацы æнæлаз уацмысты автор йæ къух романтикæйыл систа бынтондæр æмæ нын реалистон-контрастон нывтæй нæ цæстыты раз æвæры, ног цард зæронд цардыл куыд уæлахиз кæны, стæй нын хорздзинадæй цы хæссы, уый.

Автор радзырд «Уад асаста гæды бæлас»-ы зæронд царды зæронд ус, стæй халоны хуызы кæй æвдисы, йæ контраст ног цард – хъæлдзæг сабитæ, октябронты хуызы, стæй радзырд «Æртæ фæкаст»-ы Налхъуытæйы фæкастытæ дæр æртæ кæй сты, уый дæр цæуы адæмон сфæлдыстадæй, фæлæ йæ автор йæ зæрдæйы джиппы афтæ рауагъта, стæй уацмыстæ æппæт æгъдæуттæй дæр афтæ аив снывæзта æмæ сæ куы кæсай, уæд нæ дæр фæхатдзынæ, автор фольклорон аивадон æгъдæуттæй сæрысуанг кæй не схицæн.

Уый Чермены стыр хæдхуыз курдиатыл дзуры. Уæлдайдæр, йе ‘взыгъддзинæдтæ сæйраджы-сæйраг равдыста йæ новеллæты æмæ семæ цæрдзæнис йæ ном дæр.

1979

## ИРД КУРДИАТ

Йæ ирд курдиат, йæ уæздан ахаст, йæ хæдæфсæрмдзинадæй адæмы, уæлдайдæр, чиныгкæсджыты йæ фыццаг уацмыстæй кæд исчи йæхимæ æркæсын кодта, йæ зонындзинæдтæ, йæ цард, йæ раттæг дзыллæйæн кæд исчи æнæвгъауæй хæлар кодта, уæд уыдонмæ хауы зынгæ ирон поэт Плиты Харитон. Стыр ирон фыссæг æмæ литературæиртасæг Джусойты Нафи уымæн загъта: «Хадо – афтæ хонынц Плиты Дауыты фырт Харитоны йе 'мгæрттæ буц номæй, рæвдауæн номæй. Хорз фидауы ацы ном Харитоны зæрдæхаттыл, уæздан, æмбæлы адæймаджы зæрдæйыл. Чизоны, нæ литературæйы ныртæккæ чи кусы, уыдонæй ацы миниуджытæ Хадойæ тынгдæр никæмæ сты. Æвæццæгæн æй æмгæртты 'хсæн хъулон уарзт дæр уымæн кæнынц. Баххуыс кæнынмæ – рæдау, бахъыгдарынæй – сæрхызт, – ахæм у Хадо æмгæртты 'хсæн»*.

Уыцы хъуыдыйыл хæст уыд поэт Дарчиты Дауыт дæр: «Нæ фысджытæй йæ адæмы тыххæй аивдæр ныхас чи загъта, сæ цард сын ирдæй чи равдыста, чиныгкæсæджы зæрдæйы уидæгтæм тынгдæр чи бавнæлдта, Плиты Дауыты фырт Харитон у уыцы поэттæй. Иры дзыллæ йæ раджы бауарзтой, фырбуцæн æй Хадо дæр ма схуыдтой. Йæхи сын цæмæй бауарзын кодтаид, ахæмæй та чысыл нæ саразта»* *.

Æцæгдæр, Харитоны лæггæдтæ ирон литературæйæн, ирон адæмæн цъус не сты. Литературæмæ æрбацыд зын æмæ тыхы дуджы, йæ раттæг адæм стонг æмæ бæгънæг куы уыдысты уыцы рæстæджы, фæлæ йæм æрбавæрдта йæ къах сыгъдæг зæрдæимæ. Йæ хъæлæс уыд сатæг уддзæфы хуызæн.

---

* Джусойты Нафи. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966, 179-æм фарс.

* * Плиты Харитон. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1972, 5-æм фарс

Плиты Дауыты фырт Харитон райгуырд 1908 азы рухæны мæйы 8-æм бон Ирыстоны хуссар хайы Уæллаг Ручъы, зæхкусæг лæджы хæдзары. Уым арвыста йæ сабибонтæ.

*Нæ чъырынæй, ныллæг къонайæ*
*Кæм калд сæнары сау фæздæг,*
*Æз уым йæ хъæбысы нанайæн*
*Куы бадтæн артдзæстмæ хæстæг.*

*Фæцахуыр дæн нæ уæлхæдзарыл*
*Чысылæй арæхсгæ цæуын.*
*Нæ сыхæгты æмлæгъз къæйдзарыл*
*Нæ уыди дугъ кæнын дæр зын.*

*Фыццаг цы ауади мæ хъустыл?*
*Нæ уазал суадæттæ хæл-хæл.*
*Æз ма ныр дæр, ныр дæр фехъусын*
*Нæ фыдуаг Донгроны кæл-кæл.**
(«Æз къахæй-къухмæ дæр дæу дæн»)

Фæстæдæр поэт афтæ мысыд йæ сабийон дуг. Сæхи хъæуы бацыд аргъуаны скъоламæ. Нæ уыдис сæ цард зæрдæйы фæндиаг, фæлæ сын æнæбыхсгæ нæ уыд.

Ирон лæг фыдæбæттæн фæразон у. Æнæфæразгæ нæ уыд уыдонæн дæр. Ноджы 1920-æм азы хурхæтæны мæйы 8-æм бон ирон растадонтæ Онæй Душетмæ советон хицауад куы расидтысты, уæд фæллойгæнæг адæмы зæрдæты бацыд хуыздæр царды ныфс. Фæлæ сын сæ рухс фæндтæ Гуырдзыстоны меньшевикон хицауад туджы зæйтæн фæласын кодта. Фæсарæнты æххуысæй æнæхотых адæммæ æрбакалдта гæрзифтонг æфсад æмæ æнæхъæн Ирыстоныл арт бандзæрстой.

Уазалдоны къусы сæфт кодта ирон мæгуыр лæг æд зæхх, æд муртæ. Кæмæн ма куыд йæ бон уыд, афтæ йæхи æппæрста Ирыстоны цæгат хаймæ. Алыгъдысты Плитæ дæр. Уыцы зыманы бабын Харитоны фыд Дауыт æмæ хæдзары

* Уый дæр уым, 1972, 59-æм фарс.

уæз æрæнцад мæгуыр сидзæргæсыл, фæлæ йыл цы бон уыд. Æнахъомæй царды рисæй хайджын уыдис Хадо дæр. Афтæ сæм каст, куы ма сæмбæликкой сæ райгуырæн уæзæгыл, уæд сæм цард ныххудид йæ хъæлæсы дзаг.

Æмæ сын фæцис уыцы фадат – 1921-æм азы Хуссар Ирыстоны советон хицауад куы æрфидар, уæд адæм здæхын райдыдтой сæ сыгъд къонатæм. Æрцыдысты Хадойы бинонтæ дæр. Сæ хæдзæртты æртхутæг бындуртыл аразын райдыдтой ног къæстæ. Хал халмæ хъæр кодта æххуысмæ, фæлæ сын цыма æгомыг къæдзæхтæ дæр ныфсы цæджындзтæ уыдысты.

Æппæт уыдæттæ йæхи цæстæй уыдта Харитон, æмæ йæ ныфсыл æфтыдис ныфс. Ахуыр кæнынмæ та бацыд скъоламæ, стæй 1926–30-æм азты йæ ахуыр адарддæр кодта Цхинвалы педагогон ахуыргæнæндоны.

Уый фæстæ ахуыргæнæгæй куыста Дзауы хъæууонхæдзарадон техникумы, ахуыргæнджыты курсыты, уыд газет «Большевикон аивад»-ы бæрнон нымæрдар. Уæдмæ райста сфæлдыстадон куысты фæлтæрддзинад, æмбæрста, йæхицæн дæр йæ зонындзинæдтæ фæхуыздæр кæнинаг кæй сты, æмæ 1932-æм азы ахуырмæ бацыд Мæскуыйы педагогон институты литературæйы факультетмæ. Дыууæ азы дзы ацахуыр кодта, стæй аивта философи, истори æмæ литературæйы факультетмæ. Фæлæ йæ æххæст каст нæ фæцис, афтæмæй 1936-æм азы æрыздæхт Дзæуджыхъæумæ. Куыста радиокомитеты сабитæн алæвæрдтыты редакторæй, газет «Рæстдзинад»-ы литературæ æмæ аивады хайады сæргълæууæгæй. Фæлæ та уым дæр бирæ нæ аззад. Уæдмæ райдыдта, ирон литературæйы историйы тугвæд чи ныууагъта, уыцы 37-æм аз. Бæрæг нæ уыдис, алы адæймагмæ дæр фыдбылыз кæцæй каст. Харитон дæр æрыздæхт йæ райгуырæн Хуссармæ æмæ йæ сæвзæрстой Хуссар Ирыстоны автономон областы Фысджыты цæдисы Правленийы сæрдарæй.

1940–1942-æм азты куыста Хуссар Ирыстоны зонадиртасæн институты æмæ педагогон институты, стæй йæ акодтой Сырх Æфсады рæнхъытæм æмæ дзы баслужбæ кодта 1944-æм азмæ. Уыимæ кодта сфæлдыстадон куыст,

æмæ йæ  куы ссæрибар кодтой, уæд æрыздæхт Дзæуджыхъæумæ. Куыста чингуыты рауагъдады, журнал «Мах дуг» æмæ газет « Молодой коммунист»-ы редакциты.

Кæм фæнды ма уыдаид – хæдзары, дзыллæйы æхсæн, куысты, алы ран дæр æй йæ хæларзæрдæ, йæ уæздандзинад, йæ рæдау ахасты тыххæй уарзтой тынг бирæ. Адæмæн уæлдай адджындæр та йæ рæсугъд сфæлдыстадæй уыд, фæлæ куыд акæнынц – тынгдæр чи судзы, уый судзгæ дæр тагъд бакæны.

Хадойæн нæ бантыст, хъыгагæн, бирæ рацæрын. Йæ тæккæ лæджы æмæ сфæлдыстадон кары уыдис, афтæмæй не ‘хсæнæй 1966-æм азы 58-аздзыдæй ахицæн æмæ йемæ ахаста йæ бирæ дзуринæгтæ.

Аивадон куыст райдыдта 20-æм азты. 1928-æм азы журнал «Фидиуæджы» ныммыхуыр сты йе ‘мдзæвгæтæ «Къостайæн» æмæ «Ралæууыд уалдзæг».

Алы æвзонг фыссæг дæр, зæй зæйы хъæрмæ куыд фæцæуы, афтæ искæй фæзмгæйæ куыд райдайы фыссын, фыццаг уыцы миниуæг уыд Хадомæ дæр. Йæ зæрдæйы цы хъарм æнкъарæнтæ уыдис нæ аив литературæйы бындурæвæрæг, адæмы сæрхъызой Хетæгкаты  Къостамæ, уыдон ранывæзта йе ‘мдугон поэт Гулуты Андрейы ссадвæдыл:

*Хæххон дымгæ æлгъыст бонты*
*Нæ сидзæртæн сæ сагъæстæ*
*Дæумæ скъæфта, дæумæ.*

Фæлæ рæстæг куыд цыдис, Харитон царды фæлтæрддзинад куыд тынгдæр иста, йæ зонындзинæдтæ куыд арфдæр кодтой, афтæ поэзийы дæр ардта йæхи хъæлæс. Зарыд ног цардыл, Фыдыбæстæйыл, уарзондзинадыл. Йæ фыссæн сисæй тох кодта знæгты ныхмæ, фыста сабитæн, нывæзта зæрдæмæхъаргæ кадджытæ.

Фæлæ сæйраджы-сæйраг йæ зарæг уыд Ирыстоныл, Фыдыбæстæйыл. Йæ чингуытæй иуы хонгæ дæр афтæ скодта – «Фыдыуæзæг». Мыхуыры рацыд йæ амæлæты фæстæ 1967-æм азы.

Поэт йæ зæрдæйы дуæрдтæ байгом кодта, æмæ нын равдыста, уым куыд тыбар-тыбур кæны Ирыстон:

*Макуы дын уæд,*
*О мæ Ир, фæкæлæн!*
*Тæх æнусты хурæмдзу цæргæсау!*
*Дарын дæу, мæ бон,*
*Мæ хъуырыл ‘гънæгæн.*
*Зæрдæмæ дæ фендæй рухс ныккæсы.*

*О, тæхуды, æз дæуыл куы ‘ххæссин,*
*Мадау дæ мæ хъæбысы фæдарин!*
*Фарндæттæгыл дæу æдзух фæдзæхсин,*
*Булæмаргъау де сгуыхтыл фæзарин.*

*Ды дæ туг дæ фыдгултæй куыд истай,*
*Уый бæрæг уыд карз тохы æрвылбон.*
*Исгæд ды  цæйнæфæлтау фæриссай,*
*Уый бæсты мæ сæр фæуæд дæ нывонд.**

(«О, мæ Ир!...)

Йæ сæры бæсты дæ сæр кæмæн хæссай, уый тыххæй, гъай-гъай, зæрдæбын ныхас фæкæндзынæ. Зæрдæбын ныхасмæ дуртæ дæр хъусынц, Харитоны æмдзæвгæтæ чиныгкæсæджы риумæ фæндаг уый тыххæй ссарынц. Поэтимæ уый дæр схъæрмуд вæййы уарзон хæхбæстимæ, уымæн дæр садджын вæййынц Ирыстоны рæгътæ, йæ хæзнаджын хæхтæ, бурбын цæргæстæ, зымты хæтæнтæ, æнæуыдон цыма йæхæдæг дæр нал фæары амонд.

*Фыдыбæстæ*
*Дæ хъомыл дæн, дæ дыргъ дæн,*
*Кæд дын æгæр фæрæгъæд дæн, уæддæр*
*Йæ зарджытæ фæхъуысдзысты дæ фыртæн*
*Дæ кад æмæ дæ фæллойыл хуыздæр.*

*Æз тох кæнын, куыд никуал мæцай туджы,*

* Плиты Харитон. Фыдыуæзæг. – Дзæуджыхъæу, 1967, 7-æм фарс.

*Дæ фидæны куыд нал бавзарай хæст,*
*Дæ ног фæлтæр цæмæй йæ райгæ дуджы*
*Уа амонддджын,*
*Уый ц[illegible]ст.*

Поэты тох у, цæмæй, быдыры уа, «йе денджызы, йе шахты», Ирыстоны ног фæлтæрыл «хур æрттивгæйæ кæса»:

*Фыййаухæн та йæ уадындз райсом раджы*
*Нæ сабитæн йæ цагъдæй цин хæсса.*

*Мæ Ирыстон,*
*Ды рагæй дæр æмбæрстай*
*Мæ рыст, мæ цин.*
*Уæлдайаг дын нæ дæн.*
*Ды мадау мæн дæ хойрагæй æфсæстай,*
*Æмæ куы дæн лæггадгæнæг дæуæн*[1]

Г.Р. Державины загъдау: «Отечества и дым нам сладок и приятен»**. Харитон йæхи цæстæй федта царды хъулæттæ, йæхи рагъыл ын бавзæрста йæ тухитæ, банкъардта йын йæ ад. Цард цы у, уый чи зоны, ахæм адæймаг та йын стырдæр аргъ фæкæны. Хуымæтæджы нæ дзырдта:

*Мæ сонт зæрдæйы фæлдæхт уыд дур.*
*Нæ мæм кæсы арвæй æрттивгæ хур.*
*Уыдтæн уæд саби, чысыл, æвзонг,*
*Бæгънæг мæ риу уыд, бæгънæг – мæ цонг.****
(«Мæ сонт зæрдæйыл фæлдæхт уыд дур»)

Хорз хъуыды кæны, йæ гом фæрстæ йын куыд хоста уад, йæ цард-иу куыд хуыссыд, куыд-иу ыл ниудта стонг сырд, йæ зæрдæ куыд хæлд, йæ рустыл цæссыг куыд салд, тыхæй йын йæ цин, йæ зард куыд исты.

Уыдæттæ чи бавзары, уый хуры хъарм куы банкъары, уæд æй нал фæфæнды фæстæмæ, йæ уæнгтæ кæм æмпыл-

* Уый дæр уым, 10-11-æм фæрстæ

* * Державин Г.Р [illegible] 1985, 203-æм фарс.

* ** Плиты Харитон. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1972, 31-æм фарс.

дысты, уырдæм аздæхын. Поэт искуы балцы куы вæййы, уæддæр дзы уый тыххæй нæ рох кæны йæ фыдæлты уæзæг, уымæн æй фæмысы, хъæбулау æй уымæн нæ рох кæны. Йæ балцæй куы ‘рыздæхы, уæд, цæргæсау, йæ цъæх-айнæг хохыл уымæн ныттыхсы, æмæ не ‘фсæды йæ уарзтæй, авгау ын æрхауынæй тæрсы:

*Мæ фыдæлты уæзæг, цы рухсмæ бæллыдтæ.*
*Ды бирæ фæкалдтай дæ рустыл цæссыг.*
*Дæ амонд ссарыныл алкæд хæцыдтæ,*
*Уæларвмæ фæцамадтай тохы мæсыг.*

*Мæ фыдæлты уæзæг, дæ цъæх-цæхид рæгътæ*
*Æлдары дзæмбыты фыд-фынтæ уыдтой.*
*Дæ бæрзонд мæсгуытæ, дæ фидар гæнæхтæ*
*Дæ мæстæй хъæрзыдтой, дæ мæстæй куыдтой.**

(«Мæ фыдæлты уæзæг».)

Йæ фыдыуæзæг афтæ кæй уарзта, уый æнæнхъæлæджы нæ уыд. Адæймаг фыццаг хатт къахæй кæм ауайы, суадæтты сусу-бусутæ æмæ æхсæрдзæнты хæл-хæлмæ хъусын кæм фæцахуыр вæййы, хорз æмæ æвзæр кæм базоны, архъанæй бæхтæ кæм фæахсы æмæ сыл дугъты тъæбæрттæй кæм фæуайы, базарджын кæм свæййы, уыцы къуым ын адджын у. Уый цинæй фæцæуы размæ. Уый цæрайæ фæцæры. Уый уарзтæй фæуарзы Фыдыуæзæг дæр æмæ дуне дæр.

Харитонæн уыцы къуым уыд, йæ амæлæты бонмæ йæ зæрдæ кæуыл не сивта, хъулон хъæбулы уарзтæй кæй уарзта, йæ уыцы райгуырæн хъæу Рукъ.

Поэт æм цы зæрдæ дардта, уый ирдæй зыны йе ‘мдзæвгæ «Уæлæхох дыл куыд уон!»-ы æмæ йæ дæнцæгæн æрхæсдзынæн æнæхъæнæй, цæмæй йын йæ уарзт банкъарæм лæмбынæгдæр:

*Кæм нæ уыдтæн, цы рæтты-иу нæ хаттæн,*
*Куы ‘нкъард кодтон, куы та фырцинæй радтæн.*
*Фæлæ уæддæр æз дæу, мæ Рукъ, фæмысын,*

* Уый дæр уым, 58-æм фарс.

*Цыдæрхуызон мæхимидæг фæтыхсын...*
*Мæ цæсты сыг фыццаг хатт ам æркалдтон.*
*Фыццаг хатт ам мæ къух мæ мадмæ радтон.*
*Мæн ав[illegible]й уый фæуызта,*
*Мæ улæфтмæ мын тар æхсæвы хъуыста.*
*Ам арвы нæрд мæнмæ фыццаг хатт фехъуыст.*
*Æз ам федтон фыццагдæр, зæй куыд фенкъуыст.*
*Мæн-иу йæхимæ Сауыхъæд куы сайдта,*
*Бæгъæввадæй мæ уасæгой фæсайдта...*
*Мæнæн-иу дымгæ бадзырдта мæ хъусы.*
*Фæлмæн уддзæф уым уызæлыд мæ рустыл.*
*Дзывылдарæн куы ссардтон уым йæ ахстон.*
*Æз гагадыргътæ уыцы ран куы тыдтон,*
*Гыццийæн дзы мæ хызыны куы хастон.*
*Мæхицæн-иу фæсалæй рон куы сбыдтон.*
*Хуыскъæлтæ-иу хуымгæнæнты куы уыгътон.*
*Уæлыгæсæй та сау сæгъы куы дыгътон.*
*Ам базыдтон кæсын æмæ фыссын дæр, –*
*Уыд ме скъола, рæвдауæндон, фысым дæр.*
*Мæнæй, мæ Рукъ – мæ уарзон хъæу, куыд рох уай!*
*Уæлæхох дыл куыд уон, зæгъ-ма, мын оххай!**

Никуы йыл уыдис уæлæхох. Йæ зæрдæ æппынæдзух дзырдта уымæ. Йе сфæлдыстадон хæтæнты кæдæмфæнды ма фæцыдаид, уæддæр та-иу æй йæ къах фæстæмæ æрхаста йæ райгуырæн хъæу Рукъмæ. Уый цин ын никæцы цинимæ хæццæ кодта, уый уарзт ын никæцы уарзт ивта:

*Уæлдай рæсугъд вæййыс, мæ хъæу,*
*Куыддæр æрцæйныгуылы хур,*
*Тæхуды, ахъæбыс кæн дæу!*
*Тæхуды, демæ фаг фæдзур!*

*Дæ сæрмæ мигъы кæм ныссырх,*
*Уый хур ыснывæнды йæ тын,*
*Ысуагъта бур-бурид æрдын,*
*Æмæ тæгтæ-тæгтæй фæпырх.***

* Плиты Харитон. Фыдыуæзæг, Дзæуджыхъæу, 1967, 13-14-æм фæрстæ.

(«Уæлдай рæсугъд вæййыс, мæ хъæу»)

 Æрмæст йæ рæйгуырæн хъæу нæ, фæлæ йын адджын сты, уый номимæ баст чи сты, уыдон иууылдæр: айдæнтау чи ферттивынц, хурмæ сыгъзæринау чи калынц тæмæн, арвыронау, бирæ хуызтæ чи февдисынц, дымгæмæ кæмæн фезмæлы йæ иуварс, бурбын дзæнхъа дуртæ, цырддзæвæнтау, хъенæй кæмæн лæууынц, йе ‘ннæ фарс урс дзуттæ кæмæн мерс кæнынц, уадындзы зард кæй цурæй хъуысы, æмæ «зымтæ, хуыргæрчытæ радгай, къуыззитгæнгæ» кæм стæхынц æваст, «алы сæрд хурбонты» йæ арæх кæй фарсмæ бадын фæнды, уыцы Хъелы цад; дард балцы куы ацæуы, уæд æй чи фæмысы, уыцы «хъарм къона, нæ рындз» йæ дзыллæйы хъæлæстæ, ныййарæгау йæ фенынмæ чи фæбæллынц, уыцы къуылдымтæ, хъугæмттæ, хъæд, бæлæстæ, дидинджытæ, мæргътæ, кæрдæджы халыййонг иууылдæр, иууылдæр зынаргъ сты поэтæн. Уыдон уарзтæй уарзы дунейы.

Поэт буц у, йæ фыдыуæзæг уарзыны, сабырæй цæрыны фадат ын чи дæтты, уыцы рæстæгæй. Йæ зæрдæ йыл никуы ивы. Зары йыл сæрыстырæй:

*Зар, мæ фæндыр, цæгъд, мæ фæндыр,*
*Цæгъд, мæ хъисфæндыр, мæ хур!*
*Къухтæ ахъазынц дæ тæнтыл, –*
*Зар мын, зар, куыд хæла дур!*

*Махæн – дидинæг нæ бæстæ,*
*Махæн – хурæфсæст нæ зæхх,*
*Махæн сты ыстыр нæ хæхтæ,*
*Æмæ тæх, мæ зарæг, тæх.*

*Цæгъд нæ царды рæзты цинæй*
*Размæ мах куыд бырсæм тагъд!*[*]
(«Ард»)

---

[*] *Уый дæр уым, 20-æм фарс

[*] Плиты Харитон. Уацмыстæ, Дзæуджыхъæу, 1959, 3-аг фарс.

Æмæ йын кæд йæ фæндыр зынаргъ у, уæддæр ын уымæй йæ Фыдыуæзæг, йæ адæм зынаргъдæр сты. Æмæ куыд æмбæлы, афтæ куыннæ цæгъда йæ фæндыр, сайдæй йыл куы зила, хинæй йыл куы цæуа, куы ныффæсус уа йæ цагъд , знагæн ныхкъуырд куыннæ дæтта, цардæн кæд пайда нæ хæсса, сæгад уа, уæд æй уый дæр нал хъæуы:

*Уæд къæртгай дæ тæнтæ хаусæнт,*
*Аскъуыйæд мын уæд дæ хъис, –*
*Мад дæм уæд кæуынмæ уайæд,*
*Хотæ разгъорæнт фæдис.*

Фæлæ уый никуы уыдзæнис, æмæ поэтæн йæ зæрдæ фидар у. Йæ фæндыры зæлтæ дардыл зæлынц, «царды сын æрнымæг нæй»:

*Уæ, мæ фæндыр, уæ, мæ лирæ,*
*Абон бахордтон æз ард:*
*Зар нæ дугыл, цæгъд нæ цинæн!*
*Кæн нæ дзыллæтæн дæ зард!*

Дзыллæйыл чи хъуыды кæны, сæ цинæй чи цæры, сæ фарныл сын чи хъуыды кæны, уыдон иууылдæр зынаргъ сты Харитонæн. Йе ‘мдзæвгæ «Уый ды дæ, о, нæ парти!»-йы кæд Коммунистон партийы рацæугæ фæндаг нымайыны хуызы æвдисы, кæд нын æрмæст дзургæ кæны, партиимæ ныхасгæнæгау – «Марсельеза» ды заргæ цыдтæ, Кодтай размæ фæндæгтæ дæ кардæй. Баррикадтæн кæм уыди нымæц!», «Ды «Аврорæ»-йæ знаджы æхстай Кусæг, мæгуыр-ты хурхыл хæцджыты», уæддæр уыцы ныхас поэтæн цæуы йæ зæрдæйæ, былагъæй йæ нæ кæны, æмæ æмбæлы чиныгкæсæгыл.

*Уый ды дæ, о, нæ парти, нæ кад!*
*Ды – йæ наутæрæг Райгуырæн бæстæн.*
*Тохы бонты куы сыстади уад,*
*Уæд нæ ‘хсарджынæй ахуыдтай хæстмæ.*
*Знаг, фыдызнаг æрцыди бынсæфт.*

*Мах дæ цинæй ыстæм ныр æфсæст,*
*О, нæ уарзон, нæ фæтæг, нæ дарæг!*
*Уый ды дæ, о, нæ парти, нæ цæст!*
*Мах дæ амындæй размæ фæцæуæм.*
*Хæхтæ байгæрстам, ласæм æрзæт,*
*Ивæм алырдæм дæтты фæндæгтæ.*
*Абон дардыл нæ Фыдыбæстæ*
*Ды дæ зондæй ныррухс кодтай хурау.*
*Донæй бафсæстам хурсыгъд фæзтæ,*
*Æмæ сфæйлауынц мæнæутæ, фурдау.*[*]

Уыцы хъуыды, ома, адæмы раст фæндагыл, фидæны рухс цардмæ кæныны фæндагыл парти æфтауы, уыцы хъуыды йæ разæнгард кодта партийы разамонджытыл æмдзæвгæтæ фыссынмæ. Стæй – фылдæр хатт йæ дуджы нымад æмдзæвгæтæ фыссынмæ.

Афтæ ныффыста «Уый йæ фæстæ фарн ныууагъта» (Ленины амæлæтыл), «Серго Кавказы», «Кировæн»…

Йæ уацмыстæй, уæлдайдæр-иу æцæг йæ риуы арфæй чи рахъардта, йæ уыцы уацмыстæй æндавы поэты зæрдæйы хъарм. Йæ зарæг уый фæрцы тынгдæр хъуыст адæммæ.

Сæ рæстæджы ма сæ бирæтæн уый тыххæй дæр уыдис æнтыст, æмæ-иу уыдысты актуалон. Йæ дуджы, адæмы царды цæстæрæвæрæн кæуыл уыд, æмæ Харитон зæрдæбынæй кæуыл нæ фæзарыд, иунæг ахæм стыр цау дæр нæ баззад.

Чиныгкæсæгмæ хатт афтæ дæр фæзыны, ау, йæ сабибонты тухитæ дзы рох фесты, анымдзæвæггагæй уæлдай сæ кой цæмæннæуал фæкæны?

Поэт йæхи цæстæй уыдта, адæмы цард бонæй-бонмæ куыд хуыздæр кæны, колхозтæ, фабриктæ, заводты, шахтты кусгæйæ, зонад æмæ аивады бæрзæндтæм хизгæйæ, Фыдыбæстæйы хъахъхъæнгæйæ, арæзтадтæ æмæ пайдайы куыстыл хæст уæвгæйæ алкæй бон дæр куыд у рухс цард аразын. Уыдæттыл, фыдæбон дæр æмæ хæрзæбон дæр чи зыдта, цæссыгтæ дæр æмæ мидбылхудт дæр чи федта, уыцы адæймаг ма цин кодтаид, уый гæнæн нæ уыд.

[*] Плиты Харитон. Уацмыстæ, Дзæуджыхъæу, 1959, 8-æм фарс.

Уымæн сæ рад Харитоны зæрдæ. Уымæн сыл зарыд «Колхозон бригад», «Нæ зымæг фæрныг», «Иууыл сыгъзæрин дæ», «Фарн – нæ куысты, фарн – нæ дзырды», «Дæуыл зарæм» æмæ бирæ æндæр æмдзæвгæты.

Поэт ахæм [illegible] уарза йæ Фыдыбæстæ, йæ адæмы, æмæ йын сæм исчи куы ныббырса, куы сæ цæгъда, куы сæ иса, уæд йæ зæрдæйæн æнæ нырризгæ нæй.

Стыр Фыдыбæстæйон хæсты Плиты Харитон йæ адæмы знæгты ныхмæ хотыхæй дæр тох кодта æмæ аив дзырдæй дæр.

*Тымыгъ сыстад, тымыгъ ниуы,*
*Уайы, футгæнгæйæ, рагъыл…*
*Мит, зæйау, рæдзæгъдтæй схъиуы,*
*Арф хъæпæнтæ 'вæры дагъыл*
…………………………………………….
*О, уæддæр хæстоны зæрдæ*
*Фестад арт, – нæ тæрсы уадæй.*
*Уый æрбаста рæвдз йæ гæрзтæ:*
*Уый – хæрзифтонг топпæй, кардæй.*
*Ныр цы уромы хæстоны!*
*Уый бырсы, хъæпæнтæ ссæндгæ.*
*Йе стыр маст йæ риуæй тоны,*
*Сар сæ сæр кæндзæни знæгтæн!*[*]
(«Ныр цы уромы хæстоны»)

Поэт æмæ литературæиртасæг Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæй дзырдта: «Ирон адæм тох кодтой æмæ арæзтой сæ аивадон сфæлдыстад».[*]*

Поэты зæрдæ кæд æмткæй хæсты цæхæрæй рыст у, кæд ын знæгтæ æнæуынон сты, сæ сæфтмæ бæллы, уæддæр поэт-лирикы уд ис конкретон адæймæгты, уыдонмæ æппары хъуыды йæхи, уыдон æрбаймысгæйæ фестъæлфы.

Бон дзир-дзуры «уынгты æппындæр ызмæлæг» куы нæй, «хъæу афтид, пырхытæ, æнкъард» куы у, знаг æй æдзæрæг

---

[*] Плиты Харитон. Уацмыстæ, Дзæуджыхъæу, 1959, 59-æм фарс.

[*] *Дзуццаты Хадзы-Мурат. Хæст æмæ зæрдæ, Цхинвал, 1966, 4-æм фарс.

куы фæкодта, мад дæр куы фæмард, уæд поэты цæст та æрхæцыд, уыцы фыддзинады сæйрагдæр цы уыд, ууыл:

*Хъæу судзы, цъæх пиллон скалы.*
*Цæнгтæсастæй бæлас лæууы.*
*Бæгъæввадæй иу саби згъалы*
*Йæ цæссыг, хæкъуырццæй кæуы.*

*Æргъæвст цъиуау уазалæй ризы,*
*Ыстонгæй фæлмæцы, тыхсы.*
*Йæ мадыл йæ сонт зæрдæ риссы,*
*Æмæ йæм æнхъæлмæ кæсы.**
(«Сидзæр саби»)

«Мады зæрдæ»-йы та, ирон мад куы федта, немыцаг, йæ ныхмæ цы уацайраг-хæстон сдзырдта, уый фехста, йæхæдæг ацыд, уæд æм ауад, мæстæй судзгæ. Куы базыдта, удæгас ма у, уæд ын йæ цæфтæ абаста, стæй йæ сабыргай, тыхæйты схаста, æмæ йæ æрыздæхта цардмæ.

Поэт йæхæдæг хæсты арты судзы, йæ зæрдæ та фæстæмæ, фæсчъылдым цы ахсджиаг, цы хуры ныууагъта, уымæ æхсайы.

Арв йæ цæстысыгтæ кæй згъалы, æмæ хæхтæ æрхæндæгæй кæй кæсынц, уыдон ын йæ цæстытыл ауайын кæнынц:

*Ды цы ставд цæссыгтæ уагътай,*
*Тохмæ æз куы цыдтæн, уæд.*
*Ды дæ сæр цæмæн æруагътай?*
*Ды цы кодтай сагъæс, мæт?*
*………………………………..*
*Ма кæн хъыг, мæ цæсты гагуы!*
*Нæу мæм, нæу, цæссыг æмхиц.*
*Тагъд фæтых уыдзыстæм знагыл,*
*О, мæ зæрдæйы бæллиц.*

*Уæд рæсугъд цъæх арвы фурдыл*

* Плиты Харитон. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу. 1959 аз. 60-æм фарс.

*Мæй куыд фæкалы тæмæн,*
*Афтæ та дæ буц уадултыл*
*Хъаздзæн циндзинад дæуæн.*[*]*

*(«Ма кæн хъыг»)*

Афтæ у цард. Хæст уа æви зæххы сæфт уа, уæддæр зæрдæ йæхион кæны. Æмдзæвгæ «Дидинджытæ»-йы лирикон хъайтар тохы быдыры йæ бæхыл фæдисы уадæй куы тæхы, цæмæй знагæй бахиза «нæ райгуырæн, нæ зæхх», уæд уымæн мысы, сабийæ-иу куыд фæраст сырх дидинджытæм, хуримæ-иу, цыкурайы фæрдгуытау, тæмæн куыд калдтой, се 'ртæх-иу куыд тад, уыдæттæм-иу куыд каст æмæ-иу куыд рад.

Ныр та сын тæригъæд кæны:

*Ныр мæ бæх сымах ыссæнды,*
*Сидзæрхуыз куы у уæ каст,*
*Мæн уæ бафхæрын нæ фæнды*
*Фæлæ ма ракæнут хъаст!*
*Ацы карз хæсты цæхæртæй*
*Знагæн басудзæд йæ сæр,*
*Æмæ та уæ зæлдаг сæртæй*
*Буц рæвдаудзыстут мæн дæр.*[*]

Ацы æмдзæвгæ Дзуццаты Хадзы-Муратæн йæ зæрдыл рæстагæй æрлæууыын кодта Алексей Недогоновы æмдзæвгæ[**] æмæ зæгъы фидарæй: «дидинджытæн тæригъæд кæны, фæлæ сын æнæ ссæндгæ нæй – адæм сæ туг калынц, адæмы хъысмæт ахсджиагдæр у дидинджытæй».**[*]

Иугæр нæм бæхы кой æрхаудта, уæд æнæбафиппайгæ нæй, Плиты Харитонæн бæх æрмæст цæрæгой, æрмæст фæндагыл, кæнæ тохыл кæуыл цыд, ахæм фос кæй нæ уыд, фæлæ йын кæй уыдис цахæмдæр, уæларвон хорзæх, æмæ йæ хаста рухсмæ, уæлахизмæ.

---

[*] * Плиты Харитон. Уацмыстæ, Дзæуджыхъæу, 1959-æм фарс.

[*] Уый дæр уым. 61-æм фарс.

[*] * Недоганов А. Лирика, М., 339-340-æм фæрстæ.

[***] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Хæст æмæ зæрдæ. Цхинвал, 1966, 55-æм фарс.

Мад йæ фырты куы раст кæны æфсадмæ («Æфсадмæ»), уæд ын цингæнгæйæ зæгъы:

*Дæу æфсургъ-байраг ыскъæфдзæн*
*Тохы артдзæстмæ рæвдзæй.*****

Уый дæр:

*Лæппу сбадт йæ саулох бæхыл,*
*Загъта йе ‘мбæлттæн: – Хæрзбон!*

Алы ран дæр бæхы кой кæны цингæнгæйæ. Уарзгæйæ. Раст цыма йæ туг, йе стæг у. Æмбары йын йæ ныхас. Йемæ дзуры адæймагау. Мæздæджы быдырты йын знагмæ бырсынæй куы ныффæллайы, уæд ын тæригъæд кæны, – «Фæллад дæ, о мæ бæх, фæллад дæ!» – фæлæ зоны, ногæй та сæй кæй бахъæудзæн знагмæ ныббырсын æмæ йæхæдæг дæр æдас нæу. Тæрсы, мыййаг æй куы баййафа тæвд нæмыг, æмæ йын фæдзæхсы:

*Уæд-иу, хæххон уадау, нæ хъæумæ*
*Фæтæх, дæ къæхтæй зæхх ныххой!*
*Нæ сых куы ‘рбамбырд уой нæ кæртмæ*
*Уæд-иу сын ракæн ды мæ кой!* *

Куы фæцæф вæййы, уæд та бæхæн йæхи æрвиты тохмæ:

*Нал дæн хæцынхъом: фæцæф дæн, мæ бæх,*
*Тохы тæмæнмæ æрвитын æз дæу.*
*Тохы быдырты-иу уарийау тæх!*
*Не знаджы ныхмæ-иу фидар фæлæу!*

*Уый-иу зæвæтæй, армаццагæй цæв!*
*Уымæн йæ хъустæ дæндагæй ыстон!*

---

***Плиты Харитон. Уацмыстæ. Ир, Дзæуджыхъæу 117-æм фарс.

* Плиты Харитон, Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1972 аз, 138-139-æм фæрстæ.

Цæмæй æмдзæвгæ фæреалистондæр уыдаид, уый тыххæй ма йын афтæ кæй зæгъы, ома, аив дыл баддзæн дæ барджын хæстон, æмæ-иу æй размæ æнæцудгæ скъæф, уый уацмысæн ницы дæтты. Æмдзæвгæйы романтикон улæфт скъуыны, æмæ йæ бынмæ æппары.

Поэт кæцы фæнды æмдзæвгæйы ма скæнæд бæхы кой, уайтагъд нæм дзырдтæй ферттивынц йæ цæстытæ:

*Саулох, бындар фæуа, ‘хситтгæнгæ,*
*Сыск[illegible]ъæууынгты мæн.*
*Сау сынты базыртау, ‘рттивгæйæ,*
*Хъил барц ныппух и мæ уайаг бæхæн.*
*Къæйыл æнæцудгæ батæхы,*
*Афтæ ма уайы лæгъз адгуыты саг.*
*Барæг нæ уромы сау бæхы,*
*Фесхъиуы, домы уый размæ фæндаг.**

(«Ног барæг»)

Кæнæ:

*Мæ саулохаг, мæ уарзон бæх,*
*Мæ удыййас куы уарзын дæу.***

*(«Мæ саулохаг»)*

Ноджы ма иу цæвиттон:

*Мæ саулохаг тыдта йæ рохтæ,*
*Фыртæвдæй калд йæ комы фынк,*
*Бырста æппынæдзух дæр тохмæ,*
*Нæ хæцыд зæххыл, сызнæт тынг.****

(«Зæлланггæнгæйæ хъуыст мæ зарын»)

Бæхыл афтæ æнувыд у, æмæ суанг хæххон сæууон дымгæйыл дæр, уый æфсон баппæрста йæхи, æмæ æрзылдис хæхтыл, быдыртыл:

*Хæхтæй сæууон дымгæ ‘рдымы,*
*Бадзырдта: «Рауай-ма тагъд,*

---

* Уый дæр уым, 164-æм фарс.

* * Уый дæр уым, 202-æм фарс

* ** Уый дæр уым, 202-æм фарс.

*Уæ, Хадо, мæнæ дæ бæх!*
*Рохтæ рæдувы, ыскъуыны,*
*Ифтонг æд идон, æд саргъ,*
*Абад ыл, уарийау тæх!»*

*Рауадтæн кæртмæ мæ уатæй,*
*Æмæ уæнгрогæй, цæрдæг*
*Баппæрстон бæхыл мæхи.*
*Нал æнцой комы нæ удæй,*
*Кодта сæгуытау сæррæтт, –*
*Чи ма йæ урæдта, чи.**
(«Сæууон балц»)

Харитон хæсты хъæбул уыд, йæ зæрдæйы уыдысты Иры хъæдтæ дæр, йæ фæзтæ дæр, йæ дæттæ дæр… Æмбæрста суæртты хæл-хæл, сыфтæрты сыбар-сыбур, гæлæбуты базырты зыр-зыр. Йе 'ппæтуынаг цæстæй ницы ирвæзтис, йæ зæрдæйы фыст уыдысты. Æмæ цахæмфæнды уацмысмæ æрæвнæлдтаид – æмдзæвгæ, кадæг, эпикон кадæг, фадат ын фæцис, зæгъгæ, уæд-иу йæ зæрдæ, арвы дуарау, фегом æрдзы рæсугъддзинады раз. Ныццин-иу ыл кодта сабийау:

*Цыма чындзæхсæв хæхтæм ис,*
*Æмæ мæныл æфтауы дис.*
*Ныннæры кæмтты дæтты зарын,*
*Æрттивы 'нусон цъити дардыл.*

*Æхсæрдзæнтæ хæл-хæл кæнынц,*
*Фынккалгæ, бæрзæндтæй кæлынц.*
*Лæууынц хъалагъуртау бæрзытæ,*
*Æмрæхснæг назтæ 'мæ нæзытæ.***
(«Цыма чындзæхсæв хæхтæм ис»)

Поэты уынаг цæстæй ницы ирвæзы. Æххæссы алкæуыл дæр, алцæуыл дæр. Хъусы «хъал фыййæутты 'хситт», «хъал зымты къуызитт; уыны «дзæбидыртæ æдзух сæ сытæй нæ

* Уый дæр уым, 99-æм фарс.
** Плиты Харитон. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1972, 70-æм фарс.

къæдзæхтыл» куыд кæнынц гуымсытæ; «фæзилы ирд арвыл» та цæргæс, «цыма æгас бæстæн у гæс».

Æрдз æй æппынæдзух ласта йæхимæ, нæ йæм æфсæст кæсынæй, йæ зæрдæ хæхтырдæм тырныдта. Хуыссæг дæр æй уыцы зæрдæйы тыххæй нæ ахаста:

*Хуыссæг æхсæв мæн æппын нæ ахсы,*
*Æмæ ныр куыд æрдомон хуыссæн,*
*Æр` ˘ ` æ зæрдæ ласы, –*
*Мæйрухс у мæ зæрдæйы хуызæн!*[*]

Уыдон иууылдæр хорз сты – хуыссæг æй кæй нæ ахсы, уый тыххæй хуыссæн кæй нæ домы, æрдз ын йæхимæ йæ зæрдæ кæй ласы, фæлæ уыцы рæнхъыты уæз иууылдæр йæхимæ айста цыппæрæм рæнхъ. Кæуылты поэтикон загъд у – «Мæйрухс у мæ зæрдæйы хуызæн!»

Æмæ йæм æрдзы тыххæй цас ис аив рæнхъытæ! «Кæнынц лæугæйæ бæлæстæ фынæй» («Зæрæхсидæй та сфидыдта мæ бæстæ»), «Арв йæ цæстысыгтæ згъалы» («Ма кæн хъыг»)…

Ф. Тютчев уалдзыгон æрдзмæ не ‘мбæхста йæ зæрдæйы лæмæгъдзинад: «Люблю грозу в начале мая»[**], – уæд æй Хадо та уарзта афæдзы кæцыфæнды афон дæр. Йæ зæрдæ рухс кæй уыдис, къæм дзы кæй нæ бадт, йæ зæрдæйы цæстытæй æхсæвыгон дæр уымæн уыдта, зæххыл цы диссæгтæ цыд, уыдон:

*Хъазынц арвы стъалытæ мæ сæрмæ,*
*Дæлæ комы урс фынк калы дон.*
*Хъусын æз йæ уылæнты сæр-сæрмæ,*
*Хъусын æз йæ зарынмæ бæстон.*

*Дардыл тар хъæд м’ алфæмблай ныззылди.*
*Сæрвæттæм æнæфсисæй кæсын.*
*Фалдæр та цъæх уыгæрдæн ысзынди,*
*Ирдгæ мæм æхсызгон тæф хæссы.*

---

[*] Уый дæр уым, 112-æм фарс.
[**] Тютчев Ф.И. Сочинения в 2 т., Т.1, – М.1984, 36-æм фарс.

*Цæй, ныр æз куыннæ фестон сывæллон!*
*Хуыссæг ныр куыд хъуамæ 'рцахса мæн!*
*Æрдзы райдмæ æз куыд нæ фæбæллон,*
*Кæд йæ уындæй уацары фæдæн!*

Бирæ сты, Плиты Харитон Ирыстоны дзæнæты къуым цы уацмысты ныв кæны, уыдон: «Æз дард балцы куы ацæуин нæ бæстæй «Хъелы цад», «Уæлдай рæсугъд вæййыс, мæ хъæу», «Æрдз худы, иæхицæй ныббуц», «Дидинæг», «Фыййау», «Уæлхох быдыртæ, сæрвæттæ», «Рагуалдзæг», «Хæххон райсом», «Фæззыгон хъæд», «Изæр», «Хæххон сæттæ», «Райдзаст бон»…

22* Хъазиты Мелитон

Харитонæн уыдис уыцы бар, фидарæй загътаид, зæгъгæ, «дæу куы фæнда мæ зарæг ссарын», уæд æй фен «райсомæй æртæхы 'рттывды», рацагур æй «уисты ыссывды», «хуры тынтæм æм цадæггай кæс», «дымгæ дын æй бадзурдзæн дæ хъусы», «уый-иу басгар нæ найгæнæн мусы», «уый-иу бацагур тохы быдыры; Дугъы барæг æй йемæ хæсдзæн».

Уыдон поэтæн иууылдæр удæгас сты, сæ цæрайæ цæры, семæ ныхас кæны, хъазы, худы, маст кæны. Уыдон дæр ын зарынц йæ зарæг:

*Уый ды ссардзынæ фурды уылæнты,*
*Арв куы нæры, уæд ма-иу æм хъус.*
*Уый-иу рауын бæрз хъæды кæрæтты,*
*Мæргъты зарды нæ уыдзæн фæсус.*

*Уый дæм суадæтты хæл-хæлæй хъуысдзæн.*
*Уый æхсæрдзæнты сæх-сæхы ссар.*
*Уый нæ цардуарзаг фæсивæд мысдзæн.*
*Уый сын се уæнгты уадздзæн æхсар.*[*]

(«Мæ зарæг»)

Æнæ уыдон Харитонæн цард царды ад нæ кодта. Йæ зæрдæйыл хуыд уыдысты. Раскъуынæн сын нæ уыдис.

---

[*] Плиты Харитон. Уацмыстæ. Ир, – Дзæуджыхъæу, 1972, 29-30-æм фæрстæ.

Зынгæ литвайаг поэт Юстинас Марцинкявичюс Есенины сфæлдыстадыл дзургæйæ афтæ загъта: «Природа живет в человеке, а человек в природе. Взаимодействуя и взаимно дополняя друг друга, они создают в сердце поэта конкретный образ Родины, чаще всего обрысовывающийся в «реалиях» родного села»[**].

Ацы ныхæстæ комкоммæ хауынц Плиты Харитонмæ дæр.

Диссаг куыннæ у, йæ каддҗытæ иууылдæр – «Сæлимæт», «Фæндаг», «Уæлахизы кадæг», «Арагуи» райдайынц æрдзы нывтæй.

«Сæлимæт»:

*Ресы хох – хæхтæй бæрзонддæр,*
*Дардыл ныззылдис уæрæх.*
*Диссаг куыд нæ у йæ конд дæр! –*
*Иууыл – цъæх айнæг къæдзæх.*[*]

Йæ бацæуæн, æхсæз куплеты иуулдæр æвдисы æрдзы.

«Фæндаг»:

*Айнæг-хæхтæн, сау къæдзæхтæн*
*Тар, хъуынтъызхуыз у сæ каст.*
*Уый цы дзурынц цыма ‘врæгътæ,*
*Цыма сын цы кæнынц хъаст?*[**]*–*

æмæ афтæ дарддæр.

«Уæлахизы кадæг»:

*Уæладжыргом – нæ хæхбæстæн сæ фидауц!*
*Кыд рæсугъд у, куыд райдзаст у дæ æрдз!*
*Дæ цъититæ сæрыстырæй фæлгæсынц,*
*Зæрин хурмæ тыбар-тыбур кæнынц.*

---

[*] В мире ЕсенинаСоветский писатель, – М., 1986 аз, 101-æм фарс.

[*] Плиты Харитон. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, Ир, 1972. 249-æм фарс.

[**] Уый дæр уым., 117-æм фарс.

*Дæ къæдзæхтæ фыры сытау – уырынгтæ,*
*Дæ уæлвæзы æртæхгæрдæг – зæбул.*
*Уыгæрдæнтæ – фæтæн рæгътæн сæ фæрстыл,*
*Цъæх гауызтау куыд фидауынц рæсугъд!*[*]** –

æмæ афтæ дарддæр.

«Арагуи»:

*Ærлдарау къуылдымтæ 'мæ рæгътæм*
*Тызмæгæи хъуоы хох кæсы,*
*Бынæй та комы дур-рæдзæгъдтæ*
*Арагуи, абухгæ, хæссы,*[*] *– æмæ афтæ дарддæр.*

Ахæм афыстытæ, кадджытæн сæхи фæзынд куыннæ уыдис æнæнхъæлæджы, афтæ æнæнхъæлæджы нæ вæййынц. Стыр уырыссаг фыссæг Гончаровы трилоги: «Обыкновенная история», «Обломов» æмæ «Обрыв»-ы æртæ чиныг дæр «О» дамгъæтæй æнæхъуаджы нæ райдыдтой.

Плиты Харитон æрдз æгæрон уарзтæй кæй уарзта, уый уыд йæ кадджыты пейзажон нывтæй райдайыны «аххосаг». Йæ удлæууæн æрдзы афыстæй æрцахсы фыццаг чиныгкæсæджы, стæй йæ уый фæстæ йæхимæ нылвасы сюжеты æнæнхъæлæджы рæзтæй.

«Сæлимæт» 1931-æм азы журнал «Фидиуæджы» куы ныммыхуыр, уæд уый æвзонг, 23-аздзыд поэты сфæлдыстадæн нæ, фæлæ ирон поэзийы дæр уыд зынгæ фæзынд.

Алы æцæг фыссæгмæ дæр вæййы, чиныгкæсджытæн æй иууыл уарзондæр чи фæкæны, адæмы 'хсæн, стæй литературæйы кæмæй разыны, ахæм уацмыс кæнæ чиныг.

Харитонæн сæйраджы-сæйраг уый уыд æмæ у йæ кадæг «Сæлимæт».

Стыр фæзынд æрмæст уый тыххæй нæ уыд, æмæ нын 1920-æм азы гуырдзы геноцид куы скодтой, уымæй адæмы зæрдæтæ нырма хъæдгæмттæ кæй уыдысты. Уыцы æгъатыр дуг, Гуырдзыстон Хуссар Ирыстонмæ куы ныббырста, куы

---

[*] ** Уый дæр уым, 283-æм фарс.

[*] Уый дæр уым, 217-æм фарс.

йæ бастыгъта, туджы леуахитæ куы рауагъта, знаджы хай йæ куы бакодта, уый аивадон æгъдауæй афтæ диссаджы æвдыст у, æмæ кæд: «Ресы хох хæхтæй бæрзонддæр, Дардыл ныззылдис уæрæх, Диссаг куыннæ у йæ конд дæр – Иууыл цъæх айнæг къæдзæх», – уæддæр уыцы æрвон рæсугъддзинады æрцыд, адæймаджы зонд ахсгæ дæр кæй ма хъуамæ кæнид, ахæм æнамонддзинад:

*Ракæс ма, Ресы хох ракæс –*
*Адæмæй байдзаг дæ раз!*
*[illegible] етты сагъæс*
*Æрдзыл дæр бафтыдта маст.*

Уыцы лигъдæттæй хæцæнгарз райсын хъом чи у, уыдон удуæлдай тох кæнынц гуырдзыйы тугхор æфсады ныхмæ, æгаддзинад нæ хæссынц сæ сæрмæ. Уыдонимæ сты Сæлимæты уарзон Махарбег, Сæлимæты æфсымæр Дзæрæх. Адæмы сæрибардзинадыл сæ сæртæ æрхастой нывондæн. Ахæмтæ сты сæдæтæ. Фæлæ уыдоны марджытæй – гуырдзыйы æфсадæй ноджы æвзæрдæр, æгъатырдæр,ницæйагдæр сты, цæсгом кæмæн нал ис, гуырдзы кæй балхæдтой, лигъд, æфхæрд, стонг, тарст адæммæ йæ къух чи систа, сусæгæй сæм чи лæбуры, чи сæ стъигъы, мары æмæ скъæфы.

Сæлимæт æнæсæрылхæцæгæй куы баззад, фыддоны бынатæй йæ сæр æдасдæр бынаты бафснайынмæ куы хъавыд, куы лыгъд Цæгат Ирыстонмæ, уæд бахауд уыцы адæймаджы ном æгадгæнджыты къухтæм. Зыдта, хынджылæггаг сын кæй суыдзæн.

Фæлæ Сæлимæты поэт æддаг бакастæй куыд рæсугъд ныв кæны:

*Сатæгсау – йе ‘рдын æрфгуытæ,*
*Уадултæй мæйтæ кæсынц.*
*Денджызы хъазау – йæ хъуыртæ,*
*Риутæ къуыбыртæй лæууынц.*

*Даргъ нарæг астæу, гуырвидауц,*
*Базмæлынц былтæ сындæг.*

*Дæндæгтæ митау æрттивынц,*
*Сау ыстъæлф русыл – бæрæг, –*

уымæй чызгæн йæ удыхъæд у ноджы рæсугъддæр, æмæ цæйнæфæлтау æгаддзинад йæ сæрмæ æрхæсса, фæлтау æй куы аскъæфынц, уæд скъæфæджы хъама фелвасы йæ кæрддзæмæй, ныррæхойы абырæджы, стæй:

*Саргъыл Сæлимæт æрбадти,*
*Идоныл фидар хæцы,*
*Саулох æнæцудгæ уади,*
*Комы фык зæхмæ кæлы.*

Æфсургъ йæ быны куы фæмард, уæддæр хъæбатыр чызг ирон сылгоймаджы кадæй йæ уд уæлдæр нæ сæвæрдта, фæлæ худинаджы бæсты равзæрста мæлæт – йæхи нывзылдта ивылд донмæ.

Афтæмæй нын Харитон равдыста, иууыл бæрзонддæр кæй у адæймаджы намыс, йæ ном. Кадæджы сæйраг хъайтары тыххæй Къозонты Махарбег афтæ фыссы: «Сæлимæт реалон адæймаг уыдис æви мысæггаг? О, æцæгæй дæр Сæлимæт уыдис реалон адæймаг. Цæмæй йæ бæрæг кæнын æмæ зонын æз? Чи нæ зоны, Харитон райгуыр Ручъы 1908 азы, æз дæр райгуырдтæн Ручъы сæдæ метры дарддæр Харитоны хæдзарæй. Хадойы хистæр æфсымæр Шаликъо уыдис мæ фыдыхойы лæг. Хадойы бинонтæ махимæ цардысты иу бинонты хуызæн. Хадо алы сæрд дæр Рукъмæ цыд йæ улæфты рæстæг (хосгæрдæны). Куы-иу æрбацыд, уæд-иу раздæр махмæ æрбауад. Хадойы зыдтон 40 азы»[*].

Махарбег Харитоны мысинæгтæй куыд дзуры, афтæмæй, лигъдæттæ куы уыдысты, уæд рæстæгмæ æрбынат кодтой Захъайы Æботы сыхы сæ хæстæджытæ Хъесаты Мишатæм.«Ам цардысты Хъесатæ дыууæ хæдзарвæндагæй, Æботæ æмæ Цоратæ. Цоратæм уыд усгур лæппу Иван. Уыдысты хъæздыджытæй, уыдис сæм дыууæ мин фысæй фылдæр. Иван уыдис хъал лæппу. Уыцы рæстæджы мæ цыппар хойæ иу (Эрмо хуындис) уыд чындздзон чызг.

---

[*] Газет «Хурзæрин», 2001 цыппурсы мæйы 26-æм бон, №101.

Уыдис тынг рæсугъд. Йæ сау дзыккутæ ставд быд, суанг йæ зæвæттæм æххæсдысты. Иваны зæрдæмæ фæцыд, æмæ йæ йæхи бакæнын сфæнд кодта, æмæ йæ фæнд кæмæндæрты дæр схъæр кодта. Уыцы дам-думтæ чызг дæр куыннæ хъуыста. Эрмо, куыд зонджын чызг – сæ уавæр куыд нæ æмбæрста»… «Иван сусæгæй баминæвар кодта Эрмомæ, ома йæ ацы тыхстуавæры куыд нæ бафæнддзæн фервæзын. Фæлæ адæмы уавæр, уыцы хъаймæты митæ йæ цæстытæй уынгæйæ, мæ хо не сразы, загъта, уавæр нæй уыцы хъуыддагæн. Иван куыннæ зыдта, кæм уыд бинонты дарæг (Харитоны хистæр æфсымæр Шаликъо уыд меньшевикты ныхмæ хæсты – авт.), бинонты хъахъхъæнæг, ома, æнæхицау бинонтæ, æмæ загъта: «Кæс ма ацы фæсхохаг, гæвзыкк, лыгъд бинонтæ мæнæн «нæ» зæгъын куыд бауæндыдысты». Уый сбæрæг кодта, кæм фынæй кодта чызг, базыдта бацæуæнтæ æмæ рацæуæнтæ, куыдзы кæдæм æмæ куыд асайын хъæуы. Æрæмбырд кодта йæхи хуызæн хъал лæппуты Захъагомæй, æмæ иу мæйдар æхсæвы ныббырстой Æботы хæдзармæ, æмæ аскъæфтой Эрмойы».

«Хадо адæмы æхсæн, фынгыл дæр, хос кæрдгæйæ, стæй ныхасы дæр хъæлдзæг лæг уыдис. Афтæ кæй бакæнынц, марды дæр, дам, схудын кодтаид, фæлæ иу æм ацы фарст куы радтой: «Чи уыд Сæлимæт?» Æмæ-иу куы дзырдта, уæд-иу йæ цæссыг æркалд,» – фыссы Махарбег.

Харитоны кæуын кодта йæ хо, йæ хъайтар æмæ Ирыстоны трагеди. Туг, æвзаг æмæ фыдыуæзæг – уыдон сты сæйраг. Уыдонæн баивæн нæй. Зынуромæн у сæ маст дæр. Поэты дæр уыдон æркодтой ахæм диссаджы кадæг ныффыссынмæ.

«Сæлимæт»-ы хæнтфæстæ райгуырд йæ дыккаг кадæг «Фæндаг». Рагæй фæстæмæ хæхтæм фæндаг кæй нæ уыд, уый аххосæй хохæгтæ цы тухитæ æвзæрстой, уыдон дзуры ног фæндаг аразæг, ацæргæ Леуан фæсивæдæн. Ракодта сын зæронд Негоры сæфты хабар. Фæлæ уацмыс «Сæлимæт»-ы фæстæ нал бацагайдта поэзиуарзджыты зæрдæтæ. Æгæр фæлурсгомау рауад.

Уыцы хъуыддаг поэтæн, æвæццæгæн, йæхиуыл дæр бандæвта æмæ дзæвгар рæстæджы поэзийы егъау формæ

байрох кодта. Литературæйы хаста поэт-лирикы ном. Стæй чиныгкæсджытæн æнæнхъæлæджы балæвар кодта йæ эпикон уацмыс «Уæлахизы кадæг».

Кадæджы уынæм, Бадилатæ сæ фырхъалæй фæйнæрдæм цæвæнтæ куыд кæнынц. Бафæндыд сæ Уæладжырыл дæр сæ хъал ныккалын. Ныббырстой сæм, æмæ Бадилатæ хъазты сæ бæлццæттæм – тохгæнджытæм куы æнхъæлмæ кæсынц, зæгъгæ:

*Нæ бæлцæттæ Уæладжырæй*
*Æртæрдзысты бæхрæгъæуттæ,*
*Семæ та сын æркæндзысты*
*Цума гæнæн фæсдзæуинтæ,*[1]* –

Уæд æрцыдис аг, алы тыхгæнæгыл дæр чи сæмбæлы, æмæ рæстаг адæмы фæндиаг цæмæй фæвæййы, уый – фæдисæттæ симæн фæзмæ тæргæбæхыл фæзындысты, сæ саулохтæй рахизæрдæм куы æрхызтысты, «галиу къухы – сæ ехсытæ», афтæмæй ракодтой сау хабар.

*Кæуынтæ мæ ниуынтæ дын*
*Куы райдыдтой сæ чызджытæ,*
*Сæ цæсгæмттæм фæлæбурынц,*
*Сæ дзыккутæ куы ныттонынц...*

*Изæрмилты сæ бæллццæттæ*
*Цагъдуæлдæйттæ, уæнгтæхъилæй,*
*Сæргуыбырæй фæзындысты.*
*Сæ мæрдты ‘мæ уæззау цæфты*

*Сау сынтытыл æрбахастой.*
*Зæронд лæгтæ тымбыл къухæй*
*Сæ даст сæртæ куы ныххойынц.*
*Мæрддзыгойы сылгоймæгтæ*
*Æмбырд кæнынц чыртæ-чыртæй.*

Афтæмæй нын поэт рæсугъд ирон æвзагæй дзуры рагон хабæрттæ, кад кæны лæгдзинæдтæн, худы тыхы дугыл, кæны йæ дæлдзиныг.

---

* Плиты Харитон. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1972, 369-æм фарс.

Ноджыдæр ныффыста кадæг «Арагуи» Агуындæ æмæ Арагуийы уарзтыл.

Агуындæ рæзт дзæнæты комы. Чысылæй фæстæмæ адджын фæцис фыдных Хохы Бардуаг Хъудæн. Фæнды йæ, бакæна йæ йе ‘мкъай, фæлæ чызг Арагуийы куы бауарзы, Хъудæн куынæ комы, уæд сын Хохы Бардуаг кæны алы фыдмитæ. Нæ сыл ауæрды фесафынæй, кæд йæ уыцы архайдтытæ кадæгмæ гæсгæ чиныгкæсæджы тынг нæ уырнынц, уæддæр.

Кадæг легендæмæ æввахсдæр лæууы. Уæддæр цæстытыл ауайынц Хъуылаты Созырыхъойы радзырд «Номылус»-ы хъайтартæ Зæли, йæ фыд Музук æмæ хъæздыг Хъауырбег.

Хъауырбегæн дæр Зæли номыл усæн куынæ комы, уæд сын, Хъудау, фыдбоны усгур алы фыдмитæ афтæ кæны.

Фæлæ Созырыхъойы хъайтартæ зæххон адæм сты, æмæ æрцыд зæххон хабар – Хъауырбег йæ тыхы, йæ мулчы фæрцы Зæлийы бакодта йæхи. Хъуд та бардуаг у. Агуындæйы къæдзæхы йæ цæрæнмæ куы аскъæфы, Арагуи дæр сæ фæдыл уым кардæлвæстæй куы фæмидæг вæййы, уæд сын бацайдагъ тох.

Тох куыд цæуы, уый кæд нал уынæм, уæддæр «цъæх айнæг афаст, уыцы фастæй Арагуи» знæт донæй ракалд, Агуындæ та уыцы доны раленк кодта Донычызгæй.

Уацмысы кæрон кадæгкæсæгæн поэт зæрдæвæрæгау зæгъы:

*Уый Донычызг æмæ Арагуи*
*Рæсугъд кæрæдзийыл тыхсынц…*
*Сæ таурæгътæй фæлтæртæ рагæй –*
*Æрæгмæ дæр кæнынц тыхджын*[*]

Фæлæ уацмыс, хъыгагæн, нæдæр композицион æгъдауæй, нæдæр фæлгонцты арæзтæй, нæдæр аивадон фæзилæнтæй нæ рауад тыхджын. «Сæлимæт» æмæ «Уæлахизы кадæджы» цур уадиссаг нæ ахады.

Плиты Харитон йæ фыды уæзæг, йæ адæмы куыд æгæрон уарзтæй уарзта, афтæ стыр аргъ кодта æндæр адæмтæн

[*] Уый дæр уым, 248-æм фарс.

дæр, йæ цæст ын рæвдыдтой уыдон райгуырæн бæстæтæ дæр. Фысгæ дæр сыл цъус нæ кодта. Уымæйдæр, уарзгæйæ, зæрдæбынæй. Поэт хорз зоны, уарзтæй цъититы дæр кæй ис бадонгæнæн. Йе 'мдзæвгæ «Дагъестайнаг поэттæн»-ы уымæн загъта:

*Уемæ амондыл фæзарон,*
*Уемæ царды ад ссарон,*
*Рохдæр бонтыл уа нæ зард.*
*Мах нæ хæлæрттæ куыд уарзæм,*
*Мах нæ фыдгулты куыд сафæм,*
*Махæй афтæ домы цард***.

Поэт А. Фадеевæн цы æмдзæвгæ ныффыста «Дæ фæдзæхст дын ма[illegible]ессын», уым æцæг поэтикон хуызы равдыста йе 'мсисонмæ йæ уарзт. Дард фæндагмæ йæ куы фæндараст кодта, уый мысгæйæ бынтон раргом йæ уарзæгой зæрдæ: «Цы зæрдæйæ дæу афтæ бирæ уарзтон, Фæндыд мæ уый нывæрын дæр дæуæн».

Ахæм зæрдæйы уагæй ныффыста «Кировæн», «Каспыденджыз», «Индиж-дон», «Цæгъд, мæ уарзон чонгурист!», «Хæлæрттæ», «Мады зæрдæ» æмæ бирæ æндæртæ

Уæлейон царды иууыл табуйагдæр у уарзт. Дуне ууыл лæууы. Уымæн æмбал нæй. Ницæмæй йæ ис баивæн. Ницæмæй йæ ис балхæнæн.

Нæ поэтæн йæ уарзæгой зæрдæ Хуыцауы ратгæ уыд. Æмæ йæ никуы никæмæн æмæ ницæмæн хæлæг кодта. Фæлæ-иу ын уæлдай тынгдæр ныццæхæр калдта уарзон чызджы фендæй, уарзон чызджы мысгæйæ. Йе 'мдзæвгæ «Дæуыл фембæлгæйæ»-йы лирикон хъайтар афтæ бирæ уарзы, æмæ йыл йæ уарзоныл фембæлгæйæ сау сагъæс цæмæн атыхсы, йæ цæстытæн сæ каст цæмæн вæййы уæндон, цы хур ыл ракæсы, цæмæн тагъд ыл аивгъуыйы бон, цæмæн атайы йæ маст, йæ цинæн цæмæннæ уал вæййы кæрон, уый хатын нæу йæ бон:

*Дæуыл куы фембæлын, уæд-иу*

** Уый дæр уым, 50-æм фарс.

*Цæмæн суадзы арт мæ риу?*
*Куыд у дæ зæрдæйы фæндон,*
*Мæнæн нæу уый хатын мæ бон!*

Чиныгкæсæг дæр нæ хаты, куыд у лирикон хъайтары зæрдæйы фæндон, фæлæ хъайтар йæхæдæг сыгъдæг уарзтæй кæй уарзы, уый йын дæтты рухс фидæны ныфс, æмæ йын у æхсызгон.

Уæзданæй, хæххон суадонау, ирд æмæ рæсугъдæй æвдисы Харитон, дыууæ уарзæгой удæн сæ кæрæдзимæ цы ахастытæ вæййы, уыдон.

Кæд æцæг уарзтæй уарзыс, кæд дæ уды царды иууыл бæрзонддæр æмæ рæсугъддæр æнкъарæнтæ тæлфынц, уæд сонт хъæртæ ма хъуамæ кæнай. Дæ уарзонмæ дæ зæрдæ хъуамæ хæссай, арс йæ риссаг дзæмбы цуанонмæ æххуысæнхъæл куыд æргом æмæ тæрсгæ-ризгæ фæхæссы, афтæ. Уый зыны кæрæй-кæронмæ йæ уарзтыл фыст æмдзæвгæты:

*Хъазгæ ма цæмæн кæныс, цæмæн?*
*Дидинджытæ ма ‘ппар, ма, мæнæн!*

*Ратт мын, ратт, дæ зæрдæ ды фæлтау!*
*Ма мын кæн дæ мидбылхудт æвгъау!**
(«Ма мын кæн дæ мидбыхудт æвгъау»)

Фæлæ лирикон хъайтар бафты сагъæсы, йæ уарзонæй разыйы дзырд куынæ хъусы, уæд. Йемæ фæсагъæс кæны чиныгкæсæг дæр. Уый та дзурæг у поэты æнтыстыл:

*Дидинæг фендау – дæ рухс цæсгом,*
*Кондæй дæу хуызæн кæм и!*
*Фæлæ зæгъ ма ныр дæ буц фæндон!*
*Иуварс мæ ц’ айсыс дæхи?***
(«Иуварс мæ ц’ айсыс дæхи?»)

---

* Плиты Харитон. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, Ир, 1959, 112-æм фарс.
** Уый дæр уым, 113-æм фарс.

Цъус зæрдæмæдзæугæ бынæттæ нæй нæ поэты уарзондзинады лирикæйы, стæй йæ кадджыты. Чиныгкæсæджы зæрдæ сæ кæны рухс æмæ сыгъдæг. Фæсадзынц ыл базыртæ.

Хъазты лæппу йæ уарзон чызджы куы ауыдта, уæд, цы уыдис, уый дæр нал зыдта:

*Авд хуры мæм*
*Арвæй цыма ракасти.*
*Кæд мæ рæзты*
*Арвæрдынтæ арасти?*

*Мæйтæ дæр ма*
*Худтысты дæ уадултæй.*
*О, тæхуды,*
*Чи бафсæст дæ бахудтæй!*
*Гъеи – джиди,*
*Дæ хъал сæгуыты кæстытæй*
*Чи нæ исдзæн*
*Фидæны йæ цæстытæ!**
(«Симæн фæзы»)

Поэты цард æмæ сфæлдыстадон цыбыр очерк «Харитон Плиев»-ы Балаты Тембол ын йæ уарзондзинады лирикæйы тыххæй афтæ зæгъы: «В поэзии Харитона Плиева влюбленный лирический герой не летает в заоблачных высотах, любовь его не отвлеченная, она конкретна связана с повседневной жизнью человека. Ей свойственны и печаль, и радость, нежность и мужество».**

Уымæн та æвдисæн сты æмдзæвгæтæ сæхæдæг.

Бирæ сты, Плиты Харитоны зæрдæйæ уарзондзинадыл цы уацмыстæ ратагъдысты, уыдон.

Къаддæр не сты, нæ чысыл хуртæ, сабитæн цы диссаджы уацмыстæ сфæлдыста, уыдон дæр. Бирæ æмдзæвгæтæ йын сты бабæллыны аккаг. Фæлтæртæ сыл уымæн хъомыл кæ-

* Плиты Харитон. Уацмыстæ, – Дзæуджыхъæу, 1972, 182-183-æм фæрстæ

* * Балаев Т.И., Плиев Х., – Владикавказ, 1960, 13-14-æм фæрстæ.

нынц. Уарзон чингуытæ систы сабитæн «Дидинæг», «Тузар», «Сабитæн», «Ӕнусон цин»…

Сабийы нæ, фæлæ стыр адæймаджы зæрдæ дæр ныффæлмæнтæ кæны æмдзæвгæ «Гыцци»:

*Бирæ фæрæвдыдтай,*
*Уæ гыцци, мæн,*
*Арæх-иу аргъæуттæ*
*Кодтай мæнæн.*

*Хъарм-иу мæ бамбæрзтай,*
*«Хур» мæ хуыдтай,*
*«Ахуысс мын, айрæз мын!» –*
*Заргæ дзырдтай.****

Ахæм уарзтæй та райгуыры уарзт. Чысыл хъайтары зæрдæйы дæр йæ мадмæ, иæ раттæг уæзæг, стæй æмткæй цардмæ стыр уарзт уый тыххæй сæвзæрд. Уымæн зæгъы:

*Уарзын мæ чингуытæ*
*Уарзын мæ хъæу,*
*Уарзын фыдыбæстæ,*
*Уарзын æз дæу.*

«Гæды æмæ лæппынтæ»-йы цъæх гæдыйæн цы дыууæ лæппыны ис, уыдон сæ кæрæдзийы фæдыл куыд рауай-бауай кæнынц, сæ мады хъарм хъæбысы куыд ныббырынц, хъырнгæйæ иумæ куыд фæхуыссынц, уый чысыл чиныгкæсæг фæуыны æмдзæвгæйы, æмæ фæцин кæны семæ:

*Куы райхъал вæййынц*
*Гыццыл лæппынтæ,*
*Уæд мады сæрты*
*Кæнынц гæппытæ.*

*Нæ уаты къуымты*
*Кæрæдзи сурынц,*

---

*** Плиты Харитон. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959, 136-æм фарс.

*Тæбын къуыбылой*
*Сæ разæй тулынц.*

*Мыст æй æнхъæлынц,*
*Мыстау дзы хъазынц,*
*Сæ цыргъ ныхтæй йæ*
*Сæхимæ ласынц.**

Гæдыйы лæппынтæ къуыбылойæ мыстау кæй хъазынц æмæ йæ сæ цыргъ ныхтæй кæй ласынц сæхимæ, уымæй саби мыстæн кæй фæригъæд кæндзæнис, ома, сæ ныхтæм куы бахауа, къуыбылойау, уæд æй удхарæй мардзысты, ууыл куыннæ хъуыды кæнæм, уæд ма нæ чысыл хуртæ уымæй хуыздæр уацмыс цы хъуамæ бакæсой?

*Сæ иу ыслæууы*
*Нæ фæстæ къæхтыл,*
*Æмæ уæлгоммæ*
*Æрхауы зæххыл.*

*Йæ фарсмæ иннæ*
*Цæрдæг æрхуыссы,*
*Кæрæдзи хъуыртыл*
*Æнгом ныттыхсынц.*

Уый у кæй фæнды размæ дæр сæрыстырæй рахæссæн кæй ис, ахæм классикон æмдзæвгæ. Ахæм уацмыстæ сфæлдисын æрмæстдæр, стыр курдиат Хуыцауæй кæмæн фæуа лæвæрд, ахæм фыссæджы бон бауыдзæнис.

Плиты Харитон уыдис ахæм поэт. Нанайы буц лæппу Иналыл цы зарæг ныффыста «Инал» – зæгъгæ, уый бирæ дæсгай азты æрмæст сабитæн нæ, фæлæ ныййарджытæй дæр бирæтæн уымæн ссис уарзон зарæг.

Ирон литературæйæн, ирон адæмæн бирæ сты Плиты Харитоны лæггæдтæ. Ахæм уацмыстæ сфæлдисын йæ къухы та æфтыд йæ сыгъдæг, йæ уарзæгой зæрдæйы фæрцы. Йæ зæрдæйы цардмæ цы стыр уарзт уыдис, уый йæ

---

* Уый дæр уым, 128-æм фарс.

разæнгард кодта фыссынмæ дæр, уыцы уарзт ын сфæлдисын кодта æнæмæлгæ уацмыстæ дæр, уыцы уарзт нæ æлвасы æппынæдзух йæ поэзимæ.

1998

## КОЗАТЫ ИСИДОРЫ ТЫХХÆЙ

### 1. УЫДИС АХÆМ

Вæййы афтæ, адæймаг алы хъуыддæгтыл куы фæхъары йæ уд, æмæ дзы иу дæр куынæ фефты йæ къухы. Вæййы афтæ дæр, адæймаг сæрмагондæй иу хъуыддагæн куы фæнывонд кæны йæхи, фæлæ алцы дæр хъазгæ-худгæйæ куы фæзоны.

Хъысмæт хивæнд у. Сæдæ-сæдæ, æрдзæ сæдæ адæймæгтæй алкæуыл йæ гакк афтæ æрæвæры, æмæ милуангай азты фæстæ дæр нал æрцæуы фæлхатгонд, уымæ адæймаг йæхæдæг тынг куы тырна, уæддæр.

Козаты Исидорæн йæхи сæрмагонд гакк уыдис хъысмæтæй. Уыцы гаччы фæрцы æфтыдис йæ къухы æппæт дæр Хуыцауæй дæттæгау: куыд хъæбул, куыд æмкъай, куыд фыд, куыд æмбал, куыд поэт æмæ сæйраджы-сæйраг та – куыд Адæймаг, афтæ.

Цас адæмы фæфæнды сæ ныййарджытæн къухылтухгæ кæстæртæ уæвын, фæлæ сын уый, арвмæ æнцойлæууæгау вæййы. Исидор, кæнæ йæ уарзгæйæ куыд хуыдтам – Иссæ та:

*Цы у дæ ном? –*
*Цы хосы тых ын ис! –*
*Лæмаргæйæ,*
*Куыддæр ысхауы дзыхæй,*
*Ысулæфын,*
*Фæрогдæр вæййы низ,*
*Цыма æрбафты*
*Ме уæнгтæм дæ тыхæй… –*

мæлæтдзаг рынчынæй дзырдта йæ мадæй. Æмæ йæ фæстаг хъынцъымтæй иу, чысыл ма уæддæр куы рацæрид, мый-

йаг, нæу. Фылдæр фæцæрыны бæллиц, æвæццæгæн, алы удисæг адæймагмæ дæр æрцæуы. Исидоры лирикон хъайтар ахæм амондмæ куы бæллид, уæддæр уый диссаг нæу – æвзонгæй лæууы мæрдты къæсæрыл. Фæлæ шаблон уаид, низæфхæрдæй йæ фыды хæдзармæ куы фæзыны, уæд ыл уый куыд сæмбæлы, куыд æй фæфæрсы: «Цæй горæт у, Цы йæм кæныс тæхуды? Уынын: Гыццийы цæстытæй кæсы, Гыццийы мидбылхудтæй худы…»

Зæрдæйæ ратæдзгæ ацы уарзон æнкъарæн цæмæй ног фæзындау рарттывтаид, уый тыххæй йæ хъуыдис бæрзонд сисын. Нæ поэт уацмыс балхынцъ кæнынмæ стыр дæсны кæй уыдис, уый тыххæй кадæгæн ссардта ахæм кæрон, æмæ хъæбулы уарзт йæ ныййарæг мадмæ фæвæййы хурæргом. Кæд хъуыды асудзы, уæддæр дзы аззайы мыхуырæвæрдæй:

*Мæлæтæй фыддæр*
*Ницы ис зынтæй,*
*Фæлæ зындæр –*
*Хъæбулы тухæн мадæн.*
*Æвæццæгæн, нæ баззади æрдзæй,*
*Æндæра ныр*
*Дæ мады цонгыл амæл…*

*Фæлæ хуыссын,*
*Мæ сагъæстæй – æлгъæд.*
*Цыма хæрын*
*Гыццийæн ард нæ уæлхæрд:*
*Дæ фарсмæ æз*
*Куынæ ‘рцæуон ныгæд,*
*Зындоны арфы*
*Уæд уыдзæн мæ уæлмæрд!..*
(«Мады æндæрг»)

Уыцы хъуыды – мады цонгыл амæлын, йæ фарсмæ ныгæд æрцæуын æм ныййарæджы уарзтимæ хъардта уæзæджы уарзтæй дæр. Æрæнцой, æрулæфт ын нæ лæвæрдта, йæ райгуырæн уæзæг кæй афтид кæны, æгæрыстæмæй, сæ уæлмæрдтæ дæр дзæгъæлæй кæй зайдзысты, уыцы хъуыды. Но-

гæй та сæм куы фæзынд йæ лирикон хъайтар, уæд сæргуыбырæй уымæн лæууы сæ разы. Дзæнæты бадинæгтæй нырма бирæтæн ахсы сæ хуыз. Сæ дзурын æм фехъуысы дардæй. Цыма йæм ингæнæй дзурынц, уыйау ныхас кæны сæ дуртимæ, æмæ йæ фæрсынц уайдзæфгæнгæ, ныфсмард хъæлæсы уагæй:

*«Æппындæр махмæ нал зыны цæуæг.*
*Зæгъ-ма: цы хабар у, цы 'рцыди?*
*Æви уæлæуыл нал баззад цæрæг,*
*Нæ уæзæг абæстæй фæлыгъди?»*

*Æмæ мæн дæр куыннæ бацыди мæт!*
*Мæ фыны дæр цы чысыл къуым фæуынын,*
*Гъе, уым ыснæуу мæ фыдæлты уæлмæрд,*
*Нæуæг ингæнтæ дзы нæ зыны.*
(«Фыдæлты уæлмæрд»)

Иссæйы хуызæн хъуыдыгæнæг поэт æнæнхъæлæджы не 'рцæуы ахæм хатдзæгмæ, ома нæм фæлтау нæуæг ингæнтæ уæнт. Адæймаг табæты размæ фыццаг авдæны фæхуыссы. Авдæн æмæ табæт сæ кæрæдзийыл баст сты. Уыдон кæм уой уым цард нæ ахуысдзæнис. Цæмæй дæ уæзæгыл цард цæлхъ-цæлхъ кæна, уый тыххæй, хорзæй цæмæн ис аразæн, уыдонæй дардмæ лидзгæйæ нæу. Æмæ сæ нæ лыгъд Исидор. Хистæрæн цыт раттын, адæмæн лæггад кæнын, фæдисы разæй уæвын нымадта кадыл. Йæ сæр кæм хъуыдис, уым алы хатт дæр цæттæ уыд тыхст лæджы къух Саразынмæ, кæд-иу йæхи цух ныууагъта, уæддæр.

Уыцы удыхъæд хаста аивадмæ дæр:

*Куыннæ федтон мæ царды зын:*
*Æз калдтон туг, æвзæрстон хъыг,*
*Фæлæ мæ не сирвæзт хъæрзын,*
*Нæ куымдта цæстытæй цæссыг.*

*Ам, хæхты, алцæмæн – æгъдау.*
*Ам, хæхты, алцы дæр у барст.*

*Ӕрхӕссӕн ницӕмӕ ис фау:*
*Ӕфхӕрд – ӕфхӕрдӕн, уарзтӕн – уарзт.*
(«Хӕххон дӕн ӕз»)

Уыдон иууылдӕр цыдысты поэты уарзӕгой зӕрдӕйӕ. Чи йӕ зыдта, уыдон никуы ферох кӕндзысты, искӕй ӕнтыстытыл-иу, сывӕллонау, куыд рад, уарзтӕй йын куыннӕ уыдис бафсис.

Йӕ поэзи ӕнӕхъӕнӕй йӕ зӕрдӕйы ӕнкъарӕнтӕй быд кӕй уыдис, уый тыххӕй йын у ӕрдзон. Тыхмитӕ йын нӕ кодта. Фӕлдыста, уарзта, цард, йӕ зӕрдӕ йӕм куыд дзырдта, афтӕ. Йӕ зӕрдӕ та уыд рӕсугъд. Ӕппынӕдзух, суанг мӕлӕты къӕсӕрыл дӕр, – уымӕн уыдис сӕрыстыр. Куысты уыдаид, балцы ӕви фынджы фарсмӕ бадтаид; галстучы уыдаид ӕви иударон дзаумӕтты, алы хатт дӕр – къӕрцциту.

Йӕ уд ӕнӕкъӕлӕстытӕй зынд йӕ царды; сыгъдӕгӕй, ӕрттивгӕйӕ баззад йӕ аивады дӕр. Чиныгкӕсӕджы уыцы рухс сайы йӕхимӕ. Уый тыххӕй Исидоры поэзийӕ, куыд дӕ фӕнды, афтӕ цӕвиттонтӕ хӕсс.

Цас адӕм фӕтырнынц уарзӕгой ӕмӕ ӕппӕтхъом ӕмкъӕйттӕ суӕвынмӕ, фӕлӕ сын хъысмӕты дымгӕ уыцы амонд аскъӕфы сӕ иувӕрсты. Аивады ӕрмӕст йӕ равдисын дӕр мӕнӕ-мӕнӕ ӕнцон хъуыддӕгтӕй нӕу. Иу ӕмӕ йӕм дыууӕ поэты не ‘ргуыбыр сты. Уыдонӕй дӕр амонд аклӕмӕ нӕ бахудт.

Исидор ӕй равдыста йӕхиӕрдыгонау. Йӕхиӕрдыгонау, фӕлӕ арф ӕмӕ тыхджынӕй. Адӕймаджы зӕрдӕ куыд бакъуыра, афтӕ:

*Ме ‘фсин куынӕ уа,*
*Цы хъавын уӕд мулкӕй!*
*Фӕлӕ… нӕ кӕны хуыздӕр.*
…………………………………
*Радтин ӕз хосӕн*
*Мӕ зӕрдӕйы тугӕй,*
*Фӕлӕ кӕм и, кӕ, хуыцау.*
……………………………………

*Æмæ та мæнæ*
*Æз агурын хостæ,*
*Фæлæ... мæхицæн дæр ныр.*
(«Хостæ»)

Хуымæтæджы дзырдтæ. Хуымæтæджы композици. Нæй дзы зынæмбарæн философон хъуыдытæ, модæйон фæлгонцтæ, дидактикон зондамындтæ, фæлæ уæлмонц æнкъарæн æмæ царды рæстдзинадæй, зæрдæйы тæлмæнтæй йæхимæ здахы цæстæнгас.

Иссæйы аивад тыхкæнгæ нæу. Уæлдай митæ йын нæ кодта. Хызта йæ, хъуыды, зæрдæ æмæ хъус кæмæй фæлмæцынц, ахæм дæлæ-уæлæтæй. Иууылдæр ын цыд уарзтæй. Уарзт кæм нæй, уый цыфæнды бибитæй дæр уазал у, кæд уыцы фæндагыл бирæ поэтгæндтæ фæцæуынц, уæддæр. Самандургæнæгау цыппартигъон строфæтæ аразын базонынц, æмæ сæ аивады хъæлæсæй, сæ риутæ тымбыл къухæй куыд фæхойынц – æз дæр поэт дæн, зæгъгæ, уый тынгдæр фæхъуысы. Тыхмитæй йæ бирæтæн уырнын дæр бакæнын кæндзысты.

Козаты Исидор сæрæстыр уæвгæйæ, куыд поэт, афтæ сæрныллæг уыдис. Цыфæнды комæйкургæ уацмыс сфæлдыстаид, йæ сины сæртыл дзы никуы æрхæцыд. Мæнмæ гæсгæ, йæ аивад æппынæдзух уый тыххæй кодта нуарджынæй-нуарджындæр. Иу æнтыст иннæйы фæдыл уымæн æфтыдис йæ къухы.

Цæвиттон æрхæссынæн дардмæ цæуын нæ хъæуы. Интимон темæйыл цы уацмыстæ сфæлдыста, уыдон æнкъарæнтæ кæд иууылдæр йæ зæрдæйы райгуырдысты, уæддæр сæ иууыл аивадондæр йæ удæй рантыст йæ царды фæстаг уысмты:

*Æз федтон фын, – фын уыд, уæдæ, цы уыд, –*
*Æппæтæн нæй ыснывгæнæн ныхæстæй!*
*Мæ разы зæд, нæ хæххон зæд, лæууыд,*
*Йæ цæстытæ зæрин тынтæ нывæзтой.*

*Кæцæй фæзынд, цы базыртыл æртахт?*
*Æви мæ разы ферттывта ыскæсæн?*

*Рæсугъддзинадæй сау мæлæт фæтарст,*
*Мæ цæстытæй мæ бауагъта ыскæсын…*
(«Ныфс æви сагъæс»)

«Рæсугъддзинадæй сау мæлæт» кæмæн фæтарст, уыцы уатон рынчын куыд федта: «тымбыл уæхсчытыл сау дзыккутæ – пырх», «дæллагхъуыр – донхъазы æфцæгау», «астæу – дидинæджы зæнг», «йæ цæстытыл сынтцæстыхау» куыд æрцæгау – зæрдæйы уыцы цæвæнтæ кæд аив загъд сты, уæддæр сæ кæддæрты кæй фехъуыстам, уый тыххæй нæ уадиссаг дисы не 'фтауынц.

Адæймаджы сконд диссаг у: цы фехъуыста, цы федта, цы зоны, уымæ йæ нуар, йæ хъуыды цасфæнды змæлæнт, уæддæр нал стъæлфынц. Зæрдæ, æвзæрдæр куы уа, уæддæр ногдзинадмæ тырны.

Чи зоны, уый у царды нысан? Чи зоны, афтæ куыннæ уаид, уæд адæймаг сæпп-сæпп кæнид иу бынаты, æмæ нæ къухы цы ис, уый дæр фесафиккам. Чизоны…

Фæлæ нæ, табу Хуыцауæн, размæ хæссы, ногæй цыдæр базонынмæ кæй фæтырнæм, уыцы хъуыды. Исидор та алы хатт дæр тырныдта уыцы ног хъуыды зæгъынмæ. Æмæ чиныгкæсæг сулæфы, ацы æмдзæвгæйæн дæр Иссæ, куыд зыдта, ахæм йæхирдыгон кæрон куы саразы, уæд:

*Дыууæ риуы – дыууæ ракетæ баст,*
*Цъæх уалдзæджы ныггуыппæввонг къуыбыртæ.*
*Æнæ дæгъæлæй бакодтой æваст*
*Мæ зæрдæйы дæгъæлæхгæд гуыдыртæ…*

*Мæ æфхæрд уæнгтæн нал æнцад сæ риз.*
*Ныллæууыди сæ уазал хид тæдзынæг.*
*Æз банкъардтон: æнусон у мæ низ,*
*Цæрæнбонты дзы хъизæмар кæндзынæн…*

Фæстаг строфæйы, «уазал хид тæдзынæг» куыд ныллæууыд, уый хъусы чысыл хъыгдары (автораен куы бантыстаид мыхуырмæ йæ бацæттæ кæнын, – кæд æм ахæм фæзилæн арæх у, уæддæр, – уæд æй, мæнмæ гæсгæ, æнæмæнг

фæивтаид – дзырд уарзтыл кæй цæуы, уый тыххæй ам хиды кой аив нæу, фæлæ æмдзæвгæ æцæг аивадон уацмыс у. Иссæйæн йæ бон фæлдисын кæй уыдис, ахæм æцæг аивадон уацмыс.

Уыцы уацмыстæ искæмæ гæсгæ, искæй фæзмгæйæ нæ ныв кодта. Æцæг аивадон уацмыс, искæй надвæдыл згъоргæйæ, нæ райгуыры. Исидорæн дæр йæхи курдиаты фæрцы æфтыдысты йæ къухы. Хуыцауы радтгæ йын уыдысты. Æрдзон æгъдауæй сæ фæлдыста. Ноджы йыл кары уæз куыд тынгдæр æнцад, афтæ адæмы раз æмæ аивады раз йе 'мбæстагон хæс æнкъардта тынгæй-тынгдæр. Уымæн, æмæ йæ, кæд цард цыбыр уыд, уæддæр æй хъуыдис рæстæгæн, цардæн йæхи рухс кæнынæн.

Поэт зыдта, «ивылд донау у цард» – кæм гуылфгæнгæ фæбырсы, кæм ныхъхъус вæййы, цуангæнæг стайау. Фæлæ йæ уарзын, аргъ ын кæнын фæхъæуы, куыд у, афтæмæй. Рæстæджы цыдимæ базыдта: «Хатт цины фынгыл мах фæкæнæм рухс, Хъыджы фынгыл та… сисут-иу нуазæн.»

Цины фынгыл – рухс, хъыджы фынгыл – нуазæн, уыдон царды ныхæй ныхмæ æвæрд æгъдæуттæ сты, фæлæ иумыййаг рæстдзинады сæрты нæ агæпп кæндзынæ. Уыцы ныхмæвæрдты-иу Иссæйы бон бацис йæ зæрдæйы риссаг нуармæ ныввалын, æмæ-иу азæлыд йæ зæлланг:

*Æгъатыр у, тызмæг нæм у хъысмæт,*
*Фæливæг у йæ рагуалдзæджы айдæн.*
*Гъе, ууыл у æрæджиауы мæт, –*
*Мæн дæр мæ уалдзæг, сабийау, фæсайдта…*

*Йæ хурзæрин дæндæгтæй мæм фæхудт,*
*Фæзынди мæм кæркæ-мæркæ фæлысты.*
*Зæххон дзæнæты банхъæлдтон мæ уд,*
*Фæлм абадти мæ фæззæджы фæрыстыл…*

*Рæсугъд уалдзæгау банхъæлдтон æз цард,*
*Йæ дидинвæз мæн рог уддзæфæй баста.*
*Куы скодта зымæг алы къуымты арт,*
*Мæнæн мæ сугдон разынди уæд хастау…*

*Ӕмӕ ысурси, зымӕгау, мӕ сӕр –*
*Куыд бакуымдтон ӕз, цъысцъысагау, сайын!*
*Ныр базыдтон, – ӕрӕджыйау уӕддӕр, –*
*Рӕсугъд дидин сындзыты ‘хсӕн кӕй зайы…*

(«Хъуыдытӕ иунӕгӕй»)

Исидор йӕхӕдӕг дӕр дидинджыты ӕхсӕн нӕ райгуырд. Дзул ӕмӕ мыдӕй нӕ цард. Гъе, бӕмбӕджытыл нӕ цыд йӕ фӕндаг. Фӕлӕ йӕ царды уыдӕттӕй йӕхицӕн ныхдуртӕ никуы арӕзта. Тыхджын адӕймаг ӕмӕ стыр поэтӕн куыд ӕмбӕлы, афтӕ архайдта, цӕмӕй сӕ ма хатыдаид. Дон йӕ ауӕзты уӕлӕ куыд акӕлы, афтӕ-иу ахызт сӕ сӕрты. Йӕ нысан – цард аивадононӕй, алыварсонӕй ӕвдисгӕйӕ, стыр, рухс фидӕнмӕ цӕуын уыдис. Ӕмӕ йӕм цыд. Цыдис ӕм, стыр адӕймагӕн куыд ӕмбӕлы, афтӕ. Никӕцы дамтӕ ӕмӕ думтӕ, никӕцы ныхдуртӕ йӕ урӕдтой. Йӕ ас, йӕ физикон тыхӕй, – кӕд ныллӕг ӕмӕ ӕдых нӕ уыдис, уӕддӕр, – йӕ удвидар бирӕ фылдӕр уыдис.

Йӕ уыцы фӕндвидар цыд йӕ хъару, йӕ уды рӕстдзинад ӕмӕ курдиатӕй. Уыдон кӕмӕ уой, уымӕн цыфӕнды фыдӕвзарӕнты дӕр ӕгады сӕфтӕй тас нӕу.

Ӕмӕ Исидормӕ тыхджынӕй уыдысты.

Цас адӕм фӕхӕрынц сӕ былты цъӕрттӕ зондджын ӕмӕ амондджын ныййарӕг уӕвынмӕ! Фӕлӕ уыцы хъуыддаджы бӕллын цъус у. Дон ӕмӕ кӕстӕрӕн фӕндаг рагагъоммӕ фӕхъӕуы амонын. Исидоры ӕмдзӕвгӕйы лирикон хъайтар йӕ кӕстӕрӕн йӕ райгуырӕн бон афтӕ уымӕн кувы, зӕгъгӕ, ныр фаг у дӕ номыл гаджидаутӕ уадзынӕн – мӕ хӕрӕфырты гуырӕн бонӕн мӕ ракувын кӕн.

Цы у уый? Ома, хъӕбулӕй хъӕбулы хъӕбул адджындӕр кӕй у, уыцы ӕмбисонд? Нӕ, ахӕм надвӕдыл цӕуын нӕ уарзта Иссӕ. Хъуамӕ адӕймаг йӕ амонд ара рӕстӕгыл. Алкӕмӕн дӕр афоныл ӕххӕстгӕнгӕ у, царды йыл цы иуыл стырдӕр хӕс ис, уый – фылдӕр кӕна йӕ туг, йе стӕг. Алы иронмӕ дӕр йе ‘вӕллайгӕ сидт сусӕг-ӕргомӕй аивады хуызы уый уыдис.

Уӕдӕ, ӕмбал ссаргӕ кӕм у, уым Исидор йе знӕгты ӕхсӕн дӕр агуырдта ӕмӕ ардта, йӕхиуыл ӕмӕ Ирыстоныл иузӕрдыг ӕмӕ ӕнувыд чи уыдис, ахӕм ӕрдхӕрдтӕ.

Æниу, «йæхиуыл æмæ Ирыстоныл» цæмæн зæгъын, Исидор æнæ Ирыстон йæхи нымайгæ дæр куы никуы кодта?

Йæ фыдæлты уæзгуытæ бонцау нæ, афæдзцаутæй нымад чи нæ фæуыдзæнис, уымæн йæ бон нæ бауыдзæн, йæ райгуырæн къуым уырзæйыйас кæмæн у, уый сагъæс æххæстæй бамбарын. Бинонтæ æппæты кæстæры, цæсты гагуыйау, куыд фæхъахъхъæнынц, йæ Райгуырæн бæстæ боны бонцауæй чи бары, уыдон дæр ын афтæ фæтæрсынц, авгау, æрхауынæй. Фыдæлты зæхх сын мад дæр басгуыхы, хъæбулы бæсты дæр сын вæййы.

Æмæ та нæм иугæр Исидоры тыххæй ныхас кæнгæйæ, Фыдыбæстæйы кой æрхаудта, уæд нæ хъуыды фергомдæр кæнæм.

Нæ поэтæн йæ фыццаг аивадон уацмысты фергом, йæ райгуырæн Ирыстоны цæрайæ кæй цæры, кæй йыл тайы æмæ æруайы, уый. Фыдыбæстæ йын уыдис æвæджиаг. Нæ йыл æфсæст зарынæй. Ирыстон рæсугъдæй, сæрыстырæй, æппæтхъомæй уыдис йæ былалгъыл, йæ хъуыдыйы, йæ уды. Уыдта æмæ йæ æвдыста алыварсонæй. Ныв æй кодта, йæхи удæй йæ фылдæр уарзта, афтæмæй. Йæхи удæй фылдæр, фæлæ цахæм уарзтæй!

Йæ амæлæты размæ сæрыстырæй фыста: «Мæ фæндаджы райдайæн ирон хъæдæрмæгæй, ирон къухæй арæзт авдæнæй æмæ Ирыстоны зæххæй кæй байдыдта, уымæй мердæм фæкъул цард. Мæ фæндаджы кæрон дæр Ирыстоны зæххы, нæхи уæлмæрды, Хъорнисы кæй фæуыдзæн, уымæй дæр мердæм фæкъул цард».

Цас бæллиццаг у, адæймаг йе 'нусон дунемæ кæй фæцæуы, уый. Иссæ, йæ фыдæлты уæзæджы сыджыты хайыл тагъддæр кæй бафтдзæнис, ууыл дæр цин кодта. Æмæ, уæдæ, йæ зарæджы сæр куыннæ уыдаид Ирыстон?!

Æрмæстдæр Исидоры хуызæн поэт ныффысдзæнис ахæм хъарм, зæрдæйы уидæгтыл æмбæлæг рæнхъытæ:

*Нæ Иры уалдзæг дидинæг куы уаин,*
*Уæд хæхтыл æз бæрзонддæр ран æрзаин,*
*Цæмæй рæудымгæ м 'алывæрсты кафа,*
*Хæсса хæрздæф, Ирыстон æй улæфа.*

*Сæрдыгон та къæвдайы ‘ртах куы уаин,*
*Æрвылизæр нæ быдыртыл куы уарин,*
*Цъæх нартхæрттæ, нæрст мæнæутæн сæ дойны*
*Куы ныссæдтин æмбойны.*

*Фæззæг та – дыргъ, уæд бæлæстæй æртасин,*
*Нæ бахъæуид мæ ратонынæн асин.*
*Зымæг та-иу ыстъалыйау куы ‘рттивин,*
*Цырагъдарæй Ирыстоныл фæзилин.*

*Фæлæ сындз къутæр æз зæххыл куы уаин,*
*Æрмæстдæр уæд Ирыстоны нæ заин.*
(«Ам алцы дæр куы уаин»)

Ацы æмдзæвгæ йе ‘взонджы бонты фыст у. Йæ нуар куы сфидар, уæд æй куы ранывæстаид, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, поэтикон æгъдауæй тыхджындæр уаид. Фæлæ сæраг уый нæ, фæлæ йæ Фыдыбæстæйыл уыцы зæрдæйы уаг кæй никуы сивта, уый у. Ноджы йын уыцы зæрдæйы уаг кодта тыхджынæй-тыхджындæр, сатæгæй-сатæгдæр. Ирыстон ын уыдис дунейы цæст. Ирыстон æй уыдта æнæхъæн дуне.

Æмæ ноджыдæр иу фарст: Исидорæн йæ цардбонтæ йæ раттæгæй кадавар куы уыдысты, уæд ын уыйбæрц хорздзинæдтæ – хъулон хъæбул, уарзон æмкъай, зондамонæг фыд, æнувыд æмбал, курдиатджын поэт, хæларзæрдæ адæймаг, Фыдыбæстæйы фæдисон æмæ бирæ, бирæ æндæр хорздзинæдтæ куыд бауарзта Хуыцауы цæст?

Царды æнæнхъæлæджы ницы вæййы. Нæ уыдысты уыдон дæр æнæнхъæлæджы. Ахæм удыхъæдимæ райгуырд.

Йæ амæлæты бон йæ бирæ хиуæттæ, æрдхæрдтæ, зонгæтæ, чиныгкæсджыты зæрдæтæ нызмæлын кодта уидагмæ. Мæскуыйы рынчындоны йæ маст куы сисын кодта, уæд хъазгæйæ æрæрвыста – ныр æнæ мастæй цæрдзынæн, зæгъгæ, фæлæ нын мастау маст уæд скодта. Кæмдæр йæ дадзинты туджы æртах ацахстис æмæ… ныуурæдта зæрдæйы куыст.

Чи ма нæ цы акодтаид, уый нал зыдтам. Нæ бон йæ раздахын нал уыди æмæ нæ маст калд нæ цæссыгимæ.

Мæрддзыгой адæм зæххæн уæз кодтой. Поэт сын аивадæй цы балæггад кодта, уый йын фыстой цæссыгæй.

Фæлæ диссаг уый нæу. Диссаг, уыдæттæ Иссæ развæлгъау йæхæдæг, фыны фенæгау, кæй зыдта, уый у:

*Цы гæнæн ис? – цæссыгтимæ цæуын,*
*Æз цардмæ дæр цæссыгтимæ фæзындтæн…*

*Фæлæ нæ кæнын ницæуыл фæсмон,*
*Хъæрзынтæ æмæ хъаст кæнын нæ уарзын.*
*Фæстæмæ та нæ Ирыстон – хæстхъом, –*
*Фыдыуæзæг æгуыдзæгæй нæ уадзын…*

*Аланыстон зæхх – хуры ‘хсæн ныззылд,*
*Йæ бæлццон дæр, йæ фæдисон, йæ барæг,*
*Нæ йыл фæдæн тæргæ бæхыл дæр цыд.*
*Нæ айхъуысти йæ кæронмæ мæ зарæг…*

*Æмæ зæгъынц, чысыл, дам у, æмпылд,*
*Йæ иу тигъæй хъæр иннæмæ фæхъуысы.*
*Фæлæ уынут, цæйбæрц адæм æрцыд,*
*Сæ цæстысыгæй къадатæ æккуырсы…*
(«Хъуыдытæ иунæгæй»)

Исидор æрдзæй рахаста иу стыр æвæджиауы хорзæх – йæ райгуырæн уæзæг, нæ фыдæлты зæхх æгæрон уарзтæй уарзын, йæ рисæй риссын, йæ цинæй цин кæнын, æмæ йын æппæт йе ‘ннæ хорздзинæдты дæр йæ алыварс тыхта уыцы æгæрон æнкъарæн. Уымæн æмæ, йæхæдæг цæйау дзырдта:

*Нæ арæзтон мæхи номы цытæн*
*Æз мисхал дæр, аслам цыт мæ нæ хъæуы.*
*Ирыстонæн уырдыглæууæг цыдтæн…*
(«Ыскæнут мын нæ хæхтæм ме ‘ргом»)

«Сындз къутæр» уæвгæйæ йæ райгуырæн уæзæгыл чи никуы æрзайдзæнис, цæмæй йæ Ирыстоны ма ныхса, æнæ йæ раттæг адæм дуне къахыр кæмæн у, йæ ингæнæй йæ райгуырæн къуым фæцæрдхъом кæнынмæ чи хъавы, уый æнæмæнг хъуамæ уыдаид ахæм. Уыимæ хæд-зонд, хæдæф-

сарм æмæ бонзонгæ. Йæхицæн æй фагæй фылдæр нæ хъуыдис, искæмæн – бирæ. Стæй йæ уыцы фæндиаг, исчи дзы хорз загътаид, уый охыл нæ арæзта. Æрдзон æгъдау æй йæм цыдис, фидаугæ дæр ыл уый тыххæй кодта.

Исидор уыдис ахæм.

## ИСИДОРЫ МЫСГÆЙÆ

*Ныр дæхи зынгæй æхсид, арв, –*
*Ракалдтæ, æмæ кæуыл? –*
*Судзгæ раппæрстай æхсидав…*
*Ох-хай, Иссæ, сæмбæлдис дæуыл.*

*Сæмбæлдис дыл сæрды тарфы,*
*Мигъы къæм куынæ уал зындис, уæд.*
*Ацыд судзгæ риуы арфы,*
*Арвы цæф бæрзонд хох исы кæд.*

*Сæмбæлдис дыл уис хæсгæйæ*
*Буррихи быдыры зад,*
*Не 'рхаудтай уæддæр хъæрзгæйæ –*
*У лæгæй амæлын кад.*

*Сæмбæлдис дыл карды бын лæугæйæ,*
*Тæсæй сау низ дæр куыдта.*
*Тар мæрдырохмæ цæугæйæ,*
*«Цæр, мæ Ир!» – дзырдтай ды та.*

*Ныр дæхи зынгæй æрттив, арв, –*
*Ракалдтæ, æмæ кæуыл? –*
*Судзгæ раппæрстай æхсидав…*
*Ох-х, Ирыстон,*
*Сæмбæлд та дæуыл.*

1989–2005

## 2. ХÆДХУЫЗ ÆМÆ ХÆДБЫНДУР

*Хъынцъымгæнгæ зæгъыс: цы стæм? –*
*Чысыл æмæ æнæбон.*
*Æдæппæт – армыдзаг, ыстæй*
*Дзыллæты 'хсæн – æнæном.*
*………………………………*
*Дунейы стыр цинтау – нæ цин,*
*Фæлæ йыл ма кæн хахуыр.*
*Зæххыл куынæ цæриккой Ир,*
*Уæд дуне уаид къахыр.*

Ацы дзырдтæ æрмæстдæр зæгъдзæнис, Иры уарзт, йæ Фыдыбæстæйы уарзт йæ зæрдæйы арф уидæгтæ кæмæн ауадза, ахæм. Козаты Исидор та у ахæм поэт. Йæ радтæг зæхмæ йæ зæрдæйы уыцы ахаст, ома йæ дзырдты уаздæртæ æмæ зæгъинæгты хъаймагдæртæ йæ райгуырæн уæзæгимæ кæй фæбæтты, уый йе сфæлдыстады сырх æндахау, зыны суанг фæндзайæм азтæй фæстæмæ, ирон аив литературæмæ фыццаг фидар кахдзæфтæ куы 'рбакодта, уæдæй фæстæмæ.

Уыцы хъуыддаг уæлдай æхсызгондæр уымæн у, æмæ адæмæн сæ райгуырæн бæстæ хъуамæ уарзын кæна, йæхæдæг æм былысчъилæй чи нæ кæсы, фæлæ йæ зæрдæйы цавд йæ радтæг уæзæджы тугдадзинты цавдимæ кæмæн иу кæны, Фыдыбæстæм, дунемæ, стæй æмткæй цардмæ йæхи, æндæр искæй цæстæнгасимæ кæй нæ фæивддзаг кæнай, уыцы ахаст кæмæн ис, ахæм адæймаг. Стæй ахæм фыссæг!

Исидор у ахæм.

Уый цард уыны æмæ æвдисы йæхирдыгонау, ис ын йæхи «Æз», æмæ йæ уадзы уыцы джиппы.

Фыссæджы цард алы хатт дæр хорз цæвиттон хъуамæ уа адæмæн, фæлæ йе 'мсисонтæн бафæзминаг вæййы, хуымæтæджы адæймаджы цæст кæй не 'взары, йæ хъус кæй нæ ахсы, уыцы цаутæ æмæ фæзындтытæм уый поэтикон уд цас бæрцæй фестъæлфы, уымæй. Уыдон та Исидоры зæрдæйы куыд зынынц, Фыдыбæстæйы уарзт дзы цы стыр бынат скодта, уый бæрæг у, ирон, гуырдзиаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл кæй рауагъта, йе 'мдзæвгæтæ æмæ поэмæты уыцы дæс

æмбырдгондæй, уæлдайдæр чингуытæ «Мæ зарæг – Ирыстон», «Сæрдыгон равг», «Æгъуыссæджы сагъæстæ»-йы.

Фæлæ уый – йæ поэтикон æмбырдгæндты.

Нæ чиныгкæсæг æй нырмæ зыдта, куыд поэт, афтæ. Ныр та йæ базондзæнис ног жанры, прозæйы жанры.

Æниу, Козайы фырты сфæлдыстадмæ йæ хъус чи дары, уый йын фæстаг азты журнал «Фидиуæджы» хицæн æмæ хицæн номырты æнæфембæлгæ нæ фæуыдаид йæ радзырдтæ æмæ уацаутыл. Лæмбынæг сæм чи каст, уый рахатыдаид, Исидор поэзийы йæ дзуринæгтæ, стæй уым рæстæг æмæ адæмы раз цы бæрн æнкъары, уый прозæмæ дæр кæй рахаста йемæ, æрмæст уæрæхдæрæй, алыварсондæрæй. Уыимæ ацы жанры дæр искæй, мыййаг, нæ фæзмы, фæлæ у йæхи хуызæн.

Мæ хъуыдыйæн æвдисæн – йæ публицистон уацау «Къонайы стъæлфæнтæ».

Ацы уацауы йæ къонайы арт, йæ райгуырæн Хъорнисы ивгъуыд æмæ абоныл афтæ уарзгæ, афтæ сагъæсгæнгæ фæдзуры, æмæ кæд бирæ хатт уацмысы цыд хъыгдаргæ дæр фæкæнынц, уæддæр æй фæфæнды йæ хъæубæсты алы къуылдым, алы зайæгхал, алы удгоймаджы тыххæй дæр бæстон куы зæгъид. Сæ равдисынæн та сын фылдæр хатт ссары, зæрдæ кæмæй фестъæлфы, ахæм дзырдтæ: «Æниу, цы мад нæ уарзы, æмæ йын йæ цæсты раз йæ хъæбулæй æппæлой! Дыргъдоны дæр дзы Дзыццайæн алкæй номыл хицæн бæлас ис. Уый Агуыбейы æнгуз у… Уый Исидоры кæрдо… Миридайы фæткъуы… Зауыры бал… Хазбийы сæнæфсир… Петъройы сасело. Æмæ сæм бавналæн нæй. Сæ дыргъ дæр алкæмæн – йæхи. Хъæбултæй йæ зæрдыл чи æрлæууы, уый бæласы бынмæ йæхи айсы æмæ фæбады».

Æвæццæгæн, ахæм дзырдтæ мадæй хуыздæр никæуыл сфидаудзысты.

Кæнæ радзырд «Сæуæхсиды размæ»-йы хæсты дуджы ирон лæппу Джигит уæззау цæфæй, сæ тых кæмæн басаст, уыцы æвзонг саби æмæ мадимæ куы баззад, æхсæвы саби уазалы куы стыхст, уыцы дзæгъæл быдыры та лæг куыдзцæвæн къæцæл куынæ ссардтаид, уæддæр нæ фæтыхст: «Йæ лæдзгуытæм та куыд фæцæйæвнæлдта, афтæ йæ сæры

цыдæр хъуыды фæмидæг. Фæстæмæ йæхи æруагъта. Йæ фæндон арабар-бабар кодта. Хъæмпын арты дыдзы рухсмæ дæр бæрæгæй зынд йæ фæлурс æмæ фæлмаст цæсгом. Лæдзæг йæ уæрагмæ фæцарæзта. Йæ дыууæ кæроныл ын æрбахæцыд æмæ йæ къæрцц фæцыд. Йæ саджилтæ йын фæхæцын кодта. Дуарæй йæ дуармæ лыстæгдæр цъæлтæ æрбакодта æмæ сæ хъавгæ артыл авæрдта. Хус къæцæлтæ ссыгъдысты. Арт чысылтæ æндавын райдыдта…»

Ахæм нысаныл æмбæлæг хицæн бынæттæ цъус нæй чиныджы.

Раппæлинаг у, Исидорæн йæ хъайтартæ æрвылхатт дæр кæй вæййынц цардбæллон, ныфсхаст, хъаруджын.

Уыцы миниуджытæ се ‘ппæт дзурæг сты, ирон прозæмæ ноджы дæр кæй æрбацæуудзæнис хæдхуыз æмæ хæдбындур прозаик Козаты Исидор.

Исидоры прозæйы сæйраг хорздзинад уый у, æмæ дзы иумæйагæй цурон, сайæн ныхас кæй нæ кæны, чиныгкæсæг ын йæ дзырды рæстдзинадыл кæй æууæнды. Уый та уымæн афтæ у, æмæ уыцы дзырдтæ рахъарынц йæ зæрдæйы уарзт æмæ сагъæсæй, йæ мидхъуырдухæнтæй æмæ, йæхæдæг куыд фыссы, «Зæххыл куынæ цæриккой Ир, Уæд дуне уаид къахыр!» – афтæ зæгъæн ис, æнæ Исидоры сфæлдыстад нæ литературæ кæй уаид къахыр.

1984-æм аз,
тæргæйтты мæйы 28-æм бон.

## ЦЪÆХ УАЛДЗÆДЖЫ ЗАРÆГ

*Æз сылгоймаг – цардаразæг фарн дæн,*
*Кувут, лæгтæ, иууылдæр мæнæн.*
*Æз бæллиц дæн, дидинæджы тау дæн,*
*Æз цъæх уалдзæг, цины зарæг дæн.*

I

Ацы, зæрдæйы арфæй рацæуæг дзырдтæ йæ бон у, æмæ зæгъа, сылгоймаг – æцæг бæллиц, дидинæг кæуыл æрзайы, ахæм тау кæй у, цъæх уалдзæджы цъæх цæстытæй нæм чи фæкæсы, æмæ нын нæ зæрдætæ цины зарджытæй чи бахъарм кæны, уый чи зоны, ахæм адæймаг.

Хостыхъоты Зинæ уыдис ахæм адæймаг æмæ ахæм поэт.

Хъусæггагæй, мыййаг, нæ хатыд, сылгоймаг нæлгоймаджы, стæй царды æфсарм кæй у, лæгау-лæджы къухы нуазæнау кæй фидауы, хæдзары бæркадыл бæркад кæй æфтауы, нæлыстæгимæ æмдзу кæнгæйæ, йын йæ тохы монц кæй сабыр кæны, афтæмæй йæ раттæг дæр кæй у, йе стыр мæт дæр, йæ хур дæр, æнæ уый йын цард ад кæй нæ кæны, сæр куы бахъæуы, уæд йæ къухы кард дæр кæй фесты. Поэты лирикон хъайтар-сылгоймаг, йæ туг, йе стæг барджынæй уымæн зæгъы:

*Æз æфсарм дæн, нуазæн дæн уæ къухы.*
*Æз – хæдзары минбæркады фынг.*
*Æз æдзухдæр – уе 'мдзу царды дугъы,*
*Фарн – мæ дзырд, ныххуыссын кæны зынг.*

*Сисут, лæгтæ, бануазут мæ кадæн,*
*Æз уæ раттæг, уе стыр мæт, уæ хур.*

*Æз уæ къухы бахъуаджы бон кард дæн,*
*Æз – уæ фидæн, уе 'нхъæлцау бындур[*]*

Сылгоймаджы тыххæй нæ поэзийы бирæ рæсугъд, рæстаг, стæй æппæлæн, æгæрыстæмæй, æлхыскъгæнæн æмæ рæнтъузæн дзырдтæ дæр цъус нæ уыдис загъд.

Уæддæр сылгоймагæн йæхи удæй ратæдзгæ зырнæйзылд дзырдты, рæнхъыты, хъуыдыйæдты бæрзæндмæ не схæццæ сты. Æмдзæвгæ æхсайæм азты рухсмæ йæ фæзындæй фæстæмæ адæмæн уарзон уымæн фæци.

Поэт, сылгоймаг уæвгæйæ, сылгоймагæн йæхи номæй радзурын кæны йæ уды сæйраг æмæ бæллиццаг миниуджытæ, нæлгоймагæн æрмæст царды æмбæлццон кæй нæу, фæлæ ма царддæттæг, стæй цардаразæг æмæ дарддæргæнæг дæр, æппæт уыдæттæ. Æмæ уацмыс йæ афыст æмæ йæ рæстдзинадæй бакъуыры чиныгкæсæджы зæрдæ.

Сылгоймаг сылгоймаджы ном хъуамæ хæсса. Хъуамæ рисса, цин кæна дунеимæ. Фæлæ йæхæдæг адæммæ дæр, æрдзмæ дæр, цардмæ дæр цы ахаст дары, йæ уд алкæуыл æмæ алцæуыл куыд фæтайы, йæхимæ йын уыцы ахаст куынæ фæдарынц, куы сæ айрох вæййы, уæд фехæлы царды гармони; кæмæндæрты, стæй æмткæй фесты игæрылныхæст масты дзæкъулы хуызæн.

Хъобангомы хъалтæ сæ хуыздæр Чермены куы байсæфтой, уæд уыимæ бирæты, уыцы нымæцы сæхицæй дæр, цъусы цард нæ байхæлд, фæлæ йæ уарзт Азау – «О, ацы хъалтæ бабын кодтой мæн», – бынтон хъизæмайраг фæци. Чермены агурæг зилы дургомыг къæдзæхтыл. «Куы фесты дуне уалдзæджы тæмæн, Куы хъуысы зарын Хъобаны гæмæхтæй» – уæд уый афтæ фенхъæлы, Чермен та æлдæртты зæххыты дзæбæхтæ хуым кæны. «Куы фены искуы цуаноны фæдтæ» – уæд сæ Чермены къахвæдтæ фенхъæлы, æмæ сыл ссудзы йæ «уаз чызгон зæрдæ», цæмæй йæ «фæндаг рухсдæр кæна хъæды». Рох мæсгуытæм лæгъстæгæнгæйæ дзуры, цæмæй хъæбатыр Чермены

---

[*] Хостыхъоты Зинæ. Сæууон æртæх. – Цхинвал, Ирыстон, 1967-æм аз, 46-æм фарс.

бахизой йæ фыдгултæй. «Йæ бæлццоны хæрзамонды фæндæгтæн» ын фæкувы зоныгуылæй, цæмæй йын хызт уа гадзрахаты мæлæтæй.

*Куы кæлы бонмæ дард рудзынгæй рухс,*
*Куы кæсы чидæр гом дуарæй æнхъæлмæ,*
*Уæд фервитын æгъуыссæг æхæв æз, –*
*Мæ сæфт Чермен фæзындзæны æнхъæлæй.*

*Кæдмæ цæрон дæу агурæг, Чермен! –*
*Мæ тæригъæд куынæ уромы зæхх дæр.*
*Дæ ныфс хъæуы, дæ уарзон æнгас мæн...*
*Кæдæм фæцыдтæ Хъобаны къæдзæхтыл?**
(«Азауы монолог»)

Алы хъизæмæрттæ, дудгæбæттæ æмæ тæригъæдтæ æппынфæстаг зæхх уæддæр бауромы. Нæ сæ бауромы уд. Уæлдайдæр, сылгоймаджы æнкъараг, риссаг уд.

Свæййы цард хъизæмайраг. Уæлеон зæхх ын фесты зындон. Нал æй хуры тынтæ фæтавынц, нал æм мæй фæкæсы.

Сылгоймаджы хъысмæт уымæн сси Зинæйы сæйраг дзуринаг. Дзуринаг дæр ын куыннæ уыдаид:

*Историйы дæрзæг риуыл*
*Маринæйы цæссыгтæ,*
*Йæ фæндæгты хъæрзгæ ниуын,*
*Йæ сусæг рыст, йæ хъыгтæ.*

*Йæ рæстæг ын цы ныббаста?! –*
*Уæзæгæй дзæгъæл, азым,*
*Æндæр бæстæйæ хи бæстæм*
*Тæхудытæ, дзыназын.***
(«Маринæ Цветаевайæн»)

---

* Хостыхъота Зинæ. Табуйаг, Дзæуджыхъæу, Ир, 1998, 26-æм фарс.

* * Уый дæр уым. 53-æм фарс.

«Æндæр бæстæй хи бæстæм» кæй дзынæзта, йæ фæндæгтæ уымæн хъæрзыдтой. Йæ фыдызæхх ын фыды ус кæй фестад, æнæазымæй йæ азымджын кæй кодта, уый йæ маардта удхарæй, фæлæ уæддæр уыи уыдис йæ ныфс, фæсвæд дæр ыл «йæ зарæджы уд тади», æмæ Уæрæсейæн йæ «аргъуан уыд Маринæйы «зæрдæйы æуyyæнчы», афтæмæй, – дзыназы Зинæ, – «… кæй сау цæсгомыл ис йæ мæлæт та, йæ мæлæт?!»

Фæлæ поэт рæстæджы фыдæвзарæнтæн сæттын кæй нæ куымдта, йе ‘мдзæвгæтæ «гуымыдза сау фæндæй» кæд «рæхысбастæй æрдаудтой», уæддæр «Хуыцауæн дæр къæрттæй цъула нæ хаудтой». Уый тыххæй ныр:

*Маринæйы æмдзæвгæтæ –*
*Гыццылмур прометейтæ,*
*Зынгхæссæг гуырдтæ зæрдæтæн,*
*Нæ удтыл рухсæфтауæг.*
………………………………..
*Сæ игæртыл сын сагъуыди*
*Уæд тугдзых уари–рæстæг,*
*Бæрзонд къæдзæхтыл ауагъдæй*
*Фæфæрæзтой сæ рыстæн.*

Се ‘нæбасæттондзинады ис абон се ‘нтыст, «гыццылмур прометейтæ», «зынгхæссæг прометейтæ» уымæн сты.

Цæмæй адæймаг йæ нысанмæ цæуа цыфæнды удхæрттæ æвзаргæйæ дæр, уый тыххæй зондæй уа, хъаруйæ, æххæст куынæ уай, дæ бон зынтæн быхсын куынæ уа, уæд дæ къухы æнтыст нæ бафтдзæнис, дæ адæмæн лæггад кæнын нæ бауыдзæнис дæ бон.

Уый хорз зыдта Зинæ.

Кæд дзургæ афтæ кодта, зæгъгæ, «Æз рагон Иры хъарæггæнæг ус дæн, Æмæ æрцыдтæн зарынмæ ныр та», – уæддæр ын æнæзындгонд нæ уыд, знæт дунемæ кæй райгуырд йæ зæрдæ, «Нырма рæстдзинад туджы аргъ у ам. Хур тавы ‘мхуызон хорзы æмæ’взæры. Нырма цæрынц лæгсырд æмæ хæрам»* («Мæ зæрдæ»).

---

* Хостыхъоты Зинæ. Æрвгъуыз сагъæстæ. – Цхинвал, 1970, 20-æм фарс.

Уыдон ныхмæ тох кæнынæн хуымæтæг сылгоймаджы зонд æмæ тых фаг кæй не сты, уый Зинæйæн зындгонд уыд. Йæхи зонд æмæ хъаруимæ йæ фæндыд иууыл зонджындæр æмæ тыхджындæр сылгоймагæй спайда кæнын, ирон фольклорон хъайтармæ уый тыххæй сиды æххуысмæ:

24* Хъазиты Мелитон

*О Сатана, сылгоймæгты бардуаг,*
*Цæй-ма ратт мын де стыр зонд, дæ ныфс, –*
*Уа цæмæй мæ дзыхы ныхас кардау,*
*Иры лæгтæн тохы бон æххуыс.**
(«О Сатана, сылгоймæгты бардуаг»)

Фæлæ, сылгоймаджы ном дæлдзиныг чи фæкæны, уыцы нæлгоймæгтæм æгъатыр у. Былысчъилтæй сылгоймаджы тыххæй æдзух æмбисæндтæ чи фæхæссы, зæгъгæ, «æрмæст æм бахуд», æмæ рафтауы йæ рæхыс. Æмæ йæ уд дæр бакæны нæ бар, – чи æппæлы йæхицæй, уыдон ын æнæуынон сты, сылгоймаджы, уæлдайдæр, æцæг сылгоймаджы удыхъæд кæй нæ фæзонынц, афтæмæй сæ ныййарæг мадтыл дæр цъыф кæй фæкалынц, уый тыххæй.

Афтæ чи зæгъы, зæгъгæ, сылгоймагæн «цæй уарзт æмæ цæй цыдæр», зынты «æнæрæвдыд нæ фæразы æппындæр», ууыл уымæн ныххуырсы:

*Цы дзурыс уый, дæ бындар уай, дæ бындар!*
*Дæ фæндаг уыд, æвæццæгæн, сылтыл,*

*Æмæ дæ ферох уаздæр дзырд – сылгоймаг,*
*Æмæ дæ ферох кадджындæр ном – мад.*
*Нæ зоныс, нæ, хæрз æвзонгæй дæ коймаг*
*Салдаты ‘рцыдмæ фондз азы куыд цард:*

*Йæ хид йæ рустыл уади бон-изæрмæ,*
*Фæндагау йе ‘рмттæ сæвæрдтой уæзæг,*
*Уæддæр нæ хаста ‘нкъард кæнын йæ сæрмæ,*
*Уæддæр нæ уыдис йе сныхас дæрзæг.***

---

* Хостыхъоты Зинæ. Сæууон æртæх. – Цхинвал, 1967, 7-æм фарс.

* * Уый дæр уым, 84-æм фарс.

(«Æргом ныхас»)

Поэт æвзæрдзинадæн, фыддзинадæн хъуамæ фæраза йæ ных ныццæвын.

Зинæ æххæст уыд сылгоймаджы рæсугъддзинад æмæ æнкъараг зæрдæйæ. Уыдис æм нæлгоймагау, йæ фæнд кæронмæ акæныны хъару. Уыдон йæ мады дзидзийы хъуырттимæ ахъардтой йе уæнгты.

«Сылгоймæгты бардуаг» Сатанайы зонд, рæсугъддзинад æмæ удыхъæдæй нæ сомыгæнæн Абайты Васо дæр барызт: «Если бы нас спросили, что в нартовском эпосе самое замечательное, мы ответили бы, не задумываясь: Образ Сатаны. Тщетно искали бы мы в каком-либо ином эпосе женский образ такой мощи, такого значения, такого размаха, такой жизненности, как нартовская Сатана. Во многих эпосах женщинам отведена очень большая роль. Но при всем том, они остаются, в большинстве, носительницами чисто женского или семейного начала, чем, в конечном счете определяется сфера их активности. Поэтому в других эпосах одну героиню можно легко заменить другой без ущерба для психологической и художественной правды. Нартовскую же Сатану никогда и никем заменить невозможно, ровно как нельзя ее удалить из эпоса без того, чтобы не ощутить сияющую пустоту.

Сфера ее активности – не узкий круг любовных и семейных отношений, а вся жизнь народа в целом».*

Æмæ, уæдæ, поэты зæрдæ æххуысагур йæхи куыннæ хъуамæ æппæрстаид ахæм æппæтхъом хъайтармæ.

Уый йæ лæмæгъыл дзурæг нæу. Поэтæн æмбæлы алкæй æмæ алцæй тыххæй йæхи хæсджыныл нымайын. Ноджы, табу кæмæн кæны, уыдон бæрзонд æвæрын. Зинæ сылгоймæгты бардуаг Сатанамæ зонд æмæ ныфсæнхъæл уый тыххæй цæуы.

---

* В.И. Абаев. Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982, 21-æм фарс.

## II

Хостыхъоты Ахмæты чызг Зинæ райгуырд 1937- æм азы цыппурсы мæйы фæуды, Ног азы къæсæрыл, 31-æм бон Ирыстоны цæгат хайы Хъæдгæроны хъæуы. Æвæццæгæн, уымæн фыста:

*Ацы ногазон изæрмæ*
*Æз цæрæнбонты куывтон,*
*Ацы амонды къæсæрмæ*
*Дардæй мигъвæлмы цыдтæн.**
(«Ног боны сæнттæ»)

Йæ фыццаг æмдзæвгæ рухс федта, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд – 1954-æм азы.

1955-æм азы йæ райгуырæн хъæуы каст фæци астæуккаг скъола , æмæ ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы М. Горькийы номыл Литературон институтмæ. Уым райхæлд йæ курдиат. Уым рабæрæг, Зинæйы хъысмæт цæрæнбонтæм кæй у баст поэзиимæ.

Йе ‘мдзæвгæтæ ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл периодикон мыхуыры арæхæй-арæхдæр уымæн уыдтой рухс. Йæхæдæг дæр ахуыры фæстæ куыста уым: фыццаг газет «Рæстдзинад»-ы, стæй журналтæ «Фидиуæг», «Мах дуг», телеуынынады редакциты. Куыста фæстаг боны онг.

Йæ фыццаг чиныг «Мæ рудзынгæй кæсы сæуæхсид» уырыссаг æвзагыл ныммыхуыр. Рухс федта 1962-æм азы Мæскуыйы рауагъдад «Молодая гвардия»-йы.

Ирд курдиаты хицау, Ирыстоны фидæны зынгæ поэт – афтæ йæ базыдтой нæ поэзиуарзджытæ. Æмæ нæ фæрæдыдысты.

Ирон æвзагыл йæ фыццаг чиныг «Сæууон æртæх»-ы (Цхинвал, рауагъдад «Ирыстон», 1967) разныхасы кæсæм: «Поэтессæйы сфæлдыстады сæйраг у уарзты темæ: аивадон амæлттæй æвдисы уарзты æнкъарæнтæ, адæймаджы

* Хостыхъоты Зинæ. Æмæ цагъта дзæнгæрджытæ уалдзæг. – Дзæуджыхъæу, Ир, 1981, 30-æм фарс.

моралон удыхъæд, зæронд фауинаг æмæ ног фæзминаг æгъдæуттæ.

Æрыгон ирон курдиатджын поэтессæ йе 'мдзæвгæты зары хæлардзинадыл, куыстыл, райгуырæн Ирыстоныл. Йæ уацмысты æргом цæуынц æвзонг фæлтæры фæндтæ æмæ тырнындзинæдтæ».

Уыдонмæ ма ноджыдæр бафтыдта йæ зæрдæйы уарзт тыхджынæй æмæ алыварсонæй, афтæмæй сыл йæ царды кæронмæ никуы систа йæ къух. Цыдысты йын иу чиныгæй иннæмæ.

Чингуытæ та цъус нæ рауагъта: «Æрвгъуыз сагъæстæ» (æмдзæвгæтæ), Цхинвал, 1971, «Уарзондзинады монолог» (æмдзæвгæтæ), Дзæуджыхъæу, 1975; «Песнь водопада» (æмдзæвгæтæ) Мæскуы, 1981; «Æмæ цагъта дзæнгæрджытæ уалдзæг» (æмдзæвгæтæ), Дзæуджыхъæу, 1981; «Уыцы чызджы писмотæ» (уацаутæ, радзырдтæ), Дзæуджыхъæу, 1984; «Мои авганские встречи» (фæндаггоны фыстытæ), Дзæуджыхъæу, 1988; «Сæуæхсиды зæлтæ» (æмдзæвгæтæ, поэмæтæ), Дзæуджыхъæу, 1988; «Æрвнæрыны размæ» (æмдзæвгæтæ), Дзæуджыхъæу, 1994.

Йæ амæлæты хæнт фæстæ йын 1998-æм азы рауагъдад «Ир» ныммыхуыр кодта йæ равзаргæ æмдзæвгæты æмбырдгонд «Табуйаг».

Алы чиныджы дæр сæ бæрæгæй зыны, Зинæ йæ раттæг къуымæй стыр дунемæ цы уарзт рахаста, табуйаг ын чи уыд, æмæ фæстаг уысмыййонг йæ зæрдæ кæуыл никуы сивта, уый.

## III

Адæймагмæ уарзт фыццаджы-фыццаг йæ ныййарджытæй фæцæуы. Йæ зæрдæйы уыцы æнкъарæн райдайæны иууыл тынгдæр уыдонмæ вæййы. Æмæ поэт йæ фыдæй афтид куы аззад, уæд йе 'нкъараг зæрдæйы йæ фыдмæ æргом кæнын райдыдта йæ уарзт. Йæ фыццаг чиныджы кæрæдзийы фæдыл уымæн зынынц йæ фыдыл фыст æмдзæвгæтæ.

Йæ зæрдыл æрлæууыдис, изæрыгæтты-иу хъазтæй рæс-

тæгыл куынæ фæзынд хæдзармæ, уæд-иу йæ фыд цæмæн цыд йæ размæ, цæмæн-иу кодта йæхинымæры загъд, уымæн ницы зыдта. Фыд та йæ æргом нæ дзырдта:

*Æз не 'мбæрстон цæуыл уыд дæ хъаугъа:*
*«Дæ чиныгмæ куыннæ 'ркæсыс уæддæр?»*
*Дæ мæт уыдис, цæмæй æлгъыстаг ма уа*
*Мæ фидæны дæ урс зачъе, дæ сæр.**

(«Мæ фыдмæ»)

Уыцы мысинæгтæ йæм цæуынц кæрæдзийы фæдыл, чиныджы сыфтæ фæлдахæгау:

*Куы хъуысы райсом цæлхыты къуырма хъæр,*
*Куы хъуысы дардæй хъæддзауы мынæг зард,*
*Фæзæгъын: хъæдмæ ацыдтæ 'мæ азæр*
*Уыдзæни махмæ фатхъæдæй чъырын арт.*

(«Бабайы мысын»)

Кæнæ:

*Æрцыд та сæрд. Кæрдо, зæгъай, хъæлæрдзы,*
*Æндæразау, дзæбæх æрзад нæ дыргъдон,*
*Ды йæм зылдтæ цæрæнбонты, ныр дын дзы*
*Зæрдæнизæн, – хæлар, баба, – куыд зæгъон!*

Бирæ аив æмдзæвгæтæ йыл ныффыста: «Ды нал дæ», «Дæ сагъд бæласыл хур йæ тынтæ луары», «Ахмæты чызг»… Ныффыста йыл æмдзæвгæты цикл «Дæ фарн».

Ныййарæджы уарзт хъæбулмæ куыд æгæрон у, ууыл дæр æм ис зæрдæзæгъгæ рæнхъытæ æмæ уацмыстæ. «Лæджы кар»-ы лирикон хъайтар адæмæй бирæты фæзмгæйæ хъуамæ йæ кæстæрæн кувид Хуыцаумæ, зæдтæ, дуæгтæм, цæмæй йын уа æнæмаст, æрвита йын хур бонтæ, рыст ма зона. Уый та, лæджы essмæ йын кæй фæцæуы, уый тыххæй йын амоны, лæджы кар уæззау кæй у, «фыццаг рихиты сау»

---

* Хостыхъоты Зинæ. Сæууон æртæхтæ. – Цхинвал, 1967, 19-æм фарс.

нырма «лæджы фарн нæу». «Лæджы фарн зæххы цард йæ уæхсджытыл уромы». Дунейы ныфс æмæ уарзт уый у, фæлæ дунейы стыр фыдтæ дæр, хъыгагæн, уыимæ баст сты. Уый тыххæй йын фæдзæхсы уарзæгой мады уарзаг зæрдæ:

*Мæ сонт хур, ма рацу гадзрахатæй дæ удыл,*
*Хуыздæрæн макуы райс мæнгард лæджы цæсгом,*
*Дæ зæрдæ сахуыр кæн ды сагъæс кæнын, дудын,*
*Дæ сусæг цæссыгтыл-иу макуы кæн фæсмон*.*

Уарзæгой мад зоны, йæ хъæбул царды хуыздæрæн куы иса мæнгард лæджы цæсгом, сагъæс цы у, уый куынæ зона, æрмæст йæхи уды кой куы кæна, уæд суыдзæнис лыскъзæрдæ адæймаг, æрмæст йæхи удыл нæ цæудзæнис гадзрахатæй, æрмæст йæ ныййарæгæн нæ уыдзæнис масты хос…

Кæд лирикон хъайтар комкоммæ нæ зæгъы, уæддæр дæлрæнхъæй бæрæг у, йæ хъæбулæн æй кæй фæнды, йæхæдæг ын йæ фыдæй куыд буц у, афтæ цæмæй уымæй дæр исчи уа райгонд æмæ сæрыстыр:

*Дæ зæрдæ сахуыр кæн йæ хъармæй тавын, хурау,*
*Æмæ дæ рухс цæстыты уалдзыгон бон хæсс,*
*Цæмæй кæйдæр цъæх чызг дæ ном мысгæйæ дзура:*
*Нæлгоймаг амонд у, нæлгоймаг цин у, ныфс.*

Афтæ фæнды мады. Афтæ хъуамæ уа. Æмæ зарæг куы гуыры, йæ чысыл хур сабыр куы хъуамæ уаид, уæд саби та мæсты кæны зарæгмæ.

Уымæн æмæ, йæ гыцци æрмæст хъуамæ уый уарза. Йæ чысыл къухтæй фырмæстæй гæххæттыты скъуыдтæ, урс бæлæттау, уымæн фæтæхынц. Йæ фырмæстæй кæугæ дæр уымæн ныккæны.

Æмæ уæд асæтты мады уарзæгой зæрдæ:

*Рауай, рауай, о мæ сау цæст кадæг,*
*Ралæг у мæ хъарм хъæбысы, ралæг.*

---

* Хостыхъоты Зинæ. Табуйаг. – Дзæуджыхъæу, 1988, 44-æм фарс.

*Иумæ скæнæм æрдзы буцдæр зарæг –*
*Мад æмæ хъæбулы уарзты зарæг.*

Фæлæ ам уый æфсоны хуызы зыны. Дарддæр нæ раргом уыцы буцдæр зарæг – мад æмæ хъæбулы уарзты зарæг.

Уый хыгъд æй уынæм иннæрдæм фæлдæхтæй: хъæбул æмæ мады уарзты зарæгæй.

Ирон поэзийы мады тыххæй бирæ зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæтæ æмæ кадджытæ ис. Поэзиуарзджытæ сæ иууылдæр буц стæм. Фæлæ Зинæ ныййарæг мады тыххæй цы ‘мдзæвгæты егъау цикл ныффыста, уыимæ сæ никæй абардзынæ. Поэзийы фæрцы мады фæлгонц уый куыд сныв кодта, йæ зæрдæйы арф æвæрæнтæм ын уый куыд лæмбынæг ныккаст, æмæ йын йæ зæрдæдзурæнтæ рухсмæ уый куыд рахаста, афтæ ничи ма.

Кæсыс «Дзыццайы писмотæ» æмæ дæ дисы æфтауынц сæ фæлмæн лиризмæй, æфтауынц дæ уарзынил, дæ цæстыты раз дын ныв кæнынц хъæууон зæххон цард.

Мад нæ цин кæны, йæ хъæбул дардмæ кæй фæцыд, ууыл. Сæхи сахары уæддæр куы уаид, уым хæстæгдæр у, искуы дæр тугыл нæ аскъуыд цард. Йæ чызджы æмбæлттæй искæй куы фены, уæд йæ «цинæн нал вæййы æмбал», æмæ сæм «Лæгты дзуары бон» кæй уыдысты «Хсар æмæ Камал», уый йæ бынтон æрцардта:

*(Æнхъæлдæн «писыртæ», дам, систы!*
*Цы ‘мбарын уыдæттæн æз та…*
*Дзырдтой ам иууылдæр сæ фæстæ –*
*Ныр, дам, сын чингуытæ фыст и…*[*]

Æмæ кæд зæронд ацæргæ сылгоймаг «уыдæттæн» ницы зоны, уæддæр ын æхсызгон у, йæ «писыр» чызджы «писыр» æмбæлттæ йæ стыр бæрæгбоны кæй æрфарстой, йæ хъæубæсты æхсæн æй кæй бабуц кодтой, йæ царды хабæрттæй йæ кæй фæфарстой:

*Зæрдæтæ ‘вæрдтой мын хъæбултау,*
*Æрсастой мын къуыриваг суг.*

---

[*] Уый дæр уым, 76-æм фарс.

*Нæ кæрты азылдысты къуымты:*
*Мыййаг, дам, хосцух у дæ хъуг?..*

*Кæдæй нæм хонæг-дзурæг нал уыд.*
*Ныр иууыл дуархойæг ысси,*
*– Дзыцца, дæ уазджыты нæм рарвит, –*
*Цыдысты радыгай нæ сых…*

Чиныгкæсæджы зæрдæйы цахæмдæр æнкъарæнты зæй рацæуы, мад сæ уæлхæдзар æфснайгæ, йæхæдæг йæ чызгæн цы цъындатæ сбыдта кæддæр, уыдон къутуйы фæстæ куы ссары, æппарын сæ йæ цæст куынæ бауарзы, йæ хъæбулы мондæгтæ марынæн сæ йæ тары куы бакæны, цæмæй йын хъарм уой, уæд.

Уымæн æмæ-иу йæ хъæбулы «дзабыры ыскъуыдты фæкалди мит», йæ «къæхтæ сты æргъæфст»:

*Æмæ тæхыс гæвгæвгæнгæ Дзыццамæ,*
*Дæ къухы – хихуыд чингуыты хызын…*
*О, разгъор, ра, мæ хур, æз дын фыццагау*
*Дæ ивæнтæ мæ хъарм тары хæссын.*

Афтæ гуыры æцæг поэзи.

Ноджы зæронд ус куы райдайы йæ мæгуыры хъæстытæ, «фæллад хъæддзауы зарæг гæзæмæ куы ацахсы» йæ хъус, уæд æй йæ царæфтыд æмкъайы мысгæйæ, хъарæг куыд схурх кæны, уалдзæджы «куы стæлфа зæххы нуар», уæд йæ цæссыгæй зæхх куыд удайдзæн, уыдæттæ кæсгæйæ баризы зæрдæ.

Ноджы Зинæ, кæд хъæуæй раджы рацыд, уæддæр ын йæ царды хиæдтæй бирæ цыдæртæ тынг хорз бадардта йæ зæрдыл. Æмæ сæ йе 'мдзæвгæты спайда кæны деталты хуызы.

Мæнæ куыд зæгъы «Бабайы мысын»-ы: «Уыдзæнис махмæ фатхъæдæй чъырын арт». Тæрсæй, фæрвæй, тулдзæй, суанг назæй дæр нæ – уый пæр-пæр акæны, фæлæ сæм уыдзæн «фатхъæдæй чъырын арт». Уымæн æмæ, чъырын арт æцæг дæр фатхъæдæй фæсудзы. Ам дæр та «куы стæлфа зæххы нуар» – куы фæхъарм уа, куысты рæстæг куы 'рцæуа нæ, фæлæ « куы стæлфа зæххы нуар!»

Уæд райхъал вæййы йæ зымæгон тар фынæйæ зæхх. Уæд базмæлы зайæгхал. Уæд ралæууы æцæг куысты рæстæг.

Хостыхъоты Зинæмæ ахæм нысанылæмбæлæг деталтæ цас æмæ цас ис. Æмæ йын йæ поэзи кæнынц цæрдхъомдæр, зæрдæскъæфдæр. Ноджы йæм царды рæстдзинадæй ратæдзгæ рæнхъыты куы баиу вæййынц, уæд баззайынц чиныгкæсæджы зæрдæфысты.

Кæнæ хъæууон, æнахуыргонд зæронд адæймаджы удыхъæд куыд ирдæй зыны, мад йæ чызгæн афтæ кæм фæдзуры: «Ды дæр, дам, писыр дæ, уым фæсхохы, æнхъæл дæн», æмæ дзы æппæлы – сылгоймагæй йæ ныфс уый бæрц кæй у, уый тыххæй; сæ хъæуы хицауад æй иууылдæр кæй зонынц, уый тыххæй дæр, стæй фергом кæны йæ хъуыды: «Æмæ мын сæрдармæ дыууæ дзырды ныффысс». Уымæй «æвзонгдæртæ дæр улупатæ исынц», уый та цæстырухсæй дæр райдыдта ныр цух, æмæ йын кæд фæуиккой исты, «ома, кАпеччытæ… уæддæр дзы сапон… цæхх…»

Дзыццайæн уый тыххæй ис, фидарæй цæуыл æнцой кæны, ахæм цæвиттонтæ: хорз зоны, хæдхæцæг паддзах «Никъалайы куы ‘ппæрстой, Ыстæй, зæгъ, артелмæ дæр бацыди фыццаг», фæд-фæдыл æй цалдæр хатты «ударникæй» дæр æвзæрстой – фауддзаг сын нæ уыд йæ цæнгты тых. Ноджы ма – стонг азты æмбисонд куы бавзæрста, « хъæбулты цæгъдæг хæст» кæй федта, æмæ йæм йæ дарæджы дæр кæй арвыста, уыдон та – уæлдай. Хъуыддаг-ма хæлы сæрдармæ дыууæ дзырды ныффыссынæй.

Бирæ сты Дзыццайы хъæстæгтæ. Сыхы фæсивæды раздæры фæсивæдимæ нал абардзынæ, сфыд-зонд сты, газеттæ йын нæ кæсынц, фæлæ «Цыдæр цъæх «библитæ» хъæбысдзагæй æнтъухынц, Рæхджы, дам, Энгылстæй экзаментæ дæттæм».

Иннæ ахæм та Америкæмæ мæсты кæны: цы лæбурынц фæйнæрдæм?

Сæрыстыр у йæ чызгæй, кæмдæр ын фыссæг кæй у, æмæ йын сыхæгтæ кæй фæкувынц, уый тыххæй. Уæд æй хуыздæр амонд нал фæхъæуы.

*Фæлæ та ку' акæсын мæ самандур хæдзармæ,*
*Куы ‘рбадын хурварсмæ нæ зæронд кауы ‘нцой,*

*Уæд та Дзыццайы зæрдæ сусæг маст æвзары... –*
*Мызд дын нæ фæфидынц дæ куыстæн æви цы?...*
*……………………………………………………*
*Фæлтау ам колхозы... Куыстахуыр нæ дæ, исты!*
*Дæ къам дын бакæниккой фæйнæгыл, бæгуы...*
*Куы суаис горæты мæ фæндиаг министр,*
*Фæлæ министыртæн лæджы хъару хъæуы.*

Дзыццайы, куы рæвдаугæ, куы буцтæгæнгæ ныхасмæ зæрдыл æрбалæууы Сергей Есенины æмдзæвгæ «Мæ мады фыстæг». Уым дæр мад афтæ уайдзæфтæ кæны йæ поэт фыртæн, зæгъгæ, кæд ма хæдзайраг дæ, уæд æрцу, æмæ дæ кæд дæ къух амоны, уæд æрхæсс «мæнæн – кæрдæн, дæ фыдæн та – хæлайфаг».

Дзыцца хиуылхæцгæдæр куынæ уаид, уæд уый дæр, Есенины хъайтартау, æргом домид истытæ, йæ хъуæгтæ бампъузыны тыххæй:

*Дæ ныфсыл мах*
*Ныр ауагътам нæ къух,*
*Æмæ мæ зæрдæ*
*Не 'нцайы йæ рыстæй.*
*Дæ фыды мæт та*
*Ууыл уыд æдзух,*
*Цæмæй ды исай*
*Бирæ 'хца дæ фыстæй.**
(Плиты Феликсы тæлмац).

Фæлæ цы фæнды исæд, уæддæр не 'рвиты «хæдзармæ 'хцатæ, йедтæ», æмæ мады дæр бауырны, цыма сæ фыстытæн нæ фæисынц поэттæ: уымæн æй не 'ндавы, уым поэт кæй у, уый. Кады фæндагыл цæуыны бæсты йæ хæдзары куы æрлæууыдаид, æмæ дзывыры хъæдыл куы хæцыдаид, уæд рæуæг кодтаид йæ ныййарджыты къух. Стæйдæр:

*Нæ цард – зындон,*
*Нæ фидæны – нæ мæт.*

---

* Сергей Есенин. Æмдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ. – Цхинвал, 1985, 61-æм фарс.

*Бæх дæр нын нæй.*
*Фæлæ нын ды*
*Куы уыдаис хæдзайраг –*
*Уыдаид нын æппæт.*
*Дæуæй хуыздæр кæм уыд*
*Хъæуæххæсткомы сæрдайраг?*

Дзыцца та йæ чызг-поэтæн горæты министры бынатмæ бæллы. Æцæг, тыхсы, уый лæджы бынат у, æмæ уым, мыййаг, сылгоймаджы бон куынæ бацæуа.

Фæлæ уый афтæ нæ нысан кæны, æмæ ныййарæджы – Мады фæлгонц Зинæмæ Есенинæй цæуы. Сæ дыуужæ дæр хъæууон, хуымæтæг сылгоймæгты, æргомзæрдæ сылгоймæгты, поэтты мæдты удыхъæдтæ кæй сарæзтой, уым ис се 'нгæсдзинад. Æнæуый та Зинæмæ Дзыццайы фæлгонц æвдыст цæуы арфдæр æмæ алыварсондæрæй, кæд стæм рæтты йæхи фæлхатт кæны, уæддæр.

Мады фыстæджытæн кæронæй дзуапп раттынил кæй ацархайдта поэт, уый дæр уæлдай фыдæбон уыдис. Кæрцыл хъуымац æмпъузæн куыд авæрай, уымæй уæлдай нæ рафидыдта. Ницы дæр мады фæлгонц фæуæрæхдæр кæнынæн феххуыс, ницыдæр – уацмысæн.

Æрмæст «Дзыццайы писмоты» нæ, фæлæ æнæхъæн чиныджы бæрц цикл «Мады зæрдæ зон»-ы æвдыст цæуы Дзыцца.

Алы ран дæр – æууæндаг уд, уарзæгой, рæстагæй. Поэт йæ кой куы фæкæны, уæд йæ нуæрттæ цыма, «зæххы нуæрттау, тæлфгæ» фæкæнынц фырцинæй, æмæ тæлфын кæнынц чиныгкæсæджы зæрдæйы нуæрттæ дæр.

Тæлфгæ дæр куыннæ бакæной, Дзыццайы конд кæрдзын йæ хъæбул куы федта, мады 'нгуылдзты фæдтыл йæ цæст куы 'рхæцыд, уæд йæ зæрдæйы цы цины уылæн рацыд, уымæ:

*Кæрдзыны 'хсызгон тæф, дæуимæ лæг цы сбарид?*
*Нартхоры хъарм кæрдзын... Дзыццайы 'нгуылдзты фæд...*
*О, ацы 'нгуылдзвæдтæ – мæ кувыны цырæгътæ,*
*Сымахæн табумæ цæудзынæн ардæм æз,–*

*Дзыцца йæ хъарм къухты мæ къухтæ цыма дардта,*
*Цыма мæ уды ‘ргъæвст йæ дæллагхъуыр æртæфст.*[*]
(«Æнгуылдзвæдтæ)

Дзыццайыл хъуыдыгæнгæйæ лирикон хъайтар цыбыр-рæстæгон бæлцуаты фæцæуы йæ хъæумæ, йе ‘взонджы бонтæм, æмæ сыл афтæ уарзгæ, афтæ рæвдаугæйæ фæдзуры, æмæ йемæ цæуынмæ нæ фæзивæг кæнæм мах дæр. Дзæнæты къуымæн нæхæдæг вæййæм æвдисæн.

Кæрты къуымты уалдзæг зилы, «каурæбынтæ адардтой цъæх нæуу», æмæ Дзыццайæн нал ис иуран æрхæст, йæ къухтæ нал зонынц æнцой, фæлæ – мады зæрдæ – йæ зæрдæ фæлладæй дæр йæ дондзау чызгимæ дзуры, йæ «хъустыл уайдзæни» йæ къахуынæр, йæ дзырд.

Уыимæ, Дзыццаимæ, чиныгкæсæджы хъустыл дæр уайы уыцы «къахуынæр», уыцы «дзырд». Йæ зæрдæмæ хъары уыцы поэзи, Зинæй поэзи:

*Цыма сæууон хурмæ мæ чызгон сæнттыл зарын,*
*Цыма дын рахæссын нæ хъæдын къусы дон.*
*Цыма мыл бæлæстæй æрвгъуыз дидинæг уары,*
*Æмæ сæ иухаттау бийын мæхицæн рон…*[**]
(«Мады къухтæ»)

Кæмдæр «писыр» чи у, сыхбæстæ кæй кад æмæ номæн фæкувынц, йæ мад æхxуысмæ кæмæ æнхъæлмæ кæсы, цæмæй сæ самандур къуым чысыл хæдзары æнгæстæ уæддæр бакæной, хъæуы хицауад ииуылдæр кæй зонынц, министры бынаты чи хъуамæ кусид, йæ уыцы хъæбул дæр царды фыдты раз æдых у, адæмы фыдæх æй мары хурхæй.

Уый æрдхæрæн дунемæ бæллы, цæмæй зæххыл фыдлæгтæ æмæ знæгтæ мауал уой, фæлæ «кæмæндæр, цавæрдæр сæлхæрæн» йæ зæрдæйы уыйбæрц марг ныццахст, æмæ уым нæ, «зæххы хуылфы» дæр ын нал бацæуид. Дзыццайы уарзæгой поэт дзы хызт нæу, ууыл дæр калы йæ марг уыцы

[*] Хостыхъоты Зинæ. Табуйаг. – Дзæуджыхъæу, 1998, 86-æм фарс.
[**] Уый дæр уым, 88-æм фарс.

«цавæрдæр сæлхæр» æмæ старст. Æххуысмæ дзуры йæ фæл-лад, йе «скъуыдтæ, ‘нгуылдзтæ» мадмæ.

*Дзыцца, ныттух дæ дæллагхъуыр мæ зæрдæ,*
*Цард хорз æрмæстдæр уарзтæй у, – мын зæгъ,*
*Цæмæй мæ удмæ цавæрдæр сæлхæртæ*
*Сæ сау базыртыл ма хæссой фыдæх.*[*]
(«Дзыцца, ды дæр куыд сæдых дæ бынтондæр»)

Мад алкæмæй дæр æмæ алцæмæй дæр тыхджындæр у хъæбулæн.

Ахæм у Хостыхъоты Зинæйы Дзыцца дæр.

IV

Цикл «Мады зæрдæ зон»-ы иу хъæуuон, алæмæтон ныв ивы иннæйы. Алчи дæр сæ йæ фæд ныууадзы чиныгкæсæ-джы зæрдæйы. Зинæ сæ зæххон хуызы æвдиса æви уæ-ларвон ( йæ поэзи – цыма йæ уæнгты дыууæ уды ис, – куы реалистон вæййы, куы романтикон, фæлæ йын уыдон, мар-гъы дыууæ базырау, сæ кæрæдзийæн æххуыс сты, æндæр æй хъыгдаргæ ницы кæнынц), æмæ хъæуuон ныввтæ Зинæ зæххон хуызы æвдиса æви уæларвон, иунæг поэзиуарзæ-джы дæр æнæфестъæлфгæ нæ ныууадздзысты:

*Æгъуыссæг уасджытæ æрбайгом кодтой рудзынг,*
*Ныххойынц базыртæй сæ хъарм фæлмæн фæрстæ.*
*О, бузныг, уасджытæ, æмæ дæуæн дæр бузныг,*
*Æхцон хъæууон райсом, ныр уал азы фæстæ!*[*]*

Фæлæ лирикон хъайтар кæддæры саби нал у, хъусы æмæ йæ зæрдæйы цæстытæй уыны йæ зонгæ ныввтæ, йæ зæрдæ-йыл хуыд чи у, стæй мах зæрдæты дæр йæ курдиаты фæрцы кæй æвæры, уыцы цард:

---

[*] Уый дæр уым, 90-æм фарс.
[*] *Уый дæр уым, 94-æм фарс.

*Æз та дзæбæх хъусын стонг рæуæды уасын,*
*Æхсыры урс сæх-сæх, мæрзы мæ хо та кæрт.*
*Нырма дæр чындзытæ кæддæрау раджы растынц,*
*Нырма дæр – дондзауты хуыссæгхъæлдзæг кæл-кæл.*

*Сæуæхсид бæлæстыл йæ сойдзырæгътæ судзы,*
*Нырма дæр аргъау у мæ сабион бæстæ!*
*О, бузныг, уасджытæ, æмæ дæуæн дæр бузныг,*
*Æхцон хъæууон райсом, ныр уал азы фæстæ.*

Æнæ уыцы сард Дзыццайæн горæты куыд нæу йæ бон, «нæ, дам, уæм сисы цъиу дæр цъиуау зарæг», сæхимæйы «бæрзонд, пæлæхсар – сонт чызджыты ‘нгæс» бæлæсты куыд мысы, бæрæгбоны йæ зæрдыл, сæ сыхæгтæ сæ кæрæдзи куыд фæрахон-бахон кæнынц, уый куыд æрлæууы, йæ «хъæукkаг хорз устытæн» сирфыцæн аг куыд балхæдта, йæ комы комдзаг тъыссæнтæ куыд фæкæны, зæгъгæ, уæд та хъæуæй исчитæ суад, æмæ сæ искæй феныны ныфсæй уынгмæ рудзынгæй йæ цæст куыд дары («Фыстæг хъæумæ»), афтæ у лирикон хъайтар-поэт йæхæдæг дæр, фæлæ йын уый йе ‘мбæхсын зоны.

Сахуыр горæтыл, æмæ уыцы хабæрттæ кæд уый æндæр дзырдтæй, фæлгонцты хуызы дзуры, уæддæр ын чиныгкæсæг йæ дæлхъуыды æмбары:

*Æмбæрзы уалдзæг хуссæртыл цъæх дари,*
*Æндзыг бæлæстыл хуры тынтæ тауы.*
*Ды дæр мæнæн дæ хъарм комулæфт рарвит,*
*Цæмæй мæ зæрдæ ног къуыпа æфтауа.*

*Нæ каурæбын фыццаг кæрдæг куы сзайа –*
*Æрвит мын æй! Дæ хъæбул дзы куыд раид!*
*Мæ хъæлдзæг худт сырх уардийы куы ссарай,*
*Уæддæр-иу мын дæ цины цæссыг рарвит.*

*Ыстæй мын рарвит хорз ныфсæн фæндагмæ,*
*Фыдыуæзæгыл ц’амонд и, цы фарн и, –*

*Дæ рæстзæрдæ – мæ бæллицаг фæнд рагæй,*
*Мæн уый хуызæн цы хæзна хъæуы царды?[*]*
(«Æмбæрзы уалдзæг хуссæрттыл цъæх дари»)

Рухсмæ тырнын, рæстдзинадыл поэт арæх дзуры. Поэзи йын хуыцæуттæм кувæн аргъуан нæу, фæлæ «зæххон хæстыты карздæр», æмæ уым рæстдзинад хъуамæ уа йæ «салдаттаг ныфс» («Поэт»). Уымæн зæгъы:

*Куы мын æрцъæл кæна зæххы фыдæх мæ зæрдæ,*
*Мæнæн фæстаг къахдзæф мæлæтон зын куы уа,*
*Уæддæр рæстдзинады бæрзонд кувæн къæсæрмæ*
*Мæ фæстаг туджы ‘ртах фæхæсдзынæн зынгау.[*]*
(«Куы мын æрцъæл кæна
зæххон фыдæх мæ зæрдæ»)

Æмæ йæ хаста. Царды куы ‘лгъыста, уæд ын цард цы фæдзæхст радта: «Нæу хъысмæт фæндæй… Кæд тæрсыс мæ дурадзагъдæй, уæд поэт нæ дæ» («Царды ‘лгъыстон»), ууыл йæ къух никуы систа.

Фæлæ йын уыдон иууылдæр цæуынц райгуырæн уæзæг, раттæг адæм, Фыдыбæстæйы æгæрон уарзтæй.

## V

Йе ‘взонджы бонты Зинæмæ Фыдыуæзæджы темæ нæ уыд. Куы-иу æм фæзынд, уæд – уæлæнгай, баныдзæвæггагæй, искæй фæзмæгау стæй йæм кодта, тыхджынæй тыхджындæр.

Зоны йæ лирикон хъайтар, кæйдæр зæхмæ цæрынмæ не ‘рбацыд, цæуы йæ райгуырæнмæ тагъд. Кæмæ дзуры, уыйау уымæн дæр ис уарзон адæм, хотæ, мад, æмæ сæм цæуы, фæлæ йын уæддæр йæ «хæххон Иры» мысдзæни йæ «хъарм зæххы хъæбыс», «Мæн дæуæй цы фæндаг хоны,

---

[*] Уый дæр уым, 93-æм фарс.
[*] *Уый дæр уым, 39-æм фарс.

уый рыг Сахордзæн мæ сæры хилтæ урс» («Æз цæрынмæ не ‘рбацыдтæн ардæм»).

Йæ уарзон адæм, хотæ, мадмæ йын æнæ цæугæ нæй, фæлæ йæ катай кæйдæр «хъарм зæххы хъæбысыл» у, уый мысгæйæ сурс уыдзæн.

Уæдæ, Турчы бæстæм чи фæлыгъд, уыдон фæстæмæ цæмæннæ уал здæхынц, искæй бæстыл цард не ссардзысты («Туг, дам, туджы агуры куы зæгъынц»), стæй йæ даргъ æмдзæвгæ «Хъысмæт»-ы кæд раст зæгъы, зæгъгæ, «Фæцис æнæсагъæс рæстæг дæр, Йæ кары бацыди мæ цард, Ды уымæй зæрдæмæ хæстæгдæр Кæныс, мæ райгуырæн, мæ мад», æмæ нымайы, Ирыстоны историйæ нын зындгонд цы фыдцаутæ сты уыдон æмæ, ома, ныр та «Цæрыс ды абон афтæ, Ир, Дунетыл хъуыстгонд у дæ кад, Дæуæн дæ къухфæллойы ‘фсир Хæссы нæртон хоры бæркад», – уæддæр уыдон сты, се сфæлдисыны дуджы цы иумыййаг схемæтæм гæсгæ фыстой, уыдоныл амад. Модæйы уыдысты, фæлæ зæрдæйæ нæ цыдысты.

Йæ зæрдæйæ чи цыд, уыцы патриотон æнкъарæнтæ йæм æрцыдысты йæ райгуырæн къæс, йæ раттæг хъæуы уарзтæй. «Æккойы дур, æккойæ хаст сыджытæй» кæддæр цы хæдзар сарæзтой, йæ «цин æмæ йæ хъыджы дæр» уым вæййы, кæд æй ныууæй кодтой, уæддæр:

*Мæ уд нæ комы ратæрын йæ къуымæй,*
*Йе сæрст къултыл дæ уырзвæдтæ ырма…*
*Баба кæны æмбисæхсæвтæм пъолтæ,*
*Æз та йын дарын сойдзырагъ цыма…*[*]
(«Нæ хъæууон хæдзар»)

Куыд дзы ракома йæ уд ратæрын, кæд æмæ уым уыд сæ уарзт дæр, сæ маст дæр, сæ зын дæр. Йæ фынтæ дæр уый тыххæй фæуыны уым йæ лирикон хъайтар. Йæ чингуытæ – «библитæ» нырма дæр цыма йæ разы вæййынц. Зымæг-иу сæ æддæмæ нæ уагъта, скъуындæг-иу сæ ахстон, æмæ-иу Бынатыхицау дæр ныффæллад сæ хъæлæбайæ.

---

[*] Уый дæр уым, 112-æм фарс.

Фыццаг уарзты низ дæр зæрдæ Уым бамбæрста… «Йæ кæуын уыд æмыр». Сæумæрайсом-иу æм йæ мад уыцы хæдзары рудзынгыл балæвæрдта хъарм æхсыр:

*Гъе, а рудзынгыл цал хатты лæбурдта*
*Мæ сæууон фынмæ хъал цъиуты хъæрахст.*
*Хылкъахæгау сæ хурхысæртæ скъуыдтой,*
*Æдылытæ, хæрз æдылытæ раст…*

Адæймаг царды уыцы диссæгтæ кæм фены, уырдыгæй йæ цыфæнды дзæнæты баппар, уæддæр йæ фынты зæрдæ ногæй йæхи æппардзæнис уырдæм, йæхицæн æнæмæнг фæндтæ кæндзæн: «фæцу ‘мæ уым сау халонау иунæгæй цæр».

Хи къуымы уарзтæй райгуыры Фыдыбæстæйы, дунейы уарзт. Адæймаджы хи къуымы уарзт фæбæтты цардмæ. Уарзты бон та бирæ у. Йæ зæрдæйы рæхыстæй Иры урссæр хæхтæм уымæн у баст. Йæ «уарзоны цæстытæй», йе стыр цин æмæ рыстæй у мыггагмæ баст Иры зæххы риумæ:

*Баст дæн райгуырæн уæзæгмæ*
*Æз Дзыццайы урс дзыккутæй,*
*Баст – нæ къонайы фæздæгæй,*
*Баст – сæныкхизæн цъæх къултæй.*

*Дуне – ‘ппæтт куы сыгъдис арты,*
*Уыцы туглæдæрсæн азты –*
*Иры тохдзауты ныззардæй*
*Æз Ирыстонимæ баст дæн.**

Уыцы уарзт, Фыдыуæзæджы уарзт æй зарын æмæ хъарæг кæнынил æфтауы Иры уæзгуытыл дæр, Мадæлон æвзагыл дæр, Къостайыл дæр, Дзаболаты Хазбийыл дæр, хæлардзинадыл дæр, фидыдадыл дæр, æмткæй цардыл.

Сæйраг цы уыд – Ирыстоны йын ничи æмæ ницы ивта. Зыдта, йæ «зарæджы зæрин хъис Иры риуы ‘ргъæу чырыны ‘вæрд и», Иры ныфсæй йæ зæрдæйы уыд æрвнæрд. Уырны-

---

* Уый дæр уым, 8-æм фарс.

дта йæ, куы фæцуда, уæд ын «Ир, мæ Ир – мæ цæугæ хохæфсымæр Ратдзæн мæ базыртæн, мæ уæнгтæн» ныфс, царды ад куыннæ уал æмбара, уæд та фестдзæн йæ «хъарæггæнæг сау мад, Балæудзæн цæссыгхъуырæй йæ разы», стæй йын дидинджытæй сфæлындздзæн йæ уæлмæрд, «Æмæ уыцы дидинджыты къускъæй» йæ ахуыргонд, «йæ нæргæ фырт Ирыстон» «йæ алы дзырд дæр хъавгæ-хъавгæ исгæ, Ратдзæн цард мæ зарæгæн æнустæм», уый тыххæй йæ кæны хъулон уарзт:

*Арвы хур куыд иунæг у нæ зæххæн,*
*Афтæ иу мæнæн та Ир у ‘рмæстдæр.*
*Дард бæстæтыл ку’ ахæтын, фæзæгъын:*
*Иры риуыл уæд мæ цин, мæ маст дæр».*[*]

(«Иры ныфсæй»)

Стæй йæм цахæм нæмттæй дзуры: «Ир – мæ цæугæ хох – æфсымæр», «Ир – мæ хъарæггæнаг сау мад», «Ир – мæ сауæрфыг чындздзон чызг», «мæ нæргæ фырт – Ирыстон!» Дæ бон нæ бауыдзæнис, ма сæ кæсай, А.С. Грибоедовы «Горе от ума»-йы хъайтар Фамусовы дзырдтæй зæгъ- гæйæ – «с чувством, с толком, с расстоновкой»[*].

Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр Хостыхъоты Зинæ цæстæвæрæн фæцис уарзты поэзийæ. Кæд афтæ дзырдта: «Мæ туджы арвнæрдæн йæ зынг къубал нылвæстон, Мæхæдæг афтæмæй мæхи æнхъæлын лæг» («Цæмæн»), – уæддæр-иу йæ «туджы арвнæрдæн йæ зынг къубал» алы хатт йæ бон нæ бацис нылвасын. Стæй йæ уый нæдæр хъуыд. Фæлæ Зинæйы лирикон хъайтары йæ Дзыцца хуымæтæджы нæ фæдзæхсы – «сылгоймагыл дзыхбаст ахуыр уыд Ир» æмæ, зæгъы, кæд де ‘ргом дзырд искæмæ хардзау кæсы. Мад æмбары «æндæр рæстæг у ныр»:

*Фæлæ уæддæр!*

---

[*] Уый дæр уым, 8-æм фарс.

[* *] Грибоедов А. С..Горе от ума. – Л., 1987, 61-æм фарс.

*О, ма у афтæ æргом.*
*Нырма дæр нæм æлгъаг дам-думтæ зонынц,*
*Дæ зарæджыты кæйдæр дæппуйы ном*
*Куы фæмысыс, уæд дæ, цымæ, цы схонынц?*[*]

(«Мæ ном»)

Æмæ йæ фæдзæхсы: «Фæндаггонæн зын вæййы, уæдæ цы, Сæ бæттæнтæ дæм тондзысты-иу куыйтæ»… («Дзыццайы писмотæ»).

«Куыйтæ» цæрæнбонты лæбурдтой æмæ лæбурынц, тас сын кæмæй æмæ цæмæй вæййы, стæй хæрынмæ кæмæ фæхъавынц, уыдонмæ. Мæрдты бæстæм дæр æм лæбурынц æмæ лæбурдзысты, фæлæ Зинæ фæндвидар сылыстæг æмæ поэт уыд, æмæ йын йæ лирикон хъайтарæн йæ мад куы зæгъы, зæгъгæ, «Хуыцау адæмыл бынтондæр рахатт, Æндæра куыд цыдтæн зæдбадæнтыл», ома, хæхты сæрты; кувæндæттыл куыд рахызтæн, уæд ын чызг ахæм дзуапп уымæн дætты:

*Дзыцца, дзыцца, мæнг зæдбадæнтыл ма тай,*
*Æз зонын иунæг зæдбадæн æрмæст,*
*Уый у зæрдæ… Зæрдæ… Фæлæ йыл хатгай*
*Фæкæнынц раст къуырма фосы лæгæрст…*[**]

Йæ размæ цытымыгъ сыстад, уый йын кæд йæ базырты тых рæмыгъта, æрхауд-иу йе ‘мгары фыдæхыл, æмæ йæм зæххыл æнхъæлмæ касти хæфсбадæн цыфдзаст, уæддæр сæ ницæмæ дардта, бæрзæндтæм сарæзта йæ ных, бæрзонд хъæлæсæй уымæн зарыд. Уыцы амонд – уарзыны амонд байсын Зинæйæ никæй бон уыди:

*Арв мæнау – йæ цъæх амондæй расыг,*
*Худгæ ‘рфынæй мигъзæлдагыл мæй,*
*Ныр мæ ныхмæ дун-дуне куы растид, –*
*Ничи байсид ацы ‘хсæв мæнæй.*

---

[*] Хостыхъоты Зинæ. Табуйаг, – Дзæуджыхъæу, 1998.

[**] Уый дæр уым, 97-æм фарс.

(«Арв мæнау – йæ цъæх амондæй расыг»)

Шиллер йе ‘мдзæвгæ «Мировая мудрость» -ы цæйау загъта: «Любовь и голод правят миром», уыйау, Зинæйæн разамынад кодта йæ уарзт, сайдта йæ йæ фæдыл, йæ зæрдæйæ йын æлвæста йе ‘нкъарæнтæ. Йæ уарзты фæрцыиу хъавыд сылгоймаг уæвгæйæ цæргæсау арвмæ стæхынмæ, тымыгъзæрдæ æврæгътæн хъæбыстæ кæнынмæ, фæлæ та-иу æй йæхимæ нылвæста зæхх «йæ дам-думтæ, фæ фæныкгуыз æгъдæуттæй» йæ бæллиц ын «æнæ тугæй æргæвды». Фæлæ дам-думтæй уарзт тыхджындæр у, поэт уымæн у фæндвидар:

*Нырма нæ зоны йе ‘мбæхст хъару зæхх!–*
*Нæ исын никуы æз мæ къух мæ сæнттыл, –*
*Фæцæудзæн иу бон æврæгътыл мæ дзæхст,*
*Ныххуддзынæн йæ фæныкгуыз æгъдæуттыл.*[*]

Æмæ ныххудт, уарзын æй чи нæ уагъта, уыцы «фæныкгуыз æгъдæуттыл», йæ уарзты фæрцы æврæгътыл фæцыд йæ дзæхст. Уымæн æмæ зыдта: «Иууыл рухсдæр дин у уарзын, Зæххыл уарзæг уд у уаз» («Моладзан»), «Уарзæг дæр, дæ кувæндон у, уаз у» («Сау цæстыты кадæг»), æмæ йе ‘мдзæвгæтæй хъал кодта, «Кæй уд нæ зоны уарзын, уыцы ‘взæрты» («Мæй ацауындзæг, бур гæдыйау, бæрзыл»)…

Бæрзонд мигъты хъæбысы кæй цæры, суадætты зардмæ кæй æрвиты йæ фын, сæуæхсид раздæр уый уæхскыл кæй æртыхсы, уый тыххæй у сæрыстыр.

*Сæууон уддзæф мын дидинджытæ ‘ рхæссы,*
*Бийын мæхицæн дидинджытæй рон,*
*Æз уæлæ арвмæ къухæй дæр æххæссын,*
*Фæнды дæ, стъалы раскъæфон дæуæн?*

*Æви æркæнон кафаг сычъи хъæдæй?*
*Кæнæ æрцахсон базыртыгъд цæргæс?*
*Æркæнон дын бæрзонд къæдзæхты сæрæй*
*Цъæх дзæбидыр – мæ уарзоны æнгæс?*[**]

---

[*] Уый дæр уым, 13-æм фарс.

Уый уарзт у. Ӕгæрон уарзт. Уыцы уарзт æй цæрын кæны, «бæрзонд мигъты хъæбысы», йæ фын уый тыххæй æрвиты суадæтты хъæрмæ, сæуæхсид уый фæрцы æртыхсы йе уæхскыл; сæууон уддзæфæн ын дидинджытæ 'рвиты; йæхицæн ын бийын кæны хуры тынтæй рон, арвæй скъæфы стъалытæ, ахсы кафаг сычъитæ, базыртыгъд цæргæстæ, йæ уарзоны æнгæс цъæх дзæбидыртæ…

Ӕмæ диссаг цы у: мах дæр сæ уынæм, уырнынц нæ уыцы диссæгтæ, нæ зæрдæмæ цæуынц. Поэты уыцы романтикон уарзт рахизы нæ удтæм дæр.

Уыцы уарзт ын у æнæрцæугæ диссаг: «Кæд дæ нæ фæцагуырдтон, м' аргъауы лæппу?», «Мæ зæххон Чырысти, ныррухс кодтай мæ кувæндон» («Куыд æрæгмæ?..»), «Нæ уыдтæ, 'вæццæгæн, зæххон лæппутæй иу дæр, Нæ дын уыд аргъæуттæй æрцæуыны фæрæз» («Идеал»); «Нæрæмон Сослан, симдмæ мæ фæхон» («Сослан»); «Ӕз ницыуал æмбарын м'алыварс цардæн, Ӕрмæст ма дæ удыл Чырыстийау тыгъд дæн» («Ӕз нал дæн»); «Ныррухс, ныццæхæр калдта, дуне сси æрвнæрын, Ӕрвнæрын фестади мæ Чырыстимæ фæндаг» («Арвы дуар»); «Афтæ цæрдзынæн мыггагмæ – дæ уарзтæвджид, Ме 'рвгъуыз кæркуасæн, мæ рагсагъæс – Уастырджи» («Сылгоймаджы мидмонолог»)…

Иугæр ын йæ уарзты кой кæнын нæ уадзынц, иугæр Сырдонтæ сæ дам-думтæй не 'фсæдынц, уæд ын йæ уарзон сси аргъæутты лæппу, Чырысти, Уастырджи…

Фæлæ Зинæмæ романтикон уарзты бындур у зæххон уарзт. Ӕцæг, табу кæмæн кæны, ахæм уарзт. «Ӕмгары рухс ном мысгæй»-йы йе 'мгармæ, Бестауты Гиуæргимæ рынчынфæрсæг куы цæуы, уæд куыд кувы «хæхты бæрзонд дзуæрттæн», хъæды æрдузы дидинæгæн, дурæн куыд лæгъстæ кæны: «Кæд удыхос дæ дурриуы æрзад, Нытътъæпп лас уæд, фæхау фæйнæрдæм муртæ, Ӕмæ мын æй рынчыны хуынæн ратт…» – уыдон нæм кæсынц зæххон хъуыддæгтæ, æмæ сæм ныккæрзы зæрдæ:

*Цæй, бахуд та ма рагбонты фæхудтау,*
*Мæ цæстыты дын цард æхрастон æз!*

---

* * Уый дæр уым, 187-æм фарс.

*Мæ цæстыты дын рухс изæртæ, хуртæ,*
*Мæ цæстыты – дæ утæхсæн, дæ рыст…*
*………………………………………….*
*Нæ, тугтæригъæд ма ныууадз дæ фæстæ, –*
*Цъæхдзаст уалдзæгмæ байтыгътон мæ уд…*
*О, адæм дæр мын фестадысты зæдтæ,*
*Æмæ сæм кувын: Баххуыс ын кæнут.** 
(«Рынчынфæрсæг»)

Зинæйы уарзондзинады æмдзæвгæтæ афтæ алыхуызон, афтæ диссаг сты, æмæ дзы бирæтæ, тынг бирæтæ демæ ныхас кæнынц удæгæстау. Фысгæ та сæ кодта йæ амæлæты бонмæ.

Йæ амæлæты бонмæ уарзт нæ байсыст йæ зæрдæйы. Æууæндыдис ыл кæронмæ:

*Æрталынг… нæ фæзындтæ… уаз бæллиц тайы,*
*Цы сæнттæ сты адон? Цы ‘ууæнк у, мæ бон?!*

*Æниу, уадз æууæндон. Æнусон, мыййаг, дын*
*Куы нæ дæн, æрцæудзæн мæнæн дæр кæрон.*
*Хуыздæр мын у афтæ; цы мæм хауы цардæй*
*Уый цадз, æмæ де ‘рцыды ныфсæй цæрон.***
(«Дæ хæдзары»)

Æууæндыдис ыл, – уарзтыл, – алы кары дæр. Цард уый цæрайæ. А. Пушкин хуымæтæджы нæ загъта: «Любви все возрасты покорны».*** Ахызт алы «дамты» æмæ «думты» сæрты, æмæ йын бантыст æцæг поэзи сфæлдисын.

## VII

Фæстаг дæс-фынддæс азы дунейы, раздæры Советон Цæдисы, уæлдайдæр, Ирыстоны цытæ æрцыд æмæ цæуынц,

---

* Уый дæр уым, 208-209-æм фæрстæ.
** Уый дæр уым,
*** Пушкин А.С. Соб. Соч. в 10 т..Т. 4. – М. ,1975, 151-æм фарс.

уыдон тынг карзæй æндæвтой Хостыхъоты Зинæйы æнкъараг зæрдæйыл.

Дзыцца йын йæ хъæстытæ куы кæны, адæмы фæллой чи ссивынц, уыдон гæлдæртæ куы рауагътой, ноджы сæхи саймайтæй адæмы сæрылхæцæг куы скæнынц, «сæ митæ та ызнагæй дæр фыддæр» куы сты, æмæ сæ цæмæннæ сыскъуынут, зæгъгæ, уæд поэт уымæн зæгъы катайгæнгæ:

*Рæмудзынц зæрдæйы Дзыццайы 'ргом ныхæстæ –*
*Хъуына цъар сæвæрдта ныл мадзурайы фæтк.*[*]
(«Цæмæн»)

Уыцы мадзурайы фæткæй та йыл тынгдæр бандæвтой уыцы нымæцы, йæ поэзийыл дæр гуырдзиаг-ирон æмæ мæхъæлон-ирон хæстытæ. Хъусæм дзы «Хæстон Ирыстон – бирæ тохты рафтæг»-ы хъæрзын – «мæ чысылæй мæгуыр дæн» («Иры зæххыл æнæбауырнгæ диссаг»). Поэты катай у, фыдхъысмæтмæ та бирæ зынын куы райдыдтам, æмæ уынæргъы, хæстыты суанг лæппутæ кæй мæлынц, суанг поэттæн та туджы 'вдылдæй кæй зайынц сæ фæндыртæ. Уымæн æй нал бафарста йæ маст:

*Охх, цы нын и дæ зæрды, мæстджын зæд,*
*Охх, цы худыс нæ сæфтыл кæл-кæлæй?!*

*Æви нал ферох кодтай, фыдæлтæ*
*Тых куыд кодтой уæларвон бæстæн дæр...*
*О, æнхъæлдæн, нæ раг дуджы дзуæрттæ,*
*Исут махæй Батрадзы мæстытæ!..*[**]
(«Цымæ рагæй дымгæмæ нæ дардтай»)

Зинæ йæ зæрдыл хорз дардта стыр Гетейы зонджын хъуыды: «Лишь тот, кем бой за жизнь изведан, Жизнь и свободу заслужил»[***].

---

[*] Хостыхъоты Зинæ. Табуйаг. – Дзæуджыхъæу, 1998, 120-æм фарс.
[**] Уый дæр уым
[***] Гете. Избр. пр. в 2-х т., т.2, – М., 1985, 610-æм фарс.

Иуæй-иу нæлгоймаг-поэтты хъауджыдæр Зинæ сидт, цæмæй кæрæдзимæ фæдзурæм, æмæ нæ Мады – Ирыстоны хынджылæгæн ма раттæм хæддзуйæн.

Уыцы хъуыды йæ дзурын кодта «Хуссар Ирыстоны лигъдæттæй æвзонг чызг цæссыгкалгæйæ адæмæн» цы хабæрттæ кодта, уыдоныл дæр («Ма ку»), гуырдзыйы æлхæд æфсады ныхмæ дæр («Чысыл стæм, фæлæ…»); уыцы хъуыдыйæ хъарæг кодта Гуыцмæзты Алешыл дæр, Бестауты Гиуæргийыл дæр, Калоты Хазбийыл дæр…

Поэты ныхас былалгъæй нæу. Уый бæрæг у «Знæт дæлимон»-æй.

*Куы фестæм де знæтæй бындзагъды дугæй дугмæ,*
*Уæд та цæмæн хъазыс нæ сæрмæ ды дæ кардæй?!*
*Кæд та ысмондаг дæ Хуыцауы цоты тугмæ,*
*Уæд айс мæ уд æмæ ныууадз мæ Иры й'адыл.*[*]

Æндæр хабар у, Зинæ Хуссар Ирыстоны хæсты цаутæ кæй нæ зыдта, уый тыххæй йæ хæстон æмдзæвгæты æнæрæстагон хабæрттæ кæй ис.

«Иры зæххыл æнæбауырнгæ диссаг»-ы, куыйдзыхтау нæм чи лæбурдтой, сабитæ æмæ зæрæдтæ, сылгоймæгтыл тыхмийæ, удхарæй марынæй, судзынæй чи нæ ауæрстой, уыдонæй зæгъы: «Нæ хæлар нæм æрбауырдыг хæрамæй», «Хæлары хæрам афтæ дуды, афтæ!» Кæй нын хуыдта нæ хæлæрттæ? Нæ марджыты?

«Чъреба»-йы Чъребайæ зæгъы: «Ныр дын дæ рухс аргъуан – дæ уаз бæллиц фыдгултæ Бынысыгъд бакодтой, дæу амардтой, о Чъреба».

Ау, ныртæккæ Республикæ Хуссар Ирыстоны сæйраг сахар Чъреба мард у, æмæ мард сахары цæрæм?

Гуыцмæзты Алешыл гуырдзиæгты сармазаны нæмыг фондзуæладзыг хæдзары цармæ комкоммæ сæмбæлд, стыр адæймаг æмæ стыр фыссæг нæ фыдызнæгты къухæй бабын, æмæ дзы Зинæ зæгъы: «Мемæ цомут» дæр нæ загътай, Афтæмæй хæстмæ фæцыдтæ», «Махмæ 'мгары намыс

---

[*] Хостыхъоты Зинæ. Табуйаг. – Дзæуджыхъæу , 1998, 239-æм фарс.

бастъæлд», «Иу нæ не ‘ралæууыд дæ фарсмæ», «Хæсты кæд хæцæн нæй иуæй!» Кæмæ бастъæлд æмгары намыс, кæцы хæсты чи федта Алешы иунæгæй хæцгæ?

Бестауты Гиуæргийы цырты раз, дам, йæ кæддæры æвзæрмæбæлджытæ сæ зонгуылтыл æрлæууынц: «Бамбæрстой, Ирæн дæу хуызæттæ куы амæлынц, Гъеуæд, йæ сæрыл ысдзурæг дæр нал вæййы».

Зинæ куыд хъуыды кодта, ома, Бестау удæгас куы уыдаид, уæд, кæй ном нæ дзырдæуы, уыдон ирон адæмæн ге-ноцид аразын нæ бауагътаид, уыдæттæ, адæм куыд акæнынц – Бабуцайы ныхæстæ сты. Чизоны, уæд Бестау Советон Цæдис ныппырх кæнын дæр нæ бауагътаид?

Иры сæрыл сдзурæг куынæуал уыдаид æмæ уаид, уæд раджы фæуыдаиккам кæнæ фæуаиккам не знæгты фæндиаг. Уымæй нæ Хуыцау бахизæд.

Хостыхъоты Зинæмæ бирæ дзуринæгтæ уыд. Уыдысты сылгоймаджы стырзæрдæ ирон сылгоймаджы дзуринæгтæ. Æмæ сæ дзырдта йæхирдыгонау. Дзырдта сæ, чи йын сæ куыд тынгдæр агайдта йæ зæрдæ, афтæ.

Йæ фæстæ сæ ирон адæм та дзурдзысты, Зинæйы зонды куыд сфыхтысты, йæ зæрдæйæ куыд ратагъдысты, афтæмæй.

2001

# ÆРТÆ ХОРЗЫ

Иунæг-иу уацмысыл куы дзурай, уæддæр адæмы ‘гъдаyыл ныхас зæгъын æнцон никуы уыд. Ноджы фыддæр – фыссæджы цард æмæ сфæлдыстадыл æнæхъæнæй æрдзурын. Зындæр дзурæн та, уыцы фыссæг йе сфæлдыстадон куысты тæмæны куы вæййы, алæбон æм ног уацмысмæ куы уа æнхъæлмæ кæсæн, уæд у. Стæй ма ирон куы уа…

Цы кæнæм – махæн Ш. Сент-Бевтæ, В. Белинскитæ, Н. Чернышевскитæ, Н. Добролюбовтæ нæй. Критикæ хъуамæ литературæйы разæй цæуа, фæндаг ын амона. Махмæ, хъыгагæн, нæ литературæйы фæдыл чи хила, ахæм критикæ дæр нал ис. Кæд нæм искæй дæлтъур чиныггондыл рецензигонд фæзыны, уæд критикæйы бæсты нæ хъустæ фæахсынц йæ авторы цъæм-цъæм – чиныггонды хицаумæ фенхъхæлмæ кæсы цыдæр фæлхортæм, æмæ фырцинæй раздæр йæ былтæ фестæры. Мæнгæй нæ акæнынц – иу хъæуы цуанонтæ нал уыдис, æмæ гæдытæ куыйтау рæйын райдыдтой.

Æз афтæ нæ зæгъын Харебаты Леониды тыххæй нæ критикæ йæ дзыхыл цъутта бакодта. Уый нæ иумыййагæй алкæмæ дæр хауы. Леонид та æвддæс чиныджы автор у; уыдонæй дыууæ – романтæ «Уарзт æмæ денджыз», «Сыгъдысты зæрдæтæ», стæй йын сыхаг адæмты æвзæгтыл рацыдысты чингуытæ, хицæн уацмыстæ… йе 70 азы йæхирдыгæй фесты, уыдонæй 50 азы – сфæлдыстадон куысты азтæ. Лæггад кæны Ирыстонæн, ирон адæмæн, ирон литературæй- æн – нæ мыхуыры йыл куыннæ хъуамæ цыдаид дзырд. Йæхи тыххæй дæр. Йе сфæлдыстады тыххæй дæр.

Æз, аивады кусæджы сфæлдыстадон фæндаг æвдыст кæм фæцæуы, йæ сæйраг дзуринæгтæм хъусдард кæм æрцæуы здæхт, ахæм иртасæн куысты кой кæнын. Уыдон-иу

æххуыс уаиккой, иу кæнæ иннæ фыссæджы сфæлдыстадмæ йæ хъус чи æрдары, уымæн. Фæлæ нæ ирон фысджытæ, литературæиртасджытæ нæм бынтон цъус кæй сты, уый тыххæй ахæм уæздан хъомыл не стæм хъыгагæн.

Ахæм «фæндагамонджытæ» Леонидæн йе сфæлдыстады сты йæ чингуытæ сæхæдæг. Суанг 1961-аг азы йе 'мдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд «Æхсæрдзæн» мыхуыры куы фæзынд, уæд уым раргом сты фидæны фыссæджы сæйраг дзуринæгтæ:

*Уарзын, мыдыбындзау, уарзын*
*Иры чыргъæдмæ мыд хæссын!**
(«Уарзын»)

Фæлæ уал цалдæр дзырды йæ цардвæндаджы тыххæй.

Харебаты Петрейы фырт Леонид райгуырдис 1932-æм азы цыппурсы мæйы 12-æм бон Къахеты, Лагодехы районы Хуыцъейы хъæуы зæхкусæг бинонты æхсæн. Кæддæр йæ фыдæлтæ кæд уырдæм хуыздæр цардæнхъæл алыгъдысты, уæддæр фыдæнхъæл фесты. Фыдыбæстæй – иппæрд, цардæй – иуварс. Сыгъзæринæй цы зæххытæ балхæдтой, уыдоныл дидинæг не 'фтыдтой. Ленид дæр мадæй хæрз сабийæ баззад сидзæрæй. Фыд дыккаг ус æркодта, фæлæ йæхицæн дæр рацæрын нæ бантыст, фæхъуыд хæрз æвзонгæй – 41-аздзыдæй. Фидæны фыссæг сабийæ фæцух мад æмæ фыды уарзтæй, уыд хиуæтты æвджид. Куы – … «фырæфсæст» дзы нæ уыдис, фырæстонг дæ уыйбæрц дæр куы хъæуид. Уæддæр ыл алы рæвдауæн дзырд сагъта базыртæ. Æвзæрын æм кодта царды монц. Йе 'фхæрд зæрдæйыл-иу сæмбæлд хуры тын. Поэтæн йе 'мдзæвгæ «Фæстаджы хæрзбон»-æй йæ мады æфсымæры рухс ном куы ардта, уæд уарзгæйæ уымæн загъта: «Хæрз сывæллонæй сидзæр куы баззадтæн, уæд-иу мæ мæ мады æфсымæр Джусойты Къиазо йæ уæрагыл сæвæрдта æмæ-иу мæ аргъæуттыл ирхæфста».

Цæйау акæнынц – мæгуырмæ дæр амонд фæхуды. Фидæны фыссæг нæ бакуымдта зынтæн асæттын. Кæд æй йæ

---

* Харебаты Леони[illegible]галинир, 1961, 5-æм фарс.

фадæттæ нæ амыдтой, уæддæр йæ уд радта чиныгмæ. Астæуккаг скъола каст фæцис гуырдзиаг æвзагыл. Фæлæ йæ мадæлон æвзаджы уарзт йæхимæ тынгдæр æлвæста. Йæ мады æхсыримæ фыццаг уый ахъардта йæ туджы, йæ уды уый тæлфыд. Æмæ йыл поэзи йæхимæ куыд тынгдæр хæцыд, афтæ йыл уыцы уарзт – мадæлон æвзаджы уарзт йæ Фыдызæххырдæм æнцад тынгæй-тынгдæр:

*Æз Къахетмæ дæ ном хъуыстон мæ фыдæлтæй*
*Æмæ-иу мыл арт сирвæзтис, уæд цины арт.*
*О, хурджын Ир, фыдæлты зæхх, фыдæлты къуым,*
*Æрхастон дæм, цæджджинагау, æхсидгæ уарзт!**
(«Ирыстон»)

Уыцы æхсидгæ уарзтимæ бацыд 1952-æм азы Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институтмæ филологон факультеты ирон æвзаг æмæ литературæйы хайадмæ ахуыр кæнынмæ. Каст æй куы фæцис, уæд 1962-æм азмæ куыста ахуыргæнæгæй. Стæй рахызт мыхуыры куыстмæ. Дæс азы бæрц уыд газет «Советон Ирыстон»-ы редакцийы, сырæзт бæрнон нымæрдары хæдивæджы онг. Куыста типографы директорæй, рауагъдад «Ирыстон»-ы редакторæй, стæй йæ акодтой Хуссар Ирыстоны драмон театры директорæй. Фæстæдæр – рауагъдады сæйраг редактор, стæй – директор, газет «Хурзæрин»-ы сæйраг редактор, Республикæ Хуссар Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг. У культурæйы сгуыхт кусæг. Хицæн рæстæджыты хорзæхджын æрцыд майдан æмæ Кады грамотæтæй… йæ райгуырдыл 70 азы юбилеймæ райста РХИ-йы орден «Кады нысан». Йе ‘мкъай Кокойты Раяимæ сæ иууыл хуыздæр хорзæх та – сæ дыууæ фырты, сæ цыппар фыртыфырттæ æмæ… бирæ чингуытæ.

О, Раяимæ сæ бирæ чингуытæ. Уый йын куынæ аразид кусынæн алы фадæттæ, уæд ын уыйбæрц дæр не ‘нтысид.

Фæлæ йын цы бантыст æмæ æнтысы, ууыл – бæстондæр.

---

* Уый дæр уым, 6-æм фарс.

Уæлдæр загътон, Леонидæн йæ «Æхсæрдзæн»-ы кæй раргом сты йæ сæйраг дзуринæгтæ. Кæд лæмбынæгæй нæ, уæд иумæйййагæй уæддæр.

Поэты фыццаг литературон фæлварæнтæ мыхуыры фæзындысты уымæн дæс азы раздæр. Уæд, ирон литературæ троцкизмы заманы æмæ уый фæстæ азты цы дæрæн баййæфта, нæ фысджыты, æгæрыстæмæй, физикон æгъдауæй куыд скуынæг кодтой, аивады рæзгæ курдиætты деклараторты джиппы кæй ауагътой, уый тыххæй ирон поэзи æххæстæй йæ гаччы нæма æрбадт. Хæсты фæстæ цыма райдыдта ног къахдзæфтæ кæнын, афтæ фæкæсы адæймагмæ. Æмæ уыцы фæлурс фоны æвзонг поэты уацмыстæ куыд зындысты, уымæй йæ уадиссаг ницæмæй хъуыдис æфсæрм кæнын. Фæлæ чиныг рауадзын фыссæгæн стыр хъуыддаг у.

Чиныг, периодикон мыхуарау, иу æмæ дыууæ бонæн нæу. В.Белинский загъта: «Книга есть жизнь нашего времени».* Æмæ уыцы цард æвдисæг куы уа чиныг, уæд æм фæлтæртæ иу æмæ дыууæ хатты нæ æрыздæхынц. Æвзонг поэт уымæн бацархайдта, дæс азы бæрц цы сфæлдыстадон куыст фæкодта, уым йæ къухы зæрдæзæгъгæйæ цы бафтыд, уыдон иу æмбырдгондмæ æркæныныл, адæмы рæгъмæ сæ рахæссыныл.

Ам зæрдыл æнæмæнг дарын хъæуы, Харебаты Леонид йæ фыццаг æмдзæвгæтæ куы ныммыхуыр кодта, уымæн йæ фыццаг чиныджы рацыдмæ кæд бирæ рæстæг нæ рацыд – бæрцæй дæс азы, уæддæр ирон поэзийы кæй æрцыдис стыр ивындзинæдтæ. Æз зæгъин – ирон поэзийы 50-æм азты æрцыд революци. Нæ аивады бон бацис 30-æм азты, 40-æм азты фыццаг æрдæджы хус, æппæлæн деклоративондзинад æмæ риторикон цъах-цъахæй йæхи ратонын. Кæд ын романтикон, символикон хæтæнтæ æцæгæлон нæ уыдысты, уæддæр сæйраджы ныллæууыд реалистон фæндагыл. Стыхджын фæлгонцон уынынад. Аивад адæймагæн йæ бакастæй йæ зæрдæйы æвæрæнтæм йæ хъус æрдардта тынгдæр.

---

* Белинский В.Г. Полн. собр. соч., Т.4. – М., 1954, 85-æм фарс.

Уыцы хъуыддаг фысджыты æвзонг фæлтæрыл æвæрдта уæлдай бæрндзинад. Уыдонмæ тынгдæр хаудта, нæ фысджыты хистæр фæлтæр Плиты Грис, Гафез, Цæрукъаты Алыксандр, Джусойты Нафи æмæ сын æндæртæ цы фæндаг фенын кодтой, ууыл размæ ныфсджынæй цæуын.

Харебаты Леонид 50-60-æм азты уыдис, хистæрты уыцы равзæрст раст [illegible] ныллæууыд, уыцы æвзонг фысджыты фыццаг фæлтæрæй. Уымæ гæсгæ, йæ фыццаг чиныг куыд рауадаид, ууыл йе сфæлдыстады фидæн бирæ бæрцæй баст уыдис. Æмæ кæд æмбырдгонды гуырахст стыр нæу, уæр æм поэт бахаста йæ уацмысты хуыздæрты иууылдæр. Йæ зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ сæ равæрдта кæрæдзийы фæдыл æмæ йæ фыццаг чиныгæй фæндаг ссардта поэзиуарзджыты зæрдæтæм.

Харебайы фырт не ‘фсæды йæ Фыдыбæстæйы рæсугъддзинадмæ кæсынæй. Цин ыл кæны, æмæ йемæ цин кæны ирон чиныгкæсæг дæр:

*Цомут мемæ, Дзауы кæмтты*
*Дидинджытæ ‘ртонæм!*
*Мах нæ уарзон къуымæй хуыздæр*
*Иу ран дæр нæ зонæм!*

*Акæсут-ма хуссарвæрстæм,*
*Гауызтау æрттивынц.*
*Акæсут-ма зад быдыртæм,*
*Цæсты тигътæ исынц.*

*Цомут æмæ хохаг лæгæн*
*Акувæм нæ сæрæй*
*Ма раздæхут, – худинаг у, –*
*Хæдзары къæсæрæй.**
*(«Мæ хæлæрттæм»)*

Фыццаг дыууæ строфæйы рæсугъддзинадыл рæзын цæмæннæ уал бауагъта йæ уацмысы поэт, цæмæн рахызт фæндаджы хабæрттæм, уый йæхи хъуыддаг у. Фæлæ æрдзы

* Харебаты Леонид. Æхсæрдзæн. – Сталинир, 1961, 9-æм фарс.

рæсугъд нывтæ «цæсты тигътæ исынц». Уыимæ æмдзæвгæйы æвзонг поэты æнтыстыл æнæмæнг дзурæг уыдис, дзырдтæ, рæнхъытæ, хъуыдыйæдты йæ уацмысмæ тыхласт кæй нæ кодта, се ‘рдзон æгъдауæй йæм кæй цыдысты.

Иугæр афтæ у, уæд æмдзæвгæйæ æнæтыхласгæ, сæхихъæдæй цæуынц адæймаджы цардмæ дæр. Цæуынц æм ныфсхастæй, барджынæй. Цæуынц æм хи туг æмæ стæгау. Цæуынц æм хионау.

Уый у поэты, уæлдайдæр, æвзонг поэты æнтыстыл хурæргом дзурæг. Æвдисы йын йе ‘рдзон курдиат.

Харебаты Леониды чиныджы та, кæд йæхæдæг чысыл у, уæддæр ахæм æмдзæвгæтæ, æмдзæвгæтæй хицæн бынæттæ бынтон цъус нæй.

Æмдзæвгæ «Ирыстон»-ы мæнæ куыд зæгъы:

*Куыд рæсугъд дæ, куыд гауызхуыз, куыд хурæнгæс?*
*Нæ дæ ‘взарын – зæхх дæ æви сырх арвырон!*
*Цæй, ратæх мæм, фыдæлты зæхх, фыдæлты къуым,*
*Ныттыхсон дыл, мæ риуыл дæ æрæвæрон.*

*Мæ зæрдæйыл зæйтæ рацыд, цины зæйтæ,*
*Фыды уæзæг, мæ Ирыстон, дæ буц фендæй.*
*Кæм ма уыдзæн, дæуау рæсугъд, дæуау адджын*
*Ирон лæгæн æндæр бæстæ, зæгъут мын æй?!*[*]

Аивады кусæг йæхи шаблонæй куы хиза, уæд, æвзонг уа æви фæлтæрд, йæ уацмыстæй, абон уа æви сом, аивадуарзджыты зæрдæтыл æнæмæнг рауадздзæнис зæйтæ, цины зæйтæ. Уый цъус нæу. Нæдæр æнцон у.

Æнцон нæу Леонидæн дæр. Фæлæ йæм тырнын хъæуы. Æмæ йæм тырны, поэзийы фыццаг къахдзæфтæ кæнын куы райдыдта, уæдæй фæстæмæ. Куыст дæр, цард дæр, æнтыст дæр агургæйæ сты. Агургæйæ æмæ аргæйæ. Нæ поэты къухы уымæн бафтынц.

Сусæггаг нæ никæмæн у, царды сой кæд куысты ис, уæддæр ыл аивадон уацмыстæ фæлдисын æнцон кæй нæу.

---

[*] Уый дæр уым, 7-æм фарс.

Бирæ стыр курдиæтты къухы дæр æнцонæй нæ фефты. Фылдæры къухы та бынтондæр нæ бафты.

Леониды къухы бафтыд йе 'мдзæвгæ «Куыройгæсы зарæг»-æй, кæд дзы сæрæй кæронмæ куыройгæсы куысты æууæлтæ не 'вдисы , нæ сæ конкретизаци кæны, уæддæр.

Байхъусæм ын йæхимæ:

*Æз æрвылхатт къæркъæрагмæ*
*Хъусын æмæ зары афтæ:*
*«Никæмæй дæ цауддæр 'мæ дæм*
*Чызджытæ цы хæссынц фаутæ...*

*Базæронд, дам, дæ. Дæ сæрыл*
*Иу æрду нæ баззад саухæй.*
*Уый зонæг сæ нæй, кæй ысты*
*Урс-урсид хæмпус ыссадæй.*

*Уый зонæг сæ нæй, дæ риуы*
*Усгуры зæрдæ кæй дарыс,*
*Æмæ уыцы худгæ хуртæй*
*Иуæн ды дæ уд кæй хъарыс...»*

*...Афтæ мын æхсæвæй-бонæй*
*Зары къæркъæраг, æнкъуысы.*
*Фæлæ нæй, йæ фæлмæн зарæг*
*Иунæг чызгмæ дæр нæ хъуысы.**

Ам æмдзæвгæ рамбылдта, сыгъдæг фæллой, стыр уарзт æмæ фæлмæн юмор кæй сиу сты, уый фæрцы. Уыдон иууылдæр цæуынц æнæкъæм удæй. Сыгъдæг чи æмæ цы сты, уыдон та агурынц сыгъдæг бынат, æмæ уыцы сыгъдæг бынат у поэзи. Уымæн æм тырны поэт.

Харебаты Леониды фыццаг чиныг «Æхсæрдзæн»-ы тыххæй зынгæ ирон поэт, тæлмацгæнæг æмæ критик Бестауты Гиуæрги уый тыххæй загъта: «Æмбырдгонды хуыздæр миниуджытæн сæ иу у йæ цардбæллон зæрдæйы уаг. Поэт

* Уый дæр уым, 44-æм фарс.

уарзы цард, хуры рухс, дидинджыты мидбылхудт. Дуджы иумæйаг комулæфт, советон адæймаджы хъæлдзæг зæрдæйы уаг фылдæр хатт фæзыны йæ поэтикон ахорæнтыл, ратты сын цардхъом хуыз»[*]*.

Гиуæрги æнæхъуаджы æппæлдыл чъынды кæй уыдис, уый чи зоны, уымæн æнцон рахатæн у, æвзонг поэты фыццаг æмбырдгондæй цæмæн афтæ загъта. Уыдон ын чиныг йæхæдæг зæгъын кодта. Фæлæ йæм уыцы хъуыды сæвзæрд растæй, поэзийыл хъуыдыгæнгæйæ æмæ поэзи арф зонгæйæ.

Дзырд дæр ыл нæй, Леониды фыццаг чиныг «Æхсæрдзæн», фылдæр хатт райдайгæ авторы уацмыстæ куыд вæййынц, афтæ нæ баззад æнæкъуыхдзытæ. Адæймаджы хъус дзы ахсы шаблон дæр, искæй фæзмын дæр, ритмикон, рифмæйон къуыхдзытæ дæр, риторикон ныхас дæр… Фæлæ æвзонг поэтæй сæйраг уыдон не сты.

Харебаты Леонидæн йæ фыццаг поэтикон æмбырдгондæй, Бестауты Гиуæргийы загъдау, фæбæрæг, кæй «уарзы кусын, архайы ирон поэзийы хæрзиуджытæ фæфылдæр кæныныл».

Уыцы хæрзиуджытæ йæ дарддæры чингуыты рæзтысты, кодтой уæрæхдæр, арфдæр, нуарджындæр æмæ ирддæр.

Уыцы дзуринæгтæн сæ сæйраджы сæйраг уыд æмæ у Фыдызæхх. Йæ фыдæлты хуыздæр цардæнхъæл хауæггаг кæмæн фесты, фæстæмæ йæм æрыздæхынмæ сæ былты цъæрттæ кæмæ хордтой æмæ сæ фæдон кæмæ æрцыд, уыцы Фыдызæхх:

*Дæумæ мæ зæрдæ, маргъау тахтис,*
*Дæумæ, мæ рухс фыдæлты къуым!*
*Дзырдтон: мæ фыдызæххыл ногæй*
*Кæндзынæн хуым, кæндзынæн хуым.*

*Мæ цин мын риуыл арт æфтыдта.*
*Мæ зæрдæйæн йæ худын цыд.*
*Æз хъуыстон хæхты джис-хъус дзурын:*
*«Нæ фырт æрцыд, нæ фырт æрцыд!».*

*Æз загътон уæд: нæ хæхтæн хъуамæ*

---

[*] * Журнал «Фидиуæг», 1961, №12, 83-æм фарс.

*Мæ туджы цъыртт ысуа сæ уарт,*
*Æмæ та ног фыдæлты зæххыл*
*Ыскодтон арт, ыскодтон арт!.*[*]

(«Фыдызæхх»)

Уынынмæ йæм мыййаг, не ‘рцыд. Нæ поэзийы «блудный сыны» æрыздæхт фылдæр афтæ вæййы. Исты фенынмæ, йæ рæсугъддзинадыл ын фæрайынмæ туристтæ фылдæр цæуынц, дæрдтылдæр æрзилынц, фæлæ Харебайыфырты æмдзæвгæйы хорздзинад уый у, йæ фыдæлты уæзæгмæ, ногæй дзы билцъ ауадзынмæ кæй æрыздæхт: «кæндзынæн хуым, кæндзынæн хуым», хæхтæн æрмæст йæхæдæг нæ, фæлæ хъуамæ йæ «туджы цъыртт ысуа сæ уарт». Æмдзæвгæйы уый у сæйраг, ногæй та фыдæлты зæххыл уый тыххæй ыскодта арт.

Уымæн æндæр гæнæн нæй, лирикон хъайтарæн зæххы цъарыл йæ фыды уæзæг, Ирыстонæй рæсугъддæр куыд ницы ис, афтæ. Æрмæстдæр иунæг уый фендæй йæ «зæрдæйыл зæйтæ рацыд, цины зæйтæ». Æрмæстдæр ын уый урссæр хох у «Иры зæххы æргъæу мæсыг», æмæ йæ куыннæ хъуамæ уарза, цард дзы куыннæ хъуамæ æндидзын кæна.

Поэт уарзы æмæ йæ бæллиц у, «хуры тынтау, хæхтыл амонд тауын», уый та алы æмбаргæ адæймаджы хæс дæр у. Куы дæ фæнда, де ‘гъуыстаджы райдзаст къуымæн йæ цинæй райай, уæд ын уыцы циндзинад хæссын хъæуы. Царды уыцы æгъдауæн фæивæн нæй. Нæдæр дзы хи атонæн ис. Лирикон хъайтар йæ Фыдызæххæн, ардхæрæгау уымæн уырнын кæны: «Уарзын, мыдыбындзау, Иры чыргъæдмæ мыд хæссын» («Уарзын»); «Æз дæ къæбицмæ, Кусæг цъæх мæлдзыгау, Алхатт хæсдзынæн Æргъом» («Ирыстон»).

Леонид хорз зоны – стырзæрдæ адæймаг стыр цæф æййафы. Нæ кады, тыхы сæрылхаст фыдæлтæ сæ хъаруйæн рафтынæй кæй нæ тарстысты, тыхгæнæг сыл тых кæй нæ ардта, уый зæрдæ сæ фæсайдта. Сæ дардыл быдыртæ æмæ хæтæнтæ уымæн æрбауынгæг сты. Сæ зæххы гæппæлтæ дæр нын цæмæй нæ къæхты бынæй фелвасой, уый тыххæй

[*] Харебаты Леонид. Мæ уарзт. – Цхинвал, 1964, 4-æм фарс.

лæбурынц æлвæст кæрдтимæ. Фæлæ уымæн нал ис æруадзæн:

*Авгау нæ тарстæ,*
*Мæ фыдæл, дæ зæххæн,*
*Æмæ нызгъæлæнтæ –*
*‘Рхаудта дæ къухæй...*
*Æз ныр йæ пырхæнтыл*
*Цæссыгкалгæ зилын*
*Æмæ сæ уидзын...**
(«Авгау нæ тарстæ…»)

Уый у поэты сагъæс. Æниу, йæхи æцæг ирон адæймаг, Ирыстоны патриот чи хоны, уыдонæй алкæй сагъæс дæр хъуамæ уаид. Иу, йæ Райгуырæн бæстæ аныхъуырынмæ чи хъавы, ахæмты не ‘ндавы. Фæлæ поэт уыдон нæ фæзмы. Тынг æй фæнды, уарзон Ирыстонæн йæ риуæй уарт куы саразид, йæ зæрдæйы сагъæстæ йын кæронмæ куы фæуаид дзырд («Æндæр у мæ сагъæс»). Уыцы сагъæстæн сæ хъаймагдæртæ сты æртæ хорзы. Уыдон цалынмæ йæ уды цæуой æмæ цæрой, уæдмæ никæмæ ницæмæй тæхуды кæндзæнис. Алы зынил дæр хъæцдзæнис. Мæгуыр дæр уæд. Сау къæбæр дæр цæссыгимæ хæрæд. Ахуыр сыл у йæ хъуыр. Уыцы «æртæ хорз»-ы йын йæ удæй зынаргъдæр сты. Уыдон цур æм зындзинад зын нæ кæсы. Уыдонимæ алы фыд дæр сфæраздзæнис:

Фæлæ æз цы хæрзтæ хæссын риуы:

*Ме ‘взаг,*
*Уарзт*
*Æмæ мæ Зæхх!*
*Никæд сæ нæ бауадздзынæн чиуын,*
*Рохуаты сыл никуы ‘рцæудзæн зæгъ.*

*Уарзонад мыл уарзоны цæстытæй*
*Бафтауы æгæрон ныфс, уæлтых.*
*Æз цыфæнды ма цæрон мæстыты,*

---

* Харебаты Леонид. Æндæр у мæ сагъæс. – Цхинвал, 1968, 51-æм фарс.

*Бавæййы æвдæвæр уæд мæ тых.*

*Ме 'взаг тохты мин-мин азы сæрыд,*
*Удæндонау туджимæ æхсыст...*
*Цалынмæ йын худ хæссон мæ сæрыл,*
*Никæд æм æрхаудзæни ысхуыст.*

*Уæд мæ Зæхх, мæ мæсыгджын фæллад Зæхх,*
*Ник[illegible]ысдзæн йæ рухс.*
*Атыхсон дыл, тагъд мæ размæ ратæх,*
*Арвæрон дæ пух риуыл мæ рус!*[*]

(«Æртæ хорзы»)

Ирыстоны зæхх, мадау, йæ размæ кæй нæ ратæхдзæнис, йæ пух риу æм кæй нæ бадардзæнис – атыхс мыл, авæр мыл дæр ус, зæгъгæ, уый фидарæй зонæм. Царды объективон фæткойтæм гæсгæ лирикон хъайтар хъуамæ атæха йæ размæ. Æмбæлгæ дæр афтæ кæны. Хъæбул атæхы мады хъæбысмæ.

Фæлæ Леонидмæ поэзийы дæр, прозæйы дæр иу мини-уæг ис – цыдæр скæрддзæн, йæхицæн æй бауырнын кæн-дзæн, æмæ йæ стæй дæуæн дæр уырнын кæны.

Уый афтæ хъуамæ уа. Дæлæ-уæлæ чи кæны, уый йæхæ-дæг йе 'ууæнды йæхиуыл. Йæхиуыл чи не 'ууæнды, ууыл исчи дæр нæ баууæнддзæнис. Фыссæгыл та йæ чиныгкæс-джыты раз уæлдай стырдæр хæс ис. Йæ иунæг дзырд , йæ иунæг хъуыдыйыл дæр ын куы дызæрдыг кæнай, уæд хауы зæрдæйæ. Йæ уацмыстæм ын дызæрдыггæнгæ кæсынц.

Æндæр хъуыддаг у, адæймаг йæ ныхасыл йæхæдæг куы æууæнда. Уæд æм исчи дæр æрыхъусы. Уый тыххæй нæ уырны «Ирыстоны мады монолог». Æртындæс коммуна-рæн 1920-æм азы нæ цыфыддæр знæгтæ Згъудеры къуылдымыл сæ хуры рухс куы ахуыссын кодтой, уæд Ирыстоны мады зæрдæ фæцис æртындæс цæфы. Арв ыл æрталынг æртындæс хатты. Уыдонæй йæ цæст ныкъулгæ дæр ничи 'ркодта «æртындæсæй æртындæс топпы раз».

[*] Харебаты Леонид. Мæ уды сагъæстæ. – Цхинвал, 1981, 9-æм фарс.

*Мæлæт уыдта: уæ царды таг ыскъуыйы,*
*Фæлæ уæ ничи равдыста йæ рис.*
*Æртындæс хатты уыцы бон Мæскуыйы*
*Æртындæс цæфы Ленин дæр фæцис.*

*Уæ бæсты уый мæн иста не знаг милмæ,*
*Мæ фæйнæгфарс, мæ зынгхуыст хуртæ, уæд.*
*Мæсты мæм уыд, кæй уæ радтон æз минтæй,*
*Кæі [illegible] п маст æмæ æфхæрд.*
*……………………………………………*
*Æртындæс цæфы у мæнæн мæ зæрдæ,*
*Æртындæс раны у ныр дæр хъæдгом.*
*Æртындæсæй мæ рагуалдзæджы ‘взартæ*
*Æртындæс хурыл бафыстой сæ ном.**

Æцæгæй, æртындæс коммунарыл цы нæмгуытæ сæмбæлдис, уыдон рис Мæскуыйы Ленин нæ, фæлæ ирон адæм, куыд æмбæлы, афтæ нæ зæрдæтыл куы бадардтаиккам, нæ хъайтарты нæмттæ, кæд хуртыл нæ, нæ ныхтыл сæ уæддæр куы ныффыстаиккам, уæд абон гуырдзиаг-ирон хæст кæнæ бынтондæр нæ уыдаид, кæнæ йæ фæстиуджытæ зыбыты æндæрхуызон уыдаиккой.

Фæлæ æмдзæвгæйы тых уæддæр уым ис, æмæ нæ уырны поэты ныхас. Йе ‘цæг рæстдзинадæй, æртындæс комунары амард цытæ расайдта, уыцы æцæгдзинадæй нæ, фæлæ куыд хъуамæ уыдаид – сæ мæлæтæй Ирыстонæй Мæскуымæ алчи дæр кæй хъуамæ ныррызтаид, уымæй. Фыссæг Хацырты Сергей дзы уымæн загъта: «Æмдзæвгæ «Ирыстоны-мады монолог» у поэтикон гимн, сæрибардзинады сæрыл тохы гимн. Афтæ мæм мæ зæрдæ дзуры, æмæ Харебаты Леонид иунæг ацы æмдзæвгæйы йеддæмæ куы ницы ныффыстаид, уæддæр йæ ном литературæйы баззадаид поэтæй»**.

Сергейы хъуыдыйы рæстдзинад бæлвырд кæнынæл не схæцдзынæн. Уый ам ницæмæн хъæуы. Сæйраг уый у, фыс-

* Харебаты Леонид. Цин æмæ сагъæс. – Цхинвал, 1987, 144-æм фарс.
* * Журнал «Фидиуæг», 1984, №12, 36-æм фарс.

сæг фыссæджы уацмысæн ахæм аргъ куы скæна, уæд уымæй стырдæр дзырдтæм æнхъæлмæ кæсæн нал ис. Леонидмæ та уыцы уацмыстæ райгуырынц Ирыстоны уарзтæй.

Уыцы уарзт æй сдзурын кодта гуырдзиаг-ирон хæсты рæстæджы, гуырдзиаг адæм ирон адæмæн цы фыддзинæдтæ арæзтой, уыдон ныхмæ дæр. Æмæ æнæсдзургæ цы уыдис, уыдон æнахъинон митæм кæсгæйæ. Æрмæст, сæ ныхмæ чи лæууы, Ирыстонмæ сæ чи нæ уагъта, уыцы хæстонты нæ мардтой. Ирон у саби уа æви зæронд, нæлгоймаг уа æви сылгоймаг – мардтой алкæй дæр. Поэты зæрдæ баризын кодта, гуырдзиаг куыйдзых Цхинвалы районы Хелцуайы цæрæг зæронд усы къухыл сыгъзæрин къухдарæн куы ауыдта, уæд æм куыд фæлæбурдта: æфтауын ын куыннæ куымдта, уæд æнгуылдз куыд ахауын кодта. Уый тыххæй фæрсы лæгмары мады дисгæнгæ, ома, ау, ахæм тугхор мады гуыбыны сæвзæрд: «Дзидзи йын искуы дардтай?»

*Ныр цы къухдарæн бакæныс, –*
*Никуы дæ судзы й'азар?!*
*Цал дæм æрхаста ахæмтæ,*
*Цалæй дзы кæныс базар?*[*]
(«Къухдарæн»)

Лæгмары мады поэт бæргæ фæрсы, ома, дæ фыртæн: «Адæймаг у Хуыцауы сконд», – Искуы йын цымæ загътай?!» Фæлæ уый риторикон фарст у. Гуырдзиаг мад дæр ын нæ хъавы дзуапп раттынмæ. Уый бæсты, йæ хъæбул кæй цæгъды, уыцы æнæхотых, æдых æмæ зæрæдты рæсугъдгæнæнтæй хъал кæндзæнис йæхи, кæндзæнис сæ базар. Фæлæ цъæх арвы бын сусæг куыд ницы кæны, афтæ дзы фыддзинад дæр нæ тайы:

*Мады бавæрдтой... æнгуылдз та*
*Къухдарæнагур зилы...*
*Гуырдзиаг мады фенгæйæ,*

---

[*] Авторты коллектив. Риссаг зарæг. – Цхинвал, 1998, 54-æм фарс.

*«Багъæц-ма!» – йæхи стилы…*

Нæ фыд-знæгтæн алы ироны тыххæй дæр се тæртты марæн кæрдтæ æмбæхст сты. Уыдон хорз зоны поэт. Æнæзындгонд нæ уыдысты нæ фыдбоны разамонджытæ, нæ хъысмæт аскъуыддзаг кæнын цы удхортæм хаудта, уыцы Миша Горбачевтæ, Борис Ельцинтæ, Шеварднадзетæ æмæ уыдон хуызæттæн. Фæлæ сын адæмы тугæй дойны уыд æмæ у. Уымæн калд æмæ кæлы ирон туг æнæвгъау:

*Дысон та Хуссары иу ирон райгуырд:*
*Ис ын [illegible] марæн кард агуырд!*
*Топпы хъæр хъуысы,*
*Зæхх æнкъуысы.*

*Дысон та здыйы их уарыд нæ сæртыл,*
*Иу дæр дзы не 'рхаудта лигъдон-æвзæртыл,*
*Топпы хъæр хъуысы,*
*Зæхх æнкъуысы.*
*…………………………………………..*
*Чидæртæ хъарм уæтты мах сæрыл «дзурынц».*
*Ам та нæ куыйдзыхтæ мингæйттæй сурынц,*
*Топпы хъæр хъуысы,*
*Зæхх æнкъуысы.**

(«Дысон та…»)

Адæмы сæрыл дзурæг куынæ вæййы, уæд æвæлтæрд цардцухты фæхъæуы мæлын. Уымæн æмæ: «Гуырдзиаг ироны йæ мардæн фæлдисы, Нæ хицау та махæн куырмы хуыз æвдисы. Нæ туг нын гуырдзиаг æхсныфæй нуазы, Нæ хицау та махæн фынæй кæны базыл» («Абон»), фæлæ поэт куыд зæгъы, афтæ фынæй дæр нæ уыд нæ уæды хицау – ССР Цæдисы фыдбоны Президент Горбачев. Адæмы, рæстаг адæмы тугæй ласын кодта æмæ фæласын кодта Советон Цæдисы. Уæд Букуылты Маиры хуызæн лæпputæ сæ сæртæ нывондæн æрхæссынц сæ райгуырæн бæстæйæн:

*– Кæм дын риссы, уый ма мын равдис, мæ Ир! –*

---

* Уый дæр уым, 52-æм фарсы.

*Æрфарста йæ Иры цæхæрцæст Маир. –*
*Дæу тыххæй цæттæ дæн мæлынмæ, мæ Ир! –*
*Æмæ уæд ысласта йæ цыргъ кард Маир!..*

*Цæв, ма тыхс, ызнагæн йæ уидаг ыскъах,*
*Дæ зæххыл дæ, Маир, дæ фарсмæ стæм мах!*
*Арт уагъта йæ удæй зынгзæрдæ Маир.*
*Мард химидæг цинæй Маирæн йæ Ир!*
(«Фæдисонты сидт»)

Фæлæ иуæн – дыvvæ æфсад. Уæлдайдæр, уыдон – хотыхджын, дæу æнæхъуыдæй куы æрæйййафой, уæд. Ирон цардбæллон лæппу сæ къухмæ куы бахауд, уæд æй æвирхъау мардæй уымæн амардтой, арты йæ уымæн басыгътой. Æмæ поэт Харебаты Леонид æмдзæвгæйæн сарæзта, зæрдæ кæмæй банкъуысы, ахæм кæрон:

*– Дæ ристæ дын хъуамæ æз сисон, мæ Ир! –*
*Фыдмардæй мæлгæйæ, хъæр кодта Маир.*
*– Кæм дын риссы? – фарста Маиры йæ Ир?*
*– Æз иууылдæр риссын дæу тыххæй, мæ Ир!*

Ахæм уарзтæй куы уарза адæймаг йæ Фыдызæхх, уæд йæ бон бирæ у. Поэт æй уарзы ахæм уарзтæй. Æнæуый йын нæй æнцойдзинад. Стæй цард дæр. Æмæ диссаг нæу, æппынæдзух йæ цины дæр, йæ хъыджы дæр уый уацары кæй ис:

*Сабыргай мæ риуы уарзондзинад амард,*
*Сабыргай мæ цурæй, ахъуыззыди, адард.*
*Ныр мæ риуы уый хыгъд судзгæ сагъæс бацард:*
*Иры Зæхх, æрмæст ма, дæн дæуæн дæ уацар!**
(«Сабыргай»)

Амонды, стыр амонды хъуыддаг у раттæг адæм, Фыдызæхх, фарны уацары уæвын. Фæлæ дæ уыцы уарзт æцæг уацайраг ма хъуамæ кæна. Фыдгæнддзинад, фыдмитыл дæ ма хъуамæ ардауа. Искæуыл арт æндзарын, туджы леуахитæн

* Уый дæр уым, 49-æм фарс.

ӕй ласын кӕнынӕй амонд ничи ары. Ӕмӕ поэт йӕ чиныгкӕсӕджы ахуыр кӕны, цӕмӕй йӕ фыдӕлты зӕхмӕ ма кӕса ӕцӕгӕлон цӕстӕй, ма йын ӕвгъау кӕна, йӕ уды ӕвӕджиагӕй цы ис, уыдон. Ӕрмӕст уӕд бауыдзӕнис йӕ бон, цӕмӕй йын бафидӕм йӕ хӕрзтӕ ӕмӕ йӕ нӕ зӕрдӕты хӕссӕм, судзгӕ цырагъау.

Бирӕ уарзын чи зоны, уымӕн йе 'нӕуынондзинад дӕр бирӕ вӕййы. Ирыстоныл сайдӕй чи цӕуы, йӕхи дзыппы, йӕ гуыбыны цӕстӕй йӕм чи кӕсы, ироны сӕфтмӕ чи бӕллы, «Нӕ, ӕз дӕуӕй лӕгдӕр дӕн!» – чи хъӕр кӕны, уыдон, ӕгӕрыс[illegible], [illegible]ӕ нӕ, фӕлӕ йӕ ахсджиӕгтӕ куы уой, уӕддӕр сӕм уымӕн кӕсы ӕнӕуынон цӕстӕй:

*Мах хуызӕн а зӕхмӕ не 'рцӕудзӕн адӕм:*
*Никуы ма бахордтам не 'хсӕвӕр адӕн.*

*«Уый нын кӕм ралӕг ис, уымӕн цӕмӕн ис?» –*
*Дардмӕ, дзӕнгӕрӕгау, хъуысы нӕ фӕдис.*

*Чи куыдз у, чи хӕрӕг, чи слӕууыд къахыл?!*
*Уайтагъд ын арф ингӕн райдайӕм къахын..*

*Уайтагъд нӕ хионы хурхӕй ныммарӕм…*
*Мах стӕм раст адӕм, уалтӕ нӕ барӕм.*

*Уыйхыгъд хӕддзуйӕн – нӕ риуыл йӕ фӕндаг,*
*Бар ын ис: рафтауӕд не 'хсӕн йӕ дӕндаг.*

*Не стыр сӕртӕ йын мах бандонӕн дарӕм,*
*«Кусынц» нын махӕн дӕр, уый бӕрц ӕмбарӕм.*[*]

(«Мах хуызӕн»)

Ацы ӕмдзӕвгӕ «политикон гимн» дӕр нӕу ӕмӕ «Сабырдзинады сӕрыл гимн» дӕр. Уӕдӕ дзы ӕнӕфенддаджы поэтикон фӕзилӕнтӕ ӕмӕ кӕлӕнтӕ дӕр не сты ӕмбӕхст. Уыйхыгъд царды рӕстдзинадӕй афтӕ

[*] Харебаты Леонид. Цин ӕмӕ сагъӕс. – Ирыстон, 1987, 164-ӕм фарс.

едзаг у, ирон уды æппæрццаг миниуджытæ дзы афтæ ирдæй зынынц, фæлмæн ирони дзы, суадонау, афтæ хъары, æмæ дæ бон нæ бауыдзæнис, æрдæгкастæй йæ ныууадзай.

*Уадз, уый нæ туг нын æхсныфæй нуазæд,*
*Иу, æрмæст, ма схъыг уæд Ирæн йæ уæзæг.*

*Мах хуызæн а зæхмæ не 'рхаудзæн адæм:*
*Хи фаг куы фехсынæм, гъеуæд æрбадæм.*
*Мах ыстæм раст адæм, уалтæ нæ барæм,*
*Иры [illegible]арæн дарæм.*

*Мах хуызæн а зæхмæ не 'рцæудзæн адæм:*
*Кусæм, нæ кæрдтимæ, уæгъды нæ бадæм.*

*Мах ыстæм раст адæм, не 'гъдау нæ бар у!*
*Хи ныхмæ не сысы тохы нæ хъару...*

Леониды поэзийы поэтикон рæнхъ кæнæ хъуыдыуат æнæнхъæлæджы фескъуыйа; фæлхатт кæнын; ритм кæм хъæуы, кæм нæ хъæуы, уым æй æрбайхала; ирони фæлмæн юморæй сатирæмæ ахиза, кæнæ – иннæрдæм, классикон рифмæтæ урс æмдзæвгæтæй фæивын æмæ æндæр ахæм хабæрттыл зын сæмбæлæн нæу. Лæмбынæг сæм дæ хъус куы æрдарай, уæд сæ аразы зонгæ-зонын. Уыдон ын систы цахæмдæр сæхихуызон аивадон амæлтты æнгæс. Дзурæг сты поэты удыхъæд, йæ темпераментыл, йæ ныхасы амадыл.

Хицæн бынæттæ фæлхатт кæнынæй дарддæр ацы уацмыс цыма иннæ хабæрттæй хызт у, уæддæр дзы зыны поэты уд. Уд цы æмдзæвгæйы уа, уый та æмбæлы зæрдæйыл. Уæлдайдæр, судзаг фарстыл дзурæг куы уа, уæд.

Æмбæстагон темæйыл фыст уацмыстæ чиныгкæсджыты зæрдæтæм ииуыл тынгдæр цæй тыххæй фæарынц фæндаг, уыдонæй иу миниуæг у, адæймаджы уды рис аивады хуызы кæй равдисы йæхи, уый. Ацы æмдзæвгæйæ историон зонæдты доктор, академик, Республикæ Хуссар Ирыстоны фыццаг Президент Цыбырты Людвиг уымæн загъта: «В мае

1986 г. Леонид Харебов подарил мне свой поэтический сборник. В книге мое внимание особенно привлекло стихотворение «Мах хуызæн», где говорилось о том, как мы, осетины, беспощадны друг другу, о том, как не бережем друг друга, как нетерпеливы к тем, кто из нашей среды возвышается над ординаром, и в то же время мы – на унижение себе – из пришельцев, даже недостойных, творим кумиров…

На второй день я показал книгу В.И. Абаеву, зачитал понравившиеся мне стихотворения. Ученый буквально просиял. Распросив меня об авторе, Василий Иванович сказал: «Какой молодец! Как метко подметил наш национальный недостаток». Книгу попросил оставить ему. Через пару дней при новой встрече он декломировал стихотворение на память».*

Кæд, «подметил» наш национальный недостаток», уæддæр «молодец» разынд. Ефрейторы «молодецы» тыххæй та ирон иу аз фылдæр баслужбæ кодта æфсады. Йæ хистæр дзы афтæ кæй фæбузныг – «молодец», зæгъгæ, уый фæстæ фефсæрм кодта йе ‘фсæддон хæс ахицæн кæныны фæстæ æвиппайды йæ хæдзар бацагурын. Йæ «молодец» бафидар кодта ноджы иу аз гуыбыны хæлцыл службæйæ.

Махæй иу зæрдæзæгъгæ рæнхъ чи ныффыссы, уый цæрæнбонты йæ сæр бæрзæндты фæхæссы, афтæмæй ныл ницы-мацыты аивгъуыйы нæ цард.

Леонидæн уыцы чиныджы æндæр æмдзæвгætæ цъус нæ уыд. Сæ иу – «Абайты Уассойæн»-ы тыххæй Людвиг афтæ зæгъы: «Кстати, в том же сборнике было помещено другое стихотворение, посвященное В.И. Абаеву с удивительным проникновением поэта в творческую технологию ученого, представленного, как рачительный хозяин, который собирает оставленное нам предками наследство – разбросанное, растоптанное, в грязевых наслоениях».**

Æмдзæвгæ стыр нæу, æмæ йæм æнæхъæнæй æркæсæм, цæмæй кæсæгæн фадат уа, Васо æнæкæсгæйæ кæй сахуыр

---

* Чибиров Л.А. Встречи с Васо Абаевым, – Ир, 2000, 64-æм фарс.

** Уый дæр уым, 65-æм фарс.

кодта æмæ буцæн кæй дзырдта, уыцы æмдзæвгæ «Мах хуызæн»-имæ йæ абарын:

*Бацыд Иры фарн лæджы хуызы*
*Æмæ ирон дзырдтæ*
*Иры згъæлæнты,*
*Налхъуыт дуртау, уидзы æмæ*
*Йæ къухы ирон дзырд*
*Æндидзы, æндидзы, æндидзы…*
*Мин азты Ир цæмæ куывта,*
*Уый йын йе стыр фарн радта…*
*Афтæ, урс хæхтау, фарны лæг*
*Ирон дзырдтæ фатдзæф,*
*Нæмыгдзæфтæй уидзы.*
*Цинæй йæ цæссыг æрхъуызы…*
*Цинæй йæ уарзон уд сризы…*
*Æмæ уидзы…*
*Æмæ уидзы…*
*Ирон дзырдтæ пырхгонд Иры уидзы*
*Æмæ сæ кæрæдзийыл æмпъузы,*
*æмпъузы,*
*æмпъузы…*[1]

Адæймаг хиуарзон у. Уыцы æмдзæвгæйыл дæр кæй æрхæцыд Васойы цæст, уый дызæрдыггаг нæу. Цыбыры-фырт дæр йæ кой арæхстгай кæны – « … проникновением поэта в творческую технологию ученного», стæй дзы хæссы цæвиттон, æмæ ууыл фæци ныхас.

Уый хуымæджы нæу. Фыццаг æмдзæвгæ æрмæст йæ поэтикон арæзт æмæ фæлыстæй не ‘мбулы, фæлæ царды рæстдзинад æмæ йе ‘хсарджын ныхасæй дæр.

Уыдон æй кæнынц зæрдæмæдзæугæ. Дзырдыл æфсæн хъадамантæ æвæрд нал уыд, фæлæ уыцы сæрибардзинадæй бирæтæ абон дæр тæрсгæ кæнынц.

[1] Харебаты Леонид. Мæ уды сагъæстæ, Цхинвал, 1981, 22-æм фарс.

Адæймаджы зæрдæ та агайы æрмстдæр рæстаг, кырыхон кæнæ цыргъзонд ныхас; куыйтæ кæй ныскъуыдтæ кодтой, ахæм нæ, фæлæ ног хъуыды.

Æмдзæвгæ «Мах хуызæн» ахæм у. Людвиджы, стæй та Васойы зæрдæмæ уымæн фæцыд, Ирыстоны æцæг хъæбултæй алкæй зæрдæйы судзагдæр фарстытæй кæй у. Ахæм уацмысæн зæрдæзæгъгæ фидæн вæйййы. Алы фыссæг дæр йæ уд уымæн фæхъары, йæ Фыдыбæстæ, йæ раттæг адæм цæмæй хъæрзынц, рухс фидæнмæ акъахдзæф кæнынæн сæ цы хъыгдары, уыцы риссаг фарстытыл æрдзурын æмæ сæ йæ дзыллæйы фæндиаг аскъуыддзаг кæнынмæ. Харебаты Леониды сфæлдыстады судзагдæр фарстытæй, йе ‘ртæ хорзæй иу æвзаг, ирон æвзаджы хъысмæт хуымæтæджы нæу.

Ædылыдзинад бирæмæ Хуыцауы хорзæх кæсы. Уый та дæлимоны удв[illegible] адæмæй кæй сæры фæкуысси вæйййы, уыдон тынг бирæйæ сæхи ирон æвзагæн кæй фæхицау кæнынц, æрра цуанон йæ комыфынк калгæ холы алырдæмыты куыд фæраскъуын-баскъуын кæны, афтæ йæ кæй фæрайваз-байваз кæнынц, уый хуымæтæджы нæу. Уæйййаг адæймаджы чи балхæны, уый куыд фæнды, афтæ йæ фæкафын кæны. Æмæ нын нæ фыдæлтæй баззайгæ иууыл стырдæр фарн ферох кæныныл чи архайынц, комгай, хъæугай нын æй чи дих кæнынц, цæмæй иу хæдзары бинонтæ дæр æнæтæлмацгæнæг сæ кæрæдзи мауал æмбарой, сæхи уæцъæфтæ та цæмæй адджын гуккутæй æфсæст уой, уый тыххæй, цы амонд нын скарстой, уый хъуамæ рæстæгыл бауæм – ныйййиугай уæм, æмæ не знæгты хъуыры аирвæзæм.

Уыцы проблемæ абон нæ фæзынд. Нæ фыдызнæгтæ йыл цæргæ-цæрæнбонты куыстой æмæ кусынц. Уæдæ, Харебаты Леониды æртæ аудинаг фарстмæ мадæлон æвзаджы хъысмæт хуымæтæджы нæ бахауд. Рæстæггай йæм ног æмæ ногæй æнæнхъæлæджы не ‘рыздæхы.

Уыцы темæйыл йе ’мдзæвгæтæ хицæн æмæ хицæн рæстæджыты фыст сты. Сæ поэтикæмæ гæсгæ сæ аивадон æмвæзад дæр æндæр æмæ æндæрхуызæттæ сты. Фæлæ дзы иухуызон ис иу хъуыддаг – сæйраг хъуыддаг: се ‘ппæты дæр дзырд цæуы мадæлон æвзаг æгæрон уарзтæй

уарзыныл. Поэт йæ фыртæн уымæн дзуры, зæгъгæ, алцы дæр ферох кæн: куыд дæ уарзтон, мæ къухтыл дæ куыд хастон, дæу стъалытыл, хуртыл куыд барстон, мæ комдзаг дæр дæ дзыхы кæй тъыстон, рацу комдзог, æз мæ фыдбойнаг царды цы фыстон, уыдоныл…

*Иунæг иу фæдзæхст дар мын дæ зæрдыл:*
*Уарз ирон æвзаг, ма йæ дар фæсфæд.*
*У æнувыд нæртондæр æвзæгтыл,*
*Фæлæ ку, лæппу, уæд ды мæ мардыл,*
*Ды дæ мадæй: «Мæ мад нæу», – куы зæгъай,*
*Æмæ де 'взаджы цаудæй куы фауай.*

*Кæд ды не 'рдарай мурмæ мæ катай,*
*У хуыздæр, æмæ а-зæххыл ма уай*.**
(«Мæ фыртмæ»)

Поэт цы «æртæ хорзы» кой кæны, уыдон иууылдæр уарзтыл баст сты, – стæй цард æнæхъæнæй уарзтыл баст у, æнæуый цард нæй, – æмæ уыцы «æртæ хорзы» дæр сты æртæ уарзты: Фыдызæххы уарзт, мадæлон æвзаджы уарзт, сылгоймаджы уарзт. Фæлæ сылгоймаджы уарзт дæр цалдæр дихы кæны. Æмæ Леонидæн уыдонæй фыццаг ракой кæнинаг у мады уарзт.

Фыссæг æнахъом сабийæ кæй фæцух мады, стæй та фыды рæвдыдæй, уый йæ зæрдæйы баззад æргом хъæдгомы хуызæнæй. Æвæццæгæн, иу æмæ дыууæ хатты нæ кастис хæлæггæнгæ, йе 'мкарæнтыл-иу сæ ныййарджытæ куыд узæлыдысты. Уый йын нолжы ныхылдта йæ зæрдæйы хъæдгоммæ, мысыд йæ мад æмæ йæ фыды. Сæ уарзт йæ риуы сыгъд, артыл дымгæ куыд ныдзæва, уыйау.

Кæй зæрдæ нæ бангæстæ уыдзæнис «Мад» кæсгæйæ.

Æнахъом сабимæ йæ ныййарæг фыны куы фæзынд, йæ хъæбысмæ йæ рæвдаугæ куы систа, йæ хъус, – сырхуадул, цардæфсæст нæ, фæлæ – йæ хус рустæ йын йæ пъатæй куы æхсыдта, уæд сывæллон дис кæны: йæ мады цæссыг

* Уый дæр уым, 6-æм фарс.

цæмæн мизы; чи йын загъта, йæ фæстæ ногдыгъд æхсыр кæй нал федта, уæлахсджытæй йæм гæдыйы хай дæр кæй никуы уал æрхаудта; хус къæбæрæй дæр кæй никуы уал бафсæста йæ гуыбын? Афтæмæй сидзæры æнæхин «дистæй» базонæм, йæ ныййарæг мады фæстæ цы уынгæджы бонтæ тоны. Фæлæ уыдон йæхи дæр нал æндавынц. Уымæн, сидзæр сабийæн æндæр у йæ сагъæс:

*Раст дын загътой, цалдæр хатты «‘вастæй»*
*Алыгътæн дæ агурæг хъæуæй;*
*Æз, гыццы, куынæ ‘фсæдын дæ уарзтæй,*
*Уæд дæхи куыд бамбæхстай мæнæй...*[*]*

«Фын»-ы та сабимæ йæ буц мад куы ‘рцыд, уæд йæ худын, йæ кæл-кæл ыссыд. Ныххудти йæм дуне, ныййирд ыл «и дуне: кæцæйдæр æм дардæй» йæ «буц мад æрцыд»:

*Рæвдаугæ мæ сабыр йæ хъæбысмæ систа,*
*Мæ уадултыл хъавгæ æвæрдта йæ рус.*
*Ыстæй мæ фæдзæхста: «мæ зындзæрин хъæбул,*
*Дæ дыккаг мадмæ-иу, цы дын зæгъа, – хъус».*

*Цыдæр ма йæ дзурын, фæдзæхсын фæндыди,*
*Цыдæр ын кæронмæ нæ бантыст зæгъын.*
*«Кæрдзын» ын куы загътон, уæд фемæхст йæ цæссыг:*
*«Фæлæу уал, мæ хивæнд, уыдзæн дын кæрдзын...»*[*]

Йæ «хъарм мад» уыцы дзырдтимæ фæцæуæг, æмæ йæ тыхстмæ куынæ уал зыны, уæд сидзæрмæ афтæ кæсы, кæрдзын хæсгæйæ мады кæмдæр зымæг æрцахста.

«Нæма-иу æризæр, фæлæ-иу» саби сæ тыргъы тæгæл фынæй аци. Куыд фæнды уыдаид, уæддæр мадæй уым никуы айрох. Райсомæй-иу ын уатмæ хур йæ цæстытæ куы къахта, уæд та-иу ын аууæттæ скодта:

*...Уый афтæ уыд, афтæ, фæлæ та æз иу хатт*

---

[*] *Харебаты Леонид. Фæцис мæ уалдзæг. – Цхинвал, 1974, 105-æм фарс.
[*] Харебаты Леонид. Цин æмæ сагъæс. – Цхинвал, 1987, 255-æм фарс.

*Нæ тыргъы тæгыл фынæй адæн.*
*Нæ зонын нырма дæр, куыд уыдаид уый та,*
*Куыд ферох дæн уыцы ран мадæй.*

*«Нæ сыхæгтæм ауад, сусс, ма ку, фæзындзæн...»*
*Мæ мады файнуст-иу мæ сайдта.*
*«Куыд бирæ сæм бады?» – ыслæг дæн, уæддæр ма*
*Мæ зæрдæ цæмæдæр æхсайдта...***

Ныййарæгыл бирæ зæрдæмæдзæугæ æмдзæвгæтæ ныффыста Харебаты Леонид. Бирæ зæрдæскъæф æнкъарæнтæ, бирæ аив бынæттæ сæ ис, фæлæ иууыл тынгдæр æмбулынц – æцæг йе ‘мдзæвгæты фылдæр хай афтæ сты, – бæлвырд, æнæнхъæлæджы деталты фæрцы. Се ‘ппæты æрхæссыны фадат нæй, фæлæ дзы мæнæ цалдæр:

*Табæты сæр*
*Дзæбугæй хойынц...*
*Æмæ хъуыст мæ мадмæ*
*Дзæбуджы хъæр æмæ мæ кæуын.**
(«Хус цæссыг»).

Сабийæн мад, йæ фыд сæ ныууагъта, уый нæ хъæр кæны. Нæ йыл дзуры, йæ зæрдæйы дзы сау маст кæй ис. Хоны йын æй дард балцы. Ацыд кусынмæ. Æмæ йæ сывæллон фыны фены, цыма æрцыд.

*Мад ын загъта: «Дæ баба æцæгдæр*
*Дысон ам уыд, къафеттæ æрхаста...*
*Дæу йæ хъæбысы систа фынæйæ,*
*Æмæ дæ хурыл, стъалытыл барста...»*

*Загъта мад æмæ чырынæй систа*
*Хилхæд къафеттæй армыдзаг фыртæн.*
*Чи ма дзы аззад, уыдон ныууагъта*
*Мад йæ хъæбулы ног ахæм фынæн...***

---

** Харебаты Леонид. Фæцис мæ уалдзæг. – Цхинвал, 1974, 115-æм фарс.
* Уый дæр уым, 116-æм фарс.

(«Балладæ къафеттыл»)

Хъæбулæн ныййарæг кæй ницы хæлæг кæны, уый нын мæнæ куыд равдыста Леонид:

*– Цæмæй у зæхх, – уæ фарст у ахæм, –*
*Лæгмæ уæлдай хуыздæр, рæдау?..*
*Цы йæм вæййы, уый ратты махæн,*
*Йæхи ныууаддзæнис фæлтау.*

*Нæ зæххы риуы сты нæ мæдтæн*
*Сæ рæдау зæрдæтæ ныгæд,*
*Æм[illegible]й, сæ удтæн,*
*Нæ дарынц къæбицтæ æхгæд.*[*]
(«Цæмæн у зæхх…»)



Фæлæ уæддæр дзырд «уарзондзинад» куы фæхъусæм, уæд æппæты фыццаг нæ зæрдæтæ фестъæлфынц нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы æхсæн иууыл æввахсдæр æнкъарæнтæм. Æнæуарзондзинад куыннæ фæразы адæймаг, афтæ цардæн йæхи астæуцæджындз дæр Уый, уарзт у. Йæ бæрзонддзинад Уарзондзинад кæм нæ уа, уым хур нæ тавы, къуыбыр дзы дидинæг не ʻфтауы, дидинæг дыргъ нæ дæтты.

Дунеон аивады кæцы фæнды хуызы иууыл стырдæр куырыхонтæ йын дæндагæй цырагъ уымæн дардтой æмæ дарынц. Уарзт, сыгъдæг уарзт кæм уа, уым цардæн амæлæн нæй. Уарзт рухс дæр у, хъарм дæр у, уæлдæф дæр у, дон дæр у, мæр дæр у… уыдон та сты цардджæттæг. Удмæ, – зайæгхалы уа æви цæрæгойы, – æвзæрын кæнынц царды монц. Йæхæдæг дæр æй нæ фæхаты, афтæмæй йæ æфтауынц царды фæндагыл. Стæй дзы уарзты комытæф куы бацæуы, уæд йæ фынты фестъæлфы уый цинæй. Фæсадзы йыл базыртæ. Рухсмæ, хурмæ тæхæн базыртæ. Йæхæдæг свæййы цардаразæг, царддæттæг.

---

* * Харебаты Леонид. Æндæр у мæ сагъæс. – Цхинвал, 1968, 24-25-æм фæрстæ.

[*] Харебаты Леонид. Фæцис мæ уалдзæг. – Цхинвал, 1974, 5-æм фарс.

Цард кæрæдзийыл афтæ баст кæй у, ныддихтæ, ныллыгтæгæнæн ын кæй нæй, Харебаты Леониды поэзийы зæрдæйы алыхуызон æнкъарæнтæ алдымбыдау æддæг-мидæг уымæй цæуынц, иу сæ иннæйы уымæн цæрдхъом кæны:

*Цыдæр мæ сисы йæ базыртыл,*
*Цыдæр ныхъхъыдзы кæны риу –*
*Иры уарзт æмæ дæ цæстытæ*
*Кæнынц мæ зæрдæйы æмзиу.*[*]

Поэтмæ уарзондзинады æнкъарæнтæ, – йæ лирикон хъайтар саби уа, æвзонг æви зæронд, уæлдай нæу, – уарзондзинады æнкъарæнтæ йæм сыгъдæг æмæ æргом куы вæййынц, уæд æмбæлынц зæрдæйыл. Чиныгкæсæг сыл æууæнды. Нæ дызæрдыг кæны лæппумæ æхсæвы чызджы цæстытæ хурау кæй хуттысты, цæхæртæ кæй калдтой, æмæ кæй сыгъд сæ зынгæй, зæрдæ кæй рад, фырцинæй кæй кафыд, йæхицæн ныфсытæ кæй æвæрдта: «Ис мæлæн æмæ уарзты цæрæн дæр» («Уыцы æхсæв»). Уырны йæ, лæппу фынæй чызджы рудзынджы цурмæ «хуыснæгау, къах-къухтыл хъуызгæ» кæй бацæуы, йæ фынты йæ тыхсгæ куы фены, уæд афтæ кæй хъуыды кæны, ома йæ мæ уарзт тыхсын кæны («Кæд мыййаг…»).

Уымæй дæр, лирикон хъайтарæн кæд æвзонгæй йе ‘мкъай (кæнæ æртыккаг цæсгом) йæ уарзт æмæ уарзон чызджы æхсæн хъеллау кæны («Уайдзæф», «Цæхæрцæст лæппу», «Тæхуды», «Зары Леуахи арф комы» æмæ æндæрты), уæд, йæ лæджы кары куыд цыд, афтæ йæ уарзт кодта тыхджындæр æмæ ирддæр:

*Систой мæ сæ уæлныхты,*
*Сауæрфыг дæ цæстытæ.*
*Уыдон фендæй зæрдæйы*
*Атайынц мæ мæстытæ.*

*Иу фæкастæй дардмæ дæр*
*Уазал зæрдæ батавынц.*

---

[*] * Харебаты Леонид. Мæ уды сагъæстæ. – Цхинвал, 1981, 11-æм фарс.

*Æмæ риуæй худгæйæ*
*Уаз бæллицтæ адавынц.*

*Бирæ хатт мыл боны рухс*
*Се стъæлф зынгæй атары.*
*Амæлæтмæ дарын дæу*
*Хуры къæрттау, ме тары.*

*Атæхын дæм, фæлæ мын*
*Асудзыс мæ базыртæ,*
*Ех, тæхуды удæнцой*
*Чи ма фены базыл дæр.**

(«Дæ цæстытæ»)

Зæрдæ сæхимæ тынгдæр æлвасынц, классикон формæйыл чи сты, [illegible] фидар рифмæтæ кæм ис, интимон темæйыл Харебаты Леониды уыцы æмдзæвгæтæ. Но-джы ма сæ фæлмæн юмор кæм ис, уыдоныл чиныгкæсæг æнæфæхудгæ нæ фæвæййы. Сыгъдæг, хæларзæрдæ мидбылхудтæй. Æмæ куыд ис æнæбахудгæ донызылмæ уарзтæй цы зæрдæдзæф гуырд фæзыны, уый фенгæйæ. Йæ зæрдæйы æнкъарæнтæй цъæх арт чи фæуадзы, æгæрыстæмæй, йæ мады цур дæр йæ цæсгом чи суагъта, йæ кой кæнынæй чи не 'фсæды, цæттæ чи у: «Искуы ма… уæд ыл лыстæггай Радзурин æппæт» («Нана»), афтæмæй йæхицæй дæр чи нæ сæтты:! «Фæлæ никуы, уый нæ уыдзæн, Уалынмæ лæууæд!» – уыцы чызджы уарзæгой æфсæрмытæм æнæ схудгæ куыд ис.

Кæнæ гауызæлхæнджытæ гауызыл куы тыгуыртæ кæнынц, дисæй куы мæлынц: «Чи уыдзæн йæ кæнæг?» – уæд лирикон хъайтар та:

*Гауызы 'фсон чызджы фæрсты*
*Цал хатты æрзылдтæн!..*
*– Иу дæр æй куынæ балхæнид, –*
*Химидæг бæллыдтæн.*

* Харебаты Леонид. Фæцис мæ уалдзæг. – Цхинвал, 1974, 81-æм фарс.

*Чидæр ын æй, цингæнгæйæ,*
*Балхæдта 'мæ ацыд,*
*Афтæмæй мæ уæйгæнæгæй*
*Хицæн кæнын бахъуыд.*[*]

(«Гауыз»)

Æмæ «Сугсæттæг», «Мæйрухсы», «Уынджы», «Мæ къæрных» æмæ æндæрты цас фæлмæн юмор ис!

Чиныгкæсæджы лирикон хъайтары сыгъдæгзæрдæ иронион ныхас сайы йæ фæдыл. Йе 'ргом ныхасæй йын сыгъдæг кæны йæ зæрдæ.

Сыгъдæгзæрдæ адæймагмæ фарн кæсы. Уый йæм фæзынын кæны царды, уарзты зыд. Уæлдайдæр, автор æнæуæлдай ракæ-бакæ куы фæкæны йæ юморхæццæ кæнæ иронион ныхас, уæд.

Лирикон хъайтар чызджы куы фены сугсæтгæ, уæд ын «фæтæрсы», цыргъагимæ кæй архайы, уый тыххæй. Айсы йын йæ цыргъ фæрæт, йæ бæсты, лæппуйыл куыд æмбæлы, афтæ сæтты сугтæ æмæ йæм хаты:

*Ды фæлтау дæ мадæн зæгъ,*
*Иу чидæр, зæгъ, уынджы*
*Суг сæтты æмæ, дам, дын*
*Бауарзта дæ чызджы...*

*Тулдзы здыхт къуыдырты, зæгъ,*
*'Ндзарæнтæ фæкодта*
*Æмæ, дам, нæ фæсдуар*
*Балæууын дæр домдта...*[*]

(«Сугсæттæг»)

Мæгуыр Цолайæн æмкъай æркæнын куыд не 'нтыст, «йæ нымæтхуд – пæлæхсар» кæй у, «йæ урс куырæт – ихсыд», уый тыххæй, кæд « уæлæсыхы ыстыр хъазт» ис, дæлæсыхы тымбыл симд сарæзтой, уæддæр «Цола хъазтмæ

---

[*] Харебаты Леонид. Æхсæрдзæн. – Сталинир, 1961, 47-æм фарс.

[*] Уый дæр уым, 55-æм фарс

нæ цæуы», афтæмæй йыл адæмон зарæггæнæг æлхыскъгæнгæ куыд худы:

*Ой, Цола, Цола хъазтмæ нæ цæуы,*
*Уæрæйдæ, дæ каистæм цы хордтай,*
*Уæрæйдæ, хъайлаимæ хæбизджын, –**
(«Цола»)

афтæ Леониды лирикон хъайтар та чызджы кæй бауарзта, йæ зæрдæ йын комкоммæ кæй не ‘ргом кæны, фæлæ йын йæхи кæй ссæрхъызой кодта, уый тыххæй йæхæдæг йæхиуыл худы йæ мидбылты, æмæ мах дæр худын кæны.

Афтæ зæрдæйыл цины æнкъарæнтæ, стæй цины мысинæгтæ атыхсынц, «Мæйрухсы» кæсгæйæ.

Хъæууон цард чи зоны, кусæг галтимæ иу-дыууæ хатты уæддæр кæй бахъуыдис афыдæбон кæнын, уый зæрдæ æнæмæнг фестъæлфдзæнис æмдзæвгæйæ. Йæ зæрдыл æрбалæудзæн, зæхкусæджы æмæфсондз галты сæумæцъæхæй – куысты размæ, кæнæ изæрдалынгты – куысты фæстæ хуымгæрæтты, ауæдзтыл куыд зæрдиагæй фæхизы сæ хицау, цæмæй йын сæ зæрдæтæ ма æхсайой сæ гуыбынтæм æмæ ма дон кæна сæ уæрджыты магъз:

*– Ам сæ рахизон, – æмæ баздæхтон*
*Галты ауæдзмæ.*
*Раст уыцы уысмы хъуустыл ауадис:*
*– Цæй-ма, ауадз мæ.*

*– Абад-ма, мæ хур, – æмæ джис-хъус дзырд*
*Сабыр райхъуысы.*
*Астæумæ кæрдæг рог, цыдæргъуызон*
*Химид банкъуысы**

Афтæмæй хъæууон мæйрухс æхсæвы ныв йæ фæдыл расайдта рухс æнкъарæнтæ. Поэт кæд æргом нæ дзуры

---

* * Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ. – Цхинвал, 1977 аз, 77-æм фарс.

* Харебаты Леонид. Мæ уарзт . – Цхинвал, 1964, 53-æм фарс.

уыцы цау ын йæ зæрдыл исты æрлæууын кодта æви нæ; кæд æй æфсон ис «Цас аив ма у, цардмонц уарзæтты дзурын ма уадзай?!» – æмæ галты ауæдзæй сабыргай раздæхта, уæддæр зæрдæ къæпп кæны: цæмæн афтæ ауды дыууæ уарзæгой адæймагыл; фынафон куы сси, уæддæр уыдон сæ къах кæй нæ хæссы, сæ цардцыбæл удты сын уарзт кæй æрбалвæста, уый йæ цæмæн æндавы?

Фæлæ сын нæ дзуапп кæны. Æмæ уый хорз у. Чиныгкæсæгмæ цы фарстытæ æвзæрынц, уыдонæн йæхæдæг фæуæд дзуаппдæттæг. Уыдон та йæм æнæмæнг сæвзæрдзысты æмдзæвгæйы кæрон:

> *...Уæдæй ардæм ма æз куы баздахын*
> *Галты ауæдзмæ,*
> *Уæд, цыдæргъуызон, хъустыл ауайы:*
> *«Цæй-ма, ауадз мæ!»*

Ахæм æмдзæвгæтæ уарзæгой чиныгкæсджыты нал фæуадзынц сæхицæй. Тыхджын ын кæнынц йæ зæрдæйы æнкъарæнтæ, æфтауынц æй хъуыды кæныныл, æвзæрын æм кæнынц царды монц.

Поэты йæ зæрдæйы æнкъарæнтæ раргом кæнынæн хуызтæр – арфдæр, алыварсонæй, ирддæрæй равдисынæн арæх бахъæуы йе 'ргом адæмон сфæлдыстадмæ аздахын. Уым цаудæй ницы ис. Аивадон традицитæ тынг цы адæммæ нæма ныффидар вæййынц, уыдон се 'ргом фольклормæ арæхдæр фездахынц. Уæлдайдæр сын ирон адæмон сфæлдыстады хуызæн хъæздыг фольклор куы вæййы, уæд. Нигер хуымæтæджы нæ дзырдта: «Æз цæуын, æвзаджы æппæт дæсныťæ цы 'рттиваг галуантæ сарæзтой, уыдонæй æмæ мæхицæн аразын халагъуд поэзийы æвидигæ суадоны цур. Уыцы суадонæн йæ ном у «Адæмон сфæлдыстад»*

Адæмон сфæлдыстад æнусты æмæ æнустæмы хæзна у.

Харебаты Леонид мысы: «Куыд мын радзырдтой, афтæмæй мæ фыды фыд Къиба уыд диссаджы таурæгъгæнæг, уымæй хуыздæр таурæгъгæнæг та уыд мæ мады фыды фыд

---

* Нигер. Уацмысты æххæст æмбырдгонд. – Дзæуджыхъæу, Т. 3, 1968, 591–592-æм фæрстæ.

Джусойты Шамил. Шамил сæрæй кæронмæ зыдта «Нарты кадджытæ». Уый сæ зарыд æмæ сæ цагъта дыууадæстæнон фæндырыл. Шамил «Нарты кадджытæ» кæй зыдта, уымæй уыд сæрыстыр, æмæ дам-иу кадæг куы фæцис, уæд, дам-иу йæ зард фæстаг хатт балхынцъ кодта: «Уый уын ракодтон не стыр фыдæлты кадгæнæг таурæгътæ, æмæ сæ ма ферох кæнут, мæлын сæ ма бауадзут». Шамил цы дыууадæстæнон фæндырыл цагъта, уый æрæййæфтон мæ сабибонты. Цардæй раджы ахицæн сты Къиба æмæ Шамил, уыдон семæ ахастой сæ бирæ таурæгътæ, сæ бирæ кадджытæ, сæ ныффыссынмæ сын ничи фæцырд**.

Фæлæ, табу Хуыцауæн, сæ ныффыссынмæ кæмæн фæцырд стæм, уыдон мыхуыры рауадзын нын уæддæр куы бантысид. Уыдон, саргъгæнæн кæмæн нæй, ахæм хæзна сты. Леониды дæр уымæн арæх бахъæуы сæ сæр. Уыцы нымæцы интимон темæйыл фыст уацмысты дæр:

*…ф комы!*
*Дидин рафтыдта зæхх!*
*Чи ма дæ уарзта, уæ чызгай,*
*Уый мын сусæгæй зæгъ?!**
(«Зары Леуахи арф комы»)

Кæнæ:

*Бандзыг мæй былкъахырæй Хъæриуыл,*
*Æмæ дардмæ уазалдзæстæй каст.*
*Ма мын дзур: мæ зæрдæйы, мæ риуы,*
*Сонт сæгуытау, базмæлы тæрк уарзт.*

*Авд хо симынц, кæстæр сæ ныффæллад.*
*Хурхæтæны адзæгъæли хъуаз.*
*Кодтай мæн цæстæнгасæй уысмæн над,*
*Никуы загътай сонт зæрдæйæн: уарз!***
(«Д.Л.-йæн»)

* *Харебаты Леонид. Сыгъдысты зæрдæтæ, Цхинвал, 1983, 5-æм фарс.

* Харебаты Леонид. Æндæр у мæ сагъæс. – Цхинвал, 1968, 63-æм фарс.

* *Уый дæр уым, 67-æм фарс.

Адæмон зарджыты бирæ рæнхъыты рифмæтæ, стæй зарæджы хъуыды фæирддæр кæныны тыххæй дзырд бынтон æндæр хабæрттыл куыд фæцæуынц, афтæ сæ поэт дæр фæпайда кæны йæ хъайтары уарзт хуыздæр райхалыны тыххæй.

Уый хыгъд ын æнæуынон сты, сæ уарзтыл сайдæй чи фæцæуынц, дзургæ иу чи фæкæны, аразгæ – иннæ, уыдон. Денджызы былмæ улæфынмæ чи цыдис, æмæ йæ  мойæн ард чи хордта: « Иунæг уысм æнæ дæу нæу мæ бон, Гъе ныр та ныддаргъ уыдзæнис рæстæг. Æмæ та йын нал уыдзæн кæрон», цæссыгкалгæ йæ чи фарста: «Цы уыдзынæн æнæ дæу?» – уымæн æлгъгæнгæ уымæн зæгъы:

*Уæртæ ма, дæ фыстæг тыргъы джиуы…*
*Чи дын у? – Дæ мой дæм æй фыссы.*
*Уый нæ зоны, ам йæ ус, лывдзæгау,*
*Искæмæн йæ дæллагхъуыр тыхсы.*
*Уый нæ зоны: ам йæ усыл рæстæг*
*Хъизгæ, лугæ, сугъонау, тындзы.*
*Уый нæ зоны: ам йæ ус рæстæгмæ*
*Ацыдис æндæр лæгмæ чындзы.**

(«Денджызы былыл»)

Æмæ уыдон æхсæн, стæй æмткæй йе сфæлдыстады, сырх æндахау, бæрæгæй зыны юмористон таг. Суанг йæ райдайæнæй. Йæ роман «Сыгъдысты зæрдæтæ»-йы разныхасы хуымæтæджы нæ загъта: «… мæн иутæ поэт хонынц, иннæтæ – прозаик, аннæтæ – юморист». Фыццаг йе ‘мдзæвгæты фæлмæн юмор худт йæ мидбылты, стæй уый цыд тыхджынæй-тыхджындæргæнгæ. Раздæр кæд, куы фæизæр кæны, уæд, «царддæттæг хуры тынтæ, барджытау», куы ныххизынц фæсрагъ, цæргæстæ куы фæтæхынц сæ бадæнтæм – хæхты бæрзæндтæм, уæд хæлымбыттыртæ та хурæй куы нал фæтæрсынц, æмæ æддæмæ куы ратæхынц («Изæр кæны»); хурмæзилæг куы сцæттæ, йæ сæр куыд ныуужæззау, зæхмæ куы ныккаст, афтæмæй хурмæ куыд

* Уый дæр уым, 64-æм фарс.

дзырдта: «Дæ фæдыл, кæй хъæуыс, Уый зилæд! Æз нырмæ дæр нæ уыдтæн æнхъæлцау!» («Ныннæрст, ныууæззау…»); «бæрзонд къæдзæхы сæр цæу йæ сыкъатæ арвмæ» куыд радта быцæу æмæ йæхи нысхъæлгæнгæ куыд мехъ-мехъ кодта, зæгъгæ: « Арв æркæлид, æз куынæ уаин, уæд! Хъаймæт фæзынид, æз куынæ уаин, уæд!», æмæ сæныччыты куыд дардта тасы, уыдæттыл фыста поэт, уæд фæстагмæ йæ сис кодта цыргъæй-цыргъдæр. Не ‘рвылбонон цард нын чи æнæад кæны, царды нæ размæ цæуын чи нæ фæуадзы, уыдонмæ хаттæй-хатт æгъатыр уымæн вæййы:

*Не ‘взаг – зæдты ‘взаг æмæ дæ курын:*
*Ма дзы базар кæн, ма йæ кæн уæй!*
*Бахæр уыйбæсты, «хорз» лæг, дæ намыс,*
*Фæлæ цы бахæрай, уый дæр дын нæй!*[**]

(«Не ‘взаг»)

Кæнæ мæнæ куыд зæгъы ницæйаг, мæрддзæст адæймагæй:

*Дзырдтой мын: у марг, дам, хæлæг лæджы тугæй.*
*Дзырдтой мын, фæлæ мæм нæ хъуыст.*
*Ныр абон кæй мæлын дæ хъæстæйæ хурхæй,*
*Уый хъусыс æмæ дын нæй цинæй æрхуыст!*[*]

(«Дзырдтой мын»)

Æмæ, уæдæ, поэт зæрдæнцойæ куыд хъуамæ кæса, алцæмæ дæр æнхъæлцау чи у, йæхицæй дæлдæртæм уасæджы каст чи кæны, йæхицæй уæлдæртæм та – бæдулы, йе ‘мгары æнтыстæй йæ цæст кæмæн хауы, ахæм ницæйæгтæм.

Сты йын æнæуынон, фынджы фарсмæ сырхуадулæй, физонæгæфсæстæй нæ Фыдызæххы тыххæй йæ риу тымбылкъухæй чи фæхойынц, фæдисы та мысты хуынкъ туманæй чи фæагурынц, уыдон:

*Иры уарзт нæ риуты судзы,*
*Физонæг куы фенæм, уæд.*

---

[**] Харебаты Леонид. Цин æмæ сагъæс. – Цхинвал, 1987, 403-æм фарс.
[*] Уый дæр уым, 43-æм фарс.

*Гъе, уæд нæм нæ зæрдæ сдзуры,*
*Гъе, уæд ыл фæкæнæм мæт.*

*Гъе, уæд нæ фæфæнды хъуырыл*
*Иры зæхх, æгънæгау, дарын.*
*Гъе, уæд нæм фæкæсы амонд*
*Уый сæрыл мæлæт ыссарын.*

*Фæлæ æйтт, зæгъгæ, фæцыди:*
*«Чидæр Иры сæрæй хъазы!»*
*Уæд кæрдæнты бын нæтгæйæ,*
*Мардыфсон ыскæнæм базыл.**

(«Нырыккон патриотизм»)

Уыцы «æфсоны» тыххæй нæ æрæййафы алы хатт не знаг æдзæттæйæ. Уый нæ, фæлæ нæ кæрæдзимæ нæ мæстытæ уæд æрымысæм. Цымæ тæрсгæ фæкæнæм: исчи нын куы фæцæгъда, зулдзых калимæ стæм, уыдон, нæхæдæг дзы куыннæ сисæм нæ мæстытæ. Нæ кæрæдзийы рис нæм рис нæ кæсы. Æмæ нæм куырис куы фæсудзы, уæд ыл бæттæн фæхуды.

Цæвиттонтæ исынмæ дардмæ нæ цæудзынæн.

Нæ фыдбоны сыхæгтæ Абхазмæ куы ныббырстой, уæд æнæхъæн Цæгат Кавказ æмæ мах дæр, кæд нæхицæн нæ сæртыл арв сыгъдис, уæддæр гæрзифтонгæй æрлæууыдыстæм сæ фарсмæ. Уыдон фæрцы фервæзтысты абхаз фыдбылызæй. Абон дæр уыцы ныфсæй цæрынц æмæ сты сæрыстыр.

Мах, Ирыстоны хуссар хай нæ фыдбоны сыхæнгты къухæй 1989-æм азæй (стæй æрмæст уæдæй нæ!) хъыцы дæттæ нуазæм – цæгъдынц нæ, нæ «рухс кувæндæттæй хынджылæг кæнынц»; Чъребайы къæсæр, Дзаумæ бахизæны онг сын нæ зæххытæ æхсыд фесты; Дайраны дуæрттæ метргай байстой, фæлæ, æнæсæр динозавртау, нæ къæдзилы хуссымаг не ‘мбудæнтæ нæ хатынц. Бынатмæ нæ чи баирвæзы, уый уæцъæфы тæвд цæхæр ныккæлы – йæ ахсæн æмæ йæ дзыппæй дарддæр йæ цæст ницыуал фæуыны:

---

* * Уый дæр уым. 413-æм фарс.

*‘Рыздыхта сæ хъил сыкъатæ*
*Цард, уынын мæ цæстæй,*
*Де ‘гъдауæй рын дæ мæ удæн,*
*Судзы мæ дæ хъæстæ.*

*«Волгæйæ» нæ Иры сæрты*
*Тутт сæрæй фæлгæсыс.*
*Дарыс нæ афтид æхсæртыл,*
*Цардæй ма кæй фæрсыс…*[*]
(«Абад адзурæм»)

Ахæм хицæуттæй, куыддæр стыр бынатмæ бахауынц, афтæ айрох вæййынц иууыл дæр – æвзарджытæ, адæм, мадæлон æвзаг, Фыдыбæстæ, уарзт… адæймагæн та æвæджиаг куы ницы уа, уæд йæхæдæг дæр ничи æмæ ницы у. Поэтæн та хъуамæ уа æвæджиаг хъуыддæгтæ æмæ идеалтæ. Чи сæ вæййы сæрагдæр, чи – фæрсагдæр. Фæлæ сæ уæддæр фæисы цардæй.

Зæгъæм, фысджытæн зындгонд уыдис иу худæг хабар. Иу чидæр, цалынмæ пенсийы ацыд, уæдмæ æппынæдзух кодта хъæрзгæ. Куыстæй-иу йæхи сайдта, æнæ аргъæй хуыссыд советон рынчындæтты, кæд ын дохтыртæ дзырдтой, «Ницы дæ риссы», уæддæр æнæаргъ къæбæр хордта, æрвылмæй йæ рынчыны пенси та – æввонгæй. Ноджы йæ хъустыл æрцыд, кæйдæр карк айк æрыфтыдта, зæгъгæ, уæд-иу амард, адæргъ, цæстæй ракæсын æнхъæл ын мауал у, йæ низы хатт та-иу æндæр цыдæр хуыдта.

Æмæ йæм иу хатт Гафез нал фæлæууыд:

– Бирæ цæрай, дæуæн дæ низ у, адæмы сæ къахыл лæугæ кæй уыныс, æрмæстдæр уый.

Леониды æндæр цы хъуыд! Афтæмæй райгуырдис æмдзæвгæ «Ма хъæрз»:

*О, ма кæн йæ кой дæр, дæ зæрдæйæ ма хъæрз, –*
*Дæ низæн йæ аххос у иунæг дæ цæст:*

---

[*] Уый дæр уым, 375-376-æм фæрстæ.

*Ды уымæй æмгæртты цæрдудæй кæй уыныс,*
*Гъе, уый у дæ низæн йæ аххос æрмæст*[*]

Бирæ хатт сатирикон уацмысты прототипы ном æмæ мыггаг фæивы, фæлæ, кæуыл фыссы, уый чи фæзоны, уый йæ уæддæр æнæфæхатгæ нæ фæвæййы.

Журнал «Фидиуæджы» ныммыхуыр кодта иу цыбыр юмористон æмдзæвгæ «Амарди, нал и…»

*Амарди, нал и,*
*Æмæ йыл ныр:*
*«Афтæ уыдтæн йемæ,*
*Уфтæ уыдтæн йемæ,*
*Дифирамбтæ мысы*
*...Пыссы*[**].

Журнал куы райстон, уæд дзы кæйдæр зонгæ къухфыстæй Пыссыйы мыггаг – поэт цал тæппы æрæвæрдта, уал дамгъæйæ. Æцæг чиныг «Цин æмæ сагъæс»-ы, нæ зонын, цæмæн, фæлæ тæппытæ дыууæ фæкъаддæр сты. Æниу, сæйраг уый нæу. Стæй, чизоны, хъæугæ дæр нæ кæнынц. Аивадæн уый ницы дæтты. Æз сæ кой, йæ уацмыстæ фылдæр комкоммæ цардæй кæй исы, уый тæххæй зæгъын.

Цардмæ ахæм цырддзастæй кæсын, æрвылбонон хуымæтæджы цаутæй аивад аразын йæ бон у æрмæстдæр курдиатæн.

Чидæр, цæмæй адæмы æхсæн уый дæр чысыл разына, уый тыххæй æппæлы, йæ хæдзары къæсæрæй чи никуы бахызт, йæ фынгмæ йæ чи никуы уагъта, уыцы мардæй. Æмæ уым цыма уадиссагæй ницы ис, фæлæ дзы Леонид сарæзта, адæймаг йæ былтæ кæмæй базыхъхъыр кæна, ахæм æмдзæвгæ. Сæйраг уый у!

Æниу, ахæм æмдзæвгæтæ фыссæджы сфæлдыстады рахæцæн не сты. Нæдæр йе сфæлдыстад, кæй кой скодтам, æрмæст уыцы æртæ хорзы – мадæлон æвзаг, уарзт æмæ

[*] Уый дæр уым. 436-æм фарс.
[**] Журнал «Фидиуæг, 1984, №12, 44-æм фарс.

зæххыл фæуд кæны. Гъемæ, табу Хуыцауæн. Цас æм ис Ирыстоны хъайтартыл, хæлардзинадыл, сабитæн фыст, уацмыстæ. Се ‘нтыстытыл, стæй сæ хъæнтыл дæр цъус дзурæн нæй. Сæ рæстæджы сыл периодикон мыхуыры иу æмæ дыууæ хатты нæ цыдис ныхас. Бирæ цæмæйдæрты дзы æппæлыдысты. Бирæ цыдæртæ йын дардтой йæ цæстмæ. Леонид та кодта йæ фыссыны куыст. Æнæнхъæлæджы нæ зæгъы:

*У мæ фыст чиныг мæ базыр,*
*Систæ – уый сыфтæ мæнæн.*
*Сæр кæй не ‘рæвæрын базыл,*
*Уый куыд радзурон дæуæн?*

*Зон, дæ къухмæ уый мæн райсыс,*
*Уым тæлфы мæнæн мæ у.*
*Алы дамгъæйы, кæд хатыс,*
*Хъазы, зилы дзы мæ туг.*
*Æз, цы дæн – æвзæрæй, хорзæй,*
*Уый дын радзурдзæн æппæт…*
*Ехх, куы дыл æрцæуид хор ‘зæй,*
*Уый – мæ мидсагъæс, мæ мæт.*[*]

Поэт йæ чиныгкæсæджы раз бæрндзинад хъуамæ хата, йæ уацмысты æвæра йæ уд, йæ адæмы цинып цин кæнынæн уа, йæ рыстæй хъæрза, уæд ын йæ зæрдæмæ фæндаг æнæссаргæ нæй.

Харебаты Леонид йе сфæлдыстады æппынæдзух тырны уымæ:

*Кæд зæрдæзонгæ дæ тыхсты*
*Демæ не ‘ппæрстон цæссыг,*
*Уæд мæ ныфсытæ мæнг ысты,*
*Митæй амадтон мæсыг…*

[*] Харебаты Леонид. Цин æмæ сагъæс. – Цхинвал, 1987, 3-æм фарс.

*Дæ, мæ чиныгкæсæг, риуы*
*Арф мæ зæрдæйы æвæрд.*
*Уарзт, дæ рухс уарзт дзы нæ чиуы,*
*У, сырх æндонау, фæлтæрд.*

*Æз мæхи дзыхæй нæ домын:*
*Ратт дæ зæрдæмæ мын бар.*
*Æз дæн чиныг, æмæ курын.*
*Мæн дæ къухты мидæг дар.*

Фæлæ къухты дарын кургæйæ нæу. Цæмæй адæмы зæрдæмæ фæндаг ссарай, уый тыххæй æхсæвæй-бонæй хъæуы кусын, кусын, кусын…

Цъæмæлтæ згъалын нæ, кусын. Стæй уыцы куыст кæд хорз фæстиуæг ратты, уæд уый рахæссы адæмы рæгъмæ.

Харебаты Леонидæн йæ уацмыстæй, уæлдайдæр, йæ прозæйæ чиныгкæсджыты зæрдæмæ иууыл тынгдæр фæцыдысты йæ романтæ «Уарзт æмæ денджыз» æмæ «Сыгъдысты зæрдæтæ».

«Уарзт æмæ денджыз» Леонидæн йæ фыццаг роман у. Фыццаг, фæлæ [illegible] [illegible] [illegible]гуытæй уый æрхаста иууыл стырдæр популярондзинад. Æмæ уый хуымæтæджы нæ уыдис. Автор спайда кодта йе 'ппæт сфæлдыстадон курдиатæй. Уацмысы архайд кæд Ирыстоны, стæй ирон адæмыл нæ цæуы, фæлæ йæ сæйраг хъайтартæ сты адыгъейæгтæ æмæ скъуыддзаг кæнынц Адыгъейы хъысмæт, уæддæр дзы автор йæ уд, куыд у, афтæмæй бавæрдта æнæхъæнæй, гъе-мæ, рамбылдта уымæй. Чиныг дæсгай азты размæ навмыхуыр, 1971-æм азы, фæлæ абон дæр ирон чиныгкæсджыты, стæй ивд цы сыхаг адæмты æвзæгтæм æрцыд, уыдон чиныгкæсджыты цæсты дæр нæ хауы йæ ахадындзинад.

Автор æн романы тæккæ райдианы йæ бон бавæййы чиныгкæсæджы хъусдард фидарæй æмæ кæронмæ æрцахсын: «Чызг хъуыдыты ацыд, афтæмæй æдзынæг кæсы зæронд усмæ…

Чи уыдзæн? Æвæццæгæн, денджызы бирæ уарзы. Кæддæр дзы чызгæй уый дæр, делфинау, хъазыдаид, ныр ныз-

зæронд æмæ йæ ныфс нал хæссы, уæддæр æм æрцæуы æмæ, фæсивæд денджызы куыд хъазынц, уымæ фæкæсы.

Зæронд усмæ æрбацыд иу æвзонг чызг. Йæ уæлхъус слæууыд. Хаты йæм:

– Цом хæдзармæ.

– Цæмæ дзы цæуын? – райхъуыст зæронд усы ‘рхæндæг ныхас.

– Уæдæ ам бадынæй дæр цы рахæсдзынæ?

– Мæ хъæбул кæд искуыцæй фæзынид…

Чызг ницыуал сдзырдта. Зæлдаг къухмæрзæнæй йæ цæссыгтæ асæрфта».

Ахæм аивадон амал, кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаг хатт Леонидмæ не ‘мбæлæм – фондзыссæдзгай азты размæ фæзынд, фæлæ дзы нæ фыссæг спайда кодта аивæй. Æмæ нæ фæрæдыд. Æрцахсы чиныгкæсæджы, уый фæстæ æрæвналы дзуринаг хъуыддæгтæ сæ кæрæдзийы фæдыл нывæндынмæ.

Адыгъейаг æрдхæрæны рæсугъд Фатмæ хъæздыг æмæ зындгонд æлдар Абысалы хæдзары схъомыл. Цыдæриддæр æй хъуыдис, уыдон ын уыдысты. Уæдæ йæ хъал ускуртæн дæр кæрон нæ уыдис. Хъаны цард æнхъæл ын уыдис алчи дæр, фæлæ йæ ныхыфыст æндæр разынд.

Автор йæ романæн равзæрста Мидхæсты дуг. Сæ кæрæдзийы ныхмæ æрæвæрдта цæргæ-цæрæнбонты æнæбафидаугæ дыууæ къласон знаджы – хъæздыджытæ æмæ мæгуырты. Цæмæй сæ, чи цы у, уый æххæстдæрæй, алыварсондæрæй равдиса, йæ ныхасы сæр цæуыл у, уый чиныгкæсæгмæ бæлвырддæрæй фæхæццæ кæна, уый тыххæй сæ, – йæ хъайтарты, – æрæвæры иууыл зындæр уавæры – цард æмæ мæлæты æхсæн, афтæмæй сын фенæм, йæ удыхъæд сæ кæмæн цы у, уый.

Уыцы хъайтартæ сты бирæ æмæ алыхызæттæ.

Лæджыхъæд, хъаруйæ æххæст сты Адыгъейы цырагъдар Айдемыр, растадонты раздзог, адæмы сæрибардзинадыл удуæлдай тохгæнæг, æлдар Абысалы раздæры лæггадгæнæг Абел, йæ хæлар, йе ‘мтохгæнæг Мырзæ, революцион идейæтыл йæ уд чи хъары, уыцы Иванов Юрий, уæззау цалхы

бын йæ уды сыгъдæгдзинад чи бавæрдта, уыцы Хасанхъул, стæй – Панеш, Шынба, Афинс…

Къаддæр не сты, автор сæ ныхæй-ныхмæ кæимæ æвæры, уыцы тугцъир æмæ æгъатыр хъæздыджытæ æмæ пъагонджынтæ дæр, уæдæ, фыддзинадыл лæуд, мæгуырты туг æхсныфæй чи нуазы, йæ уды æхцондзинадæн йæхи туг æмæ стæгыл дæр чи нæ ауæрды, уыцы Абысал, лæджы тæригъæд æмæ тугæй чи не 'фсæды, уыцы хъæздыджытæ Абубахан, Биас æмæ йæ  фырт Азатхан, дыдзæсгом дингæнæг Нагуч Юсуф Паша, «хъæддаг дивизийы» разамонæг Султан Гиреч Гирей æмæ бирæ æндæртæ.

Нæ литеуратурæйы, стæй æмткæй советон адæмты литературæтæн иу рæстæджы компартийы фæндон уыд, цæмæй, гæнæн уæвгæйæ, алы уацмысы хъайтарты æмбæлццон уа хæлардзинад. Уыцы хæлардзинад фысджыты фылдæр уыдтой уырыссаг адæмы, æмæ сæхицæн нымадтой хæсыл, сæ уацмысты, уæлдайдæр, гуырахстджын уацмысты, уырыссаджы фæлгонц снывкæнын.

Харебаты Леонид, цæмæй иу фарсæрдыгæй дæр æмæ иннæ фарсæрдыгæй дæр хъæстагæй ма баззадаид, уый тыххæй дыууæ къласон знæгтимæ дæр бакодта уырыссæгты. Æмæ сæ кæны сæ идейæтыл иузæрдионæй. Стæй царды рæстдзинад хъахъхъæнгæйæ.

Фæлæ автор уæддæр æмæ уæддæр, йæ зæрдæйы иууыл рæсугъддæр æнкъарæнтæ дætты йæ сæйраг хъайтартæ Абел æмæ йæ иузæрдыг цардæмбал, йæ раздæры æлдар Абысалы чызг Фатмæйæн.

Абел æмæ Фатмæйы фæлгонцтæм зæрдыл æрлæууынц Хъуылаты Созырыхъойы радзырд «Иудзонгон»-ы Габе æмæ Сæниат. Абел Фатмæйы туггоппа фыд Абысалы æнаккаг митæн уыд æвдисæн, афтæмæй йын лæггад кодта æмæ йын уарзта йæ чызджы; Габе та хъæздыг Хадзумары цæстытæм каст, афтæмæй йын сыгъдис йæ хо Сæниаты уарзтæй.

Сæ иутæн дæр æмæ се 'ннæтæн дæр æнусон къласон знæгты ахастытæ нæ лæвæрдтой, амондджын уыдаиккой, уый бар. Сæ уарзты фæндæгтæ сæ кæдæм кæнынц, уымæн ницы зонынц. Фæлæ сæ фидæны рухс фенынц æрмæстдæр

революцийы арвыл. Созырыхъойы Габе революционер Мæхæмæты фæрцы ракæсы йæ цæстæй, Леониды Абел та – Адыгъейы рухстауæг, революцийы идейæтыл лæуд Айдемыры.

Созырыхъойы хъуыды бæлвырд æмæ æргом уыд, – «хъæздыг æмæ мæгуырæн сæ фыд иумæ куы сфыца, уæддæр сæ бас не схæццæ уыдзæнис». Габе æмæ Сæниатмæ сæ амонд уымæн нæ бахудт.

Фатмæ Сæниатæй цыма дарддæр ацыд. Айдемыр йæ ахуыргæнæг кæй уыдис, уый йын фадат радта, цæмæй хъомыл кодтаид размæцыд адæймаджы идейæтыл. Айдемыры фæрцы Абелимæ систы рæстдзинады, стæй рæстаг адæмы сæрыл тохгæнджытæ.

Фатмæйы зæрдæмæ йæ ахуыргæнæг куыннæ ныттагътаид рæстдзинады рухс, уæддæр баззадаид хъæлдзæгзæрдæ, сыгъдæг удæй. Уый дæр иу хъæздыг кæд йæ мулчы фæрцы фæхастаид, уæддæр нæ акастаид йæ хъæздыгдзинады цæсты æмæ алхатт дæр йе ‘мкъайы сусæгæй цæттæ уыдаид тыхст адæймаджы фарс балæууынмæ.

Фæлæ Фатмæйы хъысмæт разынд бынтон æндæр. Бынтон æндæр, æмæ Шынбайы хъысмæтæй тыхст адæмæн, рæстæг фæллойгæнæг адæмæн бирæ хъæуæгдæр. Дзырд
28* Хъазиты Мелитон
дæр ыл нæй, гуыбыны хæлц къæсæрæй – дуармæ, уды хæлц – æнустæм. Абел æмæ Фатмæ та æфхæрд адæмæн хастой стырдæр удыхæлц – сæрибардзинад.

Фатмæйæн йе ‘рдзон рæсугъддзинад æмæ йæ уды рæсугъддзинад кæй иу кæнынц, уый йæ æрмæст йæ алыварсуæвæг адæмæн нæ кæны зæрдæмæдзæугæдæр, фæлæ чиныгкæсджытæн дæр. Свæййы сын удмæхæстæг адæймаг. Фæрайынц йæ цинтыл, фæхъынцым кæнынц йæ хъыгтыл, æмæ уый у романы, стæй уыимæ йæ авторы æнтыстыл дзурæг.

Уацмысы арæзт, цауты рæзт бирæ цымыдисондæр кæны, йæхи пайдайыл хæст хъайтартæй бирæты Адыгъейы хъысмæтмæ кæсаг, хæфс æмæ цъиусуры цæстæй кæй кæсы, алчи дæр ын йæ хи схицау кæнынмæ кæй хъавы, растдæр зæгъгæйæ: дзаумайау æй хи бакæнынмæ кæй хъавы, уыцы хъуыддаг.

Ацы фарстыл дзургæйæ фыссæг Хацырты Сергей афтæ зæгъы: «Романы конфликт бирæ фæтынгдæр ис, йе ‘ппæрццаг сæйраг архайджытæй алчи дæр кæй тырныдта Адыгъейы фыццаг хицау суæвынмæ, уымæй. Æмæ ахæмтæ та уыдысты: «хъæддаг дивизийы» командир Султан Киреч Гирей, хъæздыг князь Абисал, пысылмон динтауæг Нагуч Юзуф Паша. Хъæздгуытæ иуæй растадонты ныхмæ тох кодтой, иннæмæй сæхимид дæр суадон змæст уыд: сæ иутæ пысылмон дины фарс уыдысты æмæ Турчырдæм уыд се ‘ргом, иннæтæ Уæрæсейырдæм дардтой сæ хъус».[*]

Æппæт уыдæттæ сты романæн рæзыны хос. Фæлæ, уæддæр, йæ астæустæг у Абел æмæ Фатмæйы тыхджын, æнæлаз, æнусыккон уарзт. Чызг барвæндæй йæ къух кæй систа йæ фыды хъæздыг цардыл, революцийы, фæллойгæнæг адæмы фарс кæй ахæцыд, цард æй уый тыххæй фыры сыйы ныздыхта, фæлæ йæ асæттынæн ницы тых ссардта. Йæ зæрыбонты къæдз æмæ гуыбырæй дзыназы фæсденджызмæ, йæ иунæг фырты йын Фатмæйæн йæхи фыд, тугхор æлдар Абысал йæ чызгæй йæ маст сисыны тыххæй кæдæм аскъæфта, уырдæм.

Ахæм конфликт, гъай-гъай, цымыдисон кæны уацмысы сюжет. Чины кæсæджы саны йæ фæдыл – дарддæр цы уыдзæнис?

Фыссæджы иннæ роман «Сыгъдысты зæрдæтæ»-йæн кæд чиныгкæсæг йæ дыккаг чиныг нæма федта, уæддæр йæ сюжет куыд уæрæх æмæ вазыгджын у, йæ конфликт куыд карзæй карздæр кæны, романы хъайтар, фæлтæрд революционер Саламты Лади æмæ пъолицæйы хистæр Афæхъойы рæсугъд чызг Дзерассæйы æхсæн цы ахастытæ гуырынц, революцион змæлд куыд цырынæй-цырындæр кæны, уыдонæй бæрæг у, цахæм авналæнтæ йын хъуамæ уа, цæмæй чиныгкæсджыты зæрдæты бацахса аккаг бынат.

Фæлæ «бацахса» суинаг рæстæг у, æмæ йæ уæд фендзысты.

Хатт йæ хъайтары митæ æгæр наивон-æнæбауырнгæ вæййынц. (Лади-«зæронд лæг» Афæхъомæ æхххуырстæй!),

---

[*] Журнал «Фидиуæг», 1984, №12, 38-æм фарс.

фæлæ сыл карз чиныгкæсæгæй дарддæр иннæтæ æууæндынц, æмæ уæййагæн цалынмæ æлхæнæг уа, уæдмæ уæййаг дæр уыдзæнис.

Фыссæг афтæ загъта – «æз цы хæрзтæ хæссын риуы: Ме ‘взаг, Уарзт æмæ нæ Зæхх» – уый тыххæй æз та зæгъын: Харебаты Леонид Ирыстонæн, ирон литературæйæн цæуы æртæ хорзы – йæ бон куыд у, афтæ уæхскуæзæй лæггад кæны ирон поэзи, прозæ æмæ сабиты литературæйæн.

2002

## ЗАРÆДЖЫ СÆР

Нæ эрæйы агъоммæ фæндзæм æнусы рагон бердзенаг поэт-драматург Софокл йæ трагеди « «Антигона»-йы загъта: «Много есть чудес на свете, человек их всех чудесней». Уымæн æмæ хорз зыдта, «куыд тæссаг уаид зонд, адæймагæн куынæ лæггад кæна, уæд».

Фæлæ уый алчи нæ зоны. Дунейы бæллæхтæ уырдыгæй цæуынц, алчи йæхи бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл кæй æнхъæлы. Нæ эрæйы агъоммæ IV–V-æм æнусты цæрæг рагон бердзенал философ Сократ йæ опоненттæй уымæн дзырдта, ома, ойы, æз уыдонæй зондджындæр дæн, уымæн æмæ æз зонын, кæй ницы зонын, уый, уыдон та ницы зонынц, афтæмæй хъуыды кæнынц, цыма алцы дæр зонынц.

Дзырд дæр ыл нæй, адæймаг, дуне ногæй гомгæнæгау, куынæ дзура адæймаджы тыххæй, адæймаджы фæрныгадæн, уæд уый ныхасæй зæххуæлхæдзарыл лæууын пайдадæр у. Ноджы дзурæг поэт куы уа, уæд ыл уæлдай, стæй бæрæг уæлдай бæрндзинад ис, æмæ дын фæндон у æви нæ, уæддæй æй, Чырыстийы дзуарау, хæссын хъæуы кæронмæ.

Уыцы хъуыдытæ мæм æрцыдысты поэт Бахъаты Нугзар, стæй йе сфæлдыстады тыххæй. Фысгæ та, кæд томтæ сæ кæрæдзийы фæдыл нæ равæрдта, – нæ ирон фысджытæм сæгъы сыйытъыст цардæй уыцы амонд нæ хауы, – уæддæр цъус нæ ныккодта. У 12 поэтикон æмбырдгонды автор. Горба + чертты æнæрайы рæстæг – адæмысафæг рацарæзт куы райдыдта, уæдæй фæстæмæ та Ирыстоны хуссар хайы фысджытæн чиныгуадзæн нал ис. Нæ ног чингуыты къухфыстытæ лæзæрынц нæ фыссæн фынгты лагъзты. Афтæмæй фыссæджы юбилей сæйраджы-сæйраг ног чиныгæй

нысангæнгæ вæййы. Нугзарæн та йæ юбилей у – сæххæст ыл 70 азы.

Знауыры районы Бахъатыхъæуы цæрæг Бахъаты Иликъойæн 70 азы размæ – 1944-æм азы лæппу куы райгуырд, уæд уый куы зыдтаид, фидæны поэт, ирон поэзийы аразæг ын суыдзæнис, уæд æрмæст цинылкæнæ æртæ кæрдзыныл ахицæн кодтаид хъуыддаг!

Рафæлдæхтаид гал. Фынгты сæнæн фæласын кодтаид. Адæмы иу-абонæй иннæ-абонмæ не суагътаид сыстын. Уадз, уый фæстæ йæ цард-цæрæнбонты дæр фыстаид йæ хæстæ.

Уый хыгъд, лæппу сæрибарæй кæй рæзт, йæ фезмæлд, йе 'рхъуыдыйæ кæй рухс кодта йæ зæрдæ, уымæй сæрыстыр уыд. Йæ рохтыл ын нæ хæцыд, æмæ дзы уыд райгонд.

Нугзар райдиан скъолайы ахуыр кодта сæхи хъæуы. Йæ сабион æмæ æвзонджы бонтæ æрвыста уым, 1953-æм азы каст фæцис Зиулеты астæуккаг скъола æмæ ахуыр кæнынмæ бацыд Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ирон филологон факультетмæ.

Каст æй куы фæцис, уæд дыууæ æмæ ссæдз азы куыста хъомылгæнæгæй. Уыд ахуыргæнæг, стæй – Уилда, Уæллаг Чере, Къоркъула, Уалыты хъæу æмæ Сарабукъы 8-азон скъолаты директортæ. Уыдон фæстæ куыста журнал «Фидиуæджы» критикæ æмæ публицистикæйы хайады редакторæй. Уыд рауагъдад «Ирыстон»-ы сæйраг редактор, стæй та – йæ директор. Ныртæккæ у Республикæ Хуссар Ирыстоны Парламенты ахуырад, дин æмæ мыхуыры фæрæзты комитеты сæрдар.

Нугзар æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд. Алы райдайæг фыссæгау уымæн дæр нæ фаг кодта поэтикон фæлтæрддзинад, уый та æрцæуы рæстæгимæ. Æмæ ахуыр кодта, архайдта поэзийы сусæгдзинæдтæ рафæлгъауыныл æвзонг поэт.

Уый тыххæй литературæиртасæг, филологон зонæты доктор Джиоты Хазби фыста: «Дыккаг хатт фембæлдыстæм Нугзаримæ 1956–1957 ахуырадон азы. Уый уæд ахуыр кодта Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты филологон факультеты 4-æм курсы. Æз та куыстон уыцы факультеты хистæр ахуыргæнæгæй. Разамынд лæвæрдтон

литературон къордæн дæр. Къорды астæумагъз уыдысты: Харебаты Леонид, Бахъаты Нугзар æмæ Козаты Исидор.

Ам арæх кастысты се 'мдзæвгæтæ, биноныг ныхас цыд поэтикæйы æппæт фарстытыл дæр, сæрмагондæй та æвзæрст цыдысты: поэтикон идейæ, æмдзæвгæйы ритмикон фæлыст, аивадон фæрæзтæ, аллитерацион системæ æмæ æндæртæ. Уацмыстæ æвзаргæйæ-иу сын хицæн æмæ хицæн фарстытыл бацайдагъ быцæу дæр. Уыцы фарстатæ-иу аскъуыддзаг кодтой сæхæдæг æнæ ме 'ххуысæй дæр» (газет «Советон Ирыстон, 1984, хурхæтæны мæйы 30-æм бон).

Раст ахæм быцæуты фæлтæры æвзонг фыссæг. Ахæм быцæуты фидар кæны йæ поэтикон Æз. Уыцы азтæ хорзæрдæм сæ фæд ныууагътой Бахъаты Нугзары сфæлдыстадыл дæр. Фыццаг æм хиирхæфсыны хуызæн цы æмæвæрдтытæ фæкастысты, уыдонæн бамбæрста сæ нысаниуæг арфдæр. Фæстæдæр уымæн загъта хъуыдыгæнгæйæ йæ царды нысан æвдисæгау:

*Хиирхæфсæн нæу мæнæн поэзи –*
*Кадæнхъæл лæгæн мæ худ нæ исын...*
*Не знагæн йæ марæн нæмыг фестын,*
*Ме 'мбалæн та риссын æз йæ рисыл.*
(«Чиныгкæсæгмæ»)

О, поэзи хиирхæфсæн нæу. Уый хъуамæ зона цин кæнын, риссын. Хорзæн у æви фыдæн – нæ зарджытæ дæр хъарджыты хуызæн сты. Нæ фыццаг ирон профессионалон æмдзæвгæ – Мамсыраты Темырболаты «Сагъæстæ» сæ авторы зæрдæйæ хъарæджы хуызы стыдтой. Къостайы «Додой» абон дæр æнкъуысын кæны зæрдæтæ.

Фæлæ уыдæттæ иууыл махæй аразгæ не сты. Уый нын нæ хъысмæты æлгъыст у. Ирыстон цалынмæ баиу уа, сæрибарæй сулæфа, уæдмæ уый иууыл дæр афтæ уыдзæнис, хъыгагæн.

Уæдæ, ахæм дуджы, ахæм уавæры, поэтæн куыд уыдзæн поэзи хиирхæфсæн! Нугзарæн дæр у йæ зæрдæйы арф æвæрæнтæ дзурыны хос:

*Маст мæ нæ ахæсдзæн ацы фыды къæсæй,*
*Уарзт мæ нæ атондзæн хæхтæй... Ам сырæзтæн,*
*Уд мæ, æлгъыстау, нæ аскъуындзæн а фæзтæй,*
*Ам æз мæ рухс сæнттыл, уарзонау, рахæст дæн.*

*Сау зæрватыккау, нæ фæзмын хърихъуппы,*
*Зонын, нæ банымæг аргъау хæтаг цъиуыл.*
*Мæнæ мæ рох хæдзар хъæуы сæр иу къуыппыл,*
*Рагон æхсаргард, мæ фыды кæттаг цинел.*

(«Фыды къæс»)

Нугзар у поэт-лирик. Уыцы хъуыддаг фæбæрæг йæ фыццаг æмдзæвгæтæй, стæй – йæ фыццаг чингуытæй: «Уалдзыгон райсом», «Ныстуан», «Æнæрынцой мелоди»- йæ райдыдта æмæ абонмæ цæуы поэзийы уыцы тагыл, – кæд афтæ зæгъæн ис, уæд, – ома, поэт-лирикы хъæлæсы уагыл.

Нугзар цыбыр æмдзæвгæ фысса æви кадæг, уæддæр дзы уынæм, лирикон хъайтары номæй йæхи зæрдæйæ чи фæулæфы, йæхæдæг кæуыл фæриссы, уыцы сагъæс.

Æниу, æхсæв æмæ бон, зымæг æмæ уалдзæг, уалдзæг æмæ сæрд æмæ афтæ дарддæр афæдзы афонтæн сæ кæрæдзийæ фæхицæн кæнæн куыннæ ис, афтæ поэты зæрдæйы уыцы иу рæстæджы цæрынц цин æмæ сагъæс, уарзт æмæ фыдæх. Цинагыл цин фæкæны, сагъæсагыл – сагъæс; уарзинаджы уарзгæ кæны, фыдæхимæ – тох. Æмæ йæ зæрдæйы уыцы ивæнтæ алы хатт дæр сæ фæд ныууадзынц йе сфæлдыстады.

Поэты уды хæтæнтæн аргъгæнгæйæ, стыр курдиатджын фыссæг, не ‘хсæнæй цардцухæй фæхъæуæг Нугзары æрдхорд Козаты Исидор афтæ зæгъы: «Нугзар у уæзбын, хиуылхæцгæ поэт. Царды дæр æмæ поэзийы дæр. Иу бакастæй афтæ зыны, цыма йе ‘мдзæвгæтæ сты цыдæр «æндзыг!», фæлæ сæм лæмбынæг куы ныхъхъусай, уæд сæ змæлынц арф хъуыды, æцæг поэтикон сагъæс, удагайæг æнкъарæнтæ. Йæ дзырд кæддæриддæр вæййы зæрдæйæ ралæмаргæ, æмæ зæрдæйыл дæр уымæн æмбæлы» (газет «Советон Ирыстон», 1984, хурхæтæны мæйы 30-æм бон).

Дзырд дæр ыл нæй, поэты иууыл æвæджиагдæр æнкъарæнтæ гуырынц уыцы цин æмæ сагъæстæй. Йæхæдæг уымæн зæгъы:

*Лæджы бæллицтæ – урсбазыр суадæттæ*
*Мæнæн мæ риуæй абузынц æдзухдæр.*
*Ыстулы хур... Фæкæс, æмæ та – ауæттæ,*
*Æмæ Зæххыл йæ хъарм æндавы цухдæр.*

*Фæкæс, æмæ та хохрæбынæй араст дæн,*
*Мæ изæр мæм кæсы æнхъæлмæ рагъсæр.*
*Æмæ тыхсын: мæ бонгуысты цы сарæзтон?..*
*Мæ хурыскаст цæмæй нысан у фахсыл?*

*Æз уæлæ уыцы цъупмæ комæй араст дæн,*
*Куыд æввахс у... (Куыд æввахс зыны махмæ...)*
*Фæзæгъын: уым уыдзынæн райсом фарастыл,*
*Фæкæс, æмæ ныддаргъ мæ фæндаг Магъмæ...*

(«Фæндзай азы»)

Бирæ сты поэты дзуринæгтæ: Фыдыбæстæ, не 'взаг, ирон лæджы удыхъæд, нæ ивгъуыд æмæ нæ абон, нæ фидæн, ныййарæджы уарзт, Ирыстоны рæсугъд æрдз, интимон сагъæстæ... Бирæ æмæ алыхуызон сты йæ сагъæстæ. Фæлæ поэт алы хатт дæр фæтырны, чиныгкæсæгмæ сæ фæхæццæ кæна бæрц æмæ зæрдæмæхъарæг дзырдтæй. Цæй тыххæй сæ фæуарзы кæнæ йын æнæуынон цæмæн вæййынц, уый тыххæй та фæкæны конкретон ныхас.

Ирон адæмау ын Ирыстон иу у: «мады риутæ дарынц къуыпп, дыууæ хохау, фæлæ сæ хъæбул нæ кæны хицæнтæ»... Чи сæ кæцы у, уæлдай йын нæу. Поэтæн дæр цæргæцæрæнбонты Ирыстон уыдис æмæ у иу, уый тыххæй у æнæхъæн Ирыстон йæ зарæджы сæр:

*Ирыстон! – Мæ зарæджы сæр!*
*Ирыстон! – Æмдзæвгæйы зæл!*
*Ирыстон! – Æхсæрдзæны зард!*
*Ирыстон! – Мæ хоры æрзад!*

*Ырыстон! – Мæ фыдæлты Ир!*
*Ирыстон! – Мæ сомыйы зæхх!*
*Ирыстон! – Октябры ‘фсир!*
*Ирыстон!*
*Цы дæ схонон, – зæгъ,*
*Мæ раттæг, мæ зæхх...*
(«Ирыстон»)

Адджын та йын у, сæрыстыр кæмæй стæм, уыцы Чермен, Хазби, Иссæ æмæ бирæ ирон хъайтарты мад кæй у, йæ авдæны сæ кæй ауызта, уый тыххæй.

Цымæ иумæйаг, риторикон дзырдтæ сты, фæлæ сæ домы зæрдæ. Арынц æм фæндаг. Æмæ уый цæуы сæ авторы хурæргом æнкъарæнты фæрцы. Ирон дзырдаивады дæсны Нафи уымæн зæгъы: «В статьях Нугзара, лирического поэта по сути своего мироведения и мирочувствования, многое от его человеческого индивида. Идет по земле добрый труженик, с простодушно открытым сердцем, с лицом, озаренным улыбкой доверия миру и человеку, словно ему неведомо, что мир и человек бывают порой злыми и коварными. И по моему разумению лиризм поэзии Нугзара отмечен этими же свойствами. В лучших стихах Нугзара мы видим те же черты – искренность, простоту, не знающую претенциозности, добродушие и доброжелательность. Поэзия Нугзара даже там, где она становится риторичной, где поэтическое мировидение подменяется красноречием, все равно подкупает искренностью и простодушием, словно ему совершенно незнакомы какие-то ни было «хитрости пиитические» (газета «Южная Осетия», 1999, цыппурсы мæйы 25-æм бон).

«Пиитон» хæйрæгдзинæдтæ Бахъайы-фырт хорз зоны, фæлæ йын уый дæр æнæзындгонд нæу, æргом æмæ зæрдæйы арфæй цы дзырд нæ ратæдза, уый чиныгкæсæджы зæрдæмæ нæ фæцæуздзæнис. Поэзи математикæ кæй нæу – иу ныффыссæм, фараст та нæ хъуыдыйы дарæм, уый дæр ма афтæ куы хынцит. Не ‘взаджы тыххæй фæдисхъæр чи

сисы, афтæмæй йыл зарынæн чи нæу, уымæн уайдзæфгæнгæ уымæн зæгъы:

*Не ‘взаг, нæ уалдзыгон цин –*
*Анахарсисæй нын баззад.*
*Сабыр… Фæдисаг нæм ц’и.*
*Азар, иронау мын азар…*

*Уарзын Ацæмæзæн æз*
*Комы йæ уадындзы схъис дæр…*
*Фæлæ æркæлы мæ ныфс,*
*Иугæр кæныс ды фæдисхъæр:*

*Зонын, куыд зарыд гыцци*
*А-ло-лай хохаг изæртæн…*
*Иугæр ды расидтæ зиу…*
*Риссы уæд, риссы мæ зæрдæ.*

*Дон нæ кæдæм ласдзæн уæд…*
*Мацы фыд æрцæуа, мацы!*
*Ме ‘взаг, дæуыл у мæ мæт,*
*Риуы æлгъыст катай бацыд.*
(«Сабыр… Цы сидыс фæдис?»)

Лирикон хъайтар фæдисгæнæгмæ мæсты кæны, иронау кæй нæ зары, «нæ дамгъуат дзы рох, афтæмæй «рифмæтæй хъазы» æмæ мæнг фæдис кæй у, уый тыххæй. Фæлæ йын уый аивадон амал–дзырдрасайæн у, æндæра, уымæй йæхи сагъæсагтæ фылдæр сты йе ‘взаджы тыххæй. Сæ кæрæдзийы фæдыл сæ уымæн нымайы:

*Ивгъуыдæн раздахæн нæй –*
*Азмæг цы кæндзыстæм, азмæг.*
*Цалынмæ не’рцыдис зæй…*
*Хох ын ыскæнæм йæ размæ.*

*Азар, куыд мын зарыд Терк*
*Иры цъалаты иронау.*

*Хъуамæ ирон уа дæ тæркк,*
*Хъуамæ дæ дзуар ирон уа.*

Æмæ кæд йæ хъуыдыйæдтæ, бирæ хæттыты йæ дзырдтæ дæр кæронмæ нæ ахæццæ кæны, фескъуыны сæ æрдæгыл, йæ хъуыдытæ æруадзы бынтон ныллæг, кæнæ сæ æнæнхъæлæджы Хуыцауы цъуппыл æвæрынмæ фæхъавы, уæддæр æм чиныгкæсæг хъусы. Уымæн æмæ йын уый у аивадон амал. Æмæ æрцахсы йæ поэтикон дзырд чиныгкæсæджы. Уый дæсныйад у, æмæ йын уыцы дæсныйад фадат дæтты рæстæджыты, цауты сæ кæрæдзийыл, йæхи куыд фæнда, афтæ бæттынæн, æмæ зæрдæйы æнкъарæнтæ уыдон фæрцы чиныгкæсæджы рæгъмæ хæссынæн.

Фыссæг йæ дуджы адæймагадон æмæ социалон проблемæтæ, дуджы характерон миниуджытæ æмæ рæстæджы цыд аивадон æгъдауæй хъуамæ æвдиса, уæд æй исы чиныгкæсæджы зæрдæ. Царды ивгъуыд абонимæ чи бæтты, фидæнмæ чи кæсы, уый адæймаджы хъуыды кæнынил æфтауы. Æххуыс ын кæны царды цæхгæр æмæ тæссаг фæзилæнтæ хуыздæр æмбарынæн. Йæ хъусы дзурæгау æй фæдзæхсы, цæмæй ма фæкæла. Æмæ уыцы ныхас æнæкъæлæсытæ, æргом зæрдæйæ куы цæуа, уæд ыл æнæбауæндгæ нæй.

Фæлæ уыдон равдисыны тыххæй алцæмæн дæр ссарын фæхъæуы йæхи аивадон амæлттæ. Æмæ Нугзары хатт бахъæуы цахæмдæр ныв кæнæ штрих, цæмæй бæрæгæй разына, цы зæгъын æй фæнды, уый. Уыдон агурынмæ та поэт у арæхстджын. Ноджы сæ уацмысы композицион арæзт æмæ ритмикæимæ афтæ сбæтты æмæ чиныгкæсæджы æлвасынц сæхимæ. Æфтауынц æй хъуыды кæнынил, уарзынил. Цардæн фæаразы раст æмæ бæлвырд хатдзæгтæ.

Ноджы уацмысы кæрон йæ поэтикон дæсныйады фæрцы «æнæнхъæлæджы» хъуыды, ома, аивады резюме куы ацаразы, уæд ын йæ дзырд уый фæкæны зæрдæмæдзæугæдæр.

Терк хохайнæгыл цы цъитийы бын райгуырд, уыцы хохæн нырма кæй ницы фæцис, «афтæмæй кæмтты ахаста йæ уис», зæгъгæ, куы дзуры; ноджы ма къæбæда ныхасыл куы схæцыд: «Мæ фæстæ, урс цъити, æгъгъæд кæс»(аив

рифмæ аразы «æгъгъæд кæс – æвгъæдгæс» æмæ «Дайраны цъæх айнæг къулы» куы ахызт, куы «фæкодта урс цъититы рох», уæд æнхъæлыс, æрдзы ныв аразынмæ хъавы, фæлæ дын йæ дарддæры уавæр фестъæлфын кæндзæнис дæ хъуыды: «Бафтыдта æгæндæнг хъæдтыл сагъæс, Катай кодтой цæргæстæ уæлхох…» Цæмæн?

Уый тыххæй байхъусæм поэтæн йæхимæ:

*Хур æм касти æрхы бын æнкъардæй,*
*Райгуырди бæрзонд къæдзæхтыл-тæрк…*
*Æмæ лыгъд фыдæлты судзгæ артæй, –*
*Хъарм авдæнæй, уад-æрсургъау, Терк.*

*Æмæ лыгъд… Йæ Райгуырæн къуым уагъта,*
*Сагсимæнтыл ауагъта йæ къух.*
*Æмæ лыгъд… Сабыр, æдзынæг хæхтæй*
*Терк фæкодта мин-мин азты дугъ.*

(«Гъей, бецау, Терк!»)

Лидзыны, райгуырæн къуым ныуувадзыны коймæ зæрдæ фестъæлфы. Фæхаты адæймаг, ам дзырд æрмæст æрдзы нывтæ равдисыныл нæ цæуы. Æрдз поэтæн у æрмæстдæр йæ хъуыды раргом кæныны амал. Дзургæ æндæр цæуылдæр, ноджы ахсджиагдæр хъуыддагыл кæны. Уыцы «ахсджиаг» та раргом вæййы æмдзæвгæты кæрон:

*Бадомдта йæ дæлæ рындзыл ихуард –*
*Фестъæлфы йæ тæригъæдæй дагъ:*
*Гъе, бецау, Терк!*
*Урс цъититыл иу хатт*
*Чи нæ уал æрæвæрдзæн йæ къах!*

*Гъе, мæ лымæн, зарын хъæуы, зарын…*
*Ахæм уалдзæг чи уадзы йæ арт!!.*
*Нæй дæ балцы Райгуырæн ыссарæн,*
*Æмæ уымæн не хъуысы дæ зард!*

Фылдæр хатт, æцæг уацмысы куыд вæййы, афтæ ам кæрон нал сырæзт аивадон æгъдауæй, фæлæ, уыцы «згъуыд» æххæст кæны æндæр амал – царды трагизм.

Тулгæ дурыл хъуына нæ хæцы. Йæ Райгуырæн чи ныууадза, уый та тулгæ дурæй фыддæр у. Фесафы йæ ивгъуыд. Нæй йын абон. Уæдæ йын куыд уыдзæнис фидæн дæр?

Ахæмты ныхмæ цард сын бамбарын кæныны тыххæй фæдисæй хъæуы растын. Стæй – «Хуыцауы кæртæй ис» чи ссивы, хæрам чи тауы, уыдон ныхмæ дæр.

Цалынмæ зæххыл фыдгæнд ми уа, уæдмæ йæ ныхмæ хъæуы лæууын, раст фæндагыл æй ардауын. Сабыр зондмæ куынæ хъуса, уæд та йæ ныхмæ тох кæнын хъæуы карзæй, æгъатырæй:

*Сис ын уæд йæ мыды къус йæ разæй,*
*Кæннод ризын, фатдзæф сагау, æз,*
*Чи дæтты мыггаджы цаудмæ нуазæн…*
*Мæн хъæуы мæ удисæны ныфс…*

*Уарзын æз хæрзиуæгагур царды*
*Йе ‘хсарæй цы ирон сæтты хох…*
*Кæд хъæуы цæссыг æркалын мардыл, –*
*Хъуамæ ‘ркæуон… Хъуамæ уон фыдох!..*

*Саразæм, цы ма нæ сырæзт, ахæм,*
*Базонæм, цы ма нæ зыдтам раст…*
*Бавзарæм, цы у æхцондæр махæн…*
*Банкъарæм, цы у нæ удтæн маст…*
(«Дзыллæтæ, фæдисмæ сидтæй растут»)

Фæлæ адæймаг цæмæй æнкъара алцыдæр, араза, цы ма не ‘рцыд арæзт, уый; зона, базонæн цæмæндæриддæр ис, уыдæттæ, уый тыххæй фыццаджы-фыццаг хъуамæ уа сæрибар. Сæрибар, æцæг сæрибар хъуыды сæрибар, æцæг сæрибар удæй гуыры.

Махмæ фæстаг дæсгай азты уæлдай тынгдæр нæ фыдбоны, сабихор сыхæгтæ уымæн мукара кæнынц, сæ хæцæн-

гарзы арæх, сæ лæджыфыдхор ссыртæ æмæ тугмондаг уæцъæфтæй нæ уымæн тæрсын кæнынц, цæмæй нæ удты сæрибардзинад фесафæм, нæ бон мауал уа раст хатдзæгтæ æмæ хъуыддæгтæ аразын æмæ сæ хуыр ахсæнты æнцондæрæй батайæм.

Фæлæ аллон туг æмæ стæгæй – сæ гал æгæвдæс.

Ахæм фыддуджы поэты авд уды, авд сæры хъæуы. Æмæ сæ иууылдæр хъуамæ нывондæн хæсса йæ Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау. Поэт йæ адæмы æвæллайгæ лæггадгæнæг у, æмæ Ирыстоны ацы лæгæвзарæн фыддуджы нæ фысджытæ кæд æрдæгыл банцадысты, уæддæр нæ фæцудыдтой. Чъребайы тохты нæмгуытæ, ракетæтæ, минæтæ ихуарæгау кæм фæкæнынц, уым фæсчъылдымтæ нæй, Фыдбылыз кæмæ кæцæй кæсы, уый зонæг ничи у. Зонæм æрмæстдæр иу хъуыддаг – фæстæмæ алæууæн нын нæй. Адæймагæн цардæй зынаргъдæр ницы ис, фæлæ ууыл дæндагæй хæцынæй бирæ хатт амæлын æнцондæр вæййы.

Махæн амæлыны бар дæр нæй. Ирыстонæн йæ хъæбултæ иууылдæр иуæггай нымад сты. Тыхджынæй, æдыхæй нæ алчи дæр хæстоны бынат ахсы. Тохы бынатæн та нæй дзæгъæлæй уадзæн. Æмæ Нугзар-поэт лирикон хъайтар ныфсæнхъæл йæхи кæдæм нæ аппары – историон хъайтартæм, фыдæлтæм, нартæм:

*Æз Батрадзы стæгдар дæн!.. Д'арты,*
*Ир! Цырагънæзы 'хсидавау судзын.*
*Æз – Уырызмæджы фæстаг балц!.. Нырты –*
*Арвайдæн ихæврæгътæ фæрсудзын.*
*Æз – Сосланы зæрдæйы куыст… Тохы –*
*Топпы хъуыры зынгæрхуыйы хъуыртт дæн…*
*Æз – Уæрхæджы бæхы цæфхад… Хохы,*
*Æвзист мæргъгæйау, къæсæрмæ хуыд дæн!..*
*Донбеттырты мынæг арт – æртхос дæн!.*
*Æз Батрадзы стæгдар дæн!.. Д'арты,*
*Ир, цырагънæзы 'хсидавау судзын!..*

(«Ир»)

Поэт йæ фыдæлты зæхмæ лæбурæг куыйдзыхты гауыр митæй куы сфæлмæцы, уæд-иу, Стыр Фыдыбæстæйон хæс-

ты рæстæджы нæ фысджытæ куыд кодтой, афтæ уый дæр æххуысмæ фæсиды нæ Хуыцауы хай Къостамæ. Бахъæуы йæ уый зонд, уый уæлион уынаффæ, йæ арфæ.

*Нæ хуымтæ нæ мады фæндиаг барывтам!*
*Куы суагътой нæ цъæх æвзартæ тау...*
*Цæмæй тарстыстæм, уый нæ баййæфта,*
*Кæнынц нын нæ уæлмæрдтыл дæр дау...*
*Къоста! – нæ зарджытæн сæ райдиан,*
*Нæ рохст зæрдæты хъæдгомы хос,*
*Хуыцауы раз кæд исты фæрæдийæм,*
*Уæддæр ма-иу нын ацамон хорз.*
(«Къоста! Нæ зарджытæн сæ райдиан...»)

Цыфæнды темæйыл фыссæд Нугзар, йæ ныхас вæййы зæрдæбынæй цæугæ, адджын. Хъæртыл дæр ацархайы, фæлæ йæ уæлмонц ныхас у мелодион, суадоны донау, хæлхæлгæнаг. Йæ зарæг адæймаджы нæ тыхст æмæ уырыд дугæй кæны райдзаст мысинæгтæм. Суанг кæуæн бон, фыдохы бон дæр.

Ныййарæджы уарзтыл, кæнæ – хъæбулы уарзтыл ныййарæгмæ цас æмæ цас уацмыстæ фæкастыстæм! Нæхи зæрдæты цас рухс мысинæгтæ тæлфынц! Æмæ нæ алы хатт фефтауынц æнцой хъуыдытыл.

Хатт адæймаг зæгъы йæхицæн, хъæбултæ æмæ ныййарджыты æхсæн ахастытæй алцыдæр зонын, зæгъгæ. Фæлæ алы уд йæхирдыгонау уарзы.

Нугзар йæ дзæнæтыбадинаг мад æмæ фыдыл цы æмдзæвгæтæ фæфыста, уыдон сæхæдæг æнæхъæн чиныг сты. Фæлæ нымæц алы хатт хорзыл дзурæг нæ вæййы. Ацы уацмыстæ кæсыс æмæ дæ се 'нкъарæнтæ, сæ композицион арæзт, се 'взаг, сæ хъæлæсы уагæй æлвасынц сæхимæ.

Дæхи дæр афæрсдзынæ: цы сæ ис ахæмæй, зæрдæйы ма фæнда, йæхи сæ атона? Уæддæр сæ кæсыс:

*Æхсæв банымæг тары,*
*Зæхх – æгуппæг, æмыр.*
*Хъæу, фæдисы хъайтарау,*
*Рындзыл афынæй ныр.*

*Мæй дæр ахъуызыд, ахызт,*
*Фæтæн мил нысан у.*
*Бадæм æз æмæ сагъæс –*
*Ахсæв цардмысæн у.*

*Цард лæджы фæдтæ бары*
*Цадæг санчъехтæй, кæс.*
*Æз мæ хъысмæтæй дарын,*
*Рагон туджджынау, хæс.*
(«Æз нæ бафсæстæн цинæй»)

Хуымæтæг, иударон дзырдтæ, рæнхъытæ. «Хъæу, фæдисы хъайтарау, рындзыл» кæй афынæй, æндæр дзы мæнæ-мæнæ фæлгонц дæр нæй. Уæдæ, логикон æгъдауæй дæр цас фидар у: æхсæв тары кæм нымæг кæны, уый ма куыд фенæм – «фæтæн мил нысан у?»

Уæддæр нæ æлвасы йæхимæ. Æлвасы нæ йе 'ргом дзырд, йе 'нæхин хъуыдыйæ. Йæ музыкалондзинадæй. Æмæ поэзийы тых уым ис рагæй фæстæмæ:

*Цæй-ма…*
*Дзурын гыццимæ…*
*Ист – мæ удæнцой, ист.*
*Æз нæ бафсæстæн цинæй,*
*Кодтам афтæмæй хист.*
*Афтæмæй кодтам хист.*

*Хуыссæг цæстытæм хъуызы,*
*Риумæ – 'нæкæрон маст.*
*– Уæуу! Куы рамæлон…–*
*Хъуысы,*
*Æмæ стæлфын æваст…*

Цас æм ис ныййарджытыл ахæм æмдзæвгæтæ: «Мæ фынты…», « Мæ фыды ингæны уæлхъус», «Узæлгæ ныхас цыд…», «Дысон дæ федтон», «Мæ мады ингæны уæлхъус», «Мад» æмæ бирæ æндæртæ.

Лирикæ гæды дзырд, хъуыдыты тых лæмæрст, зæрдæйы уазал нæ уарзы. Уым алцы дæр, зайæгхалау, æргом æмæ

рæсугъдæй куынæ рæза, уæд дзы чиныгкæсæджы уд нæ улæфы.

Поэт дунеон поэзийы фыдæлтыккон, æнæмæлгæ темæйыл – уарзондзинадыл куы фæфыссы, уæд уæлдай арæхстджындæрæй февзары дзырдтæ.

Уарзт, дыууæ цардбæллон уды уарзт нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы æрмæст, дыууæ ныхмæвæрд зарядау, не скъæфы сæ кæрæдзимæ, фæлæ сыл садзы базыртæ, рæсугъд сын кæны се 'нкъарæнтæ, арф сын кæны сæ хъуыдыйы гуырæнтæ. Уарзт адæймаджы нæ уадзы, æрлæмæгъ уа. Цъыфæй йæ исы бæрзондмæ. Уарзт рæсугъдæй зæд аразы, фыдхъуынæй – рæсугъд.

Кæддæр Хуыцау пахуымпар Мойсейæн судзгæ къутæры йæхи куы равдыста æмæ йын куы загъта: «Дæхи бæгъæмвад скæн æмæ афтæмæй æрбацу ардæм, ацы бынат сыгъдæг у», – афтæ кæнгæ у уарзты галуанмæ цæугæйæ дæр. Уарзт фыдахин æмæ чъизи ми нæ уарзы. Стæй – нæ быхсы.

Уарзтыл фысгæйæ дæр нæ хъæуы халын уыцы æнæфыст, фæлæ æппынæдзух зæрдылдаринаг æвæджиаг рухс æгъдæуттæ. Æмæ сæ йæ зæрдыл дары Нугзар. Уарзтыл заргæйæ йæ поэтикон дзырд вæййы зæлланггæнагдæр, мелодиондæр:

*Уæ, лæппутæ,*
*Ма мæ хонут 'нæзæрдæ,*
*Ме 'взонг зæрдæ сагъæсты ныдздзæгъæлтæ, –*
*Дзæгъæлы мын мачи дзурæд:*
*– Курын дæ!*
*Никæй сомы не 'рдардзынæн мурмæ дæр.*
*Иу лæппу мын сомы кодта:*
*– Курын дæ!*
*'Нæрай фæуа, тынг арæхстис дзурынмæ.*
*Хъазты мæ йæ сау цæстытæ нал иста.*
*Зарджытæ мыл хъисфæндырæй балвыста…*
(«Чызгайы сагъæс»)

Поэты уарзæгой дзырд цæмæй адæммæ æнцондæрæй хæццæ кæна, цæмæй йæ исой сæ зæрдæтæм арфдæр, хуыздæр æй æмбарой, уый тыххæй ахизы адæмон сфæлдыстады

аивадон амæлæттæм. Æмæ йæ хъуыды фæраст вæййы. Уый æнцон рахатæн у йæ интимон æмдзæвгæты:

*Урссæр хæхтæн ракæлынæй тарстæн,*
*Гъе, фæлæ дæ уый æнхъæл нæ уыдтæн,*
*Искæд бон ысурс уой махыл азтæ,*
*Искуы мыл ды акъуырай дæ былтæ.*
*…………………………………………*
29* Хъазиты Мелитон *Худгæ мæй стъалыджын хъæццулæй*
*Расхъиудта зынджытæ калгæ коммæ.*
*Нал-иу хаста мæн мæ къах дæ цурæй,*
*Сусæгæй куы хордтон ард дæ номæй.*
(«Дæумæ»)

Ноджы аивдæр та уацмысы кæрон у. Лирикон хъайтарыл йæ сæфт хуры хай сайдæй кæй рацыдис, уый тыххæй йæм лæбурдтытæ нæ кæны. Йе 'взæрмæ дæр нæ бæллы.

Уарзæгой зæрдæйы æвзæр никæмæн фæфæнды. Нугзары лирикон хъайтар уый тыххæй нывонд кæны уæддæр йæ уарзон чызгæн йæ уд:

*Уддзæф-иу дын кæд йæ зарæг зара*
*Зон-иу уæд, мæ зæрдæ дын кæй зары.*
*Рахат-иу, мæ сæфт хуры хай, «Зарæ»,*
*Чидæр дын йæ уд нывондæн хъары.*

Бахъаты Нугзары интимон зарджытæ музыкалон кæй сты, уый тыххæй композиторты хъусдард раджы аздæхтой сæхимæ. Бирæтæ сæ сты адæмæн уарзон. Уыдонмæ хауынц кæй кой кæнæм, уыцы уацмыстæ дæр.

Бирæ хатт нæ поэты уацмыстæ фембулынц сæ фæлмæн юморæй дæр. Чи зоны, æххæст юмор рахонын дæр сын аив нæу. Фæлæ бæлвырд у иу хъуыддаг: юморы тæфаг ын цы æмдзæвгæтæм фæхæццæ вæййы, уыдон поэзиуарзджыты нæ ныууадзынц зæрдæнцойæ. Æрмæст æй хъæлдзæг нæ бакæнынц, фæлæ æрбынат кæнынц сæ зæрдæты.

Мæ ныхасæн ирд æвдисæнтæ бирæ ис æрхæссæн:

*Апъа дын кæнон,*
*Фæлæ... Авдæны...*
*Фæлæ авдæны...*
*Æмæ нал уæндын пъа кæнын.*
*Афтæ æнхъæлын,*
*Цыма авдæнæй*
*Сау-сауид дзæццытæй*
*Мах уый хъахъхъæны.*
(«Афтæ æнхъæлын»)

Æмæ нæ ныхасы кæрон ноджыдæр æркæсæм иу цæвиттонмæ:

*Симыс? –*
*Симды ныфæллай.*
*Уарзыс? –*
*Уарзтæй куыд судзай, –*
*Рухс цырæгътæ куыд дарай*
*Чызгмæ арвы хъæццулæй.*

*Хъаздæллагхъуыр – цыкура,*
*Тасгæ-уасгæ къæлæсыг,*
*Чызг дæм йæ цæст ныкъула,*
*Æмæ кæнай къæмдзæстыг?!*
(«Симыс»)

Бахъаты Нугзар у йæхирдыгон поэт. Йе сфæлдыстадмæ йын бæлвырд литературон барæнтæм гæсгæ кæсæн нæй. Йæ дзырд, æгæрыстæмæй, алы хатт граматикон фæткойтæм дæр нæ хъусы. Кæм куыд ныззилдзæнис, кæцæй кæдæм фæтъæбæртт кæндзæн, уый, мæнмæ гæсгæ, развæлгъау поэт нæхæдæг дæр нæ фæзоны. Фæлæ уымæй тæрсын нæ хъæуы. Хъæуы йæ æмбарын. Софоклы хъуыды нæхирдыгонау куы рацаразæм, уæд уыдзæнис: тæссагæй дзы ницы ис, адæмæн лæггад кæны. Стæй, йæ адæмæн, Ирыстонæн лæггадгæнгæйæ, тырны йæ царды бонтæ батонынмæ. Уыдон сты сæйраджы-сæйраг йæ зарæджы сæр:

*Ирыстоны æлыгæй арæзт дурын дæн,*
*Йæ суадæттæй мæ монц,*

*Мæ дойны басæттын.*
*Ирыстон! – Чермен æмæ Хазбийы кувæндон,*
*Æз дæуæн донхæсгæйæ хъуамæ асæттон.*
(«Ирыстон»)

Мæ ныхасы райдианы æмæ йæ кæрон рагон бердзенаг куырыхонты хъуыдытæ хуымæтæджы не ‘рымысыдтæн. Нугзар-иу йæ поэзийы раздæр Ирыстоны фæтæгтæ æмæ хъæбатыртæм: Къоста, Ос-бæгъатыр, Чермен, Хазби, скифтæ, алантæм ахæццæ. Дунейы хъæбатыртæ æмæ йæ нартæм цæуынæн дæр ницы хъыгдардта. Фæстаг рæстæджы та дунейы зынгæдæр философтæн нал дæтты удæнцой. Йæ поэзийæ куы кæцæй сдарынц сæ сæртæ, куы – кæцæй. Куыд йæ бон у, афтæ йе сфæлдыстады йæхи æууындзы философон хъуыдыкæнынадмæ.

Хорз райдайæнæн æрæджы никуы у. Куырыхон лæгты нæмттимæ нын поэты сфæлдыстад ногæй цы æрхæсдзæнис, уымæн æвдисæн уыдзæн рæстæг.

2004

## ДУНЕИМÆ РИСГÆЙÆ

Аивад йæхæдæг куыд алыварсон у, афтæ алы æмæ алыхуызон удыхъæдтимæ вæййынц йæ аразджытæ дæр, кæд сыл рæстæгæй æмхуызон стыр бæрн æрæнцайы, уæддæр. Уыцы бæрн, куысты æмæ царды принципиалон чи у, ахæм курдиатджын адæймаг куы фæхæссы, уæд йæ къухы бирæ бафты. Свæййы рæстæг æмæ царды хъулæттæ æвдисæг, адæмæн фæндагамонæг. Искæмæ кæнæ истæмæ нæ фенхъæлмæ кæсы. Йæхæдæг вæййы рæвдауæг дæр, тохгæнæг дæр, аразæг дæр. Поэт Джусойты Нафи цæйау зæгъы:

*Лæппуйау мауал кæс рæвдыдмæ,*
*Дæхæдæг иннæты рæвдау;*
*Кæмæн нæй адзурæн йæ фыдмæ,*
*Ды уыдон бабуц кæн рæдау.*

*Ысуадз æхсоныл дæр хъамбул тау,*
*Зæххон цард, уалдзæгау, фæлындз…*
*Мæсыгæй расхъиуæггаг дурау,*
*Дæ бонтæ радыгай кæлынц.*

(«Зын кары»)

Йæ адæм, йæ Фыдыбæстæйы сæрвæлтау чи кусы, уыдон амондджын сты.

Аивады уыдонмæ хауы поэт Плиты Феликс.

Æцæг аивады кусæг амондджын хи уды хцондзинадæй нæ вæййы, фæлæ йæ адæм, йæ Фыдыбæстæ, йæ рæстæджы йæ сæр кæй фæхъæуы, уый тыххæй.

Ахæм у Феликс дæр.

Уый ирон литературæмæ æрбацыд йæхи зæгъинæгтимæ. Кæд аивады уый æнцон хъуыддаг нæу, уæддæр ын ис йæхи хъæлæс.

Уый, ома, йæхи поэтикон удыхъæд, уæлдай ирддæрæй разынд, абон ирон адæмы, стæй æмткæй Ирыстоны хъысмæт карды комы куы лæууы, теманы фындзыл æвæрд чи у, уыцы тæбæгъы донау, кæцырдæм фæкъул уыдзæнис, уый Стыр Хуыцауæй дарддæр бæлвырд куы ничи зоны, уыцы заманы.

Адæймаджы удыхъæд лæгæвзарæн рæстæджы раргом вæййы. Нафийы æмдзæвгæйæ цæвиттон уымæн æрхастон. Лæджы кары куы бацæуай, уæд искæй рæвдыдмæ мауал хъуамæ кæсай, фæлæ æхсон дуры дæр ауадзай дæ уидæгтæ, цæмæй зæххон цард ныррæсугъд кæнай уалдзæгау.

Уыцы хъуыддаг æнцон куы уаид, уæд алкæй къухы дæр æфтид. Фæлæ йæм хъæуы тырнын.

Феликс æм тырны. Æмæ йæхæдæг цæйау зæгъы, кæд «ис хуыздæрæй хуыздæртæ», уæддæр æм æмбæлы зæгъа барджынæй: «Хæссын æз нæ Иры лæгдзинады уаргъ.»

Уыцы лæгдзинады уаргъ æй здахы рæстдзинады сæрыл тохмæ:

*Æмбæхсы лæджы риу*
*Йæ мидæг фыдвæнд…*
*Фыдвæды бæсты-иу*
*Фæуæд лæг æвæд!*

*Рæстудæй цæрдзынæн.*
*Æрдзы сой – æвæуд.*
*Лæджы фыд хæрынæн*
*Кæд бæззыдис, кæд?..*
……………………………..
*Мæ тугдзæфæй зилы*
*Мæ зæрдæйы цалх.*
*Уый сиды: уæт Иры*
*Лæгдзинадæн аргъ!*

Поэт былдауæн ныхæстæ кæй нæ кæны, лæгдзинадæн æм æцæг кæй ис аргъ, уый бæрæг у, Ирыстоны номдзыд хъæбултæн балæггад кæнынил йæ уд кæй хъары, уымæй дæр. Нæ Фыдыбæстæн кæд исджи сæйраджы-сæйраг басгуыхт, уæд Хетæджы фырт у, æмæ йыл Плиты Феликс ныффыста æмдзæвгæты æнæхъæн цикл «Найраг хъуыдытæ».

Кæддæр Нары иу æрыгон мадæн Ирыстоны хæрзæбон æмæ кады тыххæй къæбæлдзыгсæр лæппу райгуырд, уый, аргъæутты хъайтарау (ирон поэттæ Къостайы фæлгонц куыд стырдæр равдисыны тыххæй арæх пайда кæнынц фольклорон абарстытæй), æхсæв уылынг рæзт, бон – уыдисны:

*Стæй атыдта йæ Ирыстон –*
*Йæ авдæн, –*
*Йæ адæмы хæрзбон æмæ*
*Кадæн*
*Фæндырдзæгъдæгæй ахызти*
*Дунемæ,*
*Йæ цæгъдинаг – йæ Иры сагъæс*
*Йемæ...*
(«Хæрзæбоны гуырд»)

Æмæ поэты лирикон хъайтар цардмæ, хуымæтæджы уазæгау, куы 'рцыдис, уæд:

*Дæу æрæййæфтон ам –*
*Нæ Иры, –*
*Фæфæрсын дæ афтæ:*
*«Ацы бæстæн –*
*Ирыстонæн*
*Ды йæ хъæбул дæ*
*Æви йæ мад дæ?..»*
(«Мæ уды тас»)

Æцæгдæр, Ирыстонæн мад куы уыдаид, кæд ныййарæджы лæггадæн баивæн ницæимæ ис, уæддæр ын Къоста

стырдæр лæггæдтæ бакодтаид. Мады бон нæ бавæййы йæ хъæбулы дунейæн фенын кæнын, уыдон æмсæр æй скæнын, фæлæ Къостайы бон бацис Ирыстоны æд хæхтæ, æд бы-дыртæ, æд цæугæдæттæ лæджы æмбæрц сисын æмæ йæ ду-нейæн равдисын. Æвдисгæ та йæ ракодта тыхджынæй, алы-варсонæй, цæрдхъомæй. Уымæйдæр – царды æппæт ных-мæвæрдтытимæ. Фæлæ поэт нæ фæтæджы афтæ кæй фæр-сы: «Ирыстонæн Ды йæ хъæбул дæ Æви йæ мад дæ?», – уый у поэтикон æнтыст. Кæд уый бæрц нæ, уæддæр ма ахæм поэтикон æнтыст ис æмдзæвгæйы кæрон дæр.

Поэт йæ лирикон хъайтары номæй дзуры, кæмæн табу кæны, йæ уыцы расдзогæн, ома, ацы цардæй цæугæ дæр акæндзынæн, уазæг куыд ацæуы, афтæ, ды та, куыд Ирыс-тоны уд æмæ фарн, афтæ баззайдзынæ уæлæуыл, фæлæ мæ-лæтæй, мыййаг, нæ тæрсы, æндæр у йæ сагъæс:

*Раст у:*
*Нæу мæлæтыл мæ куыд.*
*Циу мæлæт та,*
*Æмæ дзы тæрсон?*
*Æз тæрсын, поэт, уымæй,*
*Де 'мдзæвгæтæ*
*Куынæуал кæсон!*

Ахæм поэтикон фæзилæнтæй рæсугъд кæны поэзии. Плиты Феликс дæр сæ агуры, уырзæй сæ æвзары æмæ сæ хæссы йæ уацмыстæм. Афтæмæй йе 'мдзæвгæтæ чиныгкæ-сæджы зæрдæйыл æмбæлынц тынгдæр. Ацы циклæй æр-хæссæм иу-цалдæр цæвиттоны:

*Дæу куы ныгæдтой кæддæр,*
*Гъеуæд райгуырдтæ дунейæн…*
(«Уд уазгæнæг»)

*2. Не 'рдзы хъуыддæгтæн*
*Цы зонын æз та…*
*Куы вæййы зæххæнкъуыст*
*(Ныр дæр та нынкъукысти)*
*Нæ Ирбæсты – хæхты ,–*

*Ӕнхъæлын:*
*Ирыстоны зæрдæ КЪОСТА*
*Цыдæр дудгæ мастæй*
*Дзыназгæ ныррызти*
*Иры уæлмæрды!*
(«Зæххæнкъуыст»)
*3. «Нар, Ирыстон!*
*Ӕркодта уыл саубон,*
*Ӕрцыдис уыл карз фыд:*
*Дæлæ Лабæйы*
*Къостайы уд аскъуыд!» –*
*Халон*
*Уасы, дзыназы.*
*'Вæццæгæн гуырд уыд*
*Ӕхсæзæм азы.*
(«Халон уасы»)

Афтæмæй аивадон мадзæлтты фæрцы йæ бон бавæййы йæ хъайтары фæлгонц, цас йæ бон у, уый бæрц æххæстдæрæй равдисын.

Ахæм зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæтæ ныффыста Хъамбердиаты Мысост, Калоты Хазби, Хозиты Яков, Козаты Исидор, лæгмарты къухæй фæхъæуæг стюардессæ Курченко Надя, рухстауæг Харебаты Димитр æмæ æндæр зынгæ, сыгъдæгзæрдæ адæймæгтыл.

Хъамбердиаты Мысостæй зæгъы:

*Хур æрдæбон*
*Мигъгæронæй касти,*
*Ныр фæбынæй,*
*Тарбын мигъты – норст.*
*Кæд, мыййаг, мæ хъуыды раст у:*
*'Рæмбæрсзта йæ рæсугъд цæсгом*
*Хъæццулæй рынчын Мысост.*
*(«Мысосты мысгæйæ»)*

Ӕдзардæй, фæйнæ 22 азы фæцæрæг курдиатджын поэттæ Хъамбердиаты Мысост, Калоты Хазби æмæ Хозиты Яковæй зæгъы:

*Мæгуыр уæ бон,*
*Мысост, Хазби ‘мæ Яков!*
*Зæгъын дæр æй нæ уарзы цæст:*
*Ӕртæ удæй фæцардыстут сымах*
*Мæ уды бæрц æрмæст!*
*Фæлæ поэзийы*
*Цы йæ ‘мбæхсон, кæмæй*
*Сымахæй алчидæр*
*Куырыхондæр у,*
*Хистæр у мæнæй!*
(«Бæллиц»)

Поэт Козаты Исидоры æнæнхъæлæджы мæлæт ын йæ зæрдæ куыд нырризын кодта, уый уынæм йæ номарæн æмдзæвгæйы:

*Ацы сау ингæн чи скъахта,*
*Уый нæ зыдта, цы ми кæны:*
*Риуы Ир-бæстæ чи хаста,*
*Уый куыд бацæудзæн ингæны?*

*Кæд ‘мæ бацæуа – ратдзæнис*
*Ацы уæлмæрдæн фенды кад.*
*Хъорнисгомы зæхх айсдзæнис*
*Ам фыццаг хатт поэты мард.*

*Мачи стыхсæд цырт ныссагъдыл, –*
*Дурæй кады ном никуы ‘рцыд.*
*Иры дзыхъхъы цыты рагъыл*
*Уымæн сагъд у йæ чиныг-цырт!*
(«Ингæны уæлхъус»)

Згъудеры къуылдымыл райсомæй хур куы снызæвы, сырх-сырхид куы адары, уæд æм уый та æртындæс

коммунары тугæй фæзыны ахуырст. Уый тыххæй ныхъхъæрзы йæ зæрдæ:

*Райсом. Хур та йæ цæнгтæ ивазы*
*Згъудеры фале... Йæ цæсгом у сырх,*
*Цыма ‘намонды ыссæдзæм азы*
*Ам цы тугкалд уыд, уый йыл ыспырх.*
*……………………………………………..*
*Дымгæ скъæфта нæ кæмтты фыдбонæй*
*Карз иронвæндаг, туджы хъыгдæф.*
*Додой, додой: æртындæсæхстонæй*
*Мад-Ирыстоны зæрдæ фæцæф!.*

*Ам зынгхуыстыты мысынæн дары*
*Згъудер ацы фыдохы цырт-дур.*
*Царды хурдзаутæм ингæнмæ хъары*
*Тугæйахуырст сæрибары хур.*
(«Згъудер – æртындæс»)

Æгæр даргъ цæвиттонтæ сты?

Ойы, фæлæ се ‘взарынæй сæ кæсын, кæд зæрдæрисгæ хъуыддæгтыл фыст сты, уæддæр, куыд æмдзæвгæтæ, афтæ сæ кæсын удæн æхцондзинаддæр хæссы. Поэтмæ та, чиныгкæсæджы зæрдæ кæмæй æлхæна, ахæм рæнхъытæ цас фылдæр уа, уыйбæрц стырдæр у.

Феликс Ирыстоныл, нæ Фыдыбæстæйыл арæх кæй нæ фыссы, уый тыххæй, къæмдзæстыггæнгæ, афтæ зæгъы, ома йæм, мыййаг, хæрам нæ дæн:

*Æмбарут,*
*Цæй тыххæй йæм дарын*
*Æхгæдæй мæ зæрдæ:*
*Мæ курдиат не схызт,*
*Нæ байрæзт*
*Мæ уарзты бæрзæндмæ!*
*(«Къæмдзæстыг»)*

Фæлæ æцæгæй та лæгдзинады уаргъ чи фæхæссы, уымæн уыцы уаргъ сæйраджы-сæйраг вæййы Фыдыбæстæ æгæрон уарзтæй уарзын. Стæй куырм уарзтæй нæ, фæлæ нæлгоймаджы мидуды уарзтæй. Нæ поэт ирон удыхъæд, ирон адæймаг, йæ фарн, йе 'гъдау, йæ цардыл цы бирæ алыхуызон уацмыстæ фыссы, уыдонæй бæрæг у, цы 'гæрон уарзтæй уарзы йæ раттæг Ирыстоны. Мæлæтмæ дæр у цæттæ, æрмæст ын уый уæд – сæрибар, искæй раз æй ма хъæуæд йæ сæр къул кæнын. Сæрыстыр дзы уымæн у:

*Уæ мæ тæлтæг Ирыстон,*
*Цæнгæт куы разындтæ*
*Дæ бонсæфтгæнæны сау фæрæт*
*Дæ бæрзæйы хъултыл*
*Цæй цъулатæ кæны!*

*Уæ мæ тыхстуд Ирыстон,*
*Цы кæрон уыдзæнис*
*Дæ тохы карздæрæн?..*
*О, ссардзынæ та нын*
*Хæстæвзыгъды фæрцы*
*Мæлæтæй рацæуæн!*
(«Фæрæтмæ цæугæйæ»)

Уæддæр ын йæ азым комкоммæ дзуры, уымæн æмæ зоны – æргом дзырды къæм нæй. Æргом куынæ дзурæм нæ хорз дæр æмæ не 'взæр дæр, куы сæ æмбæхсæм, уæд хорзы хурхмæ кард дарæм, æвзæры та дидинæг æфтауын кæнæм.

Уый барвæндæй хи ныгæнæгау у. Поэт та поэт уæд у, цыфæнды зын ын куы уа, уæддæр царды рæстдзинад дзурынхъом куы фæвæййы. Уый нæй, уæд йæ дзырд чиныгкæсæгмæ нæ, йæхимæ дæр нæ фехъуысдзæн. Чи нæ хъуысы, уымæн та аргъ нæй.

Абон Ирыстон цæмæй хъæрзы, стæй тыхст уавæрмæ цæмæн æрхаудта, уыдон Феликсæн æмбæхсинаг не сты. Нæдæр сæ æмбæхсгæ кæны. Стæй уый гæнæн нæ дæр ис.

*Уæ мæ сайдгонд Ирыстон,*
*Куыд тынг мæ рæхойынц*

*Дæ масты æрцытæ! –*
*Æнæрхъуыды сагау,*
*Фæрæтмæ цæугæйæ,*
*Мæлæтмæ æрцыдтæ.*
…………………………………
*Уæ мæ домбай Ирыстон,*
*Дæ номхæссæны тох –*
*Цæнгæтыл фыссинаг!*
*О дæ раст уды бæсты*
*Мæлæтмæ æрцæуа,*
*Фæрæтджын гуырдзиаг.*

Ир, сагау, фæрæтмæ кæй æрцыди, уымæн ис йæхи аххосæгтæ. Хъуыды кæнын, цард барын нæ кæм хъуыд, уым нæ адæмы знæгтæй æфсымæртæ арæзтам, бирæгъты нæ уæрыччыты дзугæн фыййау æрвыстам.

Æууæндын хорз у, фæлæ кæд уыдис бирæгъыл æууæнк? Йæ къæдзилыл ын цасфæнды фæбæтт хæйттæ, нæдæр дзы бынатмæ исты фæхæццæ кæндзæнис, нæдæр æй æфсæстхуызæй фендзынæ. Йæ нысан у æрмæстдæр æргæвдын, цæгъдын, сафын. Уыцы нысаныл никуы тигъ кæны йæхи, фæнды йæ дæ роны нывæр, фæнды йæ фæрстæскъуыд фæкæн, фæнды йын уырды над кæн. Нымæт нæмынæй бæзджындæр кæны, уый та рæвдыдæй фыддæрмæ цæуы. Йæ сæрыл ын царв куы уадзай, уæддæр… ахæм хъуыддаг хорзмæ никуы кæны.

Не ‘ркодта Ирыстоны дæр хорзмæ. Æмæ, гуырдзиаг лæгмарæн раивæн кæй нал ис, уый кæронмæ бауырныдта поэты:

*Хæствæдис… Фестади лæгсырд*
*Гуырдзиаг хиуарзон тыхагур!..*
*Хæсты нæ хъуыдымæ æрцыд,*
*Кæй хауы сау къæдзæхæй сау дур!*
(«Дурызгъæлæн»)

Хох цахæм у, ахæм дур дзы тулы. Махæй кæй байрох, уымæн дæр ма, чи зоны, ис быхсæн, фæлæ мардæрцыд уый у, дæ сафæджы дæхæдæг куы хъомыл кæнай.

Уымæй дæр – дæ роны!

Цымæ нæ адæмон сфæлдыстады æнæнхъæлæджы фæзынд, мæгуыр лæг зынгæй калмы куы фервæзын кодта, уый та йын йæ хъуырыл куы стыхст, аныхъуырынмæ йæ куы æрхъавыд, уыцы аргъау?

Уæдæ ма ногæй æркæсæм гуырдзиаг фыссæг æмæ ахуыргонд Геронти Кикодзе ссæдзæм æнусы райдианы цы фыста, уымæ: «Мах чи стæм æмæ кæцæй стæм, уый абон дæр бæлвырдгонд нæу, уымæн æмæ нын зæххы цъарыл нæдæр хæстæг ис, нæдæр хион, нæдæр æрвад. Нæ дунейы фарн нæ кæдæм кæны, уымæн нæхæдæг дæр ницы зонæм. Æцæг, куыд зæгъынц, афтæмæй, дам, цардыстæм цæугæдæттæ Тигр æмæ Ефраты былгæрæтты, фæлæ нæ уым дæр нæ уарзтой, æмæ нæ цæрын нæ уагътой нæ сыхæгтæ, сæ удхæссæг нæ федтой. Кæдæм ма фæцыдаиккам, уымæн нæ сæрæн ницы уал зыдтам. Гъе, афтæ нæ бонтæ ‘рвыстам иунæгæй, цыма хуыцауæй нырма уæд æрхаудыстæм, уый хуызæн… Æцæг, кæй цуры цардыстæм, уыдон нæ нæ зæххытæй ратардтой, ницы уал нын ныууагътой. Алантæ нын фæтæригъæд кодтой æмæ нæ Сау денджызы, æмæ стæй Колхидæйы дæлвæзты æрцæрын кодтой, радтой нын зæхх, барæвдыдтой нæ, амыдтой нын хæстон хъуыддаг, ахуыр нæ кодтой сæ культурæйыл, се ‘гъдæуттыл, хъахъæдтой нæ æддагон знæгтæй» (газет «Сакартвело», 1917, №4).

Афтæмæй, арты дзыхæй цы калмы байстам, уый нæ хъуырыл æртыхст, нæ уæзгуытæ нын аныхъуырдта Чъреба æмæ Дзæуджыхъæуы уонг, нæ фыдæлты уæлмæрдтыл нын хуыдæттæ сарæзта, ныр та нын нæхи кæронмæ анныхъуырынмæ хъавы. Феликс уымæн сагъæс кæны:

*Æрцыд æрцæуинаг – нæ зæхх та*
*У ногæй хъарм туджы æвдылд.*
*Хъысмæт фыдбойнагæй цы уæфта,*
*Уый абон – ирвæдыл æфтыд.*

*Цы калмы бавæрдтам нæ роны,*
*Нæ сой-бæркад кæй хъуырмæ цыд,*
*Уый махмæ иу фæззыгон боны*

*Фыдвæззæг кæнынмæ фæцырд!*
(«Калмдарæг»)

Фыдвæззæг кæнынмæ дæм чи фæзына, уымæ хатыртæ нæй. Уый йæхи сабыр куы дара, уæд æм фыддæртæм æнхъæлмæ кæс. Уæд дæ йæ марг æвзагæй никъкъуырцц кæнынмæ хъавы. Хъуамæ дзы дæхи бахизай. Дæхи дзы бахизай иу бонмæ нæ, фæлæ æнустæм. Уый тыххæй йын, гæнæн уæвгæйæ, рæстæгыл хъуамæ ссарай йæ бынат. Æмæ нæм дыууæрдыгæй: Хуссармæ – гуырдзы, Цæгатмæ – мæхъхъæл, – куы бырстой, ныхкъуырд сын куы радтам, уæд поэт сæрыстырæй зæгъы:

*Ныккалдис туг! Фæлæ нæ ронæй*
*Нæ калмы аппæрстам пырхæй!..*
*Цы хъуамæ ахæссай иронæй,*
*Мæхъхъæлон тугмондаг, тыхæй?!*

Фæлæ уыцы сæрыстырдзинад исчи куы дæлдзиныг кæна, исчи йыл цъыф къахæй куы лæгæрда, уæд поэт йæ дзурæн дзых ма хъуамæ ныхгæна, уæд поэт фæдисы дзæнгæрджытæ хъуамæ цæгъда.

Плиты Феликсмæ гæсгæ нæ ронæй цы калмы аппæрстам пырхæй (æцæг, Хуыцау куы загътаид!), уый нын ногæй куы тъыссой нæ роны, уæд ахæм ми адæймаджы сæрыстырдзинадыл цъыфкъахæй цæуын у, уæдæ, цы. Поэт уымæн катай кæны:

*Æрцыд æрцæуинаг – йæ бынат*
*Ыссардта сафинаг хæрам…*
*Ныр нын «чысыл адæмты стыр мад»*
*Тъыссы нæ роны ногæй калм!..*

Уый куы ‘рцæуа, – уынæм æй, цæугæ та кæны, – уæд та ‘намонддзинæдты истори абон уа æви сом ногæй кæй æрцæудзæнис фæлхатгонд, уый дызæрдыккаг нæу. Поэт йæ Фыдызæххы уымæн фæдзæхсы:

*Мæ Ир! Хæрзæджы ‘фсон ссоны*
*Фыддæрмæ дæу æддагон къух…*

*Куы ма бавæрай калм дæ роны, –*
*Фыдты сæр баддзынæ æдзух!..*

Дон сæрæй рæсугъд кæны. Уыцы фыдтæ сæрæй фæцæуынц. Уæлейæ бадæг йæ раны куы нæ уа, уæд дæллæгтыл уынгæджы бон вæййы.

Феликс зоны, кæй фыдæй сæфæм, уыдонæн чи разамынд кæны, нæ сæрыл чи хъуамæ хæцид, уый кæй у нæ сæйраг сафджытæй. Æгъатыр æм уый тыххæй у:

*Къæдзæх донивылд*
*Хуымтæм фездæхта…*
*Иу мæнгард Паддзах*
*Бæстæ фесæфта!*
(«Гæндоны зарæг»)

Ахæм сæфты къахыллæууæг, мæнгард «паддзах» адæмæн æнæуынон вæййы. Поэтæн та – мин хатты æнæуынондæр. Феликс дæр æм æгъатыр уымæн у, æнæуаг дзырдтæй уымæн кæны йæ кой, цæсты йæ уымæн æфтауы:

*Уасынц уасджытæ –*
*Рухс нæй арвгæрон…*
*Советты Бæстæ –*
*Сæфты хъарæгдон!*

*Ацы рынчынты*
*Сæрниз бадомдта…*
*Ставраполаг ХУЫ*
*Цæдис бахордта!..*

Мæнæ уый та – номхуындæй:

*Тыхджынты рæвдауы*
*Стыр Паддзах Михал…*
*Мах номыл дзы схауы*
*Сайæн дзырдты хал:*

*«Ма кæут, мæ хуртæ,*
*Абадут æнцад…*
*Ис цыдæр ныхдуртæ…*
*Фаг мын нæй æфсад!»*

(«Сидзæр адæм»)

Стæй дарддæр:

*Хæст æмæ стонгæй*
*Бирæгъ дæр тæрсы...*
*Знаг-Паддзах уæлвонгæй*
*Мах сæфтмæ кæсы!*
*………………………….*
*Маринаг у дурæй*
*Хинæйдзаг цыдæр! –*
*Туджы цадæй сурæй*
*Слæсы уый куыддæр!..*

Ахæм дуджы адæмы хуыздæртæ фæмæлынц. Ирыстоны равзаргæ хъæбултæй бирæтæ куыд хуыздæронæй сæ сæртæ сæ Фыдыбæстæйы сæрвæлтау уый тыххæй æрхастой нывондæн.

Феликс дзы бирæты зыдта лæгæй-лæгмæ. Сæ хъæбатырдзинадæй йын бирæтæ нынкъуысын кодтой йæ зæрдæ. Цы ‘мдзæвгæтæ сыл фæфыста, уыдонæй иу егъау циклæй сарæзта хицæн чиныг «Халон уасыди…». Ирыстоны æдзард хъæбултæй Тасойты Инал, Æрсойты Ибрагим, Джиоты Владик, Джиоты Алан, Гæззаты Вадик, Коцты Гри… æдæппæт 27 адæймагæй алкæуыл дæр ныффыста хицæн æмдзæвгæ. Чиныгкæсæгæн равдыста, йæ зæрдæйы сæм цы уарзт уыд, æмæ сыл куыд фæхъыг кодта. Ирыстоны цардхъуаг хъæбултыл уыцы æмдзæвгæтæ сты нæлгоймаджы мидхъарджыты хуызæн.

*Уæй, ацы лæппу, цæй удуæлдай дæ! –*
*Нæ рæстаг тохы тæссаг ивылд дон...*
*Дæ масты уылæн дæу уырдæм хæссы,*
*Кæм судзы арты нæ Мад-Ирыстон...*

*Уæй, ацы лæппу, дæ хуызæттæй нын*
*Иры дзыхъхъ йедзаг куы уаид,*
*Уæд карз тохгæнæг йæ ласгæ мæрдтæ*
*Сыгъдæг сæдæтæй бæргæ нымаид.*

(«Джиоты Владик»)

Поэт зæгъы Джиоты Владикæй. Стæй кæронæй:

*Уæй, ацы уалдзæг, дæ алы бон дæр –*
*Зын тохы æмæ фыдохы дзырддаг...*
*«Басмач» нæм сиды: фæхæццæ кæнут*
*Уæлахизы онг нæ тохы хъуыддаг!*

Уыцы хъуыддаг цæмæй кæронмæ фæхæццæ уа, йе сфæлдыстадæй ууыл архайы Плиты Феликс дæр.

30* Хъазиты Мелитон

Адæймаг æддагон знагæн быхсид, æргом знагæн – æргом хæст йæ хос, фæлæ иууыл дудагдæр, иууыл судзагдæр у мид-зныджы цæф. Дæсмæ фæдисы риу-æмриу чи хъуамæ лæууа, æнцой кæмæн дæ, æмæ дын æнцой чи хъуамæ уа, йæ Фыдыбæстæйы кад тырысайау чи хъуамæ хæссид, уый йæ раттæг адæм, йæ райгуырæн зæхмæ дуцгæ хъуджы цæстæй куы кæса, уæд ма цы уа уымæй риссагдæр! Поэт уымæн катай кæны:

*Раст уыди – цы хъуыстон*
*Дæсныйы дзыхæй:*
*Фесæфдзæн Ирыстон*
*Мидхæрам тыхæй...*
(«Донласт»)

Уыцы мидхæрам тыхтæ не знæгтæй фыддæр кæй сты, Ирыстонæн тæссагдæр кæй сты, уый йын бæлвырд у. Нæ йæ æмбæхсы чиныгкæсæгæй дæр:

*Ирхор гуырдзы хæсты*
*Мах нæ фесты хæрд...*
*Скодтам ныр сæ бæсты*
*Хи бахæрынвæнд!*

Ирыстонæн уыцы «мидхæрам» тыхтæй къаддæр фыдбылыз не сты сæ ахсæнтæ æмæ се рагъы тыххæй искæмæн зæвæттæстъæрæгæй чи ныллæууыдысты, сæ раттæг адæммæ фыдыусы цæй чи фæкæсынц, Брытъиаты

Елбыздыхъойы уæрæседзауау, ирон дзырдыл æлгъ чи кæны, «базалыстæн» æмæ «къацотæ» дзурын мыды ад кæмæн кæнынц. Феликсæн уыдон сты æнæуынон. Комкоммæ сыл уымæн худы:

*О, нæ цæгат хæхбæсты*
*Зарыд Иры фыййау*
*«Балцы зарæг»-ы бæсты*
*«Ты, Россия, моя!»*
*Иры хуссары та нын*
*Дыккаг фыййау-сæрбос*
*Сахуыр къулсæрæй зарын*
*«Чемо Тбилисо» хорз!*
(«Фæдисхъæр»)

Къоста 1885 азы Бетъырбурхæй Ирыстонмæ куы сыздæхт, йæхицæй ирон адæмы тыхстдæрæй куы сæййæфта, куы базыдта «лæджы хуызæн лæг нæм» куыд сыстæм, цы уыдзæн нæ фидæн, уый бæрæг куынæ уал уыд, уæд фæдисы хъæргæнæгау куыд ныккодта: «Гъе, Уастырджи, ракæс, цæмæй Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!..», – уыйау Плиты Феликс та йæ риу байтыгъта Хуыцаумæ:

*Кувын, сидын Хуыцаумæ:*
*Скæн нæ сæфтæн кæрон! –*
*Зардæй-цардæй уа хъуамæ*
*Иу Ирыстон – ИРОН!!!*

Уымæн æмæ йын Ирыстонæй адджындæр нæй. Йæ зæрдæйыл ныхæст у. Иу цардæй цæрынц, иу мастæй риссынц, иу цинæй райынц. Уымæн зæгъы:

*Дуне мын – цыма стыр кæрц,*
*Ир та – æмбуар хæдон...*
*Цас уарзын Иры, нæу уый бæрц*
*Дунейы уарзын мæ бон...*

Фæлæ, уый афтæ, мыййаг, нæ нысан кæны, ирон лæг ын бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл фестади, æндæр исчи йæм

нымад дæр нæу. Искæй кой былалгъæй нæ кæны, мыййаг. Фидарæй зоны, адæймаг куы бæзза, æцæгæй куы бæзза, уæд æнæхъæн дунейæн дæр ныфс у:

*Ирæн куы бæззон поэтæн,*
*Нæй уæд мæ зардæн цæлхдур…*
*Сбæззыд æд фæндыр Дунетæн*
*Хетæджы дæсæм хъæбул…*
(«Ирæн куы бæззон»)

Йæ адæм, йæ Фыдызæххыл афтæ æнувыд кæй у, Ирыстон фæстаг азты цы æфхæрд, ссæст уавæрмæ æрхаудта, уый йæ зæрдæмæ афтæ арф дæр уымæн айста. Мæстæлгъæдæй уымæн дзуры:

*Тугцъир сыхæгтæ махмæ – цыбырдзырд:*
*«Кæнæ – цагъартæ, кæнæ – бынысхъуыд!»*

*Арæзт – нæ риутæм топпы кæсæнтæ,*
*Алы ран уынгты – туджы лæсæнтæ!*

*Знаг нæм лæбуры быдырты, хæхты,*
*Судзы, æргæвды, хойы нæ фæхты!*
(«Фыдбоны зарæг»)

Æцæг, Феликсы сфæлдыстады нырмæ дæр хæсты темæ зынгæ бынат ахста. Цыма, абон цы ис, уый удæй æнкъардта, Ирыстоныл тугуарæн кæй ныккæндзæнис, уый цыма развæлгъау зыдта, æмæ нæ ныры дудгæбæттæм цæттæ кодта, афтæ фæкæсы адæймагмæ.

Уый æнæмæнгæй афтæ уыдаид.

*Æз дунеимæ риссын*
*Иу уæззау фыдæй – ризын!..*

*Уæу, куы ‘рцæуа зæххыл*
*Ногæй дунеон хыл!..*
(«Æз дунеимæ риссын»)

Уыцы хъуыды æнцой никуы лæвæрдта æмæ нæ дæтты алы хъуыдыгæнæг адæймагæн дæр. Зæххы цъарыл ничи зоны, кæмæ нæ цы фыдбылыз æнхъæлмæ кæсы. Зæхх цы хæцæнгæрзтæ уромы, уыдонæн сæ иу процент дæр нæма ‘хсынц, афтæмæй æмризæджы ризæм æмæ, оу, уыцы хæцæнгæрзтæ иу хæст куы скæной, уæд цы уыдзæнис? Ноджы сæ космосы сцæндтæ кæнынмæ дæр тырнæм!

Хъуыдыйаг, стыр хъуыдыйаг, стыр судзаг фарст у.

Феликсы дæр уыцы судзаг фыссын кæны хæсты ныхмæ. Фашизмы ныхмæ тохгæнджытæ йын хъайтартæ уымæн сты. Харебаты инæлар, йе ‘мзæххон Алексийæ афтæ зæгъы:

*Уæй, æмæ, зæгъ,*
*Нæ хъæддзау лæппутæ*
*Æххормаджы тыхстæй*
*Цæй фæсал хордтой.*
*Уæй, фашистон хæддзутæ*
*Алексийы ныббырстæй*
*Бæрзæйсаст кодтой!*
*…………………………………*
*Уæй, æмæ, зæгъ,*
*Фæззыгæнды хуымтæн*
*Сæ бацæуæн фæндæгтыл*
*Хъæдуртæ фæтыдтой.*
*Уæй, нæ фидыцы гуырдæн*
*Йæ уæззау мæлæтыл*
*Нæ дуртæ дæр куыдтой.*
(«Харебаты инæлар»)

Сæ хъæубæстæй Фыдыбæстæйон хæсты чи фæмард, уыдон дурцырты тыххæй ныффыста зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæ:

*…Цыма хъусын: «Мах фыдхæстæй*
*Ардæм не ‘руагъта мæлæт! –*
*Ацы дурсалдат нæ мардæй*
*Ам фыдохы лæуд кæнæд!»*

*Цы фесты, мæ бонып,*

*Хъæуыдзаг хъæузæнæг?!*
*Æрцыд нæм сæ номыл*
*Сæ дурæй хъæргæнæг!..*

*О, фесты фыдвидæн.*
*Ам алкæмæн – номфыст,*
*Фæлæ ам сæ иу дæр*
*Нæ кæны мæрдонхуыст…*

(«Дурæй хъæргæнæг»)

«Рагæй-рæгмæ хæсты бардуаг Царды уадзы дудгæ сау фæд», æмæ уый йæ удæн зын у. Уымæн æмæ зоны, хæст æрмæст удтæ нæ хæссы, фæлæ халы цард, йæ бæллæхты таг нал фескъуыйы æнустæм. Йе 'мдзæвгæ «Чызг æмæ арахъхъ»-ы чызг æмæ лæппуйæн сæ чындзæхсæв æнæаræзтæй баззад. Сиахсаг хæсты бьдырæй кæй нал æрыздæхт, уый тыххæй:

*Чызджы рустау, уаты къуымы*
*Арахъхъы быркуы ныххуылыдз…*
*Дыууæ дæр уыдтой сæ фыны*
*Куы – чындзæхсæв, куы фыдбылыз!..*

*Дыууæ дæр бæргæ сыгъдысты*
*Цинагмондагæй ахъаззаг…*
*Хæст нæры – мæрдтæм цыдысты*
*Кæм сиахс, кæм та – сиахсаг.*
*………………………………………..*
*Арахъхъ иударонæй сæрра,*
*Афтæ карз нæ уыди раздæр.*
*Чызг дæр фестади пысыра.*
*Ныр сæ иуæй иннæ – карздæр!..*

Æмдзæвгæ «Хæст йæ зынгпырх калы уынджы»-йы цы трагеди равдыста, уый æнæнырризгæ никæй ныууаддзæнис, алкæй зæрдæйы дæр баззайдзæнис уæззау носау.

Мад хæсты цæхæры бахауд æд саби. Ниугæ згъоры. Фæлæ ноджы тынгдæр та бомбæтæ ниуынц. Йæ сабийы тæсæй йæ сау дзыккутæ урс кæнынц.

*Лидзы ус. Мæлæт лæбуры.*
*Фегом хæдзары фарс иу ран,*
*Мад дзы амбæхста йæ хуры,*
*Стæй йыл бахгæдта йæ риу-дуар.*

Фæлæ хæстæн ахæм риу-дуæрттæ Хъарсы фидæрттæ не сты. «Ног та зæхх ныррызт бындзарæй. Æмæ чысыл хурфæрдыгæн Йе 'мбæхсæн фæхауд йæ ранæй…»

Ам цыма æмдзæвгæ схызт йæ кульминацимæ – мад йæ уд нывондæн æрхаста йæ хъæбулы тыххæй. Фæлæ нæ, ноджы фыддæр, æгъатырдæр кæрон ссардта поэт йæ уацмысæн:

*… Саби рахылд сисæй цудгæ,*
*Бахъарми йæ гыццыл зæрдæ:*
*Мад хуыссы, фæбада дудгæ,*
*Къабаздзагъдæй дуртыл уæртæ!*

*Цæнгтæ фалдæр зæххыл кафынц,*
*Уарзт æмæ фыдæхæй судзынц:*
*Сабийыл тыхсынмæ хъавынц,*
*Æмæ марджытæм лæбурынц!*

Цард ахæм хуызы, ома, фæлгонцон хуызы, йæ бон у уына, æрмæстдæр аивадæн чи райгуырдис, ахæм адæймаг.

Феликс у ахæм. Æмæ кæд Стыр Фыдыбæстæйон хæст йæхи цæстæй нæ федта, йæ поэтикон æнкъарынадæй йæ хатыд, уæд фæстаг азты, сæ ном кæмæн нæ дзырдæуы, нæ уыцы сыхæгтæ Ирыстоныл Хуссарæй дæр æмæ Цæгатæй дæр арт куы бандзæрстой, ирон адæмæн геноцид куы расидтысты, уымæн йæхæдæг уыдис æвдисæн, æмæ уыцы хæст фæстаг азты йе сфæлдыстады бацахста зынгæ бынат.

Уыимæ урсы дæр æмæ сауы дæр хоны сæхи нæмттæй. Фыдгæнæг нæ хуссайраг сыхаг у æви нæ цæгаттаг сыхаг, æлхæд лæг æви нæхи туг-стæг, гуыбындзæл æви президент – уæлдай йын нæу, алкæй ных дæр сæ цæвы йæ фыссæн сисы цыргъæй, æвæры сыл худинаджы гакк.

Чысыл раздæр скодтон Феликсы поэтикон, ома, фæлгонцон уынынады кой. Уый хуымæтæджы нæ уыд. Йæ уацмы-

сты дзы кæм пайда кæны, уыдон вæййынц цардхъомдæр, бæлвырд-бæрæгæй баззайынц адæймаджы цæстæнгас æмæ хъуыдыйы, цыма сæ йæхæдæг федта.

Ахæм цæвиттонтæ бирæ ис æрхæссæн нæ поэты сфæлдыстадæй, уæлдайдæр, æрдзыл цы æмдзæвгæтæ фæфыста, уыдонæй сисдзынæн æрмæст иу-цалдæр дæнцæджы:

*Сбырад бæласы дзыппæй*
*Æхсæвы лымæн уыг,*
*Тоны мусы æрфыг*
*Мыстхор рувас йæ ныхтæй.*
*…………………………………*
*Хъуысы нартхоры хуымæй*
*Нарст æфсиры хъæрзын.*
(«Сæрдыгон изæр»)

Кæнæ:

*Цъæх нартхоры хъæбысы*
*Рæзы бурсæр сывæллон.*
(«Сæрды нывтæ»)

Æмæ ма ноджыдæр:

*Уæлæ уæларвы дæлгоммæ къуырф мусы*
*Бафтыдта чидæр цъæх мæкъуылтæй най.*
(«Фæскъæвда»)

Цæст зæрдæ хæры. Иугæр афтæ у, уæд ноджыдæр æрхæссæм, чиныгкæсæджы йæ фæлгонцон уынынадæй йæ фæдыл чи асайы, ахæм цæвиттон.

Æмдзæвгæ фыст у зæрватыккыл. Чи зоны, исчи афтæ зæгъа, ома, уæдмæ йыл ничи ныффыста, Феликс ног хуызы зæрватыкк ссардта.

Бирæ ирон поэттæ йыл фæфыстой æмæ фыссынц. Сабитæн ыл заманайы æмдзæвгæ ныффыста Къоста дæр.

Фæлæ ма æркæсæм Феликсы æмдзæвгæмæ:

*Сау уæлæфтау, урс раздарæн*

*Ды ӕдзухӕй дарыс.*
*Ме 'мдзӕрин, мӕ зӕрдӕдарӕн,*
*Ӕз дӕ фӕрцы – цардхуыз…*

*Ды – къӕбӕлдзыг сисамай*
*Уӕлхӕдзары фахсыл*
*Бонцъӕхтыл дӕ райгӕ зарӕг*
*Удрӕбынӕй уарзын.*

(«Зӕрватыкк»)

«Сау уӕлӕфтау, урс раздарӕн» кӕй дары, уый зонӕм, бонцъӕхтыл адӕймаг йӕ зарӕгмӕ куы райхъал вӕййы, уӕд йе 'хцон хъӕлӕс зӕрдӕйыл куыд фӕтайы, уый дӕр нын зындгонд у, фӕлӕ ма уый дӕр базонӕм, лирикон хъайтарӕн йӕ зӕрдӕдарӕн дӕр кӕй у, ӕнӕ зӕрватыкк йӕ хӕдзар цардгъуыз кӕй не 'вдисы. Зӕрватыкк у йе 'мдзӕрин. Стӕй къӕбӕлдзыгсисамайӕг, ноджы:

*Арвы нӕмыг, заргӕ фӕрдыг,*
*Дугътӕуадзӕг цады,*
*Афтӕ уӕздан, афтӕ 'нӕхъыг*
*Ды куыд фӕдӕ царды?!*

*Ме 'мдзӕрин, мӕ зӕрдӕдарӕн,*
*Уӕлхӕдзайраг маргъ-зӕд,*
*Де 'ртӕхӕн бон – цинӕвзарӕн,*
*Д' атӕхӕн бон – карз мӕт!..*

Фӕликсы фӕлгонц быд рӕнхъытӕй бирӕтӕ адӕмон сфӕлдыстадӕй кӕй тӕдзынц, уый дызӕрдыггаг нӕу.

Ӕмӕ ӕрмӕст уыдон нӕ, йӕ поэзи бирӕ бӕрцӕй баст у адӕмон сфӕлдыстадимӕ. Бирӕйы ратӕдзӕнтӕ сӕ сты уым. Уырдыгӕй сӕм цӕуы дзырды сыгъдӕгдзинад дӕр, рифмӕты зӕлланггӕнаг дӕр, фӕлгонцон уынырад дӕр ӕмӕ бирӕ ӕндӕр аивтӕ дӕр.

*Уӕ, ацы иукъорд фысджытӕ,*
*Ызмӕст дон ирдӕй ма 'вдисут!*
*Уӕ, ацы къӕйных чызджытӕ,*
*Кӕйдӕр лӕгты-иу ма исут!*

*………………………………….*
*Уæ, ацы комы фыййæуттæ,*
*Уæ фос-иу къæйтыл ма хизут!*
*Къæйных чызджыты хицæуттæ,*
*Хæдзархæлдæй нæ бахизут!*
(«Къæйных чызджытæ»)

Уыцы фæзмын, ома, бæрæг уацмысмæ гæсгæ ног уацмыс сфæлдисын æй æркæны искæй мотивтыл, фылдæр хатт Къостайы мотивтыл, фыссынмæ. Фæлæ, уый, мыййаг, æнæзонгæйæ, æнæрхъуыдыйæ фæзмын нæу. Поэт йæ дзуринæгтæ бæлвырд, зындгонд уацмысы мотивыл снывæнды, цæмæй йæ чиныгкæсæг ацахса æвиппайд, уа йын æнцондæр æмбарæн.

Цæвиттонæн сисæм æмдзæвгæ «Фæлхасцæдисы»:

*Бирæйы фæнды*
*Растæй кусын ам дæр,*
*Фæлæ йын нæ дæтты*
*Уыцы бар йæ уавæр…*
*…………………………..*
*Кæртæй чидæр зары…*
*Базмæлыди сæрдар:*
*«Чи та нæ хъыгдары?*
*Фехæла сæ хæдзар!»*
*……………………………*
*«Ой, уæрæйдæ, сæрдар,*
*Ракæс нæм хæларæй:*
*Хорз нæ фен, нæ дæлбар,*
*Импортон товарæй!..* – æмæ афтæ дарддæр.

Алчи дæр базондзæн Къостайы «Фсати»:

*Бирæйы фæфæнды*
*Райсомæй хуыссын…*
*Хурыскаст нывæнды*
*Хохæй хохмæ тын…*
*………………………….*

*Комæй чидæр зары…*
*Фсати ‘хсыны агъд…*
*«Чи та нæ хъыгдары?*
*Акæсут-ма тагъд!»*
…………………………..
*«О, уæрæйдæ, Фсати!*
*Ракæс, рафæлгæс,*
*Бæрзондæй ныллæгмæ*
*Хорз нæ бафæдзæхс!*

Кæнæ ‘ркæсæм Феликсы ‘мдзæвгæ «Гæндоны зарæг» æмæ адæмон сфæлдыстадæй «Антъоны зарæг»-мæ.

«Антъоны зарæджы»:

*Дзауы уæрдæттæ*
*Тулгæ нал кæнынц, ей.*
*Махæн не знæгтæ*
*Худгæ нал цæуынц, ей.*

*Хъуды фæндæгтæ*
*Коммæ лæбырынц, ей.*
*Махæн не знæгтæ*
*Уæрммæ фæбырынц, ей.*

Феликсмæ та кæсæм:

*Рагон уæрдæттæ*
*Тулын райдыдтой…*
*Кусæг, раст адæм*
*Се сæфт базыдтой!..*

*Зæронд фæндæгтæ –*
*Гом фæйнæрдыгæй…*
*Махæн не знæгтæ*
*Сбырынц уæрмытæй….* – æмæ афтæ дарддæр.

Уый æнæнхъæлæджы нæу. Автор уыцы реминисценцитæ аразы зонгæ-зонын.

Адæймаг æвиппайды ацахсы Къостайы «Фсати»-йы, «Антъоны зарæджы» ритм, стæй зонгæ дзырдтæ, рæнхъытæ, фæзилæнтæ, рифмæтæ, æмæ йæ уыдон асайынц сæ фæдыл, фæлæ куыд акæнынц – «фæзмын хорз нæу». Нæ дзы аивады бæрзондмæ схизæн дæр. Уымæн æмæ, хатт искæй мотивты ‘хсæн адæймаг йæхи мотив дæр фесафы. Аив нæу, искæй сфæлдыстадæй афтæ куы пайда кæнай æмæ йæ æргом куынæ фыссай, уæд уый дæр.

Ӕндæр хабар у, Феликс юмор æмæ сатирæмæ куыд арæхсы, уый. Царды дæр æмæ поэзийы дæр хæдæфсæрм, хиуылхæцгæ адæймаг вæййы æгъатыр, нæ бонтæ ныл кæй аххосæй фæцæуынц уырыдæй, æрмæстдæр йæ ахсæны цæстæй чи кæсы дунемæ, ахæм ницæйæгтæм; акалы сыл йæ маст æмæ сæ æрмæст чиныгкæсæгæн нæ, фæлæ æнæуынон кæны сæхицæн дæр:

*Цас нæм ис ахæмтæ, –*
*Царды сын бафсæдæн нæй.*
*Фехалынц сусæгæй ауæдзтæ,*
*Рæза сæ хуымзæх цæмæй.*
*Худинаг, худинаг!*
*Не ‘хсæнæй – суринаг*

*Цас вæййы ахæмтæ, –*
*Хорз вæййынц зондæй нырма, –*
*Хæстмæ куы цæуынц сæ карæнтæ,*
*Адон уæд фестынц æрра!*
*Худинаг, худинаг!*
*А-бæстæй – суринаг!*
……………………………………
*Цас гуыры ахæмтæ, –*
*Хонынц ирæттæ сæхи, –*
*Ир та куы цæуид мыггагсæфтмæ,*
*Худиккой: хи-хи-хи!*
*Худинаг, худинаг!*
*Ир-бæстæй – суринаг!*
(«Худинæгтæ»)

*Рæзы, рæзы спекуляци сусæгæй,*
*Нал уадзы йæ кæнон:*
*Балхæндзынæ сидзæрдоны кусæгæй*
*Дзидзидай сывæллон.*
(«Спекуляци»)

Бирæ сты Плиты Феликсы дзуринæгтæ, куыд поэт афтæ дæр, куыд адæймаг, афтæ дæр, цæмæй нæ алчи дæр зæххыл цы стыр номы тыххæй райгуырд, уый хæсса бæрзæндты.

Уыцы дзуринæгтæм хауынц йæ бирæ тæлмæцтæ уырыссаг поэзийæ. Аив, зæрдæмæдзæугæ ирон æвзагыл сдзурын кодта А. Дельвинг, А. Кольцов, В.Брюсов, А. Блок æмæ бирæ æндæр уырыссаг поэтты.

Уæлдай стырдæр фыдæбон бакодта стыр уырыссаг поэт Сергей Есенины æмдзæвгæтæ æмæ кадджытæ ирон æвзагмæ раивынил. Рауагъдад «Ирыстон»-ы сын сæ фылдæр хай хицæн чиныгæй рауагъта 1985-æм азы.

Плиты Феликс у поэт æмæ адæймаг. Дунемæ кæсы Ирыстоны цæстæй. Дунеимæ риссы Ирыстоны рисæй.

2001

САЙРÆГТÆ

I

Поэты зды цæссыгтæ .................................... 5
Йæ дзырды сæр – лæджыхъæд.......................... 11
Царды скъуыддзæгтæ........................................ 15
Фæсивæд дзырдхъом куы свæййынц.................. 20
Стыр фæндаджы райдайæн.............................. 25
Æргом ныхас..................................................... 30
Нæ аивадон равдыстытæ.................................. 41
Хъысмæты фыдæнæн........................................ 45
Хæлæртты чиныг – хæларзæрдæйæ.................... 48
Хæлардзинады хид........................................... 56
Саджы богъ...................................................... 64
Рохсанæйæн – рухс поэзи................................. 75
Къостайы публицистикæ.................................. 87
Æмбырды агъоммæйы хъуыдытæ....................... 90
Иу номыр æви литературæйы цæсгом................. 98
Мыст къахта.................................................... 120
Репортаж байраджы хъиамæтæй....................... 137

II

Къостайы амынд фæндагыл............................. 198
Зарæг фескъуыд æрдæгыл................................ 202
Цардивæны зарæггæнæг.................................... 207
Хъуысы йæ зарæг............................................. 212
Адæймаджы кадæн............................................ 217
Аивады æвзагæй............................................... 230
Зæххон уадындзæй........................................... 234
Æнустæмы хæстваг мæсыг............................... 239

Аккаг хуынтимæ……………………………………… 249
Дыууæрдыгæй ссудзгæ цырагъау…………………… 254
Хорз дардмæ зыны……………………………………… 258
Къæбысты Никъалайы тыххæй
1. Нывгæнæг Къола…………………………… 263
2. Ныхас нывгæнæгыл………………………… 266
Зæххон æмæ æрвон фидыц…………………………… 269
Цæссыг ныхъуыргæйæ………………………………… 277

III

Беджызаты Чермены тыххæй
1. Удуæлдай тохгæнæг………………………… 302
2. Адæмондзинад – сæ рахæцæн……………… 317
Ирд курдиат…………………………………………… 320
Козаты Исидоры тыххæй
1. Уыдис ахæм………………………………… 351
2. Хæдхуыз æмæ хæдбындур………………… 363
Цъæх уалдзæджы зарæг……………………………… 366
Æртæ хорзы…………………………………………… 395
Зарæджы сæр………………………………………… 436
Дунеимæ рисгæйæ …………………………………… 453

**Мелитон Резоевич (Казиев)Казиты**

# НАШЕ БОГАТСТВО

**Литературно-критическое издание**
**на осетинском языке**

Редактор *Т. А. Кокаев*
Ответственный за выпуск *В. А. Тедеева*
Корректор *М. Р. Чибирова*
Компьютерная верстка *Т.В. Цховребова*

Подписано в печать 7.03.09. Формат $84 \times 108^1/_{32}$.
Бумага офсетная. Печать офсетная. Уч.-изд. л. 24,5
Усл. печ. л. 25,2 Тираж 500 экз. Заказ 2
Издательство «Южная Алания».
РСО-Алания, г. Владикавказ, а/я 1041, ул. Московская, 7.

Отпечатано в полиграфическом производственном объединении РЮО. РСО-Алания, г. Владикавказ, а/я 1041, ул. Московская, 5.